ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ ILIMLER AKADEMIYASÍ
QARAQALPAQSTAN BÓLIMI
QARAQALPAQ GUMANITAR ILIMLER ILIM IZERTLEW INSTITUTÍ

# QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK ÁDEBIY MIYRASLARÍNDA AǴARTÍWSHÍLÍQ HÁM TÁLIMTÁRBIYA MÁSELELERI: DÁSTÚR HÁM ZAMANAGÓY KÓZQARASLAR

**atamasındaǵı belgili ádebiyattanıwshı alım, filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimovtıń hám talantlı shayır, ádebiyat izertlewshisi, filologiya ilimleriniń kandidatı Babash Ismaylovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları**

# T O P L A M Í

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ ILIMLER AKADEMIYASÍ**
**QARAQALPAQSTAN BÓLIMI**
**QARAQALPAQ GUMANITAR ILIMLER ILIM IZERTLEW INSTITUTÍ**

# QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK ÁDEBIY MIYRASLARÍNDA AǴARTÍWSHÍLÍQ HÁM TÁLIM-TÁRBIYA MÁSELELERI: DÁSTÚR HÁM ZAMANAGÓY KÓZQARASLAR

atamasındaǵı belgili ádebiyattanıwshı alım, filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimovtıń hám talantlı shayır, ádebiyat izertlewshisi, filologiya ilimleriniń kandidatı Babash Ismaylovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan
**Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları**

# T O P L A M Í

NÓKIS
"BOOK PRINT"
2026

**УОК 37.01**
**КБК 74.00**
**Q 25**

**Qaraqalpaq hám ózbek ádebiy miyraslarínda aǵartíwshílíq hám tálim-tárbiya máseleleri: dástúr hám zamanagóy kózqaraslar** // belgili ádebiyattanıwshı alım, filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimovtıń hám talantlı shayır, ádebiyat izertlewshisi, filologiya ilimleriniń kandidatı Babash Ismaylovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları. – Nókis: “BOOK PRINT”, 2026. – 186 b

Bul toplam Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutınıń 2026-jıl 15-maydaǵı 5-sanlı Ilimiy keńesiniń qararına muwapıq belgili ádebiyattanıwshı alım, filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimovtıń hám talantlı shayır, ádebiyat izertlewshisi, filologiya ilimleriniń kandidatı Babash Ismaylovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları tiykarında tayarlandı.

Toplamda respublikamızǵa belgili qánige ilimpazlar menen doktorantura, magistraturada tálim alıp atırǵan jas alımlardıń jańa ilimiy baǵdardaǵı maqalaları orın alǵan.

**Juwaplı redaktorlar:**
Bekbergenova Z.U., Bekimbetov A.M.

**Baspaǵa tayarlawshılar:**
Sayimbetov Sh., Járimbetova T., Maqsetova F.,
Muratbaeva A., Rzamuratova Z.

Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı Ilimiy keńesiniń 2026-jılı 15-may sánesindegi 5-sanlı qararı menen baspaǵa usınılǵan

УОК 37.01.
КБК 74.00
Q 25

**ISBN 978-9910-09-851-2**
© “BOOK PRINT” baspası, 2026

# ӘДЕБИЯТЫМЫЗ ТАРИЙХЫ ҲӘМ КЛАССИКАЛЫҚ ӘДЕБИЯТЫМЫЗДЫҢ ӘҲМИЙЕТЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ АРТЫҚ КАРИМОВТЫҢ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИНДЕ

**Бекбергенова З.У.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Халық аўыз еки дөретпелери менен классик шайырларымыздың мийрасларын халық арасынан жыйнаў ҳәм оларды бир системаға түсирип баспаға таярлаў ҳәм оларды баспадан шығарыў ислери өткен ХХ әсирдиң дәслепки шерегинен 1950-жылларға шекем қызғын даўам еткен болса, усы жыйналған материаллар тийкарында илимий-изертлеў жумысларын алып барыў 1950-60-жыллары кең жолға қойылды. 1970-жылларға келип, қарақалпақ фольклортаныўы ҳәм әдебияттаныўы мәселелери бойынша изертлеў жумысларын алып барып атырған алымларымыздың қатарында әдебиятымыз тарийхы менен классикалық әдебиятымызды изертлеўшилердиң саны да әдеўир дәрежеде өсип жетилисти. Олардың бири белгили әдебиятшы алым, филология илимлериниң кандидаты, «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери», «Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты», «Шухрат» медалының ийеси Артық Каримовты атап өтсек болады. Быйылғы жылы пидайы алымның туўылғанына 100 жыл толады.

Артық Каримовтың өмири ҳәм илимдеги хызметлери ҳаққында сөз ететуғын болсақ, ол 1926-жылы Қарақалпақстан Республикасының Кегейли районына қараслы 1-аўылында (Ҳәзирги Нөкис районы) туўылады. Ол 1934-1943-жыллары район орайындағы орта мектепти питкергеннен соң, 1943-1951-жыллары Кегейли районының Пахтабад, Чапаев, Шолан, Ақтерек мектеплеринде муғаллим болып ислейди. 1944-1949-жыллары Хожели педогогикалық училищесиниң сыртқы бөлимин, ал, 1955-жылы Нөкис Мәмлекетлик педогогикалық институтының Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлайды. 1955-жылдан өмириниң ақырына шекем Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият (ҳәзирги Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты) институтында дәслеп үлкен илимий хызметкер, 1981-1987- жыллары бөлим баслығы болып ислейди.

Артық Каримов Ташкенттеги А.С.Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтының сыртқы бөлиминде аспирантурада оқып, 1964-жылы «Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы қорғап шығады. Артық Каримов тәрепинен қарақалпақ классик шайырларымыздың өмири ҳәм дөретпелери, фольклорымыздың көп ғана бай мийраслары жыйналады. Ол Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ шайырларының дөретпелерин, фольклорымыздың әжайып үлгилерин жыйнады ҳәм басып шығарыўда көп мийнет етти. Алым 1964-жылы «Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлаған болса, усы атамадағы монографиясы бир жыл бурын 1963-жылы басылып шығады. Әлбетте, бул алымның илимге үлкен таярлықлар менен келгенлигин көрсетеди. Автор бул мийнетинде «XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының бизге белгили ең дәслепки шайыры Жийен жыраў. Биз Жийен жыраўға дейинги авторы мәлим, шығармалары ҳәзирге дейин сақланған шайырларды еле ушырата алғанымыз жоқ. Сонлықтан қарақалпақ әдебият тарийхының бети де усы Жийен жыраўдан баслап ашылады» [2,5], – деген пикирлерди билдиреди ҳәм Жийен жыраў Аманлық улының өмири ҳәм дөретиўшилигине байланыслы изертлеўлерин шайыр жасаған замандағы тарийхый жағдайлар, өмири ҳаққындағы мағлыўматлар, шайырдың дөретпелери, поэмалары ҳәм олардың көркемлик өзгешеликлери тийкарында алып барады. Ең тийкарғысы автор бул изертлеўинде Жийен жыраўдың өмири ҳәм дөретпелери ҳаққындағы мағлыўматлар бизге жазба оригинал түринде емес, аўызеки жетип келгенлигин, шайырдың көплеген толғаўлары халық арасында аўызша ҳәм биреўден биреў көширип алған қолжазбалар арқалы мәлим болғанлығын, оларды жыйнаўда белгили

тарийхшы, этнографлар, фольклоршы ҳәм әдебиятшы алымларымыздан тартып, ел арасындағы әпиўайы халық ўәкиллери де белсене қатнасқанлығын оғада дурыс келтирип өтеди. Әлбетте, алымның Жийен жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилигине арналған бул мийнетинде классик шайырымыздың 1959-жылы басылып шыққан бир ғана «Посқан ел» атамасындағы поэзиялық топламын ушыратамыз. Демек, изертлеўши Жийен Аманлық улының өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша дәслепки мәртебе илимий изертлеўлер алып барып, шайыр шығармаларының жазба әдебиятлық характерин белгилеўде ҳәм оны XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының баслаўшыларының бири сыпатында танытыўда көбирек тарийхшы, фольклоршы, әдебият изертлеўшилери менен информаторлардың мағлыўматларына сүйенип ис тутқанлығы анық мысаллардың жәрдеминде исенимли көрсетип бериледи. Артық Каримовтың илимий изертлеўлеринен соң Жийен Аманлық улының қосықлар топламлары басылып шығып, әдебият сабақлықларында оқытыла баслады.

Артық Каримовтың 1984-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шыққан және бир монографиялық изертлеўи XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятымыздың көрнекли ўәкили Өтеш Алшынбай улының өмири ҳәм дөретиўшилигине арналды. Автор Өтеш Алшынбай улы XVIII әсирдеги классик шайыр Жийен жыраўдың шаўлығы ҳәм XIX әсирде өмир сүрген шайырлар Күнхожа, Әжинияз, Бердақ пенен заманлас екенлигин сөз ете отырып, шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигин ол жасаған заманның көриниси, өмири ҳаққындағы мағлыўматлар, дөретпелериндеги халықлық ҳәм демократиялық идеялар, реалистлик ҳәм сатиралық сүўретлеўлер, ҳаял-қызлар теңлиги, шығармаларының көркемлик өзгешеликлери бағдарларында изертлеўлер алып барады. Яғный, «Өтештиң дөретиўшилиги өз дәўириниң айнасы, шығармаларында көтерилген мәселелер сол дәўирдеги халықтың турмысын – көз алдымызға елеслетеди» [3,94] деген пикирлерди билдириў арқалы шайырдың өз дәўириниң алдыңғы идеяларын, шынлық турмысын әпиўайы халық массасына анық ҳәм түсиникли етип көркемлеп жеткерип бергенлигин анық мысаллар менен дәлиллеп береди.

А.Каримов өзиниң «Әдебиятымыздың гейпара мәселелери» (1988) әдебий-критикалық мақалалар жыйнағында халқымыздың әййемги әдебий естеликлери, туўысқан халықлар әдебиятларының өзара байланыслары, олардың бир-бирине унамлы тәсири мәселелери менен биргеликте филология тараўына, соның ишинде қарақалпақ фольклортаныўы ҳәм әдебияттаныўы илимине салмақлы үлес қосқан көрнекли алымларымыз Н.Дәўқараев ҳәм Н.Жапақовлардың өмири ҳәм дөретиўшилигине бағышланған изертлеўлери орын алды.

Изертлеўши китапқа кирген «Қарақалпақлардың әййемги әдебий естеликлери» деген изертлеўинде усы мәселе бойынша бир қатар тарийхшы, этнограф, тилши ҳәм әдебиятшы алымлардың пикирлери менен есапласа отырып, қарақалпақ әдебияты тарийхының ертедеги дереклери Хорезм археологиялық экспедициясы материаллары менен Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы илимпазларының жыйнаған материалларында сәўлеленгенлигин, оларда әййемги дәўирлерге тийисли көп ғана аңыз-әңгимелер, легендалар жазып алынғанлығын, бул қарақалпақлар тарийхын, мәдениятын ҳәм әдебиятын үйрениўде баҳалы мағлыўматлар бола алатуғынын, Хорезмде жасаўшы қәўимлер менен халықлардың пайда болыўы ҳаққында Каюмарс, Жәмшит, Сияўиш, Рустем, Дара, Тумарис, Шырақ, Искендер, Ҳаяллар патшалығы, Төк таўы, Шыңғыс хан, Гүлдирсин, Қорқыт ата сыяқлы аныз-әңгимелердиң бир қатары Беруний, Табарий, Махмуд Қашқарий, Насратдин Рабғузий сыяқлы шайыр-алымлардың шығармаларында келтирип өтилгенлигин атап көрсетеди ҳәм «Булардың ҳәммеси түрк (түркий халықлар – Б.З.) системасына кириўши халықлардың соның ишинде қарақалпақлардың әййемги әдебий естелиги ретинде қаралады ҳәм әдебияты тарийхының дәреклери болып табылады» [4,6], – деген пикир билдириў менен аты аталған дереклердиң ҳәр бирине илимий талқы жасайды. Китапта алымның буннан басқа да «Хорезмийдиң «Муҳаббатнама» шығармасы ҳаққында», «Тарийхый жырлар ҳәм

«Ормамбет бий» толғаўы ҳаққында», «Жийен жыраў ҳәм оның жыраўшылық өнери ҳаққында», «Әжинияз ҳәм Мақтымқулы», «Әжинияз ҳәм XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басындағы түркмен шайырлары» деген темадағы бир қатар салмақлы илимий изертлеўлери орын алды. Бул изертлеўлердиң атамаларынан көринип турғандай, ертедеги жазба естеликлер менен тарийхый жырлардың, Жийен жыраўдың терме-торлғаўлары менен Әжинияз ҳәм Мақтумқулы шығармаларының, сондай-ақ, XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басындағы түркмен шайырларының әдебий мийрасларының да халқымыздың социаллық-мәдений турмысы менен әдебият тарийхында үлкен орын тутқанлығын анық ҳәм исенимли пикирлери менен талқылап өтеди. Мысалы, автор XIV әсирде жасаған Хорезмийдиң «Муҳаббатнама» ҳәм оған қосымша етилген «ҳикаят» шығармасы түркий тилиндеги халықлардың, солардың ишинде қарақалпақ халқының әдебиятында ышқы-муҳаббатты жырлап, оны шыңларға көтерген ҳәм ардақлаған алдыңғы шығармалардан бири болды» [4,49], – деген пикирлерди билдириў менен бирге усы изертлеўинде бул шығарманың қарақалпақ әдебияты тарийхында енди ғана изертлеў объектине ийе болып атырғанлығын, әсиресе, академик М.Нурмуҳамедовтың «Қарақалпақ жазба әдебиятының дөреўи ҳаққында» деген мақаласы үлкен қозғаў салып, алым бул мақаласында: «Қарақалпақ жазба әдебиятының дөреўин… ноғай аўқамынан ҳәм оның шайырлары Асан қайғы, Жийренше, Соппаслы Сыпыра жыраў ҳәм басқалардан баслаў керек. Этногенезлери ноғай сиясий бирлеспесиниң қәўимлери менен байланыслы болған қарақалпақ, қазақ ҳәм басқа да халықлардың жазба әдебиятының баслаўшыларын ноғай аўқамынан излеў керек», [5,125] – деген пикирлерин басшылыққа ала отырып, усы ноғай аўқамына бириккен  халықлардың әдебий шығармаларының бири болған «Муҳаббатнама» қарақалпақ жазба әдебиятында да өз орнына ийе болатуғын шығарма» [4,49-50], – деген тужырымлы пикирлерин билдиреди.

Алым университеттиң филология факультети студентлери ушын «Қарақалпақ әдебияты» сабақлығын (1983), улыўма билим беретуғын орта мектеплер ушын «Әдебият» оқыў сабақлықларын жазыўға, қарақалпақ фольклорының көп томлығын баспаға таярлаўға белсене қатнасты. Сондай-ақ, А.Каримов жәмәәтлик авторлар менен биргеликте жазылған «Қарақалпақ әдебияты» (1983) сабақлығының Сарыбай ҳәм Гүлмурат шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигине, сондай-ақ, XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы әдебият, Омар, Сыдық, Әбдиқәдир, Бегжан, Аннақул, Қудайберген, Қазақбай ҳәм Жаңабай шайырларға арналған бап ҳәм бөлимлерин филология илимлериниң докторы Наўрыз Жапақов пенен биргеликте жазыўға белсене қатнасты. Исмлери атап өтилген авторлардың көпшилиги дерлик әдебиятымыз тарийхында оғада аз сөз етилип, нәмәлим болып келген болса, усы сабақлыққа кирген мағлыўматлар арқалы кең оқыўшылар жәмәәти бул авторлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин еле де тереңирек билиўге миясар болды.

Пүткил саналы өмирин фольклортаныў, әдебият тарийхы ҳәм әдебияттаныў илимине арнаған алымның 100 ден аслам илимий мақалалары ҳәм монографиялары, оқыў қолланбалары басылып шықты. Солардан, «Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы» (Нөкис-1963), «Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосы» (Нөкис-1984), «Әдебиятымыздың гейпара мәселелери» (Нөкис-1988) монографиялары ҳәм «Қарақалпақ әдебияты тарийхы» (авторлар жәмәәти) (Нөкис-1983), «Ўатан әдебияты», «Әдебият» сабақлықларының (Нөкис-1970-1989 ҳ.т.б. жыллар) авторы болды. Сондай-ақ, «Қырық қыз», «Алпамыс», «Мәспатша», «Ғәрип-ашық», Шәрьяр ҳ.т.б. дәстанларының алғы сөзин жазыўға қатнасты. Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шайырлардың өмири ҳәм дөретиўшилигине арналған мақалалары, және де заманагөй әдебиятымыз ўәкиллериниң дөретиўшилигине арналған мақалалары жарқ көрди. А.Каримов пүткил өмири даўамында тийкарынан қарақалпақ классик әдебияты ҳәм фольклоры мәселелери менен шуғылланса да, XX әсирдеги қарақалпақ әдебияты ҳәм әдебияттаныў илиминде жүз берип атырған жаңалықлар ҳаққында өз көзқарасларын билдирип, күнделикли баспа сөз бетлеринде бир неше мақалаларын жәриялап барды. Мысалы, тилши алым ҳәм жазыўшы О.Бекбаўловтың

«Тарас Аралда» повести, Т.Қайыпбергеновтың прозалық дөретпелери, Н.Дәўқараев, М.Нурмуҳамедов, Қ.Мақсетов, Ә.Пахратдинов, Ә.Насруллаевтың изертлеўлери, сондай-ақ, Қ.Әўезов, Қ.Жуманиязовтың ҳ.т.б. шайыр-жазыўшылардың дөретиўшилиги бойынша қалыс пикирлерин билдирип барды. Сондай-ақ, ол 1994-жылы «История каракалпакской литературы (с древнейших времен до 1917 г. «Фан»)) фундаменталь жумысты И.Сағитов, А.Муртазаев, А.Пирназаров ҳ.т.б. менен бирликте жазыўға белсене қатнасты. Бул жәмәәтлик авторлар менен жазған мийнети миллий әдебияттаныў илими тарийхында елеўли ўақыя болды.

Илим ҳәм билимлендириў тараўындағы усындай пидайы хызметлери ушын Артық Каримов 1977 ҳәм 1986-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумының ҳәм де 1984-жылы Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Оған 1989-жылы «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» деген ҳүрметли атағы берилди. Ол 1992-жылы «Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты», 1994-жылы «Шуҳрат» медалының ийеси болыўға миясар болды. Урыс жылларында тылдағы мийнети ушын «1941-1945-жыллардағы урыста фашизм үстинен жеңиске ерискенлигиниң 50 жыллығы» медалы ҳәм 1984-жылы «Мийнет ветераны» медалы менен сыйлықланды. Изинде бай мийраслар қалдырған пидайы алым Артық Каримов 2006-жылы 80 жасында дүньядан өтти. Алымның әдебиятымыз тарийхына, классикалық әдебиятымыз ўәкиллериниң дөретиўшилиги менен әдебияттаныў илимине арналған басқа да рәң-бәрең тематикадағы изертлеўлери келешек әўладларға илимий-теориялық ҳәм әмелий дерек сыпатында узақ жыллар даўамында хызмет етери сөзсиз.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Ахметов С. Қарақалпақстан Республикасының әдебиятшы алымлары ҳәм сыншылары. – Нөкис: Билим, 1993.

2. Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1963.

3. Каримов А. Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1984.

4. Каримов А. Әдебиятымыздың гейпара мәселелери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

5. Нурмуҳамедов М. Қарақалпақ жазба әдебиятының дөреўи ҳаққында // «Әмиўдәрья» журналы, №6, 1968.

## БАБАШ ИСМАЙЛОВТЫҢ ИЛИМДЕГИ ҲӘМ КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТАҒЫ ХЫЗМЕТЛЕРИ

**Бекбергенова З.У.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Шайыр, дилмаш, әдебият сыншысы ҳәм изертлеўшиси Бабаш Исмайлов 1926-жылы, 12-июньде Қарақалпақстан Республикасының Әмиўдәрья районында туўылды. 1942-жылы орта мектепти питкергеннен кейин аўылда муғаллим болып ислейди. Ол 1948-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлап, усы институтта оқытыўшы болып ислеп қалады. Областьлық партия комитетинде инструктор (1951-1953), «Жас Ленинши» газетасында редактор (1953-1956), ӨзР ИА Қб Экономика ҳәм мәдeният комплекси институтында илимий хызметкер (1956-1958), «Қарақалпақстан» мәмлекетлик баспасында бас редактор (1958-1961), Қарақалпақстан Республикасы Телевидение ҳәм радио еситтириў комитетиниң баслығы (1961-1963) болып ислейди. 1955-жылы Жазыўшылар аўқамының ағзалығына қабылланды. 1965-жылы «Күнхожаның өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Ол 1963-1985-жыллар аралығында өмириниң ақырына шекем республика көлеминде басшы жумысларда хызмет етти.

Шайырдың биринши «Жеңис сааты» қосығы 1943-жылы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасында жәрияланды. 1954-жылы «Гүллен, республикам!» атамасындағы туңғыш қосықлар топламы басылып шығады. Соңынан «Гейбиреўди ашбүйирден» (1959), «Жыллар ҳәм сырлар» (1976), «Ҳәр кимниң өз сыбағасы» (1977), «Оқыўшыларға естелик» (1978), «Түрли шәмен гүллеринен» (Аўдармалар,1974), «Шығармалары» (Бир томлығы. Лирика, юмор-сатира) (1981) қосықлар топламлары, 1972-жылы «Лирика и сатира», 1987-жылы «За и против» деген топламлары рус тилинде басылып шықты.

Бабаш Исмайлов өзи поэзиялық, юмор-сатиралық, тымсаллық шығарма дөретип қоймастан, басқа халықлардың жазыўшы, шайырларының шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарыў менен де қызғын шуғылланып, Александр Твардовскийдиң «Мәнзилден мәнзиллерге», Турсынзаданың «Хасан арбакеш», Камил Яшинниң «Жол көрсетиўши жулдыз», Степан Олейниктиң «Белгили бекбийкелер», С.Михалковтың тымсалларын ҳәм де Ҳамзаның, Ғафур Ғуламның, И.Юзеевтың, Ғабдулла Тоқайдың, Максим Рыльскийдиң ҳ.т.б. бурынғы аўқам көлеминдеги түрли миллет ўәкиллериниң сайланды шығармаларын да қарақалпақ тилине аўдарды. Ол шайыр ҳәм аўдармашы болыў менен биргеликте әдебиятшы алым ҳәм сыншы да еди. Өткен әсирдиң 1950-жыллары республикамызда бир қатар илимпазлар XX әсирге шекемги қарақалпақ әдебиятының машқалаларына айрықша дыққат аўдарды. Солардан қарақалпақ классикалық поэзиясының жазба әдебиятлық характери ҳаққындағы мәселелерге Б.Исмайлов айрықша дыққат аўдарып, бириншилерден болып XX әсирге шекемги қарақалпақ әдебиятында Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм т.б. дөретпелериниң, поэзиясының жазба әдебиятлық сыпатқа ийе екенлиги ҳаққындағы пикирди ортаға таслап, «Әмиўдәрья» журналының 1959-жыл, №3-санында Б.Исмайловтың «Қарақалпақ классик поэзиясының жазба әдебиятлық характери ҳаққындағы мәселеге» деген мақаласы жәриялады. Изертлеўши Б.Исмайлов Жийен жыраў, Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Омар, Сыдық, Гүлмурат ҳәм Сарыбай шайырлардың қосықлары менен поэмаларының жазба әдебиятлық характерин белгилеўши критерияларды былайынша көрсетип өтеди: «ҳәр қайсысы өз авторы менен белгили ҳәм ҳәр бир қосықта, поэмада оны дөретиўши шайырдың конкрет стиллик, творчестволық өзгешелигин көремиз» [2,90]. Және де, классикалық әдебият ўәкиллериниң дөретиўшилигин жазба әдебият шығармалары деп қараўға тийкар болған факторларды қоңсылас түркмен ҳәм қазақ әдебиятын изертлеўшилердиң: «...индивидуаль авторлық белгилери коллективлик сооавторлық ямаса қолланыўшыларының редакторлаўы менен жуўылып кететуғын фольклор»ға карама-қарсы, «... олардың өз шығармаларын питкен – қайта редакторлаўға жатпайтуғын түрде бериўи» (Скосырев П. “Туркменская литература» (Очерки развития), М., 1945 г. – стр.19) ҳәм «ҳәр бир шайырдың өзиншелик және үлгиси менен әдебият тарийхына кириўи болып есапланады» (Сүйиншалиев Х., Сахарнеч Б., Дербисалин Э. XIX әсир қазақ әдебияты. Алма-ата, 1957, 7-бет), – деген илимий-теориялық пикирлери менен дәлиллеген ҳәм «Бул анықламаларға революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының шығармаларыда толық сәйкес келеди» [2,91], – деп көрсетеди.

Автор классикалық поэзиямыздың жазба әдебиятлық характерин еле де тереңирек изертлеўдиң зәрүрлигин «Қарақалпақ фольклоры вариантларға ийе. Фольклор шығармаларында вариантлылық мәселеси, мыс: Алпамыстың сегиз варианты болса, жазба әдебият шығармалары, мысалы: Жийен жыраў ҳ.т.б. шайырлардың қосық ҳәм поэмаларында бул жоқ, улыўма бул қубылыс сезилмейди. Екиншиден, әдебий поэтикалық традиция жалпы фольклорда болғаны сыяқлы каракалпақ фольклорында айрықша күшли. Және де, изертлеўши қарақалпақ классикалық әдебияты ўәкиллериндеги әдебий поэтикалық дәстүрлер туўралы: «Қарақалпақ классик поэзиясын дүзетуғын бул халық шайырларының шығармаларын идеялық бирлик, тематикалық жақынлық, стильлик уқсаслық сыяқлы көп ғана әҳмийетли әдебий моментлер бирлестиреди» [2,93], – деп көрсетеди. «Оның үстине классик шайырлар тек жазба әдебияттың, бир-бириниң традицияларын даўам етиўшилер ғана емес, қарақалпақ фольклорының да ең жақсы,

прогрессив традицияларын даўам еттириўшилер болып есапланады» [2,94], «...Қарақалпақ жазба әдебияты ўәкиллериниң шығармаларында олардың өзлерине заманлас дәўирлердиң конкрет сиясий-экономикалық, тарийхый жағдайларының сүўретлениўин көремиз» [2,95], – деп жазады ҳәм бул пикирлериниң дурыслығын 1961-жылы «Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы» монографиясында және бир мәртебе дәлилледи. Илимий жумысларының нәтийжесинде ол 1965-жылы усы тема бойынша кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шығады. Автор бул мийнетинде Күнхожа Ибрайым улының дөретиўшилигиниң XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятында тутқан орнын ҳәм әҳмийетин: шайырдың өмири ҳаққындағы мағлыўматлар, Күнхожаның дөретиўшилигин изертлеўдиң ҳәзирги жағдайы, шайыр жасаған дәўирдиң тарийхый-әдебий сыпатламасы, дөретпелериниң идеялық ҳәм көркемлик өзгешеликлери әтирапында сөз ете отырып, «Күнхожа өзиниң дөретиўшилиги менен қарақалпақ классикалық поэзиясының қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына, жалпы қарақалпақ халқының сана-сезиминиң, руўҳый өмириниң өсиўине үлкен үлес қоса отырып, аўдарыспаққа шекемги көп ғана қарақалпак шайырларының устазы, тек қарақалпақ халқының ғана емес, қарақалпақ халқына қоңсылас отырған, шайыр өз дөретиўшилиги менен хызмет еткен, өзи арасында болып танылған басқа да туўысқан халықлардың сүйикли шайыры сыпатында болды» [3,27], – деп баҳалайды.

Б.Исмайлов бириншилерден болып 8-10-класслар ушын оқыў бағдарламасын дүзди ҳәм оларға арнап сабақлықлар жазды. Алымның баспаға таярлаўы менен Күнхожаның (1960), Әжинияздың (1960) топламлары жарқ көрди. Соның менен бирге қарақалпақ фольклорын жыйнаўға да белсене қатнасады. Оның таярлаўы менен Күнхожаның ҳәм Әжинияздың топламлары басылып шықты. Ол үш жүзден илимий әдебий сын мақалалардың авторы болды.

Б.Исмайловтың поэзиялық дөретпелери ҳаққында сөз ететуғын болсақ, ол ана ўатан, туўылған жердиң тәбияты, халықлар дослығы ҳ.т.б. дәўир темасына байланыслы лирикалық қосықлары менен бир қатарда тымсаллар ҳәм сатиралық қосықларды көплеп дөретти. Буны шайырдың дәслепки «Гүллен Республикам» қосықлар топламынан соңғы «Гейбиреўди ашбүйирден», «Жыллар ҳәм сырлар», «Ҳәр кимниң өз сыбағасы», «Шығармаларының I томлығы» сыяқлы поэзиялық топламларына кирген тымсаллары менен сатиралық қосықлары айқын сыпатлап береди. 1950-жыллардан баслап Б.Исмайлов өзиниң юмор-сатиралық, тымсаллық қосықлары ҳәм аўдармалары менен усы жанрларды раўажландырыўға салмақлы үлес қосып отырды. Шайырдың «Баланс», «Аўыр бригада», «Гейпара бригадирлер», «Әлбетте», «Тили қурғыр гүрмеледи», «Көп жыйналыс зүрәәти - протокол», «Ғамхорлар», «Төгилген аброй», «Сыр шашқышлар», «Сыпайы бюрократ» ҳ.т.б. юмор-сатиралық қосықларының тематикасы күнделикли турмыстан алынып, жәмийетшиликте жүз берип атырған қәте-кемшиликлерди, адамлардың минез-қулқындағы ерси ис-ҳәрекетлерди ашшы күлки, сатиралық тил менен сынға алады. Мысалы, «Баланс» сатирасында районнан келген ўәкил менен колхоз баслығының арасында болып өткен диалоглардың аўылхожалығы жумысларының барысы, алға илгерилеўине тәсири жоқ, тек ғана «бардым», «келдим», «жақсы екен» деген бос сөзлерден ары бармастан, соңында мағлыўмат ушын протоколластырыў менен жуўмақланғанлығы ашшы сынға алынады. «Ғамхорлар» сатирасында болса айырым ата-аналардың ул-қызларын жоқары оқыў орнына киргизиў ушын өз абройын сатып, тамыр-таныс излеўин, өзиниң қолынан келмесе, басқа да адамларды қәтереге қойып ис тутыўын сатиралық усылда әшкаралайды. Б.Исмайловтың сатиралық қосықларының тили жеңил оқылады. Олардың көпшилиги дерлик әпиўайы халықлық лексикаға, сөйлеў тилине жақын келип, үлкенге де, кишиге де түсиникли жеткерип бериледи. Шайырдың жоқарыда аты атап өтилген сатираларынан жәмийеттеги иси басқа, сөзи басқа ўәдепаз, қосжақпас, қыялпараз, ышқыпаз, жағымпаз, өсекши, парахор, ҳәмелпараз, менмен, паңпаң, пәмсиз ҳ.т.б. ҳәр қыйлы унамсыз типтеги адамлардың образларын ушыратамыз. Мысалы, «Өсекши өзине жағар қараны» сатиралық қосығында:

Пысықсынар, кисимсинер, исинер,
Мин тағар болса да қандай кисиге,
«Басқаларға жаға берсең қараны,
Өзим аппақ боламан» деп түсинер.
Қандай бояў көп қолланса бояўшы,
Сол бояў қолында жуғып қалады,
Тап соныңдай басқаларға жақтым деп,
Өсекши өзине жағар қараны [5,130-131], – деп ҳәр бир дәўирде де гөнермейтуғын типтеги адамлардың жарамсыз ис-ҳәрекетлерин ашшы сынға алады.

Бабаш Исмайлов халқымызға тымсал жанрының шебери сыпатында да жақыннан танылды. Шайырдың тымсал жанрының шебери сыпатында танылыўына рус тымсалшылары И.А.Крылов ҳәм С.Михалковтың, және басқа да өзбек ҳәм қазақ шайырларының тымсалларын қарақалпақ тилине аўдарыўы үлкен түртки болды. Шайырдың «Қоянға некролог», «Қарақулақ», «Шағал, ғарға ҳәм ҳәкке», «Себет», «Ҳайяр пышық» ҳ.т.б. тымсалларында айырым мекеме басшыларының жәмийетшиликке жат әдетлери зооморфлық (ҳайўанатлар) ҳәм анималистикалық (қуслар) образлар тийкарында аллегориялық тәризде ашшы сынға алынады. Мысалы, «Шағал, ғарға ҳәм ҳәкке» тымсалында Шағалдың бир мекемениң басшысы болыўы, оған Ғарға Ҳәккениң үстинен, ал Ҳәкке болса Ғарғаның үстинен шағым етип келиўи, сонда Шағал оған дурыс ақыл-кеңес бериўдиң орнына:
Қапа болма сен,
Ҳәккени мен жақсы билемен,
Пәмсиздиң тап барып турғаны,
Қустың нағыз қудай урғаны,
Ол жөнинде илаж көремен,
Жәбириңди алып беремен,
Шуқымай көзин ойдыраман,
Пес әдетин қойдыраман [4,173], – деп кеўлин алып жибереди. Ғарға буған мәс болып үйине қайтады. Ал, Ғарғада Ҳәккениң үстинен шағым етип келгенинде Шағал оған да усы тақылетте ақыл айтып қайтарады. Буннан биз Шағал образы арқалы қараўында ислеп атырған адамларды бири-бири менен жарастырыўдың орнына, керисинше оларды бири-бирине қарсы қойып, урыстырып, қызығына қарап отыратуғын айырым наҳақ ҳәм принципсиз басшылардың жүзегөйшилигин айқын көре аламыз. Әлбетте, бундай адамлар орталығында дослық қарым-қатнас та, алға илгерилеў де болмайтуғынлығы анық. Сонлықтан да, шайыр юмор-сатиралары менен тымсалларында усындай кең жәмийетшиликке, адамзатқа жат иллетлердиң алдын алыўды мақсет еткенлигин «Кишкене шөпте көз аўыртады» деген қосығында:
Солар – мениң маўасасыз сынарым,
Аямастан аш бүйирден урарым,
Солар – өз бойымды услап аўлақта,
Басқаға жуқпасын деп хызмет қыларым.
Соның ушын сатира атын ертлермен,
Түсирмеймен сатира отын бөктерден,
Көздиң қарашығындай өмиримизди,
Тазалаўға сондай қыйқым шөплерден [4,123], деп жырласа, «Қоянға некролог» тымсалындағы тоғай аңлары Түлки, Шағал ҳәм Қоянның өзара досласып жүрип, аңқаў Қоянның мәккар Түлки менен гөрқаў Шағалдың жемтигине айланғанлығы, кең жәмийетшиликте бундай типтеги адамлардың аз да болса ушырасып туратуғынлығы, автор тымсалдың сонында усындай жарамсыз иллетлерден аўлақ болыўға шақырады.
Бул нусқа аз,
Бирақ, халайық!
Қайда көрсек алдын алайық,

Жәмийетлик тезге салайық! [5,142].

Усылайынша, Бабаш Исмайлов көркем әдебиятымыз бенен илим тараўында шайыр ҳәм аўдармашы, әдебият изертлеўшиси ҳәм жәмийетлик искер сыпатында халқымызға қалыўсыз хызмет етти. Бабаш Исмайловтың көркем әдебиятымыз ҳәм илимге қосқан хызметлери өз ўақтында баҳаланып, оған Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан Республикаларына мийнети сиңген мәдeният хызметкери» (1968, 1969) ҳүрметли атақлары берилди. Ол үш рет «Ҳүрмет белгиси» ордени, бир қатар медаллар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Ол Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесине бес рет депутат болды. Ал, «Жыллар ҳәм сырлар» поэзиялық топламы ушын Қарақалпақстан республикасы Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты болды. Алым ҳәм әдебиятшы Бабаш Исмайловтың туўылғанына 2026-жыл, июнь айында 100 жыл толады.

Шайыр ҳәм алымның ең жақын қәлемлес досты, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан Қаҳарманы И.Юсупов шайырдың өлмес естелигине арнап жазған «Дос қәдири» қосығында былайынша баҳа береди:

Минезиң бар еди жипектен майда,
Енди бизге сендей жанажан қайда?
Адамшылық деген уллы сарайда,
Қалыс хызмет қылып, турдың да кеттиң [6,114].

Елимиздиң атақлы шайыры И.Юсупов өзиниң 1969-жылы жазған «Жигиттиң соныңдай бир досты болсын» деген қосығын да Бабаш Исмайловқа арнаған. Бунда еки талант ийесиниң бири-бири менен қалың, қыймас дос болғанлығы, шын дослықтың қәдир-қымбаты поэтикалық қатарларда былайынша шеберлик пенен көркем сәўлеленеди.

Өзи болған, ҳә өзмәмбет жигитлер!
Сүриңлер дәўранды, ортаңыз толсын.
Ҳәзир қулақ сүймес пәнди-үгитлер,
Сонда да айтайын: досларың болсын.
Дослық гүлшәнине мегзес бул заман,
Кеўил кеўиллерден суў ишер мудам,
Өзиң дүзиў болсаң, көпдур дос-яран,
Досларың ишинде бир достың болсын.
Саған ҳәмдам болсын өзи жасынан,
Студентлик ўақтың зағарасынан.
«Жанымды берейин» демесин саған,
Берсе айтпай берер бир достың болсын.
Сыншыл дүнья қосып талай басларды,
Есап-шот қаққызып сынар досларды.
Айтқызар ҳәр түрли жаңылтпашларды,
Сонда жаңылмастай бир достың болсын [7, 126].

Усылайынша, шайыр ҳәм алым Б.Исмайлов қарақалпақ әдебиятының поэзия жанрын, көркем аўдарма теориясы ҳәм әмелиятын раўажландырыўға өзиниң салмақлы үлесин қосқан көп қырлы талант ийеси болды. Сонлықтан да белгили талант ийесиниң көркем дөретпелери менен илимий мийнетлери тек өз дәўири ушын ғана емес, бүгинги ҳәм келешек әўладлар ушын да баҳалы руўҳый ғәзийне, өлмес мийраслар қатарында қәдирленип, заманнан-заманға өтип келмекте.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Ахметов С. Қарақалпақстан Республикасының әдебиятшы алымлары ҳәм сыншылары. – Нөкис: Билим, 1993.

2. Исмайлов Б. Қарақалпақ классик поэзиясының жазба әдебиятлық характери ҳаққындағы мәселеге. «Әмиўдәрья» журналы, №3, 1959.

3. Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы. 1961.
4. Исмайлов Б. Жыллар ҳәм сырлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1976.
5. Исмайлов Б. Шығармалары. I Томлығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981.
6. Юсупов И. Таңлаўлы шығармаларының еки томлығы. I Том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
7. Юсупов И. Өмир саған ашықпан. Сайланды шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1999.

## HÁZIRGI QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK POVESTLERINIŃ TEMATIKALIQ HÁM JANRLIQ KLASSIFIKACIYASI

(2013-2023-jıllar mısalında)

**Bekbergenova Z.U.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Házirgi dáwir qaraqalpaq hám ózbek ádebiyatında hár bir on jıllıqta, mısalı, 2013-2023-jıllardı alıp qaraytuǵın bolsaq, ádebiy janrlardıń san hám sapa kórsetkishleri menen birgelikte ideya-tematikalıq, janrlıq, stillik jaqtan da rawajlanıw tendenciyaları gúzetiledi. Mısalı, 2013-2023-jılları «Sharq yulduzi» h.t.b. jurnalı betlerinde jarıq kórgen ózbek povestleriniń mazmun jaǵınan tereńlesip, forma jaǵınan jańarǵanlıǵın, tematikalıq jaqtan keńeygenligin, jáne de filosofiyalıq tereńlikke, psixologiyalıq analizlewge, posmodernistlik izleniske, genderlik tematikaǵa qaray baǵdar alǵanlıǵın gúzetemiz. Bul tematikalıq baǵdarlardı ózbek povestleri mısalında jáne de tereńirek túsindiretuǵın bolsaq, social-realistik baǵdarda (zamanagóy qaharmanlardıń kúndelikli turmısı arqalı jámiyettegi ózgerisler, shańaraq máselesi), psixologiyalıq baǵdarda (shaxs tragediyası, jalǵızlıq, ómir mazmunın izlew), tariyxıy hám mádeniy baǵdarda (milliy tariyxqa qaytıw, dástúr hám házirgi zaman qarama-qarsılıǵı, tariyxiy shaxslar yamasa dáwirler, milliy ózlikti túsiniwdi bekkemlew), globallasıw hám házirgi zaman baǵdarında (mádeniy tásirler, texnologiyanıń tásiri, házirgi jaslardıń turmısı, internet, jańa qádiriyatlar), ruwxıy-filosofiyalıq baǵdarda (ómirdiń mánisi, adamgershilik, iyman, insap, isenim, jaqsılıq hám jamanlıq h.t.b.), gender hám shaxs erkinligi (jeke shaxstıń, ásirese hayal-qızlardıń, ananıń erkinligi, hayal táǵdiri, jámiyetlik basım, gender teńsizligi, shańaraqtaǵı kelispewshilik, ishki qarsılıq, únsizlik tragediyası h.t.b. baǵdardaǵı tematikalar baslı orınǵa shıqqanlıǵın kóremiz.

Házirgi ózbek hám qaraqalpaq povestleri aldıńǵı dáwirlerdegige salıstırǵanda, mısalı, tema hám mazmun tárepinen jańalanǵanlıǵın, aldıńǵı dáwirlerde jazıwshılar keńes dáwirindegi ideologiyalıq temalardı kóteriwge májbúr bolsa, házirgi povestlerde insannıń ishki dúnyası, psixologiyası, erkinlik, muhabbat, jalǵızlıq, migraciya, globallasıw sıyaqlı zamanagóy máseleler keńirek sáwlelene basladı. Qaharman obrazın sáwlelendiriwde de jańalıqqa bet burǵanlıǵın, burınları shıǵarmalarda qaharmanlar kóbinese «úlgili», jámiyet talabına say, unamlı obrazlar sıpatında súwretlenetuǵın bolsa, házirgi povestlerde qaharmanlar quramalı, qarama-qarsılıqlarǵa tolı, haqıyqıy turmısqa jaqın, olardıń ishki ruwxıy dúnyasın tereńnen ashıwǵa baǵdarlandı. Stil hám til máselesine keletuǵın bolsaq, aldıńǵı ayırım povestlerdiń tili bir qansha rásmiy, ideologiyalıq boyawǵa iye, qáliplesken normalardan shıǵa almaytuǵın edi. Házirgi zamanagóy jazıwshılarımız tilde erkinlikke iye bolıp, awızeki sóylew elementlerin, simvolikalıq, metaforalıq, eksperimental stillerdi jiyi qollana basladı.

2013-2023-jıllar aralıǵında, bir «Sharq yulduzi» jurnalı betlerinde 60 tan aslam povestler járiyalanǵan bolsa, olardıń hár biri tematikalıq, janrlıq hám stillik jaqtan ózgeshelenip turadı. Mısalı, Hamrohon Musurmonovanıń «Sirlar saltanatiga sayohat» (№1, 2013-jıl) hayoliy sarguzasht qıssası (qıyalıy sayahat povesti), Davron Sultanovtıń «Afsonoviy koʻzgi siri» (№4; №5; №6, 2020) sarguzasht detektiv qıssası, Anvar Obidjonnıń «Ajinasi bor yullar» (Turmish kechinmalari) (№1; №2, 2014-jıl) avtobiografiyalıq qıssası, Abdunabi Boyquziniń «Teshikmozor hangomalari» (№3; №4; №5, 2014-jıl) hajviy qıssası, Otobek Joʻraboevtıń «Rizo birla boramiz» (№7; №8, 2021) hujjatli qıssası, Erkin Azamnıń «Bahorni quvib» (№6, 2023)

kino qıssası, To'lqin Hayittıń «O'g'uzxonning so'ngi qurultoyi» (№3, 2016), Karimberdi To'ramurodtıń «So'nggi bek» (№9; №10, 2021) tariyxıy qıssaları dóretildi. Bul qıssalardıń (povestlerdiń) ayırımlarınıń tematikalıq hám janrlıq ózgeshelikleri avtorlardıń ózleri tárepinen belgilep ótken bolsa, ayırımların tematikalıq bağdarları boyınsha ańlawğa boladı. Usı jıllardağı ózbek povestlerinde gender hám shaxs erkinligi, ásirese hayal-qızlardıń, analarımızdıń shańaraqtağı tutqan ornı, tágdiri máseleleri Isajon Sultonnıń «Onaizorim» (№2; №3. 2014), Adham Daminnıń «Bu dunyoning dardlari» (№4, 2014), Zulfira Misbaxtıń «Adiba» (№5, 2013), Abdusattar Sodirovtıń «Tushlarimga kiring onajon» (№10; №11. 2017) qıssalarında keń tárizde jaratılıp berildi. Eń tiykarğısı atı atalğan povestlerdiń hár birinde jetekshi bağdar, tiykarğı itibar qaharmannıń ishki dúnyasına qaratılğan. Qaharmanlardıń ishki monologı, ruwxıy keshirmeleri, oy-pikir ağımı tereńnen sáwlelendi.

Bul dizim zamanagóy ózbek povestlerinde janrdıń ráń-báreńligin (sarguzasht (sayaxat), detektiv, avtobiografiyalıq, satiralıq, hújjetli, kino hám tariyxıy) ayqın kórsetedi. Mısalı, sarguzasht (sayaxat) hám detektiv povestlerde jazıwshılar qıyal hám syujetke súyenip, bay hám tartımlı waqıyalardı syujetke engizedi, avtobiografiyalıq hám hújjetli povestler turmıs haqıyqatlığına tiykarlanıp, yağnıy real turmısqa jaqın bolıp, avtordıń jeke tájiriybesi hám anıq mağlıwmatlarğa súyenedi. Satiralıq shığarmalar bolsa jámiyettegi kemshiliklerdi dálkek etip kórsetse, tariyxıy qıssalar ótmishti qayta kózden ótkerip, ótken dáwirlerdi kórkem túrde súwretleydi, kinoqıssa bolsa ádebiyat hám kino kórkem óneriniń sintezlesiwi sıpatında kórinedi.

Bunnan kelip shığatuğın tiykarğı juwmaq – házirgi ózbek qıssaları mazmun hám forma jağınan bay, janr sheńberi keń hám hár tárepleme rawajlanıp atırğan ádebiy qubılıs bolıp tabıladı. Hár bir janr oqıwshığa túrli tásir qaldıradı: birewi qızıqtıradı, ekinshisi oylandıradı, úshinshisi tárbiyalıq áhmiyetke iye boladı. Bul óz gezeginde ádebiyattıń jámiyettegi roliniń áhmiyetli ekenligin hám onıń túrli wazıypalardı atqaratuğının kórsetedi. Házirgi ózbek povestleriniń mazmunlıq hám tematikalıq ózgesheliklerine qaray usılayınsha jiklewler (klassifikaciyalaw), bul janr shığarmalarınıń janrlıq kóp túrliligi oğada keń ekenin kórsetedi. Jáne de, atı atalğan qıssalardıń funkciyası hár qıylı bolıp keledi: oqıwshını qızıqtırıw (sarguzasht, detektiv), ayırımları oylandırıw (tariyxıy, hújjetli), ayırımları kúldirip, sınğa alıw (satiralıq), ayırımları jeke tágdirdi (avtobiografiyalıq) kórkem súwretlew, sáwlelendiriw wazıypasın atqarıp otıradı.

2013-2023-jıllardağı qaraqalpaq ádebiyatında povest janrı shığarmaları ideya-tematikalıq jaqtan jámiyet hám insan mashqalaların, ana hám bala, shańaraq, ótmish hám búgingi kún máselelerin, hayal-qızlar teńligi, gender siyasatı h.t.b. temalardı kóplep sáwlelendirdi. Ásirese, jazıwshılarımız alıs hám jaqın ótmish waqıyaların, tariyxıy shaxslardıń tágdirin sáwlelendiriwge, belgili shaxslardıń ómiri hám dóretiwshilik iskerligin, ilim hám bilimlendiriw tarawlarına qosqan xızmetlerin hújjetlerge tiykarlap sáwlelendiriwge ayrıqsha itibar qarattı. Sonday-aq, shańaraq, ata-ana, ana hám bala, kekse áwlad wákilleri, jaslar turmısı, ekologiyalıq mashqalalarğa arnalğan tematikalar oraylıq orınğa shıqqanlığı gúzetiledi. Egerde, 2013-2023-jıllarda «Ámiwdárya» jurnalı betlerinde 50 den aslam povestler járiyalanğan bolsa, olardıń kópshiligi derlik, tariyxıy, hújjetli, zamanagóy tematikalarda jazılğanlığın kóremiz. 1. Tariyxıy povestler: Sarıgúl Bahadırovanıń «Tomaris hám Kir», «Qanatınan qayrılğan suńqar» (belgili ádebiyatshı alım Nájim Dáwqaraev haqqında), Joldasbay Qosheterovtıń «Aytılmağan sóz» (tariyxıy shaxs Izban haqqında), Jiyenbay Moyanovtıń «Palwanlar sárdarı» (belgili shayır, sazende hám palwan Jańabay Qaratay ulı haqqında) tariyxıy qıssası, Sharap Usnatdinovtıń «Sońğı ańshı» (Haymatdin maqsım haqqındağı tariyxıy povest essesin), Muratbay Nızanovtıń «Muvarakshina» (muğallim Muvarakshina Ǵafifabanu Qayumovna haqqında tariyxıy qıssası), Allanazar Ábdiev «Iyt hám adam yamasa ashlıq sınağı» tariyxıy povestlerin atap kórsetsek boladı. Bul shığarmalardıń barlığı anıq tariyxıy shaxslar hám waqıyalarğa tiykarlanıp, ótken dáwirdiń kórkem súwretin jaratıwğa qaratılğan. Bul povestlerdiń tiykarğı ózgesheligi sonda, olar tariyxıy haqıyqattı kórkem qıyal menen baylanıstırıp, oqıwshığa ótken dáwirdiń ruwxın, sol dáwirdegi adamlardıń tágdirin tereńirek sáwlelendiriwge bağdarlanğan. Sonday-aq, bul shığarmalar tek ğana tariyxıy dáreklerdi bayanlap qoymastan, belgili shaxslardıń ómir jolı arqalı milliy qádiriyatlardı, ruwxıy miyras hám adamgershilik pazıyletlerdi úgit-násiyatlaydı.

Solay etip, tariyxıy povestler házirgi ádebiyatta áhmietli orın iyelep, ótmishti ańlaw, tariyxıy sana-sezimdi qáliplestiriw hám onı kórkem túrde jetkeriw wazıypasın atqaradı. Bul povestler boyınsha jáne bir neshe tereńirek juwmaqlar aytıw múmkin.

Birinshiden, bul shıǵarmalar tariyxıy shaxsqa tiykarlanıp jazılǵanlıǵın ańlaymız. Yaǵnıy waqıya tek dáwirdi emes, al anıq adam táǵdiri arqalı ashıladı. Bunday usıl oqıwshıǵa tariyxtı qurı maǵlıwmat emes, al janlı turmıs sıpatında qabıl etiw imkaniyatın beredi. Ekinshiden, bul povestlerde tariyx hám kórkem fantaziyanıń únlesligi kózge taslanadı. Avtorlar anıq maǵlıwmatlarǵa súyense de, qaharmanlardıń ishki dúnyasın, sezimlerin, tartısların ashıw ushın kórkem usıllardan jeterlishe paydalanadı. Nátiyjede shıǵarmadaǵı syujet waqıyaları tásirsheń bolıp shıǵadı. Úshinshiden, bul shıǵarmalardıń áhmiyetli tárepi – milliy ruwx hám shaxs táǵdirin kórsetiwi. Mısalı, jazıwshılar xalıq batırları, ilim pidayıları, ustazlar, kórkem óner ǵayratkerleri haqqında jazıw arqalı xalıqqa hadal xızmet etiw, erlik, sadıqlıq, ruwxiy shıdamlılıq sıyaqlı qádiriyatlardı propagandalaydı. Tórtinshiden, bul povestler arasında janrlıq aralasıwlar kózge taslanadı. Mısalı, olardıń ayırımları povest-esse (máselen, «Sońǵı ańshı»), ayırımları hújjetli-biografiyalıq xarakterde, ayırımları kórkem tariyxıy bayanlaw túrinde súwretlenedi. Álbette, bul házirgi ádebiyatta janrlardıń bir-birine jaqınlasıp baratırǵanlıǵın kórsetedi. Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, atap ótilgen tariyxıy povestlerdiń ideya-tematikası tek ǵana ótmishti súwretlep qoymastan, búgingi kitap oqıwshısın tariyxımız benen jaqınnan tanıstırıp, ruwxıy-aǵartıwshılıqqa tárbiyalap otıradı.

2. Hújjetli povestler: Jiyenbay Moyanovtıń «Palwanlar atası» Kegeylishi ataqlı Sapalaq palwan Shamuratov haqqındaǵı hújjetli qıssasın, Sharap Usnatdinovtıń «Ibrayım Yusupov. Shayırdıń jaslıǵı» hújjetli povestin, Gúlaysha Esemuratovanıń «Úsh dáwirdiń ǵúwası «Tentek» hayal haqqında ápsana» (Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen xalıq muǵallimi Áyse Bólekbaeva haqqındaǵı hújjetli povestin), Alpısbay Sultanovtıń «Tutasıp ketken táǵdirler» hújjetli qıssasın mısal etsek boladı. Birinshiden, bul shıǵarmalarda anıqlıq, tariyxıylıq tiykarǵı orındı ieleydi. Yaǵnıy, avtorlar anıq tariyxıy shaxslardıń ómirine, arxiv materiallarına, eske túsiriwlerge súyenedi. Sonıń ushın bunday povestlerdiń tiykarǵı maqseti – haqıyqattı kórkem túrde jetkeriw esaplanadı. Ekinshiden, hújjetli povestler kóbinese belgili adamlardıń (palwan, shayır, muǵallim), mámleketke hám xalıqqa xızmet etken shaxslardıń ómir jolın kórsetiwge arnaladı. Bul arqalı ádebiyat biografiyalıq hám aǵartıwshılıq wazıypasın atqaradı. Úshinshiden, bunday shıǵarmalardıń ózgesheligi olarda artıqsha qıyal az boladı. Anıq fakt, waqıya, dáwir anıq beriledi. Lekin, sonıń menen birge kórkem til de saqlanadı. Yaǵnıy, bul janr ilimiy anıqlıq hám kórkem bayanlawdıń qosılǵan túri bolıp esaplanadı. Tórtinshiden, bul povestlerdiń tárbiyalıq áhmiyeti oǵada joqarı bolıp keledi. Olar arqalı keń kitap oqıwshıları miynet súygishlik, turaqlılıq, xalıqqa xızmet etiw sıyaqlı qásiyetlerdi úyrenedi. Yaǵnıy, hújjetli povestler – anıq turmıslıq haqıyqatlıqqa tiykarlanǵan, tariyxıy shaxslar táǵdiri arqalı oqıwshıǵa aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq tásir kórsetetuǵın áhmiyetli ádebiy janr shıǵarmaları esaplanadı.

Bul hújjetli povestler tuwralı taǵı da birneshe áhmiyetli tárepin atap ótiwge boladı. Birinshiden, bul shıǵarmalarda shaxs arqalı dáwir obrazı ashıladı. Yaǵnıy Sapalaq palwan, Ibrayım Yusupov, Áyse Bólekbaeva sıyaqlı adamlardıń ómiri arqalı belgili bir dáwirdiń sociallıq, mádeniy ortalıǵı kórinedi. Bul oqıwshıǵa tariyxtı keńirek túsiniw imkaniyatın beredi. Ekinshiden, bunday povestlerde ómirbayanlıq baǵdar tiykarǵı orınǵa shıǵadı. Waqıyalar kóbinese qaharmannıń balalıǵınan baslap, onıń shaxs sıpatında qáliplesiwi, jetiskenligi, jámiyettegi ornına shekem sistemalı ráwishte kórkem sáwlelenedi. Bunday súwretlewler janrdın tiykarǵı kompoziciyalıq ózgesheligin kórsetedi. Úshinshiden, bul shıǵarmalar derek sıpatında da bahalı. Olar tek ǵana ádebiy shıǵarma emes, al, estelik, tariyxıy maǵlıwmat, ruwxıy miyras sıpatında da xızmet atqaradı. Tórtinshiden, xalqımız arasınan shıqqan ápiwayı adamlardıń ullılıǵın kórsetedi. Yaǵnıy, qaharmanlar álbette tariyxıy batır emes, biraq óz isiniń sheberi, elge paydası tiygen insanlar. Álbette, bul házirgi ádebiyattıń adamdı bahalawdaǵı jańa kózqarasın kórsetip beredi. Besinshiden, bul povestlerdiń tili ádette ápiwayı hám isenimli boladı. Sebebi, avtor oqıwshını isendiriwi kerek, sonıń ushın artıqsha asırıp kórsetiwden góre anıqlıqqa itibar

beredi. Juwmaqlap aytqanda hújjetli povestler – jeke adam tágdiri arqalı pútkil bir dáwirdi, jámiyetti hám ruwxıy qádiriyatlardı haqıyqıy hám tásirsheń sáwlelendiretuǵın janr esaplanadı.

3. Zamanagóy tematikadaǵı povestler: Alpısbay Sultanovtıń «Jawıngerdiń jesiri», Esenbay Ermanovtıń «Jiyen qızdıń baxtı», Beknazar Ernazarovtıń «Muhabbattıń jası neshede?», Esbergen Ótepbergenliniń «Eles-eles balalıǵım menen delbe-delbe jaslıǵım meniń», Beknazar Ernazarovtıń «Jantalas», Esenbay Ermanovtıń «Muqaddes tuyǵı», Beknazar Ernazarovtıń «Kerek adam», Yusupbay Álimbetovtıń «Oyda joq waqıya», Ábdisayıt Paxratdinovtıń «Sónbegen muhabbat», Marat Tawmuratovtıń «Kóp ólshemli dúnya» modern usılındaǵı zamanagóy povestin atap kórsetsek boladı. Birinshiden, bul shıǵarmalar házirgi jámiyet turmısın súwretlewge qaratılǵan. Yaǵnıy olarda búgingi kúnniń mashqalaları, adamlardıń qatnasıqları, ruwxıy izlenisleri hám turmıslıq sharayatları sáwlelenedi. Bul – ádebiyattıń zaman menen birge rawajlanıp atırǵanın kórsetedi. Ekinshiden, bul povestlerde kóp ushırasatuǵın tiykarǵı temalar: muhabbat hám shańaraq, insan tágdiri, jámiyettegi ózgerisler, shaxstıń ishki gúyzelisleri hám tańlawları kórkem sáwlelenedi. Mısalı, povest atamalarınıń ózinen-aq («Muhabbattıń jası neshede?», «Sónbegen muhabbat», «Jantalas») insannıń ishki dúnyasına tereń úńiliw bar ekenligin kóriw múmkin. «Kóp ólshemli dúnya» sıyaqlı shıǵarmalar arqalı modern (zamanagóy) ádebiy usıllar qollanılıp atırǵanlıǵın kóremiz. Bul povestlerde waqıt hám keńislikti erkin beriw, sana aǵımı, simvolika sıyaqlı kórkem usıllardıń qollanılıwı gúzetiledi. Zamanagóy povestlerde búgingi jámiyettiń haqıyqıy kelbeti, insan psixologiyası hám zamanagóy mashqalaları tereń ashıp beriledi. Jáne de, zamanagóy povestlerde realizm hám modernizm elementleri birge júredi. Yaǵnıy bir tárepten turmıs haqıyqatlıǵı anıq berilse, ekinshi tárepten, simvolikalıq kórinisler, filosofiyalıq pikirler, ayırım waqıtları shártli (abstrakt) súwretlew usılları qollanıladı. Bul shıǵarmalar oqıwshını tayar juwmaqqa alıp kelmeydi. Kerisinshe, ashıq final, kóp mánililik arqalı oqıwshını pikirlewge jeteleydi. Bul házirgi ádebiyattıń áhmiyetli belgilerinen biri esaplanadı. Zamanagóy tematikadaǵı povestlerdiń qurılısında turmısqa jaqın sóylew tili, dialoglardıń kópligi, ishki monologlardıń qollanılıwı arqalı tekst anıǵıraq kórinedi. Juwmaqlap aytqanda, zamanagóy povestler tek waqıyanı bayanlap ǵana qoymastan, házirgi adamnıń ishki dúnyasın, jámiyettegi quramalı ózgerislerdi hám ishki ruwxıy izlenislerdi tereń filosofiyalıq dárejede ashıp beriwge baǵdaralanadı.

Kórip ótkenimizdey, bul jıllar qaraqalpaq ádebiyatında aldıńǵı on jıllıqqa salsıtırǵanda, satiralıq, detektiv, avtobiografiyalıq, fantastikalıq povestler gúzetilmeydi.

Solay etip, búgingi qaraqalpaq hám ózbek povestlerin tematikalıq hám janrlıq jaqtan klassifikaciyalaw ushın ádebiyattanıw teoriyasında qabıl etilgen ulıwmalıq principler tiykarındaǵı kriteriylerdi tómendegishe kórsetip ótsek boladı. Tematikalıq tárepi – povestler qanday máseleni kóteredi, janrlıq tárepi – forma hám usıl boyınsha, bunda povestiń kórkemlik qurılısı hám bayanlaw usılı názerde tutıladı. Onnan basqa da, kompoziciyalıq dúzilisi, milliy-mádeniy kriteriyalar, avtor stili máseleleri de esapqa alınadı. Yaǵnıy, búgingi qaraqalpaq hám ózbek povestlerin klassifikaciyalawda **tema, janr, kompoziciya, milliy ózgeshelik, avtorlıq stil** birge qaralsa, tolıq hám ilimiy tiykardaǵı nátiyjege erisiwge boladı.

## ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ӨЗБЕК ПРОЗАСЫНДА КӨРКЕМ ҲҮЖЖЕТЛИ ПОВЕСТЬЛЕР

**Бекбергенова З.У., Жәримбетова Т.Қ.**
*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Повесть жанрында жазылған шығармалардың анализи соны көрсетеди, ол романға қарағанда заманға ҳәм оның әҳмийетли мәселелерине оғада жақын турады.

Ҳақыйқатында да, повесть жанрының формалық ҳәм тематикалық бөлиниўлерине қарай ҳәр қыйлы жанрлық түрлери болған автобиографиялық, биографиялық, мемуар, тарийхый, ҳүжжетли, заманагөй ҳәм т.б. повестьлердиң орайында турған қаҳарманлардың тәғдири тек ғана авторға емес, өз гезегинде оқыўшыға да таныстай түйиледи. Себеби, повесть жанрында жазылған қәлеген шығарманы алып қарасақта, онда автор ҳәм қаҳарманның көзқараслары жасырын түринде емес, ал, ашықтан ашық сүўретленип

барады. Буны биз автобиографиялық, мемуарлық повестьлерде ғана емес ҳүжжетли повестлерде де гүзетиўимиз мүмкин.

Өзбек алымлары Э.Каримов ҳәм Б.Назаров ҳүжжетли повестлердиң жанрлық тәбияты ҳаққында: «Кейинги жыллар өзбек повести әдебий жанр белгилерин өз тәбиятына сиңирген жағдайда раўажланбақта. Соның ушын да, ҳүжжетли повестлер өз мазмуны ҳәм жанрлык белгилерине қарай очеркке жакын. Лекин, бул демек, ҳүжжетли повесть очерк белгилериниң ҳәммесин өзине сиңдирип алды деген сөз емес. Ҳүжжетли повесть очерктен кескин түрде ажыралып турады. Базы бир алымлар оның очерктен айырмашылығын екеўине де тән болған анық сюжетте деп биледи. Лекин, ҳүжжетли повестьтиң, очерктен парқы анық сюжетте емес, бәлким көркем сүўретлеў қуралларында, бир сөз бенен айтқанда көркемлигинде» [1,13], – деп жазады. Солай екен, реал ўақыялар ҳәм қаҳарманлар ҳүжжетлер қоршаўында яки қурғақ баянлаўлар менен емес, ал, оның қәлеген көркем шығармаға тән болған көркемлеў усыллары жәрдеминде шебер жазылыўы керeклиги ҳүжжетли шығарманың теориялық талапларының бири екенлиги айқын болады. Ҳүжжетли шығармалардың сюжетинде өзлериниң қалыс хызметлери менен ели-халқымызға жақыннан танылған шайыр-жазыўшылардың, ағартыўшы-илимпазлардың, урыс қаҳарманлары менен палўанлардың ҳ.т.б. түрли қәсип ийелериниң образлары менен хызметлери көркем айланысқа түскенлиги менен көрине баслады.

Өзбек әдебиятында ҳүжжетли шығармалардың басым көпшилик сюжети өзбек зиялыларының бийгүнә қурбан болыўлары ҳаққында жазылған. Олар тийкарында мазмунлы повесть ҳәм романлар дөретилди. Повестьлер өмирди кең сүўретлеў көлеми ҳәм ўақыяны көрсетип бериў усылына қарай түрлерге бөлинеди. Ҳәдийсе, өмирлик материал, анық ҳәм қызықлы фактлер қаҳарман тәғдирин ҳәм дүньяға болған көз қарасын кеңейтеди. Жазыўшы әлемди көркем жаратыў шеберлигине қарап, қандай шығарма дөретпесин, анық ҳәм реал ўақыяны сүўретлеўге, базы да фантазияны да илимий жақтан тийкарлап бериўге умтылады. Повестьлердиң төмендеги ишки түрлери бар: тарийхыйлық, заманагөйлик, детективлик, сатиралық, ҳүжжетли, биографиялық [2,48-49]. Повесть түрлериниң атынан көринип турғанындай, ҳүжжетли повестьке тән қәсийетлер: фактлик материаллар тийкарында мәлим бир тараўға анықлық киритиў, ўақыяны ҳәм оған байланыслы көрсетпелерди үйрениў, рәсмий орталыққа сай орынды сүўретлеў, реал заман-мәкандағы жағдайды бийтәреп жаратыў болып табылады. Шығармадағы қаҳарман өмириндеги түп бурылысты, жасап кеткен дәўир уйғынлығы менен көрсетиледи. Шығармадағы жағдайлар (газета, журнал, архивлик материаллар, фактлер) ўақыяға байланыслы мағлыўмат кеңислигинде үйрениледи. Көркем-ҳүжжетли повесть дөретиўде қаҳарман тәғдириндеги жағдайларды, ўақыялардың анық ўақтын, белгили мәканды дыққат-итибарға алыў ҳәм себеп-ақыбетин көрсетиўде қаҳарманға заманлас болған кәсиплеслери, туўған-туўысқанлары гүўалық бериўлерин ядта тутыў мақсетке муўапық болады. Сондай-ақ, автор және сүўретлеп атырған жағдайды, ўақыяны драматикалық руўх бенен байытыўы, дәўирди көз алдымызға келтириўде қаҳарманлардың кийимлерин, орын көринислерин де ядта тутыўы керек. Ўақыяның жанлы шығыўында диалог ҳәм монологларды пайдаланыўы нәтийжесинде ўақыялар тынықласып барады. Автор қаҳарманның ишки сезимлерин, руўҳыятындағы өзгерислерин, пазыйлетлерин, ҳәттеки қәте кемшиликлерин тәсирли, тәбийий сүўретлеўге умтылады.

Жазыўшы Набижон Боқий өзиниң «Жазаланыў» («Қатлнома») (1992) атлы ҳүжжетли повестин дөретиў ушын көплеген дереклерди үйренди, шығарма қаҳарманы Абдулла Қадирийге байланыслы материаллар қайсы архивте болса, сол жерлерде жазыўын ислеген [2,68-70]. «Жазаланыў» көплеген ҳүжжетлер тийкарында жазылған көркем-ҳүжжетли повесть, лекин, автор бул повестьте факт пенен көркемликти күшейтеди. Абдулла Қадирий ҳаққында бир ўақыттың өзинде еки шығарма дөретилди. Булар Ҳабибулла Қадирийдиң «Әкем ҳаққында» ҳәм Набижон Боқийдиң «Жазаланыў» атлы еки шығармасы, екеўи де бирдей ўақыялардан, бирдей ҳүжжетлерден пайдаланғаны менен ҳәр қайсысының ўақыяға жантасыў өзгешелиги, баянланыў усылы ҳәр қыйлы.

Ҳабибулла Қадирийдиң шығармасында шаңарақ ағзалары, туўған-туўысқанларының еске түсириўлери тийкарында зыялы жазыўшының пазыйлетлери ядқа алынады. Н.Боқийдиң жазғанында өмирлик дәлиллер көркемлик шығармаға сай жазылады. Жазыўшы керекли ҳүжжетлерди, дәлиллерди көркемлик нуры менен жарата алғаны соншелли, оқыўшы ҳәтте қыйын материаллық дереклерди өзлигинше пикир жүритип, түсинип баслайды. Және бир өзбек жазыўшысы Ёқубжан Хўжамбирдиевтиң «Қарлығашлар бәҳәрде келеди» атлы көркем-ҳүжжетли повестинде белгили журналист Муродхон Собировтың жәмийеттиң зиялы қатламы искерлигинен алған көринислери көркем сәўлелендириледи [2, 64]. Онда Орайлық Азиядағы түркий халықлардың бирлиги, тынышлығы, раўажланыўы жолындағы ис-ҳәрекетлер тийкар етип алынады. Автор мәканды белгилеўде әййемги қалалардан дүньяның айырым мәмлекетлерине шекем ракурс шөлкемлестиреди. Қаҳарман бурынғы система шараятында миллет мәпин қорғаған мәмлекет ғайраткерлери, дөретиўши алымлар хызметине тоқтап өтеди. Журналист түрли миллет ўәкиллери өмириндеги ўақыяларды қызықлы фактлер арқалы усынады. Ол ҳәр бир қаҳарманның жәмийеттеги орнын, өмирлик тәжирийбесин үйренип қоймай, кеўил кеширмелерин жаратыўға да әҳмийет береди. Сондай-ақ, Садриддин Айний, Ғафур Ғулам, Абдулла Қаҳҳар киби ўәкиллериниң халық тилинен, ушырма сөзлерден өнимли пайдаланған сәўбетлери мысаллардан көринеди. Автордың Турсунбай Ўлжабоев, Турақул Айтматовлар ҳаққындағы пикирлеринде идеология ҳийлелери әшкара етиледи. Ш.Рашидовтың стратегияны анық, туўры белгилеў шеберлиги, қурылыс жумысларындағы дөретиўшилик потенциалы халық, миллет мәпи жолындағы қалыс хызмети менен үйлестирилип көрсетиледи. Жазыўшы ҳүжжетли повесть жазыў процесинде көплеген ҳүжжетлерди, материалларды үйренип, оларды сайлап, анық сүўретлегени байқалады.

Әлбетте, жыллар ҳәм дәўирлер өтиўи менен халқымыздың жәмийетлик-сиясий, мәдений-руўхый турмысында жүз берген ҳәр қандай елеўли ўақыялар тарийх бетлеринен белгили дәрежеде орын алып атыр. Сол сыяқлы ҳәр бир көркем сөз шеберлери тәрепинен дөретилген көркем-ҳүжжетли шығармаларда жазыўшылар елге белгили болған уллы тулғалардың хызметлерин көрсетип өтиў менен бирге сол дәўир нәпесин сезиндирип, оларды өзинен кейинги әўладқа естелик сыпатында қызықлы ҳәм мазмунлы етип жеткерип бериўге умтылады. Сонлықтан да, ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ әдебиятында пайда болған көркем-ҳүжжетли дөретпелердиң жанр сыпатында толық қәлиплесип, раўажланыўы, және де халық тарийхын реалистлик мазмунда сүўретлеўге бейим болып, китап оқыўшысында үлкен қызығыўшылық оятып атырғанлығын айрықша атап өтсек болады.

XX әсирдиң 60-жылларынан баслап ҳәм XXI әсирдиң дәслепки шерегинде қарақалпақ прозасында көркем ҳүжжетли повестьлердиң көплеп дөретилгенлигиниң гүўасы боламыз. Бул салада Ә.Тәжимуратов «Саркоплы батыр», Ә.Атажанов «Сапалақ палўан», Ж.Муратбаев «Бахыт гүзары», Х.Тәжимуратов «Халмурат доктор», А.Әлиев «Ер басына ис түссе», К.Мәмбетов «Москвадан келген қыз», Ж.Сапаров «Қызыл Қоңырат жигитлери», «Тәслим», «Баспашылар арасында» сыяқлы ҳүжжетли повестьлери менен бул жанр шығармаларын раўажландырыўға салмақлы үлес қосты. 1990-жыллардан соң көпшилик шайыр, жазыўшылар жаңа заман руўхында ҳәр қыйлы тематикада ҳәм жанрларда көркем шығармалар дөрете баслады. Бул жағдай биз таллап атырған көркем-ҳүжжетли шығармалардың жаңа тематикалар менен байыўына ҳәм көплеп дөретилиўине де унамлы тәсир жасады. Әсиресе, өткен сталинлик репрессия дәўиринде бийгүнә жазаланған ел перзентлериниң аўыр тәғдири бойынша көплеген ҳүжжетли шығармалар пайда болды. Олардың басым көпшилигинде рәсмий ҳүжжетлер ҳәм архив материалларының тиккелей пайдаланылыўы бул жанр шығармаларының жаңа раўажланыў басқышына көтерилип атырғанлығынан дәрек береди.

Соңғы жыллардағы қарақалпақ прозасында дөретилип атырған ҳүжжетли шығармаларда алыс ҳәм жақын өтмиштеги тарийх бетлеринде мөрленген ўақыяларды, елим ҳәм журтым деп жасаған зиялыларды билиў, олардың ўатанға садықлық сезимлерин

терең сезиниў ҳәр қашанғыдан да арта баслады. Жазыўшылар қаҳарман образын жаратыўда архив ҳүжжетлеринен пайдаланып, оларды тиккелей көркем шығармаларына киргизип отырды. Мысалы, Г.Есемуратованың «Мында бир кеширим» (1995) повестинде жазыўшы өзиниң «Ата-анам болар ма еди» (1997) повестинде белгили композитор Тәжигүл Адамбаеваның, «Мүршийда Бекполатова ким?» (2006) повестинде Қарақалпақстанға келип билим нурын таратқан муғаллим ҳаялдың, С.Баҳадырованың «Қанатынан қайрылған суңқар» (2007) повестинде белгили алым Нәжим Дәўқараевтың, К.Смамутовтың «Сары қарақалпақ» (2008) шығармасында И.В.Савицкийдиң, Ә.Атажановтың «Жат журтта жапа шеккен адам» (2010) повестинде талантлы жазыўшы Айтбай Бекимбетовтың тәғдиринде ҳәм кәсибинде жүз берген ўақыялар ҳүжжетлерге, тарийхый ҳәм өмирбаянлық мағлыўматларға тийкарланып сөз етиледи.

Бүгинги күни өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятында көркем-ҳүжжетли шығармалар жаңа идеялық-тематикалық бағдарларда, жанрлық-стильлик өзгешеликлерге ийе тәризде раўажланбақта. Мысалы, өзбек прозасында Қулман Очилдың «Сайроблик баракали йигит ҳақида қисса», («Шарқ юлдузи», №8. 2017), Отобек Жўрабоевтың «Ризо бирла борамиз» (№7; №8, 2021) ҳүжжетли қиссалары дөретилди. Қулман Очилдың «Сайроблик баракали йигит ҳақида қисса» (Сайраблы берекетли жигит ҳаққында қысса) ҳүжжетли повестиниңидея-тематикасында Сурхандәрьялы истиң көзин билетуғын әпиўайы шаңарақтан шыққан исбилермен жигит Ҳайитали Алламуратовтың отыз жыллық хызмет искерлиги ҳаққында сөз етиледи. Автор өз көзи менен көрген фактли материаллар ҳәм де Ҳайиталыны кишкенесинен жақсы билетуғын жездеси Нормаматтың, ҳажы бабаның, зия көз клиникасының баслығы Фарҳад Аъзамның ҳ.т.б. жақын инсанлардың сөзлери, пикирлери арқалы бул әпиўайы исбилермен жигиттиң турмыста ушырасқан қыйыншылықларды жеңип өтип мийнет сүйгишлиги, ҳадаллығы ҳәм сабыр-тақаты арқалы табысқа ерискенлигин көркемлик пенен сүўретлейди. Автор бул повестьтиң идея-тематикасы арқалы инсан қәдири, мийнеттиң берекетлилиги ҳәм ҳадал жасаў идеясын алға қояды. Сайроблы жигит Ҳайиталы Алламуратов – мийнеткеш, ҳадал ҳәм тырысқақ инсан сыпатында сүўретленеди. Ол аўыр шараятта жасаса да, ҳеш қашан мийнеттен қашпайды, бәркулла тырысқақлық ҳәм сабырлылық пенен ислейди. Сол себепли оның ислеген ислеринде берекет болады, турмысы кем-кемнен жақсыланып барады. Повестьте Ҳайиталының табысы тосыннан емес, ал, оның ҳадал мийнети, пәк нийети ҳәм жақсы минез-қулқы нәтийжеси екени көрсетиледи. Шығармада «берекет» түсиниги орайлық орын тутады. Автор берекет тек ғана байлық емес, ал, ҳадал мийнет, дуўа ҳәм жақсы нийет нәтийжеси екенин көрсетеди. Повесть ўақыялары ҳүжжетли усылда жазылғаны ушын исенимли ҳәм реал шыққан. Отобек Жўрабоевтың «Ризо бирла борамиз» («Разылық пенен барамыз») атлы ҳүжжетли повести турмыс ўақыяларына тийкарланған, руўхый-әдеп-икрамлылық мазмунға бай шығармалардың бири болып есапланады. Бул қыссада тийкарынан өзбек классикалық әдебиятының белгили ўәкили Муҳаммад Аминхужа Муқимийдиң (1850-1903) өмириниң соңғы пайытлары ҳаққында сөз етиледи. Лирик шайырдың шахс сыпатында қәлиплесиўи, шайрана қәлби, руўҳыяты, ол жасаған тарийхый дәўирге тийисли айырым көринислер де қәлемге алынады. Қыссада және бир белгили шахс Абдуғафур қарый ҳақыйқатында да Муқимийдиң заманласы ҳәм ықласбенти болып оны соңғы мәнзилге шығарып салған инсан ҳәм шайырдың әтирапындағы дослары да тарийхый шахслар есапланады. Шығарманы дөретиўде сөз етилип атырған дәўирге тийисли көплеген тарийхый ҳәм әдебий дереклер, қолжазбалар ҳәм архив ҳүжжетлери көркем айланысқа түсириледи. Соның ишинде автор усы дәўир ҳәм әдебияттың билимданы Пулатжан Қайюмовтың (1885-1964) «Хуқанд тарийхы ҳәм оның әдебияты» ҳәм де «Тазкираи Кайюмий» шығармаларынан пайдаланады. Сондай-ақ, ҳақыйқатлықты сәўлелендириўде Н.П.Остроумовтың (1845-1930) Муқимий ҳаққындағы жазба материаллары, қазы сайлаўы менен байланыслы орынлар, Исфандияр қазы ҳәм Саъдихан илимниң «ҳәўирлери» ҳәм тарийхта болып өткен ўақыялардың ҳәммеси ҳүжжетлер тийкарында жаратылады. Шығарма қаҳарманлары ҳәр қыйлы турмыслық сынақлар –

қыйыншылықлар, жоғалтыўлар ҳәм руўхый гүреслерден өтеди. Усы процессте олардың ишки дүньясы, ийманы ҳәм сабыры сынақтан өтеди. Повестьтиң тийкарғы идеясы – инсан өмирде қандай жағдайға түспесин, оған разылық пенен қараў кереклиги, қыйыншылықлар инсанды тазалайды ҳәм тәрбиялайды, сабыр ҳәм шүкиршилик арқалы инсан руўҳый жетилисиўине ерисиўи мүмкинлиги ҳаққында сөз етиледи. Шығарманың «ҳүжжетли» деп аталыўының себеби – ол тоқыма емес, ал ҳақыйқый турмыс ўақыялары ҳәм инсан тәғдирлери тийкарында жазылған. Усы жағынан ол оқыўшыға және де тәсиршең ҳәм исенимли көринеди. Шығармада ўақыялар әпиўайы, бирақ тәсиршең усылда берилген. «Разылық пенен барамыз» оқыўшыны өмирге тереңирек нәзер салыўға, асығыслық пенен жуўмақ шығармаўға, ҳәр бир жағдайда мәни излеўге үйретеди. Бул шығарма әсиресе қыйын жағдайда қалған инсанлар ушын руўҳый сүйениш бола алады.

«Ҳүжжетлерге тийкарланып жазылған ҳүжжетли повестьке де қәлеген көркем шығармаға қойылатуғын көркемлик талабы қойылады, лекин, соған қарамастан ҳүжжетлилик жазыўшыны әдеўир дәрежеде шеклейди, себеби, жазыўшының көркем ойы менен қыялы ерксиз түрде ҳүжжетлерге бағынады» [3, 111]. Буны биз, соңғы жыллардағы өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятындағы ҳүжжетли шығармалардан көриўимиз мүмкин.

Соңғы жыллардағы қарақалпақ прозасында Г.Есемуратованың «Үш дәўирдиң гүўасы «Тентек» ҳаял ҳаққында әпсана» (Нөкис, 2018), Ш.Уснатдиновтың «Ибрайым Юсупов. Шайырдың жаслығы» (Нөкис, 2013), Жийенбай Мояновтың «Палўанлар атасы» (Кегейлиши атақлы Сапалақ палўан Шамуратов ҳаққында) (2018), Алпысбай Султановтың «Тутасып кеткен тәғдирлер» (2018) көркем-ҳүжжетли шығармалары дөретилди. Гүлайша Есемуратованың «Үш дәўирдиң гүўасы «Тентек» ҳаял ҳаққында әпсана» ҳүжжетли повестинде бас қаҳарман тәғдири арқалы үш дәўир (өткен заман, совет дәўири, жаңа заман) көрсетилип, халықтың турмысы, өзгерислери сүўретленеди. Әйсе Бөлекбаева: «Тентек» ҳаял – күшли, қайсар, еркин ойлайтуғын инсан сыпатында сәўлеленеди. Ол өз дәўириниң қыйыншылықларына қарамай, өмирде өз орнын табыўға тырысады. Шығарма ҳүжжетли характерге ийе болғанлығы себепли, онда реал фактлер, өмирде болған ўақыялар негизинде жазылған. Бул оқыўшыға дәўирди терең түсиниўге жәрдем береди. Повестьте қаҳарман өмирине тийисли ҳәр бир дәўирде (үш дәўирде) адамлар турмысы, көзқарасы, қәдириятлары қалай өзгергени айқын көрсетиледи. Автор ҳаялдың жәмийеттеги орны, оның сабырлығы, төзимлилиги және руўҳый күшин ашып береди. Повесть оқыўшыларды сабырлы болыўға, өмир сынақларына беккем турыўға, өткенди қәдирлеўге үйретеди.

Шарап Уснатдиновтың «Ибрайым Юсупов. Шайырдың жаслығы» ҳүжжетли повестинде атақлы шайыр Ибрайым Юсуповтың жаслық дәўири, оның қәлиплесиў жолы, шайыр болып жетилисиў процесси ҳаққында сөз етиледи. Яғный, бас қаҳарман Ибрайым Юсупов жас ўақтынан билимге, өнерге қызыққан, излениўши, талантлы жигит сыпатында көрсетиледи. Оның шайырлыққа деген ықласы ерте байқалады. Повесте жазыўшы реал фактлерге, естеликлерге, архив материалларына сүйенеди. Бул өз гезегинде шығарманың реаллығын арттырады. Шығармада шайырдың жаслық шағы оның келешек тәғдирине негиз болғаны көрсетиледи. Оның өмириндеги қыйыншылықлар да, илҳам да усы дәўирде қәлиплеседи. Шығарма оқыўшыларды билимге умтылыўға, өнерди қәдирлеўге, мақсетке жетиўде табанлылық етиўге үйретеди. Повестьтиң идея-тематикасы арқалы шайырдың келешекте уллы тулға болып жетилисиўине жаслық дәўириниң үлкен тәсири болғанлығы ашып бериледи.

Жийенбай Мояновтың «Палўанлар атасы» ҳүжжетли қыссасында Кегейлиши атақлы палўан Сапалақ Шамуратовтың өмири ҳәм ерликлери ҳаққында сөз етиледи. Қыссада оның жаслық ўақтынан баслап күш-қуўатқа толы болып өсиўи, палўан болып елге танылыўы сүўретленеди. Сапалақ палўан көп жарысларда жеңиске ерисип, халық арасында үлкен абройға ийе болады. Ол тек күшли палўан болып қоймастан, әдил, кишипейил, елге жақын инсан болып сүўретленеди. Оның өмири арқалы автор палўанның ҳақықый күши – тек денеде емес, руўхында ҳәм адамгершилигинде екенлигин көрсетеди.

Алпысбай Султановтың «Тутасып кеткен тәғдирлер» ҳүжжетли қыссасында бир неше адамлардың тәғдириниң ҳәм өмир жолларының бир-бири ҳәм өзлери жасаған жәмийет пенен тығыз байланыслы екенлиги көркем сүуретленеди. Теманың өзеги – тәғдир, адам өмири ҳәм олар жасаған социаллық турмыс тәризи, жәмийет мәселелерин өз ишине алады. Қысса қаҳарманлары өмирде түрли қыйыншылықларға дус келеди, сынақлардан өтеди ҳәм сол арқалы шынығады. Ўақыялар раўажланған сайын олардың тәғдирлери бир орайға биригеди. Автор бул арқалы адамлар өмири өз-ара тығыз байланыслы екенлигин, ҳәр бир адамның өз орны бар екенлигин көрсетип бермекши болады.

Солай етип, қарақалпақ ҳәм өзбек прозасында ҳүжжетли повестьлердиң жанрлық раўажланыўында ҳүжжет, факт, архив материаллары ҳәм сөз етилип атырған тарийхый шахслардың өмири ҳәм искерлиги ҳаққындағы аңыз-әңгимелер тийкарғы көркем компонентлер сыпатында пайдаланылады.

Көркем-ҳүжжетли шығармалардың композициялық дүзилисинде жазыўшылар жәмийетлик, социаллық машқалаларды ҳүжжетлердиң, фактлик материаллардың тийкарында сөз етип, өткен дәўир ҳәм сол жәмийетте жасаған белгили тарийхый шахслардың тәғдири ҳаққындағы мағлыўматлар менен оқыўшы қәўимин жақыннан таныстырыўға миясар болады.

Ҳүжжетли шығармалардың қаҳарманлары өз прототиплерине ийе болып, турмыслық сыпатының басымлығы, қыялый ойларға қарағанда реаллықтың үстин болыўы, қаҳарман характериниң тийкарғы белгилериниң сақланыўы менен өзгешеленип турады.

Лекин, жазыўшылар тарийхый фактлерди, архив ҳүжжетлерин, сол дәўир адамларынан еситкен әңгимелерди сол турысында келтирип өтпестен, көркем тоқыма менен байытып көркем ҳүжжетли шығармаларды идея-тематикалық, жанрлық ҳәм стильлик жақтан байытып барыўға ҳәрекет етеди. Сонлықтан да, көркем ҳүжжетли шығармалар оқыўшыларға ҳәм ҳүжжетлилиги ҳәм көркемлиги менен үлкен қызығыўшылық оятады.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Адабий турлар ва жанрлар. Эпос-адабий тур сифатида. – Тошкент: Фан. 1991.
2. Расулова У. XX аср ӯзбек қиссачилиги. – Т.: Qamar media, 2020.
3. Бекбергенова З. Ҳүжжеттен көркем прозаға қарай… // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2006. – №3.

## ӨЗБЕК ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ТАРИЙХЫЙ РОМАНЛАРЫНДА ШАЙЫРЛАРДЫҢ ОБРАЗЛАРЫ ДӨРЕТИЛИЎИ МӘСЕЛЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДА

(Б.Исмайловтың ҳәм А.Каримовтың изертлеўлери тийкарында)

**Утемуратова Х.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Илимпазлар Бабаш Исмайлов ҳәм Артық Каримов қарақалпақ әдебиятының мәселелери менен, әсиресе классикалық поэзия менен шуғылланды. Олар Жийен Аманлық улының, Күнхожа Ибрайым улының ҳәм Өтеш Алшынбай улының өмирлери ҳәм дөретиўшилиги бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барды, олардың шығармаларының жыйналыўы, баспадан шығарылыўы ушын жанкүйерлик пенен жумыслар алып барды [1, 254]. Алым Б.Исмайловтың «Күнхожаның өмири ҳәм дөретиўшилиги» атлы монографиясы жәрияланды. Ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң раўажланыўы мәселелери бойынша да бир қатар мақалаларын жарыққа шығарды. «Қарақалпақ әдебиятының мәселелери» атлы «Қарақалпақстан» баспасынан 1975-жылы шыққан топламда оның әдебий сынның жағдайы бойынша илимий мийнети жәрияланды. Оның көркем шығармалары, аўдармалары, әсиресе тымсаллары халқымызға кеңнен мәлим.

Изертлеўши А.Каримовтың «Жийен Аманлық улының өмири ҳәм дөретиўшилиги» және «Өтеш Алшынбай улының өмири ҳәм дөретиўшилиги» бойынша монографиялары баспадан жарық көрди. «Қарақалпақ әдебиятының тарийхы» («История каракалпакской литературы») атлы мийнетте оның жазған илимий изертлеў жумыслары жәмленди [2, 384]. «Легендалар ҳәм рәўиятлар», «Жазба әдебий естеликлер», «Қорқыт ата китабы», «Махмуд Қашғарийдиң «Девону – луғатит түрк» шығармасы» ҳәм «Он сегизинши әсирдеги қарақалпақ әдебияты» атлы бөлимлерди алым А.Каримов жазғанлығы белгиленеди [2, 384]. Усы китаптың «Күнхожа Ибрайым улы» атлы бапын А.Каримов ҳәм илимпаз Б.Исмайлов пенен бирге жазғанлығы көрсетилген. Илимпаз А.Каримов Жийен жыраўдың ҳәм Өтеш шайырдың өмирине тийисли мағлыўматларды жыйнады, қосықларының, толғаўларының ҳәм поэмаларының дөретилиў тарийхына байланыслы дереклер береди, көркем сөз шеберлериниң дөретпелерин таллайды. Б.Исмайлов Күнхожаның өмирине дерек мағлыўматларды жыйнады. Алымлардың илимий изертлеў жумыслары тарийхый романның дөретиўшилери тәрепинен ҳүжжетли дереклер сыпатында пайдаланылды. Тарийхый романларда прототиплер тийкарында образлар дөретиледи, қәлем ийелери өзи сүўретлемекши болған заманның тарийхый шынлығын ҳүжжетли дереклерден излейди. Бундай тарийхый ҳүжжетли дереклер сыпатында шайырлардың өзлериниң әдебий мийрасы, қосықлары, толғаўлары, поэмалары, олар ҳаққында әдебиятшы алымлардың илимий мийнетлери, мақалалары, китаплары, монографиялары, халық аңыз – әңгимелери, тарийхшы илимпазлардың изертлеў жумыслары, архивлик ҳүжжетлер ҳ.т.б. болыўы мүмкин. Ҳүжжетли дереклер ретинде тарийхый туўындыға қаҳарманлар ҳәм персонажлар етип таңланған адамлардың жазған хатлары, күнделиклери, олар ҳаққында заманласларының еске алыўлары да пайдаланылады. Буны жер жүзилик әдебиятта тарийхый шығармалар жазыў тәжирийбесинен көриў мүмкин. Көркем сөз зергерлери Айбектиң «Наўайы», Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм семсер» («Наўайы ҳәм Байқара») тарийхый темада жазылған романларында уллы шайыр Әлийшер Наўайының образлары көркем жасалған еди. Музаффар Мырза Наўайының жаслық жылларын сөз етеди, оның Самарқандта жасаған дәўирин сүўретлейди, қыйыншылықларға сабыр – шыдам менен төтепки берген көркем сөз зергериниң келбетин жасайды. К.Мәмбетовтың «Түркстан» романында, А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» ҳәм Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай» және К.Каримовтың «Бердақ» атлы тарийхый темада жазылған романларында Жийен жыраў ҳәм Өтеш шайырдың образлары жаралды [3;212:3:348;3:320:]. Өзбек тарийхый прозасында Айбектиң «Наўайы», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» ҳәм Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм семсер» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы романларында шайыр образын жасаў тәжирийбелеринен қарақалпақ жазыўшылары да дөретиўшилик пенен пайдаланды [3;381]. Әлийшер Наўайының образын жазыўшылар Айбек ҳәм Музаффар Мырзалар шебер дөретти. Уллы көркем сөз зергери Наўайының мийраслары бүгинги күнде де терең үйренилип атыр. Музаффар Мырза «Шам ҳәм семсер» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы романында Әлийшер Наўайының Самарқандда өткерген жыллары, жаслық дәўири сәўлеленеди, шайырдың жаслық жыллары келтириледи, қыйыншылықларға сабырлылық көрсетиўи, оның устазы Ҳасан Ардашердиң образы көркем дөретилди [4, 381]. Музаффар Мырзаның шайыр өмирине тийисли мағлыўматларды қунт пенен үйренгенлиги мәлим. Қарақалпақ тарийхый прозасында да қәлемкешлер өзбек жазыўшыларының изленислеринен, утысларынан ҳәм табысларынан пайдаланып, Жийен жыраў ҳәм Өтеш шайырлардың образларын жаратты. Көркем сөз шебери К.Мәмбетов «Посқан ел» эпопеясында Өтеш шайырдың қосығынан эпиграф таңлайды. «Түркстан» романында Жийенниң толғаўынан эпиграф бериледи, әкеси Аманлық улын бас қаҳарман етип таңлайды, оның ядқа алыўлары, еске түсириўлери ҳәм көз алдына келтириўлери арқалы романның сюжетин қурады. Жийен әкеси менен бирге кәрўанда жүриске қатнасады. Оның урысларды жек көриўи, саз әсбапларына ықласы, жыраўшылық өнерге қызығыўы көрсетиледи. Аманлық пенен өз-ара диалогларында

Жийен образының өзгешеликлери бериледи. Ол басып алыўшылық урысларды қаралайды. А.Каримов та өз мийнетлеринде жыраў мийрасының усы тәрепине дыққат аўдарады. Урыс ҳәм парахатшылық темасы мудамы шығармаларда жаңғырып турады. Оқыўшылар да Жийен образында оның ел басқарыўшылар жөнинде айтқан гәплери, әкеси менен сырласыўына қызығады. Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай» романында Жийен жыраўдың толғаўынан эпиграф таңланады, прологта Қабақлы ата менен Жийен образлары жасалады. Ол Жийенниң иләҳий талантқа ийе екенлигин көрсетеди. Жазыўшы А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» тарийхый романында Бердақ бас қаҳарман етип алынады. Өтеш оның дайысы етип сүўретленеди. Оның Бердақ пенен ҳәзиллесиўи, көркем қыялдан дөретилген персонаж Жарақпан менен дәлкеклесиўи сыяқлы эпизодлар жаратылады. Күнхожа шайырдың устазлық етиўи сәўлеленеди. Әжинияз шайыр да персонажлардың бири ретинде қатнасады. Бул көркем сөз шеберлериниң барлығы да прототиплер негизинде образларды жасағанда, илимпазлар Б.Исмайлов пенен А.Каримовтың илимий мийнетлерин, монографияларын пайдаланғаны сөзсиз. К.Каримовтың «Бердақ» атлы тарийхый романының жазылыў ўақты сыпатында 2022-2023 – жыллар көрсетиледи [5,320]. Бул шығармада Күнхожа, Әжинияз ҳәм Өтеш шайырлар Бердақ пенен бирге қаҳарманлар сыпатында қатнасады. Олардың ҳәр қайсысының образларын дөретиўге көркем сөз устасы күш салады. Бердақтың «Өгизим», «Бүлбил», «Теңиз балығын бермеди» ҳ.т.б. қосықларының ҳәм «Айдос баба», «Шежире» атлы көлемли дөретпелериниң жазылыў тарийхы туўралы қызықлы эпизодлар жаратылады. Айбектиң «Наўайы», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер», Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм семсер» («Наўайы ҳәм Байқара») романларынан көркем сөз шебери дөретиўшилик пенен тәжирийбе өзлестиргенлиги мәлим болады, романның образларында, характерлер жаратыўда, сюжет және композицияны қурыўда бул айқын сезиледи. Әсиресе, уллы Әлийшер Наўайы образы қарақалпақ прозаиклерин де шайыр образын дөретиў мәселесине руўхландырды. Бердақтың устазы сыпатында Күнхожаның образы жаратылады. Әжинияз бенен Бердақтың Шымбай базарында ушырасыўы эпизоды бериледи. Өтеш пенен Бердақтың айтысы сүўретленеди. Алымлар өз илимий мийнетлеринде жыраў ҳәм шайырлар шығармаларын ҳәр тәреплеме таллаўға тартады. Жийен жыраў Аманлық улының «Посқан ел» ҳәм «Уллы таў» толғаўларының дөрелиўи туўралы сөз етеди. Жыраў толғаўларының көркемлик өзгешелиги мәселесине, бағдардарына, нызамлылықларына итибар қаратады. Өтеш шайырдың сатиралық шығармалары, оның қосықларының дөретилиўи ҳаққында пикир көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда, илимпазлар Б.Исмайлов ҳәм А.Каримовтың илимий мийраслары оғада баҳалы. Бул мийрасларды үйрениў бүгинги күн ушын әҳмийетли.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. Каримов А. Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982.

2. История каракалпакской литературы. – Ташкент: ФАН, 1994.

3.Мәмбетов К. Посқан ел. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. –Б. 564. Түркстан. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – Б.212. Садықов А. Бостансыз бүлбил. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. –Б.320. Мәтмуратов Қ. Тербенбес. Лепес бай. – Нөкис: Билим, 2004. –Б. 348.

4. Ойбек. Наўайы. – Тошкент: Уздавнашр, 1948. Қодиров П. Юлдузли тунлар. – Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти,1989. –Б.448. Музаффар Мирзо. Шам ва шамшир (Навои ва Бойқаро). – Тошкент: Знак, 2019. –Б.381.

5. Каримов К. Бердақ. – Ташкент: Адабиёт, 2025. – Б.320.

## РОМАНЛАРДА ОБРАЗ ДӨРЕТИЎ ШЕБЕРЛИГИ

**Утемуратова Х., Сайымбетов Ш.**
*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ ҳәм өзбек романларының раўажланыў тенденциялары, формалық, идеялық – көркемлик өзгешеликлери, еркин дөретиўшилик шараят тәсиринде еки әдебият жазыўшыларының стиллик өзине тәнлиги ҳәм дөретиўшилигиндеги инсан машқаласының көркем анализи ҳәм рәнбәрең образлар системасының қәлиплесиўи және де улыўма миллий уйғынлықты беккемлеўдеги орны ҳаққында пикир билдириў талап етиледи. Өзбек ҳәм қарақалпақ романларының сюжетлик - композициялық дүзилиси ҳәм образ жасалыў мәселелерин салыстырмалы изертлеўлер талап етиледи. Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында сюжетлик - композициялық изленислер, сүўретлеў қуралларының қолланылыўы, пейзаж, портретлер, көркем ўақыттың сәўлелениўи, эпиграфлар, ҳүжжетли дереклердиң пайдаланылыўы мәселелерин арнаўлы түрде үйрениў керек болады. Кейинги жыллары өзбек ҳәм қарақалпақ прозасында ҳүжжетли романлар да көплеп дөретилип баслады. Ш.Уснатдинов «Шынтлап сүйген кеўил азаплары» атлы ҳүжжетли романнан үзиндисин «Әмиўдәрья» журналында жәриялады. Бунда шайыр И. Юсупов образы жасалады [14;32]. Оның ҳаялы Бийбизаданың жаслығы, оның әкеси еркелетип қойған исми Шойдан екенлиги сөз болады, оның анасы Палзада ҳәм әкеси Мәтеке ақсақал Жуманазаров романда қатнасады. Мәтеке ақсақал фольклорлық образға айналған инсан, ол ҳаққында халық арасында көп сөзлер тарқалған. Әсиресе, оның ўәкиллик искерлиги туўралы көп сөз етиледи. Оның Асаў атлы бригадир жигиттиң анасы менен ҳәзил – дәлкек гәплери, жолды кесип өткен кемпир жөнинде сөзлер, бажбанның үйиндеги ўақыялар күлкили сүўретленеди. Бул фольклордағы мағлыўматлар да жазыўшы тәрепинен пайдаланылады. Шайыр И.Юсуповтың өмири оғада қоспалы болғанлығы мәлим, оның қосықларының дөретилиў тарийхының өзи көркем шығармаларға дерек болғандай. Шайыр образы Г.Есемуратованың «Қарақалпақ әдебиятының сүдини еди» атлы туўындысында да жасалады [3;16]. Еки жазыўшы жаратқан образларды салыстырып қарағанда, ҳәр бир көркем сөз шебериниң өзиншеллиги белгили болады. Г.Есемуратова мини – романында шайыр қайтыс болған хабарды еситип, сөзди соннан баслайды, өзиниң қайғырыўларын сүўретлейди, шайырдың балалық дәўириндеги ҳәдийселерди, оның жигити ағасы Мәденниң урыстан жарадар болып қайтқаннан соңғы қаза табыўы ўақыяларын сәўлелендиреди. Бийбайша ҳәм Өнесия образларын жаратады. Мийрим – шәпәәт, қайырқомлық сыяқлы адамгершилик пазыйлетлериниң турмыстағы орны мәселесин көтереди. Романның авторы ҳаял – қызлар ўәкили болғанлықтан, нәзик мәселелер туўралы сөз етиледи. Ш.Уснатдинов жасы үлкен қәлемкеш ретинде шығармасында пикир көрсетеди. Оның жыллар даўамында турмыстан бақлаўлары, көргенлери, билгенлери романда сәўлеленеди. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятында тарийхый романлар көплеп дөретилип атырғаны мәлим болады. Абдулла Қәдирийдиң «Өткен күнлер» тарийхый романынан баслап Айбектиң «Наўайы», Ә.Яқубовтың «Улуғбек ғәзийнеси», П. Қәдировтың «Жулдызлы түнлер», «Хумаюн ҳәм Акбар» («Әўладлар даўаны»), Я.Илёсовтың «Соғдиана», М.Қариевтиң «Спитамен», Мухаммед Әлийдиң « Сәрбәдарлар» ҳәм де Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм семсер» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы тарийхый темаларда жазылған көлемли шығармалары жәрияланды. Жазыўшы Музаффар Мырза өзиниң тарийхый романына Әлийшер Наўайының «Ҳазоний-ул-маоний» атлы мәснаўийинен, Саид Ҳасан Ардашер атына жазылған хаттан үзиндилер келтиреди. Эпиграф сыпатында таңланған қатарлардың мазмуны терең.

«Сано ҳаққаким, кошифи ҳол эрур,
Ҳирад мушкулотиға ҳалол эрур…
Ҳазар ичра бечоралар ёвари,
Сафар ичра оворалар раҳбари…» Қураннан, Ясын сүресинен 1-4-аятлардан, шайх Әбдулазиз Мансур аўдармасында екинши эпиграф та тарийхый романда келтириледи.

«Меҳрийбан ҳәм мәрҳаматы кең Алла аты менен (баслайман). Эй, Инсан! Қуран ҳаққы, әлбетте, сиз елшисиз ҳәм ҳақ жолындасыз». Бул көркем сөз устасының тарийхый романы ушын таңланған эпиграфлардың ҳәр бириниң мәниси терең. Пүткил романның мазмунын өзинде жәмлегенлиги мәлим болады. Ҳақыйқатында да, шайырдың өзин түсиндириў ушын оның мәңгилик мийрасларына, қосық қатарларына мүрәжәт етемиз. Әлийшер Наўайы образы жасалған тарийхый темада дөретилген романда оның қосықларынан пайдаланады [9;28- 68]. «Ҳамса» дөреткен шайыр мийрасын ҳәр тәреплеме үйрениў талап етиледи. Әдебиятшы алым П.Нуржанов «Әдебият ҳаққында ойлар» китабында тарийхый роман мәселелерин әдеўир үйренгенлиги мәлим болады. Әдебиятшы илимпаз П.Нуржанов «Әдебият ҳаққында ойлар» китабында ҳәзирги дәўир тарийхый романлары туўралы илимий пикирлерин жүзеге шығарды [11;336]. «Көркем прозаның баянлаў усылы ҳәм оны изертлеўдиң айырым теориялық мәселелери» атлы мақаласында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Халық жазыўшысы, Бердақ атындағы сыйлықтың лавуреаты Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» ҳәм профессор К.Мәмбетовтың «Посқан ел» тарийхый туўындылары туўралы сөз етеди (3-13-бетлер). «Тарийхый романда ўақыт ҳәм кеңислик» атамасындағы мақаласы да теориялық мәселеге арналыўы менен баҳалы (13-23-бетлер). Қарақалпақ тарийхый прозасында «XXI әсир қарақалпақ романшылығы ҳаққында» мақаласында да тарийхый романның изертлениўи мәселелерине дыққат қаратады (52- бетлер). Қарақалпақ тарийхый романларында көркем ўақыт ҳәм эпикалық мәкан мәселесине бул мақалада айрықша дыққат қаратады. «А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романында Бердақ образы дәреклери ҳәм раўажланыў эволюциясы» мақаласы да әҳмийетли (52-57-бетлер). Қарақалпақ тарийхый прозасында Бердақ Ғарғабай улының образы жасалыўы мәселелери ҳаққында алым ҳәр тәреплеме пикирлер көрсетеди. «Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес» романы ҳаққында», «К.Каримовтың «Аға бий романы ҳаққында гейпара ойлар» атлы илимий мақалаларында көтерилген мәселелер оғада әҳмийетли есапланады (57-81-бетлер). А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» дилогиясында көркем қыялдан қаҳарманлар жасалады ҳәм олардың исм – жөнлерин белгилеўде Өзбекстан Халық шайыры Б.Генжемуратовтың «Қар Алп Ақ» поэмасының орны гиреўли болғанлығын айтып өтиў орынлы. Тарийхта жасап өткен Тумарис, Спарганиз ҳәм Кир – Қайруш образлары менен биргеликте персонажлар сыпатында Қаратас – Қайрақ, Ай Алпын, Урхан баба, Қуяш аналық, Қаракөз, Пиржан, Буўрахан, Айшолпан ҳ.т.б. бул «Өмир, өлим ҳәм өмир» деп аталған дилогияда қатнасады[1;248]. Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты» атлы тарийхый роман – эссеси де үш бөлимнен ибарат етип дүзиледи [10;296]. Роман баслама менен бериледи. Биринши бөлим «Қуяш тамғасы» деген атамаға ийе. Биринши бап «Қәдимги түркийлер ҳәм…» деген атамаға қурылады. Екинши бап « Олар қуяшқа сыйынады», үшинши бап «Мара ҳәм Тамара», төртинши бап «Қудайдың еркетайларын Иблис өлтире алмайды», бесинши бап «Шакьямуни Шаклы данышпан дегени», алтыншы бап «Тәрбияшысы бөри», жетинши бап «Қоңыраўлы көзмоншақлар», сегизинши бап «Бөрижар», оныншы бап «Жалайыр кемпир» ҳ.т.б. атамаларға ийе етип дүзилген. Екинши бөлим «Мәлийка ҳәм шаханшах» деп аталады. Бул екинши бөлим он екинши баптан басланады ҳам ол « Уллы Кир 11 ахаманый» деген атамаға ийе етип бериледи. Он төртинши бап «Оның аты Тумарис», он жетинши бап «Дәниял пайғамбар», жигирма биринши бап «Сипархан» деп аталғанлығын көремиз. Кир патша ҳәм Тумарис образлары прототиплер негизинде жасалады. Бул романда Тумаристиң туўылыўынан баслап сүўретленеди. Бул он төртинши баптың сюжетинен мәлим. Тарийхый роман – эссениң үшинши бөлими «Қарақус» деп аталған. Ол жигирма жетинши баптан басланады. Ҳәм бул бап «Тәғдир есиги» атамасына ийе. Жигирма тоғызыншы бап «Кушан империясы», отыз үшинши бап «Ант», отыз бесинши бап «Ғарға», қырқыншы бап «Разия хан», қырық алтыншы бап «Тамға» атамалары менен аталады. Бундай композициялық усыл арқалы оқыўшылардың қызығыўшылығын арттырыўға, пүтин шығарманың бапларға бөлиниўи көркемлик хызметке ийе есапланады. Жуўмақлаў бериледи. Толқын Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд» романы жигирма алты

жыл даўамында жазылады [12;448]. Бул романның екинши атамасы «Яки бурақ ойпаты қыссасы» деп бериледи.Уллы бабамыз Нақшбанд образы жаратылады. Оның көрген қвйыншылықлары көркем сүўретленеди. Азға қәнәәт еткен, кеўлиң Аллада, қолларың исте болсын, тәркидүньяшылық етпеңлер, Ўатанның абат болыўы жолында хызмет етиңлер деп нәсият еткен Нақшбанд образы бар қурамалылығы менен жасалады. Биринши бап «Қорқыныш ойпаты» деп аталған. Романның үшинши бабы «Сүйискенлер ойпаты» деп аталады ҳәм «Қызым не десе сол», «Пышықта бир сыр бар», «Суўық хабар» ҳ.т.б. майда темаларға бөлинген. Алтыншы бап «Сәйир ойпаты» деген атамаға ийе. Бунда «Тартысыў», «Келте шайық», «Темурбек пенен ушырасыў», «Еки дана қаўын» деген атамаларда ўақыялар раўажланады. Жетинши бап «Бурақ ойпаты» деген атамаға ийе есапланады. Солай етип, көркем сөз шеберлери өз тарийхый темадағы туўындыларында дөретиўшилик пенен қатнас жасап, шығармаларының атамаларын сайлағанлығына гүўа боламыз. Т.Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы» трилогиясында екинши китабының атамасы «Бахытсызлар» деп бериледи. Бунда жазыўшының Абдулла Қәдирийдиң «Өткен күнлер» романынан атамалар қойыў тәжирийбелеринен үйренгенлиги мәлим болады. Демек, жазыўшылардың стиллик өзиншеликлери мәлим. А.Қәдирий жасаған Атабек ҳәм Гүмис образлары әдебиятта мәңгилик образлар есапланады [4:46;7;656]. Т.Қайыпбергенов дөреткен Маман, Айдос ҳәм Ерназар образлары да қоспалы сыпатқа ийе.

Жуўмақлап айтқанда, 2013-2023-жыллар даўамында өзбек ҳәм қарақалпақ прозасында романлар көплеп дөретилгени, оларда жасалған образлардың тәрбиялық әхмийети күшли екенлиги белгили болады. Уллы шайыр Әлийшер Наўайы образы шебер жасалды. И.Юсупов образы да Ш.Уснатдинов тәрепинен көркем жаратылды.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**


1. Әбдиев А. Әййемги қарақалпақлар. – Ташкент: Адабиёт, 2025.

2.Бекбергенова З. Роман ҳәм тәлим – тәрбия мәселеси.- Илимий семинар топламы.- Нөкис: Илим, 2021.

3.Есемуратова Г. Қарақалпақ әдебиятының сүдини еди // Әмиўдәрья, 2025, №1.

4. Каримов Б. ХХ аср ўзбек адабиётшунослигида талқин муаммоси. – Филол.док.дисс.автореф. – Ташкент, 2002.

5.Каримов К. Уллы дашт бөрилери. – Нөкис: Билим,2014..

6.Каримов К. Бердақ. – Ташкент:Адабиёт, 2025.

7. Қодирий А. Ўткан кунлар. Меҳробдан чаён. – Тошкент: Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1994.

8. Мәмбетов К. Посқан ел. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

9. Мирзо М. Шам ва шамшир ( Навоий ва Бойқаро) // Шарқ юлдузи, 2020, №1.

10. Низам Ш. Тўққиз ҳақан салтанати. – Тошкент: Ўзбекистон, 2016.

11. Нуржанов П. Әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: Билим, 2023.

Садықов А. Бостансыз бүлбил. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

12. Ҳайит Т. Баҳоуддин Нақшбанд. – Тошкент: Янга аср авлоди, 2018.

13. Ҳамдам У. Исён ва итоат. – Тошкент: Янги аср авлоди. – 2003.

14. Уснатдинов Ш. Шынтлап сүйген кеўил азаплары. // Әмиўдәрья, 2016, №4.


## JAZÍWSHÍ ǴAFUR SHERMUHAMMAD GÙRRIŃLERINDE INSAN OBRAZÍ


**Utambetova A.J.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*


Házirgi ózbek prozasında povest, romanlar menen bir qatar gúrriń janrında qálem terbetip, óz qálemkeslerinińayırımlarına úlgi, ayırım zamanlas dosları menen qatarma-qatar dóretiwshilik penen shuǵıllanıp júrgen jazıwshılar az emes. Solardıń qatarında Ǵafur Shermuxammad jası eliwden asıp baratırǵan, tabıslı shıǵarmaları menen kózge taslanıp kiyatırǵan hám bir neshe gúrrińleri hám povestleri menen ustaz jazıwshılardıń dóretiwshilik, poetikalıq sheberlik usıllarına múnásip túrde kózge túsip kiyatırǵan jazıwshılardın biri. Onıń

ayırım gúrriń janrındaǵı shıǵarmalarına názer taslaǵanımızda olardaǵı usı formaǵa sáykes qısqa jazıwǵa umtılıw, syujet hám konfliktlerdi ayqınlastırıp, belgili bir detallar – ómir bólshekleri, yamasa predmetlik, haywanatlar dúnyasınıń geypara qılwa qásiyetlerine, olardıń tágdirlerine baylanıslı insan obrazların qısqasha syujetlerde ashıp beriw sheberligin kóriwimizge boladı. Jazıwshınıń «Kúlreń túlki», «Jaradar tırna» atlı usı janrǵa tiyisli shıǵarmaların kózden keshirgenimizde haywanatlar dúnyasınıń ishki keshirmeleri menen, ulıwma tábiyat áleminiń qublıslarınıń insaniyattıń ishki ruwxıy dúnyasınıń uqsaslıqları menen geyde birdeyligi, kóbinese qarama-qarsı qublısların jazıwshınıń kútá sezgirlik penen ashıp súwretlegenin kóremiz.

Bul eki gúrrińde de tábiyat penen insaniyat ómirinde bolıp ótetuǵın júdá qısqa waqıyalar syujetke túsiriledi. «Kúlreń túlki» gúrrińinde túlkiniń belgili bir awılǵa jaqın jerdegi qábiristanlıqta jasap, awıldaǵı adamlardıń tawıqların urlap joq qılıw menen shuǵıllanǵanı, kúnlerdiń birinde usı qoyımshılıqqa qandayda sebepler menen órt tiyip, sol kúnleri kúlreń túlkiniń balalap atırǵan waqıtları bayanlanadı. Adamlar bolsa qoyımshılıqtı órtten qutqarıw menen hálek. Áyne usı waqıtları ele gódek balanıń sol túlkiniń qanday da tamanlarǵa juwırıp ótkeni, sońınan bolsa usı túlkiniń tawıqların qırıp jep tawısıw halatına kelgen úy iyesiniń qorasına kelip ulıp jatıp atırǵanı, túlkiniń birden ǵayıp bolıp, biraq onıń áwliyeshilik tamannan tınımsız ulıǵan sesti túni menen tınbaǵanı kóz aldınan ótedi. Usı máháldegi tawıqlarına qırǵın tiygizgen ananıń sózlerin jazıwshı tómendegidey formada qısqa hám tásirsheń súwretlegen:

«Adamlardıń órtti óshiriw ushın barlıq háreketleri bosqa ketti. Úlken qábiristandaǵı taslandı tabıtlar, ósip hám quwrap turǵan aǵash-terekler janıp bolǵan soń órt óz-ózinen tındı.

– Biyshara túlkiniń de sorı qaynap qaldı – dedi anam tereń oylanıp otırıp suwıq demin alıp. Balaları órt astında nabıt bolǵan uqsaydı.

– Nege olay dep atırsız? – dedim men hayranım shıǵıp.

Anam ózi kórgen bolǵan waqıyanı aytıp berdi. Baǵana órt payıtında biyshara túlki órtten qashıp kelip úydiń aldındaǵı sıpanıń astına kirip jatıp ulıy baslaǵan. Misli anamnan ol járdem soraǵanday kózleri jawdırap jas shıǵarıp ulıy bergen, ulıy bergen. Burın sol túlkini tırqıratıp quwıp júretuǵın iytimiz de usı saparı túlkige topılmaǵan … waqıtlar az-kem ótiw menen kúlreń túlki óz-ózinen setemlenip, qula dalaǵa qábiristanǵa qaray shapqılap ketken-mish.

– Haywanatlar da basına is túskende adamzattan járdem soraydı eken –dá!–dedi anam qıyalǵa berilip, jáne tereń oylanıp qaldı. Keshqurın qábristan tárepten tınımsız zarlanıp ulıǵan túlkiniń dawısı tún yarımına shekem tınbadı. Sharasız túlki balların joqlap haq shekken bolsa kerek, anamnıń aytıwı boyınsha…» [1, 234].

Mine, Ǵafur Shermuxammadtıń qısqa gúrrińiniń syujetlik mazmunı hám ondaǵı qollanılǵan diolog, diolog penen bayanlawshı ádebiy qaharmannıń sózleri usınday mazmunda bolıp, ulıwma gúrriń kitaptıń tek ǵana bir yarım betinen ibarat eken. Demek jazıwshı kórkem shıǵarma, gúrriń ushın syujetlerdi júdá ıqshamlastırıp, bálkim A.Chexov, A.Qahar usılların isletip qálem iyesi úlken poetikalıq tabıslarǵa erisken.

Biz sóz etken gúrrińniń qısqa syujetinen sezilip turǵanınday avtor eń baslısı insaniyattıń tereń gumanizimi menen haywanatlar dúnyasında túsimpazlıǵı menen geyde ushrasatuǵın, júzege keletuǵın ǵamxorlıqqa mútájlıǵı, al kópshilik waqıtları birden kózge taslanatuǵın tábiyat penen insaniyat arasındaǵı konfliktler óz obektivligin óz realizminiń tereńligi menen súwretlegenine hayran qalasań. Eger de biz bul súwretlengen waqıya - syujetlik baǵıttı hám insaniyat ruwxınıń sáwleleniw qublısların biologiya iliminiń tili menen túsingenimizde – bul tábiyat, biologiyalıq qublıslardaǵı biosenez processiniń sáwleleniwi desek durıslıqqa keledi. Al biraq avtor ideyası – bul insaniyat áleminiń ruwxıy baylıǵınıń eń qádirli belgileriniń biri ǵamxorlıq, gumanizm, mehribanlıq bolıp esaplanadı. Buǵan biz keltirgen jas balanıń anasınıń sózleri tolıq gúwa boladı.

Jazıwshınıń jáne bir qısqa gúrrińi «Jaradar tırna» dep atalıp bunda da áwelgi shıǵarmasınday kitaptıń tek ǵana eki yarım betinen ibarat bolıp, qısqa syujet hám konfliktler arqalı, taǵı da tábiyat, janzatlar menen insaniyatlar arasındaǵı óz ara qatnaslar, geyde konfliktler menen bazı bir waqıtlar májbúriy tábiyǵıy jaǵdayda júzege keletuǵın óz-ara kelisim, tilsiz

túsiniwshilik mashqalaları júdá tereńlestirilip súwretlengeni qaysı bir kitapqumarlar menen jazıwshılarǵa da úlgi bolarlıq qásiyetlerge iye.

«Mansur aǵam bir waqıtları awshılıqqa júdá ıshqıpaz edi», – dep baslanadı gúrriń jas balanıń tilinen. Sońınan ápiwayı hám tábiyǵıy bayanlaw stilinde dawam etedi.

«Sol jılı báhár ayı júdá jawınlı keldi. Aprel ayı kirgennen – aq aspandı tegis bult qaplap, burshaq quyıp, kúnde, kún – ara jawın jawıp turar edi. Tún yarımında qayǵılı jaǵımsız súrenli dawıs, shawqımnan oyanıp kettim. Sol payıtları háwlimizge ushıp kelgen esap-sansız tırnalar qulaqtı lárzege keltiretuǵın dawıs penen tırrıwlap shawqımlaspaqta eken.

– Bayqus tırnalar dumanlı jawında adasıp qalǵanǵa uqsaydı, – dedi inim. Juwırıp barıp áynekten sırtqa sıǵalasam, hesh nárse kórinbeydi. Ákem sırtqı bólmege shıǵıp svetti jaqtı. Sonda háwlimizge kirip kelgen bes altı tırnaǵa kózim tústi. Olar dárhál jaqtıǵa kózleri túsiwden sırtqa qaray ushıp ketti. Kóp waqıtlarǵa shekem awıldı aylanıp tırrıw – tırrıwlap ushıp júrgen tırnalar dawısına qulaq túrip jattıq. Ízǵırıq túnde adasıp sarsanı shıǵıp júrgen quslarǵa rehimim kelip uyqlay almadım. Kútilmegende qaysı jerdendur atılǵan mıltıq dawısın esittim. Ornımnan ushıp túrgeldim… Dárriw oyladım… Mansur aǵam!...» [1, 236].

«Írastan da birazdan soń tırrıwlaǵan tırnalar dawısı birotala semdi. Azan menen tura salıp Mansur aǵamnıń úyine qaray juwırdım. Aǵamız dálizde otırıp pıshaq qayrap atır eken.

– Keshqurın awılǵa tırnalar qonǵanın bildiń be? – dep soradı Mansur aǵam kúlimsirip.

– Bildim, bes- altawı biziń háwlimizge de qondı, – dedim aǵamdı sın kózlerim menen gúzetip.

– Áwmetim ońınan kelip bir oq penen úsh tırnanı atıp aldım, – dedi Mansur aǵam » [1, 237].

Mine, usılayınsha gúrrińde turmıs shınlıǵı, awılǵa tırnalardıń adasıp kelip qalıwları, olardıń ayırımlarınıń bayanlawshı qaharmannıń úyine de qonǵanlıǵı hám taǵı basqalar qádimgi ob'ektiv ómir shınlıǵı sıpatında bayanlanıp kelip, keyin ala bolsa Mansur atlı jigittiń ele gódek jas balanı sol kúni tırna góshi menen toyǵızaman degen maqtanıshlı sózleri diolog túrinde berilgen. Haqıyqatında ádebiyattanıwshılıq, jazıwshılıq kóz qaraslar ele jazıwshı idealı, yamasa onıń ne aytajaǵı belgisi: qádimgi janzat tırnalar, olardıń úshewiniń ańshı jigit Mansur tárepinen atıp túsirip balaǵa maqtanıwı ómirde jiyi ushrasıp júrgen jaǵdaylar bolǵanı. Al biraq jazıwshı ideyası gúrrińniń aqırına taman kem-kemnen aydınlasıp baradı. Ásirese, jazıwshınıń tómendegidey súwretlewleri menen ádebiy qaharmannıń tilinen bayanlanǵan sózlerinen soń shıǵarmada aytılajaq pikir az-kem sezile baslaydı.

«… Tırnanıń góshine toyǵan jigittiń denesi nıq, tırna góshi toyımlı boladı, balam!...

Bul sózlerden keyin artıq shıdap tura almadım. Mansur aǵamnıń qolınan julqınıp shıǵıp, sırtqa atlıǵıp juwırdım… Sońınan kóp waqıtlarǵa shekem Mansur aǵamdı dım jaman kórip júrdim… » [1, 238].

Solay etip jazıwshı shıǵarma syujetin aytıp beriwshi hám tiykarǵı bayanlawshınıń tilinen, onıń menen ekinshi bir qaharmannıń tilinen Mansur atlı jigittiń óz awzınan onıń ruwxıy dúnyasın sheksiz gumanizm, mehribanlıqtıń jawızlıqtan artıq keliw sebepleri, anıqlastırıp aytqanda óziniń sońǵı ańǵa shıǵıw saparlarınıń birinde bir sulıw aq tırnanı atıp alǵanın, biraq tırnanıń ólmey, tek bir qanatınan jaradar bolǵanın, sol qustı úyine ákelip, dán berip, sılap-sıypap túrli usıllar menen emlep, kelesi tırnalar toparına qosıp ushırıp jibergenin, aq tırnanıń sheksiz sulıw, gózzal kelbeti menen adamzattan mehir muhabbat tilewshi ayanıshlı kózlerinen seskenip hám mehribanlıq ruwxıy sezimler oyanǵanın, sońında birotala awshılıq qızıǵıwshılıqtı qoyıp ketkenin aytıp beredi.

Gúrrińde ózbek jazıwshısı Ǵ.Shermuxammad gúrrińge say keliwshi ıqshamlastırıp syujet qurıw, olardı kórkem shıǵarmanıń ádebiy qaharmannıń aytıp beriwi, sóylewi hám avtor sózleriniń sintezi, olardıń diologları menen ishki monologları arqalı súwretlew usılların yamasa belgili ádebiyatshılardıń pikiri menen aytqanda «xronotop» usılların orınlı isletiw arqalı ámelge asırǵan [2].

Demek jazıwshılar tájriybesinde ushrasatuǵın syujet hám konfliktler qurıw, olardıń kompoziciyalıq dúzilisin ıqshamlastırıp isletiw, bul jolda bir neshe súwretlew usılları menen formaların isletiw, múmkin bir birewden úyreniw, eń baslısı klassikalıq proza dóretiwshilerin

ózlestiriw, kóbinese jazıwshı shayırlardıń dóretiwshilik laboratoriyası, dóretiwshilik psixologiyasınıń paralel kelip xalıq jaǵdaylarında jiyi ushrasıp turatuǵın dórtiwshilik hám ádebiy formalar qatarına kiredi. Bulardıń barlıǵında jazıwshılar tárepinen ómir shınlıǵın ob'ektiv realistlik penen súwretlew arqalı jámiyetshilik estetikalıq talǵamın qanaatlandırıw, olarǵa gumanizm, patriotizm ideyaların ulıǵlawda ibrat bolıp úlken social psixologiyalıq, jámiyetlik áhmiyetke iye.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Shermuxammad Ǵ.  Quduq. – Toshkent: Sharq, 2018.
2. Bekbergenova Z. Korkem sóz poetikası. – Nókis: Ilim, 2016.
3. Qaniyazova J. Qaraqalpaq ózbek prozasında syujet. – Tashkent, 2024.


## ЖИЙЕН ЖЫРАЎ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНИҢ ФИЛОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛҚЫЛАНЫЎЫ

(Артық Каримов изертлеўлери мысалында)


**Утамбетова А.Ж., Пирназарова Д.А.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири ҳәм ең дәслепки шайыры Жийен жыраў болып есапланады. Шайыр дөретпелеринде Ўатанды сүйиў, туўылып өскен жерине садық болыў сезимлери, дәўир шынлығын көркем сүўретлеўи ҳәм халықтың тәғдирин терең жырлаўы қарақалпақ поэзиясын классикалық дәрежеге көтерди, деп айтсақ болады. Жийен жыраўдың дөретиўшилиги әдебий мийрасымызда айрықша орын ийелейди. Оның ҳәр бир қунлы шығармасы халықтың тарийхый тәжирийбеси, социаллық сезимлери ҳәм тил байлығы топланған руўхый ғәзийне есапланады.

Республикамызда бир қатар илимпазлар XX әсирге шекемги қарақалпақ әдебиятының машқалаларына дыққат аўдарды. Солардың ишинде 50-жыллардың ақырында қарақалпақ классикалық поэзиясының жазба әдебиятлық характери ҳаққындағы мәселелерге А.Каримов айрықша дыққатын қаратты. Бул мийрастың илимий түрде үйренилиўи қарақалпақ әдебияттаныў илиминде А.Каримовтың мийнети менен жаңа сапаға көтерилди. Оның айқын дәлийли сыпатында илимпаздың «Жийен жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилиги» атлы монографиясын атап өтсек болады. Бул мийнет Жийен жыраў дөретпелерин толық филологиялық жақтан талқылаған әҳмийетли изертлеўлердиң бири болды ҳәм Жийен жыраўдың поэтикалық дүньясына жаңаша қараўға, оның сөз шеберлигин ҳәм халық тилин пайдаланыўдағы нәзик қырларын ашыўға имкан жаратты.

А.Каримов изертлеўиниң қуны сонда, ол Жийен жыраўдың көркемлик дүньясын, қосықларының мазмуны менен формасын аўызеки дәстүр менен байланысын системалы түрде таллады. Сонлықтан бул монография Жийен жыраў поэзиясын түсиниўдеги тийкарғы илимий дәрек болып табылады.


А.Каримов изертлеўиниң қуны сонда, ол Жийен жыраўдың көркемлик дүньясын, қосықларының мазмуны менен формасын аўызеки дәстүр менен байланысын системалы түрде таллады. Сонлықтан бул монография Жийен жыраў поэзиясын түсиниўдеги тийкарғы илимий дәрек болып табылады.


Изертлеўши бириншиден, дәслеп жыраў жасаған орталықты, адамлар арасындағы қатнасықларды ҳәм халықтың дүньяқарасындағы өзгерислерди таллайды. Бундай усыл жыраў шығармаларын заманның ҳақыйқый сүўрети ретинде түсиниўге имкан береди.

Екиншиден, текстологиялық ҳәм салыстырмалы таллаў усылларын орынлы пайдаланған. Ол жыраў шығармаларындағы образларды, теңеўлерди ҳәм метафораларды өз-ара салыстырып, олардың мәнисин ашып береди. Әсиресе, жыраў тилиндеги сүўретлеў қуралларын көркем ойды тереңлететуғын ҳәм халықтың сезимлерин жеткеретуғын көркем механизм сыпатында үйренеди. Изертлеўши текстти бөлек-бөлек қарамай, пүтин бир көркем система ретинде таллайды;

Үшиншиден, монографияда халықтың қабыллаўы ҳәм тәрбиялық тәреплерине де үлкен итибар қаратылған. Илимпаз Жийен жыраў шығармаларының ел аўзында сақланыў себеплерин, олардың халық арасында тез таралыўының сырларын да үйренеди. Демек, изертлеўшиниң методологиясы тек қатаң академиялық қағыйдаларға емес, соның менен бирге халықтың эстетикасына да тийкарланады. Бул А.Каримов стилинде илимий теория менен халықшыллықтың өз ара үйлесим тапқанын көрсетеди.

А.Каримов Жийен жыраў поэзиясын талқылағанда, бәринен бурын оны дәўир шынлығын анық беретуғын шайыр сыпатында көрсетеди. Жийен шығармаларында халықтың аўыр турмысы, жәмийетлик теңсизлик, ел ишиндеги қыйыншылықлар ҳәм ар-намыс мәселелери кең орын ийелейди. Изертлеўши жыраўдың сөзинде тек жеке адамның сезими емес, пүтин халықтың ҳаўазы бар екенин дәлийллеп береди. Бул тәрепинен қарағанда, Жийен поэзиясы жәмийетлик сана дәрежесине көтерилген көркем сөйлеў үлгиси есапланады. А.Каримов шығармалардың идеялық мазмунына баҳа бергенде, Жийенниң өз заманындағы адамлар тәғдирин ҳәм гедейликтиң аўырлығын нәзик лирикалық реңлер менен сүўретлегенлигин алға қояды. Жыраўдың теңеў, метафора ҳәм метонимия сыяқлы көркем усылларды шебер қолланыўы оның сөз өнериндеги айрықша орнын тастыйықлайды. Мәселен, жыраў адамның қыйын ҳалын тәбийий образлар менен байланыстырып, жәмийетлик шынлықты образлы тил менен жеткереди. Илимпаз бул қубылысты таллай отырып, Жийен сөзиниң халыққа жақынлығын ҳәм эмоциялық тәсиршеңлигин айрықша атап өтеди. Монографияда шығармалардың композициялық қурылысына да үлкен итибар қаратылған. Изертлеўши шайырдың өз ойын қысқа, анық ҳәм есте қалатуғын формада беретуғынлығын, соның ушын да оның қосықлары ел арасында тез тарқалғанын түсиндиреди. Бул қәсийет жыраўдың халықлық дәстүрлерге толық сай екенин көрсетеди. Өйткени халық поэзиясында мазмун тереңлиги менен форманың ықшамлығы ҳәмме ўақыт бирге жүреди. Жийенниң шеберлиги де дәл усы еки тәрептиң өз ара үйлесиминде көринеди. Жийен жыраў поэзиясындағы тағы бир әҳмийетли тәреп образлар системасының халық дүньяқарасына жақынлығы. А.Каримов жыраўдың тәбийий образлар арқалы адам тәғдирин, аўыр күнлерди, үмит, сабырлылықты ишки реңлер менен жеткергенин көрсетеди ҳәм де Жийен жыраўда сыртқы безеў емес, алдыңғы планға ишки мазмун шығады, жыраў халықтың жан аўырыўын көркем формаға түсирген шайыр деген дәстиярлы пикирлерин билдиреди.

А.Каримов монографиясында Жийен жыраўдың тил байлығына да кең орын береди. Ол поэтикалық сөзлердиң ықшамлығын, гәплердиң есте қаларлық қурылысын ҳәм уйқас тәбийийлигин жоқары баҳалайды. Дәл усы өзгешеликлер жыраў мийрасының аўызеки дәстүрде сақланып қалыўына тийкар болған. Жийенниң қосықларында халқымызға таныс лексика, нақыл-мақалға жақын ойлаў ҳәм анық жуўмақ шығарыў дәстүри мол. Бул жағдай оның шығармаларын эстетикалық жақтан да, тәрбиялық жақтан да қунлы етеди. Ең әҳмийетли тәрепи А.Каримов Жийен жыраў мийрасынан тийисли жуўмақлар шығарады. Бул түйинлер жыраўдың тек тарийхый тулға емес, ал, халықтың руўхый талғамын ҳәм көркем ойлаўын билдиретуғын уллы шайыр екенин дәлийллеп береди. Изертлеўши Жийен шығармаларының адам жанына тез жететуғын күшин ҳәм тәрбиялық әҳмийетин айрықша көрсетеди. Оның пикиринше, Жийен қосықлары бүгинги оқыўшы ушын да руўхый тәжирийбе мектеби хызметин атқарады.

А.Каримов өз мийнетинде Жийен жыраўдың көркем тилине айрықша итибар қаратады. Ол жыраў қосықларындағы эпитет, теңеў, метафора ҳәм метонимия сыяқлы усылларды таллап, бул қураллардың мазмунды тереңлетиўдеги хызметин түсиндиреди. Жийен жыраўда теңеўлер күнделикли турмыстан алынған, халыққа түсиникли ҳәм тәбийий ҳәдийселер менен байланысқан. Соның есабынан қосықтағы образлар жасалма емес, ал, оқыўшы санасында ҳақыйқый өмир көринислери сыяқлы қабылланады. Илимпаздың бул пикирлери жыраўдың көркем ойлаў қәбилетиниң жоқары екенин тастыйықлайды.

Изертлеўши әсиресе метафоралық ойлаў күшине жоқары баҳа береди. Жийен гейде адамның ҳалын тәбият көринислерине, гейде жәмийетлик жағдайды түнек, булт, жел ҳәм суў сыяқлы образларға жүклеп сүўретлейди. Бул жерде образ тек салыстырыў қуралы болып қалмай, сезимлерди жәмлеп беретуғын философиялық формаға айланады. Илимпаз усы тәреплерди таллай отырып, жыраў тилиниң философиялық қатламларын ашып береди. Усылайынша, Жийен жыраў халық шайыры болыў менен бирге, көркем ойлаў мәдениятының да үлкен шебери екени мәлим болады. Жийен поэзиясындағы ырғақлардың ықшамлығы да үлкен роль атқарады. Жыраўдың көпшилик қосықлары қысқа, мазмунлы ҳәм есте тез қалады. Бул өзгешелик аўызеки дәстүр ушын оғада әҳмийетли. Изертлеўши буны жыраў поэзиясының халық арасында кең тарқалыўының тийкарғы себеплериниң бири деп есаплайды. Қысқалық ҳәм тереңлик, әпиўайылық ҳәм философиялық салмақ Жийен сөзиниң тийкарғы эстетикалық белгилери. Илимпаз бул өзгешеликлерди анық көрсетип бериўи арқалы өз изертлеўиниң илимий дәрежесин де жоқарыға көтерген.

Бул монографияны оқығанда, бәринен бурын илимий тилдиң халықшыллық пенен тығыз бирлиги көзге түседи. Ол қыйын филологиялық пикирлерди оқыўшыға жеңил, анық ҳәм түсиникли формада жеткере биледи. Автордың сөйлем дүзилисинде жасалмалық жоқ; ой логикалық тәртип пенен раўажланады, ҳәр бир пикир алдыңғысынан тәбийий түрде келип шығады. Соның есабынан монография тек қәнийге филологлар ушын болып қалмай, әдебиятқа қызығыўшы барлық оқыўшылар ушын да түсиникли жазылған. Илимпаздың өзине тән стили илимий анықлық пенен халықлық баянлаўдың үйлесимин таба билиўинде. Ол терминологияны орынлы пайдаланады, бирақ текстти аўырлатып жибермейди. Керисинше, Жийен жыраўдың қосықларынан мысаллар келтирип, таллаўды жанлы текстке тийкарланған ҳалда жүргизеди. Бундай усыл оқыўшыны тек теориялық пикирлер ишинде қалдырмай, жыраў сөзиниң өз ырғағына алып киреди. Сонлықтан да оның монографиясы қурғақ баянлама сыпатында емес, ал, көркем текст пенен илимий ойдың өз-ара сөйлесиўи (диалогы) сыяқлы қабылланады.

Жуўмақластырып айтқанымызда илимпаздың изертлеўшилик шеберлиги, әсиресе, таллаўдың көп қырлылығында көринеди. Ол бир тәрептен шайырдың өмири менен дәўирин сүўретлесе, екинши тәрептен поэтикалық образлар системасын, тил нағысларын, ырғақ пенен интонацияны ҳәм халықлық дәстүр менен байланысын ашып береди. Усы көп қырлы таллаўдың арқасында Жийен жыраў тулғасы пүтин бир көркем-мәдений ҳәдийсе (феномен) сыпатында танылады. Сонлықтан да монографияны оқыған адам Жийен жыраў ҳаққында мағлыўмат алып ғана қоймай, оның дөретиўшилик лабораториясын, сөзди қалай таңлағанын ҳәм образды қалай қурғанын сезинип отырады. Бул илимий мийнеттеги ҳақыйқый шеберликтиң белгиси.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1963.


## SAGÍNBAY IBRAGIMOVTÍŃ INTELLEKTUALLÍQ LIRIKASÍNDA EKZISTENCIAL SANA: SUFIZM MOTIVLERI HÁM MIFOPOETIKALÍQ QATLAM


**Tleuniyazova G.B.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*


Házirgi qaraqalpaq poeziyasında intellektual lirikanıń jedel dóretiwshileriniń biri retinde S.Ibragimovtı atap ótiwge boladı. Onıń poeziyalıq sisteması tek kórkem estetikalıq qubılıs emes, al, intellektual refleksiya hám subektiv sezimge qurılǵan ruwxıy-filosofiyalıq, mádeniy-mifologiyalıq hám ekzistencial oylawdıń quramalı sintezi dep aytıwǵa boladı.

Shayır lirikasında dástúriy diniy-mifologiyalıq obrazlar turaqlı jaǵdayda emes, al, dinamikalıq semiotikalıq sistema sıpatında xızmet etedi. Bul sistemada hár bir simvol yaki kórkem element tek ǵana bir mánis penen sheklenbey, kontekstke baylanıslı qayta jaratılıp, jańa

mánilik qatlamlarǵa iye boladı. Sonlıqtan, izertlewimizde shayır poeziyasındaǵı sufistlik motivler hám mifologiyalıq obrazlardıń óz ara baylanısın anıqlaw hám olardıń ekzistencial sananı qáliplestiriwdegi rolin ashıwdı maqset ettik.

Sufistikalıq motivler – bul poeziyalıq shıǵarmada ruwxıy izlenis hám iláhiy gnoseologiyaǵa (biliwge) baǵdarlanǵan simvolikalıq qurılımlar sisteması. Izertlewlerde sufizm poeziyalıq shıǵarmalarda simvolikalıq-metaforalıq sistema sıpatında qaralıp, onda ruwxıy tájiriybe obrazlar arqalı kóp qabatlı semantikalıq dúziliske aylanatuǵınlıǵı dálillengen [1; 4; 5; 6].

S.Ibragimov lirikasında sufistlik motivler tek ǵana diniy mazmun menen sheklenbey, posstrukturalıq kózqarastan kóp mánili semiotikalıq belgiler sıpatında xızmet etedi. Kóbinese, tikkeley deklaraciyalıq, yaǵnıy, obrazǵa qaraǵanda xabarlamalıq mazmun kúshlirek, lirikalıq “men” ázzi yamasa biytárep, tárizde berilmeydi, kerisinshe, olar kórkem obraz, simvol hám awıspalı máni arqalı sáwlelenedi. Usı kózqarastan sufistlik motivler shayır lirikasında bir neshe óz ara baylanıslı dárejede ámelge asqanlıǵın kóriwge boladı. Birinshiden, simvolikalıq dárejede olar anıq obrazlar arqalı beriledi, yaǵnıy, hárbir simvol belgili bir ruwxıy mánisti kórsetedi. Ekinshiden, filosofiyalıq dárejede ómir, ólim, barlıq hám ruwx kategoriyaları arqalı insan janınıń transcendent izlenisi kórinedi. Úshinshiden, talqılaw dárejesinde teksttiń mánisi turaqlı bolmay, oqıwshı qabıllawına baylanıslı túrli semantikalıq qatlamlarda ashıladı. Sol sebepli sufizm motivlerin talqılaw tek dástúriy diniy-filosofiyalıq kontekst penen sheklenip qalmawı kerek. Olardı postsrukturalistlik hám germenevtikalıq metodologiyalar sheńberinde qaraw lirikalıq shıǵarmanıń ashıq strukturasın, yaǵnıy mániniń turaqsız hám kóp qabatlılıǵın tereńirek túsindiriwge múmkinshilik beredi. Shayır dóretiwshiliginde eń dáslep sufistlik kózqarasqa tán “jol” koncepciyası ayrıqsha orın iyeleydi. Lirikalıq subekt ózin turaqlı shaxs sıpatında emes, bárhama hárekettegi ruwxıy izleniwshi retinde táriypleydi. Máselen:

Bul joldıń basında Juwha otıradı… [3, 11]
Bir joldan waqtında lashtı kóterip,
Basqasına túsiw kerek boladı [3, 16].
Tisime tislep bul haqıyqatlardı
bir súrdewdi quwıp bara beremen –
… Bul jolda bendeniń qádir-qımbatı –
Táńiri jáne payǵambarı boladı.
Hár máwrittiń ózlik haqıyqatı bar,
hár máwrit sen janǵan otta janadı [2, 22]

Bul qatarlarda “jol” tek fizikalıq keńislik emes, al, ruwxıy jetilisiw procesin ańlatadı. Sufizm dástúrinde bul tariyqat túsinigi menen sáykes keledi, yaǵnıy insannıń nápsiden azat bolıp, haqıyqatqa umtılıwı. Materiallıq dúnyaǵa baylanıw, oǵan qızıǵıw (Juwha) ruwhtıń pákleniw jolınıń baslanıwı. Ol kúshli sınaqlar, tájiriybeler, shım-shıtırıq miynetler menen shınıǵıp, taplanıp, haqqa, álem menen bir pútinlikke, muhabbatqa erisiwge iytermeleydi. Batıs ekzistencializminde jol kóbinese mánissizlik ishindegi tańlaw retinde túsindirilse, sufistlik poetikada mánige qaray baǵdarlanǵan ruwxıy háreket retinde qaraladı.

Uáqiy bılay dedi: ómir jolında
keshheseń, dediler, jeti dáryanı...
Qay shamaǵa keldi aytılǵan mánzil,
bilmeymen, sorawǵa payǵambarlar joq [3, 197].

“Jeti” sanı hár túrli mádeniy-diniy sistemalarda tákirarlanatuǵın universal simvollıq model sıpatında kórinse de, olardıń hár birinde mánilik júkleme birdey emes hám tariyxıy-mádeniy jaqtan óz aldına qáliplesken dúnyaqaraslarǵa súyenedi. Máselen, islam kosmologiyasında “jeti qabat aspan” túsinigi jaratılıstıń ierarxiyalıq dúzilisin, yaǵnıy, dúnyanıń Quday tárepinen tártipke salınǵan kóp qabatlı sistema ekenligin bildiredi. Sufistlik pikirlew sistemasında “jeti” sanı kóbinese ruwxıy jetilisiw jolındaǵı shártli basqıshlar, insannıń ishki tazarıw hám Jaratıwshıǵa jaqınlasıw procesi menen baylanıstırılıp túsindiriledi. Sonıń ushın olardı bir-birine tuwrıdan-tuwrı teńlestiriw yamasa birden-bir universal sistema sıpatında qaraw

ilimiy anıqlıqqa sáykes kelmeydi. Kerisinshe, bul uqsaslıqlar adamzattıń simvolikalıq oylawındaǵı ulıwma arxetiplik qatlamlardıń kórinisi sıpatında túsindiriwge boladı. Usı kózqarastan, joqarıdaǵı mısaldaǵı "jeti" motivi hár qıylı mistikalıq sistemalardıń sinkretikalıq qosındısı emes, al, islamlıq kózqaras hám túrkiy mifopoetikalıq oylaw dástúri sheńberinde qáliplesken poetikalıq struktura bolıp, bul jerde "jeti" sanı anıq diniy dogma emes, kerisinshe, turmıs jolınıń quramalılıǵın, ruwxıy sınaqlardı hám insan tábiyatınıń kóp qabatlılıǵın sáwlelendiriwshi kórkem simvolikalıq wazıypanı atqarǵan.

Shayır poeziyasında mifologiyalıq obrazlar da jańa semantikalıq dárejede qayta talqılanadı. Mif tek tariyxıy syujet emes, al, mádeniy yadtıń simvollıq strukturası sıpatında xızmet etedi. "Qay bir ápsana Quda ázelde/ aramızda bolǵan deliner" [3, 322] degen qatarlarda mif anıq waqıya emes, al, insaniyattıń dúnyatanıw tájiriybesiniń belgisi, ekinshi dárejeli semiotikalıq sistema sıpatında qayta dúziledi. Sol sıyaqlı Iskender patsha obrazı da turaqlı tariyxıy qaharman emes, filosofiyalıq simvolǵa aylanadı. "Qolı ashıq ketken Iskender patsha/ kimge úlgi eken – kózińniń aldında/ dúnya qızıl-jasıl dónip turǵanda" [3, 169] degen qatarlarda ol hákimiyattıń emes, dúnyanıń ótkinshiliginiń belgisi sıpatında sáwlelenedi. Iskender klassikalıq shıǵıs poeziyasında (Nizamiy Genjawiy) ideal patsha obrazı bolsa, S.Ibragimovta ol illyuziya (saǵım) hám ótkinshilik simvolı sıpatında qayta jaratıladı. Sonday-aq, shayırdıń kópshilik qosıqlarında lirikalıq subekt kóbinese bólingen, tolıq emes sana sıpatında súwretlenedi. Mısalı:

Dúnya bir yarımdur, men bir yarımman…
Dunya kózlerime meniń sıymadı,
Kókiregim hám tarlıq eteri ayan [3, 310]. Bul ekzistencial jatırqaw fenomenin kórsetedi. Insan ózin tolıq tanımaytuǵın, ishki qarama-qarsılıqlar menen jasaytuǵın bir adam sıpatında táriyiplenedi. Bul jerde Freyd psixoanalizi hám ekzistencialistlik filosofiyanıń elementleri birlesedi.

Bul tilsimli sandıq – kewil sarayım,
bir joyqın kúsh onda bántli boladı.
Bir duwa bar – onı oqısań bul maqluq
shabadı aydarha bolıp... Tolısqan
qalalardı jutıp, saǵan bashartpas
shártlerdi qoyadı, endi ómiriń
qáter menen tolı... janıńdı saqlar
jáne bir duwa bar –
onı oqısań,
ol jániwar
bir kók kepter boladı.
Biyazar qolıńa kelip qonadı
Qarap adamlardıń kózi toymaydı,
Sayası ıǵbal hám dáwlet kalası…
Bul tilsimli sandıq – kewil sarayım,
onda tórt tuyaqta pıshaqtıń zarpı,
qaytıp batıp ketken móri Shubardıń,
al men túrki tilde túspegen gáwir...
Ol tilde wáliy túsler kórip Alpamıs,
Soppaslı Sıpıra babań sóyledi.
Túbi shiyki Kenjembaydı jazǵırıp,
boljap berdi Nuratdinniń dáwletin [3, 8-9]. Qosıqta lirikalıq subyekttiń ruwxıy tınıshsızlanıwı, ishki gúyzelisi, simvolizm, metaforalıq obrazlar (aydarha, kók kepter, gáwir), mádeniy mifologiyaǵa súyeniw (túrki tili, Soppaslı Sıpıra jıraw, Alpamıs), "Men"niń tereń refleksiyası – bular modernizm poetikasına tolıq say keledi. Al, ayırım parodiyalıq astardıń barlıǵı (mısalı, "Kenjembay" – milliy arxetipti ironiya menen ataw), belgiler menen "oynaw" (sandıq, duwa, kepter, aydarha) menen bir-birine silteme jasap beriliwi, mániniń anıq emes jıljımalı túrde beriliwi, teksttegi "mániniń qulawı"nıń (dekonstrukciya) az bolsa da barlıǵı – onda

poststrukturalizmniń de belgileri bar ekenligin dálilleydi. Lirikalıq qaharman ózin álem menen ruwxıy tutasqan, mistikalıq tanımǵa ashıq subekt sıpatında kórsetedi. Bul obrazda lirikalıq qaharman ruwxıy ishley túlep atırǵan subekt. Onıń kewil sarayı tilsimli sandıq, yaǵnıy "sandıq" – eski ruwxıy bilim, eski estelik yaki arxetiplik sana belgileri; "tilsimli" – mistikalıq kúsh, sana astı. Lirikalıq qaharman usı obrazdı óziniń jan dúnyasın saqlap turatuǵın kúsh sıpatında qabıllaydı. Al, aydarha menen kók kepter ishki qarama-qarsılıq: ashıw menen qátirjamlıq, ruwxıy tazarıw menen nápsi arasındagı tańlaw halatı. Qosıqta bir neshshe semiotikalıq kúshke iye simvollar bar: tilsimli sandıq – jan, kewil, qálb, sana astı, ishki álem; aydarha – ashıw, xaos, buzǵınshı kúsh, nápsi; kók kepter – tınıshlıq, tazalıq; tórt tuyaqta pıshaqtıń zarpı – ótmish jaraqatı, millettiń jarası; wáliy túsler – suwpılıq qaras, kóregenlik; Soppaslı Sıpıra jıraw, Alpamıs – dástúriy kiyeli sóz yáki milliy eposlıq sana, túrki tili – tariyxıy yad, eń dáslepki millet bolmısı; gáwir – dushpan hám sonıń menen birge, milliy tildi joq etiwshi, burmalawshı obraz. Bul talqılawdı ekzistencial sana kózqarasınan juwmaqlastıratuǵın bolsaq, mısaldaǵı barlıq simvollar hám obrazlar sisteması lirikalıq subyekttiń ishki qaygısın, tańlaw erkinligin hám ózin-ózi biliwge umtılıwın sáwlelendiretuǵın ekzistencial model bolıp tabıladı. Yaǵnıy, bul jerde "tilsımli sandıq" – adamnıń tek ǵana ishki dúnyası emes, onıń bolmıslıq tereńligi, sana astı hám arxetiplik yadtıń jámlengen keńisligi sıpatında alıp qarawǵa boladı. Aydarha hám kók kepter obrazları bolsa insan tábiyatınıń eki tárepleme tábiyatın – nápsi hám ruwx, xaos hám úylesim, qayǵı hám tınıshlıq arasındaǵı úzliksiz ishki qarama-qarsılıqtı kórsetedi. Bul qarama-qarsılıq ekzistencial filosofiyada insannıń "tańlaw aldındaǵı halatı", yaǵnıy erkinlik hám juwapkershilik ortasındaǵı qarama-qarsılıq sıpatında tán alınadı. Lirikalıq qaharman ózin tayar, jetik shaxs sıpatında emes, bárqulla qáliplesiwdegi, ishki qarama-qarsılıqlar arqalı ózin izlewshi subyekt sıpatında kórsetedi. Onıń ruwxıy "jańalanıwı" ekzistencial túrde adamnıń ózligin qayta qurıwǵa umtılıwı bolıp tabıladı. Bul processte mifologiyalıq hám sufistlik simvollar tek kórkem element emes, al, insan sanasınıń tereń qatlamların ashıwshı quralǵa aylanadı. Sonday-aq, teksttegi mániniń turaqsızlıǵı, belgilerdiń kóp qabatlılıǵı hám "oyınshıllıǵı" ekzistencial haqıyqatlıqtıń da turaqsız, anıqlanbaǵan tábiyatın názerde tutadı. Yaǵnıy, insan ómiriniń mánisi aldınnan berilgen absolyut emes, ol hár bir jeke sananıń tájiriybesi arqalı qayta islenetuǵın qubılıs.

Ulıwmalastırıp alǵanda, shayır lirikasındaǵı ishki forma hám dóretiwshiniń kórkem niyeti dárejesinen qaraǵanda onıń áhmiyetli ózgesheligi – obrazlardıń kóp máníliligi. Jol, ot, qus, dala, yaki diniy-mifologiyalıq (Qızır, Muwsa, payǵambar, Hawa ene, Sulayman, Iskender, Iskendediń shaqı, Orfey), folklorlıq (Kenjembay, Alpamıs, Soppaslı Sıpıra jıraw, Nuratdin, Bayshubar, sırlı sandıq, duwa) sıyaqlı obrazlar bir ǵana mánis penen sheklenbey, hár qıylı kontekstlerde jańa semantikalıq dárejelerge iye bolıp qollanǵan. Shayırdıń ózi de qosıqlarındaǵı quramalı kóp qabatlı mánilerdi ańlaw ushın: "Házirgi dáwirdiń sawatlı adamı biliwi kerek bolǵan tiykarǵı mádeniy informaciyalıq bagaj bar, bular – diniy sistemalardaǵı wásiyatlar, mádeniy qaharmanlar, dúnya mádeniyatınıń dańqlı dóretpeleri… usı informaciyalıq bagaj búgingi poeziyanıń háreket maydanı, kálemkesh usı informaciyadan paydalanıp oqıwshısına qozǵaw salıwǵa umtıladı" [3, 337], dep jazadı. Demek, S.Ibragimov lirikası sufistlik ruwxıy izleniw, mifologiyalıq qayta qurıw hám ekzistencial sananıń óz ara birigiwinen payda bolǵan quramalı poeziyalıq sistema retinde atap ótiwge boladı. Onıń dóretiwshiligi tek ǵana milliy ádebiyat sheńberinde emes, al jáhán filosofiyalıq-poetikalıq kontekstinde de áhmiyetli orın iyeleydi.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Abdulloh Ubaydullaev. (2025). "Nasoyimu-l muhabbat" As A Sufi Work. American Journal of Philological Sciences,5(04), 5–11.https://doi.org/10.37547/ajps/Volume05Issue04-02

2. Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1986.

3. Ибрагимов С. Таңламалы қосықлар. – Нөкис: Билим, 2016.

4. Усмонов И. Тасаввуф. – Тошкент: Тошкент ислом университети нашриёт-матбаа бирлашмаси, 2012.

5. Эрназарова Г. Ҳозирги ўзбек шеъриятида тасаввуф анъаналари. Филология фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Самарқанд, 2022.

6. Shoaliyeva N.K. Understanding Mysticism in Alisher Navoi's "Foniy" Divan. (2025). European International Journal of Philological Sciences, 5(03), 7-20. https://inlibrary.uz/index.php/eijps/article/view/81841

## ИЛИМ ҲӘМ КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТ ПИДАЙЫСЫ

**Жәримбетова Т.Қ.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Лирикалық мәни менен бирге өткир сөзли сатиралық қосықларды жаратыў, оның үстине әдебий сыншылықты ҳәм дилмашлықты да шыңына жеткерген Бабаш Исмайлов усындай қәбилети менен қарақалпақ әдебиятын түрли мазмунлы дөретпелер менен байытты.

Б.Исмайлов 1926-жылы Қарақалпақстан Республикасының Әмиўдәрья районында туўылады. Орта мектепти питкерип, әйне 18 жасқа толғанда аўылда муғаллим болып ислейди. 1948-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлимин питкерип, сол жерде оқытыўшылығын табыслы даўам етеди. Оннан кейинги жылларда әдебият ҳәм илим тараўында жемисли мийнет етти. Шайыр ҳәм изертлеўши Б.Исмайловтың ири мийнетлериниң бири – 1965-жылы «Күнхожаның өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлайды.

Шайыр өзиниң лирикалық қосықлары менен жәмәәтке жақсы танылды. Оның базы қосықларында терең философиялық ой жәмленген болып, жасаў ушын қойылған анық мақсет, талпынысларды оқып қаласаң. Шайырдың «Жаса, халқым», «Шайырдың еки өмири», «Пенза тоғайлары», «Қарақалпақ қызына» қосықларында қарақалпақ халқының белгили сөз-ойшыллары, тәбият тилсими, журт абаданлығы, шаңарақ муқаддеслиги ҳәм қызларымыздың ийбелилиги сүўретленген. Оның «Муҳаббат туўралы» косығында муҳаббат  пинҳәми сезим туйғысы адамзат ушын жаратылған бийик инәм екенлигин, яғный сүйиў ҳәм сүйилиў сыяқлы бахытлы мәўритлер адам өмириндеги умытылмас демлер болатуғынын айтпақшы болады.

Мысалы:

Муҳаббат, сен – ҳасыл дүрсең қәдирли,  
Жердиң жүзин көрер айнасаң сырлы.  
Сырлы айналық та, дүрлик те сенде,  
Теппе-тең муғдарда жәмленген бирге.  
Сени мен ҳасыл дүр, сырлы айна дедим,  
Бул гәптиң мәнисин айтып берейин!  
Атадым мен сени баҳалы дүр деп,  
Бирақ та мәртебең оннан да бәлент.  
Саған сондай үлкен күш берген әлем,  
Сен арқалы мыс та алтынға дөнген [1, 28].

Ол өзиниң «Гей биреўди аш бүйирден…» [2.] атлы топламында юмор-сатиралық қосықларға ҳәм фельетонлар жазыўға болған шебер уқыплығын көрсетеди. Әсиресе, «Баланс» қосығында берилген ўәделер ис жүзине асырылыўы ушын әмелият қадағалаў жүргизиўге уқыпсыз хызметкерлер көплигин айтады. Хызметкерлердиң тап усындай түри өзлерин пидайы жумыслар ислеп атырғандай етип көрсетип, әтирпанында ғыларды кеңсепазлық пенен туншықтырады, мәжилиспазлық пенен хәр қыйлы қағазлар топлаўға ўақыт өткереди, сырттан олар ҳәмме нәрсени үйретиўге урынып атырғандай, ал, мәселени шешиўде белгиленген илажлардың орынлаўын шөлкемлестириўде ҳәм әмелиятта жәрдем көрсетиўде өзлерин бир шетке тутады. Шайыр жумыс бабында өзлеринше жаңа талап қойып атырған, лекин ис жүзине келгенде бос алақанды көрсететуғын исшилерди айтпақшы болады.

Оның «Бабаш Исмайлов. Шығармалары 1 томлығы» қосықлар топламында лирикалық қосықлар менен қатар юмор-сатиралық дөретпелери де оқыўшылар кеўлинен орын алды. Мысалы, «Төгилген абырай», «Сыпайы бюрократ», «Пәмсизлик», «Сыпсың

қалай таралады», «Ўәдепаз ериншектен де жаман», «Ҳүжданы жуқарып баратыр», «Жағымпаз дастурхан басында» қосықларында турмыста өзиниң мәпи ушын барлық адамгершиликти умытып, басқа тайпадағы адамға айланатуғын жағдайларды ашшы тил менен жеткереди. «Фольлордан» (С.Михалковтан) деп аталған қосығында:

«Баслық керилип турып анекдот айтты,
Хызметкерлериниң күлкиден силеси қатты.
Тек бир киси турды қатнаспай шетте,
Күлимсиреген шырай да бермеди, ҳәтте.
Бир хызметкер барып сорады оннан:
– Сиз неге күлмедиңиз? Мен дым ҳайранман!
– Бул жерде күлгендей не болды өзи,
– Маған ҳеш унамады баслықтың сөзи!
– Ҳеш түсине алмадым, себеби неде?
– Себеби мен ислемеймен бул жерде [1, 203].

Бул жерде автор хызметкер адам өзине бойсынбаған ҳалда жағымпазлық етиў, басшының кеўлин алыў, яғный оның айтқан гәплерин мақуллаў, айтылған буйрықларды екиленбей орынлаў сыяқлы ҳәрекетлерди көрсетеди. Жәнеде, оның «Жаңа жыл ҳәзили» астында шыққан сатиралық қосықларында да белгили адамлардың да турмыста ўәдесиниң созылып кетиўи, алга илгерилеў ушын ҳәрекет ислемей атырғаны ҳаққында да базы қатарларды оқып қаласаң. Қарақалпақ тилиниң имласын жетилистириў мәселеси менен ең көп шуғылланған илимпаз, филология илимлериниң кандидаты К.Убайдуллаевқа арнап, «Имланы үйрене берсек пе?...» косығында:

«Жасы үлкен тойлар мүбәрек! (50 жасқа толыўы)
Бир сораў мүмкин десеңиз:
Имланы үйрене берсек-пе,
Тағы-да өзгертпесеңиз? [1,189]».

Драматург ҳәм режиссёр Т.Алланазаровқа:

«Төреш аға ең атақлы,
Ең турақлы соавтор,
Яки быйыл жазар-ма екен,
Өзи пьеса арнап бир? [1,190]».

Автор Б.Исмайлов талантлы инсанларда да базыда йош болмай қалатуғынын, оны туўры түсиниў кереклигин, лекин, ўақыт өтип кетсе де, жаңа дөретпелер үстинде ислемей атырған жазыўшыларды нәзерде тутады. Оның ҳәр бир сатиралық ҳәм тымсал қосықларында жәмийет тәрезисиниң теңликте болмай атырғаны, адамлар арасындағы жағымпазлық ҳәм кербазлық, менменлик, сондай-ақ, жумыстағы қағазпазлық, саатлап болатуғын жыйналыслар ҳ.т.б иллетлер ҳаққында юморлық қосықлары жүдә көплеп табылады. Оның қосықларындағы лиризм, яғный, Ана-Ўатанға муҳаббат, мақтаныш, айралық ҳәм сағыныш сезимлериндеги уйқаслықлар өзиниң жақын дослық мәўритлерин биргеликте өткерген «Қарақалпақстан халық шайыры» И.Юсуповтан илҳәм алған болса керек, деп шамаласақ болады. Ал, тымсалындағы күтилмеген ўақыялар, сюжеттиң өзгеше жуўмағы, ҳайўанатлардың ҳәрекетлериниң адамларға туўры таңланыўы сыяқлы өзгешелик стили белгили тымсалшы Д.Айтмуратовтың, сондай-ақ, рус әдебиятындағы тымсалшылардың дөретпелерине жақынлығы сезиледи. Б.Исмайлов тәжирийбели дилмаш ретинде де танылды, ол талантлы шайырлардың көплеген шығармаларын қарақалпақ тилине аўдармалады. Қосықларының ықшамлылығы, тымсал ҳәм юмор-сатирасының мәнили болыўы нәтийжесинде рус тилине аўдармаланды. 1954-жылы «Расцветай моя республика», бир неше жыллардан соң «Вилы в бок», «Каждому по заслугам», 1972-жылы «Лирика и сатира», 1987-жылы «За и против» қосықлар топламы Аркадий Каныкин ҳәм Геннадий Ярославцевлер тәрепинен рус тилине аўдармаланып, китап болып баспадан шықты.

Жуўмақлап айтқанымызда, Бабаш Исмайлов әдебий сыншы, изертлеўши, шайыр ҳәм дилмаш ретинде қарақалпақ әдебиятына үлкен үлес қосты, десек асыра айтқан болмаймыз.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Исмайлов Б. Бабаш Исмайлов. Шығармалары 1 томлығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981.

2. Исмайлов Б. Гей биреўди аш бүйирден… – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1959.

## QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNDA KÓRKEM-HÙJJETLI SHÍǴARMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM ÙYRENILIWI

**Járimbetova T.Q.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Hár qanday jańa ádebiy janrdıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı tosınnan bolatuǵın qubılıs emes. Ádebiyatta hár bir janrdıń payda bolıwı hám rawajlanıwı belgili tariyxıy sharayatlar hám turmıslıq zárúrlikler menen baylanıslı boladı. Dáslepki povestleri ótken ásirdiń 1930-jılları, al, dáslepki romanları 1950-jılları payda bolǵan qaraqalpaq prozası 1960-1980-jıllarǵa kelip ádebiyattıń jetekshi janrına aylanıp, aldıńǵı qatarǵa shıǵıp aldı. Prozanıń hár bir túri ózine tán ideya-tematikalıq, strukturalıq hám janrlıq qásiyetke iye boldı. Povestlerdiń salmaqlı mazmunǵa iye bolıwı menen bir qatarda kórkem-hújjetli shıǵarmalar payda bola basladı. Usı jıllarda jarıqqa shıqqan gúrriń, povest, romanlarda zamanagóylik sıpat kúsheydi.

1960-80-jıllardaǵı prozada J.Aymurzaev “Jetimniń júregi” (1967) memuarlıq dóretpesi menen qaraqalpaq povestiniń formalıq jaqtan bayıwına salmaqlı úles qostı. Bul shıǵarma baspa sóz júzin kórgende ádebiy jámiyetshiliktiń itibarın tarttı. Ilimpazlar bul povestti janrdıń túrlerine ajırattı, máselen, J.Narımbetov onı biografiyalıq povest, Q.Kamalov hújjetli povest, S.Axmetov avtobiografiyalıq shıǵarma retinde qaraydı. Ádebiyatshı Á.Nasrullaev tiykarǵı qaharman J.Aymurzaev waqıya barısında ózi shıǵatuǵının ayrıqsha atap ótip, onı memuarlıq shıǵarmaǵa jatqaradı [1, 38]. 1960-jıllarda Q.Ayımbetov óziniń “Ótken kúnlerden elesler” kitabı menen memuarlıq prozaǵa tiykar salıw menen bir qatarda ocherk, kórkem publicistika, satira-yumor janrınıń rawajlanıwına da málim dárejede unamlı tásir jasadı. Usınday janrdıń kóp túrliligi prozada kórkem-hújjetli shıǵarmalardıń ósiwine keń jol ashıp berdi. 1960-jıllardaǵı povestlerde tematikalıq ósiwshilik penen bir qatarda formalıq jańashılıq kóbirek kózge taslanadı. Povestlerdegi bul forma ráńbáreńligin dáslepki avtobiografiyalıq, memuarlıq, kórkem-hújjetli, tariyxıy povestlerdiń payda bolıwı, liro-epikalıq, liro-psixologiyalıq sıpatlardıń kirip kelgenligi menen qısqasha bahalasaq boladı.

Ádebiyatshı Q.Kamalov qaraqalpaq povestleriniń tariyxın izertlew boyınsha ádewir qunlı maqalaların járiyaladı. Lekin, sol dáwirdegi povestlerdiń kópshiligine turmıs shınlıǵına sáykeslik, haqıyqıy kórkemlik sheshim jetispedi. Dáwirdiń filosofiyalıq-estetikalıq koncepciyasın beriwde, tipik obrazlar jasawda da iri-iri kemshilikler orın aldı. Avtordıń bul juwmaǵı menen kelisiwge boladı, óytkeni, bul tek proza emes, al, kórkem ádebiyattıń basqa janrlarına da óziniń keri tásirin tiygizdi. Máseleniń ekinshi jaǵı taǵı mınada boldı: jazıwshılardıń shıǵarmalarındaǵı burıńǵı basshıları gil qásiyetsiz jermenler, júzegóyler, qatınpurıshlar, konservatorlar bolıp kele beredi. Al, jańa basshılar arnawlı oqıw ornın pitkerip keledi de, dáslep kolxozǵa agronom, al, sońınan baslıq boladı. Jańa baslıq hesh qátelespeydi. Hátteki, kolxozdıń aldıńǵı adamları ózleriniń toyların jıyın-terimniń aqırına qaratıp qoyadı. Bulardıń bári avtordıń túsindiriwinshe jazıwshılardıń turmıstı jeterli izertlemegenliginen, sxemaǵa beriliwshiliginen kelip shıqtı. Usınday shıǵarmalardıń qatarına avtor “Agronom predsedatel”, “Jańa jer ústinde bayraq”, “Aq altınlı atızdıń adamları”, “Shomanaydıń esigin ashqanlar”, “Alıstaǵı jaylawda” sıyaqlı hújjetli dóretpelerdi kórsetedi [2,112]. Yaǵnıy, avtorlar bul hújjetli povestlerde qaharmanlardıń xarakterin ashıp beriwde birqansha olqılıqlarǵa jol qoyadı. Shıǵarma qaharmanları real ómirde jasaǵan bolsa da, olardıń háreketlerin ertek qaharmanlarınday bórttirip

súwretlewler waqıyalardıń isenimsiz shıǵıwına alıp keldi. Sonday-aq, real faktlerdi paydalanıwdıń ornına kóbirek qıyalıy oylarǵa berilip ketkenlikten, waqıyalardıń mazmunı túsiniksiz bolıp ketip, shıǵarmanıń mánisin qashırǵan.

Qaraqalpaq ádebiyatı shıǵarmalarınıń dóretiliwinde folklordaǵı xalıq awız eki gúrrińler, ráwiyatlar, ańızlar, ápsanalar, dástanlardaǵı obraz jasaw úlgileri, syujetti rawajlandırıwdaǵı tájiriybeler, qońsılas hám tuwısqan xalıqlardıń tájiriybeleri áhmiyetli orın tutqanlıǵın bilemiz. Biraq, ádebiyattaǵı konfliktsizlik teoriyasınıń tásirinde olardıń kórkemlik dárejesi tómen boldı. Avtorlar ele folklorizm tásirinen qutıla almay júrgen dáwirde real qaharmanlardı tanıstırıw, olardıń xalıq mápi jolında atqarǵan xızmetlerin úlgi etiwdey shıǵarmalarǵa zárúrlik payda bolǵan edi.

Máselen, ádebiyatshı Q.Kamalov jazıwshı A.Orazovtıń "Awır kúnlerde" povestin qaraqalpaq ádebiyatında dáslepki dokumental povest dep esaplaydı. Povesttiń syujet orayında burıngı awqam qaharmanı Plis Nurpeysovtıń Moskvadaǵı Plistiń dostı Arkadiydiń úyi – Mojaysk qasındaǵı batıs front dushpan tılına islengen razvedka povesttiń mazmunın quraydı. "Biraq, jazıwshı ádebiy shıǵarmadaǵı forma menen mazmunnıń qatnasın durıs túsinbeydi. Nátiyjede, qaharmanlardıń obrazı isenimli shıqpay qaladı", – dep sınǵa alınadı[3,53-54]. Degen menen, bul shıǵarma qaraqalpaq ádebiyatındaǵı dáslepki kórkem-hújjetli shıǵarmalardıń biri boldı. Oqıwshılar qáwiminiń talǵamı ózgerip, ertek qaharmanlarınday emes, al, turmıstaǵı real qaharmanlar turmısı menen kún sayın qızıqsınıwı, hújjetli povestlerge zárúrlik kelip shıqqanlıǵın aytıp ótedi. Ádebiyat sınshısı S.Axmetov "Qaraqalpaq sovet ádebiyatında unamlı geroy obrazın jasaw máselesi" maqalasında "Awır kúnlerde" hújjetli povestine obraz jasawda jazıwshınıń qaharmandı kótermelep súwretlegenin shıǵarmanıń kemshiligi sıpatında atap ótedi [4,42-43]. Maqala avtorı povesttiń syujetine ayrıqsha dıqqat qaratadı. Obraz jaratıwda ideallastırıwdıń aqıbetleri haqqında ayta otırıp, aldın-ala tayar obrazdı dóretiwdiń zıyanı tuwralı sóz etedi. Jazıwshı óziniń basınan keshirgen waqıyalardı súwretlegenin belgilep ótip, povesttiń jetiskenligi menen kemshiliklerin teńdey bahalaydı. Ásirese, qaharman obrazların jasawda qaraqalpaq jazıwshılarınıń sxematizmge berilgenligin kemshilik sıpatında kórsetedi. Óndiristi súwretlegen jazıwshılar adam xarakterlerine de baslı dıqqat qaratıwı kerek ekenligi durıs atap ótiledi. Qarsılıqlardı jeńiwshi, alǵa umtılıwshı qaharmanlar obrazların jasaw zárúrligi belgilep beriledi. Ádebiyatshı Z.Bekbergenova: "Hújjetlerge tiykarlanıp jazılǵan hújjetli povestke de qálegen kórkem shıǵarmaǵa qoyılatuǵın kórkemlik talabı qoyılatuǵının, lekin, soǵan qaramastan hújjetlilik jazıwshını ádewir dárejede shekleytuǵının, sebebi, jazıwshınıń kórkem oyı menen qıyalı erksiz túrde hújjetlerge baǵınatuǵınlıǵın atap ótedi" [5,111]. Ózbek alımları E.Karimov hám B.Nazarovlardıń povestlerdi izertlewlerinde de hújjetli povestke tán bolǵan ózgeshelikti anıq ajıratıp ótkenligin kóremiz: "Keyingi jılları ózbek povesti ádebiy janr belgilerin óz tábiyatına sińirgen jaǵdayda rawajlanbaqta. S onıń ushın da hújjetli povestler óz mazmunı hám janrlıq belgilerine qaray ocherkke jaqın. Lekin, bul demek, hújjetli povest, ocherk belgileriniń hámmesin ózine sińdirip aldı degen sóz emes. Hújjetli povest ocherkten keskin túrde ajıralıp turadı. Bazı bir alımlar onıń ocherkten ayırmashılıǵın ekewine de tán bolǵan anıq syujette dep biledi. Lekin, hújjetli povest ocherkten parqı anıq syujette emes, bálkim kórkem súwretlew qurallarında, bir sóz benen aytqanda kórkemliginde", –dep kórsetedi [6,13]. Solay eken, real waqıyalar hám qaharmanlar hújjetler qorshawında yaki qurǵaq bayanlawlar menen emes, al, onıń qálegen kórkem shıǵarmaǵa tán bolǵan kórkemlew usılları járdeminde sheber jazılıwı kerekligi hújjetli shıǵarmanıń teoriyalıq talaplarınıń biri ekenligi ayqın boladı. Shınında da, ilimpazlardıń pikirlerine tolıq qosılıwǵa boladı. Ózleriniń qalıs xızmetleri menen eli-xalqımızǵa jaqınnan tanılǵan shayır-jazıwshılar, ilimpazlar, urıs qaharmanları, palwanlar haqqında dóretilgen qaraqalpaq povestlerindegi faktlik materiallar kórkem aylanısqa túskenligi menen kórine basladı.

Jáne de, ayta ketetuǵın baslı mashqala – sol dáwirde dóretilgen dáslepki kórkem-hújjetli shıǵarmalarda, avtorlar real qaharmanlardıń xarakterin ashıp beriwde, olardıń atqarǵan xızmetlerin hám átirapındaǵılardıń kóz-qarasların sáwlelendiriwde bazıbir kemshiliklerge jol qoyǵanlıǵı bayqaladı. Belgili ilimpaz I.Saǵıytov atap ótkenindey: "Kózine kóringen nárseniń bárin bastan ayaq iynesin jipke dizip jazıp beriwshilik bar. Jazıwshılarımız ózleriniń kórgen

nársesiniń bárin bastan ayaq qaldırmastan jazadı, al, onıń ishinde kóp kereksiz sózler, mánissiz jerleri kóp. Bunı naturalizm, fotografiyashılıq, deymiz. Jazıwshılar kózine kóringen fakttiń bárin qaldırmay jaza beriwi shıǵarmanıń kórkemlik jaǵın bosańlatadı" [7,70]. Shınında da, dáslepki kórkem-hújjetli shıǵarmalarda real qaharmanlardıń ómiri ádebiy jaqtan kórkemlep emes, al, maǵlıwmat berip ótiw menen sheklendi. Degen menen, usınday kemshiliklerge qaramastan, olar dóretken dáslepki kórkem-hújjetli shıǵarmalar keyingi jıllarda payda bolǵan usı janr shıǵarmalarınıń tez pát penen tolısıp, rawajlanıwına úlken jol ashıp berdi.

Ádebiy processtiń ósiwi, janrǵa jańa qatnastıń tuwılıwı, ómirdiń rawajlanıwınan, jańa dáwirdiń jańasha talabınan ǵárezli. Meyli, ol qanday janrlıq formada jazılsa da, onıń aldına ulıwma kórkem ádebiyat shıǵarmasına qoyılatuǵın joqarı ideyalıq hám sheberlik talabı qoyıladı. Usılar qatarında kórkem-hújjetli shıǵarmalar óziniń payda bolıp, qáliplesken dáwirlerinen baslap búgingi kúnge shekem ózine qoyılǵan talaplarǵa súyengen halda dóretilip kelmekte.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Нурабуллаев Б. Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ әдебиятында мемуар жанрының раўажланыўы (PhD) дис. – Нөкис. 2022.

2. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий критикасы ҳәм әдебият илиминиң тарийхынан. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.

3. Камалов Қ. Қарақалпақ повести. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.

Қарақалпақ әдебияттаныўы мәселелери. – Нөкис: Илим, 2019.

4. Бекбергенова З. Ҳүжжеттен көркем прозаға қарай… // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2006. – №3.

5. Каримов Э, Назаров Б. Адабий турлар ва жанрлар. Эпос-адабий тур сифатида. – Т.: ФАН, 1991.

6. Сағыйтов И. Әдебият ҳәм дәуир. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

# ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР РОМАНЛАРЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ-СТРУКТУРАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

(Б.Ерназаров дөретиўшилиги мысалында)

**Мамбетниязова М.С.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ әдебиятында роман жанрының жүзеге келиўи жолындағы дәслепки изленислер XX әсирдиң орталарында басланды. Биринши миллий романымыз дөретилгенине де сәл кем бир әсир болған болса да, балалар әдебиятында роман жанрындағы қунлы шығармаларды дөретиў зәрүрлиги айқын сезилип келди.

Буның тийкарғы себеплериниң бири – балалар әдебиятының жас өзгешеликлерине қарай бөлиниўи менен тығыз байланыслы. Қарақалпақ балалар әдебиятының дәслепки үлгилери киши мектеп жасындағы балалар әдебиятынан басланған болса, орта ҳәм үлкен жастағы, ямаса жас өспиримлер әдебиятының жүзеге келиўи ушын белгили таярлық басқышын басып өтиў зәрүр болды. Өйткени, белгили бир жанрдың пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы сол жанрға болған зәрүрликлер менен тийкарланады.

Сол себепли, балалар әдебиятында роман жанрының пайда болыў ҳәм раўажланыў жолына нәзер тасласақ, балалар ушын дөретилген романлар сан жағынан аз екенлиги, қарақалпақ балалар прозасындағы жанрлық өзгешеликлердиң толық ҳәм жүйели түрде изертленбегенлиги байқалады. Сонлықтан, қарақалпақ балалар прозасының жанрлық өзгешеликлерин үйрениў барысында роман жанрын да таллаў әҳмийетли деп есаплаймыз.

Бизиң пикиримизше, қарақалпақ балалар прозасында жанрлардың жүзеге келиўине бир неше факторлар тәсир етти.

**1.** Ең алды менен, халық аўызеки дөретиўшилигиниң роли айрықша болды. Белгили болғанындай, дерлик барлық халықлар әдебиятында фольклор жазба әдебияттың пайда болыўында әҳмийетли орын ийелейди. Сол сыяқлы, қарақалпақ балалар прозасы да ертеклер, мифлер, аңыз-әпсаналар ҳәм рәўаятлар менен тығыз байланыста қәлиплести.

Пикиримизге дәлийл сыпатында Б.Ерназаровтың «Едиге», «Жийренше шешен», «Салақбайдың мүлклери», «Белгисиз қаланың балалары» ертек-повестьлерин келтириўимиз мүмкин. Бул шығармалардағы бир қатар сүўретлеўлер халық ертеклери, дәстанлары, аңыз-әпсаналары ҳәм мифологиясы менен байланыслы түрде дөретилгенлиги сөзимизди тастыйықлайды.

**2.** Екиншиден, туўысқан халықлар балалар әдебиятының тәсири үлкен болды. Өзбек ҳәм қазақ балалар прозасы қарақалпақ балалар прозасына салыстырғанда ертерек раўажланғаны белгили. Мысалы өзбек әдебиятында Ғ.Ғуломның «Шум бола» шығармасы, Х.Тўхтабоевтың «Сариқ девни миниб», «Сариқ девнинг ўлими», «Ширин қовунлар мамлакати» романларын ҳәм т.б. шығармалары қарақалпақ балалары әдебияты арасында да кең таралған.

**3.** Үшиншиден, жәҳән балалар әдебиятының тәсири де үлкен орын тутады. Ҳеш қандай халық әлдебияты өзли-өзинен раўажланбайтуғынлығы мәлим, оның өсиўинде басқа халықлар әдебиятынан тәсирлениўи де өзине тән орынды ийелейтуғыны әдебияттаныўда көп мысаллар менен тастыйықланғанлығы бизге белгили. Сол тийкарда, Николай Носовтың белгили трилогиясының баслы қаҳарманы Билмесбай (Незнайка) менен Б.Ерназаровтың «Салақбайдың мүлклери» ертек-повестиндеги Салақбай образларындағы белгили дәрежедеги бир-бирине уқсап кетиўи дөретиўшилик тәсирдиң өзине тән мысалы сыпатында көрсетиўге болады.

«Өзбек балалар әдебиятында роман жанрындағы дәслепки шығарма Хаким Назирдиң «Лочин қанотлари» романы болып, 1969–1972-жыллары аралығында дөретилген. Шығармада екинши жәҳән урысында халқымыз көрсеткен қаҳарманлықлар ҳәм урыстан кейинги тиклениў дәўири ўақыялары ҳаққында жазылған [1,11]. Ал, қарақалпақ балалар прозасында роман ҳәм ертек-роман жанрларын раўажландырыўда Б.Ерназаровтың орны айрықша. Жазыўшының «Әжайып бала» шығармасы қарақалпақ балалар әдебиятына ертек-роман жанрын алып келди. Илимпаз С.Қазақбаевтың пикиринше, «ХХ әсирдиң ақыры ХХІ әсирдиң басында және жанрлар ушын жаңалық қарақалпақ балалар әдебиятында ертек-роман жанры пайда болды. Б.Ерназаровтың «Әжайып бала» ертек-романы тематикалық жақтан бүгинги күни қусларға ғамқорлық етиўдиң әҳмийетине байланыслы екенлигин сүўретлеп бере алған» [2,58], ал, «Тахтакөпир балалары» атлы роман-эссе жанрындағы шығармасы менен өзиниң балалық мәўритлерин еске түсиреди: «Мениң балалығым сол ўақыттағы көпшилик заманласларым тәғдири менен жүдә уқсас болғаны ушын усы шығармамды туўылып өскен районымның балалары атына қойыўды мақул көрдим» [3,420], − деп, жазыўшы шығармасының кириспесинен-ақ, не ушын олай атағанлығына түсиндирме берип өтеди.

Қарақалпақ әдебиятында дәслепки роман-эсселер ХХ әсирдиң 80-жыллардың екинши ярымынан баслап дөретиле баслағаны белгили. Ол еркин композициялы, еркин пикирлеў ҳәм баянлаў формасына ийе. Сондай-ақ, автордың еркин ҳәм қатаң позициясына қурылған ҳақыйқатлықты сәўлелендириўши көркем шығарма болғанлықтан, автордың жеке «мен»и тийкарғы орайда турады.

Эссе – композициялық жақтан еркин жанр есапланады. Онда халық аўызеки дөретпелери менен бирге илимий фактлер де қолланыла береди. Б.Палўанов өзиниң мақаласында: «Бизиңше, эссениң тийкарғы айырмашылығы автор шығарманың басынан аяғына шекем орайлық орынды ийелеп, дөретпениң идеясын оқыўшыға жеткериўде жетекшилик етиўинде көринеди. Басқа ҳеш бир жанрда автор образы бундай анық ҳәм баслы роль ойнамайды» [4,121], − деген пикирлерди билдирип өтеди.

Жазыўшы Б.Ерназаровтың бул роман-эссесинде халық арасында жүретуғын ҳәр қыйлы уғымлар ҳәм түсиниклер менен бирге техникалық жетискенликлер де сүўретленген. Мәселен, «Ғаррылардың әңгимеси», «Өлген қоян» бөлимлеринде «жан», «руўх», «ҳадал-ҳарам» сыяқлы халықлық түсиниклерди сәўлелендириўи арқалы автор әдеп-икрамлылық, гуманизм идеяларын оқыўшыға жеткерип береди. Сондай-ақ, «Тойдағы

ўақыя» бөлиминде бет ашар дәстүрин сүўретлеўде тийкарғы мақсет − миллий қәдириятлық сыпатларды ашып бериў екенлиги айқын сезилип турады. Мәселен:

«Сол ўақыядан кейин көп узамай аўылда келин түсирген той болды. Тойда келиншектиң бетин Жақсымурат шолақ ашты. Ҳәммени күлдирип, тамаша көрсетти. Кимисин минеп, кимисин мақтап күлкиге ғарық етти. Аўырырақ сынға алынып, мини әшкара болғанлардың айырымлары гүңкилденип, гүбирленип, сөгинип, көпшиликтиң алдында Жақсымурат шолаққа ила жете алмай жүр. Әсиресе, Темирбайдың ағасын айтқан ўақытларда көпшилик бир дүрлигип күлисип алған еди» [3,460-461]. Ал, «Радио алдық» бөлиминде болса, жаңадан алынған радионы қурыў себеп болып жыйналған аўыл адамларының жарқын келбетин, аўызбиршилигин ҳәм татыўлығын сәўлелендиреди. «Отын көмек» деп аталған соңғы бөлиминде болса, өзиниң дәўириндеги билим алыўдағы ҳәр қыйлы қыйыншылық жағдайларды ашып көрсетиўи арқалы оқыўшыларды бүгинги жақтылы турмыстың, заманагөй мектептиң қәдирине жетиўге, көбирек билим алыўға шақырып отырады.

Эсселерде инсан, оның қурамалы ишки дүньясы ҳәм сыртқы орталықтағы ҳәр қыйлы қубылыслар ҳаққындағы автордың ой-пикирлери баянланады. Эссениң жанрлық қәсийетлериниң бири де усында көринеди. Яғный, автордың философиялық ҳәм дидактикалық пикирлеўлери анық көзге тасланып турады. Жазыўшы бул роман-эссесинде басқа эсселерде келтирилгени сыяқлы, өткен күнлерди еслейди. Автор балалық дәўириндеги басынан кеширген ўақыя-ҳәдийселерин қызықлы ҳәм тартымлы түрде сүўретлейди. Эссе жанры талапларына бола, бунда автор образы (яғный, «мен» деп жазады – М.М.) берилген. Жазыўшының басқа балалар жазыўшыларынан айырмашылығы көпшилик шығармаларында (жанрлық өзгешеликлерине қарамастан) бөлимлерге бөлип ҳәм оларға атама қойып ўақыяларды шубалаңқы пикирлерсиз избе-изликте сәўлелендиргенди мақул көреди. Улыўма мазмуны 21 бөлимнен ибарат болып, ҳәзирги күн балаларына ҳәр бир нәрсениң қәдирине жетиўге шақырып отырады ҳәм жасы үлкен әўладтың балалығы қалай өткен? Балалығында нелер менен машғул болған? деген сораўларға жуўап тапқандай болады.

Мәселен, «Ақсөкитлер» деп аталған бөлимде автор өзиниң жазыўшылыққа бел байлаўына тийкар болған себепти ақсөкит пенен байланыслы сүўретлеўи оғада исенимли шыққан: «Жайлаўға жиберилген маллардың да қаяқтан киятырғанын усы ақсөкитлердиң үстине шығып бақлап отыратуғын едим. Усы ўақыяларды төңкерилген аспан астындағы жердиң шетине барып тасаланып атырған қуяшты да ақсөкиттиң басында отырып бақлайтуғын едим. Мениң қыялларымды бәлент-бәлентлерге қомлап туратуғын ақсөкитлер аўылымның сулыў тәбияты, балалықта гүзеткен әтирап, бәри-бәри мени жазыўшы етти деген сөзди қуўана-қуўана айтаман» [3,421]. Бул арқалы жазыўшы балаларға қарата «Балалықтағы ҳәр қандай ҳәдийсе ҳәм қыяллар келешекке тийкар болады» деген уғымды алға сүреди. Роман-эссениң «Айтыўшы келгенде» деген бөлиминде пәк қыялларға берилген әпиўайы ҳәм сада аўыл баласының образы дыққаты тартады: «Апам қорқып кеттик ғой деди. Хабар айтыўшы да күшли болады екен-аў. Мен үлкейгенде айтыўшы боламан», дедим ишимнен. Шапқыр атқа минип бирден шапқым келип кетти. Қыялымда атқа минип шаўа басладым. Астымдағы тулпар желдей ушып баратыр. Қарсы ескен самалдың күшлилиги соншелли мени аттың үстинен ушырып жибережақ. Ердиң басына беккем асылып алдым. Ат бирте-бирте көтериле баслады. Ушып баратыр» [3,424]. Жазыўшы көпшилик шығармаларында қыялый-фантастикалық элементлерден шеберлик пенен пайдаланады. Бул болса образлардың ашылыўына, шығарманың композициясы ҳәм сюжетиниң қызықлы ҳәм тәсирли шығыўына тийкар болады. Автор мине усыларды терең аңлаған ҳалда ҳәрбир шығармасында көркем қыял менен жүзленеди. Өзбек балалар прозасының жетекши ўәкиллеринен бири болған Носир Фозилов «Адабиёт ясалмайди, яратилади» мақаласында балалар дөретиўшилери ҳаққында былай деген еди: «Ең алдын ала, балалық бул – пәклик. Балалар ушын шығарма жазған ҳәм пүткил өмирин усыған арнаған жазыўшы бул пәкликтен шетте қалмайды. Неге

дегенде, балаға жазған жазыўшының өзи де бала тәбиятлы болады. Жақсы жазыўшы өзиниң характерине, тәбиятына ҳәм кеўлине жақын болған теманы жазады. Екиншиден, балаларды шын кеўилден жақсы көрген жазыўшы ғана балалар әдебиятына садық болып қалады. Балалар өмири кеўилден узақ болған жазыўшы өзин мәжбүрлеп жазған болады-да бир домалап үлкенлер әдебиятына өтеди-кетеди. Бундайлар әдебиятымызда толып-тасып атыр» [5], − деген пикирлерди билдирген еди. Шынында да, жазыўшы ҳақыйқат пикирлерди айтты. Балалар менен тығыз байланыста болғанлығы ушын да балалар жазыўшылары балалардай болыўы, шығарма жазғанда баланың нәзери менен қараўы, сезиўи, жазыўы керек. Шығарманы оқығанда бала қаҳарман характерин, ҳәрекетлерин, өзин тутыўынан өз өмирин, әтирапындағы досларының қыймыл-ҳәрекетлерин таба алса, әне сол шығарманы сүйип оқыйды. Болмаса жазыўшы айтқанындай балалардың кеўлинен шықпай, өз оқыўшысын күтип шаң басып жата береди. Және де, ол айтқан «…бир-еки шығарма жазып, бир домалап, үлкенлер әдебиятына өтип кеткен» дөретиўшилердиң шығармаларына уқсап, тәбияты баланыки менен уғрас келмегенликтен кишкене оқыўшылардың кеўлинен орын алалмайды.

Ҳәзирги күн балаларының сүйикли жазыўшысы Б.Ерназаровтың пүткил дөретиўшилиги балаларға арналған. Ол тийкарынан өзи жақсы билген, ҳәттеки көпшилик жағдайда өзиниң басынан кеширген ўақыяларын, нәрселерин тема сыпатында таңлаған. Дөретиўши балалар ушын қанша шығармалар дөретсе де, бир емес, бир неше мәрте домаласа да, қайтадан балалар әдебиятының дүньясына қайтып түсеберген. Сол себепли де, оның шығармалары кишкене балалардың жүрегинен терең орын ийелеген.

Қарақалпақ балалар прозасында роман жанрының қәлиплесиўи әсте-ақырын әмелге асқан қурамалы процесс болып табылады. Оның раўажланыўына фольклор, туўысқан халықлар әдебияты ҳәм дүнья әдебияты тәсир көрсетти. Б.Ерназаров дөретиўшилиги бул жанрдың раўажланыўына салмақлы үлес қосып, жаңа жанр түрлериниң пайда болыўына жол ашты. Әсиресе, ертек-роман ҳәм роман-эссе жанрлары балалар әдебиятының мазмунлық ҳәм структуралық имканиятларын кеңейтти.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Лутфуллаев Ж. Ўзбек болалар адабиёти романчилигининг тараққиёт тамойиллари ва Худойберди Тўхтабоев ижоди: филол. фанлари бўйича фалсафа док-ри (PhD) автореф. – Жиззах, 2022.
2. Қазақбаев С. Қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыў эволюциясы: филол. илимлери док-ры (DSc) дисс. – Нөкис, 2019.
3. Ernazarov B. Tańlamalı shıǵarmaları. I–II tomlar. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2024.
4. Палўанов Б. Эссениң айырым теориялық мәселелери // Әмиўдәрья, 2006. – № 2.
5. Fozilov N. Adabiyot yasalmaydi, yaratiladi [Elektron resurs]. www.kh-davron.uz


# КЕҢЕСБАЙ РАХМАНОВ ЛИРИКАСЫНДА КӨРКЕМ ФОРМА. ШАЙЫР ДӨРЕТИЎШИЛИГИНИҢ СОҢҒЫ ЖЫЛЛАРДА ИЗЕРТЛЕНИЛИЎИ


**Мамутова Н.Х.**

*ӨРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


Қарақалпақ әдебиятында өз жолына ийе болған шайыр, жазыўшы ҳәм драматург Кеңесбай Рахманов дөретиўшилиги рәң-бәрең жанр ҳәм формаларға бай. Ол поэзия, проза, драматургия салаларында теңдей қәлем тербеткен болып, көп сандағы шығармалары газета-журнал бетлеринде, сондай-ақ, китап болып баспадан шығарылған. Солар қатарында оның бир қатар лирикалық қосықлары «Саған асығаман» (1970), «Өмир толғанyслары» (1974), «Таң ашығы» (1978), «Өмир, сен уллысаң» (1981), «Ўатан муҳаббаты менен» (1984), «Мәнзилим алыс» (1995), «Туңғышымыз қыз болса…» (2012), «Сен ҳаққында қосық» (2020), «Арғымағым» (2022), «Гүзги муҳаббат» (2022), балаларға арнап «Тазадан келген оқыўшы» (1988), «Ўатан

туйғысы» (2002), «Сәлем, жаңа әўлад» (2017) деген атамаларда топлам ретинде жарық көрген.

Шайыр қосықларының басым көпшилиги дәстүрий бармақ өлшеминде жазылған болса да, аўыз еки ҳәм фольклор әдебиятымыздың, соның менен қатар Шығыс ҳәм Батыс лирикасының көркем формаларына жантасыў үлгилери айқын көзге тасланады. Мәселен, оның дәстүрий қосықлардан тысқары, төртлик, бес қатарлы (мухаммес), алтылық, жети қатарлы, онлық, дүркин, арнаў, марсия (жоқлаў), сонет, элегия, монолог, романс сыяқлы формаларындағы қосықлары бар болып, тематикалық жақтан да түрлише мазмунға ийе екенлигин көремиз.

Әдетте, дәстүрий қосықлары а,б,а,б шалыс уйқас ҳәм а,а,б,а тәризиндеги биргеликли уйқаслы болып келеди. Өйткени, шалыс уйқас қарақалпақ поэзиясында ең көп ушырасатуғын бәнтлик форма есапланады. Қатарлардың бууын санлары да көпшилик жағдайда 11-12 бууынлы, ал базылары 7-8 бууынлы, 3-4 буўнақтан ибарат.

XX әсирдиң 60-70-жылларына келип әдебиятымызда көбирек шығарманың формасына дыққат аўдарыў жағдайлары ушырасады. Яғный, шығарманың мазмунын оның сыртқы формасына сыйдырыў, текше көринисиндеги қосықлар жазыў дәстүри қәлиплесе баслады. Шайырдың дәслепки дәўирлерде жазылған қосықларында қатарлар санын сындырып қолланыў, қосықларды дүркинлестирилген үлгиде жазыў байқалады.

Атап өтиў орынлы, К.Рахманов 70-80 ҳәм оннан соңғы жыллары өнимли дөретиўшилик еткен болып, бул дәўирлерде ол өз изленислери нәтийжесинде поэзиямызға көп формаларды алып келди. Жоқарыда санап өтилеген бир қатар формалар буның айқын дәлили бола алады. Соның менен қатар, биз шайыр дөретиўшилигинде түркий тиллес ҳәм Европа поэзиясынан өзлестирилген формалардан тысқары, индивидуаль изленислери нәтийжесинде қәлиплескен жанрлық формаларды да көриўимизге болады.

Оның 1980-жыллары дөретилген қосықларының басым көпшилиги дүркин формасында жазылған болып, олар ўатан, муҳаббат, жаслық сыяқлы гөззал түсиниклерди жырлаўға арналған. Онда шайырдың форма табыўдағы шеберлиги айқын көзге тасланады. Мысалы, «Дослық» дүркин формасындағы бир ғана қосығында терең мазмун ҳәм форма үстиндеги изленис байқалады. Қосық дослық деген түсиник ҳаққында жырланған болса да, ҳәр бир бөлегинде ол ҳәр қыйлы үлгиде тәрийп етиледи. Олардағы бууын санлары да өзгермели. Биреўлери − 11-13, ал, базылары − 15-16 бууыннан ибарат. Қосықта қатарлар арнайы түрде сындырылып, текше тәризинде қолланылған. Деген менен, текшелерге ажыратылған бөлеклерди бир қатарға дизип шыққанымызда, әдеттеги дәстүрий қосық өлшеми келип шығады. Мәселен:

Сенсиз
көз жаслардан көллер шайқалды.
Сенсиз
гүзарынан адасты кәрўанлар,
сенсиз
қаңыраған мәкан-жай қалды.
Дослық!
Сен мәңги бол!
Сен мәңги бол қасымда [1, 20] !!

Қатарларды бул формада жайластырыўдағы тийкарғы мақсет − оның тәсиршеңлигин еле де арттырыў болып табылады. Ҳәр бир бөлимде еркин ҳәм дәстүрий форманың синтези қолланылғанлығын көриўимиз мүмкин.

Шайырдың «Мәнзилим алыс» лирикалық топламын анализлеп қарағанымызда, онда да қатарлардың санын сындырып қолланыў жағдайлары көбирек гезлеседи.

Соның менен қатар, төртлик, алтылық, сегизлик, онлық, сонет, монолог, марсия, дүркин, арнаў формаларындағы қосықлар ҳәм атамасыз қосықларды да ушыратамыз.

К.Рахманов Шығыс ҳәм Батыстың бир қатар формаларын сол ҳалында қолланып ғана қалмастан, оларды еле де жетилистириўге, уйқасыў тәртибин, тематикасын толығырақ байытыўға ҳәрекет еткен. Әдебиятшы Қ.Оразымбетов атап өткениндей, «Формаларды жетилистириў шайырларда бәрқулла излениўшилик процессти, яғный идея, ой-пикир, сезимди, лирикалық қаҳарманның психологиялық жағдайын анағурлым толық ҳәм анық жеткериўге умтылыўды аңлатады. Сонлықтан, ҳәр бир көркемлиги жоқары шығармада форма жаңадан туўылады» [2, 21]. Жоқарыда атап өтилгениндей, К.Рахманов та ой елегинен өткен пикирлерин, лирикалық қаҳарманының руўхый ҳалатын анық ашып бериў ушын ҳәр қыйлы формаларды пайдаланыўға ҳәрекет етеди. Төрт қатарда пикирди жеткерип бериў мүмкиншилиги болмаса, оны алтылық, жетилик, сегизлик, ал базыда, онлық формаға да мүрәжәәт етеди.

Шайыр қосықлары басқа шайыр дөретпелеринен көркемлеў қуралларын шебер қоллана билгенлиги, оның ишки ҳәм сыртқы дүзилисине көбирек дыққат қаратқанлығы, сондай-ақ, жаслық ҳәм муҳаббат сыяқлы гөззал сезимлерди сулыў қатарлар жәрдеминде жеткере алыўы менен ажыралып турады. Ҳәттеки, оларды оқып отырып, муҳаббатқа муптала болған сол инсан шайырдың өзи болса керек деп ойлап қаласаң. Мәселен, «Тәғдирдиң суўында ықтым мен» деп басланатуғын онлығында лирикалық қаҳарманның қартайған дәўиринде де кеўлиндеги муҳаббат оты еле сөнбей, оған күш инәм етип киятырғанлығы шеберлик пенен баян етилген:

Тәғдирдиң суўында ықтым мен,
Қартайдым, шашларым сабалақ.
Сонда да алдыңнан шықтым мен,
Муҳаббат тулпарын сабалап.

Жадырап бир күлген ўағында
Жүрермен муҳаббат бағында [3, 46].

Усы онлықтың өзинен-ақ көриўимизге болады, ол бундай лирикалық формалардың уйқасыў системасын бираз өзгертип, тематикасын да кеңейткен. Яғный, онлық формада тек ғана философиялық пикирлер жырланып ғана қоймастан, өмир, адамдағы пазыйлетлер, жаслық дәўирди сүўретлеў, дидактика, дослық, жақсылық ҳәм жаманлық сыяқлы қарама-қарсы түсиниклер, ҳәттеки, муҳаббат ҳаққында да жырлаў мүмкин болған шегарасы кең форма екенлигин қосықлары мысалында дәлиллей алған. Бул формадағы және бир табыслы тәрепи сонда: оларды еки түрли усылда – еки төртлик ҳәм бир екилик, ал екиншиси – еки бесликтен ибарат форма жазғанлығын көриўимизге болады.

К.Рахманов әдебият майданына кирип келген дәслепки жыллардан баслап-ақ оның шығармалары туўралы илимпаз ҳәм әдебиятшылар тәрепинен бир қатар пикирлер келтирилип, сын мақалалар да жәрияланған. Олардан Г.Есемуратов, С.Ахметов, Ә.Насруллаев ҳәм тағы басқа да әдебиятшылардың мийнетлерин атап өтиў орынлы. Деген менен, оның поэзиялық, прозалық ҳәм драмалық дөретпелерин үйрениў көбирек ғәрезсизлик ҳәм оннан кейинги жыллары қолға алынған.

Соңғы дәўирлерге келип шайыр дөретиўшилиги бойынша бир қатар илимий мийнетлер ҳәм изертлеў жумысларында баҳалы пикирлер айтылған болып, солар қатарында әдебиятшы Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» (2004) монографиясында қосықлары формалық жақтан таллап шығылған болса, Ж.Сағыйдуллаеваның «Қарақалпақ повестлеринде стильлик изленислер. (1980-жыллар повестлери мысалында)» [4] илимий мийнетинде қарақалпақ әдебиятында дөретилген бир қатар жазыўшылар повестлери менен қатар оның повестлериниң сюжет ҳәм образлар дүньясы бойынша

терең таллаўлар келтирилген. Ал, әдебиятшы П.Дабыловтың «Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қаҳарман образының жасалыў өзгешеликлери (Т.Мәтмуратов ҳәм К.Рахманов поэзиясы мысалында) [5] диссертациясында К.Рахманов лирикасындағы лирикалық қаҳарман жасаў мәселеси, сюжет ҳәм композицияның қаҳарман жаратыўдағы тутқан орны ашып берилгенлигин көриўимиз мүмкин. А.Сейтбековтың «К.Рахманов дөретиўшилигинде эпикалық ҳәм драмалық шығармалардың синтези» [6] диссертациясында болса эпикалық ҳәм драмалық шығармалардың өз ара синтезлесиўи, көркем шығарманың бир түрден екинши бир түрге трансформацияланыўы мәселелерине айрықша тоқталып өтилген. Дурыс, көркем әдебиятта поэзияның жанрлық түрлери, форма ҳәм мазмун, лирикалық образ, лирикада қолланылатығын сүўретлеў қураллары ҳәм басқа да мәселелер әлле қашшан-ақ үйренилип шығылған. Деген менен, К.Рахманов лирикасын жанрлық жақтан классификациялаў, қосық қурылысы, композициялық дүзилисин толығырақ тәризде үйрениў бүгинги күнниң ең актуаль мәселелеринен бири болып келмекте.

Жуўмақлап айтқанда, К.Рахманов поэзиясында ҳәр қыйлы қосық формаларының ең жақсы үлгилерин тапсақ болады. Оларда шайырдың индивидуаль стили сезилип турады. Шайыр дөретиўшилиги бойынша соңғы жылларда алып барылып атырған илимий жумыслар әдебияттаныў илими ушын да жақсы нәтийжелер болмақта.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Рахманов К. Ўатан муҳаббаты менен. – Нөкис.: Қарақалпақстан, 1984.
2. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис.: Билим, 2004.
3. Рахманов К. Гүзги муҳаббат. – Нөкис: Avangard-baspa, 2022.
4. Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестлеринде стильлик изленислер. (1980-жыллар повестлери мысалында) Филология илимлери кандидаты диссертациясы жумысы. Нөкис. 2010.
5. Дабылов П. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қаҳарман образының жасалыў өзгешеликлери (Т.Мәтмуратов ҳәм К.Рахманов поэзиясы мысалында). Филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) диссертациясы жумысы Нөкис. 2018.
6. Сейтбеков А. К.Рахманов дөретиўшилигинде эпикалық ҳәм драмалық шығармалардың синтези. Филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) диссертациясы жумысы Нөкис. 2020.


## ÁDEBIY SÁWBETLER – ÁDEBIY SÍNNÍŃ AYRÍQSHA TÚRI
## (Ǵárezsizlik dáwiri prozası mısalında)


**Asanova A.B.**

*Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis qalası*


Qaraqalpaq ádebiy sını derlik bir ásirge shamalas tarıyxqa iye. Usı dáwir ishinde ol rawajlanıp, jańalanıp, tolısıp, janrlıq kóp túrlilikke iye boldı. Sınnıń janrlıq tárepten rawajlanıwında úles qosqan sınshı-ilimpazlar M.Nurmuhammedov, N.Dáwqaraev, G.Esemuratova, J.Narımbetov, A.Pirnazarov, B.Ismaylov, Z.Shamuratova hám t.b. boldı. Ásirese, 80-jıllardaģı ádebiy sınģa arnalģan miynettiń baspada járiyalanıwı úlken jetiskenlik boldı [2, 130]. Ádebiy sın janrındaģı maqalalar sınshı-ilimpazlar tárepinen ádebiy jıl juwmaqları, sholıw, recenziya, sın, ádebiy portret hám ádebiy sáwbet sıyaqlı túrlerge ajratıldı. Qaraqalpaq ádebiy sınında ádebiy sáwbetler de sınnıń basqa túri sıyaqlı ádebiyattanıw máselelerin sóz etiwde áhmiyetke iye. Onda ádebiy processtegi halatlar hám jazıwshı-shayır shıģarmaları boyınsha avtordıń ózi menen sáwbet etiledi, dóretiwshilik laboratoriyası haqqında qızıqlı maģlıwmatlar beriledi.

Ádebiy sáwbet kóbinese baspa sóz materiallarında jarıtıladı hám sáwbet janrı imkaniyatları boyınsha ózgeshelenip turadı. Ádebiy sáwbette ádebiyatshı ilimpaz yamasa jazıwshı-shayır menen birge ekinshi subyekt qatnasadı. Sáwbet barısında jazıwshı-shayır shıǵarmalarınıń dóretiliw tarıyxı, ádebiyattaǵı túrli máseleler, dáwir hám ádebiyat haqqında pikirlesiwler erkin túrde alıp barıladı. Bundaǵı pikirler izbe-izliginiń rawajlanıwı, oy juwmaǵınıń kelip shıǵıwı olar arasındaǵı soraw-juwaptan ǵárezli boladı. Ol kórkem til menen beriledi. Ádebiy sáwbetler ulıwma ádebiy processtiń búgingi rawajlanıw jaǵdayların, baǵdarların, onı háreketke keltiriwshi tiykarǵı kúshler – shayır hám jazıwshılardıń individual stilin anıqlaw sıyaqlı máselelerdi sáwlelendiredi [4, 107].

Ǵárezsizlik dáwiri baspa sóz betlerinde járiyalanǵan ádebiy sáwbet maqalalar ótken dáwir menen salıstırǵanda biraz kemeygen. Jańa ideologiya, qayta qurıw siyasatı tásirinde tek ǵana siyasiy isker hám dóretiwshi insanlar menen sáwbet etilgen. Qaraqalpaq prozası boyınsha ádebiy sáwbette ádebiyat hám dáwir temasındaǵı erkin pikirlesiwler boldı. Olardıń kópshiliginde jazıwshı shıǵarmaları haqqında sáwbetlesildi. Baspa sóz betlerinde járiyalanǵan "Házirgi ádebiyatımızdıń awhalı qalay?", "Jetpiske kelmegen kim bar", "Talantlı adamlar qálipke sıymaydı", "Jańa jılda jańa roman menen", "Insanǵa ayna tutqan ádebiyat haqıyqatdur" maqalalarında jazıwshı T.Qayıpbergenov, I.Qurbanbaev, I.Ismaylovlar menen M.Mirzo, A.Xalmuratov, Sh.Botaev, S.Ismaylov, A.Ótepbergenovlar dáwir hám ádebiyat temasında pikirlesti. Olarda qayta qurıw siyasatı hám jańa dáwir ideologiyası tásirinde dáwir haqıyqatlıǵı, turmıs waqıyaların ashıq-aydın súwretlew, tubalawshılıq, ekologiya apatshılıqları baslı tema sıpatında berilgen. Bul ádebiy sáwbetlerde 1990-jıllar roman, povestleri jóninde gazeta oqıwshıları hám ıqlasbentleriniń qızıqtırǵan sorawları berilip, shıǵarmanıń dóreliw tarıyxı, obrazlar sisteması, dáwir hám ádebiyat máseleleriniń jarıtılıwı haqqında kóplep maǵlıwmatlar alınǵan.

Ádebiy sáwbetler óziniń mazmunı jaǵınan hár qıylı bolıp keledi. Ol sáwbetlesiw barısında kóterilip atırǵan temaǵa baylanıslı boladı [1, 32]. Usı kózqarastan, 90-jıllardaǵı ádebiy sın materiallarındaǵı ádebiy sáwbetler eki baǵdarǵa qurılǵan:

1. Ulıwma ádebiy processtiń búgingi dáwirdegi rawajlanıw jaǵdayların, baǵdarların, onı háreketke keltiriwshi tiykarǵı kúshler – shayır hám jazıwshılardıń dóretiwshiliginiń úlken aǵımǵa qosılıp, onı bayıtıwdaǵı úlesin bahalaw. Bunday xarakterdegi ádebiy sáwbetlerge "Házirgi ádebiyatımızdıń awhalı qalay?" (A.Ótepbergenov hám T.Qayıpbergenov sáwbeti), "Jetpiske kelmegen kim bar?" (A.Ótepbergenov hám I.Qurbanbaev), "Insanǵa ayna tutqan ádebiyat haqıyqatdur" (Sh.Botaev hám T.Qayıpbergenov) maqalaları kiredi. Olar kólemi jaǵınan ádewir keń bolıp, ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatına tiyisli áhmiyetli máseleler átirapına qurılǵan.

2. Jekke shayır-jazıwshılar dóretiwshiligine baylanıslı ádebiy sáwbetler shólkemlestirilip, olarda dóretiwshilik laboratoriyası hám psixologiyası boyınsha máseleler sóz etiledi. T.Qayıpbergenov penen M.Mırzanıń sáwbetin ("Jańa jılda jańa roman menen"), A.Ismaylov penen S.Ismaylov ("Talantlı adamlar qálipke sıymaydı") sáwbetin kirgizsek boladı.

Ádebiy sáwbet – ádebiy sınnıń bir janrı bolıp, ol dialog formasında boladı. Biz sóz etip otırǵan dáwir ishindegi ádebiy sáwbetlerde de, sáwbet janrınıń talapları saqlap qalınǵan. Olarda dialogda isletiletuǵın etikalıq ámeller menen soraw juwaplar izbe-izligi saqlanǵan. "Házirgi ádebiyatımızdıń awhalı qalay?" maqalasındaǵı A.Ótepbergenov penen T.Qayıpbergenovtıń sáwbeti berilgen [8, 75-76]. Onda búgingi ádebiy baylanıslar haqqında jazıwshınıń oy-pikirleri menen birge Jazıwshılar awqamı aldında kelesi jılda turǵan wazıypalar haqqında sóz boladı. Burıńǵı awqam ıdıraǵanı menen, túrkiy xalıqlar ádebiyatları arasındaǵı baylanıstıń saqlap qalınıwı eń baslı másele retinde qaralıp, qazaq, qırǵız, túrk jazıwshılarınıń yubiley sánelerin ótkeriw belgilengen. Dúnya júzilik ádebiyattıń úlgisinde bolǵanınday, túrk tilles ádebiyat tarıyxında yubileylik sánelerdiń ulıwma xalıqlıq milliy dárejesinde ótkeriw wazıpası ilimiy konferenciyalarda, ilimiy májlislerde hám baspasózde ámelge asırıldı. Al, eki tárepleme ádebiyat kúnlerin turaqlı ótkeriw bolsa búgingi kúnde de orınlanıp, túrli jazıwshı-shayırlardıń yubiley sáneleri belgilenip kelinbekte.

Ádebiy sáwbettiń basqa janrlardan tiykarǵı parqı pikirdiń ashıq, erkin túrde beriliwinde, sheklengen temalarǵa qurılmawında. Onda jazıwshı tek qáliptegi sorawlarǵa emes, bálkim ózi sóz etpekshi bolǵan másele jóninde pikirlerin erkin bildire aladı. Bunı A.Ótepbergenov penen I.Qurbanbaevtiń sáwbetinen kórsek te boladı. Bul ádebiy sáwbet I.Qurbanbaevtıń 70 jıllıq yubileyi aldınan ótkerilgen bolıp, "Jetpiske kelmegen kim bar" atamasında "Qaraqalpaqstan jasları" gazetasında járiyalanǵan. Sáwbettiń baslı wazıypası jazıwshınıń dóretiwshiligine baylanıslı shólkemlestirilgeni menen, jazıwshı óz dóretiwshiligi emes, miynet iskerligi haqqında sáwbetlesiwdi maqul kórgen. "Ámiwdárya" jurnalında redaktor bolıp islew barısında ózi ańǵarǵan ádebiy qubılıslar, jazıwshılardıń dóretiwshilik ózgeshelikleri, 1960-1990-jıllar qaraqalpaq ádebiyatı jóninde óziniń pikirlerin ashıq bildirgen. Onda 1990-jıllardıń qaharmanı sıpatında huqıqıy demokratiyalıq jámiyet qurıp atırǵan, oy-sheńberi pútkilley jańalanǵan, ózin, ózligin tanıǵan 90-jıllardıń áwladların kórsetedi. Sonıń menen birge, 1990-jıllar ádebiyatı haqqında bılayınsha pikir bildiredi: "Házirshe ózbek ádebiyatında da, bizde de búgingi künniń tipik qaharmanları sáwlelengen iri súyekli shıǵarmalar joqtıń qası. Biraq, boladı. Sózsiz jańa dáwirdiń jańa qaharmanları ádebiyatımızdan óz ornın iyeleydi" [7, 5]. "Talantlı adamlar qálipke sıymaydı" maqalasında A.Ísmaylov penen S.Ismaylovtıń ádebiyat haqqındaǵı oyları beriledi [5, 3]. Onda ádebiyatta talant menen tanılǵan insanlardıń ornı barqulla biyikte, dóretiwshilik párwazı bálent ekenligi aytıladı. Bunday insanlardı bir qálipke tayanıp, dóretiwshilik ete almaydı. Sheklewler erkin pikir júrgiziwge tosqınlıq qıladı degen túsinikti ashıq bayanlaydı.

Ádebiy sáwbetler tek jergilikli shayır-jazıwshılar menen ǵana emes, tuwısqan xalıqlar ádebiyatı wákilleri menen de ótkerilgen. Bunda T.Qayıpbergenov dóretiwshiligi siyasiy ǵayratker bolǵanlıǵı hám keń mashtabtaǵı ekologiyalıq problemanı kóteriwi, túrkiy xalıqlar ata tegi haqqında máselelerdi kóbirek súwretlegenligi ushın dıqqat orayda boldı. Onıń ideya-tematikalıq ózgesheligi basqa ádebiyat wákilleriniń itibarın ózine qaratıp, sáwbet etilgen. "Ózbekiston adabiyoti va sanati" gazetasınıń 1996-jıl 5-yanvar sanında T.Qayıpbergenov penen M.Mirzanıń ádebiy sáwbetinde jazıwshınıń jańa romanı "Qálbimniń qamusı" haqqında pikirlesildi. Maqala "Jańa jılda jańa roman menen" dep ataladı. Onıń qaraqalpaqsha awdarması baspasóz betinde shıqqan. Onda kóterilgen máselelerge jazıwshı óziniń pikirlerin bildire otırıp, túrkiy xalıqlardıń tili, mádeniyatı hám sol dáwirdiń imkaniyatları haqqında sóz boladı. Sáwbet janrdıń talabına say, kiris soraw berilip, jazıwshınıń jańa jılǵa jańa sátli qádemi menen baslanǵan. Jazıwshınıń jańa romandı dóretiw maqseti kórsetilgen: "Ótiw dáwirinde bolǵan qıyınshılıqlardı kimlerdur túsinip, kimlerdur túsinbey atır. Bul haqqında rasın aytıw kerek. Mine usılar tásirinde men "Gúbirli-sıbırlılardan dúzilgen "reportaj-esse" degen shıǵarma jazdım. Bul shıǵarma "Qálbimniń qamusı" dep ataladı. Bul úlken bir roman boldı, ómirimizdiń barlıq mayda-shúydesine toqtadım" [6, 3]. Bunda jazıwshı qaraqalpaq xalqınıń tarıyxına tereń oy juwırtıp, túrkiy xalıqlardıń burıńǵı turmısın jarıtıp beriw ushın kóp izlengenligin sóz etken. Usı ádebiy sáwbet materialların úyreniw arqalı bul shıǵarmalardaǵı shınlıqtıń bir ushın biliw múmkinshiligi jaratıladı. Mine sonıń ushında ádebiy sáwbetler arqalı jazıwshınıń negizgi shıǵarmadaǵı aytajaq oy-pikirleri, ideyası ashıladı.

"Insanǵa ayna tutqan ádebiyat haqıyqatdur" maqalasında T.Qayıpbergenov penen ózbek ádebiyatshı ilimpazı Sh.Botaev ortasındaǵı sáwbet berilgen. Ol "Yozuvchi" gazetasınıń 1997-jıl 8-oktyabr sanınan awdarılıp, "Qaraqalpaqstan jasları" gazetasında jarıq kórgen. Onda túrkiy xalıqlar ádebiyatı máseleleri menen ádebiyat hám turmıs shınlıǵı haqqında jazıwshınıń oy-pikirleri bayanlanǵan. "Jazıwshı degende, álleqanday pikirdi qaǵazǵa túsiriwshi bir adamdı túsinbew kerek. Jazıwshı xalıq kewliniń bayanlawshısı, onıń dártlerin, quwanıshları súwretlewshisi bolıwı tiyis" – dep jazıwshılardıń wazıypasın kórsetip ótken [3, 7]. Shınında da, jazıwshı dóretiwshiliginde tek kórkem qıyal emes, xalıq turmısı haqıyqatlıǵı da súwretleniwi kerek.

Juwmaqlap aytqanda, ádebiy sáwbetler sáwbet janrı talaplarına juwap beredi. Olarda pikir erkinligi, logikalıq izbe-izlik saqlanǵan. Bul dáwirde kóbirek, dáwir hám ádebiyat máseleleri sóz etilgen. Jazıwshılardıń siyasiy ózgerislerdi durıs qabıllap, túrlishe qatnas jasawı, házirgi ádebiy process haqqındaǵı oy-pikirleri ádebiy sáwbette erkin bildirilgen.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Allambergenov K. Qaraqalpaq ádebiyattanıwı hám ádebiy sın tarıyxı. – Toshkent: Yosh avlod matbaa, 2021.
2. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.
3. Ботаев Ш. Инсанға айна тутқан әдебият ҳақыйқатдур!// "Қарақалпақстан жаслары", 6-ноябрь, 1997. №45.
4. Járimbetov Q., Nurjanov P., Kaniyazova J. Qaraqalpaq ádebiyattanıwı hám ádebiy sın tarıyxı. – Toshkent: Yosh avlod matbaa, 2021.
5. Исмайлов С. Талантлы адамлар қәлипке сыймайды// "Жас Ленинши", 16-ноябрь, 1991. №137.
6. Мирза М. Жаңа жылда жаңа роман менен // "Қарақалпақстан жаслары", 18-январь, 1996, №2.
7. Халмуратов А. Жетписке келмеген ким бар?// "Еркин Қарақалпақстан", 21-октябрь, 1999. №125.
8. Өтепбергенов А. Ҳәзирги әдебиятымыздың аўҳалы қалай?// "Еркин Қарақалпақстан", 15-апрель, 1993.


## ТҮРКИ СУЎПЫЛЫҚ ДӘСТҮР ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ: ХОЖА АХМЕТ ЯССАЎИЙ ТӘЛИЙМАТЫ МЫСАЛЫНДА


**Ҳәмзеев Ә.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис қаласы*


Уллы улама, түрки халықлардың руўхый устазы, данышпан Хожа Ахмет Яссаўий өзиниң өлмес мийраслары менен тарийхта өшпес из қалдырған классик шайыр болып табылады. Кешеги кеңес дәўириниң идеологиялық шеклеўлери бабамыздың тарийхын ҳәм баҳалы шығармаларын илимий изертлеўлерден узақластырғаны менен, халықтың мәнаўий естелигин өширип жибере алмады. Жүрек көзи ашық ата-бабаларымыз бенен кеўил сандығы ояў әжелеримиз күни кешеге дейин оның муқаддес исмин ҳәм ҳикметлерин ядқа билип, әўладтан-әўладқа жеткерип келди.

Яссаўийдиң туўылған жери — Сайрам қаласы болса, оның илим жолында кәмиллик дәрежесине көтерилген топырағы — муқаддес **Түркистан** болып табылады. Бул әжайып қала ҳаққында уллы шайырларымыз «Ата журтым — Түркистан» деп мақтаныш пенен жырлаған.

Қарақалпақ әдебияты тарийхында суўпылық дәстүр Яссаўий дәўиринен баслап бирнеше әсирлик кезеңди қамтып, жәмийеттиң диний, этикалық ҳәм мәдений турмысында фундаментал роль атқарды. Яссаўий тәлийматы қарақалпақ шайырлары дөретиўшилигиниң мәнаўий бағдарын белгилеп, инсаныйлық, руўхый пәклик ҳәм ҳақыйқатқа умтылыў сыяқлы универсал қәдриятларды жайыўда тийкарғы қайнар көз болып хызмет етти.

Қарақалпақ шежирелерине нәзер салсақ, Хожа Ахмет Яссаўий тулғасының миллий болмыс пенен тығыз байланысқанлығын көремиз. Ж. Муратбаевтың мағлыўматларына қарағанда, Яссаўийдиң анасы ҳәм өмирлик жолдасы Қарақалпақтағы қытай қәўиминиң қызы болғанлығы, сондай-ақ оның әўладларының қарақалпақ руўлары менен куда-андамалық қатнасықлары халықлық шежирелерде кеңнен сәўлеленген [1,49]. Бул фактлер Яссаўий мийрасының қарақалпақ халқы ушын тек диний емес, ал туўысқанлық-миллий жақтан да жақын екенлигин тастыйықлайды. Яссаўий дөретиўшилигинде **тасаўўуп тәлийматы** — шығарманың өзек мазмунын қурайды. Ол суўпылықты тек схоластикалық диний билим емес, ал инсан қәлбин тазартыўшы ҳәм оны Хаққа жақынластырыўшы әмелий турмыс тәжирийбеси сыпатында көрсетти. «Дийўаны ҳикмет» — түрки тиллес халықлар әдебиятындағы суўпылық бағдардың дәслепки үлгиси болып, оның мазмунында Аллаға болған шексиз муҳаббет, Пайғамбар сүннетине садықлық, социаллық теңлик ҳәм нәпси менен гүрес идеялары жәмленген. Ҳ. Ҳамидий атап өткендей, Яссаўий өз

идеяларын көркем поэзиялық үлгилер — ҳикметлер формасында жырлап, халық арасында үгитлеген [2,64].

Яссаўийлик тәлийматының қарақалпақ әдебиятына сиңисиўиниң тийкарғы концептуал бағдарлары төмендегилерден ибарат:

1. **Руўхый пәклик ҳәм этика:** Инсанның өз нәпсиси менен гүресип, мәнаўий ҳадаллыққа ерисиўи.

2. **Илаҳый муҳаббет ҳәм социаллық хызмет:** Халыққа хызмет етиўди Аллаға муҳаббеттиң әмелий көриниси сыпатында таныў.

3. **Ҳақыйқатқа умтылыў:** Дүньяўий өткинши мәплерден ўаз кешип, мутлақ ҳақыйқатты излеў.

Халық аңызларында қарақалпақлардың Түркистаннан көшиў ўақыялары Хожа Ахмет Яссаўий мазары менен байланыстырылыўы, оған «медеткер пир» сыпатында исеним билдирилиўи — бул тәлийматтың халық санасына каншалықлы терең сиңгенлигиниң дәлийли. К. Мәмбетов атап өткендей, Яссаўийлик тәлийматы философиялық ой-пикирлерди қарапайым түрки тилде, жыр формасында жеткериўи арқалы Орайлық Азия руўлары арасында тез қабыл етилген [3,43].

Қарақалпақ әдебиятында Яссаўий излери тек диний мазмун менен шекленбей, ал әўлийелер культи, «бенде болмақ — хызмет қылмақ» концепциясы ҳәм нәпси тәрбиясы мотивлери арқалы классик поэзияның көркемлик тийкарын қәлиплестирди [4,77]. Қарақалпақ шайырлары тәўбе, истиғфар ҳәм руўхый тазарыў идеяларын өз шығармаларына өзек етип алып, Яссаўий дәстүрлерин миллий топырақта раўажландырды.

Қайғы-мийнет болды ярым,
Шықмас көңилдин ғубарым.
Кеше күндиз аҳыў-зарым,
Қалыбман ҳайран ишинде [5,43].

Әжинияз шайыр бул қосық қатарларында Аллаға муҳаббет сезимин жырлайды. Бунда руўхый тазарыўға умтылып, Аллаға жетиў ышқы бир сәтке де тоқтамайды. Ол түнде де күндизде өз ашығына жетиў қайғысында жүреди. Және ол өзи бул ашықлық ҳалына түсинбей шарасыз аң-таң болады. Бул – руўхый ҳал менен өмир мәнин излеўдиң көриниси. Шайырдың шығармасы суўпылық руўхый ойлар менен суўғарылып – қайғы арқалы ишки жан дүньясы тазарып, ҳақыйқатқа жетиўин аңлатады. Буннан келип шығатуғын жуўмақ Әжинияз шайыр Яссаўий жолы менен жүргенлиги оның ҳикметлеринен нәр алғанлығы көринип турады. Яссаўий тәлийматы қарақалпақ халық дәстүрлерине де сиңип кеткен. Мәселен, той-мерекелерде айтылатуғын ибратлы сөзлерде, жыраўлардың термелеринде, дуўаларда суўпылық көз-қарасларлар сақланған. Халық арасында «пирге қол бериў», «ата-баба руўхынан медет сораў» дәстүрлери де Яссаўий дәўириндеги суўпылық-исламға сай руўхый көз-қараслар менен байланысып келеди. «Яссаўий поэзиясы өзиниң диний суўпылық исенимлерине бай шығарма. Бунда ҳәр қандай пикир дин қағыйдалары сыпатында әмелге асырылады. Онда тек дин ғана ҳәмме нәрседен үстин етип көрсетилип, ҳәр қандай кемшиликти дүзетиўши күш сыпатында бериледи» [6,75]. Сол дәўирлерде көплеген халық шайырлары өз шығармаларында суўпылық дәстүрди сақлады. Жыраўлар жырларында «пәний дүнья – өткинши», «халыққа хызмет қылмақ – Аллаға хызмет қылмақ», «тазалық – инсаныйлықтың негизги шәрти» сыяқлы пикирлерди жазып қалдырды. «Суўфийлик жолға түскенлердиң бас мақсети руўхый ҳәм жисманий тазаланыў, пәклениў арқалы, руўх пенен денени бир-бирине сәйкеслендириў арқалы кәмил инсан дәрежесине көтерилиў ҳәм ең соңында несип болса, Аллатааланың (ҳақтың) дийдарын көрмекке мүнәсип болмақ» [7,7]. «Халыққа хызмет – Аллаға хызмет» деген қағыйда тәрбияның негизи болып қалды. Жасларға нәсият ретинде айтылған ҳикметлерде дүньяға алданып қалмаў, ата-анаға ҳүрмет, жетим- ғәриплерге меҳир көрсетиў сыяқлы пикирлер көплеп нәсият етилди. Суўпылық дәстүр халықтың диний турмысында да айқын из қалдырды. Пирлерге, әўлийелерге ҳүрмет көрсетиў,

Мүнәжат ҳәм зикир рәсимлери, тәрийқат жолын тутыў дәстүрлери, бәрше суўпылық-яссаўийлик тәлийматтың ықпалында болған.

Қарақалпақ халық мәдениятындағы көп дәстүрлер суўпылық көз-қарас пенен байланысып келеди: Халық қосықларында, жыр ҳәм дастанларда суўпылық мотивлер сақланған. Нақыл-мақалларда («Дүнья – өткинши», «Ҳадал болмаған – инсан емес» киби) суўпылық түсиниклер баршылық. Халық арасында сақланған рәўиятлар, гүрриңлер де суўпылық ибратлы сөзлерден қуралған. Суўпылық дәстүр қарақалпақ халқының руўхый байлығының бир бөлеги есапланады. Яссаўий қәлиплестирген диний сабырлылық түсиниги мусылманшылықтың ең тийкарғы дурыс жолын таңлаған түркий халықлар ушын жүдә қунлы мийрас болып табылады [8,32]. Бүгинги күнде де бул дәстүр: Халық поэзиясында, диний нәсиятларда әдебият пенен мәдениятта сақланып, жаңа заманға сай бейимлесип келеди. Суўпылық тәлийматтың тәрбиялық әҳмийети ҳәзирги дәўирде де жойылған жоқ. Ол жасларды тазалыққа, ҳадаллыққа, ийманлы болыўға шақырады. Хожа Ахмет Яссаўий дөретиўшилигиндеги тасаўўип тәлийматы түрки халықларының руўхый тарийхында айрықша орын ийелейди. Оның «Дийўаны ҳикмет» китабы – суўпылық көз-қарасларды қарапайым халыққа өз ана тилинде жеткизген бийбаҳа мийрас. Яссаўий тәлийматы тек Орта Азияда, соның ишинде Қарақалпақ халқының да руўхый дүньясына терең тәсир ете алды. Қарақалпақ әдебиятында суўпылық дәстүр XVII–XIX әсирлерде жыраўлар менен шайырлар дөретиўшилигинде толық сүўретленди. Сулайман Бақырғаний, Жийен Жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ киби уллы шайырлар өз шығармаларында Яссаўий тәлийматын жалғастырып, халықты ҳадаллыққа, тазалыққа, ийманлы болыўға үндеди. Суўпылық дәстүр қарақалпақ поэзиясында тек диний мотив ретинде ғана емес, бәлки халықтың әдеп-икрамлылық, тәрбиялық ҳәм мәдений турмысын белгилеўши тийкарғы көз-қарас ретинде де хызмет етти. Соның негизинде тазалық, сабыр, қанәәт, халыққа хызмет қылыў сыяқлы баслы ўазыйпалар турды. Бүгинги күнде де Яссаўий тәлийматының тәрбиялық ҳәм руўхый әҳмийети жойылған жоқ. Қарақалпақ әдебиятындағы суўпылық дәстүр ҳәзирги заман жасларына ийманлы болыўды, ҳадаллықты, халқына ҳызмет қылыўды үйретеди. Сондай-ақ, Хожа Ахмет Яссаўий дөретиўшилигинен нәр алған суўпылық дәстүр қарақалпақ әдебиятында уллы қәсийетли мектеп есабында ҳүрметленип, халық руўхый мийрасын байытты ҳәм мәдений идентификациясының ажыралмас бир бөлегине айланды.

Хожа Ахмет Яссаўий дөретиўшилиги түркий халықлар, соның ишинде Қарақалпақ әдебиятының руўхый тийкарын қәлиплестирген классик мийрас ретинде илимий баҳаланыўы тийис. Хожа Ахмет Яссаўий өзиниң пүткил өмирин инсанды кәмилликке жеткизиўге арнаған. Ойшылдың атақлы «Дийўаны ҳикметин» де усы мақсетте дөреткен. Адам дәслеп өзин билиў соң Хақты таныў, оны шын кеўилден сүйиў арқалы кәмил инсан дәрежесине жетиў – классик шайырдың гөзлеген мақсети болған. Хожа Ахмет ҳикметлери әдиллик, мийрим-шәпәәттиң, тақўалық, ҳақыйқатлық, терең ойлаў, тазалық киби ийгиликли ислерге шақырады. Хожа Ахмет Яссаўий – тек тарийҳый ямаса диний шахс емес, бәлки путин турки халықлар руўҳый дуньясында мәңги орын ийелеген данышпан шайыр. Оның тәлийматы Қарақалпақ әдебиятының руўҳый негизине айланған. Яссаўий ҳикметлеринде суўретленген инсаныйлық, ийман, сабыр, тақўалық киби қағыйдалар Қарақалпақ әдебияты арқалы халық санасына терең сиңген. Бугинги кунде де бул тәлиймат өз актуаллығын сақлап, жәмийеттиң руўҳый руўажланыўында ҳәм кәмил инсан тәрбиялаўында хызмет етип келмекте.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Муратбаев Ж. Шежирениң шыбығы. – Нөкис: Билим, 1991; Қарақалпақ шежиреси. – Нөкис: Журналист, 1994.

2. Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.

3. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1976.

4. Мәмбетов К. Ерте дәуирдеги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: Билим, 1992.
5. Әжинияз. Таңламалы шығармалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
6. Мәмбетов К. Ерте дәуирдеги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
7. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. – Нөкис: Билим, 1998.
8. Зейбек Н.К. Қожа Ахмет Йасауи жолы және таңдамалы хикметтер. – Анкара: TDV Yayınları, 2003.

## DRAMALÍQ SHÍǴARMALARDÍ OQÍTÍW ARQALÍ DÓRETIWSHILIK PIKIRLEWDI RAWAJLANDÍRÍW

(K. Karimovtıń «Saqawat baǵı» draması mısalında)

**Tólegenov A.P.**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Nókis qalası*

Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında oqıwshılardıń intellektuallıq hám dóretiwshilik qábiyletlerin rawajlandırıw eń áhmiyetli wazıypalardıń biri sanaladı. Bul wazıypalardı ámelge asırıwda ádebiyat pániniń, ásirese dramalıq shıǵarmalardı oqıtıwdıń didaktikalıq múmkinshilikleri oǵada keń.

Dramalıq shıǵarma – bul tek oqıp shıǵılatuǵın tekst emes, al, sezim hám pikirlerdi uyǵınlastıratuǵın, oqıwshını belsendi qatnasıwshıǵa aylandırıp, turmıslıq jaǵdaylardı analiz etiwge úyretedi. Personajlardıń iskerligin, xarakterin bahalaw, konfliktlerdiń sebep hám nátiyjelerin anıqlaw – bular dóretiwshilik pikirlewdiń tiykarǵı elementleri esaplanadı.

*Maqalanıń maqseti:* ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 7-klass Ádebiyat sabaqlıǵında [1, 224] berilgen K. Karimovtıń «Saqawat baǵı» dramasın oqıtıw mısalında dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıwdıń nátiyjeli metodikalıq modelin usınıw. Sebebi «Saqawat baǵı» draması pedagogikalıq jaqtan milliy turmısımızdıń tereń qatlamların, adamgershilik máselelerin hám ruwxıy izlenislerdi kórsetip, oqıwshılarda estetikalıq hám etikalıq sezimlerdi qáliplestiriwde úlken áhmiyetke iye.

Dramalıq shıǵarmalardı oqıtıwdıń pedagogikalıq múmkinshilikleri birqansha alımlardıń miynetlerinde izertlengen. Dramalıq shıǵarmalardı oqıtıw procesinde ádebiyatshı alım B. Tursınovtıń dramaturgiya tábiyatına bergen «Drama – bul háreket ústindegi kórkem shıǵarma. Ondaǵı hárbir sóz hám remarka personajdıń ishki dúnyasın ashıwǵa xızmet etiwi shárt», - degen teoriyalıq pikiri úlken áhmiyetke iye [2, 120]. Ádebiyatshı M. Palımbetovanıń pikiri de joqarıdaǵı ilimpazdıń pikirin qollap-quwatlaydı: «…dramanı oqıtıwda oqıwshı personajdıń tańlawına dálil keltiriw, basqasha juwmaqlar oylaw arqalı óziniń pikirlew qábiletin rawajlandıradı» [3, 120].

B. Tursınovtıń túsindiriwinshe, dramalıq shıǵarmanı oqıtıwda eń baslı talap –oqıwshını qaharman menen "betpe-bet" qaldırıw hám onı sol processtiń belsendi qatnasıwshısına aylandırıw bolıp tabıladı [3]. Bul óz gezeginde oqıwshınıń dóretiwshilik pikirlewin rawajlandırıwdıń teoriyalıq tiykarı bolıp xızmet etedi.

Dramanı oqıtıw oqıwshıda birneshe qábiletlerdi bir waqıtta rawajlandıradı: jańa ideyalar tabıw, hár túrli maǵlıwmatlardı bir-biri menen baylanıstırıw, ózgeshe sheshimler izlew hám óz pikirın dálilley alıw. Bul qábiletler birlesip, oqıwshınıń dóretiwshilik pikirlewin qáliplestiredi.

K. Karimovtıń «Saqawat baǵı» dramasında miynetkesh insannıń turmıslıq gúresi, adamgershilik qádiriyatları hám jámiyetlik tosqınlıqlar súwretlengen. Shıǵarmada Amanıyaz obrazı oqıwshıda miynet, sabırlılıq hám maqsetke umtılıw haqqında tereń pikirlewdi oyatadı. Ol barlıq qıyınshılıqlardı jeńip, saqawat baǵın jaratıw arzıwınan qaytpaydı. Onıń hayalı Aydın shańaraq birliginiń hám hayal opadarlıǵınıń tımsalı, hárqıylı qıyın jaǵdayda da eriniń janında boladı. Balası Ájibay jaslarǵa úlgi bolıw, ata-ana miynetine húrmet hám iskerlikke umtılıwdı ańlatadı. Dostı Eshbay naǵız dostlıqtıń kórinisin berip, Amaniyazdı qollap-quwatlawshı. Jarımjan hayal Gúlimxan obrazı arqalı insanlar apasındaǵı óz ara járdem hám miyrimlilik, qońsıshılıq qádiriyatlar sáwlelenedi. Rayon hákimi Xoja Nazarovich byrokratlıq sistemanıń wákili bolıp, Amaniyazǵa tosqınlıq jasaydı, biraq aqır-aqıbet onıń haqlıǵın moyınlaydı.

Bayımbet bolsa óz páydasın gózleytuǵın adam obrazı. Demek, shıǵarmada jámiyettiń túrli sociallıq qatlamlarına tiyisli obrazlardı kóriwimizge boladı.

Dramada konflikt – shıǵarmanıń júregi. "Saqawat baǵı"nda konflikttiń birneshe túrleri berilgen: sırtqı – Amaniyaz hám jámiyetlik dúzim ortasındaǵı gúres; ishki – Amaniyazdıń ózindegi shıdamlılıq hám úmitsizlik ortasındaǵı gúres; filosofiyalıq – miynet hám tuwrılıq, dúnya, mal-múlk hám insanıylıq paziyletler ortasındaǵı qarama-qarsılıq. Bul kóp qatlamlı konflikt oqıwshını tek analiz etip qoymastan, oy júrgiziwge hám baha beriwge shaqıradı.

Shıǵarma personajlarınıń pedagogikalıq jaqtan áhmiyeti sonda: olar bir tárepleme emes, al ómirde, hár qıylı turmıslıq jaǵdaylarda ózgerip, rawajlanıp barıwshı personajlar. Bul oqıwshıǵa olar tuwralı bir pikir menen sheklenbesten, kóp túrli kózqaraslar baǵdarında oy júrgiziwge imkan beredi.

«Saqawat baǵı» dramasınıń birqansha epizodları dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıw ushın ayrıqsha qolaylı:

Birinshi – Amaniyazdıń hákimge barǵan saxnası. Bul saxna oqıwshılarǵa soraw qoyadı: Amaniyaz haqlı ma, hákim haqlı ma? Juwap tabıw ushın oqıwshı personajlardıń dialogların, motivlerin hám iskerligin analiz etiwi kerek.

Ekinshi – Amaniyazdıń sheshim qabıl etiw saxnası. Personajdıń qıyın jaǵdayda byrokratlıq tosqınlıqlarǵa qaramastan maqsetine umtılıw momenti oqıwshılar ushın eń kóp talqılaw payda etetuǵın epizod. "Men onıń ornında ne islegen bolar edim?" degen soraw oqıwshını óziniń qádiriyatların bahalaw jaǵdayına qoyıp, dóretiwshilik pikiplewge majbúr etedi.

Úshinshi – juwmaqlaw saxnası. Amaniyazdıń "Qaharman" ataǵına miyasar bolıwı miynet hám sabırlılıqtıń jeńisi. Bul saxna oqıwshıda óziniń kózqarası menen shıǵarmanı bahalaw hám ózinshe juwmaq shıǵarıw imkanın beredi.

Dramanı oqıtıwda tómendegi metodikalıq usıllar ayrıqsha nátiyje beredi:

1. Rolge kirisiw usılı: Oqıwshılar personajlar rollerinde sóylesedi. Bul usıl arqalı olar personajdıń ishki dúnyasın tereń túsinip, onıń sezimlerin óz basınan ótkeredi. Mısalı, tiykarǵı qaharmanlardıń dialogın saxnada kórsetip, keyin olar basqasha sóylew múmkinligin qollanıp kóriw oqıwshıda dóretiwshilik hám empatiya qábiletlerin rawajlandıradı.

2. Alternativ juwmaq usılı: Oqıwshılarǵa shıǵarmanıń belgili bir saxnaları yamasa juwmaǵı ózgertirilse ne bolar edi degen soraw qoyıladı. Mısalı: "Eger aldıńǵı sheshim ózgeshe bolǵanda ne ózgeredi?" Bul soraw oqıwshını jańa perspektivadan oy júrgiziwge hám óziniń pikirlew jaǵdayın keńeytiwge majbúr etedi.

3. Personajǵa xat jazıw: Oqıwshılar dramanıń belgili bir personajına xat jazadı. Bunda olar personajdıń iskerligin bahalaydı, óz kózqarasın bildiredi. Bul usıl oqıwshınıń jazba shıǵarmaǵa qábiletlerin arttıradı, hám analitikalıq, hám kórkem jazıw qábiletlerin rawajlandıradı.

4. Tribunal usılı: Oqıwshılar personajdıń iskerligin "sot" formasında talqılaydı. Birewleri ayıplawshı, birewleri qorǵawshı, birewleri hákim bolıp, shıǵarmanı hár tárepten analiz etedi. Bul usıl oqıwshınıń logikalıq dálillew, óz kózqarasın dálilley alıw hám qarım-qatnas qábiletlerin rawajlandıradı.

Bul usıllar birlesip qollanılǵanda, oqıwshılardıń dóretiwshilik pikirlewi hám oy júrgiziwi sezilerli dárejede rawajlanadı.

Juwmaqlap aytqanda, K. Karimovtıń «Saqawat baǵı» draması mekteptiń ádebiyat sabaqlarında dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıw ushın ayrıqsha qunlı pedagogikalıq material. Shıǵarmanıń tereń konflikti, kóp qatlamlı qaharmanları hám milliy qádriyatları oqıwshını analiz etiw, basqa insannıń sezimin túsiniw hám óziniń dóretiwshilik qábiletlerin kórsetiw ushın zárúrli sharayat jaratadı.

Rol oyını, alternativ juwmaq, personajǵa xat jazıw hám tribunal usılları arqalı oqıwshılar tek ádebiy bilim almastan, ómir haqıyqatlıqların tereń ańlaydı, empatiya hám oy júrgiziw qábiletlerin rawajlandıradı. Bul usıllar zamanagóy bilimlendiriwdiń tiykarǵı talabına oqıwshını dóretiwshi insan etip tarbiyalaw wazıypasına tolıq juwap beredi.

Sonlıqtan mekteptiń ádebiyat sabaqlarında dramalıq shıǵarmalar, ásirese «Saqawat baǵı» sıyaqlı tereń mánili shıǵarmalar, arnawlı metodikalıq tayarlıq penen oqıtılsa, bul tálimniń hám sapalıq, hám tarbiyalıq nátiyjeliligine úles qosadı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Niyetova R., Mámbetov I., Jaqsımova G. Ádebiyat: 7-klass ushın sabaqlıq. – Tashkent, 2022.
2. Tursınov B. Házirgi dáwir, drama hám ayırım máseleler. – Nókis: Qapaqalpaqstan, 1991.
3. Palımbetova M.J. Ǵárezsizlik dáwiri Qaraqalpaq dramaturgiyası. – Tashkent, 2023.


## LIRIKADAǴÍ SYUJET MÁSELESINIŃ ÚYRENILIW TARIYXÍNAN


**Daniyarova G.P.**

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis qalası*


Lirikalıq syujet túsiniginiń ádebiyat teoriyasında alıs tariyx hám quramalı basqıshlarına iye. Lirikada syujet máselesine kóplegen qarama-qarsılıqlı pikirler bar. Bul túsinik haqqında Aristotel zamanınan baslap tilge alınǵan bolıwına qaramastan, ilimpazlardıń dıqqat itibarına XX-XXI ásirde ǵana túse basladı. Tap usı dáwirlerden baslap "syujetsizlik teoriyası" degen túsinik alǵa súrile basladı. Buǵan sebep sıpatında "syujet" kategoriyasınıń tar hám dálilsiz sıpatlaması, hám ádebiyattanıw teoriyası nızamlıqlarına súyenbegen halda qabıl etken qararları házirgi kúnde de kóplegen ilimpazlardıń da usı baǵdarlardı tańlawına sebepshi bolıp kelmekte.

Bul sıyaqlı kóz qaras, baǵdarlar lirikalıq syujet máselesin izertlewde keri tásirin tiygizip, óz gezeginde lirikalıq shıǵarmanıń dúzilisine, onıń quram bóleklerine, áhmiyetine, syujet tipologiyası hám lirikada fabula máselesin anıqlawda da qıyınshılıq tuwdıradı.

Lirikada syujet máselesiniń sóz etiliw tariyxına názer awdarǵanımızda, Aristotel zamanında da bul túsinik haqqında hár qıylı kóz qaraslar bar edi. XX ásirdiń dáslepki on jıllıǵında teoretik alımlar syujet barlıq shıǵarmaǵa tán degen pikirde edi. Máselen, A.N.Veselovskiy «Poetika syujetov» ilimiy jumısında syujet hám motiv terminlerine tereń ilimiy túsinik bergen [4, 362-363]. Ilimpaz lirikadaǵı syujettiń specefikası haqqında maǵlıwmat bermedi, biraq onıń syujet hám motivti kórkem ádebiyatqa tán bolǵan obrazlılıqtan keltirip shıǵarıwı lirikalıq syujetti tán alıwı dep qarasaq boladı. A.N.Veselovskiydiń kóz qarasların ukrainalı teoretik alım A.I.Beleckiy de qollap quwatlaǵan. Ol "Taza lirikada háreket jıyıntıǵı mánisindegi syujet joq, tek ǵana motivler hám temalar bar" – dep jazadı [3,342], al, "motiv bolsa – bayanlaw xarakterine iye bolǵan gáp" [3, 332]. Bul pikirlerden biz lirikada da syujet bar, biraq epos hám dramaǵa salıstırǵanda ózgeshe kóriniske iye degen juwmaqqa kelemiz. Bul kóz qarastaǵı ilimpazlardan, F.V.Gladkov, V.I.Kuleshov, M.Gin, M.S.Kagan sıyaqlı ilimpazlar da óz teoriyalıq pikirlerin keltirip ótti.

Biraq lirikadaǵı syujet máselesine qarsı pikirdegi teoretik alımlar da bar edi. Máselen, M.Gorkiy syujetke bılay pikir bildiredi, "baylanıslar, simpatiya, antipatiya, adamlardıń bir-biri menen qarım qatnası, xarakterdiń rawajlanıw dárejesi"[5,215] – degen túsinik bildiredi. Yaǵnıy, adamlardıń bir-biri menen qarım-qatnası, olardıń xarakteriniń rawajlanıw tariyxı joq lirika syujetsiz degen túsinik kelip shıǵadı. Bul pikirdi qollap-quwatlawshı ilimpazlar L.I.Timofeev, G.N.Pospelov siyaqlı ilimpazlar edi.

Teoriyalıq bilimlerdiń rawajlanıwı nátiyjesinde biz lirikada syujet bar ekenligin túsinip jettik. Lirikadaǵı syujet epikadaǵı syujetten ózgeshe ekenligin kóriwimizge boladı. Eger de eposta syujet personajlardıń sırtqı qarım-qatnasları, is-háreketleri arqalı ámelge asatuǵın bolsa, lirikada sezimlerdiń rawajlanıwınan, emociyanallıq jaǵdaydıń ózgeriwinen, ishki konfliktten, oylardıń associativlik háreketinen kóriniwi múmkin.

Solay etip, lirikadaǵı syujetlilik ishki psixologiyalıq xarakterge iye bolıp onıń tiykarı háreket emes, al ishki keshirmeler esaplanadı. Jáne de, syujetliliktiń júzege shıǵıwında álbette, kórkemlew quralları áhmiyetli esaplanadı. Sonı da ayrıqsha aytıp óztiw lazım, lirikadaǵı

syujetlilik máselesi shıǵarmanıń ishki dúnyasın ashıwda xızmet etetuǵın lirikalıq subyekt túsinigi menen tıǵız baylanıslı.

Demek syujet túsinigi haqqında ilimpazlardan: Aristotel, V.Shkalovskiy, B.Tomoshevskiy óz pikirlerin bildirgen bolsa, al, lirikadaǵı syujet máselesine Yu.Lotman, M.Baxtin, B.Eyxenbaum, L.Ginzburg sıyaqlı ilimpazlar da pikir bildirgenligin kóriwimizge boladı.

Bul pikirlerdi dawam etiwshilerden V.Lesina hám A.Pulinica "Syujet bul – personajlar arasındaǵı qarım-qatnas hám konfliktler, jazıwshınıń personajlardıń xarakterin ashıwǵa qaratılǵan waqıyalar" dep jazadı [407]. 1985-jılı V.Lesinanıń «Литературоведческий термины» kitabı baspadan shıǵadı, ol bul kitabında lirikadaǵı syujetlilik haqqında anıqraq maǵlıwmat beredi. Avtor lirikalıq syujet ushın áhmiyetlisi sırtqı waqıya hádiyse emes, al, ishki kewil-keshirme ekenligin aytadı. Bul keltirilgen pikirdi dawam etiwshilerden biri G.L.Abramovich, syujet terminin anıqlastıra otırıp, lirikada syujet bar degen sheshimge keledi. Ol "Ómirdiń hár qıylı qarama-qarsılıqlarınıń rawajlanıw kórinisi bul syujet" [2,118] – dep pikir bildiredi. Avtor bul orında syujet terminin túsindiriwde "háreket" hám "rawajlanıw" sózlerin qollanadı.

Solay etip lirikadaǵı syujet máselesine arnalǵan tartıslı pikirler házirgi kúnge shekem dawam etip kelmekte. Buǵan eń tiykarǵı sebeplerdiń biri sıpatında alımlar ádebiyattıń úsh túriniń (lirika, epos, drama) jeterli dárejede izertlenbegenliginde dep biledi [6,17]. Sonıń menen bir qatarda izertlewdiń metodologiyalıq tiykarlarınıń durıs belgilep alınbaǵanlıǵında ekenliginde jasırmaydı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Абрамович Г.Л. Введение литературоведение. – М.: Учпедгиз, 1961.
2. Абрамович Г.Л. Введение литературоведение. – М.:Просвещение, 1979.
3. Білецкий О. Зібрання праць в п'яти томах. – К.: Наукова думка, 1966.
4. Веселовский А.Н. Поэтика сюжетов // Хрестоматия по теориии литературы. М.: Просвещение, 1982.
5. Горький М. Собр. Соч.: в 30 т. – М.:Худож. литература, 1953.
6. Полежаева Т.В. Сюжет в лирике: целостно-системный подход //Уральский филологический вестник №3. 2016.

# KÚLKI ARQALÍ TÁRBIYA: BALALAR ÁDEBIYATÍNDA YUMOR HÁM SATIRANÍŃ ORNÍ

**Esbosinova D.J.**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Nókis qalası*

Ádebiyattanıw ilimi hám ádebiyat teoriyasınan bizge málim, yumor hám satira – ekewi de kúlki arqalı insanlardı oylandırıw, jámiyettegi unamsız illetlerdiń ústinen kúliw, balalardıń erkin pikirlew qábiletin rawajlandırıw, turmısta júz berip atırǵan waqıya hám hádiyselerge óz múnásibetin bildiriwde áhmiyetli bolǵanı menen, yumor hám satira bir-birinen janrlıq qásiyetleri boyınsha ózgeshelendi.

Yumor – bul kúlkili waqıyalar, personajlar yáki sóz oyınları arqalı kóterińki keypiyat oyatsa, satira – bul kúlki arqalı sınǵa alıw, jámiyettegi unamsız jaǵdaylar yamasa ayırım insanlardıń jaǵımsız illetlerin kórsetiw arqalı bayanlaw esaplanadı. Qaraqalpaq xalqı kúlkini eki baǵıtta durıs paydalana bilgen, – degen edi qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde yumor hám satira máselesinde arnawlı túrli izertlew alıp barǵan ilimpaz Y.Paxratdinov. Birinshisi, quwanıshlarǵa, jaqsı, ádalatlı islerge, toy-merekelerde, shadlı oyın-zawıqlarda xalqımızdıń kewil qurshın qandırǵan. Ekinshisi bolsa, teńsizlikke, ádalatsızllıqqa, zalımlıqqa, zulımlıqqa usı sıyaqlı jaman illetlerge qarsı qollanılǵan. Xalıq joqarıdaǵı qılmıstıń qay birin islese de ol adamǵa jek kóriwshilik penen qaraǵan. Sonlıqtan kúlkiniń bul ekinshi túri satira esaplanadı [1,44].

Ádebiyattanıw atamalarınıń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózliginde yumor hám satira terminlerine tómendegishe túsindirme beriledi: «Satira (grekshe *satira* – masqaralaw,

ájiwalaw mánisinde) – turmıstaǵı unamsız nárselerdi keskin túrde qaralap, ájiwalap kórsetiwshi kórkem súwretlew usılı. Satira jay ǵana sınaw, adamnıń kemshiligin mázi ǵana ápiwayı súwretlew emes, al, Belinskiy aytqanınday, qaynaǵan ǵázeptiń pátli energiyası, shaqmaqtıń otı bolıwı kerek.

Yumor (latınsha *humor* – dálkek, kúlki mánisinde) – turmıstaǵı geypara qolaysız momentlerdi kúlki arqalı súwretlew usılı. Kóbinese ádebiy shıǵarmalarda satira hám yumor bir-biri menen aralasıp júrse de, yumor jeńil kúlkige qurılǵan, ol satira sıyaqlı nishterlemeydi, biraq ekewi de turmıstaǵı qolaysız nárselerdi dúzetiwge qaratıladı» [2,186]. Ilimpazlardıń bildirgen bul túsindirmelerine súyene otırıp, yumor menen satira arasına bir úlken diywal qoymawımız kerek degen juwmaqqa kelsek boladı. Sebebi, olar ekewi de kórkem ádebiyattıń barlıq janrlarında poeziyada, prozada hám dramaturgiyada keń túrde qollanıladı, ekewiniń maqseti de bir – yaǵnıy kúlki arqalı turmıstı bayanlaw.

Ózbek ádebiyattanıw iliminde balalar ádebiyatındaǵı yumor hám satira máselesi bir qatar ilimpazlardıń izertlew obyektine aylanıp úlgergen. Ayırım izertlewshiler yumor balalar ádebiyatın kórkemlik jaqtan bayıtıwshı qural dep esaplasa, ayırımları «Satira balalar ádebiyatı ushın kerek pe?» degen sorawǵa juwap izleydi. Ózbek balalar poeziyasında yumor hám satira máselesine arnawlı túrde toqtap ótken ilimpaz G.Jurayeva yumor menen satira arasındaǵı ózgeshelikleri haqqında óz pikirlerin alǵa súredi: «Kúlki – biyǵárez hám quwnaq sıpatqa iye bolıwı, tek masqaralap emes, jeńil eskertiwshi, erkeletiwshi sıpatları bar, sonlıqtan kúlki oyatıwshı dóretpeler eki toparǵa – yumorlıq hám satiralıq shıǵarmalarǵa ajıratıp úyreniledi. Biraq olar arasına «qıtay diywalı»n qoyıwımız shárt emes» [3,17]. Ilimpaz óziniń doktorlıq hám kandidatlıq dissertaciyalarında balalar ádebiyatındaǵı kúlkini jaratıwshı súwretlew usılları bolǵan yumor hám satira máselelerine ayrıqsha túrde toqtap ótedi.

Ózbek ádebiyattanıw iliminde yumor hám satiranıń ózgesheliklerine D.Qurbonov, Z.Mamajonov, M.Sheralieva tárepinen basıp shıǵarılǵan «Adabiyotshunoslik luǵati»nda tómendegishe túsindirme beriledi: «Satiranıń yumordan parqı sonda, ol óz obyektinde ayırım nuqsanlar, óz ornına qoyıwǵa bolatuǵın qáte-kemshiliklerdi emes, bálkim pútkilley sınǵa alınatuǵın, jámiyet hám onıń rawajlanıwı ushın zıyan tiygizetuǵın qáwipli illetlerdi kóredi. Usıǵan tiykar, satira dúzetiwdi emes, pútkilley joq etiw maqsetin qoyadı. Yumor bolsa kórkem shıǵarmada insanlar, waqıya-hádiyseler ústinen jeńil , biyǵárez kúliw. Yumorda kúlki ashıq-aydın kórinedi». Eki tomlıq «Adabiyot nazariyası»nda tómendegishe pikirler alǵa súrilgen: «Yumordıń satiradan parqı sonda, ol málim sociallıq hádiyseni pútkilley joq etiwdi emes, bálkim ondaǵı kemshiliklerdi azaytıw, joq etiw menen onı ele de jetilistiriwge baǵdarlaydı. Yumor arqalı insanlar ǵázepli túrde masqara etilmeydi» [4,312]. Búgingi kúnge kelip yumorlıq obrazlar arqalı jámiyettegi ótirik sóylew, erinsheklik, ashkózlik sıyaqlı unamsız illetlerdi balalar tábiyatına say túrde jetkerip beriw, insanlardaǵı tábiyatqa, janlı jániwarlarǵa bolǵan miyrimsiz múnásibetin ashıp beriw arqalı balalarǵa tárbiya beriw balalar ádebiyatınıń baslı maqsetine aylandı.

Balalar ádebiyatındaǵı yumor hám satira óz tábiyatına kóre, ulıwma ádebiyattaǵı yumor hám satiradan málim dárejede ajıralıp turıwshı ózine tán ózgesheliklerine iye. Bul ózgeshelikler eń birinshi gezekte balalar ádebiyatında kúlki payda etiwshi súwretlew qurallarınıń individual formada sáwleleniwinde hám jas kitap qumarlardıń jas ózgesheliginiń esapqa alıwında kózge taslanadı. Balalar tábiyatına say bolǵan tapqırlıq, shoqlıq, házilge jaqınlıq yumorlıq súwretlewlerdi payda etiwshi qurallar esaplanadı.Yaǵnıy, onda balalarǵa tán bolǵan tuyǵılar, erkelikler, arzıw-úmitler, ideyallar óz sáwleleniwin tabadı. Satirada ayawsız sın pikir bolǵanı ushın da bul balalar ádebiyatında kem ushraydı. Shayır balalar tárbiyası, minezdegi ayırım kemshiliklerdi basqa deneler, haywanlarǵa kóshiriw arqalı jeńil kúlki járdeminde olardı sın pikir etedi. Tiykarınan, dramalıq túrge tiyisli komediya janrınıń tiykarında da sın pikir, baxıtsızlıqlar ústinen kúliw, olardı keskin qaralaw jatadı. Biraq bunı jámiyet hár zamanda da túsine bermegen, usınıń sebepinen de kúlki quralı ádebiyattaǵı eń názik, sonıń menen birge, eń ótkir qural esaplanadı. Kóbinese, balalarǵa onıń túpkilikli mánisin jetkiziw eki márte quramalı, sebebi bala ruwxı ele jas. Ol kórgen hám esitken zatına isenedi, astarlı sóz, ósek sıyaqlı sóylesiw arqalı sın

pikirlerdi de jaqsı túsinbeydi, sóz dizbekleri, súwretleytuğın waqıyalardıń da bas mazmunın sózbe-sóz qabıl etedi. Dóretpelerdiń mánisinde birewdiń ústinen kúliw emes, bálki oğan uqsap qalmaw, sol jağdaydı yamasa jaman ádetten waz keshiw áhmiyetliligi sıyaqlı shaqırıqlar jatırğanlığın tolıq jetkerip bere alıw, dóretpe aqırında juwmaq formasında tuwrı húkim beriw shayırdıń sheberligine baylanıslı boladı.

Ulıwma alğanda, balalar ádebiyatı ushın yumor hám satiranıń ornı bólek. Ol balanı tek ğana kúldirip qoymastan, tárbiya, pikirlew hám keń dúnyaqarasınıń qáliplesiwine xızmet etedi. Eń dáslep, kúlki arqalı turmıstı bayanlawshı yumor balalardı kitap oqıwğa qızıqtıradı. Qurğaq aqıl-násiyattan kóre kúlkili waqıyalar yáki qızıqlı is-háreketlerdi óz boyında jámlegen obrazlar arqalı berilgen ideyalar balalarğa tezirek jetip baradı. Sonday-aq, yumor – balanıń oylaw qábiletiniń, sanasınıń rawajlanıwında ayrıqsha tásir quralı. Sebebi, yumordı túsiniw ushın bala berilgen waqıyanı yamasa obrazdı óz oy eleginen ótkeredi, óz betinshe azalizleydi, ondağı jasırın mánilerdi túsinip jetedi. Bul arqalı balanıń pikirlew qábileti rawajlanadı. Sonıń menen birge balalar ádebiyatında yumor óz ornında bolıwı kerek. Júdá keskin satira yamasa qopal qollanılğan háziller qollanılmawı kerek. Sebebi, balalar ádebiyatı bala kewli sıyaqlı «girbińsiz, pák ádebiyat» esaplanadı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Пахратдинов Ю. Өмирбек лаққы ҳәм юмор-сатира мәселесине. – Нөкис; «Қарақалпақстан», 1992.

2. Ахметов С., Ж.Есенов Ж., Жәримбетов Қ. «Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги». – Нөкис; «Билим», 1994.

3. Жураева Г. Ўзбек болалар шеъриятида ҳажвия (XX-XXI аср материаллари асосида). Автореферат. – Тошкент, 2022.

4. Адабиёт назарияси. II том. Адабий-тарихий жараён. – Тошкент; «Фан», 1979.

# MIFOLOGIYALÍQ SÚWRETLEWLERDIŃ KÓRKEM SHÍĞARMADAĞÍ TÁRBIYALÍQ ÁHMIYETI

**Yelmuratov M.M.**

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Nókis qalası*

Ádebiyattanıw iliminde kórkem shıġarmalardı izertlew procesinde shıġarmanıń pútkil insaniyat, ásirese, jas áwladlar ushın zárúr bolġan ruwxıy-tárbiyalıq áhmiyetine ayrıqsha dıqqat qaratıladı. Shıġarmanı oqıw barısında oqıwshı tek estetikalıq zawıq alıp qoymastan, onnan belgili bir tárbiyalıq juwmaqlar da shıġaradı.

Mektep sabaqlıqlarına kórkem shıġarmalardı tańlawda da shıġarmanıń pedagogikalıq hám kórkemlik talapları inabatqa alınadı hám bárinen burın, shıġarmanıń tárbiyalıq áhmiyetine tiykarġı itibar qaratıladı, yaġnıy ol oqıwshılarda ádep-ikramlılıq pazıyletler - ádillik, adamgershilik hám juwapkershilik sezimlerin qáliplestiriwge xızmet etiwi kerek.

Biziń maqalamızdıń maqseti I. Yusupov atındaġı dóretiwshilik mektebi 8-klass Ádebiyat [2, 97] sabaqlıġınan orın alġan kórkem shıġarmalardaġı mifologiyalıq súwretlewlerdiń tárbiyalıq áhmiyetin talqılawdan ibarat.

Kórkem shıġarmanıń tárbiyalıq áhmiyetin kúsheytiw maqsetinde dóretiwshiler hár túrli kórkem usıllardan paydalanadı. Ásirese, mifologiyalıq hám fantastikalıq súwretlewler oqıwshınıń qızıġıwshılıġın asırıp, dıqqatın tartıw menen birge shıġarmanıń ruwxıy-tárbiyalıq qunın da arttıratuġın áhmiyetli kórkem ádis sanaladı. Qaraqalpaq ádebiyatında T. Jumamuratov, I. Yusupov, M. Nızanov, S. Ismaylov, Ó. Ótewliev, A. Xalmuratov sıyaqlı dóretiwshilerdiń shıġarmalarında bul usıllardıń nátiyjeli qollanılġan kóriwimizge boladı.

Ásirese, A. Xalmuratovtıń «Bir aqsham» povesti mifologiyalıq súwretlewler arqalı oqıwshını tásirlendiriwi menen ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul shıġarmada mifologiyalıq obrazlar tek kórkemlik usıl sıpatında emes, bálkim tárbiyalıq ideyanı sáwlelendiriwshi tiykarġı qural sıpatında xızmet etedi.

Mifologiya máselesi ádebiyattanıwshı ilimpazlar tárepinen keń úyrenilgen. Mısalı, A. Ábdiev óz izertlewlerinde mifologiya elementleri xalıq awızeki dóretiwshiliginde, erteklerde bar bolıp, ol sońınan fantastika janrınıń qáliplesiwine tiykar bolǵan degen pikirdi alǵa súredi [1, 14]. Bunda ilimpaz mifologiyanı fantastikanıń dáslepki basqıshı sıpatında bahalaydı. J. Saǵiydullaeva bolsa biz sóz etip otırǵan «Bir aqsham» povestin tallap, shıǵarmada jaqsılıq hám jamanlıq ortasındaǵı qarama-qarsılıq mifologiyalıq syujetler arqalı ashıp berilgenine dıqqat qaratadı [3, 40]. Shıǵarmada Zevs, Ómirbek laqqı hám Shaytan sıyaqlı obrazlar rámziy-tımsallıq mazmunǵa iye bolıp, shıǵarmanıń tiykarǵı ideyalıq baǵdarın sáwlelendiredi.

Atap aytqanda, Zevs obrazı mısalında ádalat hám juwapkershilik ideyası súwretlengen. Ómirbek laqqı xalıqlıq qádiriyatlardı sáwlelendirse, Shaytan obrazı jamanlıq, jawızlıq, buzǵınshılıqtıń tımsalı sıpatında berilgen.

Sonıń menen birge kórkem shıǵarmalarda mifologiyalıq súwretlewler birneshe áhmiyetli wazıypalardı atqaradı: máselen, shıǵarmanıń sezimge tásirsheńligin arttırıp, estetikalıq, hár qıylı tımsallar arqalı mánilik xızmet hám ádep-ikramlılıq hám ruwxiy qádiriyatlardı qáliplestiriwi jaǵınan tárbiyalıq xızmetlerdi atqaradı.

Mifologiyalıq obrazlardıń eń áhmiyetli táreplerinen biri onıń tárbiyalıq xarakterge iye bolıwı. Sebebi, bunday obrazlar arqalı jaqsılıq hám jamanlıq, ádillik hám zulımlıq, insap hám juwapkershilik sıyaqlı ulıwmalıq túsinikler jas áwlad sanasına tásirsheń túrde jetkeriledi. Máselen, «Bir aqsham» povestindegi mifologiyalıq obrazlardı tómendegishe talqılaw múmkin:

**Zevs obrazınıń tárbiyalıq áhmiyeti.**

Zevs obrazı arqalı shıǵarmada ádillik, basqarıwshılıq hám juwapkershilik ideyaları alǵa qoyıladı. Ol joqarı kúsh sıpatında barlıq janzatlar ústinen basqarıwdı ámelge asıradı. Bul arqalı oqıwshıda "hár qanday háreket ushın juwapkershilik bar" degen túsinik qáliplesedi.

**Ómirbek laqqı obrazı.**

Bul obraz xalıqlıq kózqaraslardı hám milliy dástúrlerdi ózinde jámleydi. Ol arqalı oqıwshı milliy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalanadı.

**Shaytan obrazı.**

Shaytan obrazı insandı jaman jolǵa baslawshı kúsh sıpatında súwretlenip, oqıwshıǵa unamsız is-háreketlerdiń aqıbetleri haqqında eskertiw beredi. Bul obrazlar arqalı jas oqıwshılarda ádep-ikramlılıq túsinikleri– ádalat, juwapkershilik, jaqsılıq hám jamanlıq tuwralı kózqaraslar qáliplesedi.

Juwmaqlap aytqanda, mifologiyalıq súwretlewler hám obrazlar kórkem shıǵarmalarda tek estetikalıq wazıypanı atqarıp qoymay, oqıwshılardıń ruwxıy dúnyasın tárbiyalawda da áhmiyetli orın tutadı. Ásirese, jas áwladtı tárbiyalaw procesinde mifologiyalıq obrazlar arqalı berilgen ideyalardıń tásiri oǵada kúshli.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Abdiev A. Ilimiy fantastika máseleleri. – Nókis, 2015.

2. Járimbetov Q, Nurabullaev B hám basqalar. Ádebiyat (II bólim) 8-klass ushın sabaqlıq. – Tashkent, 2024.

3. Saǵıydullaeva J. Qaraqalpaq povestlerinde stillik izlenisler. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2020.

# АРТЫҚ КАРИМОВ ЭНЦИКЛОПЕДИЯСЫ: ЭТНОФОЛЬКЛОРЛЫҚ ҲӘМ ЭТНО-ПОЭТИКАЛЫҚ МИЙРАСЛАР

**Юсупов О.**
*Тарийхшы*
**Нуратдинова Л.**
*Қарақалпақстан Телерадиокомпаниясы, журналист*

ХХ әсир Қарақалпақстан этномәденияты, этнотарийхы (аўызеки тарийх), этнофольклоры (дәстанлар), этноәдебияты (халық шайырлары) ҳәм басқа да материаллық емес мәдений мийрасларын жыйнаўда, оларды сақлаў, баспадан шығарыў ҳәм илимий изертлеў жумысларын алып барыўда пидайылық көрсеткен илимпазлардың бири филология илимлериниң кандидаты, Қарақалпақстанға мийнети синген илим ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Артық Каримов (1926-2006) болды. Ол ХХ әсирдиң орталарынан баслап, өзиниң күш-жигерин, талантын ҳәм қәбилетин қарақалпақ гуманитар илимлериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына арнады.

Библиографиялық информациялар: Интрнетте – «Артық Каримов» мийраслары берилген. Ол ел аралап «төменги» ҳәм «жоқарғы» қарақалпақлар арасынан ҳалқының қатықулақ – кексе инсанларынан яднамалар, аўызеки тарийх, көркем сөз ғәзийнесин жыйнаған, өзлик ҳәм өзгелер қол жазбаларында, этно-эпослар, ретро-фотографиялар, илимий мийнетлер келешекке мийрас етип қалдырған «Артық Каримов» архиви, бийбаха мәнәўий ғазийне – мәнәўийлик энциклопедиясы болып табылады.

Бердақ атындағы «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы» мәмлекетлик музейинде Арал дияры титуль этнос қарақалпақлардың көп әсирлик мәдений мйраслары жыйналған ҳәм жыйналып атыр. Арал мәденияты контекстинде, қарақалпақ халқының өзгеше, өзгелер ҳәўес етип қарайтуғын, халқымыз тәрепинен тән алынған материаллық емес мәдений мийраслары топланған. Әдебий-мәдений музейимизде орта әсирдеги (екинши мусылман ренассанс) Ҳәзирети шайх, қарақалпақлар пири болған Сулайман (Ҳәким) ата Бақырғаний заманынан баслап Аманлық қобызшы улы Жийен жыраўға шекем мийраслар жыйналған. Еки дәрья аралығында мәдений этно-ландшафтлар да, ел-журт ишинде жасап өткен қалқаман Күнхожа маржан сөз шебери, қыят Әжинияз ахун-шайыр, қоңырат Бердақ бақсы данышпан-шайыр, мүйтен Өтеш булақ-шайыр, ахунлар нәсби Аббаз қыссахан-шайыр, Сейфулғәбит жәдидши-ағартыўшылар ҳәм басқа да кеңес заманының халық жазыўшы-шайырларының мийраслары топланып атырған илаҳий әдебий музей үлкен мәнәўий байлық болып табылады.

«Артык Каримов» архиви усы кийели муҳаддес орында сақланған. ХХ әсир Қарақалпақстан этномәденияты, этнотарийхы (аўызеки тарийх), этнофольклоры (дәстанлар), этноәдебияты (халық шайырлары) ҳәм басқа да материаллық емес мәдений мийрасларын жыйнаў ҳәм жәмийетшилик дыққатына сазаўар етиўде нелер топланған: Биринши гезекте, **Артық Каримовтың жазба мийрас дереклери:** А.Каримов: «Әдебиятымыздың гейпара мәселелери ҳаққында ойлар» атамасындағы әдебий-критикалық мақалалар топламының қолжазбасы 60 бет, «Муҳаббатнама» шығармасы 29 бет, «Ормамбет бий толғаўы» 24 бет, «Әийемги әдебий естеликлер» 40 бет, «Күнхожа ҳәм фольклор» атамасындағы илимий жумысының қолжазбасы, «Жаңылтпашлар» 21 бет, «Қарақалпақша «Муңлық-Зарлық» дәстанының миллий өзгешелиги ҳәм оның қазақша версиясы менен байланысы ҳаққында жазылған қолжазбасы» 15 бет. «Гүлистан» дәстаны 28-бет. «Шәрьяр» дәстаны ҳәм оның туўысқан халықлар фольклоры менен байланысы» 45 бет. Сыдық шайыр 29 бет. Әбдиқадир Бекимбет улы 20 бет. «Күнхожаның фольклор традицияларынан пайдаланыў жолы» 10 бет. «Қ.Әўезов жәмийетлик искер ҳәм жазыўшы» 7 бет. «Омар Сүгиримбет улы» 25 бет. «Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосын изертлеў ҳаққында». «Жийен жыраў ҳәм жазба әдебият» 17 бет. «Жаңабай Қаратай улының өмири ҳәм творчествосы», Жаңабай шайыр (қолжазба) 31 бет. «Өтеш Алшынбай

улының өмири ҳәм творчествосы» атлы монографиясының қолжазбасы. Нөкис, 1960-1962-ж.

Өзбекстан ССР аймағы бойынша әдебияттаныўшы Артық Каримовтың экспедиция дала жазыўы, 1959-ж, март-апрель. 1962-жыл апрель-май айларында Тахтакөпир, Шымбай, Мойнақ, Қоңырат районларында шөлкемлестирилген әдебий экспедиция дәўиринде жыйнаған А.Каримовтың дала жазыўы. Қазы Маўлик 16 бет. 1962-жыл апрель-май айларында Тахтакөпир, Шымбай, Мойнақ, Қоңырат районларында шөлкемлестирилген әдебий экспедиция дәўиринде жыйнаған А.Каримовтың дала жазыўы. Н.Даўқараев. Қарақалпақ әдебиятыы тарийхының очерклери 1948-жыл. «Әжинияз ҳәм түркмен шайырлары» 20 бет. «Тарийхый жырлар» 19 бет. Ҳүжжет: Гүўалық №93. А.Каримовқа Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Кеңеси Президиумының 1989-жыл, 22-декабрьдеги пәрманы менен «Қарақалпақстан АССРына хызмет көрсеткен илим ғайраткери» ҳүрметли атағы ушын берилген. Ҳүжжет: Удостоверение №81 А.Каримовтың Республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты болғанлығы ушын 1992-1993-жыллары берилген.

**Артық Каримовтың китаплары хам мақалалары:** А.Каримов Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. Нөкис, 1963; Китап: А.Каримов Өтеш шайырдың өмири ҳәм творчествосы. Нөкис,1984.; Әдебиятымыздың гейпара мәселелери. Нөкис, 1988.; Қарақалпақ әдебиятының тарийхы (коллектив). Нөкис, 1983.; Жийен жыраў «Посқан ел» топламына алғы сөз, Нөкис, 1969.; Жийен Тағай улының «Қырқ қыз» дәстанына қатнасы ҳаққында мәселеге, «Әмиўдәрья» журналы, 1959.; Жийен жыраў ҳәм жазба әдебият // «Әмиўдәрья» журналы, №8, 1961.; Жийен жыраўдың өмири ҳаққындағы мағлыўмат // «Әмиўдәрья» журналы, №6, 1963.; Қыяс Қайратдиновтың «Алпамыс» дәстанына соңғы сөз. Нөкис, 1957.; «Мәспатша» дәстанына алғы сөз. Нөкис, 1958.; «Ғәрип-ашық» дәстанына алғы сөз. Нөкис, 1959.; Өтеш Алшынбай улы, Өтеш топламына алғы сөз. Нөкис, 1962.; Бердақтың әўладлары // «Әмиўдәрья» журналы, №4, 1958.; «Жоқарғы қарақалпақлар» ҳаққында жаңа мағлыўматлар // «Әмиўдәрья» журналы, №4, 1959.; Әдебий мийрасларды терең үйренейик // «Әмиўдәрья» журналы, №10, 1969.; Аяпберген ҳаққында халық гүрриңлери // «Әмиўдәрья» журналы, №2, 1961.; Шайыр Әбдиқадир Бекимбет улы // «Әмиўдәрья» журналы, №7, 1966.; Бердақ туўралы аңыз әңгимелер // «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, №249, 1957.; Бердақтың жаңадан табылған қосықлары // «Әмиўдәрья» журналы, №7,1987.;

Бердақтың бурынғы жарияланбаған қосықлары ҳаққында қысқаша мағлыўмат // «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, №11, 1958.; Әбдиқадир шайыр «Әбдиқадир шайыр» топламына сөз алды. Нөкис, 1966.; Красоты народных дастанов // «Вестник» КК ФАН УзССР, №1, 1966.; Әжинияз көркем сөз шебери // «Әмиўдәрья» журналы, №3, 1971.; Шайырдың екинши өмири ямаса шығармаларының изертлениўи ҳаққында // «Жас Ленинши» газетасы, №3, 1976.; Қарақалпақ совет поэмалары ҳаққында монография // «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, №258, 1976.; Бердақ шығармаларының текстологиясы ҳаққындағы мәселеге // «Әмиўдәрья» журналы, №7, 1977.; Өтештиң өмири ҳәм творчествосы ҳаққында мағлыўматлар. Шайырдың топламына кирис сөз. Нөкис, 1978.; Өтеш Алшынбай улы // «Вестник» КК ФАН УзССР, №4, 1978.; Қарақалпақ халық шайырлары ҳаққында монография // «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, №66, 1979.; Мое имя народ // Газета «Советская Каракалпаксия», №181, 1979.; Жийен жыраў ҳәм оның жыраўлық өнери ҳаққында // «Әмиўдәрья» журналы, №7, 1981.; Сказительская деятельность Жийен-жырау // «Вестник» КК ФАН УЗССР, №3, 1983.; XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты ҳаққында қысқаша мағлыўмат. «Жаршы» топламына алғы сөз. Нөкис, 1982.; «Мәспатша» дәстанына кирис сөз. Нөкис, 1982.; Әжинияздың жаңадан табылған шығармалары // «Әмиўдәрья» журналы, №9, 1984.; Бердақ шығармаларына түсиниклер. Бердақтың шығармалары. Нөкис, 1987.; Бердақ шығармаларының текстологиясы. Бердақ ҳаққында сөз. Нөкис, 1987.; «Муңлық-Зарлық» дәстаны ҳаққында // «Вестник» КК ФАН УзССР, №3, 1985.; Жийемурат жыраў ҳәм

«Алпамыс» дәстанының тексти // «Әмиўдәрья» журналы, №9, 1986.; 1916-жылғы халық көтерилиси шайырлар творчествосында // «Жас Ленинши» газетасы, 25-ноябрь, 1986.; Бердақтың заманлас шайырлары менен творчестволық қатнасы ҳаққында // «Жас Ленинши» газетасы, 10-июнь, 1986.; Бердақтың өз тилин, өз стилин сақлайық // «Әмиўдәрья» журналы, №8, 1987.; Бердақтың жаңа қосықлары ҳаққында // «Әмиўдәрья» журналы, №8, 1987.; Бердақтың жаңа топламы ҳаққында // «Ылғаллы мийнет» газетасы, №33, 1988.; «Бозуғлан», «Гүлистан», «Қыз палўан», «Қараман» дәстанлары ҳаққында (коллектив), Кирис сөз. XIX том, Нөкис, 1989.; Күнхожаның фольклорлық традициялардан пайдаланыў жолы // «Вестник» КК ФАН УЗССР, №2, 1982.; Ўатан әдебияты, 5-класс (сабақлық). Нөкис, 1990.; Өтеш шайырдың қәбири «Қабақлыда» // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, №248, 1991.; «Шәрьяр» дәстаны ҳәм оның туўысқан халықлар фольклоры менен байланысы // «Әмиўдәрья» журналы, №4, 1992.

**Жуўмақ:** Жәҳан туркий дүнья мийраслары контекстинде, Арал дияры қарақалпақларының материаллық емес мәдений мийрасларын жыйнаў, жазып алыў, сақлаў, илимий үйрениў ҳәм тарийхый ағартыўшылық ҳәм мәдений- ағартыўшылықта салмақлы үлес қосқан Артық Каримов өмириниң мәўритлери ҳәм илимий интеллектуал мийрасларын келешек филолог жасларға үлги етиў, оларды үйрениў жумысларын алып барыў, илим ушын үлкен ғәзийне болады.

## QARAQALPAQ, ÓZBEK, QAZAQ HÁWJAR QOSIQLARINIŃ TIPOLOGIYASI

**Palımbetov K.S.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Adamlar óz turmısınıń jaqsı kúnlerinde de, túskinlikke túsken, jaman kúnlerinde de qosıqsız jasamaǵan. Sonlıqtan da xalıqtıń dóretken qosıqların klassifikaciyalaǵanda yoshlı, kóterińki keypiyattaǵı hám dártli, muńlı dep bólip qarawǵa da tuwra keledi. Neke toyınıń biri qız uzatıw toyında aytılatuǵın háwjar qosıqlarında da usınday ózgeshelik bar. Usı ózgeshelik biz salıstırıp úyrenbekshi bolǵan qaraqalpaqlardıń «háwjar», «yar-yar», ózbeklerdiń «yor-yor», qazaqlardıń «jar-jar», «aujar» dástúr qosıqlarında da bar. Sebebi háwjarlar atqarılıw paytında birese muńlı hawazda, kewil dárti menen muńlı keypiyatta jırlansa, birese kewil kóterińkiligi menen saltanatlı túrde jırlanadı. Muńlı hawaz, kewil dárti tiykarınan uzatılıp baratırǵan lirik qaharman qızdıń tilinen de, qızdıń dártine sherik bolǵan jaqınları tárepinen de bayanlanadı. Mısalı, **qaraqalpaqshada:**

Shıńıraw degen qudıqtıń,
Suwı tatlı, yar-yar.
Atam menen anamnıń,
Miyri qattı, yar-yar.

Miyri qattı demey-aw,
Men ne deyin, yar-yar.
Álpeshlegen balasın,
Malǵa sattı yar-yar.

Mennen alǵan bes taylaq,
Ólmespeken, yar-yar.
Meni qaytıp jan atam,
Kórmespeken, yar-yar [1,19].

**Ózbekshede:**

Uzoqqa borgan qizning,
Rangi sariq yor-yor.
Ko‘zidan oqqan yoshi,
Misli ariq yor-yor.

Osmondagi yulduzni,
Otgan otam, yor-yor,
O‘z qizini tanimay,
Sotgan otam, yor-yor

O‘z qizining o‘rniga,
Bodom eksin, yor-yor,
Bodom shoxi qayrilsa,
Bolam desin, yor-yor [2,81].

**Qazaqshada:**

Esiktiń aldı tal deydi-au,
Taldan da biyik bar deydi-au.
Oz elinen ayrılǵan,
Qızdan da sorlı bar deydi-au.

Ey, burlen-au,
Ayrılttıń, Quday, elden-au.
Aǵa, jeńge, bauırım-au,
Qosh-aman bol, auılım-au!

Úki taqtım bulǵaqtap,
Kún jauadı-au sırǵaqtap,
Úki turmaq, jún qayda,
Úydegidey kún qayda?! [3,120].

Usı qatarlarda qızdıń kewil dárti, muńlı kewil-keshirmesi bayanlanǵan. Jáne ayırım háwjar, yar-yarlarda qızdıń dártine sherik jaqını tárepinen bayanlanǵan qatarlardı da kóremiz. Endi ekinshi bir háwjarlarda kóterińkilik, shadlı kewil-keypiyatı sezilip turadı. Onda uzatılıp baratırǵan qızǵa janındaǵılar tárepinen ekinshi betten kótermelew, táselle aytıwdan ibarat boladı. Mısalı, **qaraqalpaqshada:**

Tórde turǵan ǵalınıń,
Bir gúliseń, yar-yar.
Atań menen anańnıń,
Búlbiliseń, yar-yar.

Tórde turǵan ǵalınıń,
Qundızısań, yar-yar,
Aǵań menen jeńgeńniń,
Juldızısań, yar-yar [1,16-17].

**Ózbekshede:**

Osmondagi yulduzni,
Sakkiz denglar, yor-yor,
Sakkiz qizning sardori,
Keldi denglar, yor-yor [2,81].

Ikki sandiq bir-biriga,
Rang beradi, yor-yor.
Ikki quda kelishib,
To‘y beradi, yor-yor.
Kelin-kuyov hamisha,
Taxtli bo‘lsin, yor-yor.
Bir-biriga munosib,
Baxtli bo‘lsin, yor-yor [4,34].

**Qazaqshada:**
Uyalmańdar, kelinder,
Kútudemiz jar-jar!
Búgingi kún tamasha,
Kel jırlayıq, jar-jar!
Jańa otawdıń eńsesi,
Mıqtı bolsın, jar-jar!
Qadamdarıń eki jas,
Quttı bolsın, jar-jar!
Ata-ananıń borıshın,
Aqtańızdar, jar-jar!
Muhabbattı máńgilik,
Saqtańızdar, jar-jar! [3,107-108].

Háwjarlardıń shuwmaǵındaǵı hár bir qatarda tiykarǵı ideyaǵa, yaǵnıy aytılıp atırǵan pikirge itibar qaratıladı. Háwjar aytıwshınıń tilinen pikir ayqın aytıladı. Keltirilgen mısallarda turmısqa uzatılıwshı qızdı kótermelewshi, erkeletiwshi sózler menen birge, alǵıs tilekler bildiriledi, bul ózbek yor-yorlarınan keltirilgen mısalda ayqın kórinedi. Al, qazaq jar-jarında turmıs qurıp atırǵan eki jasqa teńdey jaqsı tilek bildirilip, wásiyat aytılǵan.

Folklordıń basqa janrları sıyaqlı háwjar qosıqlarında da kórkem súwretlew quralları, yaǵnıy teńewler, metaforalar, epitetler, tımsallıq (ramziy) súwretlewler, epik tákirarlawlar, parallelizmler orınlı qollanılıp, poetikalılıqtı támiyinleydi. Kórkem súwretlew quralları syujet mazmunınıń ashılıwında hám qosıqtıń tásirsheńligin arttırıwda tiykarǵı xızmetti atqaradı.

Professor D.Rajabaov: «Qosıq – insannıń dóretiwshilik qábileti, ruwxıy qúdireti hám ruwxıy áleminiń ayrıqsha ǵayıp bir halatı. Qosıq qaysı temada bolmasın, neni sáwlelendirmesin, bári bir waqıya kóbirek tuyǵıǵa umtıladı. Xalıq qosıqları da tap sonday mazmundı payda etedi» [5,70]. Izertlewshiniń bul pikirleri háwjar qosıqlarına da tiyisli. Háwjarlarda lirik qaharman qız óziniń endigi tágdiriniń ózge shańaraq penen baylanıslı bolatuǵınlıǵın bilgennen soń onıń ruwxıy dúnyasında qáweterleniw, gúdikleniw sıyaqlı tuyǵı sezimleriniń ústemlik etetuǵınlıǵı tábiyiy. Úsh xalıqtıń da háwjar qosıqlarında qızdıń qálbindegi ishki keshirmeleri, ármanı, oy-pikirleri tómendegishe ashıq bayan etiledi. Mısalı, **qaraqalpaqshada:**
Aq otawıń tikken jer,
Maydan bolsın, yar-yar.
Aq júzimdi kórgenler,
Hayran bolsın yar-yar.
Qayin atań dep aytasız,
Bozbalalar yar-yar-aw,
Aylanayın ákemdey-aw,
Qaydan bolsın, yar-yar-aw [6,14].
**Ózbekshede:**
Ota onang eshigi,
Boǵdod eshik, yor-yor.
Kirganingda sochingdan,
Silar eshik, yor-yor.
Qaynonaning eshigi,
Huvoyda eshik, yor-yor.
Kirganingda sochingdan,
Yular eshik, yor-yor [7,153].
**Qazaqshada:**
Qayın atań ákeńdey,
Deydi qazaq, jar-jar.
Aynalayın ákemdey,
Qaydan bolsın, jar-jar?!

Qayın enesi anańday,
Deydi qazaq, jar-jar.
Aynalayın anamday,
Qaydan bolsın, jar-jar! [3.113].

Bul mısallarda súwretlenip atırǵan obraz bir-birine parallel qoyılıp, pikir salıstırıw arqalı jetkerip berilgen. Lirik qaharman qızdıń ishki psixologiyalıq halatındaǵı tolǵanısları menen qáweterleniw sezimi psixologiyalıq parallelizm usılında tábiyiy turmıslıq detal menen sáwlelengen.

Juwmaqlap aytqanda, Orta Aziya xalıqlarınıń geografiyalıq jaylasıwı, mádeniy, tariyxıy turmıs sharayatınıń hám tiliniń jaqınlıǵı, diniy isenim kózqaraslırınıń birdeyligi, úrp-ádet, salt-dástúr etnografiyasındaǵı uqsaslıqlar tásir etiwler birdeylikti payda etedi. Biz salıstırmalı úyrengen qaraqalpaqlardıń «háwjar», «yar-yar», ózbeklerdiń «yor-yor», qazaqlardıń «jar-jar» dástúr qosıqlarınıń qurılısındaǵı uqsaslıq, mazmun hám pikirdiń birdeyligindegi tipologiyalıq jaqınlıq bul xalıqlardıń tariyxıy genetikalıq shıǵısı, túp dáregi bir ekenligin kórsetedi.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 101-106-томлар. – Нөкис, «Илим», 2024.
2. Ой олдида бир юлдуз. Ўзбек халқ маросим қўшиқлари. – Тошкент, «Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 2000.
3. Бабалар сөзи. Жүз томдық. Ғурыптық фольклор. 90-том. – Астана. «Фолиант», 2012.
4. Мардонова Г. Ўзбек халқ қўшиқлари. – Тошкент, «Ўзбекистон», 2015.
5. Ражабов Д.З. Ўзбек халқ қўшиқларида композиция ва образлилик. – Тошкент, «Наврўз», 2018.
6. Қарақалпақ дәстүр қосықлары (Дүзиўшилер: Қ.Мақсетов, К.Палымбетов). – Нөкис, «Билим», 1997.
7. Оқ олма, қизил олма. Ўзбек халқ қўшиқлари (Тўпловчи Музайяна Алавия). – Тошкент. «Адабиёт ва санъат нашриёти», 1972.

## QARAQALPAQ HÁM QAZAQ SIŃSIW QOSIQLARINDA SOCIALLIQ TURMIS MÁSELELERINIŃ SÁWLELENIWI

**Palımbetov K.S.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Qaraqalpaq hám qazaq xalqı tili, geografiyalıq jaylasıwı, mádeniyatı, úrp-ádeti menen salt-dástúri bir-birine jaqın, jáne jámiyetlik turmısı, siyasiy-ekonomikalıq jaǵdayı, sociallıq jaǵdayı birdey tariyxıy sharayatta ótken. Sonlıqtan da eki xalıqtıń qız uzatıw toyında aytılatuǵın sıńsıw qosıqlarında tiykarǵı lirik qaharman qız obrazınıń jasalıwı, onda kewil-kúyiniń, ishki ruwxıy dúnyasınıń sáwleleniwindegi tipologiyalıq uqsaslıqlar bayqaladı.

Qaraqalpaq ilimpazı Q.Ayımbetov uzatıw toyında aytılatuǵın xalıq dástúr folklorınıń úlgilerin birneshe túrge bóledi, olardıń ishinen muń-sher qosıqların bólip alıp, oǵan joqlaw, xoshlasıw, esittiriw, kewil aytıw, sálemlerdi kirgizedi hám usı muń-sher jırlarınıń qatarına sıńsıw qosıqlarında jatqaradı [1,13,19].

Al, qazaq alımı B.Uaxatov «Sıńsıw – uzatılatuǵın qızdıń tuwılıp-ósken jeri menen, awıl-aymaq, tuwısqan-tuwǵanları, ata-ana, apa-jeńgeleri menen, qala berdi, qurbı-qurdasları menen arızlasıp, xoshlasıp, tanısıwı» [2,197], – dep jazǵan edi. Demek, bul dástúr xalıq arasında «xoshlasıw», «qızdıń xoshlasıwı», «tanısıwı», «qızdıń jılawı», «qızdıń kórisiwi», «sıńsıwı» t.b. túrinde orınlanǵan.

Bunı «Tabaldırıqqa aytılǵan jır» dep te ataǵan. Biraq, sońǵı waqıtlarda folklortanıw iliminde «sıńsıw» termini turaqlı qollanılıp kiyatır.

Professor Sh.Ibraev: «Sıńsıwdı uzatılatuǵın qız jeke, al geyde jeńgeleri menen yamasa qurbıları menen birlesip aytadı» [3,229], – deydi. Demek, sıńsıw kópshilik bolıp, xor menen de aytılǵan.

Qızdıń jaqınlarına barıp, aralap xoshlasıw saltın aytıwı birneshe kúnge sozılǵan, bunda tuwǵan-tuwısqanları qızdı húrmet penen qarsı alıp, as berip, sarpaylaǵan. Sıylıqların qızdıń jasawına (júgine) qosqan. Qońsılas qazaq xalqındaǵı bul dástúr, qaraqalpaq xalqında da bolǵan, sonlıqtan da folklortanıwshı M.Nizamatdinov xalıq arasınan jıynaǵan materiallarına súyene otırıp bılay dep jazadı: «... uzatılatuǵın qızlardıń «tanısıwı» qaraqalpaq xalqında erteden kiyatırǵan belgili dástúr. Bul jaǵdayda qız eki-úsh ay burın ata-anasınıń eń jaqın tuwısqanlarınıń úylerine «tanısıw» ushın jeńgesi menen yamasa jaqın ájapaları menen baradı. Jeńgesi ol úylerge eki-úsh aydan keyin qızdıń turmısqa shıǵatuǵının xabarlaydı. Bunı esitken úylerdiń barlıǵı qızǵa «tanısıw» sıylıǵın beredi.

Mısalı, qızǵa beriletuǵın sıylıqlardıń túrleri mınalardan ibarat: kóylek, oramal, bilezik, árebek, sırǵa, at, túye, sıyır, qoy, eshki t.b [4,150]. Qızdıń «jasawına» berilgen sıylıqlar qızdıń enshisi dep te ataladı. Tuwısqan, jaqınların aralap tanısıw waqtında qız aǵayın-tuwısqanları menen kórisip, jılaydı. Mısalı, **qaraqalpaqlarda:**

Esiktiń aldı soralar,
Ayaǵıma oralar,
Bizlerde ketip baramız,
Xosh aman bol aǵalar.

Aq kóylegim beldemshe,
Oynar edim ólgenshe,
Bizlerde ketip baramız,
Xosh aman bol, jeńeshe [5,189].

**Qazaqlarda:**

Esiktiń aldı shoralar,
Ayaǵıma oralar.
Endi aynalıp kórgenshe,
Kosh-aman bol, joralar.

Esiktiń aldı tomasha,
Oramal sheti búrmenshe.
Men aynalıp kelgenshe,
Qosh-aman bol jeńeshe [6,120].

Mısaldan kórinip turǵanınday qaraqalpaq, qazaq sıńsıw qosıqlarınıń teksti birdey, mazmunında ayırmashılıq joq. Uzatılatuǵın qızdıń kewil kúyin, ishki sezimlerin jetkiziwinde ruwxıy jaqınlıq bar.

Jeńgesin ertip aǵayınlerin aralap, xoshlasıp júrgen qız, aǵayın-tuwısqanları menen diydarlasıp, olarǵa óziniń baxıtlı kúnlerin aytıp óksiydi. Yaǵnıy qosıq penen ata-anasınıń, aǵayın-tuwısqanlarınıń jaqsılıǵın aytıp, qosıq penen kewil kúyin, ishki sezimlerin bildirip, sıńsıydı. Bul dástúr bir jaǵınan, aǵayın-tuwısqan arasındaǵı sıylasıqtı, doslıqtı, bawırmanlıqtı kúsheytse, ekinshi jaǵınan, bolajaqtaǵı bawırmanlıq qarım-qatınastıń odan arı jalǵasıwın nıǵaytıwǵa negiz jasaydı.

Dástúrli folklordaǵı sıńsıwdı izertlegen ilimpazlardıń barlıǵı da burıngı patriarxallıq-feodallıq dáwirde hayal-qızlardıń huqıqları ayaq astı etilip, qızlardıń kópshiligi kúyewge óz erki, qálewi menen shıqpaǵanın, sonlıqtan sıńsıw jırlarında qızlardıń qayǵısı, muńı, kewil zarı, óz qálewi bolmaǵan turmısına narazılıq dárti súwretlenetuǵının jazadı.

Eki xalıqtıń «Sıńsıw» qosıqlarında kóbinese qızdıń kewil-kúyin obrazlı túrde, tımsallap, astarlı mánide jetkiziw, sonıń menen birge oydı tikkeley, anıq, dál, tuwra maǵanasında bayanlawda gezlesedi. Juwap talap etilmeytuǵın ritorikalıq soraw gáplerde jiyi qollanıladı. Mısalı, **qaraqalpaqlarda:**

Sıldır-sıldır qamısqa, sırǵam tústi,
Sırlaspaǵan jat elge apam tústi,
Apam jalǵız, men jalǵız, túymem toǵız,

Túymem qursın, men búgin qaldım jalǵız [7,28].

**Qazaqlarda:**

Sıldır-sıldır jerlerge sırǵam tústi,
Sırlaspaǵan jerlerge apam tústi,
Apam ushin qabırǵam qayısadı,
Qolımdaǵı qos júzik mayısadı [6,132].

Hakıyqatında da, feodallıq tártip ústemlik etken dáwirde, hayallardıń huqıqsızlıǵı, jámiyettegi siyasiy teńsizlik sebebinen qızlardıń malı kóp baylarǵa zorlıq penen beriliw jaǵdayı orın alǵan. Usı jámiyetlik teńsizliktiń kórinisi sıńsıw óleńleriniń mazmunında ashıq aytılǵan. Sıńsıwlarda ákesine, jigit aǵasına qızdıń kewil-kúyindegi narazılıq kewil-kúyi berilgeni menen, shańaraǵında ana retinde sózi tıńlanbaǵan óz anasına qızdıń muhabbatı, miyrimi ayrıqsha jırlanadı. Mısalı, **qaraqalpaqlarda:**

Ákem zalım beremen dep qoymadı,
Ǵárip anam diydarıma toymadı,
Tap tórinde tawlandırıp qoymadı,
Aq sút bergen ǵárip anam xosh endi [8,29].

**Qazaqlarda:**

Qaradan kamzol kiye almay,
Aynalayın, anam-ay.
Bul esikten ketken soń,
Men de bir ólgen balań-ay! [6,134,139].

Eki xalıqtıń sıńsıw jırlarınan bunday mısallardı kóplep keltire beriwge boladı.

Qaraqalpaq hám qazaq shańaraqlarında qız tárbiyasına, olardıń ádepliligine, tálim-tárbiyası menen inabatına ayrıqsha kewil bólingen. Qızlar óz ákesinen basqa jigit aǵalarına ayrıqsha húrmet kórsetip, olardıń sózin eki etpegen. Olardı ózleriniń tiregi retinde kórgen. Biraq, sıńsıw qosıǵınıń qaysısın alıp qarasaq ta, lirikalıq qaharmannıń óz oyın ótkir sózler menen qıpsalamastan, kewilindegi narazılıǵın ashıq túrde jetkizgenin kóremiz. Mısalı, **qaraqalpaqlarda:**

Ádira qalǵır aq terlik, atqa battı-aw,
Awırsınıp jan aǵam malǵa sattı-aw,
Satsa-satsın jan aǵam ólmek bar ma?
Er baladay alshańlap júrmegen soń.

Appaq-appaq jumırtqa ay bola ma?
Meni satıp jan aǵam bay bola ma?
Satsa-satsın jan aǵam ólmek bar ma?
Er baladay alshańlap júrmek bar ma? [8,30].

**Qazaqlarda:**

Qara sudı jaǵalay qaz baradı,
Anasınan ayrılǵan qız baradı,
Qara suǵa qan quysań, aǵar, keter,
Jat kisige qız berseń, alar, keter.

Serpe sal shımıldıǵın, kórsin ákem,
Kól qılıp kózdiń jasın tóksin ákem.
Jılayıq óksip-óksip óp-ótirik,
Qutıldım bir mindetten dersiń, ákem [6,122,123].

Mısaldan kórinip turǵanday qızdıń ishki dárti, saǵınıshı menen muńı bayanlanǵan qatarlarda, ótkendegi belgili bir tariyxıy jámiyetlik ómirdegi shańaraqtaǵı ayırım áke menen aǵalardıń feodaldıq obrazı da ayqın súwretlengen. Bunda lirikalıq qaharman qızdıń ishki kwil-kúyin qıpsalamastan ashıq aydın aytıwı sıńsıw qosıqlarınıń tiykarǵı ózgesheligin kórsetedi.

Bunıń ayqın dáliyli sol, ózin baxıtsız sezingen qızdıń, kewildegi dertin ata-anasına ashıq bildirgen sıńsıwınıń úlgileri de tolıq saqlanıp, biziń dáwirimizge jetip kelgen.

Sıńsıwlarda jámiyettegi sociyallıq teńsizliktiń kórinisleri sáwleleniwin tabadı. Olarda patriarxal-feodallıq dáwirdegi hayallarǵa degen kózqarastıń tariyxıy kórinisi ayqın kórinedi.

Ulıwma ótken dáwirlerde qız uzatıw toyında aytılǵan sıńsıw qosıqları xalıqtıń tariyxı, etnografiyası, ásirese, hayal-qızlardıń táǵdiri, turmısı tuwralı kórkem poetikalıq qatarlarda maǵlıwmat beretuǵın tereń ideyaǵa hám mazmunǵa iye, sociallıq turmıslıq máselelerdi kórsetetuǵın folklorlıq miyras bolıp tabıladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1968.
2. Уахатов Б. Қазақтың халық өлеңдері. – Алматы, 1974.
3. Ибраев Ш. Қазақтың ғурыптық фольклоры. – Нур-Султан, «Л.Н.Гумилев атындағы ЕУУ», 2021.
4. Низаматдинов М. Сыңсыў // ӨзРИАҚҚб «Хабаршысы» журналы, 1992. –№3.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт-жырлары. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.
6. Бабалар сөзі. Жүз томдық. Ғурыптық фольклор. 90-том. – Астана, «Фолиант», 2012.
7. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 101-106-томлар. – Нөкис, «Илим», 2024.
8. Қарақалпақ дәстүр қосықлары (Дүзиўшилер: Қ.Мақсетов, К.Палымбетов). – Нөкис, «Билим», 1997.


## «ER QOSAY» DÁSTANÍNDAǴÍ QÁWENDER PERSONAJLAR OBRAZÍ


**Bekbauliev Q.O.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*


Qaraqalpaq xalıq jırawı Qurbanbay Tájibaevtan (1876-1958) XX ásirdiń 1940-jılları jazıp alınǵan «Er Qosay» dástanı kompoziciyası, syujeti, ideyalıq mazmunı hám kórkemligi jaǵınan ózgeshelenip turatuǵın qaharmanlıq dástanlardıń biri esaplanadı.

«Er Qosay» dástanınıń obrazlar dúnyası ideyalıq mazmunına qaray birneshe túrge bólinedi, sebebi, dástannıń syujet dúzilisiniń ózgesheligi, tariyxıy evolyucion rawajlanıwı, epik atqarıwshı hám ol jasaǵan epik ortalıqtıń tásirinde waqıyalardıń belgili bir zaman hám mákanda kórkem sáwleleniwin tapqanlıǵın kóremiz. Ekinshiden, qaharmannıń átirapına birneshe obrazlardıń birigiwi menen olar dástan motivi hám syujet birikpesinde zárúr orın iyelep, waqıyanı kórkemlik penen jetkerip beriwde qatnasadı.

Epik obrazlar dástannıń ideyalıq mazmunın sáwlelendiriwge qaratılıp tımsallıq, dástúriylik hám shártlilik ózgesheligine iye boladı. Sonlıqtan da, «Er Qosay» dástanınıń syujet qurılısında qatnasıp atırǵan personajlardıń xarakteri hám wazıypasına qaray olardı tómendegishe toparlarǵa ajıratıp úyrengen maqul: a) tiykarǵı qaharmanlar (Er Kókshe, Er Qosay); b) qáwender personajlar (ata árwaǵı, pirler); v) járdemshi personajlar (Ǵodar baba, Álewshe, Er Aman, Jolaman epik at; g) quramalı personajlar (Arshaxan, Qansulıw); d) qarsılas yaki dástan konfliktin júzege keltiriwshi personajlar (Qablanlı, Taqtapolat, Qaraxan, Abaxan, Gulayım, Arshaxan, Qansulıw, Zawıq). Usılay bóliwimizdiń sebebi, dástanda qatnasatuǵın personajlar bir qıylı wazıypanı atqarmaydı hár bir obrazdıń ózine tán funkciyası bar.

Biz bul maqalamızda «Er Qosay» dástanındaǵı syujetti rawajlandırıp, waqıyanı tolıqtıratuǵın qáwender kúshler haqqında toqtamaqshımız. Dástanda epik qaharmanǵa tikkeley járdem beriwshi qáwender personajlar bolıp, olardıń wazıypası batırdı jawlarǵa qarsı urısqa ruwxlandırıw, durıs jol-joba kórsetiw, mádatkar bolıp, kúsh-quwat beriw sıyaqlı epik wazıypanı atqaradı. Epik qáwender kúshler qaharmannıń ideal maqsetin ámelge asırıwda, qaharmannıń jolına tosqınlıq etiwshi qarsılas, jawlardı jeńiliske ushıratıwda járdem kórsetetuǵın ǵayrı tábiyiy kúsh-qúdiretke iye bolǵan obraz. Olar Er Qosay obrazına xızmet etedi. Sebebi, dástan kompoziciyası hám syujet orayında Er Qosay obrazı baslı oraylıq orında turadı. Lekin, sonı da

aytıw kerek «Er Qosay» dástanınıń syujetinde qáwender personaj sıpatında qaharmanǵa járdem beretuǵın obrazlar eki orında kórinedi hám olar qaharmanǵa ruwxıy kúsh beredi. Mısalı, Er Qosaydıń atastırılǵan qalıńlıǵı Qansulıwdıń ótirikten pir bolıp noǵay áskerlerin azǵırıwı hám noǵay áskerleriniń batırdı jalǵız taslap qashıwı, áskersiz qalǵan Er Qosaydıń ákesi jatqan Bes mazar áwliyesine túnewi hám túsine ákesiniń árwaǵı kirip, násiyat aytıwı, urısqa ruwxlandırıp kúsh-quwat beriwi súwretlenedi. Mısalı:

Jalǵızban dep oylanba,
Sawash qılǵıl qalmaqqa,
Dushpandı pás tut ózińnen,
Qanǵa toltır dushpannıń,
Ólik penen kóshesin.
...Járdemi tiyer bizge dep,
Hesh qashan da jan balam,
Dos tutpaǵıl patshanı.
...Aldıńdaǵı Abaxan,
Marapat qılǵan waqtında,
Qızın berse almaǵıl [1,219].

Árwaq sıpatında balasınıń túsine engen áke obrazı batırdıń maqsetiniń orınlanıwına ruwxıy kúsh berse, ekinshiden, áke wásiyatı jol-joba kórsetedi. Túste áke obrazındaǵı qatallıq, qatań talabı hám wásiyatı ayqın sáwlelenedi. Mısalı, «Násiyatım sol, balam, - dep awzına túkirip, Tur, - dep aybat uradı» [1,219]. Túsinde kórgen ákesiniń wásiyatınan ruwxıy kúsh alǵan batırdıń obrazındaǵı ruwxıy halat penen epik attıń obrazına tiygizgen tásir kúshi kórkemlik penen ayqın sáwlelenedi. Mısalı:

Waqtı hádden xosh bolıp,
Dáryaday kewli tasıp,
Mindi attıń beline,
Shıqtı qızıl shóline,
Atlanadı ǵosh jigit,
Qalmaqlardıń eline,
Bunday dáwran qaydadı,
Attıń kózi jaynadı,
Astındaǵı tulparı,
Sawash dep endi oynadı [1,219].

«Tús motivi tiykarınan áyyemgi adamlardıń tús haqqındaǵı magiyalıq kózqarası menen baylanıslı halda júzege kelip, sońınan bul kózqaraslar adamlardıń estetikalıq talapları nátiyjesinde epos quramınan bekkem orın alǵan. Mine, sonıń ushın da bul motivtiń tariyxıy izleri júdá áyyemgi bolıp, eposta ol kúshli estetikalıq funkciyanı atqaradı» [2,40]. Túsine engen ata wásiyatı menen Er Qosaydıń epik ómirbayanındaǵı eń quramalı urıs saparındaǵı háreketi óz maqsetine jetiwi menen juwmaqlanadı hám turmıstan adasıwınıń aldı alınadı.

Dástan qaharmanı Er Qosaydıń epik ómirbayanında ushırasatuǵın ekinshi qáwender personaj quslar obrazı esaplanadı. Olar syujetke burılıs jasap, ayırım motivler menen tolıqtırıladı. Mısalı, Er Qosay qalmaqtıń Qablanlı dáwi hám Qaraxan batırın óltirip, qalmaqlar menen alıp barıp atırǵan qırǵın urıstıń ústine on mıń áskeri menen qalmaqtıń Abaxan atlı patshası bastırıp keledi. Biraq patsha Er Qosayǵa urıssız baǵınadı. Bunday bolıwına Er Qosaydıń ústinde ushıp júrgen quslar sebepshi boladı. Mısalı:

Patsha endi qarasa,
Er Qosaydıń ústinde,
Qara bas hám jasıl bas,
Ǵaz benen quw sol waqta,
Gá aspanǵa shıǵadı,
Gá batırǵa qonadı,
Qırǵın salǵan qalmaqqa,

Bunday pana bolǵanın,
Bul Abaxan kóredi [1,225].

Usı mifologiyalıq túsiniklerden kórinip turǵanınday, jıraw qustı Er Qosaydıń obrazına baylanıstırıw arqalı, batırdıń ózgeshe, dara obrazın ilahiylestirip kórsetedi. Bul túsiniktiń tórkini áyyemgi dáwirlerden saǵa aladı, sebebi, áyyemgi dáwirlerden-aq adamlar quslardı ayrıqsha kúshke iye káramatlı jaratılıs retinde qabıl etken. Mısalı, qusqa sıyınıwdıń elementleri «Oguznama», «Kitabi dadam Qorqut» jazba esteliklerinde de, qaraqalpaq dástanları «Alpamıs», «Qoblan», «Sháryar», «Edige» t.b. ushırasadı. Ilimpaz N.G.Potaninniń arqa batıs Mongoliyadan jazıp alǵan maǵlıwmatlarında, Balaǵan hám Alair buryatlarına tiyisli totemlik ápsanalarında, Xangin degen qız ózleriń shıǵısın aqquw menen baylanıstırǵan. Sonıń ushında Xanginlerde usı waqıtqa shekem aqquwdı óltiriw, keshirilmes gúná esaplanǵan [3,381]. Buryatlarda da aqquw, úyrek qásiyetli quslar esaplanǵan. Qırǵızlardıń «Semetey» dástanında Aychúres aqquwǵa aylanǵan qız obrazında kórinedi [4,45]. Qus tótemine baylanıslı túsinikler erteklerde de kóplep ushırasadı. Demek, «Er Qosay» dástanında qaharmannıń ideal obrazın jaratıwda jırawlar qus penen baylanıslı kózqarastı mázi kirgizbegenligi kórinedi.

Er Qosaydıń tóbesinde qustı kórip urıssız baǵınǵan Abaxan patshalıq taxtın hám jalǵız qızı Gulayımdı Er Qosayǵa beriwi menen dástannıń keyingi syujeti quramalı túste dawam ettiriledi. Er Qosay taxt iyesi boladı da qızdı ózine almay babası Ǵodarǵa nekesin qıyıp beredi. Bunda baǵınǵan eldiń, olja bolǵan qızın ózi almay basqa adamǵa nekesin qıyıp beriw dástúri qaharmanlıq dástanlarda ushırasatuǵın súwretlew esaplanadı. Bunday etip tutqın bolǵan qızdı óziniń qálegen adamına beriw tariyxı áskeriy-demokratiyalıq jámiyette ádet túsine iye bolǵan. Ertedegi áskeriy tártipke tán tariyxıy waqıyanıń izleri «Qoblan», «Edige» dástanlarında da bar. Usı dástúr «Er Qosay» dástanında saqlanǵan. Er Qosay obrazında monogam dástúrge ámel etiw, yaǵnıy bir nekege sadıqlıq kórinse, ekinshiden, batır obrazında járdemshi jawınger dostısı Ǵodar babaǵa islegen adamgernshilik pazıyleti kórinedi. Sebebi, Ǵodar baba alpıs úsh jasına shekem úylenbegen, bala-shaǵası joq adam boladı. Sonday-aq, Er Qosay obrazı óz eliniń, yaǵnıy noǵaylardıń patshası Arshaxanǵa sadıq batır sıpatında súwretlenedi. Onıń obrazında óz xanına húrmet, sıylasıq, sadıqlıq pazıyletleri jámlengen boladı. Mısalı:

Zakatıńdı berip endi bizlerge,
Baǵınǵanıń ıras bolsa, Abaxan,
Biziń xanǵa bolsın endi miyasar.

Degen endi waqtında,
Patsha ornınan turadı,
Basına kúnler tuwadı,
Xalıqtıń janı salınǵan,
Óziniń mórin basadı.
Patsham Arshaxan dep,
Shın wádesin beredi.
Bir mıń nardıń ústine,
Hasıldan qamqa arttırdı,
Sarı atannıń beline,
Taxtı rawan qurdırdı,
Gulayım qızdı ol patsha,
Sol bir narǵa mindirdi,
Zakat penen malını,
Taǵı da bir mıń narını,
...Qayta berdi ǵosh jigit,
Zakat alıp qalmaqtan,
Noǵaylınıń eline [1,227-228].

Er Qosay qalmaqtan ózlestirgen barlıq dúnya-múlkti óz xanı Arshaxanǵa ákelip beredi. Batır qalmaqlardı jeńip saw-salamat eline quwısadı.

Juwmaqlap aytqanda, «Er Qosay» dástannıń obrazlar dúnyası hár qıylı bolıp, olardıń atqarǵan wazıypası da hár qıylılıǵı menen ideyalıq maqset ushın qoyılǵan mashqalaǵa xızmet etiwi menen ajıralıp turadı. Qáwender personajlar obrazı dástan syujetin tolıqtırıp, kórkemlikti asırıwda ózine tán funkciyanı atqaradı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. XVII tom. «Shiyrin-Sheker», «Jaskelen», «Er Qosay», «Hajı_Girey». – Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1987.

2. Mirzaev T., Sorimsoqov B. Doston, uning turlari va tarixiy taraqqiyoti // Oʻzbek folklorining epik janrlari. – Toshkent, «Fan», 1981.

3. Jirmunskiy V.M. Tyurkskiy geroicheskiy epos. – Leningrad, «Nauka», 1974.

4. Jaynaqova A. «Semetey» eposunun tarıxıy geneologiyalıq negizi. – Bishkek, «Qırǵız enciklopediyasınıń Bash redakciyası», 1982.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ЖОҚЛАЎЛАРЫНДАҒЫ ОБРАЗЛАР

**Бекбергенова А.У.**

*ӨзРИАҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Жоқлаўлар салт-дәстүр фольклорының әҳмийетли бөлими сыпатында халықтың дүньяға көз-қарасын ҳәм руўхый қәдириятларын сәўлелендиретуғын поэзиялық қубылыс болып есапланады. Олар қайтыс болған адамға қайғысын, сағынышын, ҳүрметти көркем тил арқалы жеткериў менен бирге белгили бир образлар системасына да ийе екенлиги менен өзгешеленеди. Бул мәселе В.Я.Пропп [1, 190], Е.Н.Разумовская [2, 160-178], А.Омонтурдиев [3, 3-45], М.Алавия [4, 315-б.], Д.Ураева [5, 184-204], Н.Дәўқараев [6, 155] ҳәм тағы басқалардың мийнетлеринде үйренилгенлигин көриўимизге болады. Түркий тиллес халықлары соның ишинде қазақ, өзбек фольклорындағы салт-дәстүри сыяқлы қарақалпақ жоқлаўларындағы образлар символлық рәң-бәреңликке ийе екенлигин итибарға алыў орынлы ҳәм оларды төмендеги топарға бөлип үйрениў мақсетке муўапық.

**1. Адам көринисине тийисли образлар - менен берилетуғын жоқлаўларда** марҳумның жәмийеттеги орны ҳәм адамгершилик пазыйлетлери жоқары баҳаланады. Марқумның тулғасы ҳәр қыйлы көркем образлар менен сүўретленеди. Батыр, ер, азамат, – мәртлик пенен батырлықтың тымсалы. Мысалы:

Елге бир керек Едигем,
Еңиремей нағып жүрейин,
Халыққа бир керек қәдирлим,
Жоқлаўсыз нағып таслайын [7, 464].

Ал, меҳрибан ана, қайырқом әке – шаңарақтың уйытқысы сыпатында қарақалпақ жоқлаўында төмендеги қатарлар менен бериледи.

Қулыным деп аймалап,
Еркелетип, қушақлап,
Асқар таўым жан әкем,
Ҳәр бир айтқан сөзлериң,
Ақыл екен, бал екен [7, 407]
Излесем таба аламан ба?
Көрип тиллесе аламан ба?
Мийримли болған анамның,
Меҳрине қана аламан ба? [7, 411]

**2. Туўысқанлық ҳәм турмыслық байланыс образлары** – менен берилетуғын жоқлаўларда туўысқанлық байланыслар айрықша эмоциональ жүк көтереди. «Апасынан айырылыў» «ағасынан айырылыў», «инисинен айырылыў» «өмирлик жолдасынан айырылыў» сыяқлы мотивлер жоқлаўдың тийкарғы мазмунын қурайды. Мысалы:

Қанаты пүтин суңқар жоқ,
Аяғы пүтин тулпар жоқ,
Бауыры пүтин адам жоқ,
Бауырым дейтин апам жоқ [7, 411]. Ал, «бос қалған орын» - жоғалтыўдың аўырлығын билдирген. Мысалы:

Орныңа кимди қояман,
Излеп бир қайдан табаман,
Алтын да сүйек атакем-аў,
Қайлардан сени табаман [7, 404] – деген қатарлар улыўмалық мәнисте орны бос қалған туўысқанларына да қарата айтылғанлығы көринеди. Сондай-ақ, кийим-кеншек, турмыслық буйымлар, шапан, белбеў, бас кийим - марҳумның социаллық орны ҳәм қәдирин көрсетеди. Жетим қалған кийим - ийесиз қалған дүнья, сағынышты билдиреди. Мысалы:

Көзим бир көрди-аў, досларым,
Хан ағам кийген қамқа тон,
Салланып изде қалғанын,
Минген бир атым алаяқ,
Қайғырды халқың қалмаяқ [7,438]. Бул жоқлаў арқалы инсанның жәмийеттеги орны, шаңарақтағы роли анық көрсетиледи. Әсиресе, ҳаял-қызлардың жоқлаў айтыўы бул жанрдың әҳмийетлилигин арттырады. Сондай-ақ, символикалық образлар терең мәниге ийе болып, ишки кеширмелерин көркем түрде жеткерип береди. Усы тийкардағы қарақалпақ жоқлаўларының төмендеги символикалық образларын үйрениў мақсетке муўапық.

**3. Тәбият образы** – таўлар - бийиклик, беккемлик, марҳумның жоқары көринисин билдиреди. Мысалы:

Келгенимде кел деген,
Керегиңди ал деген,
Асқар таўым, тирегим,
Хош болагөр жан әкем [7, 413] – деген қатарлардағы таў образы арқалы әкениң тулғасын, оның өмирдеги ең керекли, қыйналғанда беккем сүйениш екенин, енди оның орнын ҳеш ким баса алмайтуғынын мазмунлы сыпатлайды. Суў, дәрья, көл - көз жас, қайғының белгиси. Самал өмирдиң өткиншилигин, айрылыўды көрсететуғыны мына қатарларда айқын көринисин табады. Мысалы:

Биймезгил самал тап болса,
Сындырады уўықты,
Шүкир етиң ағажан,
Бир уўығың сыныпты [7, 403] – деп тәбият образы арқалы ағасына мезгилсиз қайтыс болған инисиниң өлимин астарлап билдиреди.

**Қуслар (аққуў, бүлбил)** - тазалық, гөззаллық, жан еркинлигиниң символы. Мысалы:

Ҳаўадан ушқан аққуўдың,
Қанатын көрген бармекен,
Қанатын көрген бар болса,
Хабарын билген бармекен [7,462]

**Тулпар (ат)** - ерлик, күш-қуўат, марҳумның өмирдеги орнын билдиреди. Атым киятыр абынып, Гүмистен жүўен тағынып, Келер де болсаң тезирек кел, Балаларың отыр сағынып [7, 432] - деген қосық қатарларда ат образы арқалы келиншектиң өмирлик жолдасының келиўин ҳәм балаларына керек екенлигин сағыныш сезимлери менен билдиреди. **Жақтылық (қуяш, шам)** - өмир, үмит, жақсылықтың белгиси. **Қараңғылық** - өлим, қайғыны аңлатады. Мысалы:

Таң сәҳәрде татлы уйқы,
Толғаўлар менен ояндым,

Қараңғыда қатты уйқым,

Қайғылар мененояндым [7, 419]. Сондай-ақ, мына қатарларда  символлық мәни билдирип, көркем композициялық тийкар жаратып турғаны көринеди. «Алдым бир болды қараңғы, Артым бир болды қараңғы, Қаяғым жарық болар-аў»[7, 433] - деп аза тутып атырған келиншектиң астарлы жоқлаўлары арқалы жақтылық ҳәм қараңғылықтың турмыстағы әхмийети ашып берилген. Өсимликлер образлары - **гүл, терек** - өмирдиң даўамлылығын яки қысқалығын билдиреди. Мысалы:

Туў сыртымнан сынайды,

Сынағанлар сынасын,

Ақ тереги қуласын,

Меннен де бетер жыласын,

Муңая питкен терегим,

Қайғылы күнде керегим [7,436] – деген қатарлар қарындасының ағасына айтқан жоқлаўы болып, терек арқалы астарлап береди. Терек арқалы тымсаллап берилген жоқлаўлар қазақ халқында да көплеп ушырасады. Оларда әкесине қарата айтылған жоқлаўлар көбинесе «асқар таўым» ҳәм «байтерегим қулады» деген қатарлар менен бериледи.

**Солған гүл** - мәўсимсиз үзилген өмир тымсалы.

Қыямет болған қусайды,

Қызыл гүл солған қусайды,

Минген аты бос киятыр,

Беглерим қалған қусайды[7, 418]. Улыўма, жоқлаўлардағы символикалық образлар қайғыны тиккелей айтпай, оны тәсиршеӊ ҳәм көркем етип жеткериўге жәрдем береди. Сондай-ақ, жол (жол, сапар)  образы да жүдә әхмийетли белгилерден бири.

**4. Жол (сапар) образы** - өмирдиң өзин, адамның тәғдир жолын билдиреди. Узақ сапарға кетиў - марҳумның бул дүньядан о дүньяға атланыўына белги береди. Қайтыўға болмайтуғын жол - өлимниң қайтпайтуғынын, айырылыўдың мәңгилигин көрсетеди. Жолда қалыў ямаса жол үзилиўи - адамның өмири күтилмегенде тоқтап қалғанын билдиреди. Бул образ арқалы жоқлаўларда өлим тиккелей айтылмай, оны «сапарға шығыў», «узақ сапарға кетиў» сыяқлы жумсартып, көркем түрде жеткереди. Сондай-ақ, «жол» символы инсанның өмири ўақтыншалық екенин, ҳәр кимниң өз жолы бар екенин де нәзерде тутады. Мысалы, қарақалпақ жоқлаўларында қосық қатарлары менен былай баянланады:

Келмеске кеткен жулдызым,

Келмеске жолды байлады [7, 460]

**5. Ўақыт образы** – қайғыны тәсиршеӊ жеткериўге жәрдем береди. Таң, кеш, түн - өмир дәўирлерин билдиреди. Ерте атқан таң - жас кеткен адамды нәзерде тутады. Қара түн - қайғы ҳәм муң белгиси. Мысалы, қарақалпақ салт дәстүринде ўақытқа байланыслы жоқлаўлар былай бериледи:

Сәрсемби күни сәскеде,

Пийшемби күни песинде,

Жан ағам жаны суўырылды,

Заманым мениң қуўырылды [7, 447]. Және де ўақыт кеңислиги мына жоқлаўларда да берилгенлиги көринеди:

Ағарып күн шығады,

Қызарып күн батады,

Анамның бир өлгени,

Турып-турып батады [7, 412]. Жоқарыдағы қатардағы жоқлаўларда ўақыт өткен сайын, күннен күнге анасының жоқлығының билинип атырғанын, перзентиниң ана сағынышындағы, ишки кеширмелери, яғный, ананың орны бир бөлек екенлиги ўақыт кеңислиги тийкарында тәсирли баянланған.

Жуўмақлап айтқанда, адам көринисине тийисли образлар, туўысқанлық ҳәм турмыслық байланыс образлары, тәбият, жол-сапарнама, ўақыт образы, символлар ҳәм руўхый түсиниклер жоқлаўлардың көркемлигин қурайды. Бул арқалы жоқлаў жанры тек ғана қайғыны билдириў қуралы емес, ал халықтың мәдений яды ҳәм дүньяға көзқарасының көриниси сыпатында тән алынады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Пропп В.Я. Исторические корни вольшебной сказки. - Л., 1986.
2. Разумовская Е.Н. Плач с «кукушкой». Традиционное необрядовое голошение русско-белорусского пограничья. // Славянский и балканский фольклор. - М.:Наука,1984.
3. Омонтурдыев А. Бир сўз луғати (Ўлмоқ тушунчасининг эвфемик воситалари). - Термиз, 1996.
4. Алавия М. Ўзбек халқ қўшиқлари. Т.: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти, 1972.
5. Ўраева Д.С. Ўзбек мотам маросими фольклорининг жанрий таркиби генезиси ва бадиияти (филология фанлари доктори илмий даражасини олиш учун тақдим этилган диссертация) –Тошкент: 2005. – Б. 303.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
7. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 106-том. – Нөкис: Илим, 2024.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДА САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРДИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

(қарақалпақ халық ертеклери мысалында)


**Өтениязов П.Ж.**

*ӨзИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


“Қәўимлик жәмәәт:қәўимлик дүзим – салт-дәстүр – (табу, магия) – шаманлық дәстүр (традиция) – бирлемши миф – бирлемши ертеклер – ритуаллық көркем өнер – театрлық (сахналық) – ритм-музыкалық – қосық-аяқ ойынлы – жумбақ – ойын – инициациялық – дидактикалық – авантюралық бирлемши ертеклер – псевдо-ертеклер (псевдосказки) – зеригерли ертеклер – өтирик ертеклер (небылицы) – балалар қорқытпашлары (детские страшилки) – тымсаллар (басни и притчи) – ертек-этюдлер – басқарыўшы катлам – жәмийеттиң классқа бөлиниўи – бағыныўшы қатлам – руўханый қатлам – дин – екилемши миф – батырлық дәстанлар, батырлық жырлар (былины) – әпсаналар (легенды) – сагалар – балладалар – екилемши ертеклер – шаманлық ертеклер – легендалық-эпикалық ертеклер – мифлик-ритуаллық ертеклер – социаллық-мифологиялық ертеклер – новеллистикалық ертеклер ҳәм т.б. ертеклердиң пайда болыўына усы факторлар күшли тәсир еткен” [1, 32]. Дереклерде атап өтилгениндей, “соңғы неолит дәўиринде үлкен үңгир яки үйлерде жасаған үлкен жастағы адамлар балаларының көз алдында салт-дәстүрлерди, үрп-әдетлерди өткерген... Ертек аллегориясы тәлим-тәрбия, шаңарақ тарийхын үйретиў, әўладларды байланыстырыўға қаратылған” [1, 14-16].

“Ертек, ертеде болған деген түсиниктен шыққан. Ертек барлық халықларда да бар. Қарақалпақ ертеклериниң тематикасы оғада кең: тарийхый ҳәдийселер, хожалық, турмыстың түрлери, әдетүрпи, дәстүр менен, дин менен байланыслы шыққан ертеклер көп...Ертеклердиң барлығы да халықтың тиришилик турмыс ушын гүресинен, усы гүрестен шыққан ойынан, пикиринен туўған. Сонлықтан, ертеклерде айтылатуғын ой-пикирлер халықтың күн көриў тиришилик турмыс жөниндеги ойын билдиреди” деп атап өтти Н.Дәўқараев [2, 173]. Ал, Қ.Мәмбетназаров қарақалпақ халық ертеклеринде салт-дәстүрлер, үрп-әдетлер, көркем сүўретлеў формалары беккем орын алғанлығын сөз етти [3, 5]. Оның пикиринше, “ертеклер қарақалпақ халқының аўызеки поэтикалық мийрасларының ең белгили бөлеги болып табылады. Оларда қарақалпақ халқының дүнья танымы, психологиясы, турмыс-тиришилиги, үрп-әдет, салт-дәстүрлериниң ең мазмунлы тәреплери халық дөретпелериндеги (қосықлар яки жырлар, жумбақлар, нақыл-мақаллар)

басқа жанрларға қарағанда толық және тереңирек” [4, 3]. Ҳақыйқатында да, ертеклерде ҳәр бир халықтың салт-дәстүрлери, үрп-әдетлери беккем орын алған. Әсиресе, халық ертеклериниң мазмунында бул айқын көзге тасланады. Мысалы, «Абат батыр» атлы қарақалпақ халық ертегинде Абат батырдың Қысыраў патшаның үш қызын үш достына некелеп бериў ўақыясы сөз етилген [5, 11-18]. «Машақатлы турмыс кеширген жигит» атлы ертекте де некелеп үйлениў дәстүри сәўлеленген: «Жигит бир дизесин мүпти қылды, бир дизесин қазы қылып, некесин қыйып, ҳаял етип алды» [5, 32-38). «Қыран» атлы ертекте болса, Қыран деген батырды шаҳзаданың ҳаялы «қайнаға» деп атайды [5,19-26). Усындай табу сөзлер, ҳүрмет-иззет дәстүрлери бир неше түркий халықлардың, атап айтқанда, қарақалпақ халқының салт-дәстүрлеринде, үрп-әдетлеринде жийи гезлеседи. Мысалы, қарақалпақ халқында ерли-зайыплылар өмирлик жолдасының, ата-анасының, аға-инилериниң, әжапа-қарындасларының, улыўма жақын туўысқанларының атын айтпай, табу сөзлерден пайдаланады.

Айырым ертеклерде этикетлер де байқалады. «Аққуўбай патша» атлы ертекте ғарры менен кемпирдиң баласы жолда бир ғаррыға тәңир сәлемин береди [5, 27-31). Бунда әдеп-икрамлылық, этикет, сәлем бериў дәстүри орын алған. «Шарқыпәлекли бала» атлы ертекте бир патша, баласының үйленгенине, ақлықлы болғанына алтын қабақ аттырып, той береди [5, 39-41). Той бериў дәстүри әдетте халық ертеклериниң финал бөлиминде сүўретленеди. Той бериў, тойды өткериў – қаҳарманлардың баслы идеяларына ерискенин билдиретуғын салт-дәстүр ҳәм бул ертеклердиң соңында орын алады. Ертеклерде тойлардың жети күн ҳәм жети түн даўам етиўи бул сакраллық санлар менен байланыслы болып, бунда бул салт-дәстүрлердиң узақ ўақыт өткерилиўи эпикалық көриниске ийе. «Мурадына жеткен ашықлар» атлы ертекте Жәлимбет Бийбисәнем деген қызға ашық болады. Қыз жигитке «ата-анама барып, мени айттырып ал» дейди. Яғный, ертекте жаўшы жиберип, айттырып алыў, үйлениў, қалың мал салыў сыяқлы салт-дәстүрлер сөз етилген [5, 42-49]. «Батыр бала» атлы ертекте үш баланың генжеси үйинен қуўылады. Соң басқа бир елге барады. Бир отаўға киреди. Отаўда бир ғарры менен кемпир бар. Оларға тәңир сәлемин береди. Бунда қарақалпақ халқының этикетлери, үрп-әдетлери, салт-дәстүрлери, әдеп-икрамлылық нормалары орын алған [5, 49-58). «Гүлзәмзе» атлы ертекте бир жарлы адам үш баласына мал-мүлкин бөлистирип берип, мийрас етип қалдырады [5, 59-66). Бул салт-дәстүр қарақалпақ халқында ғана емес, ал, басқа туўысқан халықларда да ертеден бар. «Шешен бала» атлы ертекте де қарақалпақ халқына тән үрп-әдет, салт-дәстүрлер орын алған. Онда Жалғызбай деген шопан бала болады. Ол қарақалпақтың он төрт бийин үйине мирәт етеди. Бийлер «қонақ асына не сойып бересең?» деп баладан сорайды. Бала «Тапсам биреўин, таппасам екеўин сойып беремен» дейди. Бийлер бул гәпке түсинбей, оның үстинен күлип, кетип қалады. Бирақ, жолдан адасып және Жалғызбайдың ылашығында қонып қалады. Шопан бала оларға буўаз ешкисин сойып береди. Ешкиниң ишинде ылағы бар, ешки буўаз болады. Жалғызбай бийлердиң қонақ асы деп өзиниң буўаз ешкисинен де кешеди [5, 261-266].

«Жалғыз қойлы шопан ҳәм саўдегер» атлы ертекте аманатқа қыянет етпеў дәстүри, аманат адамды аман сақлайтуғынлығы сөз етилген. Бир қасқыр шопанның жалғыз қойын жейди. Шопан қойының терисин кәрўанларға «сатып берсеңиз» деп берип жибереди. Кәрўанбасы терини басқа бир елде бир пышыққа алмастырады. Және бир өзге елге келгенде сол мәканда тышқан көп болады. Бул мәканның адамлары пышықты қымбат баҳада сатып алады. Кәрўан байып кетеди. Кәрўандағылар шопанға азғантай пул бериўди ойласады. Бирақ, қарақшылар оларды тонайды. Қарақшылар инсаплы болып шығады ҳәм кәрўанға байлықларын қайтарып береди. Бирақ, шопанның қой терисиниң ҳақын бериўи шәрт екенлигин айтады. Шопан байып кетеди [5, 293-295]. «Ақыллы бала» атлы ертекте патша ҳәм оның баласы сөз етилген. Патша баласына үш нәсият айтады: Жолда түнеўши болсаң, ойда емес, дөңде жат, дуз ишкен жериңе қыянет етпе, азанғы асты таслама! Патшаның баласы ата-бабалардан мийрас болып киятырған усы ақыл-кеңеслерге дыққат аўдарып, мурат-мақсетине жетеди. «Ақыллы қатын» атлы ертекте де бир жигитке әкеси

үш нәсият айтады: Жасы үлкенди сыйла, жас кишиге иззет көрсет, ири сөйле, майда гәп айтпа! Буның мәнисин жигиттиң ҳаялы түсинип, жигитке билдиреди. Дөретпеде қарақалпақ халқының үрп-әдет, салт-дәстүрлери сөз етилген [5, 254-255]. «Гереңлер» атлы ертекте бир гереӊ екинши гереңге ешкилерин таўып бергени ушын, қудайыға деп бир мүйизи сынық ешкисин береди. Бунда қудайыға мал бериў дәстүри сүўретленген [5, 329-330]. «Мәсләҳәт» атлы ертекте жерлеў дәстүри орын алған [5, 334-336]. «Қубылы батыр» атлы ертекте Әбилзаман деген адам ҳәм оның Қубылы деген баласы атап өтилген. Ертекте Қубылы әкесинен ҳақ жол тилеп, ақ пәтиясын алғанлығы, пәтия алыў салт-дәстүри сөз етилген [6, 8-13). «Орал батыр» атлы ертекте бир байдың бес баласы болғанлығы айтылған. Бай бес баласына патшаның бес қызын айттырып, қуда түседи. Бунда қуда түсиў салт-дәстүри сүўретленген [6, Б. 19-27). «Гүлбүлбүл» атлы ертекте бас қаҳарман бир отаўға барады. Отаўда қызлар менен олардың жеңгеси отырған болады. Гүлбүлбүл досты Нарымбет екеўи сол қызлар менен қыз-жигитлер айтысын, сораў-жуўап айтысын өткереди. Бул болса, қарақалпақ халқында дәстүрге айланған [6, 28-43]. «Нанбайдың баласы» атлы ертекте жигит патшаның қызын айттырады ҳәм қалың малды да төлейди. Бунда қарақалпақ халқындағы қыз айттырыў, қалың мал төлеў салт-дәстүрлери орын алған [7, 52-53). «Тыйын» атлы ертекте де бир жигиттиң қарындасын алған Қарақус (негизинде сыйқырланған адам) «қалың малыңа не аласаң?» дейди. Бул дөретпеде де қалың мал дәстүри атап өтилген [8]. «Аққус» атлы ертекте қарақалпақ халқындағы аға-ини, әжапа, жезде сыяқлы табу сөзлер гезлеседи. Салт-дәстүр бойынша ата журт, дайы журт, қайын журтлардағы жақын-жуўықлардың, ағайын-туўысқанлардың атларын айтыўға болмайды. Яғный, булар табу сөзлер есапланады [7,53-56]. «Дурыс нәсият» атлы ертекте бир жигиттиң әлийеде түнеў дәстүри сөз етилген. Бул ертеден киятырған исенимлер болып табылады [7, 116-117).

Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелериндеги үрп-әдетлер, салт-дәстүрлерди этнографиялық жақтан Х.Есбергенов, Ж.Хошниязов [9], А.Бекмуратова [10] ҳәм тағы басқа илимпазлар арнаўлы үйренген. Шынында да, фольклорлық дөретпелерде ҳәр бир халықтың тарийхы, мәденияты, үрп-әдет, салт-дәстүрлери терең орын алған.

Қарақалпақ халық ертеклеринде де ерте заманлардан бүгинги күнге шекем сақланып киятырған үрп-әдетлер, салт-дәстүрлер сәўлелениўин тапқан. Бул мәселени арнаўлы үйрениў оғада актуал саналады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Наговицын А.Е., Пономарева В.И. Атлас сказочного мира. – Москва: Генезис, 2011. – 320 с.

2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. – Том 2. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – 356 б.

3. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ ертеклери ҳаққында. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981. – 120 б.

4. Мамбетназаров К. Каракалпакские народные сказки. Автореферат диссертации на соискание ученой степени кандидата филологических наук– Нукус, 1967. – 28 с.

5. Қарақалпақ фольклоры. Том 1. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

6. Қарақалпақ фольклоры. Том 2. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

7. Қарақалпақ фольклоры. Том 67-76. – Нөкис: Илим, 2014. – 560 б.

8. Tiyin. – Nokis: Bilim, 2018. – 28 b

9. Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре. – Ташкент: Фан, 1988. – 156 с.

10. Бекмуратова А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящим. – Нукус: Каракалпакстан, 1969. – 153 с.

# QARAQALPAQ BALALAR QOSIQLARINIŃ KÓRKEMLIK ÓZGESHELIGI

**Maksetova F.A.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Xalıq dóretpesiniń balalarǵa arnalǵan balalar atqaratuǵın túri bul balalar folklorı dep ataladı. Folklordıń bul túri áyyem zamannan beri bar hám dúnya xalıqlar folklorınıń tiykarǵı janrı. Tiykarınan bul folklor balalardıń aqıl oyın ósiriwge, sóylewge, tárbiyalawǵa jámiyetlik turmısqa aralastırıwǵa tiykarlanǵan boladı. Balalar folklorınıń bir bólimi úlkenlerdiń balalarǵa aytıp beriwine qurılǵan, ekinshi bólimi balalardıń ózleriniń atqarılıwına qurıladı. Úlkenler aytıwshılardıń repertuarına kóbinese kosıqlar, ertekler, ápsanlar, ańız ángimeler kiredi. «Basqa xalıqlar sıyaqlı xalqımız áyyemgi dáwirlerden baslap - aq bala tárbiyasına ayrıqsha kewil bólip keledi. Ózleriniń barlıq aqıl oyın, sanasın balalar folklorına arnaǵan. Házirgi dáwirde qaraqalpaq folklorınıń kórkem sóz óneriniń bir túri balalar folklorı esaplanıp, bul janr shıǵarmaları óziniń burınnan bar dástúriy jolı menen rawajlanıp, jańa dáwirdiń talabına say jańa janrları menen tolısıp, bayıp barmaqta».[1] Qaraqalpaq balalar folklorınıń tiykarǵı janrlarına ertekler, qosıqlar, jumbaqlar, jańıltpash, taqmaq, balalar oyınları, ayqulash, hákke qayda hám taǵı basqa. [2]

**Balalar qosıqlarınıń poetikalıq ózgeshelikleri**

Qaraqalpaq balalar qosıqlarınıń eń tiykarǵı qásiyeti – olardıń jeńil, qısqa hám este saqlawǵa qolaylı bolıwı. Balalar psixologiyasına ılayıq etip dóretilgen bul shıǵarmalarda qaytalanıwlar, únles sózler, ırǵaq úlken orın tutadı. Balalar qosıqlarında kóbinese dialog forması, soraw-juwap usılı, qaytalawlar;  qollanıladı.

Bul poetikalıq usıllar balalardıń qosıqtı tez yadlap alıwına járdem beredi. Mısalı, «Hákke qayda?» qosıǵında qısqa sorawlar hám juwaplar arqalı shıǵarma janlanıp turadı:

-Hákke qayda?
-Úyasında.
-Ne qılıp atır?
-Keste tigip atır.
-Kestesi qanday?
-Alaqanday.
-Dárwazanıń awzı qanday?
-Óte beriń bunnan
-Neshe atlasam ótemen?
-Eki atlasań óteseń…
-Bir nan jeyseńba?
-Jartı nan jeyseńba?
-Bir nan jeymen.
-Al basla[3,64].

Bul qatarlarda qarapayım sózler qollanılǵanı menen, olardıń seslik únlesligi hám ritmlik qurılısı shıǵarmanıń kórkemligin arttıradı.

**Balalar qosıqlarındaǵı ritm hám uyqas**

Balalar qosıqlarınıń poetikasında ritm ayrıqsha áhmiyetke iye. Ritm balalardıń qosıqtı jeńil aytıwına hám este saqlawına múmkinshilik beredi. Qosıqlarda buwınlar teńligi saqlanıp, muzikalılıq kúsheytiledi.

Áwelemen – dúwelemen,
Salqan iyttin sanı menen,
Qara qoydıń qanı menen.
- Áwez molla qayda ketti?
- Duzǵa ketti,
-Qashan keler?
- Jaz keler.
- Jaz kelmese?
- Gúz keler.

- Pállanpish.
- Oyǵa tús.
- Sen tur.
- Sen shıq. [3,63]

Bul qatarlarda sózlerdiń seslik uyqası hám qaytalanıwı poetikalıq muzikalılıqtı kúsheytip tur. Sonday-aq balalardıń tilin shınıqtırıwǵa xızmet etedi.

Balalar qosıqlarında kóbinese qara qosıq úlgisindegi uyqas túrleri ushırasadı. Uyqaslardıń qarapayım bolıwı shıǵarmanıń jeńil qabıl etiliwine sebep boladı.

**Obrazlılıq hám kórkemlik**

Qaraqalpaq balalar qosıqlarında haywanatlar, quslar hám tábiyat obrazları keń qollanıladı. Ásirese túlki, túye, qoy, hákke sıyaqlı obrazlar arqalı balalarǵa turmıs haqqında túsinik beriledi.

«Túlkishek» qosıǵı balalar folklorındaǵı eń kórkem shıǵarmalardıń biri bolıp tabıladı. Bul shıǵarmada túlki obrazı hiylekerlikti, házirjuwaplıqtı hám tapqırlıqtı bildiredi.

Mısalı:
- Háy, túlkishek, túlkishek,
- Túnde qayda barasań? –
- Mamamnıń úyine baraman,
«Mamań saǵan ne berer?»
- Eshki sawıp sút berer,
- Eshkisiniń súti joq, [3,68]

Bul jerde qaytalaw hám intonaciyalıq seslik shıǵarmanıń poetikalıq tásirin kúsheytip tur. Túlkishekke berilgen sorawlar arqalı dramalıq qozǵalıs payda boladı.

Shıǵarmadaǵı dialog forması balalardıń qızıǵıwın arttırıp, olardı sóylesiw mádeniyatına úyretedi.

**Dialog hám dramalıq elementler**

Qaraqalpaq balalar qosıqlarınıń kópshiligi dialog formasında qurılǵan. Bul poetikalıq ózgeshelik balalar folklorına dramalıq sıpat beredi.

«Túlkishek», «Hákke qayda?», «Há, túyeler, túyeler» sıyaqlı qosıqlarda bir personaj soraw qoysa, ekinshisi juwap beredi. Bul balalardıń sózge sheshen bolıwına hám tez oylawına tásir etedi.

Mısalı:
Há, túyeler, túyeler
- Há, túyeler, túyeler,
Duzıń qayda túyeler?
- Balqan tawdıń basında,
Balıq oynar tusında.
Jemisim jerge tógildi,
Jer juwsanın berdi,
Juwsanın qoyǵa berdim, [3,68]

Bul qatarlarda intonaciya, qaytalaw hám sóz oyını kórkemlik quralı sıpatında qollanılǵan.

Dialog forması balalardı oyınǵa tartıp, qosıqtı saxnalıq kóriniske aylandıradı. Sonlıqtan balalar qosıqlarında dramalıq elementler de kúshli bolıp tabıladı.

**Balalar qosıqlarınıń tárbiyalıq mazmunı**

Balalar qosıqları tek kewil ashıw ushın ǵana emes, al tárbiya quralı sıpatında da áhmietli. Xalıq balalarǵa miynetti, ádeplilikti, miymandoslıqtı, adamgershilikti, tapqırlıqtı qosıq arqalı úyretken.

«Há, túyeler, túyeler» qosıǵında xalıqtıń sharwashılıq ómiri sáwlelenedi. Balalar bul arqalı túeshilik, qoyshılıq, balıqshılıq haqqında maǵlıwmat aladı.

Qosıqlarda xalıqtıń ómir saltı, kásibi hám milliy qádriyatları kórkem túrde berilgen. Bul balalardıń milliy sana-sezimin qáliplestiriwde úlken rol atqaradı.

**Til kórkemligi**

Balalar qosıqlarınıń tili júdá qarapayım, túsinikli hám tásirli bolıp keledi. Onda: teńewler, qaytalawlar, dawis únlesligi keń qollanıladı. Bul poetikalıq qurallar balalardıń til baylıǵın ósiredi. Qosıqlarda xalıq tiliniń bay sóz qorı saqlanǵan.

Sonday-aq balalar qosıqlarında yumor hám názik kúlki de ushırasadı. Bul balalardıń estetikalıq sezimlerin qáliplestiriwge járdem beredi.

Qaraqalpaq xalıq balalar qosıqlarınıń poetikası xalıqtıń kórkem oylaw dástúrin, estetikalıq talǵamın hám tárbiya tájiriybesin kórsetedi. Balalar qosıqlarında ritm, uyqas, qaytalaw, dialog hám obrazlılıq keń qollanılıp, shıǵarmalardıń kórkemlik dárejesin arttırǵan.

«Túlkishek», «Hákke qayda?», «Há, túyeler, túyeler» sıyaqlı qosıqlar balalardıń oy-órisin keńeytip, olardı sózge sheshen, tapqır hám ádepli bolıwǵa úyretedi.

Sonlıqtan qaraqalpaq balalar qosıqları xalıq mádeniyatınıń qımbatlı miyraslarınıń biri bolıp tabıladı hám olardı úyreniw búgingi kúnde de úlken áhmietke iye.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорың эстетикасы. - Нөкис. Қарақалпақстан, 1971.

2. Календерова А. Ҳәзирги дәўир қаракалпақ балалар фольклоры, жанр эволюциясы. – Нөкис: Нур туран принт, 2024.

3. Тажимуратов Ә. Қарақалпақ халқ қосықлары. - Нөкис. Қарақалпақстан, Нөкис. 1965.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ШЕШЕНЛИК СӨЗЛЕРИ: ТҮРЛЕРИ ҲӘМ КӨРКЕМ-МӘДЕНИЙ ӘҲМИЙЕТИ

**Оразов А.О.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты өз бетинше излениўшиси*

Қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилиги дәстүринде шешенлик сөзлер өз алдына жанр болып қәлиплескен. Бул сөзлер көркем баянлаў менен бирге жәмийетлик қатнасты тәртипке салыў, әдилликти тиклеў, мораллық норма ҳәм әдеп-икрамлылықты беккемлеў қуралы да есапланады.

Шешенлик сөзлердиң ертек, аңыз, айтыс, нақыл-мақал ҳәм төрелик дәстүрлер менен байланысы оларды таза бир жанр шеңберинде ғана емес, жанрлараралық система ретинде қарастырыўға да мүмкиншилик береди [1, 204-б.].

Илимий әдебиятларда шешенлик сөзлерди жанрлық жағынан түсиндириўде ҳәр түрли көзқараслар болған. Бир қатар изертлеўшилер оларды ертек яки аңыз қурамында қараса, базылары айтыс дәстүрине жақын деп түсиндирген. Деген менен, кейинги дәўирдеги таллаўлар шешенлик сөзлердиң жеке жанрлық өзгешелигин дәлиллеўге жол ашты. Ю.Пахратдинов шешенлик сөзлерди шешенлик жумбақ айтысы, даў айтысы, арнаў, сын, ҳәзил-сатира ҳәм ақыл-нәсият сыяқлы түрлерге ажыратып, олардың ишки структурасын анықлаўға үлес қосты [2, 79-б.]. Қ. Мақсетов та шешенлик сөзлердиң мазмуны ҳәм формасы жағынан айтысқа толық теңлестирилиўи дурыс емеслигин айтып, бул үлгилердиң нақыл-мақалларға жақын, бирақ өз алдына шешим ҳәм пикир формасы екенин көрсетти [3, 142-б.].

Қарақалпақ шешенлик сөзлерин биз өз алдына жанр сыпатында қарастырып, идеясы ҳәм мазмунына қарай төмендегише топар ҳәм түрлерге бөлиўди мақул көремиз: 1) шешенлик арнаў сөзлери (буған *шешенлик ҳәзил, шешенлик сын, шешенлик еситтириў* киреди); 2) шешенлик ақыл-нәсият (буған *шешенлик нақыл-мақал, шешенлик тымсал, шешенлик жумбақ ҳәм шешенлик сораў-жуўап* түрлери киреди); 3) төрелик сөзлер (буған *жер даўы, қун даўы, мал даўы* қусаған түрлер киреди)

**1. Шешенлик арнаў сөзлери.** Шешенлик арнаў сөзлери халықтың күнделик турмысында жийи ушырасатуғын эмоционаллық ҳәм коммуникативлик формалардан есапланады. Оларға ҳәзил, сын ҳәм еситтириў сыяқлы түрлер киреди. Бул үлгилерде шешенниң тапқырлығы ғана емес, ал жәмийетлик жағдайды баҳалаў қәбилети де

көринеди. Мәселен, ҳәзил-дәлкек арқалы адамлар арасындағы қашықлық жойылып, ашық сөйлесиўге жол ашылады. Қарақалпақ дәстүринде келин, ене, аға-ини, жийен-дайы аралығындағы сөз ойыны көп жағдайда тәрбиялық мәниге де ийе болған. Бул әсиресе ҳаял образларының сөзге шешен, зийрек болып сүўретлениўинде байқалады [4, 27-28-бб.].

Шешенлик сын да арнаў сөзлериниң әҳмийетли бөлеги. Сын биреўди кемситиў ушын емес, ал жәмийеттеги орынсызлықты аңлатыў, адамға ой салыў ҳәм әдеп шеңберинде пикир билдириў ушын қолланылған. Жийренше шешен менен Жәнибек ханға байланыслы аңызлар усындай сынның көркем үлгиси болып табылады. Бир жағынан ханның абырайын сақлап, екинши жағынан тапқыр жуўап арқалы ҳақыйқатқа ишара етиў — бул шешенлик сынның нәзик тәбиятын көрсетеди [5, 92-115-бб.].

Еситтириў сөзлери болса, қайғыны жеткерип, жан азабын жеңиллетиўге қаратылған. Адам өмириниң ең аўыр сәтлеринде бундай сөзлер сабыр, тақат ҳәм руўхый таяныш хызметин атқарады. Жақынынан айырылған адамға ашық қатаң сөз емес, астарлы ҳәм әдепли билдириў кереклиги қарақалпақ шешенлик дәстүринде айрықша сақланған [6, 25-26-бб.].

**2. Шешенлик ақыл-нәсият.** Ақыл-нәсиятқа киретуғын шешенлик түрлери халықтың тәжирийбесин, өмир философиясын ҳәм тәрбиялық қағыйдаларын ықшам формада жеткереди. Нақыл-мақал, тымсал, жумбақ ҳәм сораў-жуўап үлгилери — усы топардың өзеги. Бул формаларда сөз қысқа болыўы мүмкин, бирақ мәни салмағы терең болады. Сөзи қысқа, ойы узақ деген қағыйда шешенлик дәстүрге толық сәйкес келеди [5, 89-б.].

Нақыл-мақал — шешенниң сөзин беккемлеп, тыңлаўшының есинде сақланып қалыўын тәмийинлейтуғын тийкарғы қурал. Шешен көп жағдайда мақалға сүйене отырып, өз пикирине халықлық исеним береди. Сол себепли, нақыл сөз тек шешенлик сөздиң безеўи емес, ал логикалық дәлил ролин атқарады.

Жумбақ ҳәм сораў-жуўап үлгилери когнитив ойлаўды шынықтырады. Жумбақты шеше алған адам тек зийрек емес, ал астарлы мәнини де түсине алатуғын парасатлы шахс деп танылған. Сораў-жуўап формасында өткен сөз жарыслары да қарақалпақ шешенлик өнериниң диалоглық күшин көрсете алады. Бул дәстүрде айтыўшы ҳәм тыңлаўшы бир-бири менен тек мағлыўмат алмасыў емес, ой сынасыў дәрежесинде байланысады.

**3. Төрелик сөзлер ҳәм жәмийетлик тәртип.** Төрелик сөзлер — шешенлик өнериниң ең социаллық-ҳуқықый бағдары. Бул түр жер даўы, мал даўы, қун даўы, ар-намыс даўы сыяқлы мәселелерди шешиўде қолланылған. Бунда шешенниң мақсети даўды күшейтиў емес, қайта татыўластырыў, әдил ҳүким шығарыў ҳәм жәмийетлик тынышлықты сақлаў болған. Қарақалпақ жәмийетинде бийлер тек абырай ийеси ғана емес, халық атынан сөз сөйлейтуғын медиатор, төре ҳәм мәмилеге келтириўши шахс дәрежесинде танылған [7, 184-б.].

Жер даўы, мал даўы ҳәм қун даўына байланыслы аңызларда шешенниң тапқырлығы, логикасы ҳәм адам таный билиў қәбилети айрықша көринеди.

Төрелик сөзлердиң әҳмийети тек тарийхый дерек ретинде емес, ал ҳуқықый сана ҳәм дәстүрий әдиллик моделиниң көркем текстке сиңдирилген формасы болыўында көринеди. Бул жерде сөз — нызамның орнын басатуғын емес, нызамды түсиндирип, адам санасына жақынлататуғын руўхый қурал. Сонлықтан шешенлик төрелик сөзлерди халықтың дәстүрий қазылығы, этикалық кодекси ҳәм мәплерди келистириў мәденияты деп үйренген дурыс есапланады.

**4. Жанрлараралық байланыс.** Шешенлик сөзлердиң тағы бир әҳмийетли қыры — олардың жанрлараралық байланысы. Бул үлгилерде ертекке тән баянлаў, аңызға тән тарийхый ишара, айтысқа тән диалог, нақылға тән афористлик форма ҳәм төреликке тән ҳуқықый-прагматикалық мазмун бирге ушласады. Сонлықтан шешенлик сөзлерди таза бир формаға ғана байлап қойыўға болмайды; олар контекстке қарай түрлене алатуғын көркем-коммуникативлик система болып табылады. Мине, усы көпқабатлылық олардың халықлық санада узақ жасаўының тийкарларының бири. Шешенлик сөздиң бирде

күлкили, бирде терең философиялық, бирде қазылық мазмунда келиўи — халықтың дүньяны образлы ҳәм әдепли жол менен қабыллаў дәстүрин аңлатады. Бул жанр жас әўладты орынлы сөйлей билиўге, қарсы пикирди тыңлай билиўге ҳәм сөздиң жаўапкершилигин сезиўге үйретеди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ шешенлик сөзлери өз алдына фольклорлық жанр ретинде қарастырылыўы керек. Олар арнаў, ақыл-нәсият ҳәм төрелик топарларына бөлинип, жәмийетлик тәртипти бекемлеў, халық даналығын жеткериў ҳәм руўхый-эстетикалық тәсир жасаў хызметин атқарады. Бул жанрда поэтикалық, прозалық, диалоглық ҳәм прагматикалық элементлер бирге ушласады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
2. Пахратдинов Ю. Адам. Жәмийет. Сатира. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халық көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: Билим, 1996.
4. Járimbetov Q., Orazımbetov Q. Qaraqalpaq ádebiyatı. – Nókis: Bilim, 2006.
5. Адамбаев Б. Халық даналығы. – Алматы: Рауан, 1996.
6. Шешенлик сөзлер. Әпсаналар. – Нөкис: Билим, 2015.
7. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТУРМЫС ЕРТЕКЛЕРИНИҢ СЮЖЕТИНИҢ ӨГЕШЕЛИГИ

**Жақсымуратова М.Қ.**
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер хәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

Қарақалпақ халық ертеклериниң ишинде тематикалық жақтан ең байы турмыс ертеклери болып табылады. Турмыс ертеклери әййемги даўирлерден баслап бугинги кунимизге шекем халықтын турмысының хар турли тараўларын сәўлелендиреди. Оларда халықтың жамийетлик өмири, турмыс тиришилиги, дуньяга көз карaслары сана-сезимлери, әрман махсетлери сөз етиледи. Бул ертеклердиң ўақыялары реалистлик болмыстан алынады. Бунда халықтың өткендеги турмыс кешириў жағдайларынан баслап бугинги кунге шекемги хәр қыйлы турмыслық деталлар көркем суўретлеў арқалы әңгиме етиледи. Сыйқырлы ертеклердеги сыяқлы турмыс ертеклеринде сюжеттиң биографиялык бөлими ушрасады. Бирақ булар сыйқырлы ертеклерден путкиллей өзгеше болып келеди. ”Ақылдане - Ақылкамал” деп аталган турмыс ертегинде сюжеттиң биографиялық бөлими бар [1.246]. Бунда қахарманлардың туўылыўының сөз етилгенлиги анық болады. “Бийперзент болғаннан кейин хаялы әўлийеге барайын, алладан бала тилейин ‘’деп әўлийеге кетеди. Әўлийеде тунеп жатырса тусинде саган илахийда бир перзент бердим, аты Ақылкамал болсын” деди.

Жане бир байдың хаялы келип тунеп атыр екен оғанда тусинде бир перзент берип атын Ақылдане қой депти [1.247]. Булардың туўылыўлары қыяметлик дослық хәдийселери сюжеттиң экспозициясында орын алған жети жасында мектепке барып оқыўыда биографиялық бөлимде суўретленген. Қарақалпақ дәстанларында да бундай қубылыс жийи гезлеседи. Мәселен ’’Мәспатша’’ дәстанында тусиндеги хәдийселер арқалы Абдикерим байдың ул перзенти туўылады. ’’Қоблан’’дәстанында да усы тақылеттеги яғный әўлийеге қатнаў, тус көриў арқалы Қобланның туўылыўы сөз болады. Солайынша турмыс ертеклериниң биринде сюжеттиң экспозициясы қахарманлық дәстанлар менен унлеслигин атап өтиў артықмаш емес. Бундай қарақалпак ертеклери менен дәстанлар арасындағы эпизод хам сюжетлик уқсаслық туўралы көплеген мысаллар келтириўге болады. Хәттеки бундай эпизодлы байланыс “Алпамыс”, “Қоблан” хәм “Қырққыз” дәстанларында да ушратамыз. Солай етип қарақалпақ ертеклери басқа халықлардың ертеклери менен сондай-ақ дәстанлары мененде мазмун хәм сюжетлик жағынан айырым эпизодлар менен уқсас болып келиў жағдайларына гуман келтириўге

болмайды. Сыйқырлы ертеклердиң биографиялык бөлими басқаша болып келеди. ’’Арпамәдиян” ертегинде қахарманның ғайры тәбийий туўылыўы хаялы менен қыдырып кетипти. Қыз сарайдың ишинде отырса ‘’хуў хақ’’ дийўана келеди Қыз дийўанаңы бос жибермейин деп ғәзийнеханасынан азғантай алтын берейин десе, хеш жерден гилт таба алмайды, оннан кейин бир табақ арпа береди қыз арпаны дийўананың қабына салайын деп атырғанда бир уўыс арпа жерге тусип кетеди, қыз төгилген арпаны алақанына салып аўзына асап жибереди, кунлерден кун өтип айлардан ай отип, қыз бир уўыс арпадан жукли болады’’ [1.76]. Бунда бас кахарманлардын озгеше өзгеше туўылыўы хаккында сөз барады. Демек көркем кыялдың ислетилиўиндеги айрықшалықлар жузеге келеди. ’’Жартыбас батыр’’ ертегиндегинде де балалардың туўылыўы тус көрип сәўлеленген [1.14], ‘’Хан қадирлеген киши куйеў’’ ертегиндеде [1.125] баланың дуньяға келиўи фантазия жәрдеминде суўретленген демек сыйқырлы ертеклердиң биографиялық бөлими басқаша қурылады, турмыс ертеклеринде көркем қыял шекленген болады. ’’Уста Шамший хәм оның хаялы ‘’ ертегинде бас қахарманның жарық дуньяға келиўи; ’’Бул уста Нурдың жасы қырыққа келгенде бир уллы болады улының атын Шамший қойыпты. Шамшийди тоғыз жасында мектепке берипти, он алты жасында оқыўын тамамлапты’’ деп қысқа турде биографиялық бөлим берилген [1.280]’’ Қуў гелле таққан кемпир туўралы ‘[1,240]’ ертегиндеде сюжети көз-қарасынанда қахарманлардың қатнасы жағынан изерлеў шәрт ‘’Жетим қыз‘’ ертегинде турмыс шынлығы көркем сәўлелендирилгенлиги сөзсиз қахарманның турмыстан қыйыншылық көриўи тәғдир менен гуреске тусиўи турмыс ертеклериниң сюжетинде басым болып келеди. Хәр бир көркем шығарманы таллағанда, турмыс ертеги, менен сыйқырлы ертеклер текстлерин салыстырып қарағанда олардағы дәстурлердиң урп-әдетлердиң, мәресимлердиң жумсалыўының айрықшалықлары, парықлы таманлары көринип турады. Хәрбир турмыс ертеги сыйқырлы ертектен өзиниң реаллығы менен, яғный реалистлик суўретлеў усылы менен айрылып туратуғынлығын есапқа алған халда олардың сюжетлериниң қәлиплесиўиндеги қарақалпақ миллетиниң әййемги көз-карасларының миллий өзгешеликлериниң тәсиринде жузеге шығарады. Турмис ертеклериң сюжети -ертектиң баслы эпиўайы адамлардың өмирин, ис-хәрекетлерин, турмысын жамийеттеги орнын социаллық көз-карасларын баянлаўға қурылады. Баслы қахарман өз мақсети жолында ушрасқан қыйыншылықларды сабыр тақат пенен жеңип өтип, мурат мақсетине жетеди. Турмыслык ертеклерде социаллық тенсизлик сатиралық бағытта суўретленип, онда әпиўайы мийнеткеш ўәкиллериниң кәмбағаллығы хәм аўыр аўхалы баян етиледи. Бунда бай персонажлардың, мәселенбай саўдагерлерди, моллалардың ашкөзлиги, зықналығы, ақмақлығы ашып бериледи. Мәселен; ‘’Байлардан хақысин алған бала’’, ‘’Жалғыз шопан хәм сәўдегер’’, ’’Билгиш шопан’’, ‘’Өгиз баққан уш жигит’’ ертеклери жоқарыдағы пикиримизге дәлийил болады. Турмыс ертеклери өзиниң мазмун хәм темасы бойынша хәр қыйлы болып, жумбақлар, шешими қыйын сораўлар хәм илгир зейинлилик пенен таўылған жуўаплардан шебер пайдаланыў менен характерленеди, мийримсизлик хәм ақмақ хукимдарлар хаққындағы сюжетлер, дәмегөйлик хәм сықмарлықты әшкаралаў биринши орында турады. Турмыслық ертеклердиң келип шығыўы, олардың тематикасы сыяқлы хәр турли характерге ийе. Жөнсиз перзентлер, қарақшылар хәм урылар хаққындағы сюжетлердиң дереги кунделикли турмыс пенен тығыз байланыслы. Ертеклердиң бул жанры өзиниң сюжетлик қурылысы, образлар шеңберине, өзине тән көркем тәсир усылларына ийе, қыялый ертеклерден парықлы турде олардың қахарманлары реал дуньяда жасайды, махсетлерине ақыл хәм сабырлылық пенен ериседи. Бул кахарманлар образы тийкарында халық өз арзыў- әрманларын әмелге асырады. Турмыс ертеклеринде хақыйқый турмыслық хақыйқатлық айқын көринип турады. Сораў жуўаплар негизинде дөрелген ертеклер өзине тән өзгешелиги менен фантастикалық ертеклерге жақын. Сыйқырлы ертеклерде баслы қахарман көплеген сынақлардан өтип, шийеленискен ўақыялардың шешимин табыў арқалы өзлериниң бахтын табады. [1/83,б] Бундай типтеги турмыслық ертеклерде болса қарсыласына шешилиўи қыйын сораў жуўапларға дурыс жуўап тапқан адам жеңимпаз

болады. Мәселен;’’Қырық аўыз өтирик айтқан шопан ‘’ертегин алып қарайық.Бир патша кырық аўыз өтирик айтқан адамға қызымды беремен депти. Сонда елден 40 өтирик айтқандай адам табылмапты. Бир куни бир шопан келип ‘’мен айтаман’’ депти.

-Тақсыр, бир қоян урып едим, ишинен бир ярым батпан май шықты. Етигиме жағып едим, биреўине жетип еди, биреўине жетпей қалды. Соннан етигимди дастанып жатып қалдым. Тунде қарасам еки етигим төбелесип атыр екен. Май жақпаған етигимди еки урдым, май жаққан етигимди бир урдым. Азанда турсам май жақпаған етигим қашып кетипти. Бир етигимди бир аяғыма суғып жур едим, журе алмадым, еки аяғымды бир етикке суғып едим, ана таўдан бир асып, мына таўдан бир басып бир садақаның устинен шықтым. Қарасам усы садақада тақ етигим табақ тасып жур екен. Бир байталым бар еди, сол байталым пошалап кеткен екен. Бийик таўдың басына шығып қарасам көринбейди. Сөйтип турғанда, көзи жоқ ийне таўып алып, бир аўлақ жерге шаншып, устине минип қарап турсам, байталым жети қырдын аржағында жайылып жур екен. Жақынлап барсам бир дарья шықты қынымды минип, пышағымды есип баратыр едим батып кеттим. Пышағыма минип, қынымды ескек етип өттимде кеттим. Суўғарайын десем суў қатып калыпты, тептим-тептим ойылмады. Соннан кейин басымды суўырып алып, кегирдегимнен услап музды урып едим, көлдиң музы ойылды. Сонда хан ‘’көл дегениң кишкене көлшик шығар’’-депти. ’’Көлшик болса көлшик шығар, тақсыр бир жағынан ушқан қара қус аржағына канаты талып зорға жететуғын еди’’- дейди. ”Қара қус дегениң жапалақ шығар’’- депти хан. ’’Жапалақ болса жапалақ шығар тақсыр, бир уйге канаты узик болатуғын еди’’ депти шопан. ’’Уй дегениң жаппа шығар’’-депти хан ‘’Жаппа болса жаппа шығар, есигинен мөңиреген буғаның даўысы төрине тал-тал баратуғын еди’’- деди шопан Соннан кейин сөзден жеңилген хан қызын бериўге мәжбур болыпты [1. 267.б] Көрип өткенимиздей, сораў хәм жуўаплар көбирек қахарманның ақылы, зийреклигин тексериўге қаратылған. Бул сөз ойынында жеңимпазда жеңилиўши тәрепте өзиниң ақыл-парасатын көрсетеди, сол тийкарда той хаққында қарар кабыл етиледи. Бул мотив бизиң халқымыздың дәстанларында кеңнен таралған.

Солай етип, қарақалпақ халқының әсирлер даўамында қәлиплескен турмыс тәризи ертек сюжетиниң турақласыўында да өз орнына ийе болады. Тилекке қарсы, қарқалпақ ертектаныў илиминде изертлеўшилердиң бирде биреўи бул оғада қурамалы мәселеге итибар қаратпағанлығы сюжет җәне дәстурлердиң өз-ара уйренилмегенлиги мәлим.

Улыўма алганда, турмыслық ертеклердеги конфликт кунделикли турмыста жуз береди. Турмыс ертеклеринде сюжеттиң тийкарын турмыслық мотивлер қурайды. Бул өзгешелик турмыс ертеклери жанрындағы барлық турлерин өз ишине алады. Усылайынша ертек жанрының улыўма белгилери турмыслық сюжетлерде, олардың жаратылыў принциплерине байланыслы мазмун хәм форма өзгешеликлеринде өзине тәң характерде суўретленеди. Хәрбир ертекте сюжеттиң җәне конфликттиң шешимлериндеги уйқаслық пенен айырмашылық тәреплерин кең турде таллаў мақсетке муўапық. Ертеклер туўралы илимий пикирлер жургизиў ушын бир қатар мақалалар жазылыўы керек. Қысқағана бир илимий мақалада изертлениў тарыйхы менен мәселелерин қамтыў кутә қыйын.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Қарақалпақ фольклоры. 1 .2 том. «Қарақалпақстан» баспасы 1977.

2. Аскерова Н. И. Сюжетная линия бытовых сказок // Н.И. Аскерова- Текст непосредственный // Современная филология; материалы V Междунар. Науч, конф (г.Самара, март 2017) Самара ООО Издательство Асгара, 2017 С1 -4 URL.

# DÁSTANLARDA ÚGIT-NÁSIYATLARDÍŃ ÚLGILERI

**Abdimuratov L.A.**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı erkin izleniwshisi, Nókis qalası*

Dástanlardıń kórkemlik ózgesheligi olardıń ideyalıq baǵıtı menen tıpız baylanıslı. Adamzat jámiyetininń rawajlanıw tariyxında uzaq dáwirlerge sozılǵan feodalizmeposta belgili orın iyeleydi. Usı uzaq dáwirler dawamında payda bolǵan epikalıq shıǵarmalarda qaharmanlardıń obrazları sóz etiledi. Qaharmanlıq obrazlar hár qıylılıǵı jaǵınan tańlandıratuǵın awız eki dóretpeleriniń bay ádebiy usılları arqalı dóretiledi. Demek, mazmunnıń formaǵa juwap beriwi sonda, qaharmanlıq hádiyselerdi súwretlew ushın sózsiz qaharmanlıq obrazlar talap etiledi. Bul talap eposta óz dáwirine say ózgeshelikler menen sheshiledi.

Eposlarda, ulıwma qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpelerinde qaharmanlıq obrazlardıń dóretiliwi tosattan payda bolǵan emes, xalıqtıń tágdirindegi ishki hám sırtqı qarama-qarsılıqlar tiykarında ádilikke umtılıw ideyası, sol xalıqtıń barlıq ruwxıy ármanların óz boyına sińirgen xalıq ushın, el ushın jan beretuǵın, jeńilmeytuǵın qúdiretli kúshke iye batırlardıń umıtılmas obrazların dóretken hám ol qaharmanlardı xalıqtıń paraxat ómir súriwi ushın kesent beretuǵın xalıq jawlarına qarsı qoyadı. Bunday aldıńǵı qatardaǵı ideya xalıq tárepinen dóretilgen batırlardıń eń jaqsı obrazları tárepinen iske asırılǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq dástanları tek ǵana ótmish waqıyalarınıń súwreti emes,al millettiń ásirler dawamında qáliplesken ádep-ikramlılıq kodeksi, filosofiyalıq kózqarası hám ruwxıy ǵáziynesi bolıp tabıladi. Bul dástanlardıń kórkemlik toqıwında úgit-násiyat, alǵıs hám ǵarǵıs sózleri oraylıq orındı ieleydi. Bul elementler shıǵarma qaharmanlarınıń xarakterin ashıp beriw menen birge, xalıqtıń "sózdiń sıyqırı hám qúdireti"ne bolgan áemgi isenimin de kórsetedi.

Dástanlardaǵı úgit-násiyatlar tiykarınan ata-analar, kekseler yamasa dana pirler tárepinen aytılıp, jas áwladtı mártlikke, watansúyiwshilikke hám durıs joldan adaspawga shaqıradi. Prof. Q.Maqsetov óziniń ilimiy "Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanları" atlı iri izertlewinde atap ótkenindey:

«Dástanlar quramındaǵı hár bir násiyat - xalıqtıń turmıslıq tájiriybesinen súzilgen altın ruwxıy jetilisiwinde tiykarǵı wazıypasın atqaradı»[1.27]

Sonday-aq, dástanlarda "alǵıs" (alǵıs) hám "ǵarǵıs" (qarǵıs) túsinikleri xalıqtıń mifologiyalıq oy-pikiri menen tıǵız baylanıslı.Xalqımızdıń áyyemgi isenimine bola, shın júrekten aytılǵan duwa yamasa alǵıs insannıń jolın ashar, oǵan ǵaybtan kúsh-quwat baǵıshlaydı.

"Alpamıs", "Qırıq qız" sıyaqlı dástanlar mısalında úgit-násiyat, alǵıs hám ǵarǵıs sózleriniń qollanılıw ornın, olardıń lingvistikalıq hám kórkem xızmetin izertlew hám de olardıń búgingi kúndegi tárbiyalıq áhmiyetin ashıp beriwden ibarat. Sebebi, dástanlardaǵı bul sózler ásirler keshse de, óziniń tartımlılıǵın hám xalıqlıq danalıǵın joǵaltqan joq.

Qaharmanlıq dástanlardıń ómirsheńligi hám ásirler dawamında xalıq yadında saqlanıp qalıwınıń sırı - olardaǵı tereń didaktikalıq (úyretiwshilik) xarakterge iye úgit-násiyatlar bolıp tabıladı. Bul baǵdarda ádebiyattanwshı ilimpaz S.Bahadırova óziniń izertlewinde dástanlardaǵı násiyatlardıń qaharman portretin qáliplestiriwdegi ornına ayrıqsha toqtap ótedi. Avtordıń pikirinshe:

"Dástan qaharmanı tek fizikalıq kúshi menen emes, al kekseler násiyatı hám xalıq danalıǵına súyengenligi sebepli alp dárejesine kóteriledi. Nasihatlar - batırdıń ruwxıy qalqanı" [3.93]

Haqıyqatında da, dástanlarda násiyatlar kóbinese qaharman áhmiyetli qarar qabıl etiwi kerek bolǵan payıtta payda boladı. Másele, "Qırıq qız" dástanında Gúlayımnıń ata-anası yamasa joldaslarınıń úgit-násiyatları qaharmannıń tek ǵana mártligin emes, al onıń sadıqlıq hám ádillik sıyaqlı insanıylıq pazıyletlerin de júzege shıǵaradı.

Ilimpaz X. Saparov dástanlar tilin úyreniw (izertlew) procesinde násiyatlardıń lingvistikalıq qurılısına itibar qaratadı. Onıń atap ótiwinshe, dástanlardaǵı úgitler kóbinese

"imperativ" (buyrıq hám tilek) meyilindegi feyiller menen bildirilip, olardıń tásir kúshi júdá joqarı boladı. Másele: "Jaman menen joldas bolma," "Elińe qıyanet etpe," "Jetimniń basın sıypa" sıyaqlı shaqırıqlar xalıqtıń ádep-ikramlılıq nizam-qaǵıydaları sıpatında jańlaydı. [4.33]

Sonday-aq N.Dáwqaraev óziniń ilimiy miynetlerinde atap ótkenindey, dástanlardaǵı úgit-násiyatlar kóbinese "tolǵaw" (tolǵaw) janrı menen qosılıp ketedi. Jırawlar tárepinen atqarılatuǵın bul násiyatlar tıńlawshını oylanıwǵa, jaqsıdan úlgi alıwǵa hám jamannan hazar etiwge shaqıradı. Bul bolsa dástannıń tek ǵana kewil ashar shıǵarma emes, al pútkil bir "ómir mektebi" ekenligin dálilleydi. [6.97]

**Ǵarǵıs hám alǵıs - xalıqtıń mifologiyalıq kózqarasları hám ruwxıy jaǵdayınıń kórinisi sıpatında xalıqtıń turmısındaǵı bolıp atırǵan waqıyalar obrazlı túrde sáwlelenip kelgen.**

Dástanlar poetikasında sózdiń sıyqırlı qúdiretine iseniw oraylıq orın tutadı. Bul baǵdarda alǵıs (alqıs) hám ǵarǵıs (qarǵıs) túsinkileri tek ǵana sezimniń kórinisi emes, al waqıyalardıń rawajlanıwın ózgertiwshi ruwxıy faktorlar bolıp esaplanadı. Belgili folklortanıwshı alım Q.Ayımbetov óziniń "Xalıq danalıǵı" shıǵarmasında atap ótiwinshe:

"Alǵıs - bul xalıqtıń jaqsı niyeti hám qaharmanǵa bolǵan iseniminiń pátiyaǵa aylanǵan túri. Dástan batırı óz xalqınıń alǵısın almasa, onıń qılıshı keskir, atı shapqır bolmaydı" [5.98]

Bul baǵdarda Sarıgúl Bahadırova dástanlardaǵı duwa hám ǵarǵıslardıń qaharmanlar táǵdirine tásirin talqılay otırıp, olardı "sóz arqalı basqarılıtuǵın táǵdir" dep bahalaydı. Máselen, "Edige" dástanında qaharmannıń pirler menen ǵarrılardıń pátiyasın alıwı onıń múshkilin ańsat etedi. Alǵıslar ádette tómendegi mazmunda boladı:

"Jolıń ashıq bolsın";

"Muratına jet";

"Qádemiń qutlı bolsın" h.t.b.

Dástanlarda qarǵıslar bolsa ádillik túsiniginiń buzılıwına xalıqtıń keskin reakciyası bolıp tabıladı. Dástanlardaǵı antiteza (qarama-qarsılıq) usılın úyreniw (izertlew) procesinde qarǵıslardıń ideyalıq xızmetine itibar qaratqan. Onıń atap ótiwinshe, ǵarǵıs dástanlarda dushpandı ruwxıy sındırıw quralı bolıp, ol tiykarınan satqınlıq, zulımlıq hám opadarlıqqa juwap retinde aytıladı. "Bosaǵańnan ot shıqsın," "Kúliń kókke shashırasın" sıyaqlı sózler jawız kúshlerdiń sózsiz nabıt bolıwın ańlatadı.

Sonday-aq N.Dáwqaraev óz izertlewlerinde alǵıs hám ǵarǵıslardı xalıqtıń áyyemgi mifologiyalıq kózqarası menen baylanıstıradı Onıń pikirinshe,dástanlarda sóz-bul tek ǵana ses emes,al materiallıq kúsh.Sonıń ushın da batır qaharmanlar bárqulla ’’Dua menen el kógerer ’’ degen hikmetke ámel etip alǵıs alıwǵa umtıladı. [6.64]

Qaraqalpaq xalıq qaharmanlıq dástanlarında úgit-násiyat, alǵıs hám qarǵıs sózlerin úyreniw sonı kórsetedi, bul túsinikler tek ǵana kórkem bezew emes, al shıǵarmanıń ideyalıq-estetikalıq tiykarın quraydı. Dástanlardaǵı sóz qúdireti xalıqtıń áyemgi isenimleri, ádep-ikramlılıq principleri hám sociallıq arzıw-nietleri menen tıǵız baylanıslı.

Ótkerilgen izertlewler hám ilimiy dereklerdiń analizi tiykarında tómendegi juwmaqlawshı juwmaqlarǵa keliw múmkin:

1. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya quralı: Úgit-násiyatlar dástannıń didaktikalıq kúshin belgileydi. S.Bahadırova hám Q.Ayımbetov sıyaqlı alımlar atap ótkenindey, bul násiyatlar jas áwladtı mártlikke, watansúyiwshilikke hám kekseler násiyatına qulaq tutıwǵa úyretedi. Bul bolsa dástanlardı xalıqtıń "jazılmaǵan nizamları" dárejesine kóteredi.

2. Psixologiyalıq hám sociallıq funkciya: Alǵıs hám qarǵıslar qaharmannıń ruwxıy jaǵdayın hám onıń jámiyettegi ornın belgileydi. Alǵıs (duwa) qaharmanǵa ǵayptan kúsh baǵıshlasa, ǵarǵıs ádalatsızlıqqa qarsı ruwxıy jaza quralı bolıp xızmet etedi. Bul bolsa xalıqtıń "jaqsılıqqa - sıylıq, jamanlıqqa - jaza" degen áyemgi ádillik ólshemin sáwlelendirdi.

3. Kórkemlik hám lingvistikalıq qun: Dástanlar tilin izertlew (izertlew) procesinde belgili boldı, bul sóylew janrları shıǵarmanıń tásirsheńligin, emocionallıq boyawın hám kórkem tartımlılıǵın arttıradı. Atap aytqanda, bul sózler dástannıń kompoziciyalıq qurılısında waqıyalardıń rawajlanıwın kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, dástanlardaǵı úgit-násiyatlawlar, alǵıs hám ǵarǵıslar biziń milliy ózligimizdi, tilimizdiń baylıǵın hám ata-babalarımızdıń joqarı mánawiyatın saqlap kiyatırǵan ólmes miyras bolıp esaplanadı. Usı xalıqlıq hikmetlerdi úyreniw búgingi jas áwladtı kámil insan etip tárbiyalawda eń isenimli derek bolıp xızmet etedi.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Мақсетов Қ. «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары». Нөкис: "Билим" 1992.
2. Мақсетов Қ. «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы». Ташкент: «ФАН» 1965
3. Baxadırova S. «Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanları, «Alpamıs», «Qoblan», «Edige», «Qırıq qız»». Tashkent-2024.
4. Saparov X. Qaraqalpaq dástanlarınıń tili. - Nókis: "Ilim" 1994.
5. Айымбетов Қ. «Халық даналығы» Нөкис: "Қарақалпақстан" 1988.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, II том, «Аўызеки халық творчествосы», «Қарақалпақстан» баспасы, 1977.


## «ALPAMIS» HÁM «QÍRÍQ QÍZ» DÁSTANLARÍNDA ALǴÍSLARDÍŃ TUTQAN ORNÍ


**Abdimuratov L.A.**

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı erkin izleniwshisi, Nókis qalası*


Túrkiy tilles xalıqları sıyaqlı qaraqalpaq xalqında kúndelikli turmısında hám salt dástúr folklorında áhmiyetli orındı iyeleydi.

Alǵıs – xalıq awızeki dóretiwshiliginde qanday da bir shaxs yaki hádiyseni maqtaw, ulıǵlaw maqsetinde aytılatuǵın poeziyalıq kórinis. Alǵıs xalqımızdıń áyemgi dástúrlerinen kelip shiǵıp, jaqsı pazıyletlerge ie bolǵan insanlardı kókke kóteriw, olardıń xızmetlerin tán alıw wazıypasın atqaradı. Folklorist ilimpazlardıń atap ótkenindey, alǵıs tek ǵana maqtaw emes, al sociallıq norma hám ádep–ikramlılıq ideallarıń belgileytuǵın qural bolıp tabıladı.

Ǵarǵıs – xalıq awızeki dóretiwshiliginde jawız, zalım, satqın adamlarǵa qarata aytılatuǵın qarǵıs hám sın kórinisi. Ǵarǵıs sociallıq ádillikti tiklew, jamanlıqtı qaralaw hám jaza tilew wazıypasın atqaradı. Ol xalıq ádep-ikramlılıq oy-pikiriniń áhmiyetli bólegi bolıp, jámiyette jaman minez-qulıqqa jol qoymaw ushın eskertiw wazıypasın da atqaradı.

Tilek – xalıq awızeki dóretiwshiliginde birewge jaqsılıq, áwmet, densawlıq hám baxıt tilew maqsetinde aytılatuǵın ótinish hám tilekler. Tilek unamlı sezimlerdi bildirip, insanlar arasındaǵı miyrim-shápáát hám doslıqtı bekkemleydi. Ol xalıqtıń ómirge bolǵan optimistikalıq qatnasın, jaqsılıqqa bolǵan isenimin sáwlelendiredi.  Dástanlarda tilek kóbinese ata-ananıń perzentine, jaqın adamlardıń bir–birine degen ótinishlerinde kórinedi. Qaharman jolǵa shiqqanda, sawashqa kirgende yamasa qıyınshılıqqa dus kelgende átiraptaǵılar oǵan tilek aytadı. Bul tilekler dástannıń lirikaliq ruwxın bayıtıp, shiǵarmaǵa shin júrektenlik hám adamgershilik baǵıshlaydı. Tilek arqalı xalıqtıń arzıw-nietleri, baxıtlı turmısqa bolǵan umtılısı bildiriledi. Dástanshi tilekti qollanıw arqalı tıńlawshını qaharmanǵa jáne de jaqınlastıradı hám onı qaharmannıń táǵdiri menen emocionallıq jaqtan baylanıstıradı.

Pátiya – islam dástúrinen kelip shiqqan halda xalıq dastanlarında áhmiyetli hám muqaddes poetikalıq element sıpatında orın alǵan. Pátiya bir isti baslaǵanda, jolǵa shiqqanda, toy hám máresimlerde duwa sıpatında oqıladı. Ol ilahiy kúshke múrájat etiw, bereket hám qorǵaw soraw mánisin ańlatadı.

Alpamıs  hám Qırıq qız dástanlarında alǵıs, ǵarǵıs, tilek mánisindegi sózler kóplep qollanıladı.

Ileshekli qatın sennen jaqsıraq. (Ǵarǵıs mánisinde) [1, 127]

– Hawa jawısın, aydın kóller kól bolsın,
Jıldan-jılǵa az dáwletiń mol bolsın,
Kórinedi tilla onıń iyninde,
Jigerbentim, jalǵız balam, jol bolsın. (Tilek mánisinde) [1, 27]
– Jol bolsın, aǵajan jol bolsın

Dáwletiń seniń mol bolsın. (Tilek mánisinde) [1, 33]
– Áy mańlayı qaranıń malı! Eki urǵanda ǵoy jurttan shıǵarıp keteseń
meni. (Ǵarǵıs mánisinde) [1, 52]
– Qırshınıńnan qıyılǵır
Júwernemek jer jutqır
Tilimdi nege almadıń
Sózime qulaq salmadıń! (Ǵarǵıs mánisinde) [1, 52]
– Hay-hay, qırılǵır!
Júwernemek shayalar! (Ǵarǵıs mánisinde) [1, 93]
– Sol waqıtta Shekemannıń ashıwı keldi, mańlayı qara aljıǵan, teris
qaytqan!
Sol waqları enesi,
Shekemanday balasın
Jer toqpaqlap ǵarǵadı:
– Qırshın janı qıyılǵır!
Shıbıǵınan shırpılǵır!
Júwernemek bolǵır, jer jutqır!
Ólim bergir ish burıw
Ish awırıwdan ólgeyseń. (Ǵarǵıs mánisinde) [1, 103]
– Tuwmay ketkir perzentim,
Toqsan tuwar mal áperip

Alpamıs tuwılǵanda hám er jetip at qoyǵanda, onıń keleshegine úlken úmit penen qarap aytılǵan alǵıslar:

«Kóp jasa, janım balam,
Atıń shıqsın qońıratqa.
Atıńdı Alpamıs qoydıq,
Layıq bolǵıl bul atqa.
Jortqanda jolıń bolsın,
Qıdır baba joldasıń bolsın!»

2. Saparǵa shıǵıp atırǵanda aytılatuǵın alǵıs (Pátiya)

Alpamıs Barshındı izlep ketip baratırǵanda, el aqsaqalları hám jaqınlarınıń tilekleri:

«Balam, jolıń bolsın hár qashan,
Tumar bolıp saqlasın tilek-duwamız.
Aman-esen barıp qaytqıl elimizge,
Bolmasın hesh qanday dárdi-ǵámıńiz.
Tilegińdi qabıl etkey Jaratqan,
Muradıńa jetkergey seni har waqtan.»

3. Jırawlar hám eldiń alǵısı

Alpamıs dushpanların jeńip, eline qaytqanda, xalıqtıń oǵan aytqan minnetdarshılıq alǵısları:

«Ómirli bol, Arslanım,
El-xalqıńdı shad etkendey.
Zalımlardıń tamırın qırqıp,
Múrdelerin jer etkendey.
Alǵısımız saǵan bolsın hár qashan,
Biziń ushın tuwılǵan kóz-shıraǵımız.»

Bul sózler qaraqalpaq xalqınıń dúnya tanımında, ádep–ikramlılıq qaǵıydalarında hám awızeki dóretiwshiliginde oǵada úlken áhmiyetke iye. Olar adamnıń ishki sezimlerin, tileklerin hám múnásebetin bildiriwshi magiyalıq kúshke iye sózler esaplanadı.

Alǵıs – sózler adamnıń jaqsılıǵına, járdemine yamasa iygilikli isine qarata aytılatuǵın minnetdarshılıq sózleri. Mısalı, «Kóp jasa», «Órkenli bol», «Qolıń dárt kórmesin».

Pátiya – bul tiykarınan jası úlken adamlardıń, ata-ananıń yamasa sıylı insanlardıń kishilerge bağıshlap aytqan jaqsı tilekleri. Mısalı, «Joluń ashıq bolsın», «Murat–maqsetińe jet», «Alla yar bolsın».

Ǵarǵıs – birewdiń jamanlıǵınan, zulımınan yamasa ádilsizliginen qattı jábir kórgen adamnıń ashıw ústinde aytqan jaman tilegi. Mısalı: «Jolıń baylansın», «Ońbaǵaysań».

Tilek sózler (Jaqsı tilek)

Hár qanday jaǵdayda (toyda, bayramda, sapar aldında) aytılatuǵın iygilikli niyetler. Bul adamlar arasındaǵı mehir-aqıbetti bekkemleydi.

Mısalı, «Qádemiń qutlı bolsın», «Bálent shıńlardı iyele».

Demek usı sózlerdiń qaraqalpaq xalqınıń tariyxiy dástanlarda qollanılıwın kórip shıǵamız. Ógiz jırawdan jazıp alınǵan "Alpamıs" dástanında bunday sózler jiyi qollanılǵan.

Mısalı, Kempiri jolın tosıp turǵanda:

– Há atańa nálet! Túyeniń aldın bosat, – dep kempirin uradı. Bul jerde "Atańa nálet" degen sóz ǵarǵıs mánisinde qollanılǵan. [1, 12]

– Way, qudaydıń ólimi kelgir, júwernemekaw, – deydi kempir suwǵa baratırǵan qızlarına. (Ǵarǵıs mánisinde qollanılǵan) [1, 25]

– Jete almasań jolıń mánzilden jıraq,
Barshınjan júrgendi kelgey dep jılap,
Bunnan barıp kelindi alıp kelmeseń,
Júwernemek jer tartqır-ay.
Jetkermediń muratqa. (Ǵarǵıs mánisinde) [2, 11]

– Yadıńa sonı salayın,
Jolıńa qorǵan bolayın. (Tilek mánisinde) [2, 10]

– Alǵa basıp talabım,
Qarsıǵa tiygey toqpaǵım,
Qızır baba jılawlap,
Ashılǵaysań soqpaǵım. (Tilek mánisinde) [2, 12]

– Atańa nálet kórgensiz,
Ańlamaysań oyımdı,
Jasıl taslap ústińe,
Shıǵarayınba toz–tonıńdı. (Ǵarǵıs mánisinde). [2, 38]

– At súringen bálent tawdan qıyadash,
Ashıw menen tógeyin be kózden jas,
Ózi ólmey erdiń malı sine me?
Há, joldı bosat, atańa nálet qızıl bas! (Ǵarǵıs mánisinde) [2, 45]

– Miynetiń bolmaǵay zaya,
Basıńnan ótti zimistan,
Bolmaǵaysań sergizdan,
Kóndiń túrli bálege,
Perzentim saǵan rızaman. (Alǵıs mánisinde) [2, 67]. Solay etip, alǵıs, qarǵıs, tilek hám pátiya dástannıń ajıralmas poetikalıq elementleri sıpatında shigarmanıń kórkem mazmunın bayıtadı, xalıqtıń ádep-ikramlılıq kózqarasların bildiredi hám tıńlawshıǵa tereń tásir kórsetedi. "Alpamıs" hám "Qırıq qız" dástani xalıqımızdıń awızeki dóretiwshiliginiń biybaha úlgisi sıpatında óziniń bay kórkemlik sisteması menen ajıralıp turadı. Bul izertlew dawamında dástannıń áhmiyetli poetikalıq elementleri – alǵıs, qarǵıs, tilek hám pátiya – hár tárepleme úyrenildi hám olardıń shigarmadaǵı ornı hám wazıypaları tallandı. Alǵıs dástanda jaqsılıq, mártlik hám ádillik tımsalı bolǵan qaharmandı ulıǵlaw quralı sıpatında xızmet etedi. Ol tıńlawshı qálbinde unamlı sezimler oyatıp, jas áwladqa úlgi bolatuǵın insanıy pazıyletlerdi úgit-násiyatlaydı. Alǵıs arqalı xalıqtıń ádep-ikramlılıq idealları, gózzallıq hám jaqsılıq haqqındaǵı túsinikleri kórkem túrde anlatıladı.

Juwmaqlap aytqand alǵıs, qarǵıs, tilek hám pátiya daástannıń ideyalıq, kórkemlik sistemasınıń ajıralmas bólimlerin quraydı. Olardı ilimiy jaqtan úyreniw qaraqalpaq folklorın

tereńirek ańlawǵa, milliy ruwxılıǵımızdı saqlawǵa hám xalıq awızeki dóretiwshiliginiń kórkem baylıǵın keleshek áwladlarǵa jetkeriwge xızmet etedi. Bul tarawdaǵı izertlewlerdi dawam ettiriw folklor iliminiń bunnan bılay da rawajlanıwına múnásip úles qosadı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Қарақалпақ фольклоры. Бес томлық. I том. «Алпамыс» ҳəм «Қоблан» дəстанлары. Нөкис: Каракалпакстан, 1995.
2. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. 14-16-tomlar. Nókis: Ilim, 2010.

## BALALAR OYIN FOLKLORINIŃ QÁLIPLESIWINDE MILLIY ÓZGESHELIKLERDIŃ TUTQAN ORNI

**Biysenbaev Q.B.**
*Nukus innovaciyalıq texnologiyalar universitetiniń assistent oqıtıwshısı*

Adamzattı balalarsız kóz aldımızǵa keltire almaǵanımızday, balalardı da oyınlarsız kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes. Rus folklortanıwshısı V.P.Anikin: «...oyın xalıqlardıń ótmishindegi turmıs tirishiligi haqqında júdá bahalı isenimli dereklerdi saqlaydı, onıń ilimiyliligide usında» [1], - dep jazǵan edi. Oyın túsinigi dúnya júzindegi barlıq adamzatqa tán bolıp esaplanadı. Hátteki, adamlar sıyaqlı haywanlardıń da turmıslıq tájiriybeleri oyınlar arqalı qáliplesedi.

XIX-XX ásir oyshılları adamzat ómiriniń dáslepki dáwirlerinde oyınlardıń tutqan ornı haqqında pikirler bildirgen nemec ilimpazı F.Shiller insan oyın oynap ósse ǵana haqıyqıy insan bolıp jetilisedi, dep tastıyıqlaydı [5]. (Y.Xeyzeng bolsa insaniyat mádenıyatı oyın arqalı qáliplesedi, deydi. Jazıwshılar hám alımlar (L.Tolstoy, T.Mann, V.F.Pereverzev) ádebiy dóretiwshiliktiń ózi óz mazmunı boyınsha oyınnan ósip shıqqanı, ol óz aldına ózgesheliklerge iye bolǵan oyınnıń bir túri, dep pikir bildiredi» [5]. Biraq, oyın folklorı úlgileri dúnya boylap teń bólistirilmegen, ayırım orınlarda oyınlar keń jayǵanó ayırımlarında siyrek gezlesedi. Máselen, Evropa xalıqlarınıń folklorında oyınlar shıǵıs xalıqlarına salıstırǵanda keń ushıramawınıń tiykarǵı sebeplerinen biri, bul regionınıń xalıq tıǵız jasaytuǵın qalalarında oyın processi ushın jetkilikli sharayat hám qáwipsizlik joq edi. Bunnan tısqarı, sanaatta balalar miynetinen paydalanıw, balalardı oyınlardan belgili bir dárejede sheklep qoyǵan edi. Biraq, dáslepki izertlewler tiykarınan awıllardan jıynap alınǵan úlgiler tiykarında ámelge asırılǵanı ushın, qalalarda oyın folklorı úlgileri atqarılmaǵan degen juwmaq kelip shıqpaydı. Qalalarda balalar oyınları beyimlesiwge ushırap, rawajlanıwdıń jańa basqıshına kóshken bolıwı da múmkin.

Dáslepki Evropa folklortanıwshıları oyınlarda diniy túsiniklerdiń basım keletuǵın orınların ayrıqsha atap ótken. Sanamalar bolsa palkerlikke, pal ashıwǵa da baylanıstırılǵan. XVIII ásirdiń ózinde-aq Evropada oyın jırları joǵalıp baratırǵanı haqqındaǵı pikirler bildirilgen. Buǵan birneshe sebeplerdi de keltirip ótedi:

1. Evropa hám Arqa Amerika regionlarında kóshe oyınları joǵalıp barıwınıń sebebi, oyın ushın qáwipsiz maydanshanıń jetispewshiligi;
2. Ápiwayı oyınlar sport oyın túrleri menen básekilese almaǵanlıǵı túsindiriledi;
3. Jas ózgesheligine baylanıslı pikirlew dárejesinde úlken ózgerisler júz berip, jas óspirimler oyınlardı pútkilley tárk etip, tiykarǵı oyın qatnasıwshıları 6-10 jas aralıǵındaǵı balalar bolıp qalǵanlıǵı;
4. Er balalardıń waqtı jumıs islewge baǵdarlanǵanlıǵı ushın oyın jırları derlik qızlar ǵana atqaratuǵın bolıp qalǵanlıǵı. Biraq, biziń úlkemizde de ilimpaz O.Safarov aytqanınday: «Ókinishlisi, 50-60-jılllardan baslap tayar mádeniy oyınshıqlarǵa berilip ketiw balalarda tapqırlıq hám dóretiwshilik ruwxın birqansha ázzilestirdi. Ul balalardıń tapqanı – tayın futbol, qızlardıń tapqanı bolsa «mama» deytuǵın tayın quwırshaqqa aylandı» [3].

Ótken ásirdiń 50-60-jıllarınan baslap-aq balalardıń oyın procesindegi ózgerisler haqqındaǵı ilimpazdıń pikirleri júdá orınlı. Ásirese, sońǵı 20 jıl ishinde balalardıń sóylewinde hám oyın iskerliginde úlken ózgerisler júz berdi. Háreket hám sózdiń birligindegi oyınlardı oynawǵa, atqarıwǵa, dóretiwge zárúrlik bolmay, olardıń ornıń virtual oyınlar iyelep aldı. Al, bul

bolsa óz gezeginde áwladtan áwladqa ótip rawajlanıp kiyatırǵan milliy oyınlardıń evoyuciyalıq shınjırı úziliwine alıp keldi, yaǵnıy búgingi kúnde oynamay ósip atırǵan tolıq bir áwlad qáliplespekte. Álbette, bul keleshekte úlken mashqalalardıń tiykarǵı sebeplerinen biri sıpatında tilge alınadı. Bizińshe, mektep hám mektepke shekemgi bilimlendiriwde milliy balalar oyın folklorı úlgilerin oqıw baǵdarlamaǵa kirgiziw hám ámeliy qollanıw zárúrligi bar. Hár bir xalıqtıń balalar oyınlarınıń qáliplesiwinde milliy faktorlar álbette tásir jasap otırǵan. Evropa xalıqlarınıń oyınǵa shaqırıw jırlarında da jergilikli ózgesheliklerdi kóriwimiz múmkin. Máselen, payda bolıw dáwiri 1708-jılǵa barıp taqalatuǵın «Balalar hám qızlar oynaw ushın shıǵıń» shaqırmasında:

Qızlar hám balalar, oynawǵa shıǵıń,
Ay kúndizgidey jarqıraydı.
Keshki awqattı taslap, uyqını tárk et,
Oyınlaslarıń menen kóshege shıq.
Siz sút tabasız, men un tabaman,
Yarım saatta puding pisiremiz. [4]

Bul qatarlardan Evropa oyınlarında qızlar hám balalar aralas túrde de oynaǵanlıǵın, kúndizi jumıs islewge tuwra kelgenligi ushın oyın keshki waqıtqa tuwra keletuǵınlıǵın da kóriwimiz múmkin.

Salıstırıp qarasaq, dúnya xalıqları balalarınıń oyınlarınıń kóp ǵana uqsaslıqları hám óz-ara baylanıslı ortaq táreplerin tabıwǵa boladı. Bunıń tiykarǵı sebebi adamlardıń tábiiy ortaq qásiyetleriniń bar bolıwında. Sonday-aq, hár bir xalıqtıń ózine tán milliy ózgesheliklerin ǵana sáwlelendiretuǵın qásiyetler balalar oyın folklorında barshılıq. Ázelden túrkiy xalıqları tutas turmıs sháriyatlarında jasaǵanlıǵı ushın, oyın folklorınıń da túbiri bir bolıp esaplanadı. Xalıq awızeki dóretiwshiliginiń túrkiy xalıqlarǵa ortaq eski Maxmud Qashqariydıń «Dıywanı luǵati it-túrk» miynetde de, keyingi Evropa hám rus tyurkologları miynetlerinde de qaraqalpaq balalar oyınlarına baylanıslı dereklerdi tabıwǵa boladı. Máselen, «Ayqulash» oyın jırında jarıq aylı túnde qızlar, jigitler awıldıń sırtındaǵı dalańlıqqa shıǵadı, qızlar bir jaq, jigitler bir jaq qol uslasıp turadı. Ortada eki jaqqa uzın qulashın kerip, ayqulash turadı. Qızlar jigitler betke, jigitler qızlar betke ótip ketpekshi bolıp umtıladı. Ayqulash ótkizbey tosqınlıq jasaydı. Sonda qızlar bir jaq, jigitler bir jaq bolıp:

Jigitler:
– Ayqulash, ayqulash,
Ayǵa qaray qulash ash.
Qızlar:
– Aydan artıq ne kerek?
Jigitler:
– Aydan artıq qız kerek,

– dep xor menen jır atqaradı. Al, professor S.Bahadırova «Ayqulash»tı joǵalǵan jaslar oyınlarınıń biri sıpatında qaraydı hám bul oyınnıń Tuva xalqınıń «Oytulaash» oyını menen ortasında ayırmashılıq joq ekenligin aytadı. Ilimpaz S.Bahadırova «Tuva jasları bul oyındı paydalanbawı ushın 1929-jılı Tuva xalıq revolyuciyalıq partiyası, revolyuciyalıq jaslar shólkemi qarar shıǵarıp, hamme jerde bul oyındı oynaw qadaǵan etilgen. Oyın umıtılıp ketken. Biraq Tuva intelligenciyası óz xalqınıń múlki bolǵan bul oyındı kórgen, esitken adamlardıń awzınan jazıp alıp, óz aldına kitap etip shıǵardı (Mongush Kenin-Lopsan. Oytulaash. Qızıl. 2004)» [2], – degen maǵlıwmatlardı keltiriw menen eki xalıqtıń oyınınıń birdeyligin kórsetedi. Balalar tárbiyası erjetkenge deyingi, erjetkennen keyin de, ata-analar ushın parız bolǵan úzliksiz aǵım bolıp tabıladı. Dáslepki «Besik jırınan» baslap kem-kemnen balalardıń turmısqa kóz-qarasların, túsiniklerin bayıtıp barıw menen olardıń oy-órislerin, sana-sezimlerin keńeytiw názerde tutıladı.

Balalar oyın folklorınıń syujetleri hár bir xalıqtıń mádeniy ózliginiń ajıralmas bólegi bolıp, olardıń tariyxın, qádiriyatların hám dúnyaǵa kózqarasın balalarǵa túsinikli formada jetkizedi. Bul syujetler arqalı balalar óz xalqınıń awızeki tariyxı menen tanısqan halda er jetedi.

Juwmaqlap aytqanda, bul xalıqlardıń balalar oyın folklorınıń kompoziciyalıq qurılısı olardıń mádeniy, sociallıq hám geografiyalıq ortalıǵı menen tıǵız baylanıslı. Hár biri balalardıń rawajlanıwı ushın ózine tán jol usınsa da, oyınnıń qurılısı, háreketi hám sózdiń birgelikte qollanılıwı ulıwma xarakterge iye. Bul xalıqlardıń balalar oyın folklorınıń kompoziciyalıq qurılısı olardıń mádeniy, sociallıq hám geografiyalıq ortalıǵı menen tıǵız baylanıslı. Hár biri balalardıń rawajlanıwı ushın ózine tán jol usınsa da, oyınnıń strukturası, háreketi hám sózdiń birgelikte islew principileri ulıwma xarakterge iye.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Аникин В.П. Русские народные пословицы, поговорки, загадки и детский фольклор. – Москва: Государственное учебно-педагогическое издательмво. 1957 г.
2. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Наврўз, 2017.
3. Сафаров О. Ўзбек халқ болалар ўйинлари. – Тошкент, 2004. – Б. 196.
4. wikipedia.org
5. http://plr.iling-ran.ru
6. Палымбетов, К. С., & Орымбетова, Л. Б. (2016). Особенности каракалпакских народных обрядовых песен. Ученый XXI века, (9 (22)), 55-59.

## QABIL MAQSETOV QARAQALPAQ XALIQ QOSIQLARINIŃ IZERTLEWSHISI

**Sarsenbaeva A.K.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı Nókis qalası*

Folklor janrlarınıń ishinde xalıq qosıqları eń ómirsheń, ónimli qollanılatuǵın, ǵalabalıq hám kóp varinatlılıq xarakterine iye tematikası, kórkem kompoziciyası, obrazlılıǵı, forma hám mazmunınıń hár qıylılıǵı, poetikalıq tiliniń ózgesheligi menen ayrılıp turadı. Qosıqlar xalıqtıń kúndelikli turmısında ayrıqsha orın tutadı. Ilimpazlardıń anıqlawınsha qosıqlar dúnya xalıqlarınıń barlıǵında bar bolıp, payda bolıw dárekleri boyınsha folklordıń eń eski janrı dep esaplanadı.

Qaraqalpaq xalqı da basqa túrkiy xalıqlar sıyaqlı áyyemnen awızeki úlgide áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan qosıqlardıń bay úlgilerine iye. Olardıń mazmunında xalıqtıń tariyxı, turmıs-tirishiligi, úrp-ádet, salt-dástúrleri, arzıw-ármanları hám ishki oy-sezimleri menen kewil-keshirmeleri kórkemlik penen sáwlelengenin kóremiz.

Qosıqlardıń mazmunında milliy xalıqlıq ruwx, milliy ózinshelik belgileri jámlenip, olardı jıynaw, bastırıp shıǵarıw, úyreniw hám izertlew máselesine barlıq xalıqlar itibar bergen. Usılardıń qatarında qaraqalpaq folklortanıwında da basqa janrlar menen birge qosıqlardı úyreniwge ilimpazlar tárepinen kewil bólindi.

Biz bul maqalamızda belgili folklortanıwshı ilimpaz, filologiya ilimleriniń doktorı, professor Q.Maqsetov (1929-2002) miynetlerindegi qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń izertleniw máselesine toqtamaqshımız.

Qaraqalpaq folklorı úlgilerin, sonıń ishinde xalıq qosıqların jıynaw isleri XVIII ásirdiń ortalarınan baslap rus hám shet el ilimpazları, sayaxatshılar, áskeriy xızmetkerler tárepinen jıynaw isleri alıp barıldı hám ulıwma xarakterdegi ilimiy pikirler bildirildi. Biraq, qosıqlardı sistemalı jıynaw hám izertlew isi XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap shıntlap qolǵa alındı. Olardı baspada járiyalaw isleri menen birge, izertlew jumısları da qolǵa alındı. Izertlew jumısları belgili qaraqalpaq ilimpazları N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, N.Baskakov, I.Saǵitov, N.Japaqov sıyaqlı t.b. ilimpazlardıń miynetlerinde folklordıń basqa janrları menen birge qısqa kólemde bolsa da izertlenip, pikirler bildirildi.

Ótken ásirdiń 70-jıllarına kelip, xalıq qosıqları boyınsha arnawlı kandidatlıq dissertaciyalar jaqlandı. Atap aytqanda, 1940-jıllarǵa shekemgi qaraqalpaq xalıq qosıqların Á.Tájimuratov, 1941-1945-jıllardaǵı, yaǵnıy ekinshi jáhan urısı jıllarındaǵı qaraqalpaq xalıq qosıqların N.Kamalov, urıstan sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq xalıq qosıqların M.Nizamatdinov arnawlı izertlew obekti etip aldı. Al, 1960-1990-jıllardaǵı qaraqalpaq xalıq qosıqların S.Bawetdinova izertlegen bolsa, 2000-jılı qaraqalpaq dástúr qosıqların S.Kazaxbaev izertledi

hám qandidatlıq dissertaciyaların tabıslı qorǵap shıqtı. Bulardan basqa da kópshilik ilimpazlardıń qaraqalpaq xalıq qosıqları boyınsha ilimiy maqalaları baspa sóz betlerinde járiyalandı. Usınday izertlewler jazılıwına qaramastan xalıq qosıqlarınıń janrlıq quramı, túrleri, ózine tán specifikalıq ózgesheligi hám t.b. teoriyalıq máseleleri boyınsha bildirilgen pikirlerde shataslıqlar, hár qıylı kózqaraslar hám analizler bolıp keldi.

Professor Q.Maqsetov 1971-jılı basılıp shıqqan «Qaraqalpaq folklorınıń estetikası» kitabında ózinen aldıńǵı ilimpazlardıń (Q.Ayımbetov, O.Kojurov, N.Dáwqaraev, N.Baskakov) qaraqalpaq folklorı janrları boyınsha islegen klassifikaciyasın jetilistirip, janr hám túrlerge qayta jiklep tolıqtıradı. Folklor úlgilerin epikalıq hám lirikalıq janrlarǵa bólip, qosıqlardı lirikalıq janrǵa kirgizedi. Ilimpaz óziniń klassifikaciyasın tómendegishe usınadı: «Qosıqlar janrın tematikalıq jaqtan: 1. Muhabbat qosıqları, 2. Dástúr qosıqları (máwsim qosıqları, háwjar, betashar, joqlaw t.b.), 3. Balalar qosıqları (túlkishek, ayqulash, áwelemen-dúwelemen), 4. Turmısqa baylanıslı qosıqlar, 5. Tuwǵan jer haqqında qosıqlar, 6. Aqıl-násiyat qosıqları, 7. Yumor-satiralıq qosıqlar, 8. Arnaw qosıqları, 9. Tematikası boyınsha hár túrli bolǵan házirgi dáwir qosıqları t.b.» [1,52] dep bóledi hám usı klassifikaciyalıq jiklewin tómendegishe tastıyıqlaydı: «Qosıqlardı tematikalıq jaqtan basqa da túrlerge bóliw múmkin. Degen menen, qosıqlardıń barlıq túrleriniń pútini menen qosıq janrın qurap turatuǵının umıtpawımız kerek, olardıń tematikalıq jaqtan tolıp atırǵan bólinwlerin óz aldına janr emes «túr» mánisinde túsiniwimiz haqıyqatında da durıs boladı» [1,52], - dep jazadı. Ilimpazdıń usınǵan bul klassifikaciyalıq jiklewi keyingi izertlew jumıslarındaǵı shataslıqlardıń aldın aldı. Lekin, sońǵı izertlewler folklor janrlarınıń hár qıylılıǵı mazmunı, atqarılıw ornı, atqarılıw usılı, muzıkalılıǵı, kórkemligi t.b. ózgeshelikleri boyınsha óz aldına janr sıpatında úyrenilmekte. Máselen, dástúr qosıqları óz aldına dástúr folklorı sıpatında qaralıp, olardıń ishinde shańaraqlıq dástúr folklorı háwjar, betashar, joqlaw t.b. bólek janrlar retinde úyreniledi. Demek, Q.Maqsetov belgilep bergenindey qosıq janrı óz ishinde hár qıylı «túr»ge, ózgeshelikke iye, biraq bir-birinen keskin ajıralıp turatuǵın ózgesheligine, ózine tán specifikalıq belgilerine qaray janr sıpatında qaraladı.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları haqqında 1979-jılı professor Q.Maqsetovtıń ilimpaz Á.Tájimuratov penen avtorlıqtaǵı «Qaraqalpaq folklorı» [2] hám 1996-jılı «Bilim» baspasınan basılıp shıqqan «Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri» [3] atlı joqarı oqıw orınları studentlerine arnalǵan sabaqlıqlarında ilimiy-teoriyalıq pikirleri bildirilgen. Dáslep folklordaǵı xalıq qosıqları menen jazba ádebiyattaǵı qosıqlardıń ózgesheligi, bir-biri menen baylanısı máseleleri, mazmunı menen qurılısındaǵı ózgesheliklerine baqlawların beredi. Mısalı, bir kuplet xalıq qosıǵında aytılayın degen pikir izbe-izlik penen yamasa sol kuplettiń bir qatarında beriliwi múmkinligin, qatarlar bir-biri menen baylanısıp ta, baylanıspay da keliwi múmkinligin, jáne belgili bir namaǵa salıp aytılatuǵınlıǵın mısallar menen dálillep kórsetedi. Ilimpaz xalıq qosıǵınıń janrlıq ózgesheligin bılayınsha túsindiredi: «Qosıq dep biz belgili bir buwın qatarların, qatarlardıń keynindegi uyqasıp keletuǵın sózlerden turatuǵın, namaǵa salıp aytıwǵa bolatuǵın poeziyalıq dórtepege aytamız» [3,76], - dep jazadı.

Professor Q.Maqsetov N.Dáwqaraevtıń folklordıń janrları boyınsha bergen sholıw túrindegi bayanlawların qollap-quwatlay otırıp, qosıqlar temasına báytti, dástan qosıqları menen balalar qosıqların kirgizip tallawların maqullaydı, al ilimpazdıń qosıqlar temasına jańıltpash, jumbaq, aytıs hám juwaplardı kirgiziwine sın kózqarasların bildirip, olardı óz aldına janr dep qaraydı. Sonday-aq: «Avtor zikir salıw, bádik, yaramazandı «diniy ádebiyat» dep qosıq bólimine qosıp tallaǵan. Bul da durısında óziniń ózgesheligi, mazmunı boyınsha, atqaratuǵın xızmeti boyınsha qosıqtan ózgeshe duwa, aytım mánisindegi sózler. Sońǵı waqıtta biz folklordıń bul túrin qosıqlardan bólip alıp, aytımlar degen atama menen atap júrmiz» [3,78], - dep jazadı. N.Dáwqaraevtıń xalıq qosıqları boyınsha izertlewi 1950-jılları jazılǵanlıqtan, ayırım janrlardıń qosıqlarǵa qosılıp úyreniliwi tábiyiy edi. Biraq, dáslepki izertlew sıpatında N.Dáwqaraevtıń pikirleri oǵada áhmiyetli boldı. Sonlıqtan da Q.Maqsetov: «Ulıwma alǵanda N.Dáwqaraevtıń qosıqlar haqqında pikirleri geypara pikir alısıwǵa turatuǵın orınlarına qaramastan 50-jıllardıń basında dúnyaǵa kelgen, onıń óz dáwiri ushın da, házirgi dáwir ushın da áhmiyetin joǵaltpaǵanın, qosıqlar haqqında birinshi ilimiy pikir bolıp qalatuǵının aytıw kerek» [3,78], - dep

baha beredi. Sonıń menen birge Q.Maqsetov xalıq qosıqları boyınsha izertlew jumısın alıp barǵan Á.Tájimuratovtıń qosıqlarǵa tolǵawlardı kirgiziwin maqullamaydı, onı óz aldına janr sıpatında qaraydı. Dástúr qosıqlarına aytıslardı hám aytımlardıń kirigiziwin de nadurıs dep esaplaydı. Professor Q.Ayımbetovtıń qosıqlar boyınsha izertlewine analiz islep, qosıqlarǵa kirgizilgen bádik, gulapsan, yaramazan, zikir salıw, pátiya t.b. salt-dástúr jırları emes, duwa, aytımlar óz aldına izertlewdi talap etedi degen pikirlerin bildiredi. Biraq, Q.Maqsetov folklortanıwshı retindegi Q.Ayımbetovtıń ilimiy pikirleri ilim ushın áhmiyetli ekenligine joqarı baha berip bılay dep jazadı: «Q.Ayımbetovtıń qaraqalpaq xalıq qosıqları haqqında pikiriniń áhmiyeti bárinen de burın, ol qosıqlardıń atqarılıw, qollanılıw jaǵınan anıq, qısqa maǵlıwmat beriwi menen bahalı. Sonday-aq, onıń asa yadıkeshliginen tiyisli mısallar da nıq beriledi» [3,81], - dep áhmiyetin kórsetedi. Solay etip, Q.Maqsetov qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń túri hám tematikası oǵada bay ekennin kórsetip bılayınsha jiklep kórsetedi: «Qosıqlardıń túri hám tematikası oǵada bay. Mısalı, miynet qosıqları, muhabbat qosıqları, besik jırı, balalar qosıqları, tariyxıy qosıqlar, aqıl-násiyat qosıqları termeler, báyt, tuwǵan jer, Watan haqqındaǵı qosıqları, dástúr qosıqları hám t.b. Bul qosıqlardıń hár biri óziniń házil-dálkek qosıqları, ishinde, bir neshe túrge bóliniwi múmkin. Mısalı, dástúr qosıqlarına háwjar, sıńsıw, bet ashar, joqlaw kirse, al muhabbat qosıqları ya tariyxıy qosıqlar óz ishinde bir neshe túrge bóliniwi múmkin. Solay etip, qosıqlar óziniń mazmunı, qurılısı, atqaratuǵın xızmeti boyınsha aytıslardan, aytımlardan, tolǵawlardan ayrılıp turatuǵın tutas qaraqalpaq folklorınıń eń úlken janrı bolıp esaplanadı» [3,81], - dep bólip kórsetedi.

Professor Q.Maqsetov xalıq qosıqların tematikası hám mazmunına qaray bóle otırıp miynetke baylanıslı qosıqlar, muhabbatqa arnalǵan qosıqlar, balalar qosıqları, besik jırı (háyyiw), tariyxıy qosıqlar, aqıl-násiyat qosıqları, termeler, házil-dálkek qosıqları, dástúr qosıqları (toy baslaw, háwjar, sıńsıw, bet ashar, joqlaw qosıqları), urıs dáwirindegi xalıq qosıqları dep, olardıń hár birine qısqasha tematikalıq, mazmunlıq jaqtan ilimiy analiz isleydi. Bul xalıq qosıqlarınıń atqarılıw ornı, atqarıwshıları, aytılıw ózgesheligi, kórkemlik ózgesheligi boyınsha ilimiy pikirlerin bildirip, mısallar menen tallaw isleydi. Xalıq qosıqlarınıń qaraqalpaq xalqınıń milliy miyrası sıpatındaǵı ornın belgilep beredi.

Juwmaqlap aytqanda, professor Q.Maqsetov tárepinen qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń janrlıq jaqtan jikleniwi, qosıq janrınıń túrine nadurıs kirgizilip júrgen ayırım janrlardaǵı shataslıqlardıń dúzetiliwi, qosıqlardı mazmunı, qurılısı, tematikası boyınsha analizlewleri, ilimiy pikirleri hám kózqarasları qaraqalpaq folklortanıw ilimi ushın oǵada bahalı esaplanadı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Мақсетов Қ., Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971.

2. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис, «Билим, 1996.

# QARAQALPAQ XALÍQ SÍYQÍRLÍ ERTEKLERINDE MIFOLOGIYALÍQ PERI OBRAZÍNÍŃ FUNKCIONAL QÁSIYTLERI

**Kabilova G.B.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiliginde ertekler ózine tán kórkemlik sisteması menen ajıralıp turadı. Sol erteklerdiń quramında mifologiyalıq obrazlar ayrıqsha áhmiyetke iye. Usınday obrazlardıń biri – peri obrazı. Peri obrazı xalıq sanasında álemniń sırlı, túsiniksiz táreplerin bildiriwshi simvollardan biri bolıp esaplanadı. Ol tek ǵana fantaziya jemisi emes, al adamnıń dúnyatanımı, isenimi hám arman-tilekleriniń kórinisi sıpatında payda bolǵan.

Peri obrazınıń mifologiyalıq negizi erte dáwirlik túsinikler hám kózqaraslarǵa barıp taqaladı. Ol kóbinese adamzatqa kórinbeytuǵın, ózge bir álemde jasaytuǵın obraz sıpatında

súwretlenedi. Qaraqalpaq erteklerinde peri – ádette sulıw, sıyqırlı qásiyetke iye, aqıllı keńesgóy qásiyetlerge iye bolǵan obraz. Áyyemnen perilerdiń kelip shıǵıwı tábiyat kúshleri menen baylanıslı dep qaraladı. Bul bolsa animistikalıq túsiniklerdiń nátiyjesi esaplanadı. Degen menen, bul obrazdıń kelip shıǵıwı jóninde ilmiy kózqarastan úyrenetuǵın bolsaq mifologiyalıq sózliklerde tómendegishe anıqlamalardı ushıratamız: "Peri sózi parsı tilindegi "parīk" sózinen kelip shıǵıp, peri kórinisine ózgergen. Parsısha "parīk" sózi "qasında turǵan, jaqsı ruwx" mánislerin ańlatadı"[1]. Alım N. Bozkurt bul sózdiń tiykarınan parsı tilinen kelip shıǵıp dúyanıń basqa tillerine tarqalǵanı jóninde mına pikirleri bar: "Peri sózi parsı tilinen kóp dúnya tillerine ótken. Batıs tillerinde "fairy" sózi periniń araplardaǵı "ferî" kórinisindegi aytılıwınan kelip shıqqan",-dep jazadı[2]. Peri mifologiyalıq obrazı dúnya júzi xalıq awızeki dóretpelerinde metafizikalıq qásiyetke iyebolıp keledi. "Feya – Evropa folklorında metafizikalıq qásiyettegi jaratılıs bolıp, insan ómirine tez-tez aralasadı. Feyalar hám olarǵa uqsas jaratılıslar kelt, german, francuz hám slavyan folklorında da ushıraydı. "Feya" ataması ayırım orınlarda tek ǵana boyı kishkene, sıyqırlı qábiletke iye, hiyleker háreketler qılatuǵın insan kórinisli jaratılıslarǵa qollanılıwı menen birge, basqa orınlarda bul sóz goblinlar hám gnomlar sıyaqlı hárqanday sıyqırlı jaratılıslardı ańlatıw ushın da qollanıladı"[3]. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde ushırasatuǵın peri obrazların úyrenip qaraǵanımızda olardıń bir neshe qásiyetke iye obraz sıpatında kózge taslanıwın anıqladıq. Mısalı, metamorfazalıq, topar bolıp jasawshı, er jınıslı periler, perzent kóriw qábiliyetine iye periler. Bunday qásiyetlerde ushırasıwı qaraqalpaq xalıq sıyqırlı ertekleriniń ishki janrlıq talapları hám ertede ertek dóretiwshileriniń milliy mentalitetlik kózqarasları tiykarında berilgenligi sebepli usınday ózine tán qásiyetlerde súwretlengen.

Metamorfozalıq qásiyetke iye periler qatnasqan erteklerdiń ishinde "Qıran", "Jansap" erteklerinde peri – kepterge, "Altın baslı áydarha" erteginde – áydarhaǵa, "Búkir shal" erteginde – túlkige, "Gúlzámze" erteginde – almaǵa, "Nurqızarın" erteginde – qusqa, "Hárkim qılsa, ózine" erteginde – 7 periniń birewi kepterge, birewi jılanǵa h.t.b. haywanlarǵa, "Aq kiyik" erteginde – Qaraqusqa, "Aǵa-iniler hám apa-sińliler" erteginde – almaǵa ózgere aladı. "Túrkiy xalıqlarında periler kóbinese, arıw qızlar túrinde súwretlenedi, erteklerdegi periler sulıwlıq simvolı. Ráwayatlarda da olardıń ózgeshe kórinisine dıqqat awdarıladı, biraq adamlıq kórinisiniń ózinde zoomorflıq belgiler kórinis beredi"[4, 13]. Alım aytqanınday, biziń erteklerimizde de perilerdiń kórinisinde zoomorflıq belgiler kórinedi. Joqarıda atı atalǵan erteklerde "Qıran", "Jansap", "Altın baslı áydarha", "Búkir shal", "Nurqızarın", "Hárkim qılsa, ózine", "Aq kiyik" erteklerinde perilerdiń zoomorflıq belgilerin kóre alamız. "Gúlzámze", "Aǵa-iniler hám apa-sińliler" ertekleriniń syujetleri birdey, ataması ózgeshe. Olardaǵı jigitke joldas bolǵan peri qızı qanatlı peri sıpatında, jigit tawatuǵın eki peri qızı yaǵnıy baldızları almaǵa ózgere alatuǵın etip bayanlanadı. "Búkir shal", "Abat patshalıq", "Jetimlikten qutılǵan tuwısqanlar" erteklerindegi peri obrazına tán ózgeshelik olardıń erkek ekenliginde. "Búkir shal", "Jetimlikten qutılǵan tuwısqanlar" erteklerinde er periler adamzattan bolǵan qızlar menen nekelenedi. "Jetimlikten qutılǵan tuwısqanlar" ertegindegi peri sıyqır kúshi menen ólikke de jan bere alatuǵın bolsa, "Abat patshalıq" erteginde sıyqırlı buyımları bar perilerdiń patshası boladı. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde perilerdiń perzentli bolıwı kóp ushıraspaydı. Tek ǵana "Gúlsara peri" erteginde peri qızınıń adamzattan perzent kóriwi motivin ushıratıwımızǵa boladı. Periniń perzentli bolıwı haqqında O.Qayumov: "Ózbek xalıq erteklerinde perilerdiń perzent kóre almawı haqqındaǵı xalıqtıń kózqarasları umıtılıwı nátiyjesinde jańa epik túsinik payda bolǵan. "Peri – qaharmannıń anası" motivi usı tárizde qáliplesken. Peri hám ápiwayı epik qızlar obrazı túsinikleri qosılıp ketiwi nátiyjesinde perilerdiń tuwmaytuǵın ekenligi haqqındaǵı xalıq isenimleri ornın "ana bolıw" motivi iyelegen", – dep jazadı.[5, 21] Biraq, "Gúlsara peri" erteginde peri ul perzentli bolǵanı menen, ol perzent ertektiń bas qaharmanına aylanıp ketpeydi, kerisinshe Gúlsara periniń ózi ertektiń oraylıq qaharmanı boladı.

Qaraqalpaq xaıq sıyqırlı erteklerinde peri obrazı bir neshe funkcional rollerde keledi: 1) Qáwender obraz: Peri bas qaharmanǵa járdem berip, onı qıynalıslardan qutqaradı. Mısalı, jol kórsetedi, sıyqırlı zatlar beredi. Bunday erteklerge "Gúlzámze" (A.7:59), "Aǵa-iniler hám apa-sińliler" (B.26:93), "Abat patshalıq" (B.46:182), "Altın júzikli jigit hám ay júzli arıw"

(B.47:186) hám “Altın baslı áydarha” (A.23:157) erteklerin kirgiziwge boladı. Erteklerde peri qáwender obraz hám járdemshi obraz sıpatında da kózge taslanadı. Bul eki wazıypa mazmunlıq jaqtan birdey túsinikke iye bolsa da funkciyalıq tárepten ózgeshelenip turadı. Mıaslı, qáwender peri hám járdemshi peri ortasındağı ayırmashılıq járdemshi periler erteklerde qáwender periler sıyaqlı jol kórsetip, másláhát berip qoyıw menen sheklenbeydi, olar qaharmanğa is-háreketi menen járdem beredi. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde “Altın balıq” (B.38:153), “Málikhásen” (B.7:36) , “Hárkim qılsa, ózine” (B.11:47), “Jetimlikten qutılğan tuwısqanlar” (B.50:200), “Nurqızarın” (A.9:70), “Aq kiyik” (B.32:117) erteklerindegi peri obrazları járdemshi rolinde háreket etedi.

Ózbek alımı O.Qayumov peri obrazın úyrene otırıp, onıń ertektegi funkciyası máselesine toqtap ótedi hám bılay jazadı: “Ózbek xalıq sıyqırlı erteklerindegi peri obrazı epik kómekshi ( O.Qayumov járdemshi ataması menen birge ayırım orınlarda “epik kómekshi” atamasın qollanadı – G.K.) yamasa qaharmanğa járdemshi wazıypalarında da keledi. Periniń qaharmanğa járdemshi sıpatındağı funkciyaları da óz sıpatına qaray eki tipke bólinedi: a) óz is-háreketleri menen qaharmanğa sebepsiz, tuwrıdan-tuwrı járdem beriwshi járdemshi, ádette, bunday periler qaharmanğa epik maqsetine jetiwi ushın kómeklesedi.

b) óziniń másláhátleri menen qaharmanğa sebep penen járdem beretuğın epik járdemshi. Bunday járdemshiler qaharmanğa másláhát beriwshi, jol kórsetiwshi sıpatında qatnasadı” [6, 20-21]. Bul pikirge súyene otırıp, qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde peri obrazların analizleytuğın ekenbiz, tómendegidey juwmaqlar shığarıwğa boladı: birinshi topardağı periler qaharman menen jaqın baylanısı bolıp, oğan heshqanday sebepsiz járdemlesedi. Bunday erteklerge “Altın balıq”, “Málikhásen”, “Jetimlikten qutılğan tuwısqanlar”, “Nurqızarın” erteklerin kirgizemiz.

2) Súyikli yar obrazı: Kóp erteklerde peri – qaharmannıń súygeni retinde kórsetiledi. Bul jağdayda peri adam men sıyqırlı álem arasındağı baylanıstı bildiredi. Periniń qaharmanğa ashıq bolıwı hám oğan turmısqa shığıwı ertek mazmunın bayıtatuğın syujet elementlerinen biri wazıypasın orınlaydı. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde bunday peri obrazı “Sánawar”, “Gúlzámze”, “Ağa-iniler hám apa-sińliler”, “Altın balıq”, “Jetimlikten qutılğan tuwısqanlar”, “Qıran”, “Nurqızarın”, “Arzıw ármanına jetken jigit”, “Jansap” erteklerinde qatnasadı. Peri obrazı erteklerde tek ğana tiykarğı mifologiyalıq obraz sıpatında súwretlenip, syujet liniyaların rawajlandırıw, ertek kompoziciyasın bayıtıw sıyaqlı funkciyalarda keliwden tısqarı ertek mazmunında filosofiyalıq mánisti, uğımdı, dúnyatanıwdı da beredi. Mısalı, peri obrazı arqalı xalıq jaqsılıq penen jamanlıqtı, ádillik penen qıyınshılıqtı, árman menen haqıyqattı kórkem túrde jetkizedi, túsinedi. Peri – árman idealı, adam jetkisi keletuğın biyik maqsettiń belgisi. Ol adamnıń ruwxıy dúnyasınıń tazalığın, isenimin kórsetedi.

Ulıwmalastırıp aytqanda, peri arqalı xalıq adamnıń jetilgen túrin – ideal obrazdı kórsetedi. Ol adamnıń ishki dúnyasınıń tazalığın, jaqsılıqqa umtılısın bildiredi. Sonday-aq, peri obrazı arqalı jaqsılıq penen jamanlıqtıń gúresi de sáwlelendiriledi. Erteklerdiń juwmağında ádette jaqsılıq jeńedi, bul bolsa xalıqtıń optimistik dúnyatanımın bildiredi. Qaraqalpaq xalıq erteklerinde mifologiyalıq peri obrazı kóp qırlı, bay mazmunlı obraz bolıp tabıladı. Ol kórkemlik jaqtan da, mazmunlıq jaqtan da áhmiyetli. Bul mifologiyalıq obraz syujetti rawajlandıradı, qaharmanğa járdem beredi, ideallıq qásiyetlerdi kórsetedi. Sol sebepli, bul obraz qaraqalpaq folklorınıń eń negizgi elementleriniń biri retinde qaraladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. https: // www.etimolojitürkçe.com / kelime / peri/.
2. Bozkurt N. https: // islamansiklopedisi.org.tr / peri.
3. http://mythological.fandom.com/ru/wiki.
4. Қапалбек Б. Қазақ ертегілерінің басты кейіпкерлері. //https://adebiportal.kz/kz/books/view/qazaq-ertegilerinin-basty-keiipkerleri-3957.
5. Қаюмов О. Ўзбек фолклорида пари образи. Фил.фан.номз. Афтореф. – Ташкент, 1999.

# QORAQALPOG‘ISTONDA MADANIY MEROS VA UNI SAQLASHDA FOLKLOR HAMDA ETNOGRAFIYANING O‘RNI

**Kunnazarova O.M.**
*TDIU 2-kurs tayanch doktoranti*

Ushbu maqolada Qoraqalpog‘iston Respublikasining madaniy merosi, uni saqlash va rivojlantirish jarayonida folklor hamda etnografiyaning o‘rni tahlil qilinadi. Folklor xalq og‘zaki ijodi sifatida tarixiy xotirani ifodalasa, etnografiya xalqning turmush tarzi, urf-odatlari va an’analarini o‘rganadi. Tadqiqotda Qoraqalpoq xalqining madaniy merosi, uning asosiy elementlari va zamonaviy sharoitda saqlash mexanizmlari ko‘rib chiqiladi. Shuningdek, folklor va etnografik materiallarning milliy identitetni shakllantirishdagi ahamiyati ham yoritiladi.

Qoraqalpog‘iston, madaniy meros, folklor, etnografiya, xalq og‘zaki ijodi, urf-odatlar, an’analar, milliy identitet, etnoturizm, madaniy saqlash.

Qoraqalpog‘iston Respublikasi Markaziy Osiyoning boy madaniy merosga ega hududlaridan biri hisoblanadi. Bu o‘lka qadimdan xalq og‘zaki ijodi (folklor) va etnografik an’analarini saqlab kelgan. Hudud ilmiy madaniyat markazlaridan biri bo‘lib, boy tarixiy va madaniy merosga ega. Ushbu merosni o‘rganishda folklor va etnografiya fanlari alohida ahamiyat kasb etadi. Chunki ular xalqning ma’naviy dunyosi, tarixiy rivojlanishi va ijtimoiy hayotini aks ettiradi. Folklor va etnografik tadqiqotlar esa xalqning tarixiy xotirasi, turmush tarzi, urf-odatlari va dunyoqarashini o‘rganishda muhim ilmiy manba bo‘lib xizmat qiladi. Hozirgi globallashuv jarayonida milliy madaniyat, urf-odatlar va etnik o‘ziga xoslikni saqlash masalasi dolzarb ahamiyat kasb etmoqda. Qoraqalpog‘iston hududi qadimdan boy tarixiy, madaniy va etnografik an’analarga ega bo‘lib, bu hududni o‘rganish Markaziy Osiyo xalqlari madaniyatini chuqur anglashda muhim o‘rin tutadi. Shu nuqtai nazardan, Qoraqalpog‘istonda olib borilayotgan etnografik tadqiqotlar nafaqat tarixiy merosni o‘rganish, balki uni zamonaviy ilmiy yondashuvlar asosida tahlil qilish imkonini beradi.

So‘nggi yillarda O‘zbekiston ijtimoiy-iqtisodiy hayotida jahon madaniy merosini ommaviylashtirish va uni asrab avaylashga katta e’tibor qaratilmoqda. Tarixiy merosni asrab-avaylash, o‘rganish va avlodlardan avlodlarga qoldirish davlatimiz siyosatining eng muhim ustuvor yo‘nalishlaridan biridir. Bu borada zamonaviy ilm-fan yutuqlarini joriy qilish, sohaning moddiy-texnik bazasini rivojlantirish, xalqaro hamkorlikni kengaytirish, YUNESKO bilan hamkorlikda moddiy madaniy merosini o‘rganish, asrab-avaylash va saqlashga qaratilgan aloqalar yuzasidan ilmiy tadqiqot olib borish zaruratini ko‘rsatadi. Ayniqsa, mintaqaning moddiy madaniy merosini o‘rganishga halqaro tajriba asosida yondashish va uni tadqiq etish muhimligidan dalolat beradi [1, b. 316].

Madaniy merosni o‘rganishda uslubiy jihatlarni hisobga olganholda, madaniy meros tushunchasining murakkab va ko‘p bosqichli ekanligini alohida ta’kidlash lozim. Har qanday xalqning va har qanday mamlakatning madaniy merosi, madaniy tizimning uzluksizligini va ijtimoiy-madaniy o‘ziga xosligini turli shakllarda –etnik-madaniy, diniy, milliy, davlatda saqlash uchun madaniy omillarning potentsialini to‘plash va aktuallashtirish eng muhim shaklidir. U odamlarning tarixiy ongini egallaydi, jamiyatning ko‘payishi va rivojlanishiga hissa qo‘shadi.

Amudaryo va Sirdaryoning yetaklaridagi aholining joylashishi, turli etnoslar, ko‘chmanchi, yarim ko‘chmanchi xalqlarning ijtimoiy hayotini tadqiq etish etnograflarga katta qiziqish uyg‘otgan. Shunday etnik birliklardan biri qoraqalpoqlar bo‘lib, ular O‘rta Osiyo xalqlari madaniyatiga katta ta’sir ko‘rsatgan. N.Baskakov, A.Morozova, S.Malovsingari olimlar Qoraqalpog‘iston etnografiyasini o‘rganish asnosida qoraqalpoqlarning tarixi, madaniyati, urf-odat, an’analalariga oid qimmatli materiallarni to‘plab, tartibga solish, tahlilqilish vayagona qoraqalpoq orfografiyasini belgilash borasida katta hajmdagi ishlarni bajarishdi [2, b. 58]. Dastlab qoraqalpoq atamasi haqida to‘xtaladigan bo‘lsak, S.P.Tolstov fikriga ko‘ra, birinchi bo‘lib qipchoqlar, sharqlik pecheneglarni bosh kiyimlariga qarab,

“qoraqalpoq” deb ataganlar. Binobarin, qoraqalpoqlar o‘zlarining hozirgi nomlarini XI asrdayoq tug‘ilib o‘sgan yurtlari –Orol va Amudaryo sohillarida olganlar [3, b. 116].

Qoraqalpoq etnografik tadqiqot ishlari 1945-yildan boshlangan bo‘lib, barcha mavsumiy o‘n besh dala ekspeditsiyada guruhni T.Jdanko boshqargan va yillar davomida xodimlar tarkibi o‘zgarib turgan. Rus mutaxassislaridan N.P.Lobacheva, B.V.Andrianov, L.S.Tolstova hamda Qoraqalpog‘iston ilmiy muassasa xodimlari R.K.Kosbergenov, S.K.Kamalov, U.X.Shelekonov singari xodimlar faoliyat yuritishgan [4, b. 89].

Qoraqalpoqlarqadimiy o‘tovlari o‘rniga, sug‘orish tarmoqlari bilan bir qatorda dumaloq shakldagi o‘tovlar o‘rganildi. O‘tovqishda qamish yoki tuproq to‘siqlar bilan qoplangan, ba’zi o‘tovlar ichida kichik loydan tayyorlangan kulbalar bo‘lib, ular maishiy maqsadlarda omborxona vazifasini bajargan. O‘tovlar Amudaryo sohilining shimoliy qismida keng tarqalgan bo‘lib, unda asosan baliqchilik xo‘jaligi bilan shug‘ullanuvchi aholiyashagan. T.Jdanko boshchiligidagi etnografik guruh boshlagan o‘tovlarni o‘rganish faoliyatini

1970-yillarda X.Yesbergenov davom ettirirgan va ushbu izlanishlar Qoraqalpoq o‘tovlari haqida kinofilm yaratilishi uchun asos bo‘lib xizmat qilgan. Har qanday xalqning kiyimi bu moddiy madaniyat va etniklikning yorqin ko‘rsatkichidir. Libos bezaklaridagi bezaklardagi qadimiy elementlar etnogenez muammolarini o‘rganish uchun vosita vazifasini bajaradi. Kiyim-kechaklar xalq xo’jaligining o‘ziga xos xususiyatlari, oilaviy hayotning ba’zi jihatlari va tabiiy sharoitlarni aks ettiradi. O‘tmishda kiyim-kechaklar ayniqsa, bosh kiyimlar shaxsning oiladagi yoki jamiyatdagi mavqei, yoshiga qarab belgilangan. Zamonaviy milliy libosda saqlangan qadimiy bezak elementlari – xalqning etnikva madaniy tarixini o‘rganishda muhim manba hisoblanadi. Qoraqalpoqlar milliy liboslaridagi ko‘plab elementlar arxeologlarning ham qiziqishini uyg‘otib, xalqsan’ati va moddiy madaniyatining ayrim xususiyatlarini aniqlashga turtki bo‘lgan. Ekspeditsiya xodimi X.Yesbergenov qoraqalpoqlar kiyim-kechaklarini tadqiq qilishga katta e’tibor qaratgan. U o‘zining dala materiallarini muzey kolleksiyalari bilan birlashtirgan natijada qoraqalpoqlar kiyim-kechaklari haqida o‘zining tadqiqot ishini e’lon qilgan. Kuzatishlar natijasida ayollar ko‘k ko‘ylagihashamdor bezatilganligi, jegde(qalpoq), ayollar bosh kiyimlari –kiymeshek, saukelar etnografik tahlil qilingan [5, b. 90].

Qoraqalpoqlar qadimiy kiyim-kechaklarining ko‘p qismi oilaviy meros sifatida kam saqlanib qolingan, ularning tashqi ko‘rinishini mahalliy ma’lumotlar asosida tiklash mumkin. Xususan, teridan tikilgan qadimiy kiyimlardan o‘tmishda qoraqalpoqlar kiygan kilka bo‘lib, u asosan echki terisidan tikilib, ichida jun bilan qo‘y terisibilan qoplangan vapodachilarning ish kiyimi sanalgan. Qoraqalpoq etnografik guruhi tominidan to‘plangan etnografik ma’lumotlar tarixchi, etnograflarning asarlarini sezilarli darajada boyitgan. Xodimlarning yozib olgan dala ma’lumotlariga ko‘ra, ayrim joylarda qabila guruhlari ixcham joylashganbo‘lib, bu 1940-yilda tuzilgan etnik xaritada o‘z aksini topgan. Xalqning ijtimoiy hayotida dehqonchilik ta’limoti va marosimlarda suv chaqirishda ko‘plab milliy urf-odat va an’analarning izlari saqlanib qolgan, masalan, turli urug‘ovullari o‘rtasida bayramlardaot o‘yinlari va bellashuvlar o‘tkazilgan.

Qoraqalpoq xalqining folkloriga e’tibor qaratish, uni yozib olib, o‘rganishga kirish XVIII asrning o‘rtalariga yaqinlashganda boshlandi. Ayniqsa rus olimlari va sayyohlari qoraqalpoqlarning folklorini o‘rganishga qiziqa boshladi. 1750-yili rus olimi Richkov kelib, qoraqalpoq xalqining hikoyalari bilan ertaklarini, shuningdek "qoraqalpoq" degan so‘znin kelib chiqishi haqidagi afsonani yozib olgan va ularni 1759-yili, "Sochineniya tarjimalari" degan jurnalning avgust sonida bosib chiqaradi. N. A. Baskakov 1926-1945-yillar orasida respublikamizning barcha tumanlarida folklor ekspeditsiyalarida qatnashdi [6, b. 28]. Unda u, qoraqalpoq xalq ertaklarini, qo‘shiqlarini, urf-odat qo‘shiqlarini, maqol-matallarini, xullas, bundan ham boshqa xalq og‘zaki ijodining boshqa turlarini to‘pladi. N.A. Baskakov u materiallarini

1951 - yili o‘zining "Qoraqalpoq tili" nomli ikki tomlik asarining birinchi tomida nashr ettirdi. 1930-yili qoraqalpoq iqtisodiyoti va madaniyati ilmiy tadqiqot instituti ochilib, unda

qoraqalpoq og‘zaki adabiyotini to‘plash va tadqiq etish bo‘yicha sektorning tashkil etilishi ilmiy kadrlarning yetilishiga keng imkoniyat ochib berdi. Xususan, mashhur folklorshunos Q.Ayimbetovning 1939-yili "Qoraqalpoq adabiyoti va san’ati" (№3 36-sonida "Qoraqalpoq folklori" (№4 37-son) nomli maqolalari e’lon qilindi. Yana unda qoraqalpoq folklorini turlarga bo‘lib, janr xususiyatlarini ochib ko‘rsatadi. 40-yillarning ichida endi folklorni ular qoraqalpoq folklori va uning ijrochilari haqida o‘rgana boshladi. Q.Ayimbetov 1941-yili "Xalqning jirov baxshilari," mashhur yozuvchi J. Aymurzayev "Xalq ertaklari bilan qo‘shiqlari," N.Davqarayev "Qoraqalpoq folklori haqida tadqiqotlar" nomli maqolalarini e’lon qildi. 1959-yili O‘zbekiston Fanlar Akademiyasining Qoraqalpog‘iston filiali ochildi. Xususan, Q.Ayimbetov, I.Sagitov, Q.Maqsetovlar qoraqalpoq folklorini tadqiq etish muammolaridan doktorlik dissertatsiyalari yoqladi. Bu davr ichida A.Aliyev, A.Alimov, N.Kamalov, Q.Mambetnazarov, T.Nietullayev, M.Nizamatdinov, A.Tajimuratov qoraqalpoq folklori mavzusida nomzodlik dissertatsiyalar yoqlab chiqdi. Qoraqalpoq xalq ertaklarining o‘zi 1940, 1949, 1956, 1959, 1965 - yillari qayta-qayta to‘ldirilib, badiiyati, tarbiyaviy ahamiyati tahlil qilingan ilmiy maqolalar, so‘zboshilar bilan kitob qilib chiqarilib, keng o‘quvchilar ommasiga tarqatildi. 1959-yili filologiya fanlari nomzodi A.Karimov "Alpomish" dostonini qoraqlpoq xalq jirovi Qiyas Qayratdinovdan yozib oldi.1956-yili "Qirq qiz" dostonini mashhur Qurbonboy jirov Tojiboyevdan taniqli yozuvchi Asan Begimov yozib oldi. O‘shanda - Q.Ayimbetovning Erpolat jirovdan yozib olgan "Edige" dostoni, Ahmet Shamuratov tomonidan mashhur Qulambet jirovdan yozib olingan "Shariyor" dostoni, X.Tajimutratovning Bekmurat baxshidan yozib olgan "G‘arib oshiq" dostoni kitob qilib chiqarildi [7, b. 29].

Bu qoraqalpoq xalq dostonlarini nashriyotda chop etish va uni har tomonlama tadqiqot kelgusi vaqtda ham davom etadi. Shular bilan bir qatorda folklorning boshqa janrlari keng va chuqur tadqiqotning obyekti bo‘lib kelyapti. Ularning ko‘pchiligi xalq og‘zidan yig‘ilib kitob qilib chiqarildi. Ular bo‘yicha yozilgan tadqiqot ishlarida ham chop etildi. Bunga qoraqalpoq xalq ertaklari, xalq qo‘shiqlari, maqol-matallari, topishmoqlari bo‘yicha filologiya fanlari nomzodlari Q.Mambetnazarov, N.Kamalov, A.Tajimuratov, T.Nietullayev, Nizamatdinov, A.Alimovlarning tadqiqotlarining matbuotda e’lon qilib kelinganligiga misol qilish mumkin. A.Tajimuratov tomonidan qoraqalpoq xalq qo‘shiqlari urush davridagi to‘planib 1965-yili folklorist N.Kamalov tomonidan nashrga tayyorlanib, kitob qilib chiqarildi. Bu kitoblarning so‘zboshisida mualliflar, xalq qo‘shiqlari qoraqalpoq xalqining qadimdan foydalanib kelayotgan ma’naviy boyligi ekanini aytib, xalq hayotining obrazdagi aksini har tomonlama ochib berishga intildi. Shuning bilan bir qatorda xalq qo‘shiqlarining klassifikatsiyasi ishlab chiqildi. Xalq og‘zaki ijodining eng go‘zal namunalaridan hisoblangan "O‘mirbek latifalari" 1960 - yili "Qoraqalpoq xalq afsonalari" Q.Maqsetov, N.Kamalov, Q.Mambetnazarov tomonidan nashrga tayyorlanib, 1962-yili kitob qilib chiqarildi. Shuningdek, Q.Ayimbetovning "Tizimli so‘zlar" kitobi 1965-yili, S.Abbazov bilan A.Alimovlarning "Topishmoqlar" kitobi 1963 - 1970-yillari kitob qilib chiqarilib, jamoatchiligimizga taqdim etildi [8, b. 30].

Demak ular og‘izdan-og‘izga o‘tib turibdi, radio, televideniye orqali, matbuot yordami bilan ham tarqalishi, e’lon qilinishi mumkin. folklorik asarlar keng ma’nodagi tushuncha bo‘lib, u faqat yangi davrda yaratilgan asarlar bilan cheklanib qolmaydi. Bir necha asrlardan beri yashab kelayotgan va bugungi kunda ham xalqning estetik talabini qanoatlantirish uchun faol xizmat qilgan, bizning turmushimizda jonli yashashini yana ham davom ettiradi. qilayotgan baxshi-jirov emas, balki ijro uslubi jihatidan ham bugungi kundagi madaniyatimizda ham ma’lum o‘rin egallab turibdi. Qoraqalpog‘istonda madaniy merosni saqlashda folklor va etnografiya asosiy ilmiy tayanch hisoblanadi. Ular milliy identitetni shakllantirish, tarixiy xotirani saqlash va madaniy merosni kelajak avlodga yetkazishda muhim rol o‘ynaydi.

## ADABIYOTLAR:

1. S.Allambergenov, «Qoraqalpogʻiston hududidagi jaylashgan tarixixy va madaniy yodgorliklar tarixidan», «Uzliksiz bilimlendiriw sistemasinda araliqtan oqitiwdin' integraciyasi» atamasindag'i IV Xaliqaraliq ilimiy-teoriyaliq konferenciya, b.316, 2024.

2. Doniyorov A.X, "”Xorazm arxeologiya etnografiya ekspeditsiyasi O'zbekiston etnografiya fanida”," p. 58, 2007.

3. Doniyorov A.X, "Markaziy Osiyo xalqlari etnologiyasi.," in Markaziy Osiyo xalqlari etnologiyasi., Tashkent, Yangi nashr, 2016, p. 115.

4. A.H.Hakimova, "Xorazm arxeologiya-etnografiya ekspeditsiyasining qoraqalpoqlar etnografiyasini oʻrganishi," Innovative Development in Educational Activities , vol. 2, no. 22, p. 89, 2023.

5. A.H.Hakimova, "Xorazm arxeologiya-etnografiya ekspeditsiyasining qoraqalpoqlar etnografiyasini oʻrganishi," Innovative Development in Educational Activities , vol. 2, no. 22, p. 89, 2023.

6. A. D., "Qaraqalpaq xalíq folklorínıń izertleniw tariyxí," "Zamonaviy ilm-fan va ta'lim istiqbollari" ilmiy amaliy konferensiya , p. 28, 2023.

7. A. D., "Qaraqalpaq xalíq folklorínıń izertleniw tariyxí," "Zamonaviy ilm-fan va ta'lim istiqbollari" ilmiy amaliy konferensiya , p. 28, 2023.

8. A. D., "Qaraqalpaq xalíq folklorínıń izertleniw tariyxí," "Zamonaviy ilm-fan va ta'lim istiqbollari" ilmiy amaliy konferensiya , p. 28, 2023.

## QARAQALPAQ HÁM QAZAQ XALIQ ERTEKLERI TIPOLOGIYASI

**Berdibaeva Q.I.**

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 1-kurs magistrantı*

Tipologiya termini zatlardıń hám qubılıslardıń hár túrli tipleri arasındağı qatnastı kórsetetuğın klassifikaciya. Tipologiyalıq baylanıslar siyasiy jámiyetlik sharayatınıń uqsaslığınan kelip shıqqan hám ádebiyattağı birdey nızamlıqlarğa juwap beretuğın ádebiy baylanıslar ulıwma aytqanda bunday termindi komforativistika- grekshe salıstırıw degendi ańlatadı. Dúnya júzine belgili A.Arne, S.Tompson, V.Ya.Propp, E.A.Meletinskiy, V.Anikin, L.G.Barag, E.A.Tudorovskaya, Yu.M.Sokolov, túrkiy tilles xalıqtan S.Qasqabasov, E.Tursunov, A.Baymuratov, Sh.Geldieva, F.X.Gezalov, B.Karimov, M.Afzalov, K.Imonov, Ǵ.Jalolov, Q.Beknazarov, J.Yusupov, S.Jumaeva, N.Dustxojaeva, Q.Qodirov, Z.Rasulova, Sh.Nazarova, qaraqalpaq alımlarınan N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, Q.Mámbetnazarov, P.Óteniyazovlar erteklerdi hár qıylı aspektlerde izertlep úyrendi.

Qaraqalpaq xalıq dóretpeleri menen birge qońsı tuwısqan hám bul elden alısta jaylasqan xalıqlardıń ertekleri arasında mazmunlıq, motivlik, syujetlik uqsaslıqlar jiyi ushırasadı. Máselen: qazaq xalıq dóretpelerinen «Qaramergen» erteginde samawrın, dásturxan, quman, altın besik, «Aǵash at tuwralı» erteginde ushar at, sıyqırlı qońıraw, «Kúyew tańlaǵan qız» dóretpesinde shıpalı alma, sıyqırlı alma sıyaqlı predmetler qaharmanlardıń tamaǵın toq, alısın jaqın, awırın jeńil etiwge úlken rol oynaydı. Ózbek xalıq awızeki dóretpeleri de qaraqalpaq xalıq erteklerine mazmunlıq jaqtan oǵada jaqın keledi. Ásirese, sıyqırlı erteklerde tańqalarlıq ájayıp sıyqırlı buyımlar, zatlar eki xalıqtın awızeki shıǵarmalarında jiyi gezlesedi. Mısalı, «Altın balıq» erteginde sıyqırlı balıq, «Qılısh batır» erteginde jan jaylasqan qılısh, «Málika Gulzar» erteginde sıyqırlı ayna, ushar gilem, shıpalı alma, «Burshaq palwan» da (Nuqat palvon) óli hám tiri suw, «Zulqumar» erteginde sıyqırlı ayna, ushar gilem, shıpalı alma bir qansha funkciyalardı atqaradı hám birneshe qaraqalpaq xalıq erteklerine mazmunı jaqın keledi. Rus xalıq erteklerinde de qaraqalpaq xalıq dóretpelerindegi sıyaqlı qaharmanlardıń arzıw-ármanlarına erisiwinde sıyqırlı predmetler úlken rol oynaydı. «Sıyqırlı júzik» atlı ertekte júzik, «Ájayıp kóylek» te kiyim, tilsimli suw, «Ekaterina patsha hám etikshiniń hayalı» erteginde sıyqırshı ǵarrı, sıyqırlı saz ásbabı dıqqatımızdı tartadı. Tatar xalıq erteginde de qaraqalpaq xalıq folklorındaǵıday sıyqırlı buyımlar keń orındı iyeleydi. Mısalı, «Alpamsho menen dáwjúrek Sanduǵash» atlı tatar sıyqırlı

erteginde oq jay menen onıń oǵı sıyqırlı qásiyetke iye boladı. Túrk xalıq shıǵarmalarınan «Wázirdiń ertegin» de sıyqırlı shıjlan sóz etilse, usı xalıqqa tiyisli «Sırlı gúl» erteginde sıyqırlanǵan gúl sońında qızǵa aylanǵanlıǵı aytıladı. Mongol xalqınıń awızeki dóretpelerinde de sıyqırlı buyımlar, zatlar sıyqırlı personajlar ushırasadı. «Qamshı» erteginde ǵarǵa jigitke sıyqırlı ıdıs hám qamshı bergenligi sóz etiledi. «Tilsim taw» polyak xalıq erteginde ólgen adamdı tiriltetuǵın suw aytılsa, usı xalıqqa tiyisli «Dáwler menen batır hám shopan» erteginde sıyqırlı qılısh sóz boladı. «Altın balıqshılar » atlı chex erteginde bolsa, shaxzada ushar qanat penen súygen qızın alıp keledi. «Altın shashlı málika» atlı chex erteginde málika janlı hám jansız suw menen súyikli Irjikti tiriltedi. Bul «Qulamet tóre» atlı qaraqalpaq xalıq ertegindegi mama kempirdiń batırdı ábizámzám suwı menen tiriltken epizodtı eske saladı. Bolgar xalıq dóretpelerinen «Haq kewil torǵay» atlı ertekte torǵay ǵarrıǵa sıyqırlı tayaq, sıyqırlı temir balǵa beredi. Usı xalıqqa tiyisli «Mańlayında juldızı bar jigit» atlı erteginde anası alma jegennen keyin náreste tuwıladı. Onıń janı qılıshtan boladı. Bul dóretpe «Qılısh batır» atlı qaraqalpaq hám ózbek xalıq erteklerine mazmunlıq jaqtan usaydı. Bolgar xalqınıń «Qásiyetli ǵozalar» atlı ertek onda eki ǵoza pada-pada malǵa, úshinshi ǵoza sulıw qızǵa aylanadı. Bul epizodlar sıyqırlı erteklerde jiyi ushırasıp turadı. Mısalı, «Aquwbay patsha» atlı ertekte de pada-pada mal tolı sıyqırlı sandıq sóz etiledi. Serb xalıq dóretpelerinin biri «Aydarha menen shahzada» atlı ertekte bas qaharmannıń túrli haywanlardıń, jánliklerdiń ishinde janı jasırınǵan aydarhanı óltirip, xalıqtı qutqarǵanlıǵı gáp boladı. Bul bir tárepten slavyan xalıqlarınıń biri rus xalqınıń «Ólmes Kashshey» haqqındaǵı erteklerin eske saladı. Slovyan xalıq ertekleri «Shopan bala» hám «Sıyqırlı toǵay» atlı chernogor xalıq erteginde sıyqırshı qızdıń qúdireti sóz etilgen. Batan xalıq erteginde «Sıyqırlı tayaq» atlı ertekte Pakpak degen muǵallim oqıwshıları menen jer júzin aylanadı. Olar sıyqırlı tayaq, kóz baylaytuǵın dári, pal ashatuǵın kitap arqalı oy maqsetine erisedi. Vetnam xalıq dóretpesi «Ájayıp sawǵa» atlı ertekte diyqanǵa ǵarǵa sıyqırlı tas beredi. Tas qálegen nárseni payda etedi. Usı xalıqqa tiyisli «Sıyqırlı tasbaqa» atlı ertekte tasbaqanıń sıyqırlanǵanı aytıladı. Sońınan jániwar jigitke aylanadı. Hind xalıq dóretpelerinen kepterdiń sawǵası diyqannıń jaqsılıǵı ushın kepter oǵan sıyqırlı júzik bergenligi bayan etiledi. Júzik qálegen nársesin payda etedi. «Gúze» atlı hind xalıq erteginde kempirdiń sıyqırlı gúze satıp alǵanlıǵı súwretlenedi. Gúze jigitke aylanıp kempirge xızmet etedi. «Sawdagerdiń balaları» atlı hind xalıq erteginde tórt tuwısqan sıyqırlı ayna, podnos, ushar shar, sıyqırlı tayaq satıp aladı. Bul úsh qaharman qızǵa talasqan talaban haqqındaǵı erteklerdi esletedi.

Qaraqalpaq xalqında ertekler oǵada erte zamanlardan kiyatırǵan bahalı ruwxıy ǵáziyne. Burınnan bar erteklerdiń mazmunında hár túrli dinniń tásiri, hár túrli inanımlar, eski túsinikler kóp ushırasadı. Folklorist Q.Ayımbetov ertekke “Ertek - ertedegi xalıq ómiriniń aynası”, -dep baha beredi. Erteklerdiń mazmunınan hár qıylı zamanlarda adamlardıń qalay jasaǵan ómir-tirishiligin, xalıqtıń arzıw-ármanların kóriwge boladı.

XI ásirde jasaǵan túrk ilimpazı Maxmud Qashǵariy óziniń “Túrk sózligi” toplamında ”Etuk-hikoya, ertek bir nárseni shaxqa bildiriw, áńgime qılıw ushın hám bul sóz qollanadı, haslı bir nárseni áńgime qılıwdan alınǵan”- dep jazadı.

Erteklerdiń basqa folklorlıq shıǵarmalardan ózgesheligi erteklerde bolǵan hádiyseler shámalaw hám boljawlar menen turmıs shınlıǵınan alısıraq waqıyalar sóz etiledi hám erteklerdi qálegen tıńlawshı ózlestirip, ekinshi birewge jetkere beriwge haqılı.

Ertektiń atınan málim bolǵanınday erterekte payda bolǵan. Erteklerdiń payda bolıwın áyyemgi jámiyetlerge baylanıstırıp boljaytuǵın ilimiy pikirler bar.

Geypara ertekler qaraqalpaq xalqı qurılmastan burın, ele islam dini taralmaǵan dáwirlerde shıqqan. Ertekler awız ádebiyatınıń basqa túrlerindey ozgertilip, dúzetilip kelgenlikten, qaraqalpaq xalqınıń sońǵı ásirlerdegi ómiriniń de aynası bola aladı. Qaraqalpaq xalqı óz tariyxınıń uzaqqa sozılıwı dawamında kóp ǵana xalıqlar menen baylanısta qarım-qatnasta boladı: bir ıńǵay siyasiy-tariyxıy turmısta jasadı. Sonlıqtan kóp ǵana qaraqalpaq ertekleri qońsı otırǵan xalıqlar arasına taraǵan. Máselen, “Altın balıq”,”Diyqan”, “Jalmawız kempir” qusaǵan qaraqalpaq ertekleri tematikası jaǵınan da, qurılısı jaǵınan da, hádiyseni sıpatlaw jaǵınan da qazaq, ózbek, qırǵız, noǵay, túrkmen, orıs ertekleri menen júdá jaqın sáykeslikke iye. Shıǵıs

xalıqlarında taralǵan “Mıń bir tún” ertektegi hár xalıqtıń milliy awızeki ádebiyatınan orın alǵan. “Mıń bir tún” ertegi hár xalıqtıń milliy ádebiyatınan orın alǵan.”Mıń bir tún”niń ayırım bólimleri qaraqalpaq tiline awdarılıp, qaraqalpaq xalqınıń jaǵdayına ılayıqlap ózgertilip te aytılǵan. Bunnan qaraqalpaq ertekleriniń bári de basqa xalıqlardan awısıp kelgen degen juwmaqqa keliwge bolmaydı.

Erteklerde adamlardıń dúnya tanıw kóz-qarasları, isenimleri, mifleri, tirishilik etiwdiń hár qıylı formaları qıyalları menen oyları, qullası, adam ómirinde ushırasatuǵın hádiyseler sáwlelenip otıradı.

Erteklerdi aytıwshılarda, tıńlawshılar da xalıq. Xalıq óz erteklerinde áytewir nárseni qurı gúrriń etip qoymastan, al onda sol dáwirde jasaǵan ulıwma xalıqtıń ózin qorshaǵan tábiyat qubılısların tanıwı menen turmıs tirishilikleriniń hár qıylı sociallıq jaǵdaylarınıń real kartinaların sáwlelendirgen.

Qaraqalpaq xalıq ertekleriniń variant hám verciyaları. Qaraqalpaq erteklerin ilimpazlarımız bir neshshe túrlerge bólip qaraydı. Ilimpaz N.Dáwqaraevtıń miynetinde erteklerdi qıyalıy, jániwarlar haqqında ertekler, shınlıqtı kórsetetuǵın ertekler dep bóledi. Erteklerdi tematikası boyınsha bir neshshe túrlerge, tariyxıy hádiyseler, xojalıq túrmısqa baylanıslı, úrp-ádet, dástúr, dinge baylanıslı kelip shıqqan ertekler dep bóledi [1,97-98].

Q. Ayımbetovtıń ”Xalıq danalıǵı”nda erteklerdi úlken eki bólimge bóledi:

1. Qıyalıy-fantastikalıq ertekler.
2. Turmısqa baylanıslı ertekler

Bunda qıyalıy-fantastikalıq erteklerdiń ózin ekige: qıyalıy hám haywanatlar haqqında ertekler dep ekige bóledi [2,23-24].

Al, Q.Maqsetov penen Á.Tájimuratovtıń avtorlıǵındaǵı “Qaraqalpaq folklorı”nda erteklerdi syujetlik qurılısına, mazmunına, obrazlardıń kóp túrliligine qaray otırıp, shártli túrde úshke bólip qaraydı [3,45-45].

1. Ájayıp hádiyseler haqqında ertekler.
2. Haywanatlar dúnyası haqqındaǵı (bunda haywanat obrazları menen adam minezin súwretleytuǵın) ertekler
3. Turmıs ertekleri

Ájayıp hádiyseler haqqında ertekler óziniń dóreliwi jaǵınan kútá erte zamanlardan baslanadı. Adamlar tábiyattıń jasırın sırın ańlı túrde sezbey atırǵanda haywanatlar dúnyası hám tábiyattaǵı zańlıq qubılıslarda tábiyattan tıs kúsh bir degen túsinik, isenimlerden dóregen ertekler. Adamlar mádeniyattıń eń tómengi basqıshında turǵanda, turmısın jaqsılaw ushın tábiyat qubılısları, haywanatlar dúnyası menen gúresip olardı jeńiw ushın árman etken qıyal oyınan dóregen hádiyseler ertek formasında júzege kelgen. Qıyalıy erteklerde adamlar tábiyattıń sırın bilip, onı óziniń kún kórisi ushın paydalanıwdı oǵada erteden árman etken.

Qıyalıy erteklerde qatnasatuǵın adamlardı eki túrge bólip qarawdı ilimpaz N.Dáwqaraev óz miynetinde aytqan.

Ayırım ilimpazlarımız qıyalıy sózin barlıq erteklerge tán qubılıs dep qarap, bul erteklerdi ájayıp hádiyseler haqqındaǵı ertekler dep atadı. Bul erteklerde tiykarǵı qatnasıwshı-qaharmanlar adam menen birge dáw-peri, aydarha, jılan, káramatlı quslar, suymurıq káramatlı terek, duwaxanlar, sıyqırlı ayna, taraq, tayaq-qılısh, alma, mástan kempir, adamlardıń haywan, qusqa, tasqa aylanıwı, ushar gilem, ashıl dásturxan h.t.b. hádiyseler sóz boladı. Bulardıń hámmesi adamzat ómirindegi kúndelikli tirishiligine baylanıslı bolıp jaqsılıq penen jamanlıq arasındaǵı qarama-qarsılıqtı súwretleydi. Bul erteklerde hár túrli maqluqlar, haywanlar belgili bir personajlar retinde de qatnasadı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Dáwqaraev N. Shıǵarmaları, 2-tom. Nókis: 1977. – 304 b.
2. Ayımbetov Q.. -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1972. – 306 b.
3. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri. -Nókis: Bilim, 1996.

# QARAQALPAQ TILINDE ATLÍQ SÓZLERDIŃ AFFIKSACIYA USÍLÍ MENEN JASALÍWÍ

**Najimov P.A.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew instituti, Nókis qalası*

Qaraqalpaq tilinde feyillerdiń affikslik jasalıwı belgili sóz jasaw tipi hám modeli tiykarında túbir hám affikslik morfemalardıń birigiwinen jasalǵan ekilemshi nominaciya sıpatında izertleniliwi tiyis. Jańa sózlerdiń jasalıwında leksikalıq material retinde qaraqalpaq tiliniń túpkilikli sózleri, hár qıylı sistemadaǵı tillerden ózlestirilgen sózler de xızmet etiwi múmkin.

Qaraqalpaq tili boyınsha lingvistikalıq ádebiyatlardıń kópshiliginde affikslik sóz jasalıw til biliminiń morfologiya tarawında sóz shaqapları máseleleri menen baylanıslı izertlenilip keldi. 1994-jılı jarıq kórgen «Házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatikası» [13;] hám 2010-jılǵı «Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili» [14;] sabaqlıǵında sóz jasalıw til biliminiń óz aldına tarawı sıpatında bólek sóz etiledi. Til biliminiń óz aldına tarawı sıpatında sóz jasalıw morfologiya, sintaksis, leksikologiya, fonetika, stilistika, semasiologiya, til tariyxı sıyaqlı bólimleri menen tıǵız baylanıslı. Qaraqalpaq tili sóz jasalıw procesiniń bas birligi dórendi sóz, dóretiwshi túbir hám sóz jasaw mánisine iye bolǵan sóz jasawshı affiks bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq tili sóz jasalıwınıń az izertlenilgen hám aktual máseleleriniń biri dórendi sózdiń semantikası, bul semantikanıń qalay qáliplesiwi, onda dóretiwshi túbirdiń qatnası qanday usaǵan sorawlar dógereginde izertlew bolıp tabıladı. Dórendi sózler óziniń semantikasında dóretiwshi sózdiń qásiyetlerin saqlap qaladı. Sonlıqtan da, F. de Sossyur: «Barlıq sózlerdi olardıń jańa sóz jasay alıw uqıbına qaray klassifikaciyalaw múmkin»,[10, 155;] – degen edi.

Sóz jasalıwdıń baslı funkciyalarınan biri – bul onomoseologiyalıq, yaǵnıy nominaciya birligin jasaw funkciyası bolıp esaplanadı. Bul nominaciya birligi jańa semantikaǵa iye bolıwı shárt. Sóz jasaw sistemasınıń jańa atamaǵa iye birligi – bul dórendi sóz bolıp, ol túbir sózge salıstırǵanda ekilemshi nominaciya bolıp esaplanadı. Morfologiyalıq analiz nátiyjesi boyınsha dórendi sózlerdiń quramında dóretiwshi túbir hám sóz jasawshı affiksti ajıratıwǵa boladı. Eger bunnan keyin túbir morfema jeke ózi turǵanda semantikaǵa iye bolsa, onda ol dóretiwshi túbir bola aladı. Ayırım sózlerdiń quramınan sırtqı kórinisine qaray otırıp dóretiwshi túbir hám sóz jasawshı affikslerdi ajıratıw múmkin sıyaqlı kórinedi. Biraq bul «túbir» sózlerdi dóretiwshi túbir dep atawǵa bolmaydı. Mısalı: sóy-le, uyq-la. Bul mısallarda -la/-le affiksi arqalı feyil sóz jasalǵanı menen, «sóy»,»uyq» sózleri heshqanday leksikalıq mánige iye emes. Formalıq jaqtan bul dórendi *sózdegi -la/-le* affiksin ajıratıw múmkin, biraq qalǵan «sóy», «uyq» sózleri dóretiwshi túbir bola almaydı. Bul sıyaqlı sózler jeke qollanılıwdan shıǵıp qalǵan, tildiń erte dáwirlerine tiyisli túbirler bolıp esaplanadı.

Ulıwma til biliminde qáliplesken kózqaraslar boyınsha sóz jasawshı affikste sóz jasaw mánisi jámlengen hám ol dórendi sózdiń semantiksın qáliplestiriwde aktiv qatnasadı. Affikslerdiń mánisi dóretiwshi sózdiń mánisi menen baylanıslı júzege shıǵadı.

Sóz jasaw strukturası dórendi sózdiń sırtqı formasın sáwlelendirse, sóz jasaw mánisi onıń semantikasın sáwlelendiredi. Sóz jasawshı affiks – bul jańa sóz jasaw ushın xızmet etetuǵın sózdiń mánili, bunnan arı bólinbeytuǵın bólegi. Mısalı: *arqan-la* sózi arqan túbirine *-la* affiksiniń jalǵanıwı arqalı jasaladı. Sóz jasawshı affiks sóz ózgertiwshi affiksten óziniń xızmeti boyınsha ajıraladı: sóz ózgertiwshi affiksler sintaksislik xızmet atqarsa, sóz jasawshı affiksler jańa semantikanıń jasalıwına, sóz shaqabınıń qáliplesiwine xızmet etedi, sózdiń leksikalıq mánisin ózgertedi.

Sóz jasawshı affiks formalıq hám semantikalıq jaqtan sóz jasaw birlikleriniń ishinde eń kishi birlik bolıp esaplanadı. Strukturası boyınsha dórendi sóz dóretiwshi sózden formantqa iye bolıwı menen ayırıladı. Qaraqalpaq tilinde mánili sózlerden, sonday-aq ayırım jaǵdaylarda kómekshi sózlerden de jańa leksikalıq birlikler jasaw da sóz jasawdıń affiksaciya usılı bolıp

tabıladı. Bul usıldıń ónimliligi tildegi barlıq sóz shaqaplarında kórinedi. Affiksler dórendi emes sózlerge de, dórendi sózlerge de jalǵanıp, jańa mánili sózler jasay beredi.

Sóz jasawshı affikslerdiń ózinshelik ayırmashılıǵı – olar óz aldına dara qollanıla almaydı, olardıń mánileri dórendi sózlerdiń qurılısında anıqlanadı.

Qaraqalpaq tilindegi sóz jasawshı affiksler sóz jasaw procesinde qatnasıwına qaray *ónimli* hám *ónimsiz* dep ajıratıladı. Ónimli affiksler házirgi dáwirde sóz jasaw procesinde jańa leksikalıq birlik jasawda aktiv qatnasatuǵın affiksler, al ónimsiz affiksler – házirgi kúnde sóz jasaw procesinde onshelli qatnaspaytuǵın, ayırım sózlerdiń quramında ushırasatuǵın sheklengen affiksler.

Qaraqalpaq tili sóz jasalıw sisteması degende sóz jasaw tipleriniń jıyıntıǵı hám sóz jasaw uyasınıń jıyıntıǵı, olardıń ózara baylanısı túsiniledi. Qaraqalpaq tili affikslik feyil jasalıwı túrkiy tillerine ortaq hám sonıń menen birge ózine tán sóz jasaw tiplerine iye. Tilde sóz jasaw usıllarınıń ishinde affiksaciya usılı eń eski hám sonıń menen birge eń ónimli usıl bolıp esaplanadı.

«Altay tili grammatikası»nda atlıq jasawshı 19 affiks [4;], chuvash tilinde 13 affiks [1;], al tuva tilinde atawısh tiykarlı dórendi atlıqtan jasaǵan 12 affiks [7;] kórsetilgen. V.A.Gordlevskiy túrk tilinde atlıq jasawshı 19 affiksti [3;], N.K.Dmitriev bashqurt tilinde atlıq jasawshı 13 affiksti [5;] keltirip, solardıń ishinde ózlestirme sózlerde ushırasatuǵın *-ist, -er* usaǵan affikslerdi de kórsetedi. L.N.Xaritonov yakut tilindegi 14 atlıq jasawshı affikslerdi [11;], N.P.Direnkova xakas tilinde 49 atlıq jasawshı affikslerdi keltirgen, biraq olardıń ayırımları ( *-ger, -chan, -k, -chak, -kay* hám t.b.) kelbetlik jasawshı affiksler esaplanadı [6;]. N.A.Baskakovtıń «Qaraqalpaq tiliniń grammatikası»nda atlıqtıń affiksaciya arqalı jasalıwı tolıq kórsetilip, qaraqalpaq tilinde dórendi atlıqlar 28 affiks arqalı jasalatuǵını aytıladı [2;]. Atlıqlardıń jasalıwında "Túrkmen tili grammatikası" avtorları 48 atlıq jasawshı affikslerdi kórsetedi [12;]. Házirgi dáwirde tyurkologiyada sóz jasalıwdaǵı affiksaciya usılına baylanıslı kólemli miynetler qatarında eń dáslep E.V.Sevortyannıń kapital miynetin atap ótiw orınlı [8; 9;]. Bul miynette azerbayjan tilindegi atlıqlardıń affiksaciya arqalı jasalıwı tolıq izertlenilip, onda dórendi sózlerdiń mánileri ashıp kórsetiledi hám túrkiy tillerindegi atlıqlardıń affiksaciya arqalı jasalıwınıń tariyxı haqqında da jeterli dárejede maǵlıwmatlar beriledi. Atlıqlardıń affiksaciya arqalı jasalıwına arnalǵan pikirler G.Sadvakasov, T.M.Garipov, A.X.Sottaev, A.Yu.Boziev miynetlerinde orın alǵan. Ázerbayjan, qırǵız hám qarashay-balkar tillerindegi sóz jasalıw sisteması S.Djafarov, B.O.Oruzbaeva, M.A.Xabichev miynetleriniń tiykarǵı izertlew obyekti bolıp, onda basqa da sóz jasaw usılları menen birge sóz jasalıwınıń affiksaciya usılı da qaraladı. Bul miynetler ayırım túrkiy tillerindegi sóz jasalıwǵa arnalǵan izertlewlerge qosılǵan úlken úles bolıp tabıladı. Házirgi qaraqalpaq tilinde sózlerdiń jasalıwında affiksaciya usılı úlken xızmet atqaradı. Sebebi bul usıl házirgi waqıtta tildegi júdá ónimli usıl bolıp sanaladı. Házirgi tilde atlıq jasawshı suffikslerdiń túrleri júdá kóp. Olar ózleriniń ańlatatuǵın mánilerine qaray bólinedi: *-shı/-shi, -las/-les, -ıs/-is, -awıq/-ewik, -shıq/-shik, -lı/-li, -sha/-she, -qa/-ke, -daq/-dek;* abstrakt atlıqlar jasawshı: *-lıq/-lik, ǵı/-gi/-qı/-ki, -ma/-me, -ıs/- is, -ım/-im, -ımsha/-imshe, -at/-t;* predmet atamaların bildiriwshi: *-sha/she, -sa/se, -ǵısh/-gish, -ma/-me, -ıq/-ik, -k, -aq/-ek, -maq/-mek, -ǵın/-gin -qın/-kin, -shıq/-shek, -ǵanaq/-genek, -dıq/-dek, -sın/-sin, -ǵaq/-gek/-qaq/-kek.*

Joqarıda kórip ótkenimizdey, házirgi qaraqalpaq tilinde abstrakt atamalar, predmet hám zatlardıń atamaların jasawshı affiksler sanı júdá kóp. Atlıq jasawshı affiksler ózleriniń ańlatatuǵın mánilerine qaray shártli túrde bólinedi. Sebebi, ayırım affiksler abstrakt atlıqlar jasaw menen birge, predmet hám basqa da (adamǵa baylanıslı) mánilerdi bildiriwi de múmkin. Mısalı, *-lıq* affiksi baslıq mánisinde adamdı bildirse, orınlıq mánisinde predmetti ańlatadı, al gózzallıq sózinde abstrakt atlıq jasaladı. Bunday affiksler qatarında *-ıs/-is, -awıq/-ewik, -ma/me, -ım/-im, -maq/-mek* hám t.b. da affikslerdi keltiriwge boladı. Atlıq jasawshı affiksler atlıqlarǵa, kelbetliklerge, feyillerge hám eliklewish sózlerge de jalǵana beredi. Mısalı, *-shı/-shi, -lıq/-lik, -das/-des, -sha/- she, -lı/-li, -aq/-ek, -k* affiksleri atlıq sózlerge jalǵanıp, *-ǵı/-gi, -qı/-ki, -ǵısh/ -gish/-kish, -ısh/-ish,-sh, -ma/-me, -aq/-ek,-k, -ıs/-is, -awıq/-ewik, -ım/-im, -wısh/-wish, -maq/-mek, -mıs/-mis, -dıq/-dik* affiksleri feyil sózlerge jalǵanıp atlıq jasaydı.

Ayırım affiksler atlıqlarǵa, feyillerge, sonday-aq kelbetliklerge de birdey jalǵana beriwi múmkin. Mısalı, temirshi, arbashı sózlerinde atlıqlarǵa, al baqlawshı sózinde feyilge jalǵanadı, -*lıq/-lik* affiksi sulıwlıq, shadlıq sózlerinde kelbetliklerge, batpaqlıq, toqıwshılıq sózlerinde atlıqlarǵa jalǵanadı.

Dúzilisi jaǵınan atlıq jasawshı affikslerdiń dóretiwshi tiykarı túbir sózler: is+shi, aq+lıq; dórendi sózler: ush+ıw+shı, is+sheń+lik hám qospa sózlerden: orın+basar+lıq, tuwıs+qan+lıq hám t.b. boladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Ашмарин Н.И. Материалы для исследования чувашского языка. ч.I,II. Фонетика и морфология - Казань, 1898.
2. Баскаков Н. А. Каракалпакский язык. т.2: Фонетика и морфология, ч. 1: Части речи и словообразование. -- М.: Изд-во АН СССР, 1952.
3. Гордлевский В.А. Грамматика турецкого языка. – М.,1928
4. Грамматика алтайского языка. Казань, 1869.
5. Дмитриев Н. К. Грамматика башкирского языка. - М.; Л., 1948
6. Дыренкова Н.П. Грамматика хакасского языка. Абакан, 1948
7. Катанов Н.Ф.Опыт исследования урянхойского языка с указанием главнейших родстввенных отношений его к другим языкам тюркского наречия.-Казань, 1903
8. Севортян Э. В. Аффиксы глаголообразования в азербайджанском языке: Опыт сравнительного исследования. -М.: Изд-во вост. лит., 1962.
9. Севортян Э. В. Аффиксы именного словообразования в азербайджанском языке: Опыт сравнительного исследования. - М.: Наука, 1966.- С. 437
10. Ф.де Соссюр. Курс общей лингвистики. М.: Соцэкгиз, 1933.
11. Харитонов Л.Н.Современный якутский язык.ч.1. –Якутск, 1947
12. Хәзирки заман түркмен дили.- Ашгабад, 1960
13. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. - Нөкис, 1994.
14. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. - Нөкис, 2010.


## JUP SÓZLERDIŃ TIYKARǴÍ ÓZGESHELIKLERI


**Bekbergenov Q.A.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*


Jup sózlerdi úyreniwde sońǵı waqıtlardaǵı baslı máselelerdiń biri – olardıń til qurılısındaǵı ornın anıqlaw bolıp tabıladı. Kópshilik alımlar jup sózlerdi sóz jasalıwdıń, yaǵnıy sóz qosılıw usılınıń bir túri arqalı jasalǵan jańa sózler dep qaraydı. Al usı máselege arnalǵan ayırım miynetlerde jup sózler – qospa sóz emes hám olardıń sóz jasawǵa qatnası joq [1], jup sóz – jańa sóz jasaw emes [2; 41-44], dep kórsetilgen.

Jup sózlerge bunday biri birine qarana-qarsı eki túrli kóz-qarastıń bolıwı avtorlar tárepinen sóz jasalıwdı hár túrlishe túsiniwden kelip shıqqan. «Sóz jasalıwı» degende ádette sóz jasawshı affiksler arqalı yamasa túbirlerdiń birigiwi, qosılıwı hám t.b. arqalı jańa leksikalıq mánige iye bolǵan birliklerdiń payda bolıwın túsinemiz. Mısalı, ón feyiline im affiksin jalǵaw arqalı jańa mánidegi atlıq (ónim) jasalatuǵın bolsa, janar feyili hám may atlıǵınıń qosılıwınan jańa mánige iye bolǵan janarmay payda bolǵan. Demek, sóz jasalıwı arqalı jańa mánidegi leksikalıq birlik payda boladı.

Al jup sózlerdi alıp qarayıq. Sózlerdiń juplasıwınan jańa mánidegi sózler jasala ma? Jup sóz, yaǵnıy sózlerdiń juplasıwı sóz jasalıwǵa kire me? Bul sorawǵa juwap beriw ushın dáslep sóz jasalıw (derivaciyalıq) mánisin durıs anıqlap alıw kerek. Sebebi jup sózdiń sóz jasalıwǵa qatnasın anıqlawdaǵı tartıslar izertlewshilerdiń sóz jasalıw mánisin hár qıylı túsiniwinen kelip shıqqan.

Sóz jasalıw mánisi dórendi (motivleniwshi) sóz benen dóretiwshi (motivlewshi) sózlerdiń arasındaǵı semantikalıq qatnastan kelip shıǵadı. Dórendi (motivleniwshi) sózdiń mánisi dóretiwshi (motivlewshi) sózdiń mánisinen kelip shıǵadı, soǵan tikkeley baylanıslı boladı [3;17].

Mısalı, *kúshli* kelbetligi *kúsh* atlıǵınan jasaladı, onıń mánisi sol kúsh atlıǵı menen motivlenedi (túsindiriledi), yaǵnıy kúshli sózi kúshi bar, kúshke iye degendi bildiredi. Jańa sóz affiksaciya menen jasalǵanda, onıń dóretiwshisi (motivlewshi) jay sóz, sóz túbiri, sóz tiykarı boladı. Al qospa sózlerde dóretiwshilik xızmetin ayırım sózler, sóz dizbekleri atqaradı. Mısalı, *ayaq kiyim* – qospa sóz, bir predmetlik máni ańlatadı, biraq ol «ayaq» hám «kiyim» sózleri menen motivlenedi (túsindiriledi), sol eki sózdiń qosılıwınan jasalıp, bir máni ańlatatuǵın sózge aynalǵan. Solay etip, sóz jasalıw mánisin anıqlawda dórendi sóz benen dóretiwshi sóz arasındaǵı semantikalıq qatnaslar tiykarǵı xızmetti atqaradı. Bunday qatnaslar hár qıylı boladı:

*1.Transpoziciyalıq qatnaslar.* Dóretiwshi sózdiń mánisi dórendi sózde basqa sóz shaqabına ótip ketedi; dórendi sóz jańa kategoriyalıq-grammatikalıq mánige iye boladı, biraq burıńǵı leksikalıq mánisin saqlaydı: *qarańǵı (kelbetlik) – qarańǵılıq (atlıq)*;

*2.Modifikaciyalıq qatnaslar.* Dórendi sózdiń mánisi tolıǵı menen dóretiwshi sózdiń mánisine tiykarlanǵan bolıp, tek oǵan qosımsha máni qosadı: *kitap-kitapsha*;

*3.Ekvivalentli qatnaslar.* Dórendi sózdiń mánisi dóretiwshi sózdiń mánisine teń (ekvivalentli) boladı. Bul kóbinese abbreviaturalarda boladı: *matfak – matematika fakulteti*;

*4.Motivaciyalıq qatnaslar.* Dórendi sózdiń mánisi dóretiwshi sózdiń yamasa sóz dizbeginiń (eger dórendi sóz qospa bolsa) mánisinen kelip shıǵadı [4;199]. Mısalı: *shashbaw, belbew* hám t.b. Dórendi sózlerdegi sóz jasalıw mánisi usı qatnaslarǵa baylanıslı boladı.

Jup sózlerdiń mánileri bulardıń ishinen, tiykarınan, motivaciyalıq qatnaslardan kelip shıǵadı, biraq sonıń menen birge geyde olarda transpoziciyalıq hám modifikaciyalıq qatnaslar da bolıwı múmkin. Mısallar keltireyik:

1) *Qazan-tabaq* jup sózi tek qazan menen tabaqtı bildirmeydi, ol solarǵa qosa basqa da awqat pisiriwge tiyisli buyımlardı ańlatadı. Bul jerde dóretiwshi qazan hám tabaq sózleri menen qazan-tabaq jup sózi arasında modifikaciyalıq qatnas, sebebi dóretiwshi tiykarǵa qosımsha máni júklengen.

2) *Tamır-tanıs, azap-aqıret, gazeta-jurnal* usaǵan jup sózler ózleriniń dóretiwshi sózleri menen motivaciyalıq qatnasta, sebebi jup sózdiń mánisi dóretiwshi sózlerdiń mánilerinen kelip shıqqan.

3) *Qońsı-qoba, bala-shaǵa* usaǵan jup sózlerde dóretiwshi sózlerdiń birewiniń mánisi anıq emes, biraq ol mánili komponentke qosımsha máni beredi, onı ózgeriske ushıratadı, yaǵnıy ol birinshi komponent ushın sóz jasawshı affikstiń xızmetin atqaradı. Bulardaǵı qatnaslardı shártli túrde modifikaciyalıq qatnas dep qarawǵa boladı.

4) *Meń-zeń, egil-tegil* sıyaqlı jup sózlerdiń dóretiwshi sózleri bólek turıp máni ańlatpaydı, olar bólek turıp ta qollanılmaydı, biraq dórendi jup sóz jańa máni ańlatadı, yaǵnıy jańa leksikalıq birlik jasalǵan.

5) Jup sózlerdegi transpoziciyalıq qatnaslarǵa bardı-keldi, ushtı-kúydi usaǵan sózlerdi jatqarıwǵa boladı, sebebi olardıń dóretiwshi sózleri feyiller bolsa da, dórendi jup sóz bolǵannan keyin olar háreketti ańlatpay basqa sóz shaqaplarına ótip ketken.

Solay etip, jup sózlerde dóretiwshi sózler menen dórendi sózler arasında usınday semantikalıq qatnaslardıń bolıwı jup sózlerdegi sóz jasalıw mánileriniń hár qıylı ekenligin kórsetedi. Olardaǵı dóretiwshi sózler (tiykarlar) xızmetin teń qatnastaǵı eki sóz (qatar-qurbı, taw-tas) atqaradı, al dórendi sóz xızmetin jup sóz atqaradı. Usınday ózgeshelikler tiykarında jup sózlerdi sóz jasalıwdıń sóz qosılıw usılı menen jasalǵan ayırıqsha túri dep esaplawǵa boladı.

Biraq jup sózlerdi qospa sózlerdiń basqa túrlerine salıstırǵanda jasalıwı, qurılısı hám mánisi boyınsha bir qatar ózgesheliklerge iye. Olar mınalardan ibarat:

1) jup sózdiń komponentleri óz formaların tolıq saqlaydı, biri birine ǵárezsiz teń baylanısta boladı, onıń hár bir komponenti bólek pátke iye boladı. Mısalı, *ata-ana, keshe-kúndiz, anaw-mınaw, jeti-segiz, kúni-túni* jup sózleriniń komponentleri biri birine ǵárezsiz hám hár komponentke pát túsedi. Al qurama hám birikken sózlerdiń komponentleri óz ara baǵınıńqılı qatnasta boladı; birikken sózler bir pát penen aytıladı, olarda ayırım komponentler hátteki fonetikalıq ózgerislerge de ushıraydı: *tasbaqa, búgin, atqaminer, ayǵabaǵar* hám t.b.

2) Jup sózdiń mánisi onıń komponentleriniń mánisine tikkeley baylanıslı bolıp, sol mánilerdi ulıwmalastırıp, kúsheytip kórsetedi. Al birikken sózdiń mánisi geyde komponentleriniń mánilerine baylanıslı bolmaydı. Máselen, *tasbaqa, buzawbas* sózleriniń mánileri tas hám baqa, buzaw hám bas sózlerine baylanıslı emes.

3) Birikken hám qurama sózler eki, al geyde onnan da artıq komponentlerden turıwı múmkin [5;6].: *qarlıǵash* (qara ala qus), *úsh júz qırıq bes* hám t.b. Al jup sóz, tiykarınan, eki (jup) komponentten artıq bolmaydı. Házirgi qaraqalpaq tilinde geypara jup sóz formasındaǵı, biraq úsh komponentli sózler ushırasadı: *hayal-bala-shaǵa, gelle-bas-sıyraq, bir-eki-úsh, ayt-toy-mereke* [6;70-71]. Bunday sózlerdiń ekinshi hám úshinshi komponentleri házirgi tilde burınnan qollanılıp júrgen jup sózler bolıp esaplanadı, al birinshi komponent sol jup sózdiń mánisin ele de tolıqtırıw hám kúsheytiw ushın juplasıp aytılǵan, yaǵnıy bul jerde jay sóz benen jup sóz juplasıp jańa qospalı jup sózdi payda etken: *hayal-bala-shaǵa*.

4) Birikken hám qurama sózdiń komponentleriniń tek keyingisine ǵana affiksler jalǵanadı, aldıńǵı komponent ózgerissiz qollanıladı. Olardıń komponentlerin orın almastırıwǵa yamasa ózgertiwge bolmaydı, al jup sóz komponentlerin geyde óz ara sinonim basqa sóz benen awmastırıw múmkin, sonday-aq hár bir komponentke birdey sóz jasawshı affikslerdi jalǵap aytıwǵa da boladı: *aman-saw, aman-esen, qol-ayaq, ayaq-qol*. Biraq bunday orın almastırıw barlıq jup sózlerde bola bermeydi. Onday sózler az. Al affiksler sol jup sózdiń pútinligin buzbaytuǵın sóz jasawshı affiksler bolıwı kerek, basqa jaǵdaylarda bunday affiksler jup sózdiń pútinligin buzıp, onıń komponentleri birgelkili aǵzalarǵa aynaldırıp jiberedi. Mısalı, *Jerdi, kókti* qayǵı-hásiret qapladı (Kúnxoja). Salıstırıń: Sápiwra quwanǵanınan *jer-kókte* turar emes (K.Sultanov).

5) Qospa sózlerdiń basqa túrleriniń komponentleri hár qıylı sóz shaqabınan bola beredi, al jup sózdiń komponentleri tek bir ǵana sóz shaqabınan jasaladı: [7] *kúsh-quwat, jaqsı-jaman, tórt-bes, anaw-mınaw, búgin-erteń, óyer-búyer* hám t.b.

6) Birikken sózlerdi hár qıylı mánidegi túbirler birige alatuǵın bolsa, jup sózlerde tek mánilik jaqtan biri birine jaqın yamasa qatama-qarsı qatnastaǵı sózler ǵana juplasa aladı. Kópshilik izertlewshilerdiń kórsetkenindey túrkiy tillerindegi jup sózler úsh túrli jol menen jasaladı: sinonimlerdiń juplasıwı; antonimlerdiń juplasıwı; mánisi jaǵınan bir toparǵa kiretuǵın sózlerdiń juplasıwı:

a) Birgelkili formada kóp waqıtlar dawamında qatar qollanılıp júrgen sinonimler ǵana jup sóz bola aladı. Mısalı, *túr, tús, bet, júz, shıray, kelbet, jamal, qayǵı, ǵam, uwayım* usaǵan sózler óz ara sinonim bolıp bir sinonimlik qatarǵa kiredi. Mısalı: Onıń *túr-túsin* qápelimde qayǵı basıp ketti (Sh.Seytov). Jigit bolsań *uwayım-qayǵını* joyıń (A.Muwsaev);

b) Antonimler de, tilde uzaq waqıt birge qatar qollanılsa, juplasa aladı. Antonimler qanday da bir belginiń, sapanıń qarama-qarsı eki shegin bildiredi, sonlıqtan da olardan jasalǵan jup sózler sol eki shekti hám olar arasındaǵı sapalıq belgilerdi de qosa ańlatadı. Mısalı: *Íssı-suwıǵına* kóngenbiz, bálkim (I.Yusupov). Al geypara jup antonimler awıspalıńıq, tańlaw mánisin de ańlatadı: Húkimet *aq-qaranı* ayırar (I.Qurbanbaev).

v) Jup sóz mánilik jaqtan biri birine jaqın, yaǵnıy semantikalıq jaqtan bir toparǵa kiretuǵın sózlerden de jasaladı. Mısalı, adamnıń múshelerine baylanıslı jup sózler: *Ókpe-júregim* aman qusaydı (K.Sultanov). Bet-awzında qan joq (N.Dáwqaraev). *Qol-ayaǵım* sadıraydı (Kúnxoja). Biziń Perixanǵa *kóz-qulaq* bolıp tur, dostım (I.Qurbanbaev).

Geypara jup sózlerdiń bir komponenti ekinshi komponentiniń bólegi, úlesi bolıp ta keledi: Usınday jadaǵay *gáp-sóz* benen ele júrip kiyatırmız (Sh.Seyitov). Hayal, bıyıl, quda qálese, *balıq-shabaqtıń* arasında júrip, bir atız qawın egip beremen (K.Sultanov). Ulıwma aytqanda, jup sózlerdiń jasalıwı ushın onıń komponentleriniń kóp waqıtlar dawamında qatar qollanılıwı shárt. Tildegi jup sózler quramı, komponentleriniń mánileri, qurılısı hám t.b. belgileri boyınsha hár qıylı. Usıǵan baylanıslı olardıń payda bolıw sebepleri de hár qıylı: 1) Jup sózler, birinshi gezekte, jańa máni ańlatıw ushın jasaladı: *jazıw-sızıw, júris-turıs, bala-shaǵa, shart-shurt, duz-nesip, anaw-mınaw* hám t.b.; 2) Jup sóz jıynaqlaw, ulıwmalastırıw, kóplik mánisin bildiriw ushın jasalǵan: *kórpe-tósek, kiyim-kenshek, tuwısqan-tuwǵan, el-xalıq* hám t.b.; 3)

Geypara jup sózler ulıwmalastırıw menen bir qatarda ajıratıw, ayırıw mánisine de iye boladı, olardıń komponentleri kóbinese antonim bolıp keledi: jaqsı-jaman, ashshı-dushshı; 4) Jup sózler ekspressivlik máni beriw ushın da jasaladı: *ólip-talıp, sılap-sıypap, mayda-shúyde, ǵarrı-ǵurrı, shım-shıtırıq, bále-qáde* hám t.b. Jup sózler tilde qálegen sózlerden barlıq waqıtta jasala bermeydi. Olar belgili bir dáwirlerde ayırım sebeplerge baylanıslı payda boladı. Házirgi jup sózlerdiń kópshiligi tilimizde bunnan kóp burın qáliplesken, sonlıqtan da ayırımlarınıń komponentlerinde semantikalıq, geyde fonetikalıq ózgerisler boladı. Sol sebepten olardıń komponentleri túsiniksiz bolıp ta qaladı. Jup sózler tilde jańadan jasala beriwi de múmkin, olar jup sózlerdiń ulıwma jasalıw nızamlılıqlarına baǵınadı.

Solay etip, jup sózler qospa sózlerdiń basqa túrlerine salıstırǵanda ózine tán bir qatar ózgesheliklerge iye.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Аганин Р.А. Повторы и однородные парные сочетания в современном турецком языке. М., 1959; Ҳожиев А. Ўзбек тилида қўшма, жуфт ва такрорий сўзлар. Тошкент, 1963.
2. Ҳожиев А. Ўзбек тилида қўшма, жуфт ва такрорий сўзлар. Тошкент, «Фан»1963.
3. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыўы ҳәм Морфология. Нөкис, «Билим»1994.
4. Современный русский язык. Под ред. В.А.Белошапковой. М., «Высшая школа». 1981.
5. Абдурахманов Н. Парные слова в современном узбекском литературном языке. АКД. Ашхабад, 1962.
6. Нажимов А. Қарақалпақ тилиндеги жуп ҳәм тәкирар сөзлер. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1979.
7. Убрятова Е.И. Парные слова в якутском языке – Язык и мышление, т. XI. М.-Л., 1948.
8. Абдурахманов Н. Парные слова в современном узбекском литературном языке. АКД. Ашхабад, 1962; Орузбаева Б. Словообразование в киргизском языке. Фрунзе. «Илим», 1964.


# G.ESEMURATOVA SHIǴARMALARINDAǴI ETNOGRAFIZMLERDIŃ LINGVOPOETIKALIQ ÓZGESHELIKLERI


**Allaniyazova Sh.**

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis qalası*


Hárbir xalıqtıń tariyxı, mádeniyatı, milliy qádiriyatları sol tildiń leksikasında, sózlik quramında óz sáwleleniwin tabadı. Kórkem sóz sheberleri óz shıǵarmalarında xalıqtıń milliy ózgesheligin kórsetiwde qaraqalpaq xalqınıń tariyxına, etnografiyasına baylanıslı leksikalıq birliklerden paydalanadı. Bunday leksikalıq birliklerge etnografizmler kiredi. Kundelikli turmısta, kórkem shıǵarmalarda qaraqalpaq xalqınıń milliy kiyim-kensheklerine, azıq-awqatlarına, úy-ruwzıgershilik buyımlarına, úrp-ádet dástúrlerine baylanıslı kóplep etnografizmler qollanıladı. Sebebi etnografizmlerde xalıqtıń pútkil tariyxıy ómiri, kún kórisi, psixologiyası, ruwxıy dúnyası, intellektuallıq rawajlanıw jaǵdayları, pútkil turmısı óz sáwleleniwin tapqan.

Tildiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı eń aldı menen onıń leksikasında kórinedi. Bul tuwralı qaraqalaq tiliniń leksikologiyasın hár tárepleme izertlegen ilimpaz E.Berdimuratov bılay dep jazadı: “Qaraqalpaq tiliniń sózlik sostavı birneshe tariyxıy dáwirlerdi basınan keshirdi hám sol dáwirler dawamında tolıp atırǵan ózgerislerge ushıradı. Onda qaraqalpaq xalqınıń tariyxı, ótken hám házirgi dáwiriniń tolıq kartinası kórinedi”[I,49] . Qaraqalpaq tiliniń sózlik quramında qol ónerine baylanıslı etnografizmler ayırıqsha orın iyeleydi. Qaraqalpaq xalqınıń qol ónerin izertlegen ilimpaz A.Allamuratov. Ol qaraqalpaqlardıń qol óneriniń izertleniwi, qaraqalpaq kestelerindegi naǵıslar, naǵıslardıń túrleri, qollanılıwı boyınsha miynetinde hám qol óneriniń

túrleri, olardıń isleniw usılı, qol óner buyımları boyınsha jazılǵan "Máńgi miyras" hám " Каракалпакская народная вышивка" kitabında qaraqalpaq xalqınıń qol óneriniń túrleri, ásirese, olardaǵı naǵıslar jóninde bahalı maǵlıwmatlar beredi. Óziniń prozalıq shıǵarmaları menen qaraqalpaq ádebiyatında belgili orınǵa iye jazıwshılardıń biri - Gúlaysha Esemuratova. Onıń shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń turmısına, úrp-ádet dástúrlerine baylanıslı sózler jiyi qollanılǵan. Xalqımızdıń milliy ózgesheligin kórsetetuǵın qol ónerine baylanıslı sózlerdi shıǵarmalarında dáwirdiń koloritin beriwde sheberlik penen paydalanǵan. Ásirese, jazıwshınıń "Qaraqalpaq qızlarınıń kestege túsken romanları" dep atalǵan romanında qol óneriniń kesteshilik, ustashılıq, zergerlik, qara úy hám onı bezewge baylanıslı kóplegen atamalar ushırasadı. Jazıwshı bul atamalardı qollanıw arqalı qaraqalpaq hayal-qızlarınıń obrazın jaratıw menen birge olardıń on barmaǵınan óneri tamǵan sheberligin súwretleydi. Jazıwshınıń bul romanın jazıwǵa A.Allamuratovtıń "Qaraqalpaq kesteleri" dep atalǵan miyneti sebepshi bolǵanlıǵın jazadı. A.Allamuratovtıń "Qaraqalpaq kesteleri" degen kitabı udayına jazıw stolımda turadı. Bul kitaptı baraqlap otırǵanımızda qaraqalpaq xalqınıń sonıń ishinde, hayal-qızlardıń ótken ómiri, naqıl-maqallar menen aytılatuǵın sulıw sózleri, jipektey jumsaq minezlerin, salt-dástúrlerin hárbir naǵıs penen sóyletip qoyǵanday seziledi" [II,7].

**Kesteshilik óneri** - qaraqalpaq xalqınıń erte dáwirlerden berli kiyatırǵan kórkem qol óneriniń eń názik, eń qospalı kiyimlerge, buyımlarǵa ayrıqsha gózzallıq, jarasıqlı estetikalıq zawıq beretuǵın qol óneriniń bir túri. **Keste** sózi parsı-tájik tilindegi "kashta" sózinen fonetikalıq ózgeriske ushırawı arqalı awısqan. **Kashta, káshtá** ( fors-toj, tartmoq, totıb olmoq, sızmoq, súwrat sızmoq, kachidan, kashta- rus. vichivka demakdir). Túrkiy tilinde kashta termininiń túrli fonetikalıq variantları ushırasadı [III,50].

Keste tigiw menen shuǵıllanıwshı adam kesteshi, keste tigiw kásibi kesteshilik dep ataladı. Kesteler tek kiyim-kenshekler ǵana emes, al turmısta qollanılatuǵın ayırım buyımlarǵa da tigilgen. Kestelengen buyımlardıń naǵısları olarǵa ayrıqsha sán berip turadı.

**"Naǵıs"** sózi arab tilinendegi "naǵıs" sózinen qaraqalpaq tiline kelip kirgen. "Naǵıs" sózi kórkemlik ushın qoldan tigilgen, kestelengen aǵashqa oyılǵan sızıqlı yáki boyap salınǵan barlıq naǵıslardı bildiredi. Naǵıs salıw qol óneriniń barlıq túrlerine tán. Kesteshilik ónerindegi naǵıs atamaları tábiyat kórinislerine, ósimlikler hám haywanlar hám olardıń múshelerine, úy buyımlarına, geometriyalıq figuralarǵa uqsatıw arqalı payda bolǵan. Qaraqalpaq hayal-qızları kúndelikli turmısta ushırasatuǵın ózlerin qorshaǵan oratlıqtaǵı náreselerdi keste etip toqıǵan hám naǵıslardı solardıń atı menen ataǵan. G.Esemuratova shıǵarmalrında "naǵıs" ataması jiyi qollanǵan. Shıǵarmada naǵıs atamaları, olardıń atalıw sebepleri de kórsetilip ótilgen. Mısalı: - Mine, mına naǵısqa qara, bul naǵıstıń ataması **qurmısqa bel** dep ataladı. Sımbatlı qızdıń beli usı taqilette jip-jińishke, qıpsha bolıp keledi degen uǵımdı keste arqalı bergenbiz,- dep latınsha (S) háribine usap turǵan naǵıstı kórsetti kempir apam. (G.Esemuratova) A.Allamuratov óziniń kesteshilikke baylanıslı miynetlerinde naǵıs atamaların úsh túrge bólip qaraydı: Birinshisi ósimlik taqiletli atamalarında ósimlik yamasa gúli aytılatuǵın naǵıslar. Mısalı: **"gúl ashıldı", "qoralı gúl", "qáreli gúl", "ǵawasha gúl", "erik gúl"** h.t.b. Ekinshisi haywanat dúnyasına baylanıslı atamalar, bul jerde "atamalar" degen sózdi arnawlı qollanılıp otırmız. Sebebi **" qoy ", "jılan bawır", "ǵarǵa tırnaq", "ǵaz moyın", "bóri kóz", "túye taban"** dep atalǵan naǵıslardan tap sol atalǵan zatlardıń dál súwretin kóriw qıyın. Bir qansha qıyal etip kóz aldıńa elesletiw múmkin" [IV,49].

Naǵıs atamaları tábiyat kórinislerine, ósimlikler hám haywanlar olardıń múshelerine, úy buyımlarına, geometriyalıq figuralarǵa uqsatıw arqalı payda bolǵan. Jazıwshı G.Esemuratova shıǵarmalrında naǵıslardıń payda bolıwına baylanıslı da maǵlıwmatlar berilgen. Belgili bir kóriniske uqsatıw arqalı payda bolǵan naǵıs ataması **espe naǵıs** dep ataladı. Mısalı: Mine, mınaw **espe naǵıs** dep ataladı,- dedi apam biriniń izinen biri hár qıylı túrdegi qızıl, jasıl, aq, sarı, qızǵısh bolıp esilip túsken naǵıstı kórsetip (G.Esemuratova). Naǵıs atamalrınıń ishınde eń kóp ushırasatuǵın naǵıs atamas- múyiz naǵıs. Múyizge baylanıslı naǵıs atamalarına - **qos múyiz, taq múyiz, segiz múyiz, úsh múyiz, qoltıqsha múyiz, toqalaq múyiz, qarsı múyiz, qoshqarsha múyiz,sınıq múyiz, jumalaq múyiz** atamaları kiredi. Qoshqar múyiz naǵıs ataması qoshqardıń

shaqına uqsatıw qrqalı qoyılǵan. Mısalı: Mine, mınaw **qoshar múyiz** dep ataladı, - dep apam tap qoshqardıń múyiziniń dál ózi bolıp túsken naǵıstı nusqap. (G.Esemuratova)

Jazıwshı shıǵarmasında bul atamalardı qollanıw arqalı qaraqalpaq xalqınıń naǵıslarınıń ózgesheligi, sulıwlıǵı, hayal-qızlardıń shıdamlılıǵın kórsetken. Mısalı: Men de bul naǵıslardan bir nárseni túsingendey bolaman. Aqılǵa uǵras kelmeytuǵın názik hám tınıqlıq. Sabaqlarıda hár naǵısqa ılayıq saylanǵanın aytpaysız ba. Qanday shıdamlılıq. (G.Esemuratova) Hayal-qızlardıń kesteshilik ónериniń úlken bir toparın qara úydiń buyımları, yaǵnıy qara úydiń baw-shuwları quraydı. Qara úyge tiyisli toqılǵan barlıq bezew buyımları **baw-shuw** dep ataladı. Mısalı: Meniń **baw-shuwlarım, kók kóylegim** bari malınıp turǵan qara úydiń baw-shuwların aytpaysań ba?! (G.Esemuratova)

**Aq basqur** – qara úydiń uwıqlarınıń iyilgen jerine qızıl basqurdıń joqarısına naǵısı ishke qarap tutılatuǵın tósegi aq, paxta jipke jún jipten naǵıs oyılǵan bezew buyımı. Aq basqurdıń eni 50-60 sm dey, uzınlıǵı 12-13 m ge shekem boladı. Tóseginiń aq yáki qızıl bolıwına qaray aq basqur yaki qızıl basqur dep ataladı.

**Qızıl basqur**- kerege hám uwıqtıń tutasqan jerin bekkemlep turatuǵın tósegi qoyıw qızılǵa qara jún jip penen naǵıs oyılǵan enli hám uzın qara úydiń bezew buyımı. Qızıl basqur aq basqurdıń tómengi jaǵına tartıladı. Mısalı: Álbette, jeti pushtınan kiyatırǵan Jarmenniń **aq basqur, qızıl basqur** menen malınıp bezelgen aq otawǵa kirip shıqqannıń ózi de ádewir kewil kóterispe emes pe? (G.Esemuratova)

**Qızıl qur** - qara úydiń ishine tartılatuǵın jińishke naǵıslı baw. Qurlar reńine qaray aq qur, qızıl qur bolıp bólinedi. Qurlardıń uzınlıǵı 10 m ge shekem, al eni 12-20 sm aralıǵında boladı. Qurlar úzikti bekkemlep tartıp turıw wazıypasın qosa atqaradı. Usınıń menen birlikte aldıńǵı úziktiń ústinen qıya tartılǵan úsh jup aq qur artqı úziktiń astı menen tartılǵan úsh jup qızıl qurdıń ǵayrı naǵısları otawdıń gózzal shırayına shıray qosadı.

**Beldew-** keregeni shiy menen jawǵannan keyin beline tartıp baylaytuǵın eni 30-40 sm naǵıslı qur. Ol paxta jibinen islenip, oǵan hár qıylı naǵıslar salınǵan boladı. Mısalı: **Beldew** shiydiń sırtınan orap baylap qoyatuǵın hónerlep islengen- eni 5 elidey bellik baw hám shiydi bekkem uslap turıw ushın da qollanıladı. (G.Esemuratova)

**Beljip**- qara úydiń aǵash bólekleri qurılıp bolǵannan keyin orta belinen alıp esiktiń jaqlawına bekitiletuǵın naǵıslı qur. Onıń uzınlıǵı aq basqur hám beldewdey bolıp, 30-40 sm beldew menen teń boladı. Paxtadan toqılǵan aq tósegine hár túrli reńli jip penen túkli naǵıslar salınadı. Eki ushı túksiz naǵıslar menen pitedi.

**Janbaw-** otawdıń sırtqı hám ishki óńirine tutılatuǵın naǵıslı hám shashaqlı qur. Qollanılıw ornına baylanıslı ishki janbaw hám sırtqı janbaw dep ataladı. Sırtqı janbaw enlirek boladı. Mısalı: **Qızıl basqur, aq basqur, uwıq baw, ishki janbaw, sırtqı janbaw, beldew pitip, esikqas, shayqalta** pitpey tur. (G.Esemuratova)Iyinbaw- otawdıń bekkemlew hám sánli etip kórsetiw ushın qollanılatuǵın túkli, naǵıslı hám shashaqlı qur. Dizbe- otawdıń uwıqların kereginiń basına dizip bekitetuǵın ensiz ápiwayı bir qatar naǵısı bar toqılǵan jip. Izbe- qara úydiń eki keregesin qosıp baylaw ushın paydalanılatuǵın naǵıslı jip.

**Esikqas-** gilem usılında túkli etip toqılǵan otawdıń bezew hám bekkemlew bólegi. Ol esiktiń joqarısınan uwıqtıń sırtınan naǵısı ishke qaratılıp tutıladı. Mısalı: **Esikqas-** uwıq penen úziktiń arasına tutıladı. Tórde otırǵan qonaqlar esikke qarap otırǵanda qızdıń hónerin kórip kewli pitip otıratuǵın sán ushın islenedi. Onıń uzınlıǵı bir yarım metrdey boladı. (G.Esemuratova)

**Shiyóńir-** otawdıń kirer jerindegi óńirshe esiktiń eki qaptalına tigine oratılǵan túkli naǵısı bar sánli toqıma zat. Shiyónir qara úydiń esigin bezeytuǵın buyım. Ol esiktiń sırtqı eki qaptalına shiydiń sırtına tigine tutıladı. Al, shiyónirge usas esikqas esiktiń mańlayshasına ishinen gorizontal baǵıtta tutıladı. Qara úydiń keregelerine tutınıw zatların salıp qoyıw ushın hár qıylı naǵıs salınıp islengen qaltalar paydalanılǵan. Bunday buyımlarǵa kergi, qarshın kiredi.

**Kergi -** kerekli buyımlardı ishine salıp, keregege ilip qoyatuǵın túkli naǵıs salıp toqılǵan qalta. Uzınlıǵı 80 sm den 120 sm ge shekem bolıp, eni 35-80sm aralıǵında boladı. Kerginiń aldı túrlishe naǵıslar menen bezetiledi, tómengi jiyegi shashaqlanadı. Mısalı: Ol waqıtları úydiń qazan-tabaq turatuǵın japsarında úlken **kergi** iliwli turadı. (G.Esemuratova)

**Qarshın -** bet jaǵına naǵıs oyılıp toqılǵan kiyim-kenshek salıp qoyılatuǵın qalta. Onıń kólemi kergige salıstırǵanda kishilew, sandıqtıń, sabayaqtıń ústine qoyıladı.

**Boǵjama -** kiyim-kenshek salıp qoyıw ushın túksiz etip naǵıslap toqılǵan úy buyımı. Boǵjama bir neshe bólekten quralıp tigilgen. Boǵjama ózbeklerde de bolıp, olar "buǵjoma" dep ataǵan.Mısalı: Murtlash keregege kerilgen kergi menen boǵjamanıń japıraq- japıraq naǵıslarına úńildi. Jazıwshı shıǵarmalarında ayrım atamalarǵa sıpatlama da berilgen. Mısalı: Pópeklengen baw sulıw bolıp salbırap, esiktiń ashılıp jabılıwı menen shayqatılıp, úydiń ishine jáne sán berip, kewildi tolqıtıp otıradı. Sonlıqtan onıń atı shayqalma dep ataladı. Esikqas-shayqalma ekewi bir zattıń ataması. Tek ayırması esikqasqa pópeklep salınǵanı. (G.Esemuratova)

Solay etip, G.Esemuratova shıǵarmalarında kesteshilikke baylanıslı etnografizmlerdiń hayal-qızlar obrazın, olardıń gózzallıǵın, shıdamlılıǵın, sabırlılıǵın beriwde sheberlik penen qollanǵanın kóremiz.. Onıń shıǵarmaların oqıp otırsań qaraqalpaq xalqınıń turmısı, kiyim-kenshekleri, ásirese, hayal- qızlardıń kesteshilik óneri kóz aldıńda ayqın sáwlelenedi.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. -Нөкис, 1977.

2. Алламуратов А. Мәңги мийрас.-Нөкис, 1993.

3. Алламуратов А, Доспанов О, Тлеўмуратов Г. Қарақалпақша көркем-өнер атамаларының сөзлиги. –Нөкис, 1991

4.Алланиязова Ш.,Хожаназарова. К Қарақалпақ тилинде нағыс атамаларының лексика-семантикалық өзгешеликлери «Әмиўдәрья»,2013№ 4.

6. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функциональлық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. – Нөкис, 1973.

7. Ибрагимов С. Профессиональная лексика ўзбекского языка.- Тошкент, 1961.

8. Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. –Нөкис, 1995.

9. Турсунова Т. Ўзбек тили амалий аснаът лексикаси. – Ташкент, 1978.

## PAYDALANILǴAN KÓRKEM SHIǴARMALAR:

1. Есемуратова Г. Шығармалары I том, 1997.

# QARAQALPAQ TILINDE TABU SÓZLER

**Matjanova A.J.**

*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada qaraqalpaq tilindegi tabu sózlerdiń lingvistikalıq hám etnomádeniy ózgeshelikleri úyrenilgen. Tabu sózlerdiń payda bolıw sebepleri, xalıq turmısındaǵı ornı hám til mádeniyatındaǵı qollanılıw ózgeshelikleri tallanadı. Sonıń menen birge, tabu sózler arqalı xalıqtıń dástúri, isenimleri hám ádep-ikram normaları kórsetilip, olardıń kommunikativlik xızmeti haqqında maǵlıwmat beriledi. Maqalada tabu sózlerdiń evfemizmler menen baylanısı da ilimiy tiykarında túsindiriledi.

**Tayanısh sózler:** tabu sózler, evfemizm, qaraqalpaq tili, til mádeniyatı, etnolingvistika, dástúr, ádep-ikramlılıq, kommunikaciya, xalıq isenimleri, til birlikleri.

Bizge belgili, til sisteması tek ǵana qarım-qatnas quralı emes, al jámiyettiń ádep-ikramlılıq hám mádeniy qádiriyatların bildiretuǵın quramalı sociallıq qubılıs bolıp tabıladı. Usı jaǵınan tabu sózler tildegi eń áyyemgi, biraq elege shekem aktiv qollanılatuǵın sociallıq-lingvistikalıq mexanizmlerden biri.

"Tabu" ataması dáslep polineziya tillerinde "qadaǵan etilgen," "muqaddes" yamasa "húrmetke múnásip" mánislerinde qollanılǵan bolıp, keyin ala antropologiya, sociologiya hám lingvistika ilimlerine kirip kelgen.

Diniy túsinikler, muqaddes atlar yamasa ádep-ikramlılıq qádiriyatlarǵa tiyisli sózler ádette tabu esaplanadı. Máselen, ayırım dinlerde Qudaydıń atın tikkeley aytıw, árwaqlar, jinler

yamasa ólim menen baylanıslı sózlerdi ashıq tilge alıw qadaǵan etilgen. Bul jaǵday sóz kúshi hám onıń ilahiy mazmunına bolǵan isenim menen baylanıslı boladı.

Qaraqalpaq tilindegi tabu sózlerdi izertlew til bilimi, tariyx, etimologiya, etnolingvistika, etnografiya ushın áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı. Bunıń ózi bul máseleniń zárúrligin hám áhmiyetliligin bildiredi. Qaraqalpaq til biliminde tabu hám evfemizmlik qubılıslarǵa ayrıqsha túsinik berilip, olardı izertlewge arnalǵan bir qansha miynetler bar. Solardıń biri E.Berdimuratov avtorlıǵındaǵı "Leksikologiya" miyneti esaplanadı. Avtor: "Qadaǵan etiwden kelip shıqqan sózler qaraqalpaq til biliminde tabu sózler dep ataladı"[2:59] degen anıqlama beredi. Demek, tabu – tıyım sóz retinde túsiniledi.

Qaraqalpaq tilindegi tabudıń júzege keliwiniń ózine tán qásiyeti isimlerdi qadaǵan etiw, bul, tiykarınan, hayallarǵa tiyisli, máselen, qaraqalpaq xalqında kelinler kúyewiniń tuwısqanların óz isimleri menen shaqıra almasa, sonıń ushın perifrazalar yaki sóylewde soǵan jaqın atlar menen ataydı. Qaraqalpaq mádeniyatında jańadan túsken kelin kúyewiniń tuwısqanların tuwrı atı menen atamaǵan, óytkeni olarǵa qatnaslı tuwra atın aytıw – ayıp sanalǵan. Belgili bir túsiniklerdiń atawına tıyım salıw negizinde ulıwma isimlerdiń tabulanıwı –qaraqalpaq lingvomádeniyatında kóp zamanlardan beri kórinis tapqan qubılıs.

Máselen, kúyewinen keyingi er bala *mırzaǵa, tóre,* al onnan keyingi bala *ortanshı, kishkene, erke bala,* onnan basqa qáyinlerin *aqjigit* dep ataw dástúrge aylanǵan. Mısalı, Mine, ketkenine bes-altı jıldıń maydanı boldı, óli-tirisinen xabar joq ǵoy, *mırzaǵaw* (K.Kárimov).

Al kúyewiniń qız tuwısqanların *"biykesh"* dep yamasa *"ayqız", "sulıw", "appaq", "botakóz", "kishkene qız", "erkejan", "erkeqız"* hám t.b sıyaqlı tabu sózler menen ataydı. Mısalı: *Ayqız*, aynalayın. Mende onday oy joq. Oylanatuǵınım – seniń baxıtlı bolǵanıńdı kóriw (G.Esemuratova). Búgingi aytıstıń náwbeti *"Qállixan"* biykeshke dedi. *Jeńgeyler biykeshiniń atın ayta almasa ózinshe at taǵadı. Demek, sóz náwbeti qalı bar qızǵa – Qızlargúlge* (K.Mámbetov).

Kúyewiniń ákesi – *qayın ata,* anası – *ene,* aǵası – *qaynaǵa,* ájapası – *qayınapa, qayınbiyke,* kúyewiniń aǵasınıń hayalın – *sheshe* dep ataǵan. Mısalı: *Qaynaǵa*, sen de jep ala ǵoy awıl-aymaǵıń menen jetedi (Sh.Seytov). *Qáyin atam* sonday jaqsı adam (A.Turekeeva). *Qáyinbiyke* bolıp úsh kelinge tikenegim tiymepti yaki olar bir márte de betime jel bolıp tiymegen eken (A.Turekeeva). *Sheshe*, góshtiń bárin salma, dewińiz kerek eken. *Enem* meni jaman kórip qaldı ma, dım úndemey qaldı ǵoy (A.Turekeeva).

Al kúyewiniń basqa tuwısqanlarına qatnas jasaǵanda tabu sózler olardıń kásibinen, minezinen, sırtqı formasınan, yaki hár qıylı qásiyetlerinen paydalanadı. Mısalı: Betleri usınday bolıp tırnalıp qaldı, qaraǵım *uzın bala-aw* (G.Esemuratova). *Deputat balaǵa* aytıń (qáynisi), altı kelinime de orden bersin (A.Turekeeva).

Hátteki, qaraqalpaq kelinleri óziniń tuńǵısh perzentiniń atın atamay, ol kempir-ǵarrınıń balası degen túsinik penen olarǵa da at qoyǵan. *Aqjigit, Bóketay* sıyaqlı. Mısalı: *Aqjigit,* kel mına júklerdi ana jerge apar, meniń dińkem qurıp qaldı ǵoy (K.Kárimov). Bunda anasınıń úlken perzentine bolǵan sıpayı qatnası, kelinniń ata-enesine bolǵan húrmeti bildirilgen.

"Tabu" tek ǵana hayallarǵa tán emes, al er adamlar da kelinlerin atı menen shaqırıwǵa tartınǵan, [3:14]- deydi G.Beksultanova, yaǵnıy tabudıń tek hayal-qızlar ushın tán tıyım emes ekenligin, er adamlar da óz kelinlerine balam dep qatnas jasaytuǵınlıǵı haqqında aytadı. Bul jaǵday qaraqalpaq tiline de tán qubılıs, sebebi qaraqalpaq tilinde de kelinlerdi óz ismi menen atamay *kelin, balam* dep sıpayı qatnas jasaw jaǵdayları ushırasadı. Mısalı: Meniń qayda bara jaǵımdı ne qılasań, *kelinjan,* jayı jıǵılǵan bir men emes "kóp penen kórgen ullı toy" biz ushın bas qatırıp otırǵanlar az emes, oyaǵın oylap turǵanım joq (Sh.Seytov).

Sonday-aq, hayal adamlar eriniń atın aytpastan *"biziń úydegi", "aǵası", "begim", "tórem",* házirgi dáwirde *"papası"* yamasa balasınıń atın qosıp (*Áskerbaydıń aǵası*) tabu sózlerin qollanadı. Bul erine bolǵan ayrıqsha húrmet, sıpayı qatnastı bildiredi. Mısalı: Kelip qalar, Qasqırdı aytıp júregimdi suwlata bermesh, *aǵası* - dedi Sárbiyke (K.Kárimov). Keshirerseń, *begim!* Shıdamaǵanlıqtan awzımnan shıǵıp (Sh.Seytov). *Tórem,* -dedi Qumar bópesin besikke jatqarıwǵa qolaylasıp turıp, Ernazardı orıstıń besigine salıp atırǵanıma qara

(T.Qayıpbergenov). Sol kúni-aq surlanıp Aytbay keldi: "Sen bayman dep hámmeni qamata bereseń be, qamataman balańdı" dep hárbir dápinedi-ay kókiregińdi quday basqır *biziń úydegige* (Sh.Seytov). Sonlıqtan jańa Áskerbaydıń aǵası aytqanday atıw kerek (K.Sultanov). *Tórem* sózin bazıbir dialektlerde jası úlken er adamǵa qatnaslı da qollanǵan. Bul haqqında Q.Ayımbetovtıń miynetinde mınaday pikir keltirilgen: Meni Shabbaz awılına jiberdi… Jıynalıs ashıldı, kelinshekler betin kórsetpey, teris qarap otırdı. Jıynalısta sóz sóylep, mandattı qolına bererde, olar ornınan turıp, teris qarap : –Joq tóremiz, almayman, qayın atalarımız urısadı, – dep atır.[1:358] Bul mısaldaǵı qaraqalpaq kelinleriniń er adamnıń betine tik qaramay, júzin burıp, tórem dep sóylewi xalqımız mentalitetine tán sıpayılıq kórinisi.

Qaraqalpaqlar kóz tiyedi degen túsinik penen shańaraqta ul perzent tuwılsa ullı boldım dep aytpastan "*tumataylı*" boldım dep aytqan. Mısalı: Bári may bolsa biziń úy mayǵalaq bolajaq, qartayǵanda *tumataylı* bolıp atırmız, kelin, soǵan Ámirxannıń bergen shúyinshisi! (Sh.Seytov).

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilindegi tabu sózler– sıpayılıqqa, ádeplilikke tiykarlanǵan til quralları. Turmısta qollanılıp júrgen tabu sózler til iliminde qaraqalpaq xalqınıń qáliplesken etikalıq hám estetikalıq normalarınıń kúndelikli dál kórinisleri dep esaplanadı. Sóylewde tabu hám evfemizlerdiń qollanılıwı jasırın sıpayılıqtıń júzege shıǵıw formalarınıń biri, sebebi olar hárqanday gáptiń mánisin bezetip, sóylewde sıpayılıq hám náziklikti bildiredi.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – Б. 358
2. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология. – Нөкис: Билим, 1994.
3. Бексултанова Г. Выражение форм вежливости в немецком и кыргызском языках: Автореф. дис. … канд. филол. наук. – Бишкек, 2008. – с. 14.


## QARAQALPAQ TILINDE SANLIQ SÓZ SHAQABINIŃ SANLAR SIMVOLIKASI MENEN BAYLANISLI JASALIWI


**Orazımbetova E.Sh.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*


Sanlıq sóz shaqabı muǵdar, tártipti bildiriwshi grammatikalıq kategoriya bolıp ǵana qalmastan, sonıń menen birge xalıqtıń mádeniyatı, dúnyaqarası, mifologiyalıq hám simvolikalıq kóz-qarasın ańlatıwshı áhmiyetke iye. Sol sebepli til biliminde sanlıqlardıń grammatikalıq strukturaları menen olardıń simvolikalıq mánileri ózara baylanıslı halda úyreniledi. Nátiyjede sanlar arqalı jańa mánili birlikler, qospa sózler hám frazalar jasaladı.

Sóz jasalıw sisteması barlıq tillerde universal xarakterge iye bolıp, onıń ulıwmalıq hám ózgeshelikleri qaraqalpaq tilinde ózine tán qásiyetlerge iye. Sóz jasaw sóz quramın bayıtıwdıń ayrıqsha usıllarınıń biri bolıp, eki yamasa onnan artıq sózlerdiń qosılıwı arqalı san mánili birlik payda boladı. Mısalı: «bir» sanlıǵın alıp qarasaq hár túrli sóz shaqaplarına tirkelip atlıq, kelbetlik, almasıq sózlerdi jasap, jeke zattı, hárekettiń tosınnanlıǵı, (birden), birligi, izbe-izligi mánilerin ańlatıp keledi.

Kópshilik xalıqlarda «bir» sanı «birlik» Allanıń, Qudaydıń, Táńriniń hám xalıqtıń birligin ańlatıp, bul san Quyash, Quday, kosmos, bir nárseniń baslanıwı, pútinlik simvolikasın ańlatadı. Bul san dúnyanı ańlaw, túsiniw, biliwdiń baslanıwı kózqarasınan da eń áhmiyetli san bolıp esaplanadı. Diniy mádeniyatta birlik, jalǵızlıqtı ańlatatuǵın sakrallıq mánige iye.

Qaraqalpaq tilinde xalıq birligin bildiretuǵın «bir», «birlik»ke baylanıslı bir qansha naqıl-maqallardı ushıratamız: *Irgesi berk eldi jaw almas, **Awızı bir** eldi daw almas; **Birlik**li eldiń ishine, **Bir** kelata el sıyadı; **Birlikli** el azbas, Bilimli el tozbas; **Birlik** bar jerde bereket bar; Birlik bolmay tirilik bolmaydı; Eki adam kelisse quda bolar, **Birlik**siz el juda bolar; Baylıq – baylıq emes, **Birlik**-baylıq t.b.* Bunnan basqada qaraqalpaq xalıq awızeki shıǵarmaları, epikalıq dóretpelerinde sanlıqlar arqalı jasalǵan muǵdardı anıq yamasa shamalıq mánisin ańlatıp, shıǵarmaǵa tásirsheńlikti arttırıp keliwshi bir neshshe mısallardı kóplep ushıratamız. Mısalı; *Bir atadan **úshew-tórtew, Bir-biri** menen quraldı («Aydos biy» dástanı); Dárwazanıń qapısın, Bir jıl*

***tórt ay*** *qurdırdı («Qırq qız» dástanı); Bunday etken islerin,* ***Eki birdey*** *perisi, Júdá jaqsı kóredi, Bir-birinen qızǵanbay, Keyinine eredi («Qırq qız») t.b. Bul jerde úshew-tórtew, bir-biri, bir jıl tórt ay, eki birdey* mısalları arqalı ónimli usıllardıń biri **kompoziciya** arqalı jasalıp tur.

Sózlerdiń basqa sóz shaqabına kóshiwi nátiyjesinde payda bolatuǵın sóz jasalıw túri – konversiya usılı arqalı da sanlıqlar jasaladı: «eki» mánisine say keliwshi jup sózi arqalı; Miywalıday atawǵa, Aq otawdı tikkende, **Jup**tan qostı tiktirip**,…; Eki** kózdiń janarı, Suw túbinde gáwharday,… ,…(«Qırq qız»);

Affiksal sóz jasalıw affiksaciya yamasa derivaciya, sóz payda etiw, yaǵnıy túbirge sóz jasawshı elementlerdi qosımta arqalı jańa sózlerdi payda etiw tilimizde eń ónimli usıllardıń biri bolıp tabıladı. Affiksal usıl arqalı sanlıqlardıń jańa grammatikalıq túrlerin payda etedi,sonday-aq muǵdar (esaplıq), qatarlıq, toplaw, bólsheklew sıyaqlı mánilerdi ańlatıp kelip, tildiń morfologiyalıq qásiyetin keńeytedi. Mısalı: Kún-tún júrip Gulayım, Aradan kóp kún ótedi, Bir ay on kún ótedi, **On birinshi** kún jetkende, Baxıt qusı ushadı; **Ekewi** birden darqansıp, Shaqalaqlap kúledi,.. («Qırq qız» dástanı).

## ÁDEBIYATLAR:

1. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilindegi sanlıqlar. - Nókis: Qaraqalpaqstan, 1976.
2. Aynazarova G., Atabaeva G. Qaraqalpaq tilinde sanlıqlar menen kelgen frazeologizmler sózligi. - Nókis: Ilimpaz, 2023.
3. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. 9-tom. «Qırq qız» dástanı. - Tashkent: Maъnaviyat, 2009.
4. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. 54-Tom. «Aydos biy» dástanı. - Nókis: Ilim, 2012.

## SÓZ JASALIWI – TILDIŃ LEKSIKALIQ QURAMIN BAYITIWSHI TIYKARǴI SISTEMA

**Rzamuratova Z.Q.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew instituti, Nókis qalası*

Til – jámiyet penen birge rawajlanatuǵın, ózgerip hám jańalanıp baratuǵın janlı qubılıs. Hárqanday tildiń janlı hám turaqlı ekenliginiń tiykarǵı belgisi – onıń turaqlı túrde jańalanıp hám bayıp barıwı bolıp esaplanadı.

XXI ásir – informaciya hám texnologiyalar ásiri bolıp, bul da tildiń sózlik qorına úlken tásirin tiygizbekte. Sırtqı tásirler hám ózlestirilgen sózlerdiń turaqlı aǵımı artqan shárayatta tildiń ishki potencialın (sóz jasaw imkaniyatların) aktivlestiriw – onıń ózligin saqlap qalıwdıń birden-bir jolı.

Sóz jasalıwı – tildiń leksikalıq hám grammatikalıq qatlamlarınıń kesilispesinde turatuǵın quramalı process bolıp, ol tildiń dinamikalıq xarakterin ǵana kórsetip qoymastan, tildiń terminologiyalıq bazasın tártipke salıwda, onıń milliy kórkemligin arttırıwda tiykarǵı derek bolıp xızmet etedi. Sonlıqtan da, J.Otarbekova: "Til – ómir menen ózekles janlı qubılıs bolǵanlıqtan, tilimizdiń sózlik quramı da bir qálipte turmastan, ózgerip, tolıqlasıp, rawajlanıp otıradı. Sózler mánisi jaǵınan funkcional xarakterge qaray ózgeriwi múmkin: geybir sózlerdiń qollanılıw dárejesi keńeyip, jańa mánige iye bolsa, geybir sózlerdiń mánisi tarayıp, passiv qatlamǵa ótiwi múmkin. Sóz mánisiniń rawajlanıwı – sózlik quramnıń bayıwınıń nátiyjeli jolı dep aytıwǵa boladı. Bul qubılıs tildiń óz ishki imkaniyatlarınıń tiykarında ámelge asadı hám tildi bayıtıwdıń eń tiykarǵı jollarınan biri bolıp esaplanadı" [4;11] -degen pikirlerin bildiredi. Shınında da, bul pikirler tildiń turaqlı hárekettegi dinamikalıq sistema ekenligin tereń tiykarlap beredi. Avtordıń tildi "janlı qubılıs" dep táriyplewi onıń jámiyetlik rawajlanıw menen ajıralmas baylanısta ekenligin kórsetedi.

Sóz mánisiniń keńeyiw yamasa tarayıw procesi tildiń funkcional beyimlesiw qábiletin ańlatadı. Mániniń keńeyiwi arqalı tildegi bar bolǵan leksikalıq birlikler jańa mazmun menen bayısa, mániniń tarayıwı ayırım sózlerdiń specifikalıq tarawlarǵa qaray qánigelesiwine yamasa arxaizaciya procesine ushırawına alıp keledi. Sonday-aq, avtor sóz mánisiniń rawajlanıwın tildi bayıtıwdıń tiykarǵı jolları qatarında kórsetedi. Bul pikirge qosılǵan halda, bul qubılıs tildiń

milliy ózligin saqlap qalıwdağı roliniń de joqarı ekenligin aytıw kerek. Basqa tilden tayın terminlerdi qabıllay bergennen góre, tildiń óz ishki leksikalıq resursların qayta islew hám semantikalıq jaqtan modernizaciyalaw – tildiń turaqlılığın hám keleshektegi jasaw qábiletin támiyinleytuğın eń nátiyjeli faktor bolıp esaplanadı.

Tiykarınan, sóz jasalıwı uzaq waqıtlar boyı grammatikanıń morfologiya bóliminde, tek sóz shaqaplarınıń jasalıw usılları retinde úyrenilip kelindi. Biraq, zamanagóy túrkiy til biliminde, sonday-aq qaraqalpaq til bilimi de bul tarawdıń óz aldına izertlew obyekti bar ekenligin tastıyıqlaydı.

Sóz jasalıwı - óz aldına taraw retinde qaralsa da, onıń tildiń basqa tarawları (leksikologiya, morfologiya, sintaksis) menen baylanısı, uqsaslıqları hám ayırmashılıqları ele de tereń izertlewlerdi talap etedi. Ásirese, bul taraw boyınsha bólek monografiyalar hám dissertaciyalıq jumıslardıń jazılıwı sóz jasalıwın ayrıqsha sistema sıpatında qarawğa jol ashtı. Bul sistemanı izertlew – bul tek jańa sózlerdi dizip shığıw emes, tildiń jańa sóz jasaw imkaniyatlarınıń shegarasın belgilew hám onıń milliy tábiyatın saqlap qalıw mexanizmlerin anıqlaw bolıp tabıladı.

Til iliminde tildiń leksikalıq quramın bayıtıwdıń birneshe jolları kórsetilse de, olardıń ishinde tildiń óziniń ishki imkaniyatları esabınan jańa sózlerdiń payda bolıwı, yağnıy sóz jasalıw procesi ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul process tildiń "óz-ózin rawajlandırıw laboratoriyası" sıpatında xızmet etip, tilde bar bolğan materiallar tiykarında jańa mánilerdiń júzege keliwin támiyinleydi [3;10]. Yağnıy, sóz jasalıwı tildiń tek san jağınan kóbeyiwi emes, onıń sapalıq jağınan jetilisiwin, milliy ózgesheliginiń saqlanıwın hám terminologiyalıq bazasınıń bekkemleniwin kórsetiwshi baslı faktor bolıp tabıladı.

Sóz jasalıwı arqalı tildiń sózlik qorınıń bayıwı, eń birinshi gezekte, jámiyetlik-siyasıy, ilimiy-texnikalıq hám mádeniy turmıstağı ózgerislerge tildiń jedel juwap beriwi menen baylanıslı boladı. Jańa túsinikler menen buyımlardı ataw ushın basqa tillerden tayın sózlerdi ózlestiriwge qarağanda, tildiń sóz jasaw usılları arqalı jańa leksikalıq birliklerdi jaratıw tildiń sáykeslik qásiyetin arttıradı [2]. Mısalı, morfologiyalıq usıl menen jasalğan sózler tildiń ishki nızamlılıqlarına tolıq boysınğanlıqtan, olar xalıq ushın túsinikli hám qabıllawğa jeńil boladı. Sonıń menen birge, sintaktikalıq jol menen eki yamasa onnan da kóp sózlerdiń birigiwinen jasalğan jańa atamalar tildiń kórkemligin hám semantikalıq baylığın sáwlelendirip beredi.

Sóz jasalıw procesiniń áhmiyeti ol tildiń terminologiyalıq sistemasınıń turaqlılığın támiyinleydi. Házirgi globallasıw dáwirinde tildiń óz sóz jasaw potencialınan tolıq paydalanıwı onı basqa tillerdiń tásirinen saqlap qalıwğa imkaniyat beredi. Bul process tek ğana jańa atamalar jaratıw menen sheklenbesten, bar bolğan sózlerdiń mánisindegi ózgerislerdi, stilistikalıq boyawlardıń qáliplesiwin de óz ishine aladı.

Leksikologiya iliminde sóz jasalıwın tildiń ishki bayıw jolları retinde izertlew barısında birneshe áhmiyetli faktlerge itibar qaratıw kerek. Birinshiden, tildiń sóz jasaw potencialı onıń sóz jasalıw sistemasınıń qanshelli dárejede aktiv ekenligi menen ólshenedi. Sonday-aq, terminologiyalıq bazanıń qáliplesiwinde tildiń sintaktikalıq imkaniyatları menen baylanıslı. Ilimiy-texnikalıq progress nátiyjesinde payda bolğan jańa atamalardıń kópshiligi ekige bólinedi: taza ózlestirilgen sózler hám tildiń óz materialı tiykarında jasalğan kalkalar.

Házirgi globallasıw dáwirinde tildiń sapalıq kórsetkishin belgilewde kalkalastırıw (basqa tildegi sózdiń mánisin óz tilimizdiń materialları menen awdarıp alıw) procesi ayrıqsha orın tutadı. Tayın sózdi sol qálpinde qabıllay bermey, onıń mazmunın ashıp beretuğın milliy variantın jasaw — sóz jasalıw laboratoriyasınıń eń quramalı hám juwapkershilikli tárepi bolıp tabıladı. Mısalı, informaciya-kommunikaciya texnologiyaları tarawındağı kóplegen atamalardıń qaraqalpaqsha ekvivalentleriniń turaqlasıwı dál usı ishki imkaniyatlarğa súyenedi.

Sonday-aq, sóz jasalıwı tek ğana jańa atamalar beriw menen sheklenbeydi, tildiń emocional-ekspressiv boyawın da kúsheytedi. Jazıwshı hám shayırlar, ilimpazlar sóz jasawshı qosımtalar arqalı tildiń kórkemlik hám dálillik dárejesin arttıradı. Jańadan jasalğan hárbir sóz tildiń leksikalıq quramındağı "boslıqlardı" toltıradı hám onıń rawajlanıwına sharayat jaratadı.

Tildiń ózgesheligin saqlap qalıwda hám onıń ishki potencialın kórsetiwde sóz jasalıw procesi sheshiwshi áhmiyetke iye ekenligi belgili. Sóz jasalıwı tek ǵana san jaǵınan kóbeyiw emes, tildiń sapalıq jaǵınan qáliplesiwin de támiyinleydi. Sonlıqtan da, ilim hám texnika rawajlanǵan sayın jańa túsinikler payda boladı. Bul túsiniklerdi óz tilińde ańlatıw ushın sóz jasawshı qosımtalarınan paydalanıw – tildiń terminologiyalıq bazasın bekkemleydi. Bul bolsa, tildiń xalıqaralıq terminler menen "orınsız" tolıp ketiwinen saqlaydı.

Sonıń menen birge, basqa tilden kirip kelgen sózler hámme waqıt tildiń fonetikalıq hám grammatikalıq qasiyetlerine sáykes kele bermeydi. Al, sóz jasalıw usılı arqalı payda bolǵan leksika tildiń tábiyatına sáykes hám xalıq ushın túsinikli boladı.

Juwmaqlap aytqanda, sóz jasalıwı tildiń ishki rezervlerin háreketke keltiriwshi tiykarǵı qural bolıp, ol tildiń turaqlı rawajlanıwın, onıń leksikalıq baylıǵın hám baylanıs quralı sıpatındaǵı xızmetiniń joqarı dárejede bolıwın kepillendiriwshi janlı mexanizm bolıp esaplanadı. Sóz jasalıwı – bul tildiń janlı tamırı. Eger tilde sóz jasalıw procesi toqtap qalsa, til tiykarǵı ózgesheligin joǵaltıp, basqa tillerdiń nusqasına aylanıp qaladı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Баскаков Н. А. Каракалпакский язык. т.2: Фонетика и морфология, ч. 1: Части речи и словообразование. -- М.: Изд-во АН СССР, 1952.

2. Бейсембаева З. Сөзжасамның тил деңгейине қатысы//Түркитану мәселелери: бүгини мен болашағы (халықаралық ғылыми-практикалық конфер..)-А.,2001.

3. Бейсембаева З  Сөзжасамды оқытудың ғылыми-әдістемелік негіздері: көмекші құрал / З. Бейсембаева. - Алматы : Респ.баспа кабинеті, 1998.

4. Отарбекова Ж. Сөзжасам мәселелери және оның тюркологияда зерттелиуи// Іздeнис. Гуманитарлық ғылымдар сериясы. -А.,1996, №1.

5. Қазіргі қазақ тілінің сөзжасам жүйесі. – Алматы, 1989.

6. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. - Нөкис, 1994.

7. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. - Нөкис, 2010.

## QARAQALPAQ TILINDEGI "DUSHPAN" LEKSEMASÍNÍŃ MORFOLOGIYALÍQ QURAMÍ

**Asanova D.N.**

*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Házirgi zaman til biliminde leksikalıq birliklerdi kompleksli túrde úyreniw, yaǵnıy olardıń etimologiyalıq, semantikalıq hám morfologiyalıq ózgesheliklerin anıqlaw aktual máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. Ásirese, insanlar arasındaǵı qatnaslardı, qádiriyatlar sistemasın sáwlelendiriwshi leksemalar til biliminde ayrıqsha orın iyeleyedi. Sonday leksemalardıń biri – "dushpan" ataması bolıp, ol tek ǵana nominativ birlik emes, al insanlardıń sociallıq, psixologiyalıq hám aksiologiyalıq qatnasların da sáwlelendirip beriwshi birlik bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tilinde "dushpan" leksеması keń qollanılıp, túrli stillik qatlamlarda, sonıń ishinde folklorlıq dóretpelerde, naqıl-maqallarda hám kúndelikli kommunikaciyada belsendi qollanılıadı. Bul leksemanıń kelip shıǵıw tariyxı, morfologiyalıq quramı hám grammatikalıq ózgeshelikleri onıń til sistemasındaǵı ornın anıqlawǵa járdem beredi.

Bul maqalanıń maqseti – qaraqalpaq tilindegi "dushpan" leksemasınıń morfologiyalıq quramın, grammatikalıq kategoriyalarda túrleniwin hám sóz jasaw imkániyatların ilimiy tiykarıda analiz etiwden ibarat. Sonıń menen birge, leksemanıń semantikalıq qásiyetleri menen baylanıslı túrde onıń tildegi funkciyası da qarastırıladı.

*Dushpan* ataması parsı tilinen – (doshmán "qas, jaw") 1) *qas, jaw;* 2) *tatıw emes, ósh, araz;* 3) *zıyanlı, paydasız* degen mánini bildirip leledi [4:13]. Qaraqalpaq tili leksikasında "*dushpan*" leksеması *parsı tilininen* kirip kelgen bolıp, *qanday da bir is-háreket, process dawamındaǵı bir-birine qarama-qarsı táreptegi shaxs* mánisi túsiniledi.

Qaraqaplaq tiliniń túsindirme sózligi 2023-jılı jańartılǵan versiyada baspadan shıqtı hám bul baspada biz izertlew jumısı júrgizip atırǵan atamalarǵa usı versiyadan túsindirmeler berip ótemiz. “*Dushpan*” at. (parsı. jaw, qarsılas, dos emes). 1. Dúnyaqarası, háreketleri bir-birine qarama-qarsı bolǵan; óz ara básekiles, qas bolǵan táreplerdiń hár biri. Ańlısqan dushpan alıspaǵa jaqsı (qq.x.n.m.). Dushpandı búldir, dostı kúldir (qq.x.n.m.). Dushpannıń kúlgeni, sırıńdı bilgeni (qq.x.n.m.). 2. Áskeriy. Urısta bir-birine qa, bir-birine qarsı urıs ashqan táreplerdiń hár biri; jaw. Orınsız jerge at salıp, Átirapıńdı dushpan alıp (A.Dabılov). 3. Awıspalı. Insanǵa hám ulıwma hárbir nársege zıyan keltiriwshi kimse, nárse, hádiyse. Ashıw dushpan, aqıl dos, Aqılıńa aqıl qos (qq.x.n.m.). Sońǵı pushayman – ózińe dushpan (qq.x.n.m.) [2:199]. 4. Antonim. Dos at. Kózqarasları, is-háreketi, oylawı jaqın bolǵan, tatıwlıq, awızbirshilik penen baylanısqan eki yamasa onnan artıq insanlardıń hárbiri. 5. Sinonim. Jaw at. Dushpan, qas. Jigitler biriksеń almas jawıń joq, Jigitler biriksеń pitpes dawıń joq (Ótesh). Attı baqsań ardaqlap, Jawǵa bermes tar jerde (qq.x.n.m.). Xan kóp bolsa, jaw kóp boladı (qq.x.n.m.) [2:336]. Qas II kelb. Birewge jamanlıq oylawshı, dushpan, jaw, óshpenli, zıyankes. Xiywalı menen qas bolıp, Xojanazar batır bas bolıp (Berdaq). Óz elimde qas dushpanǵa batırmız, hesh talap joq bizler úyde jatırmız (Omar). Fraza. Qas bolıw – óshpenli bolıw. Xandı quday ǵarǵasa, qarashası menen qas bolar (qq.x.n.m.). qas etiw – dushpan etiw. Ómir uzaq qızıqtırıp más etip, Tatıwlıqqa, ozbırlıqtı qas etip (T.Seytjanov) [3:369].

“Dushpan” lekseması túrkiy tillerde belsendi qollanılatuǵın birlik bolıp, mánilik tárepten insanlardıń etikalıq qatnasların bildiriwshi absrakt-konkret atamalardıń biri esaplanadı. Morfologiyalıq kózqarastan qaraǵanda “dushpan” lekseması atlıq sóz shaqabına tiyisli birlik bolıp, morfemalarǵa bólinbeytuǵın, túbir sóz esaplanadı. Tariyxıy tárepten “dush” (jaman, qarsı) hám “man/pan” (subyekt bildiriwshi komponent) bóleklerinen quralsa da, házirgi til biliminde bul bólekler bólinbeytuǵın quramǵa aylanıp, semantikalıq tárepten bir mánige iye birlik esaplanadı.

Morfologiyalıq tárepten sózlerdi analiz islegen waqıtta olardıń morfologiyalıq kategoriyalarda hár túrli formada túrleniwi haqqında aytıp ótiw orınlı. Jumısımızda analizlenip atırǵan “dushpan” leksemasınıń morfologiyalıq kategoriyaları tómendegishe analizlenetuǵınlıǵın kóriwimizge boladı.

**San kategoriyası.** Atlıq sóz shaqabına kiriwshi hárbir sóz óziniń mánilik hám formalıq qásiyetleri jaǵınan birlik hám kóplik mánilerdi ózinde sáwlelendirip keledi. San kategoriyasına tiyisli atlıq sózler eki túrli formaǵa: a) kóplik; b) birlik formaǵa iye bolıp keledi.

| Birlik | Kóplik |
|---|---|
| Dushpan | Dushpan-lar |

“Dushpan” lekseması birlik formada hesh qanday affikssiz kelse, kóplik formada -lar/-ler affiksleri arqalı keledi. -lar/-ler kóplik formasın bildiriwshi affiksler abstrakt hám ayırım konkret atlıq sózlerge qosılıp húrmet hám ulıwmalastırıwshı mánilerdi bildirip keledi.

**Tartım kategoriyası.** Atlıq sóz shaqabına tiyisli sózler úsh bette tartımlanıp kelip, zattıń qaysı bir betke tiyisli ekenligin bildirip keletuǵın kategoriyanı tartım kategoriyası dep ataymız.

Tartımlanǵan atlıqlar zattıń qaysı betke tiyisliligin hám onıń qaysı sanda ekenligin bildiredi. Qaraqalpaq tilindegi tartım kategoriyası bir waqıttıń ózinde grammatikalıq bet hám grammatikalıq sandı ańlatadı.

“Dushpan” lekseması tartım kategoriyasınıń barlıq affikslerin qabıl etip, úsh bette de, eki sanda da heshqanday ózgerislersiz qollanıladı. Bul kategoriya “dushpan” túsiniginiń subyektke qarata baylanıslılıǵın kórsetedi.

| Beti | Birlik | Kóplik |
|---|---|---|
| I. | Dushpan-ım | Dushpan-ımız |
| II. | Dushpan-ıń | Dushpan-ıńız |
| | Dushpan-ı | Dushpan-ları |

| III. | | |
|---|---|---|

**Seplik kategoriyası.** Seplik kategoriyası atlıq sózlerdiń yamasa atlıqlasqan sózlerdiń, sóz dizbegi yáki gáptiń quramında basqa sózler menen qarım-qatnasın, baylanısın bildirip keledi. Atlıqtıń seplik affiksleri menen túrlenip keliwi sepleniw delinedi.

Házirgi qaraqalpaq tilinde altı seplik bar: ataw, iyelik, barıs, tabıs, shıǵıs, orın. Seplik affiksleri kóplik hám tartım affikslerinen keyin jalǵanadı.

| Seplikler | Forması |
|---|---|
| Ataw | Dushpan |
| Iyelik | Dushpan-nıń |
| Barıs | Dushpan-ǵa |
| Tabıs | Dushpan-dı |
| Shıǵıs | Dushpan-nan |
| Orın | Dushpan-da |

"Dushpan" lekseması sóz jasawshı affiksler arqalı bir qansha leksemalardı payda etedi. Bul leksemadan payda bolǵan birlikler arqalı qarama-qarsılıq, unamsız múnásibetler, subyektivlik bahalaw sıyaqlı semantikalıq komponentler ele de anıǵıraq qáliplesedi. Mısalı:

A) Atlıq+atlıq: 1. dushpan-lıq. *-lıq/lik* qosımtası atawısh sózlerge qosılıp tamır-tanıslıq, tuwısqanlıq, jaqınlıqqa baylanıslı máni ańlatadı: qudalıq, doslıq, qońsılıq [1:29]. Bul jerde -lıq affiksi atlıq sózge qosılıp qanday da bir unamsız qatnas mánisin bildirip kelgen. Dushpanlıq – birewge jaw, qaslıq etiw, jamanlıq qılıw, óshpenshilik, qastıyanlıq. Óltirmey ketsesh jılandı, Dushpanlıq qılǵan bolsań (I.Yusupov). Bul leksemanıń dushpanshılıq forması da qollanıladı: Edige óz ákesine Toxtamıs tárepinen islengen bul dushpanshılıqqa awır únsizlik penen juwap berdi ("QÁ" g.).

B) Atlıq+ráwish: dushpanlarsha. -sha/-she affiksi ráwish jasawshı ónimli qosımta bolıp, atlıq, kelbetlik, almasıq, túbir hám dórendi túbir ráwishlerge jalǵanıp, salıstırıw, kúsheytiw, muǵdar hám waqıt mánili ráwishlerdi jasaydı. Sonday-aq, kóplik qosımtalı substantivlesken kelbetliklerge sha/she qosımtasınıń jalǵanıwınan da ráwishler jasaladı [1:87]. Al, bul jerde dushpanlarsha lekseması kóplik jalǵawlı substantivlesken kelbetlik bolıp, salıstırıw mánisin bildirip kelgen. Kóbinese bul leksema folklorlıq dóretpelerde jiyi qollanıladı.

C) Atlıq+feyil: dushpanlasıw. Bul jerde -las hám -ıw affiksleri qabatlasıp kelip atlıqtan feyil sóz shaqabın jasap kelgen. Dushpanlasıw – bir-birine jaw, qas, dushpan bolıw, kóre almawshılıq. Aǵası menen inisiniń óz ara dushpanlasıp qırılısıwına xalıq hayran qaldı (qq.x.folk.).

Joqarıdaǵı analizler tiykarında qaraqalpaq tilindegi "dushpan" leksemasınıń morfologiyalıq hám semantikalıq qásiyetleri kompleksli túrde úyrenildi. Izertlew natıyjeleri bul leksemanıń tariyxıy shıǵısı jaǵınan parsı tilinen kirip kelgenine qaramastan, házirgi qaraqalpaq tilinde tolıq ózlesken hám belsendi qollanılatuǵın birlik ekenligin kórsetti.

Morfologiyalıq tárepten "dushpan" lekseması túbir sóz bolıp, san, tartım hám seplik kategoriyalarında erkin túrleniw qásiyetine iye ekenligi anıqlandı. Sonday-aq, bul leksemanıń sóz jasaw imkániyatları joqarı bolıp, túrli affiksler arqalı jańa leksikalıq birliklerdi payda etedi hám bul arqalı tildegi semantikalıq qatarlar bayıtıladı.

Juwmaqlap aytqanda, "dushpan" lekseması tek grammatikalıq birlik sıpatında ǵana emes, al insanlar arasındaǵı qarama-qarsılıq, qarsılaslıq hám aksiologiyalıq bahalawdı sáwlelendirip beriwshi áhmiyetli lingokulturologiyalıq birlik sıpatında da bahalanadı. Bul bolsa "dushpan" leksemasınıń keleshekte lingvokulturologiyalıq hám aksiologiyalıq jaqtan tereńirek úyreniwdi talap etetuǵınlıǵın kórsetedi.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Дәўлетов М., Дәўенов Е., Бекбергенов А. Ҳәзирги қарақалпақ Әдебий тилиниң грамматикасы. – Нөкис: "Билим". 1994.

2. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023.

3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023.
4. Пахратдинов Қ., Өтемисов А. Қарақалпақ тилиндеги шығысы парсыша сөзлер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2017.

## ZAMANAGÓY PAREMIOLOGIYADA NAQIL-MAQALLARDI IZERTLEWDIŃ TIYKARǴI ÓZGESHELIKLERI

**Orazbaev Z.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Naqıl-maqallar hárqanday millettiń ótmishi hám búgingi turmısın táriyiplew, salıstırıw hám úyreniwde biybaha kórkem qural wazıypasın atqaradı. XX ásirdiń aqırı hám XXI ásirdiń baslarındaǵı zamanagóy shet el paremiologiyası mashqalalarına baǵıshlanǵan izertlewler tiykarınan sıpatlamalıq-analitikalıq kózqarasta alıp barıldı. Sońǵı dáwirdegi qaraqalpaq til biliminde bolsa, naqıl-maqallardı antropocentristikalıq baǵdarda úyreniwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Bul baǵdardaǵı jumıslar paremiologiyanı frazeologiyadan tiykar alǵan, biraq folklortanıwda óz aldına orın iyelegen ilim tarawına aylandırıp, paremiyalıq birliklerdiń kommunikativlik hám pragmatikalıq potencialın tereń izertlew zárúrligi tuwılıp atırǵanlıǵın ayqın sáwlelendiredi.

Naqıl-maqallardıń sinkretikalıq tábiyatın, olardıń ayrıqsha kommunikativlik hám lingvistikalıq ózgesheliklerin, tutas birlik yamasa onıń ayırım komponentlerin tallaw imkaniyatın házirgi zaman jergilikli hám sırt el ilimpazlarınıń miynetleri dálillep berdi. Bul birlikler hár qıylı ilimiy paradigmalar sheńberinde tallanıp, hár qıylı tiller materialları boyınsha salıstırmalı túrde izertlenbekte. Bunday sistemalı jantasıwlar naqıl-maqallardıń: semantikalıq baylıǵı hám obrazlılıǵın; kognitivlik modelin; mádeniy kod sıpatındaǵı ayrıqsha belgilerin ashıwǵa xızmet etedi.

Paremiologiyanı izertlewge baylanıslı sońǵı rawajlanıw tendenciyaları dúnya til biliminde hár qıylı baǵdarlarda: sociallıq lingvistika, lingvistikalıq kontaktologiya, mádeniyatlararalıq kommunikaciya, kognitiv lingvistika hám pragmalingvistika sheńberinde keń imkaniyatlarǵa iye bolmaqta. Kognitivlik qatnas bolsa, bul birliklerdiń máni payda etiw mexanizmlerin, konceptual strukturalar menen óz ara qatnasın hám olardı qollanıwda aktivlesetuǵın mental processlerdi anıqlaw imkaniyatın beredi. Nátiyjede, naqıl-maqallar milliy mádeniyattı sáwlelendiriwshi, xalıq oy-pikirin jámlestirgen hám sociallıq tájiriybeni úzliksiz dawam ettiriwshi áhmiyetli lingvokulturalogiyalıq birlik sıpatında payda boladı. Usı teoriyalıq jantasıwlar tiykarında naqıl-maqallardıń strukturası, kelip shıǵıwı hám funkcional imkaniyatların sistemalı túrde tallaw olardıń til bilimindegi ornın jáne de anıǵıraq belgileydi. Sonlıqtan, naqıl-maqallardı pánlerararalıq, kompleksli qatnas tiykarında izertlew keleshektegi lingvistikalıq, paremiologiyalıq hám mádeniyattanıw jumısları ushın bekkem ilimiy tiykar bolıp tabıladı hám zamanagóy til biliminiń eń perspektivalı baǵdarlarınıń biri sıpatında tán alınadı.

Zamanagóy til biliminde naqıl-maqallardı úyreniw dástúriy strukturalistik baǵdardan antropocentrikalıq paradigmaǵa qaray rawajlandı. Bul baǵdardıń dáslepki teoriyalıq tamırları V.fon Gumboldt hám L.Vaysgerberdiń miynetlerine barıp taqaladı. Atap aytqanda, L.Vaysgerber tildiń "ishki forması" haqqındaǵı Gumboldtlıq táliymatqa tiykarlanıp, "dúnyanıń lingvistikalıq kórinisi" teoriyasın jarattı. Sońınan, bul ideyalar E.Sapir hám S.Uorftıń "lingvistik salıstırmalılıq" gipotezası menen bekkemlendi. Bul teoriyaǵa kóre, til strukturası oylaw strukturasın hám sırtqı dúnyanı biliw jolın anıqlawshı tiykarǵı faktor retinde qaraladı.

Házirgi zaman paremiologiyasında naqıl-maqallar tómendegi eki óz ara baylanıslı aspekt birliginde tallanadı:

1. **Kognitivlik aspekt:** Bunda naqıl-maqallar xalıqtıń tariyxıy tájiriybesi, dúnyaqarası hám mental modelin sáwlelendiriwshi kognitiv birlik (freym, scenariy yamasa koncept) sıpatında izertlenedi. A.Vejbitskayanıń semantikalıq primitivler ideyası hám kognitiv lingvistikanıń metodları naqıl-maqallardaǵı "insan obrazın" hám "dúnya súwretin" ashıwǵa imkaniyat berdi [5]. Atap aytqanda, A.D.Toshevanıń zoonim komponentli naqıl-maqallar

boyınsha izertlewlerinde haywanlar tımsalı arqalı sociallıq-ekonomikalıq waqıyalarǵa baha beriwdiń kognitiv modelleri anıqlanǵan[3:151].

2. **Pragmatikalıq aspekt:** Naqıl-maqallar sóylesiw protsessinde belgili bir kommunikativlik maqsetke baǵdarlanǵan sóylew akti retinde kórinedi. Pragmalingvistikanıń tiykarı Ch. Pirs, Ch. Morris miynetlerine barıp taqalsa, onıń til bilimindegi aktiv fazası J.Ostin hám J.Serldiń "sóylew aktleri" teoriyası menen baylanıslı. Naqıl-maqallardıń pragmatikalıq potencialı olardıń diskurstaǵı (ásirese siyasiy hám sociallıq diskurstaǵı) tásirsheńligin támiyinleydi.

Ózbek hám qaraqalpaq til biliminde de naqıl-maqallardıń lingvokulturologiyalıq hám pragmatikalıq tábiyatın úyreniw boyınsha P.Bakirov, B.Juraeva, Sh.Qalandarov sıyaqlı ilimpazlar tárepinen áhmiyetli jumıslar alıp barıldı. Máselen, Sh.Qalandarovtıń izertlewlerinde naqıl-maqallarıń evfemizaciyalawdıń pragmatikalıq dárejeleri hám kognitiv tiykarları dálillendi [4:138].

XX ásirdiń 60-70-jıllarına kelip, J.Ostin, J.Serl hám Z.Vendlerdiń logika-filosofiyalıq kózqarasları tiykarında sóylew akti teoriyası qáliplesti. Bul teoriya naqıl-maqallardı izertlewde revolyuciyalıq burılıs jasadı. Sebebi:

- Kommunikativlik niyet (illokuciya): Naqıl-maqal tek ǵana mánige iye gáp emes, al sóylewshiniń anıq niyetin (máselen, násiyat beriw, eskertiw yamasa ayıplaw) bildiriwshi háreket birligi sıpatında qarala basladı.
- Referenciya hám kontekst: L.Linskiy hám P.Strosonnıń referenciya

teoriyaları maqallardıń janlı sóylewdegi real obyektlerge yamasa jaǵdaylarǵa múnásibetin anıqlawǵa jol ashtı [1].

Pragmatikanıń til bilimindegi statusı 1970-jıllardıń ekinshi yarımında, ásirese 1977-jıldan baslap Amsterdamda "Sóylew birliklerin úyreniw" hám "Tekstologiya" máselelerine arnalǵan arnawlı jurnaldiń basılıp shıǵıwı menen birjolata tastıyıqlandı. Bul baǵdar naqıl-maqallardı dástúriy "statikalıq" úyreniwden "dinamikalıq" úyreniwge, yaǵnıy "hárekettegi til" dárejesine alıp shıqtı.

Solay etip, naqıl-maqallardıń kognitivlik hám pragmatikalıq aspektleri bir-birin toltıradı: kognitivlik qatnas mánistiń sanada qáliplesiw mexanizmlerin (konceptual strukturalar) túsindirse, pragmatikalıq qatnas bul mánistiń real qatnas processinde qanday xızmet atqaratuǵınlıǵın dálilleydi. Nátiyjede, turaqlı dizbeklerdi pánleraralıq kompleksli qatnas tiykarında izertlew zamanagóy til biliminiń eń perspektivalı baǵdarı sıpatında tán alınadı.

Naqıl-maqallardı úyreniwde olardı tek ǵana turaqlı sóz dizbegi (frazeologizm) sıpatında emes, al millettiń intelektual hám mádeniy yadı sıpatında qaraw zamanagóy til biliminiń tiykarǵı talabı bolıp tabıladı. Á.Qızırovanıń naqıl-maqallarǵa bergen tómendegi táriypi biziń izertlewimiz ushın fundamental áhmiyetke iye: "Óz negizinde milliy tariyxıy rawajlanıw, ózine tán mentalitet, milliy realiya, milliy bolmıs, milliy stereotip, etalonlar sistemasına iye maqal-maqallar belgili bir xalıqtıń pútkil turmıs tájiriybesi haqqında kóp maǵlıwmat beretuǵın mádeniy málimleme deregi esaplanadı" [5:187].

Bizińshe, naqıl-maqallar — milliy mentalitettiń konsentraciyası: naqıl-maqallar tildegi ápiwayı gápler emes, al millettiń ásirler dawamında jıynaǵan "sociallıq filtri" bolıp tabıladı. Ondaǵı milliy stereotipler hám etalonlar xalıqtıń neni jaqsı, neni jaman dep biliwi, qanday qádiriyatlardı joqarı qoyıwı haqqındaǵı kognitivlik bazasın quraydı. Sonday-aq, mádeniy málimleme deregi sıpatındaǵı xızmeti: Naqıl-maqallardı "mádeniy málimleme deregi" dep bahalaw, olardıń informaciyalıq-kommunikativlik potencialınıń joqarı ekenligin dálilleydi. Yaǵnıy, maqal arqalı birlesken maǵlıwmat tek tildegi sózlerdi emes, al sol xalıqtıń pútkil bolmısı hám turmıs tájiriybesin (mental modelin) keleshek áwladqa jetkerip beredi.

Juwmaqlap aytqanda, naqıl-maqallardı Á.Qızırova kórsetkenindey, "mádeniy málimleme deregi" sıpatında úyreniw, olardaǵı mádeniy kodlardı ashıwǵa imkaniyat beredi. Bul bolsa, óz gezeginde naqıl-maqallardıń tek semantikasınıń emes, al olardıń kognitivlik modelleri hám pragmatikalıq tásirsheńliginiń (millettiń turmıs tájiriybesin sáwlelendiriw qabiletiniń) ilimiy áhmiyetin arttıradı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Ахманова О., Магидова И.М. Прагматическая лингвистика, прагмалингвистика и лингвистическая прагматика // Вопросы языкознания. - М., 1978. N°3. - С.44.
2. Бушуй Т.А. Лексическая прагматика как обшелингвистический объект // Хорижий тил талимининг когнитив-прагматик тамойиллари,- Самарканд: СамДЧТИ, 2007, 18-20
3. Tosheva D.A. Zoonim komponentli maqollarning lingvokulturologik xususiyatlari: Filol. fan. bo‘yicha fals. d-ri (PhD) diss... – Toshkent, 2017.
4. Qalandarov Sh.Sh. O‘zbek lingvomadaniy muhitida xalq maqollari evfemizatsiyasi: Filol. fan. bo‘yicha fals. d-ri (PhD) diss... – Qo‘qon, 2019.
5. Қызырова Ә. Мақал-мәтел-лингвомәдени бірліктер. – Алматы: ҚазҰУ хабаршысы. Филология сериясы. 2008. №8. Б.187–190.
6. Маматов А.Э. Язиковая картина мира как когнитивны феномен // Хорижий тил таьлимининг когнитив-прагматик тамойиллари. - Самарканд: СамДЧТИ, 2007. 9-10.


## JAY GÁPLERDE SALSTÍRMALÍ MÁNINIŃ BIDIRILIW USÍLLARÍ


**Allaniyazova Sh.**
*Berdaq atındaǵı QMU, qaraqalpaq til bili kafedrası docenti*
**Baxtıbaeva Sh.**
*Berdaq atındaǵı QMU, qaraqalpaq tili qánigeligi magistrantı, Nókis qalası.*


Salıstırmalı gáplerdıń mazmunında logikalıq kategoriya bolǵan salıstırıw óz sáwlesin tabadı. Bunday gápler dúnya tilleriniń derlik barlıǵında bolıp, biraq olar formalıq jaqtan ayırmashılıqqa iye. Salıstırmalı jay gáplerdiń mazmunlıq hám sintaksislik qurılısın úyrener ekenbiz, bul gáplerdiń dúziwshilerin anıqlap alıw lazım. Til bilimindegi salıstırmalı mánidegi jay gáplerdi 2 túrge bólip úyrensek maqsetke muwapıq boladı: 1) Sap salıstırmalı konstrukciyalı gápler, 2) Uqsatıw mánili gápler [1, 69].

**I. Sap salıstırıw mánili jay gápler.** Bunday dúzilistegi gáplerde bir predmet (process, hádiyse t.b.) ekinshisi menen uqsatıw maqsetinde emes, al kerisinshe birin ekinshisinen ajıratıw, parıqlaw ushın salıstırıladı. Bunda salıstırılıp atırǵan predmetlerdiń ekewi de birdey belgige iye boladı [1, 72].

Sap salıstırmalı mánidegi jay gápler tómendegi jollar arqalı jasaladı: 1) ***Shıǵıs sepligi qosımtaları (-dan/-den, -tan/-ten, -nan/-nen)*** etalon sózge (etalon – bul qanday da bir sózge teńeletuǵın obyekt. ) qosılıp, salıstırıw mánili jay gáplerdi dúzedi. Máselen: *Uyat* ***ólimnen*** *kúshli ( naqıl). Miyman –* ***atańnan*** *ullı ( naqıl). Tikózek awılında* ***gúz jıldaǵıdan erte hám qolaysız*** *keldi (K.Karimov. Aǵabiy. III. Aqqapshıq). Sebebi,* ***maymıl haywanlar ishinen Arıslannan da, Jolbarıstan da aqıllı ǵoy*** *(M.Nızanov «Tańlamalı shıǵarmaları»). Bunday biznesti oylap tabıw* ***keshegi restoran ashqannan qıyın*** *boladı ((M.Nızanov «Tańlamalı shıǵarmaları»). Suw ómirde de* ***paldan mazalı*** *bolmaydı (M.Nızanov «Tańlamalı shıǵarmaları»). Bolmasa bazarǵa aparǵanda ana qızıl qoraz mına* ***gúláńgirińnen on ese abıraylı*** *(M.Nızanov «Tańlamalı shıǵarmaları»).*

2) Salıstırmalı jay gáplerdiń dúzilisinde ***qaraǵanda, góre, beter*** kómekshi sózleri de belgili orın tutadı. Mısalı: *Buniń nátiyjesinde kókirek sútin emgen balalarda* ***jasalma awqatlandırılatuǵın balalarǵa qaraǵanda*** *kemqanlıq keseli kem ushıraydı ("E.Q"gazetası). Qusxanalılar* ***olardan góre*** *sizlerge jaqın,- dep gápti bóldi Aǵabiy* (K.Karimov. Aǵabiy). *Jurınbay biyshara Bektemir dese ishken asın jerge qoyatuǵın* ***Hákimquldan beter*** *sadıq dostı edi (K.Karimov.Aǵabiy)*

*3)* Kópshilik naqıl-maqallarda birdey sóz, yaǵnıy **jaqsı** sózi salıstırıw belgisi, tiykarı bolıp xızmet etken. Bunday jaqsı sózi arqalı salıstırıw tilde, basqa da tarawlarda kóp ushırasatuǵın jaǵday. Sol menen birge, artıq sózi de kontekstlik jaqtan jaqsı mánisin beredi. ***Qayırsız boydaqtan*** *qayırlı qoyshı jaqsı( naqıl).* ***Jaman tuwısqannan*** *jat jaqsı ( naqıl).* ***Ámirdiń***

***asınan*** *paqırdıń mushı jaqsı( naqıl).* ***Jaman joldastan*** *tayaq jaqsı ( naqıl).* ***Elli gápten*** *belli gáp jaqsı ( naqıl).* ***Jaqsı ótirikten*** *jaman ras jaqsı ( naqıl). Ortaq ógizden óz buzawım* ***jaqsı*** *(naqıl).*

Sonıń menen birge salıstırıw belgisi túsip qaldırılǵan, biraq kontekst arqalı bul belgini anıqlawǵa bolatuǵın salıstırmalı jay gáplerdi naqıl-maqallar tilinde de ushıratıwǵa boladı. Máselen: ***Ash qulaqtan*** *tınısh qulaq ( naqıl).* ***Mıń ǵıybattan*** *bir ádalat ( naqıl).* Joqarıdaǵı naqıl-maqallarda salıstırıw belgisi "jaqsı" sóziniń túsip qalǵanın gáptiń mánisin túsiniwge qıyınshılıq payda etpeydi, dep oylayman. Óytkeni, biz basında aytıp ótkenimizdey, kóbinese naqıl-maqallarda "jaqsı" hám "jaman" degen salıstırıw tiykarların ushıratamız.

*4*) Jay gáplerdiń quramında **artıq** sóziniń qollanılıwı arqalı da salıstırıwshılıq máni ańlatıladı. Máselen: Tıń-tıńlaǵan tınshıdan, *Qazan uslaǵan qatın* ***artıq*** *(naqıl). Tańdaǵı tawıqtan búgingi máyek* ***artıq*** *(naqıl). Alalmaǵan qustan alamoyın gúrji* ***artıq*** *( naqıl).*

5*)* Jáne de, “jaqsı” sózi menen bir qatarda “**jaman”** sóziniń salıstırıw tiykarı, belgisi sıpatında de teńdey dárejede ónimli jumsalatuǵının naqıl-maqallar tilinde kóriwge boladı. Máselen: *Jaman jiyen* ***jawdan*** *jaman (naqıl). Júre otırǵan* ***júrgennen*** *jaman (naqıl). Qurı wáde* ***órtten*** *jaman(naqıl). Jaǵımpaz j****awdan*** *jaman (naqıl).* ***Sharshaǵannan*** *hawlıqqan jaman (naqıl).* ***Alımsaqtan*** *salaqlıq jaman (naqıl).* ***Alıstaǵı dushpannan,*** *Ańılıp júrgen dos jaman (naqıl).*

*6)* Kelbetlik hám ráwishtiń dáreje formaları da **(-ıraq, -irek, -raq, -rek, -law, -lew, -ǵısh, -gish, -ǵılt** h.t.b) sap mánidegi salıstırmalı jay gáplerdi dúziwde ónimli jumsaladı: *“Jannanı onıń menen birge* ***tınıshıraq*** *jerge jibersem qalay bolar eken?” (K.Karimov. Aǵabiy. IV. Qısıwmet). Saqalı* ***súmpeklew****, jaǵına júdá qonımlı (T. Q). Biyday mennen kóre saǵan* ***kóbirek*** *kerekdur (K.Karimov. Aǵabiy. IV. Qısıwmet). Eshmurat Amanbay palwannan* ***kóbirek qáwiplirek*** (K.Karimov. Aǵabiy).

**II. Uqsatıw mánili salıstırmalı jay gápler.** Tilde salıstırıw qubılısı – bul ulıwma túsinik. Onıń kórinisleri bolǵan uqsatıw, teńew, salıstırıw, qarama-qarsı qoyıw sıyaqlı hádiyseler ózine tán ózgeshelikleri menen bir-birinen ajıralıp turadı. Bul túrlerden biri kórkem bayanlawda jiyi qollanılatuǵın uqsatıw mánili salıstırmalı gápler esaplanadı. Uqsatıw mánili salıstırmalı jay gáplerdiń bildiriliwi 2 túrli boladı: 1) uqsatıw tiykarı kelbetlik sóz arqalı, 2) uqsatıw tiykarı feyil sóz arqalı [2, 31]. Uqsatıw kóbinese, *-day, -dey, -tay, -tey qosımtaları* arqalı, sonday-aq, siyrek jaǵdayda *kibi, sıyaqlı, tárizli* kómekshi sózleri arqalı da jasaladı. Máselen: *bulaq suwınday* ***tınıq*** *kewil, qumırısqaday* **miynetkesh** *adam, ay kibi* ***nurlı*** *júzleri h.t.b.* Bul mısallardan kórinip turǵanınday, adam yamasa basqa da sózler (kewil, adam, júzi) sóz dizbeginiń quramındaǵı uqsatıw tiykarına (tınıq, miynetkesh, nurlı) salıstırılıp, kórkem boyawlarda berilip tur.

Uqsatıw tiykarı feyil sózler arqalı bildirilgen salıstırıw subyekti hám salıstırıw etalonı (qanday da bir sózge teńeletuǵın obyekt) shaxs yamasa predmet arqalı da bildiriliwi múmkin. Máselen: *Aygúl kesel adamday zorǵa* ***kózin ashtı.*** Bul gápte salıstırıw subyekti - Aygúl, salıstırıw etalonı – kesel adam, demek, ekewi de shaxs. Al, salıstırıw tiykarı xızmetin *kózdi ashıw* is-háreketi atqarıp kelgen.

Uqsatıw mazmunındaǵı gáplerde kórsetiletuǵın pikir derlik bárháma entimema formasında boladı. Entimema (grekshe enthymema – «pikir», «talqılaw») – bul tiykarlardıń biri (bas aǵzaniń birewi) yaǵnıy nátiyjesi anıq aytılmaytuǵın, biraq kontekst arqalı túsiniwge bolatuǵın deduktiv juwmaq. Ol sóylewdi ıqshamlastırıw hám tıńlawshını ózine qaratıwda ónimli jumsaladı. Máselen*:* ***Kóylegi qarday.*** Bul gápte salıstırıw subyekti – kóylek, salıstırıw etalonı – qar, salıstırıwdıń formalıq kórsetkishi -day qosımtası, biraq, gápte salıstırıw tiykarı berilmegen. Eger salıstırıw tiykarı qollanılǵan jaǵdayda gáp tómendegishe kóriniske iye bolar edi: *Kóylegi qarday aq.* Bunda *aq- salıstırıw tiykarı* bolıp esaplanadı. Lekin, aq sózin qollanbay-aq, gáp túsinikli mazmunǵa iye bolıp tur. Óytkeni, qar aq reńde ekenligi hámmege belgili. Solay eken, joqarıdaǵı gáptiń semantikasına qarasaq, kóylektiń aq reńde ekenligi, onı qarǵa uqsatıw, salıstırıw arqalı ańlasılıp tur.

Uqsatıw ózine tán lingvistikalıq qurallar járdeminde hám olardıń qatnasıwısız da júzege keledi. Soǵan qaray uqsatıwdı 2 túrge ajıratıwǵa boladı: 1) qurallı uqsatıw

(yaǵnıy mánili qurallar arqalı), 2) quralsız uqsatıw (yaǵnıy uqsatıw qurallarınıń qatnasısız) [2, 31]

**Ashıq uqsatıw** degende uqsatıwdıń mánilik qurallar **– day (-dey) qosımtası, sıyaqlı, tárizli, tap sonday, misli, mısalı, kibi, sıyaqlı** kómekshi hám de janapaylar, **óz** almasıǵı, **uqsaw** feyili járdeminde payda bolıwı túsiniledi. 1) **– day (-dey) qosımtası** arqalı jasalǵan uqsatıwlar basqalarına qaraǵanda ónimli jumsaladı [3, 133]. Máselen: *Aǵabiydiń **qılıshtay** ótkir sózlerin awdarıwın awdarsa da, bul sózlerden rus tóreleri renjip qala ma dep gúmanlanǵan dilmash birewdiń gápiniń izin juwıp-shayıwdı gózlep, ózi sóyledi (K.Karimov Aǵabiy). Pútkil uezd **uyası buzılǵan hárrelerdey** gúwlep turıptı (K.Karimov Aǵabiy. IV. Qısıwmet).* Joqarıdaǵı 1-mısalda salıstırıw predmeti - sóz, uqsatıw tiykarı – ótkir, al salıstırıw etalonı (uqsatılıp atırǵan zat) – qılısh sózleri esaplanadı. Onda *-day* forması arqalı ashıq usılda salıstırmalı gápti payda etken. Keyingi mısalda bolsa basqasha. Yaǵnıy, onıń uqsatıw tiykarı – joqarılardan ózgeshe túrde **feyil sóz (gúwlep turıptı)** arqalı ańlatılıp, **uezddi uyası buzılǵan hárrege** -day qosımtası járdeminde uqsatıw arqalı uqsatıw mánidegi salıstırmalı jay gáp ańlatılıp kelgen. Demek, tilde -day, -dey, (-tay, -tey) formaları arqalı jasalǵan ashıq uqsatıwlar kórkem bayanlaw maqsetinde ónimli jumsaladı hám obrazlılıqtı kúsheytedi.

2) **kibi kómekshi** sózi arqalı jasalǵan uqsatıwlar*: Otarba "lars-lars" ettirip, búyirin soǵıp dep alǵan bahaybat **maqluq kibi** kúshendi, soń oljasına hámle qılǵan **jolbarıs kibi** uzaq waqıt otırıp turdı da alǵa umtıldı (K.Karimov «Aǵabiy» IV. Qısıwmet). Qandaydur sıyqırlı kúsh turǵan jerinde qaqqan **qazıq kibi** irkip tasladı (K.Karimov Aǵabiy. IV. Qısıwmet). Soń bógeti alınǵan tarnawdan alǵa qaray jóńkilip aqqan **suw kibi** aǵıldı (K.Karimov Aǵabiy. IV. Qısıwmet). Gúzgi dala **qara maqpal kibi** túndi jamıldı (K.Karimov Aǵabiy).*

***3) Misli kómekshisi.*** *Shańaraqtan keregeler taman **misli túńlikten túsip túsip turǵan quyash nurlarına megzegen,** kózdiń jawın alatuǵın qızıl qurlar tartıldı (K.Karimov Aǵabiy. III. Aq qapshıq).*

***4) Megzes kómekshisi*** *arqalı: Ol qádimgi sáwbetten ózgeshe, kóbirek **sawal-juwapqa megzep keletuǵın edi** (K.Karimov Aǵabiy. IV. Qısıwmet). Onı ushqan **qusqa megzetip** aytar edi (G.Esemuratova Shıǵarmaları. V tom). - Áy, seniń tiliń **ótkir oraqqa megzeydi** bılay kelse de, bılay kelse de orıp túseseń, -dedi Erejep kúlip (K.Karimov Aǵabiy). Ash belinde tawlanǵan burın, **megzer táǵdir iyrimlerine** (B.Genjemuratov). Saǵınıshım **megzer shólge**, Nóser-nóser seller kerek (B.Genjemuratov)*

**5) Uqsaw** sózi arqalı: ***Saatqa uqsaǵannıń****, barlıǵı saat emes (B.Genjemuratov "Saratan" (qosıq hám poemalar toplamı)*

**6)** Sonday-aq, **ózi** almasıǵı arqalı da uqsatıw mánili salıstırıw kelip shıǵadı: *Qız kempir apamnıń dál **ózi** (G.Esemuratova Kempir apamnıń romanı).* Bul jerde **dál** sózi ózi menen birge qatar qollanılıp, uqsatıwdı ele de kúsheytiw wazıypasın atqarǵan.

**7) Tap** janapayı da salıstırıw mánide keledi: ***Tap*** *burın kórmegen biytanıs qalanıń bası berk kóshesine kirip qalǵanday boldım (Sh. Seytov Iǵbal soqpaqları).* **Jabıq uqsatıw** bolsa, joqarıdaǵı grammatikalıq formalarsız keliwi arqalı uqsatıw mánidegi salıstırmalı gápti dúzedi. Ádette, bunday gápler kitap oqıwshısına ekspressivlik jaqtan joqarı, kórkem boyawlarǵa bay hám tásirli bolıp jetip baradı. Máselen:Hárkimniń ósken jeri – ***Mısır sháhári** (naqıl).* Bul qosıq qatarlarında tuwılıp ósken jerin bolsa Mısır sháhárine heshqanday grammatikalıq quralsız uqsatıw arqalı emocional-ekspressivlik ańlatılıp tur.

Juwmaqlap aytqanda uqsatıw, teńew sózlerin sinonim sıpatında alıp qarasaq boladı. Biraq, olar bir qubılıstıń ataması emes. Salıstırıw joqarıda aytıp ótken, uqsatıw, teńew, sap salıstırıw, qarama-qarsı qoyıw hádiyseleriniń bárine ortaq bolıp, ulıwmalıq tildegi termin sıpatında ele de tolıǵıraq izertlewdi talap etetuǵın máselelerdiń biri desek boladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Шоабдураҳманов Ш. Асқарова М. Ҳожиев А. Ҳозирги ўзбек адабий тили. 1-қисм. Тошкент . 1980.

2. Абдуллаев А. Ўзбек тилида экспрессивликниң ифодаланиши. Тошкент, 1983.

3. Асқарова М., Қосимова Қ. Ўзбек тили, Тошкент, 1976.
4. Баскаков. Н. А. Каракалпакский язык. IV том, Лексика. Нукус, 1996.
5. Балақаев М., Қордабаев Т. Қазирги қазақ тили (синтаксис). Алматы, 1971.
6. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. -Нөкис: “Билим”, 1986.
7. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. -Нөкис: “Билим”, 1996.
8. Махмудов Н. Ухшатиш содда гапларда семантик-синтактик асимметрия // Ж. Узбек тили ва адабиёти.-1986. -№ 6.
9. Каримов К. Ағабий (I-II китаплар). – Нөкис, 2013.
10. Каримов К. Ағабий. III. Аққапшық. – Үргениш, “Хорезм”, 2016.
11. Каримов К. Ағабий. IV.Қысыўмет. – Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2017.
12. Есемуратова Г. Шығармалары. V Том. – Нөкис, “Илим”, 2018.
13. Есемуратова Г. Кемпир апамның романы. – Нөкис, “Jeti ıqlım”, 2022.
14. Сейтов Ш. Ығбал сокпаклары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1971.
15. Генжемуратов Б. Саратан ( Қосықлар ҳәм поэма). Нөкис, “Қарақалпақстан”,1990.
16. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық 88-100-томлар.- Нөкис, “Илим”, 2015.
17. https://www/wikipedia.org

## HÁZİRGİ QARAQALPAQ TİLİNDE GRAFİKAǴA BAYLANÍSLÍ TERMİNLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Seytmuratova A.A.**
*ÓzRIAQQB Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Grafika súwretlew óneriniń áhmiyetli túrlerinen biri bolıp, onda súwretlew tiykarınan sızıq, noqat hám reńniń minimal quralları arqalı ańlatıladı. Ol xudojnik tárepinen qaǵaz, karton yamasa basqa betlerge qálem, kómir, tús, sangina sıyaqlı qurallar járdeminde jaratılǵan súwretlerdi, sonday-aq arnawlı texnikalar járdeminde kóp nusqada basıp shıǵarılatuǵın grafikalıq dóretpelerdi óz ishine aladı. Grafikalıq dóretpeler qatarına stanok grafikası, gravyuralar, kitap illyustraciyaları, plakatlar, reklama materialları, pochta markaları hám túrli tipografiyalıq dizayn elementleri kiredi.

“Grafika” sózi grek tilinen tilinen alınǵan bolıp, «jazaman», «sızaman» degen mánisti ańlatadı [1,28]. Qálemde yamasa tushta sızılǵan súwretler, kitap, gazeta hám jurnallarǵa sızılǵan illyustraciyalar, qanday da bir nársege oyılǵan gravyuralar, plakat, stend, buyımlardıń etiketkaları, azıq-awqatlar oralǵan jazıwlı qaǵazlar –bulardıń barlı ǵı grafikanıń úlgileri esaplanadı. Grafika ónerinde tiykarınan shtrixlar, qara, aq reńler, noqatlardan paydalanıladı.

Sonday-aq, kitap grafikası óz aldına baǵdar sıpatında kórkem tekstlerdi vizual jaqtan bayıtatuǵın illyustraciyalar jaratıwdı óz ishine aladı. Plakat bolsa, grafikanıń massalıq-kommunikaciyalıq túri bolıp, onda siyasiy, mádeniy hám reklama mazmunı vizual obrazlar arqalı anlatıladı. Demek, grafika súwretlew óneriniń kóp qırlı, texnikalıq hám funkcional jaqtan bay túri bolıp, ol vizual kommunikaciya, informaciya jetkeriw hám estetikalıq tásir kórsetiwde úlken áhmiyetke iye.

Grafika ónerin úyreniwde terminologiyanıń ornı júdá áhmiyetli. Hárbir termin belgili bir texnika, usıl yamasa elementti bildiredi. Máselen, shtrix, kontur, fon, simmetriya sıyaqlı túsinikler grafikanıń teoriyalıq tiykarın qurasa, avtolitografiya, grattaj, linogravyura sıyaqlı atamalar ámeliy processti ańlatadı. Bul terminlerdi tereń ózlestiriw grafika ónerin ilimiy tiykarda úyreniwge imkaniyat beredi. Solay etip, grafika kórkem ónerin úyreniw tek súwret jaratıw kónlikpelerin qáliplestirip qoymastan, al estetikalıq talǵamdı rawajlandıradı, dóretiwshilik pikirlewdi keńeytedi hám vizual kommunikaciya mádeniyatın joqarılatadı. Sol menen bir qatarda grafika óneriniń de ózine tán arnawlı terminleri bar. Máselen, *avtogravyura, kitap grafikası, titul, frontispis, forzac, shtrix, kontur, ksilografiya, linogravyura, sgraffito, plakat, siluet, estamp, emblema, ekslibriz hám t.b.*[2, 49]

*Avtolitografiya* – litografiyanıń islew usıllarınan biri. Bunda súwretshi óz ideyasın tasqa oyıp, sońınan qaǵaz betine túsiredi. Súwretshiniń ózi tárepinen qaǵazǵa túsirilgen súwret te *avtolitografiya* dep júritiledi.

*Ámeliy grafika* – grafika óneri túrleriniń biri. Hár qıylı qutıqlaw xatları, markalar, etiketkalar, mazalı zatlardı oraytuǵın qaǵazlardı bezew óneri.

*Baget* – súwretler, grafikalıq jumıslar, fotosúwretler hám basqalar ushın mólsherlengen tegis aǵash taxta, ramka.

*Bas bezew* – kitaplardıń ishki bezegi.

*Bistr* – qálemde súwret salıw túri.

*Ekslibris*– kitaptıń belgisibolıp onda kitaptıń iyesi kórsetilgen boladı.Kitap betiniń ishki tárepine jabıstırıladı.Súwretshiniń sheberligi meneneksIibrisler kórkem bahaǵa iye boladı.

*Eksteryer* – qanday da bir qurılıs imaratı, dóretpe, adam, haywannıń sırtqı kórinisi.

*Emblema* – qanday da bir túsinik, ideyanı bildiriwshi shártli yamasa simvollıq súwret, belgi.

*Eskiz* – aqırına jetkerilmegen súwret. Kórkem dóretpe, imarat jaratıw procesinde avtor kózde tutqan maqsetin, onıń dúzilisin sıwlelendiretuǵın súwret.

*Fon* – sızılıp atırǵan zattıń, natyurmort, grafikanıń arqa tárepi (beti).

*Forzac* – kitaptın sırtı menen onın betleri arasındaǵı qos qalıń qaǵaz. Ol kitaptıń sırtqı menen ishki betlerin birlestiredi, kitaptı bezetiwdiń bir elementi bolıp xızmet etedi.

*Frontispis* – kitaptıń titul (birinshi) betiniń shep tárepinde beriletuǵın illustraciya. Onda dóretpeniń tiykarǵı ideyası beriledi yaki eń tiykarǵı epizod súwretlenedi. Ayrım waqıtlarda avtor portreti de beriliwi múmkin.

*Grattaj* – sıya menen toltırılǵan qaǵaz yamasa kartondı mum ústine qálem yamasa ótkir ásbap menen sızıw arqalı sızılma sızıw usılı. Grattaj islew procesi litografiyada asfalt qırıp taslawdı yadǵa saladı. Grattaj usılında islep shıǵarılǵan dóretpeler naǵıs hám qara fonnnıń aq sızıqları menen parıqlanadı, ksilografiya yamasa linogravurga uqsaydı.

*Kalligraf* – qaǵıydaǵa muwapıq sulıw jazatuǵın adam.

*Ksilografiya* – aǵash gravyura aǵashqa islengen gravyuranıń keń tarqalǵan eń áyyemgi túri. Baspa forma bolıp, qolda oyıp tayarlanadı. Taxtanıń tegis maydanına súwret sızıladı, súwretden bos orınlarǵa qashaw menen oyıp súwretli júzeden (2-3 mm) tereńlestiriledi. Bórtpe súwret maydanına boyaw súrtip nusqa kóshiriledi. Ksilografiya usılında tayarlanǵan qálip 15 mıń nusqa kóshiriwge jetedi. [3, 145]

*Qoyıw saya* – zatlardaǵı sayanıń tiykarǵı bólegi

*Linogravyura* – linolyum bólegine islengen gravyura. Salınǵan súwretti kóp nusqada basıp shıǵarıw imkaniyatın berdi. Kóbinese, reńli baspada qollanıladı.

*Noqat* – qanday da bir buyımnıń ulıwma formasın bir-biri menen tutastırıwdaǵı eń kishi element.

*Ottisk* – baspa ushın tayarlanǵan tekst yamasa kesteniń poligrafiya usılı, basım arqalı boyaw menen qaǵaz yaki basqa materialǵa kóshiriw procesi hám usı process nátiyjesinde alınǵan nusqa.

*Plakat* – tamashagóylerge tez tásir etetuǵın bir neshe reńler qatnasıwındaǵı súwret. Plakat óneri súwretlew óneriniń basqa túrlerinen mazmunnıń ótkirligi, aktuallıǵı hám reńler jarqınlıǵı menen ajıralıp turadı.

*Rapidograf* – sızılma ruchkası, kapillyar ruchka, kórkem ruchka, layner - anıq sızıw jumısların orınlaw ushın ásbap. Kishkene nay hám plasmassa qutıdan ibarat. Naydıń ishinde boyawdı turaqlı támiynlewshi názik iyne bar. Sızılmalar hám sıya sızılmaların jaratıw ushın paydalanıwǵa qolay. Arxitektorlar, súwretshiler, kartograflar, injenerler, dizaynerlar tárepinen qollanıladı.

*Sızılma* – tegislikte (qaǵaz, gúzetiw qaǵazı, kino ) saylanǵan shkalada hám tiykarǵı proektlerdi dúziw maqsetinde paydalanatuǵın súwret.

*Simmitriya* – qanday da bir zat, nağıstıń oray sızığı (kósher sızıqqqa)na yamasa tegislikke salıstırǵanda teńdey qashıqlıqta jaylasıwı, óz ara uqsaslıq. Simmitriya kóbinese nağıs salıwda qollanıladı.

*Shtrix* – qaǵazǵa túsirilgen jińishke sızıq. Olar ózleriniń túrlerine qaray tuwrı, qıya, iymek, tolqın tárizli, aralas boladı. Ol buyımnıń jaqtı sayalarınıń ashıq toyǵınlıǵın kórsetip, onıń kólemin ayqın súwretleydi.

Juwmaqlap aytqanda, grafika súwretlew óneriniń áhmiyetli hám kóp qırlı túrlerinen biri bolip, ol jámiyet turmısında áhmiyetli orın tutadı. Grafika arqalı insan óz pikir hám ideyaların qısqa, anıq hám tásirsheń túrde kórsetiwi múmkin. Onıń tiykarǵı quralları - sızıq, noqat hám kontrast - ápiwayı kórinsede, olardıń járdeminde tereń mazmunlı hám kórkem shıǵarmalar jaratıladı. Grafika kórkem óneriniń rawajlanıwı tariyxıy process penen úzliksiz baylanıslı bolıp, ol dástúriy usıllardan zamanagóy sanlı texnologiyalarǵa shekem bolgan uzaq joldı basıp ótken. Búgingi kúnde grafika dizayn, reklama, baspa, kino hám internet tarawlarında keń qollanılmaqta. Bul bolsa onıń tek ǵana kórkemlik emes, al ámeliy áhmiyetke de iye ekenligin kórsetedi.

Grafika kórkem óneriniń jáne bir áhmiyetli tárepi - oniń kommunikativlik funkciyası. Plakatlar, illyustraciyalar, emblema hám belgiler arqalı keń jámiechilikke tez hám nátiyjeli málimleme jetkeriledi. Sol sebepli grafika zamanagóy informaciya jámiyetinde áhmiyetli kommunikaciya qurallarınan biri bolıp esaplanadı. Sonday-aq, grafika terminologiyasın úyreniw bul kórkem óner túrin tereń túsiniw ushın zárúr. Terminler arqalı grafikanıń teoriyalıq hám ámeliy tárepleri sistemalı túrde ózlestiriledi. Bul bolsa student hám oqıwshılardıń bilimin bekkemleydi hám de olardıń dóretiwshilik iskerligin rawajlandıradı. Grafika kórkem óneri bilimlendiriw sistemasında da áhmiyetli orın iyeleydi. Ol oqıwshılarda estetikalıq pikirlew, baqlawshılıq, anıqlıq hám sabır-taqat sıyaqlı áhmiyetli pazıyletlerdi qáliplestiredi. Sonıń menen birge, olardıń dóretiwshilik potencialın júzege shıǵaradı hám erkin pikirlewge iytermeleydi.

Ulıwma alǵanda, grafika - bul tek súwret jaratıw quralı emes, al pikir, ideya hám sezimlerdi vizual formada kórsetiwshi kúshli kórkem óner túri. Ol mádeniyat hám texnologiyanıń kesilisken jerde rawajlanıp, keleshekte de óz áhmiyetin jáne de arttırıp baradı.

## ÁDEBİYATLAR:

1. Urazimova T.V. Súwretlew óneri tariyxı. Tashkent.2020.-128-b
2. Обухова Г. Г. Краткий словарь терминов изобразительного искусства.-М: 193 б
3. Янь Ланьлань. Терминология живописи в русском языке (структурный и функциональный аспекты.канд.дисс. М:. 2014.С-333.

## MOYNAQ RAYONÍNDA ETNOTOPONIMLERDIŃ KELIP SHÍǴÍWÍ

**Abullayev A.G.**
*Berdaq atındaǵı QMU, Lingvistika: Qaraqalpaq tili 2-kurs magistrantı*
*Ilimiy basshı: prof. Shámshetdin Abdinazimov*

Belgili bir jerdiń urıw-taypa hám millet atamaları menen atalıwı etnotoponimler dep ataladı. Bul hár bir urıw-taypa yamasa millettiń óz aldına toparlasıp, bir shoq bolıp otırgan jerin bildiredi.

Etnotoponimler belgili bir aymaqta túrli ruw, millet wákilleri qońsı bolıp jasaǵan orınlarda payda boladı. Etnonim belgili bir orındı basqa orınnan parıqlawshı belgi bolǵan jaǵdayda oykonim wazıypasın atqaradı. Bunday atamalar etnos iyeleriniń ózleri tárepinen emes, al átiraptaǵı basqa etnos wákilleri tárepinen beriledi. Sol ushın da, etnotoponimler, kóbinese, eki etnos wákilleri jaqın jasaǵan shegara aymaqlarda ushırasadı. Tiykarı etnonimler bolǵan toponimler belgili bir ruw, qáwim, milletler, olardıń tariyxı, migraciyası haqqında bay maǵlıwmatlardı ózinde saqlaydı. Sonday-aq, olar házirgi waqıtta assimilyaciyaǵa ushıraǵan yamasa joq bolıp ketken xalıqlardıń kóship-qonıw mánzillerin anıqlawda tiykarǵı derek bola aladı.

Qaraqalpaqstan etnotoponimlerin izertlew jergilikli ózbek, qazaq, túrkmen xalqı hám qaraqalpaqlardıń kelip shıǵıw tariyxın úyreniw máselelerinde járdem beredi. Házirge shekem

Qaraqalpaqstan toponimleri quramında kóplegen urıw-taypa hám milletlerdiń atları saqlanıp qalǵan. Mısalı, *Qońırat, Mańǵıt, Qańlı, Anna, Jaǵaltay* hám t.b. Etnonimler menen atalǵan jer-suw obyektleri, tiykarınan, xalıq, millet, urıwlar tariyxı menen baylanıslı. Olardıń ishinde tek qaraqalpaq urıw atları ǵana emes, al basqa da millet atlarına baylanıslı dóregen toponimler de bar.

Qaraqalpaqlardıń urıwlıq sisteması qońırat hám on tórt urıw bolıp eki arısqa bólinedi. Qońırat arısına ashamaylı, qıyat, qoldawlı, balǵalı, qostamǵalı, qándekli, qarqamoyın, múyten, qazayaqlı, teristamǵalı, baymaqlı, ırǵaqlı, tiyekli, uyǵır, baqanlı-sháwjeyli urıwları kiredi. Al, on tórt urıw arıslı úlken tórt urıwdan turadı: qıtay, qıpshaq, keneges, mańǵıt. Bul urıwlar da óz gezwginde bir neshe mayda urıw hám tiyrelerge bólingen.

Qaraqalpaq xalqınıń kórsetilgen arısları ózleriniń belgili bir jasaw orınlarına iye bolǵan. Usı aymaqlar házirgi waqıtta da birqansha saqlanǵan. On tórt urıwdıń qıtay, qıpshaq, keneges, mańǵıt qáwimleri házirgi Shımbay, Kegeyli hám Nókis rayonları aymaqlarında jasaǵan. Qońırat arısınıń qáwimleri házirgi Taxtakópir, Moynaq, Qońırat, Qanlıkól, Shomanay hám Xojeli rayonlarınıń aymaǵında jasaǵan.

S.Qoraev Qaraqalpaqstan toponimiyasınıń 1/5 bólegi etnotoponimler quraytuǵının kórsetken [1, 120-201].

Moynaq rayonında tiykarınan Qońırat hám Múyten urıwları basım kópshiligin quraydı. Degen menen, basqa urıwlar da az emes.

*Múytenbóget* – burınıraqta tek ǵana múyten urıwları jıynalıp bóget basqan. Sońınan bul Múytenbóget atanıp ketken. Bul toponimdi klassik shayır shıǵarmalarında da ushıratamız. Mısalı,

*Bekpan shaǵıl, Jańa suwdıń boyları*
*Sharqırawıq, Múytenbóget jayları...* [2, 4]

*Qazaqdárya* – Moynaq rayonınan eń alısta jaylasqan elatlı punkt. Qazaqdárya ataması negizinde dáryaǵa qoyılǵan. Bul toponim haqqında Q.Ábdimuratov óziniń miynetinde keltirip ótedi. Ámiwdáryanıń bas ańǵarın Kaulbars «Úlkendárya» dep ataǵan. Úlkendáryadan Qazaqdárya bólinip teńiz-ge quyǵan. Qazaqdárya bir neshe dáwirdiń ishinde bir ese tolıp suw aǵıp, bir ese suw aqpay boz bolıp. mudamı ózgerip turǵan.

Xalıq awızınan jıynap alınǵan sózlerge qaraǵanda bir dáwirde Qazaqdáryanıń ultanında qazaq awılları qonıs basıp otırǵanda, kútilmegen jerden dáryanı suw basıp otırıqlı xalıq búlginshilikke ushıraydı eken. Mine ol usı xalıqtıń atı menen Qazaqdárya dep atalǵan bolıwı sózsiz. Biraq, Qazaqdáryanıń turǵan ornı balıqshılıq hám mal sharwashılıǵına qolaylı bolǵanlıqtan xalıq bul jerge jańadan kóship kelip jasay bergen [3, 60].

T.Begjanov ta usı pikirdi maqullaydı. Sebebi, ol da usınday pikir aytadı, yaǵnıy, qazaq awıllar bul jerlerdi mákan etken, otırıqshı xalıqlardıń awılları ústinen dárya jol salıp teńizge quyǵan. Usı dáryanıń jaǵasına kóship shıǵıp otırǵan atı menen "Qazaqdárya" ataması payda bolsa kerek. [4, 62]

Qazaqdárya atamasınıń kelip shıǵıwı haqqında bir qansha maǵlıwmatlardı jergilikli xalıqlardan da alsaq boladı. Mısalı, J.Qosheterov bul atamanı adamnıń atı menen baylanıstıradı. Ol óziniń "Izban" shıǵarmasında tómendegidey maǵlıwmat beredi: *"Usı úsh júz úylik el qonǵan jerdiń erneginde de, Ámiwdárya suw alǵan bir jaylım suwlı kól bar eken. Onıń sazanı menen shabaǵına shanıshqı tiymegenlikten balıq iytırqın, kóp. Ash xalıq dárhal sol jaylım suwǵa qaza (jekennen toqılǵan qural) salıp tamaǵın toyǵızdı. Sóytip, bul jaylım suw "qaza salǵan jer" dep ataldı. Onıń balıǵı kóp bolǵanlıqtan, onıń dáregin esitkenler tumlı-tustan jáne bul jerge kóship kele berdi. Sonda, Qazaqbay degen bir áwmetli adam, sol qaza salǵan jerdiń ayaǵınan salma qazdırıp egin ekti. Tıń jerge egilgen egin ırǵalıp, shiresin kótere almaǵan sekerpara menen gúrbekler qaq ayırılıp, asqabaǵı shógirmedey boldı. Egin dese eńbeklep juwırǵan qaraqalpaq , ketpenin arqalap bul jerge de kóship keldi. Hám olar bul salmanı keńeytip qazdı.*

*Báhárgi tasıwda Ámiwdáryanı seń qısıp (úyilgen muz), náwpir suw "Qaza salǵan jer" degi jaylım suwdı shayıp ótti. Qazaqbay qulaq ashqan salmanıń kenarına sıymaǵan tasqın suw úlken dárya boldı. Bul dáryanıń suwı teńizge shekem barıp jetken edi. Sóytip, keń dala, keń*

*taqırlıq, keń toǵaylıq arasında úlken dárya payda boldı. Sol qaza salǵan jerden saǵa alıp, Qazaqbay baslap qazdırǵan bul salma – dárya bolǵanlıqtan, xalıq onı "Qazaq-dárya" dep atap ketti.* [5, 51-52]

Bazıları bul toponimniń kelip shıǵıwın "qaz" sózine baylanıstıradı. Yaǵnıy*, qazǵan dárya, qazdı dárya, qazıq dárya.* Sonnan Qazaqdárya atanıp ketken deydi. Joqarıda keltirilgen hár túrli kózqarastıń gúwası bolǵanımızday bir toponimiń etimologiyasınıń bir qansha kóp ekenligin kóriwimizge boladı. Biraq, biz Q.Ábdimuratovtıń pikirine tolıqlay qosılamız.

*Tájik* – bul haqqında eki túrli pikir bar. Birazı sol atawda tájik" otırdı dese, ekinshisi tájik arasına barıp kelgen birewdiń atı menen baylanıstıradı.

*Qıyatjap* – qıyat urıwınıń qazǵan jabı. Sol urıwdıń atı menen atalǵan. Informatorlardıń aytıwına qaraǵanda bul japtıń qazılǵanına 65-70 jıllar shaması bolǵan.

*Toǵızaq* – qaraqalpaqlardıń Qońırat arısınıń qıyat tiyresiniń bir bólimi "toǵızaq"tıń atına baylanıslı.

*Balǵalıjap* – bul úlken japtı qaraqalpaqlardıń balǵalı urıwları qazǵan. Sonlıqtan balǵalı jap atalǵan.

*Toǵıztóre* – xoja sıyaqlı ózlerin bólek sanaytuǵın qaraqalpaqtıń bir bóliminiń atına baylanıslı qoyılǵan. Adamlardıń aytıwınsha bular toǵız múyten bolǵan, toǵızı da tóre bolǵan desedi. Namaz oqıp atırǵan waqtında hámmesin birden shawıp ketken.

Moynaq rayonında qazaq millet wákilleri basqa millet wákillerine salıstırǵanda san jaǵınan kóbirek. Sonlıqtan rayon aymaǵında qazaq etnonimleriniń qatnasında payda bolǵan toponimler ushırasadı. Mısalı, Qazaqdárya, Qazaq awıl. Sonday-aq, qazaq tilinen jasalǵan toponimler de kóbirek ushırasadı.

*Qıpshaqdárya* – Qıpshaqdárya ádewir úlken dáryalardıń qatarına kiredi. Ol Porlıtawdıń tusında. Aqdárya menen qosılıp, teńizge quyıp turǵan. Ótken ásirde Qıpshaqdárya paroxod qatnan turǵan dárya edi. Biraq sońǵı jıllarda ol dáryanıń aldı uyıq tewip, aǵıs toqtap qaladı. Qıpshaq – bul urıwdıń atı. Bul jerde burın Sanmurın, Estek, Qanjıǵalı, Kóp soqır, Basar qıpshaq urıwları jasaǵan. Házirgi Shege hám Porlıtawda bul urıwlardan tek birli-yarım úyler qalǵan.

Maxmud Qashǵariydiń «Devanu Lugat at-túrk» dep atalǵan kitabında Qıpshaq sóziniń tusinigin jazǵan, onda bılay delingen: «Burıńǵı dáwirde bir sháhárde ájayıp bir haywan saqlanǵan eken. Ol haywannıń ózi iri hám shaqı uzın bolǵan. Usı haywannıń hádiysesi menen sol sháhárdiń atı Qıpshaq bolıp atalsa kerek"[5, 496]. XI-XII ásirlerde Aral teńizi jaǵalawlarında, Sırdárya ham Jayıq dalalarında Qıpshaqlar dep atalǵan qáwimler birlespesi jasaǵan Bular sol waqıtta «Desht-i Qipchaq» dep atalǵan belgili territoriyanı iyelegen. Házirgi qaraqalpaqlar, qazaqlar, noǵaylar, azlap ózbekler, bashqırlar hám tatarlar sol waqıttaǵı Qıpshaq qáwiimine birikken ulıwma xalıq bolǵan [6, 19].

Hazirgi bar Qıpshaq urıwları hám sol urıw tiykarında payda bolǵan Qıpshaq qalası, Qıpshaq dáryası dep atalǵan atamalardıń túpkilikli negizi usı áyyemgi qıpshaqlar menen baylanıslı bolsa kerek.

*Múyten awıl* – Qazaqdárya elatında jaylasqan. Bul jerde múytenler kóp bolǵan.

Joqarıda keltirilgen mısallar sonı kórsetedi, Moynaq rayonı aymaǵındaǵı etnotoponimler tariyxıy-etnikalıq procesler menen tikkeley baylanıslı halda qáliplesken. Bunday toponimler aymaqta jasaǵan millet, urıw hám etnikalıq toparlardıń atları menen baylanıslı bolıp, olar tek ǵana geografiyalıq obektlerdi ataw wazıypasın atqarıp qoymastan, aymaqtıń etnikalıq quramı hám tariyxıy rawajlanıw procesleri haqqında da maǵlıwmat beredi.

Sonıń ushın, etnotoponimler Moynaq rayonı toponimlik sistemasınıń zárúrli qatlamlarınan biri esaplanadı hám olardı úyreniw aymaqtıń tariyxıy-etnikalıq ózgesheliklerin anıqlawda zárúrli ilimiy áhmiyetke iye boladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005.

2. Күнхожа. Қосықлар. Нөкис. «Билим» 2018-жыл.

3. Абдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965.
4. Бегжанов Т. Қарақалпақ тили диалектологиясының мәселелеринен. - Нөкис: "Қарақалпақстан". 1971
5. Махмуд Қашғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). Тошкент: ЎзССР ФА, 1960. 1 т.
6. Н. А. Баскаков «Тюркские языки» Институт языкознания АН СССР. — М.: Издательство восточной литературы, 1960.

## ÚNEMLEW QUBÍLÍSÍNÍŃ FONETIKALÍQ KÓRINISLERI

(diereza hám akkomodaciya qubılısları)

**Rambergenova R.G.**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis qalası*

Sózdegi qatar kelgen dawıssız hám dawıslı sesler artikulyaciyasınıń bir-birine únlesiwi *akkomodaciya* delinedi. Bunday fonetikalıq qubılısta tásirge ushırap atırğan ses tolıq ózgerip ketpeydi ya túsip qalmaydı, óziniń belgilerin joytıp jibermeydi, sol fonemanıń allofonı sıpatında aytıladı, yağnıy, qońsılas kelgen sestiń tásirinde azı-kem ózgergen esaplanadı.

Úzliksiz sóylew ağımında sesler biri-birine tásir etip ózgeredi, sózdegi sesler qońsılas kelgen sestiń ayırım belgilerin ózine qabıllaydı, seslerdiń óz ara únlesiwi júzege kelip, kelesi sesti aytıwğa múmkinlik beredi hám sóylew ağzalarına artıqsha kúsh túsiwiniń aldın aladı. Mısal sıpatında *tún* sózin keltiriwge boladı, */t/* sesiniń aytılıwınıń eń sońğı úshinshi fazası – rekursiya baslanbastan, sóylew ağzaları kelesi erinlik */ú/* sesin aytıwğa qolaylasadı, yağnıy, */t/* dawıssızı qońsılas erinlik */ú/* sebepli labiallasadı. Labiallasıw procesi */n/* ğa da ótedi, */ú/* sesin aytıwdı juwmaqlamastan, sóylew ağzaları kelesi */n/* sesin aytıwğa tayar turadı. Bul qubılıs sesti tolığı menen ózgertip jibermeydi, al seslerdi aytıwda qolaylılıq tuwdıratuğın allofonı qollanıladı. Belgili rus ilimpazı A.A.Reformatskiydiń atap ótkenindey: «Akkomodaciyağa sesler jartılay ushıraydı, sebebi dawıslılar hám dawıssızlar eki túrli tiptegi sesler qatarına kiredi hám olar tolıq bir-birine ótip kete almaydı [1,164].

Dawıslı yamasa dawıssız sestiń qońsılas sestiń tásirine ushırawına qarap akkomodaciyanı *dawıslılar akkomodaciyası* hám *dawıssızlar akkomodaciyası* dep ekige bóliwge boladı.

*Dawıssızlar akkomadaciyası.* Dawıssız sesler, anaw yaki mınaw dawıslı menen qatar kelip, sol dawıslığa tán qanday da bir belgini ózine ózlestiriwi múmkin.

1. *Erinlik dawıslılardıń tásiri.* Dawıssız sesler erinlik dawıslılar */o/, /ó/, /u/, /ú/* menen bir sózdiń ishinde qońsılas kelip labiallasadı. Erinlik dawıslılar ózinen aldın kelgende de, ózinen keyin kelgende de dawıssızğa óz tásirin tiygizip otıradı. Tatar lingvisti M.Z.Zakievtiń aytıp ótkenindey: «Erinlik dawıslı, ásirese ózinen aldın kelgen dawıssızdıń artikulyaciyasına kóbirek tásir etedi» [2,80]. Dawıssızdıń labiallasıwına sebep sóylew ağzaları erinlik dawıslınıń aldında kelgen dawıssızdı aytıp atırğanda kelesi erinlik dawıslını aytıwğa tayarlıq kóredi. Máselen, *kór* sózinde */k/* sesin aytıp atırğan waqtımızda-aq erinler aldığa úyirilip, dóńgelene baslaydı, solay etip, erinlik */ó/* dawıslısın aytıw erterek baslanadı. Usı mısaldağı */r/* dawıssızı da belgili dárejede labiallasadı, sebebi erinler */ó/* dawıslısın aytıp bolıp birden neytral halatqa óte qoymaydı da, kelesi dawıssızğa da óz tásirin tiygizedi. Mına mısallar pikirimizdiń ayqın dálili boladı: *shuqır, urt, kólem, tútin* h. t. b. Keltirilgen mısallardıń barlığında da erinlik dawıslılardıń eki tárepinde kelgen dawıssızlarda sezilerli dárejede labiallasıw bar.

2. *Til aldı / til artı dawıslılarınıń tásiri.* Dawıssızlardıń qanday dawıslılar menen qatar keliwine qaray, olardıń til aldı yamasa til artı variantları payda boladı. Dawıssız til aldı dawıslısı menen qatar qollanılsa, dawıssızdıń palatal allofonı qollanıladı, al eger til artı dawıslısı menen qońsılas kelse, dawıssızdıń velyarlıq allofonı aytıladı. Máselen, *ber* sózinde */b/* hám */r/* sesleriniń palatal allofonı, *bar* sózinde */b/* hám */r/* dawıssızlarınıń velyarlıq variantı qollanılıp tur. Bir fonemanıń usınday variantları bir-birinen ajıralıp turadı. Dawıssızdıń palatal variantı til aldı dawıslısın aytqandağı tildiń jağdayına baylanıslı boladı, yağnıy, biz joqarıda keltirip ótken *ber* sózindegi */b/*, */r/* sesleri */e/* dawıslısı sebep palatallasadı, nátiyjede eziwler kerilip hám dawıs kóterińki aytıladı. Til artı dawıslıları menen birge kelgen dawıssızlardı aytqanımızda bolsa, til

artı dawıslılarınıń artikulyaciyası sıyaqlı til artqa sál jıljıydı. Keltirilgen mısallardan tómendegidey juwmaqqa keliwge boladı, til seslerdi aytıwdıń sonday optimal variantın islep shıqqan, bunda seslerdiń bir-birine únlesiwi sózlerdi aytıwǵa jeńillik tuwdıradı, bul óz gezeginde aytıw kúshin, waqıttı únemlewge alıp keledi.

*Dawıslılar akkomodaciyası.* Dawıslılardıń akkomodaciyası qatar kelgen dawıssızlardıń tásirinde júz beredi. Qaraqalpaq tilinde erinlik, murınlıq, til aldı hám til artı dawıssızlarınıń dawıslılarǵa tásiri kózge taslanadı.

1. *Erinlik dawıssızlardıń tásiri.* Eger dawıslı ses qos erinlik */b/, /p/, /m/, /w/* yamasa erinlik-tislik */v/, /f/* dawıssızlarınan keyin kelse, dawıslınıń belgili dárejede erinlik dawıssızdıń tásirinde aytılıwının seziw qıyın emes. Máselen: *perde, pikir, miy, bar, waqıt, vagon,* t.b. Bul erinler óz halatınan neytral halatqa ótip úlgermey, óziniń halatın dawıslıǵa ótkerip jiberedi.

2. *Til artı dawıssızlarınıń tásiri.* Til kúshli artqa tartılǵan, ashıq dawıslılar kómekeylik */h/* hám til artı */x/, /q/, /ǵ/* dawıssızları menen qatar kelgende solay aytıladı. Keltirilgen dawıssızlardıń tásirinde til artı dawıslısı */a/* kómekeylik reńk aladı. Mısalı: *qalıń, qurıw, qara, qarańǵı, xat, ǵarǵa, haqıyqat,* t.b.

3. *Murınlıq dawıssızlardıń tásiri.* Murın quwıslıǵınıń rezonator xızmetin atqarıwına baylanıslı murınlıq dawıssızlar esaplanǵan */m/, /n/, /ń/* sesleriniń tásir etiwi menen qońsılas kelgen dawıslılar nazalizaciyalanadı. Bul fonetikalıq qubılısqa sebep murınlıq sestiń aytılıwında, murın jolı jabılıp, awız jolı ashılıp úlgermesinen murınlıq dawıssızdan soń kelgen dawıslı aytılıp ketkenligi boladı. Mısalı: *mıltıq, qońız, mákgilik, negiz, sınıw,* t.b.

4. *Til aldı dawıssızlarınıń tásiri.* Dawıslı sesler til aldı */t/, /d/* dawıssızları menen bir jerde kelgende, sezilerli dárejede til aldı sesiniń belgilerin iye boladı, hátte, ol til artı dawıslısı bolsa da. Mısalı: *taǵa, tamır, darıw* hám t.b.

Akkomodaciyada sesler túsip qalmaydı, tek ǵana qońsılas kelgen sesler sózlerdi aytqanda bir-birine ıńǵaylasıp keledi. Bul fonetikalıq qubılıs tilden qolaylı paydalanıwǵa imkan beredi. Akkomodaciya sózlerdiń artikulyaciyasında bir sesten ekinshi sesti aytıwǵa óterde ańsat, tez, sóylew aǵzalarına kúsh túsirmesten, waqıttan da únemli paydalanıwǵa sebep bolatuǵın qubılıs.

Diereza – sózdegi dawıssız sestiń túsip qalıwı. Ol ózi menen qatar kelgen dawıslı sestiń qosıla túsip qalıwına alıp keledi. A.A.Reformatskiydiń pikirinshe: «Dierezalar assimilyaciyalıq tiykarǵa iye, yaǵnıy, assimilyaciya sebepli dawıssız sesler sózlerden túsip qaladı, ásirese qońsılas kelgen sesler sóylew aǵımında bir-birine únlesip kelgen waqıtta, ayırım sesler yamasa sesler kompleksi túsip qaladı» [1,75].

Qaraqalpaq tilinde */l/* sonantı kópshilik jaǵdaylarda sózden túsip qalıwı múmkin. Bul sestiń túsip qalıwı sózdiń ishinde yamasa sóz dizbekleriniń, yaki qospa sózlerdiń shegarasında bolıwı da múmkin. Ilimpaz U.Baychuranıń tastıyıqlawınsha, */l/* sonantınıń túsip qalıwına onıń kúshli sonant bolǵanlıǵı yamasa dawıslı seslerden derlik az ayırmashılıqqa iye ekenligi sebep boladı. Buǵan kimogramma nátiyjeleri dálil ekenin óz miynetinde aytıp ótedi [3,186].

Feyillerde, ásirese, */l/* sesiniń túsirilip aytılıwı kóp ushırasadı. Bul jaǵday tek qaraqalpaq tilinde emes, al ózbek, qazaq, uyǵır, bashqurt tillerinde de keń taralǵan. Házirgi qaraqalpaq tilinde */l/* sesine tamamlanǵan feyillerge *-ma//-me* bolımsız forma jalǵanǵanda, *kelme-keme, bolma-boma, alma-ama,* shárt meyildiń *-sa//-se* qosımtası jalǵanǵanda, *bolsa-bosa, qalsa-qasa, kelse-kese,* hal feyildiń *-ıp//-ip* qosımtası jalǵanǵanda, *alıp-ap, kelip-kep, bolıp-bop,* kelbetlik feyildiń *-ǵan//-gen* qosımtası jalǵanǵanda, *bolǵan-boǵan, kelgen-kegen, alǵan-aǵan* túrinde qollanılıp, túbirdegi */l/* sesi túsip qaladı. Bul jaǵday kóbinese awızeki sóylew tilinde ushırasadı: *Maǵan kep: «Sibirge jiberemen!» – dep qorqıtadı-aw! (Sh.Seytov). Túrgep sálem bereyin dese, tura almaydı (Sh.Seytov). – Qaytıp bopsań! – dedi Orazımbet (Sh.Seytov). Kele qapsız, endi kútpewge ilajım joq (Sh.Seytov).* Eger *ol, bul, sol* siltew almasıqlarına dawıssızdan baslanǵan sóz dizbeklesse, almasıqlardaǵı */l/* sesi túsip qaladı: *soyaqqa<sol jaqqa, oyaqqa<ol jaqqa, buyaqqa<bul jaqqa, sogúni<sol kúni, búgin<bul kún* t.b.

Hátte, ayırım sózlerde sesler kompleksi túsip qalıwı da múmkin. Máselen, *qızıl* sózine páseytiw dárejesi qosımtası qosılǵanda: *qızǵısh, qızǵılt, qızǵıltım.*

Sóylew tilinde *akel<alıp kel. apar<alıp bar, aket<alıp ket, aptús<alıp tús* sózleri kóp qollanıladı. Mısallardan kórinip turǵanınday, bul jerde de sesler kompleksi túsip qalǵan hám bunı da diereza qubılısı menen baylanıstırıwǵa boladı. Biraq, sózlerdiń bulay qısqarıp qollanılıwı tek sóylew tili ushın tán.

Ayırım dizbeklesip kelgen sózlerdiń shegarasınan *-ǵı, -gi* sesler kompleksi túsip qaladı: *arjaq<arǵı jaq, berjaq<bergi jaq* t.b. Geyde almasıqlardan *-sı* sesler kompleksiniń túsip qalǵanın bayqaymız: *qay birewi<qaysı birewi, qayjaqqa, qayaqqa<qaysı jaqqa, qayerge<qaysı jerge* t.b. Dierezanıń joqarıda kórsetilgen jaǵdayları sóylew tiline tán hám bul qubılıs sóylewdi ańsatlastıradı hám waqıttı únemleydi.

**ÁDEBIYATLAR:**


1. Реформатский А.А. Введение в языковедение. –М.: Наука, 1967.
2. Закиев М.З. Татарская грамматика. Т. III. Синтаксис. – Казань: Татарское книжное изд-во, 1992. – 488 с.
3. Байчура У.Ш. Звуковой строй татарского языка. Ч. I. Фонетика. – Казань: Изд-во Казанского университета, 1959. – 186 с.


## ТАБУ И ЭВФЕМИЗМЫ В КАРАКАЛПАКСКОМ ЯЗЫКЕ: КОГНИТИВНО-ПРАГМАТИЧЕСКИЙ АНАЛИЗ


**Жанназарова Ж.Р.**

*Докторант (PhD) Института гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, город Нукус*


В современной лингвистике особое внимание уделяется изучению языка как отражения и инструмента формирования культурной и когнитивной картины мира. В этом контексте исследование табу и эвфемизмов приобретает особую значимость, поскольку данные явления находятся на пересечении языка, культуры, мышления и социальных норм. Они не только регулируют речевое поведение, но и отражают глубинные ценности, страхи и этические установки общества.

Каракалпакский язык, обладающий богатым историко–культурным наследием, представляет собой уникальный материал для анализа табуированных зон и эвфемистических стратегий. В традиционном каракалпакском обществе система запретов и речевых замен формировалась под влиянием как архаических верований, так и норм социального этикета, что обусловило её сложную и многослойную структуру. Табу и эвфемизмы здесь выступают не только как лексические явления, но и как важные механизмы регуляции межличностного общения и поддержания социальной гармонии.

Научная новизна исследования заключается в комплексном подходе к изучению каракалпакской эвфемии не только как лексического явления, но и как когнитивного механизма адаптации традиционного кочевого сознания к современным коммуникативным нормам. Впервые проводится параллель между архаичными запретами (анималистические табу) и современными социальными стратегиями «сохранения лица» в каракалпакской лингвокультуре через призму теории вежливости П. Брауна и С. Левинсона.

Взаимосвязь языка и культуры является одной из центральных проблем современной лингвистики. Язык не просто отражает действительность, но и формирует её через систему фильтров, ограничений и предписаний. Одним из наиболее ярких проявлений такой фильтрации являются табу и эвфемизмы. В каракалпакском языке, обладающем богатым историко–культурным наследием, эти явления выступают хранителями национального менталитета, этикета и верований. Исследование данных категорий позволяет реконструировать фрагменты языковой картины мира каракалпаков, понять иерархию ценностей и этические границы общества.

Цель исследования – провести системный анализ табуированных зон в каракалпакском языке и классифицировать эвфемистические замены по их когнитивно–прагматическим функциям.

Феномен табу (от полинезийского tapu – запрет) изначально возник в рамках сакрального дискурса как способ ограждения человека от контакта с опасными сверхъестественными силами. В лингвистике под табу понимается запрет на использование определённых слов, вызванный суеверием, религиозными догмами или социальными нормами [5, с. 24].

Эвфемизм же выступает как инструмент реализации этого запрета – это замена табуированного слова нейтральным или позитивно окрашенным выражением. Как отмечают К. Аллан и К. Барридж, эвфемизм служит «лингвистическим щитом», защищающим участников коммуникации от дискомфорта, страха или оскорбления [1, с. 11]. С точки зрения когнитивной лингвистики, эвфемизация – это процесс перекатегоризации объекта, при котором негативный концепт–мишень замещается более приемлемым концептом–источником.

В рамках прагматики, согласно теории П. Брауна и С. Левинсона, использование эвфемизмов является стратегией «негативной вежливости», направленной на минимизацию посягательства на личное пространство собеседника и сохранение его «социального лица» [2, с. 102]. В каракалпакском языке, где категория уважения к старшим и социальная дистанция играют ключевую роль, эвфемизмы становятся обязательным элементом успешной коммуникации.

Каракалпакская система табу глубоко укоренена в быту и традициях народа. Основные пласты табуированной лексики можно классифицировать по следующим направлениям:

– религиозно–мифологические табу (связаны с доисламскими верованиями и исламской догматикой);

– социально–возрастные табу (включают запреты на использование имён старших родственников);

– антропологические табу (смерть, болезни, физиологические особенности).

Когнитивно–прагматический анализ показывает, что в каракалпакской речи выбор эвфемизма напрямую зависит от контекста (кто говорит, кому и в чьём присутствии). Например, невестка (келин) обязана использовать сложную систему замен в присутствии родственников мужа, что в лингвистике трактуется как реализация «избегательного поведения» [4, с. 56].

Исторически каракалпаки, как скотоводческий народ, испытывали сильный страх перед хищниками. Прямое называние волка (бөри) считалось опасным «призыванием» зверя к стаду. Вместо бөри используется ийт–қус (собака–птица) или ийисли (пахучий). С точки зрения когнитивистики, здесь происходит метонимический перенос – акцент делается на одном из признаков (запах) или на классификации (сходство с собакой), чтобы скрыть истинное имя объекта.

Змея (жылан): в степной культуре змея табуирована, её называют арқан (аркан), қамшы (плеть) или түйиншек (узелок). Это визуальные эвфемизмы, подменяющие опасный объект его формой [3, с. 210].

Это уникальное явление каракалпакской культуры, где невестка не имеет права называть по имени свекра, свекровь и братьев мужа. Если в разговоре ей нужно упомянуть человека с таким же именем, она должна придумать замену даже обычному слову. Например, если брата мужа зовут Аман (Здоровый), она заменит слово «здоровье» на саўлық или есенлик. Свекра по имени Балта (Топор) невестка будет называть «қайын атам» (мой тесть) или использовать описательную конструкцию – «отын жаратуғын» (то, чем колют дрова). Это демонстрирует прагматическую установку на абсолютное почтение, где имя становится сакральным объектом [4, с. 88].

Смерть в каракалпакском языке концептуализируется как переход или возвращение, что характерно для мусульманской картины мира. Слово өлиў (умереть) считается крайне резким. Вместо него используются: қайтыс болды (вернулся), дүньядан өтти (ушел из мира), жаны жәннетте болсын (пусть его душа будет в раю). Тяжелые болезни эвфемизируются для психологической защиты: оспу (шешек) называли мийман (гость), надеясь задобрить болезнь. Душевнобольных называют кеўли ала (пестрая душа), что смягчает социальное клеймо и выражает сочувствие [6, с. 45].

Сфера физиологии и отношений полов в каракалпакском обществе традиционно закрыта. Прямое слово буўаз применяется только к животным. В отношении беременной женщины говорят аяғы аўыр (ноги тяжелые), бойында бар (есть в теле) или күтинип жүр (ходит, оберегая себя). Вместо прямого обозначения туалета используются сыртқа шығып келиў (выйти наружу) или төмен барып келиў (сходить вниз). Это типичный пример «ортофемизма» – социально принятой нормы, позволяющей избежать неловкости [1, с. 56].

При сравнении каракалпакских эвфемизмов с аналогичными единицами в казахском или узбекском языках обнаруживается высокая степень сходства в кыпчакской группе. Однако в каракалпакском языке дольше сохранялись архаичные формы, связанные с рыболовством и спецификой жизни в дельте Амударьи. Например, табуирование названий определённых видов рыб в периоды нереста имело не только магический, но и экологический подтекст (рациональное использование ресурсов через сакральный запрет).

Табу и эвфемизмы в каракалпакском языке представляют собой сложную многоуровневую систему, выполняющую магическую, этическую и психологическую функции.

Эвфемизация в каракалпакской лингвокультуре тесно связана с концептом «уважения» (иззет). Обычай избегание имен является уникальным примером того, как социальные нормы диктуют полную трансформацию лексикона отдельной группы носителей языка (невесток).

Когнитивные механизмы формирования эвфемизмов основаны на концептуальной метафоре (смерть – это путешествие) и метонимии (называние части вместо целого или признака вместо объекта).

Несмотря на влияние глобализации, основные эвфемистические пласты, связанные с семейным этикетом и сакральными темами, остаются стабильными, что подтверждает их значимость для сохранения национальной идентичности каракалпаков.

Дальнейшее изучение темы может быть направлено на анализ гендерных различий в использовании эвфемизмов в современной городской и сельской среде Каракалпакстана.

## СПИСОК ИСПОЛЬЗОВАННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ:

1. Allan K., Burridge K. Euphemism and Dysphemism: Language Used as Shield and Weapon. – Oxford University Press, 1991. – 270 p.

2. Brown P., Levinson S. Politeness: Some Universals in Language Usage. – Cambridge University Press, 1987. – 345 p.

3. Бердимуратов Э. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң лексикологиясы. – Нөкис: Билим, 1994. – 224 б.

4. Даулетов А. Қарақалпақ тили этнолингвистикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. – 180 б.

5. Кайдаров А. Г. Структура и значения табу и эвфемизмов в тюркских языках // Вопросы языкознания. – 1983. – № 4. – С. 23–31.

6. Юсупов О. Эвфемизмы в каракалпакском фольклоре. – Ташкент: Фан, 1988.

# ПРОБЛЕМЫ ИЗУЧЕНИЯ МЕЖКУЛЬТУРНОГО ВЗАИМОДЕЙСТВИЯ

(в контексте истории Каракалпакстана)

**Нуржанов С.У.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук ККО АН РУз, г. Нукус*

Современное развитие исторической науки ставит перед учеными новые задачи, обуславливающие новые перспективы, новые горизонты научного познания. В центре этих исследовании становится человек, с его языком, культурой, ментальностью, со всеми его действиями, поведенческими паттернами, аксиологическими основами бытия.

Традиционное каракалпакское общество начала XX века являло собой конгломерат родов и племен, жизнь которого основывался на устои и быт, которые формировались веками. Во главе сообщества стояли бий и духовенство, которые определяли общую направленность и действенность политико-экономических процессов и духовно-нравственных начал в обществе, во взаимоотношениях между членами социума. В начале XX века оно представляло собой локальное общество с универсальными культурными системами, которое с завоеванием царской Россией втянулось в ход общемирового движения. Этот процесс видоизменил материально-хозяйственную культуру каракалпакстанского общества начала XX века, традиционно поддерживаемую и культивируемую веками, в меньшей степени затрагивая традиционную духовную культуру и религию.

События 1917 года и последовавший за ним кризис воспроизводства сильно повлиял на социальную жизнь, повседневную практику. Судя по предыдущей историографии, каракалпакское общество довоенного периода раскололось на две части, однако был ли этот раскол настолько критическим, чтобы вызвать социальный кризис в каракалпакстанском обществе? Был ли вообще раскол? Если нет, что же тогда связывало идеологически противоборствующие части населения, насколько они были свободны в выражениях своих целей и общественно значимых интересов?

Политическая история этих событий изучена достаточно хорошо, однако мы не видим того, как общество воспринимало новую власть, не слышим «голоса» остальных, которое составляло большинство. Их настроения до сих пор не получили отражения в исторических исследованиях.

Еще один вопрос, связанный с процессом взаимодействия культур народов Каракалпакстана и вновь формируемой «советской» культуры. В период установления советской власти большинство населения все еще находилось в плену сложившихся традиций и стереотипов, поведенческих паттернов и взглядов. А деятельность немногочисленной группы местного населения, под влиянием идей «авангарда революции», присланных из центра, выразилась лишь в отмежевании от той части традиционного, которая мешала удовлетворению собственных интересов и потребностей. Это показывает анализ стенограмм партийных и советских форумов, делопроизводственная документация 1920-х годов. В них не только столкновение интересов различных групп во власти, но и ярко высвечиваются проблемы общества в его повседневной динамике. Выдвинувшиеся во властные структуры некоторые члены общества не порвали полностью связь со своими сородичами, соблюдали традиции и обычаи, ничем не отличался от простых людей, так как это был определённый сложившийся образ взаимодействия с окружающей средой. Сохранялись этнические, национальные, гендерные стереотипы, которые выражаются, помимо вышеуказанных источников, и в документах казийских судов, печати, языке и фольклоре тех лет.

Однако, вскоре они образовали круг номенклатуры, выдвинутых из общей среды простых людей, при этом идет трансформация во внешности, так и внутренне. Советская власть активно готовит их в советских школах, других учебных заведениях, в процессе

«культурной революции», программа которых основывалась на партийно-советские установки и были направлены на формирование новых ценностей. Этот процесс протекал неравномерно, в этой сфере происходило много событий и явлений, которые характеризуют представления и взгляды простого обывателя. Например, многие родители не хотели отдавать своих детей в советские школы, особенно девочек. Выступали против ограничения религии, не хотели вступать в колхозы, хотя пользовались экспроприированными наделами; боялись нововведении, хотя в быту уже начали пользоваться новыми товарами; вели натуральное хозяйство и при этом пользовались услугами потребкооперации; лечились у местных знахарей, хотя существовала сеть медицинских учреждений; настороженно относились к тем, кто одевался «по-советски», новым людям нового времени. Менялась структура общества, менялись представления и мировосприятие людей.

При этом все эти процессы нельзя назвать культурной экспансией, в то же время и культурным взаимодействием. Политическое составляющее этого процесса сыграло ключевую роль. Например, в советской историографии образование каракалпакской государственности в форме советской автономии в 1925 году объясняется стремлением к претворению в жизнь многовековых чаяний  каракалпакского народа. В историографии периода независимости этот процесс преподносится как результат деятельности центра по разъединению некогда единого тюркского мира. Наблюдается тенденция объяснения данного процесса через деятельность исторических личностей, которые выступали «выразителями народной воли». Объективность оценки этих событий следует искать в другой плоскости: по сути, национально-государственное размежевание не могло осуществиться без участия местной элиты, духовенства, частью новой номенклатуры, но и без прямого вмешательства центра. Стремление центра укрепить свою власть на периферии совпало с интересами немногочисленной группы людей, стремившихся во власть (пусть даже с благими намерениями), однако в любом случае восприятие обществом власти (государства) не изменилось – для простых людей власть оставалось непререкаемой, карающей, направляющей силой. Этот аспект пока не рассматривается в отечественной историографии: ведь известны случаи, когда в советско-партийных органах (особенно на местах) работали представители традиционной верхушки общества.

Немногочисленные архивные материалы (информационные сообщения, докладные записки, сообщения с мест в печати) показывают, что первые акции советской власти были восприняты обществом настороженно, но со временем отношение людей стали меняться. Сколько семейных истории, где показывается трагизм, столько и позитивного того времени?! Например, земельно-устроительные работы середины 1920-х годов привлекло на сторону советской власти большинство безземельных и бедных дехкан. Они получили возможность обрабатывать земли и заработать, советская власть предоставляла гораздо больше социальных благ, чем прежняя. С другой стороны, безмолвствующее большинство под натиском идеологем большевиков было дезорганизовано, традиционное хозяйство было разрушено, классовый подход обусловил новую характеристику социальной структуры общества. Последовавшая за этим коллективизация привела к ликвидации индивидуальных хозяйств и частной собственности. Происходит изменение социальных условий жизнеобеспечения и жизнедеятельности, повлекшее за собой трансформацию традиционных форм видения мира и поведенческих мотивов. В осуществлении идей советского строительства некоторые социальные установки становятся тормозом на пути социальных перемен, одновременно сохраняя в себе качество взаимопомощи и взаимной поддержки. Так, политика насильственной коллективизации привела к кризису сельского хозяйства, с другой стороны наблюдается рост уровня жизни и доходов бедных слоев общества, каковых было большинство в структуре каракалпакстанского общества. Здесь важно выявить не статистические показатели, а показать жизнь общества, семьи, простого человека посредством материалов архивов, периодической печати, мемуарной литературы, путем сбора устных истории.

Через них описать подлинную историю, где речь шла бы о распространении новых ценностей, норм поведения, изменении мировосприятия и мировоззрения людей. Повсеместное открытие новых культурно-просветительских учреждений, сети учреждений здравоохранения и образования не могли не повлиять на настроения народных масс: нельзя отрицать и того, что люди стали активно участвовать в общественной, культурной жизни, большая часть населения стало проявлять интерес к просвещению, повысилось количество грамотных.

Таким образом, необходимо констатировать, что в данном случае мы можем наблюдать процесс аккультурации, то есть, управляемое культурное изменение жизнедеятельности каракалпакского общества. При этом большая часть которого добровольно стала участвовать в этом, так как аккультурация служила формированию национальной идентичности каждой этнической группы населения.

## АРТЫҚ КАРИМОВ МИЙРАСЛАРЫ МУЗЕЙДЕ

**Нарымбетова В.А.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ әдебияты тарийхы мәмлекетлик музейи «XIX әсир Қарақалпақ әдебияты» бөлими аға илимий хызметкери*

Әдебиятымыз, мәдениятымыз тарийхында елеўли из қалдырған тулғалардың ҳүрметин өз жайына қойыў, олардың ибратлы ислерин көпшилик арасында үгит-нәсиятлаў, әсиресе ҳәзир арамызда жоқ, бирақ изинде бийбаҳа мийрас қалдырған әдебий тулғалардың мийнетлери менен өсип киятырған жас әўладты таныстырыў арқалы илимли-билимли етип тәрбиялаўға өз үлесимизди қосыў ҳәр бир зыялы инсанның парызы болып табылады.

Усы көзқарастан дөретиўши тулғалардың архивлеринде сақланып қалған материаллар үлкен әҳмийетке ийе. Биз бул мақалада миллий әдебияттаныў илимимиз тарийхында белгили орны бар илимпаз, филология илимлериниң кандидаты, «Бердақ» атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери Артық Каримовтың музей фондына тапсырылған қолжазба ҳәм басқа да материалларына азы-кем шолыў жасаймыз.

Артық Каримов 1926-жылы Қарақалпақ Республикасының Кегейли районының 1-аўылында (ҳәзирги Нөкис районы) туўылған. 1934-1941-жылға дейин М.Горький атындағы мектепте оқыған. 1943-жылы Шымбайдағы муғаллимликке таярлайтуғын қысқа курсын питкерип, Кегейли районының Пахтаабад, Чапаев, Шолан, Ақтерек мектеплеринде 1951-жылға дейин муғаллим болып исследи. 1949-жылы Хожелидеги педагогикалық училищениң сыртқы бөлимин жумыстан қолын үзбей оқып питкерди.

1951-1955-жылы Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық Институтының Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факульттетинде оқып билимин жетилистирип, 1955-жылдан берли Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақ филиалының Н. Даўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтында аға илимий хызметкер, 1981-1987-жылларда әдебият бөлиминиң баслығы болып мийнет еткен. Қырқ жылдам аслам бир мекемеде- Н. Даўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтында аянбай мийнет еткен.

Артық Каримов Ташкенттеги Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының сыртқы бөлимде аспирант болып, 1963-жылы «Жийен Жыраўдың өмири ҳәм творчествосы» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлап шығады.

Артық Каримов тәрепинен қарақалпақ классик шайырларының өмири ҳәм дөретпелери, фольклорымыздың көп ғана бай мийраслары жыйналды. 1955-1985-жыллар аралығында Республикамыз аймағына, ҳәттеки, оннан тысқары үлкелерге де шөлкемлестирилген көп ғана әдебий ҳәм фольклорлық сапарларға белсене қатнасты. Олардың жуўмақлары ҳаққында бир-биринен қызықлы баҳалы материаллар жыйнайды, мақалалар жәриялайды.

Ол жоқарғы оқыў студентлери ушын қарақалпақ әдебияты сабақлығы (1983), мектеплер ушын оқыў сабақларын жазыўға, Қарақалпақ фольклорының көп томлығын баспаға таярлап шығарыўға белсене қатнасты.

Быйыл оның 100 жыллық юбилейи жәмийетшилигимиз тәрепинен кеңнен белгиленбекте.

А.Каримовты перзентлери: « – Әкемиз перзент тәрбиясына жүдә жуўапкершиликли еди, бизлерге әдиўли әке, мийирман дос бола билди. Әкемиз даўысын шығарып, я бақырып, я биреўмизге шапалақ берип көрген емес. Ол жүдә мийримли, кең ҳәм киши пейилли инсан еди, ҳәр биримиздиң қайсы пәнге қызығатуғынымызды бақлап барады, күнделиклеримизди ҳәптесинде тексерип отырады, ҳәттеки ата-аналар жыйналысына да өзи барып, устазларымыз бенен тығыз байланыста болды» [1:] – деп еслейди.

Мине усындай әдебият тараўында пидайы мийнет еткен А.Каримовтың перзенти Раўия Каримова тәрепинен 2026-жылдың 31-март күни Бердақ атындағы Қарақалпақ әдебияты тарийхы мәмлекетлик музейиниң фондына бир қанша бийбаҳа мийнетлери (260 (еки жүз алпыс)тан зыят) – мақалалар топламының, илимий жумысларының қолжазбалары, жазыўшы, шайыр, илимий хызметкерлердиң мийнетлерине пикирлери, сондай-ақ Артық Каримовтың илимий мийнетлерине берилген илимпазлардың пикирлери ҳәм рецензиялары, 1986-1990-жылларда ислеген илимий жумыслары бойынша қысқаша есабы, 1959-жыл март-апрель айларындағы экспедиция дала жазыўлары, 1962-жыл апрель-май айларында Тахтакөпир, Шымбай, Мойнақ, Қоңырат районларында шөлкемлестирилген әдебий экспедиция дәўиринде жыйнаған дала жазыўлары, ҳүжжетлери, медаллары, услап тутқан буйымлары тапсырылды. Буның ушын биз музей жәмәәти атынан оның перзентлерине терең миннетдаршылығымызды билдиремиз.

Биз музейимизге қабыл етилген А. Каримовтың қолжазбаларының айрымларына тоқтап өтиўди мақул көрдик. «Жийен жыраўдың өмири ҳаққында» деген мийнетинде Жийен жыраўдың өмири туўралы мағлыўматлар ең дәслеп шайырдың өз творчествосынан мәлим екенлиги, Жийен ҳаққында биреўден биреў еситип, ядта сақлап жүрген қатықулақ шежире адамлардан жазып алынған, халық арасында шашылып жүрген шығармаларын бирим-бирим жыйнап, тәртиплестирип алғы сөз бенен тәмийинлеп 1969 ҳәм 1985-жыллары «Посқан ел» деген ат пенен өз алдына топлам етип баспадан шығарғанлығы ҳаққында мағлыўматлар киритилген.[2:№6]

«Бердақтың әўладлары» деген мийнетинде Бердақтың өзи, туўысқанлары, олардың перзентлери, өзиниң балалары, ақлық-шаўлықлары ҳаққында мағлыўматлар берилип, олар Қарақалпақстанның Мойнақ, Шымбай, Кегейли, Қараөзек, Нөкис, Тахтакөпир, Қоңырат районларында туратуғынлығы, әлбетте Бердақтың шығармаларын ҳәм өмирбаянын жыйнаўда оның ақлық-шаўлықлары изертлеўшилерге үлкен жәрдем көрсеткенлиги ҳаққында айтылып, шайырдың шығармалары ҳәм өмири туўралы мағлыўматларды жыйнаў, изертлеў жумыслары еле даўам ететуғынлығына тоқтап өткен.[3:№4]

Оның 1969-жылы «Әмиўдәрья» журналының №10 санында жарияланған «Әдебий мийрасларымызды үйренейик» атамасындағы мақаласында бизге аты ҳәм шығармалары мәлим, бирақ изертлеў объектине ийе емес ҳәм шығармалары баспа жүзин көрмеген шайырларымыздың өмирин ҳәм дөретиўшилигин изертлеў ҳәзирги күнниң актуаль мәселелериниң бири деп сөз етилген.

«Октябрь аўдарыспағына шекем қарақалпақ халқының арасында жасап, халықтың аўыр турмысларын өз көзи менен көрип, оған жаны ашып, бул жағдайларды дөретиўшилигинде сәўлелендирген бир қанша шайырлардың аты ҳәм қосықлары бизге мәлим. Бундай шайырлардан Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Омар, Өтеш ҳәм тағы басқаларының өмири ҳәм дөретиўшилиги белгили дәрежеде изертлеў объектине ийе, изертленип атыр. Бирақ та Жаңабай шайыр, Бегжан шайыр, Хожамет шайыр, Аннақул, Әбдиқадир ҳәм тағы басқа шайырларымыздың өз заманындағы аянышлы турмысты, халықтың аўҳалын, социаллық жақтан теңсизликте сүўретлейтуғын баҳалы шығармалары

еле баспа жүзин көрмеди. Усы ўақытқа шекем революцияға дейинги жасаған шайырлардың аты аталғанда, олардың қатарынан бул шайырлардың гейпараларының аты да, шығармасы да гәп болмайды. Мәселен, Жаңабай шайыр туўралы еки рет газета бетинде статья жәрияланды, бирақ шайырдың халық аўзында айтылып журген қосықлары басылып шықпады.

Оның «Қазы-ийшан» қосығы мектеп хрестоматиясынан орын алған менен де, бул қосық халық қосығы қатарында жиберилген. Ол қосық та еле толық емес.

Сондай-ақ, Бегжан шайырды алып қарайық. Ол туўралы ҳешқандай мақалада жазылмады, оның бирде қосығы жарық көрмеди» – деп усы мақалада жоқарыдағы аты аталған шайырлардың ҳәммесине тоқтамастан, көбирек жыйналған материаллар тийкарында Бегжан шайыр ҳаққында қысқаша мағлыўмат берип өтеди.[4:№10]

«Бегжан шайыр Нурым улы 1855-жылы, ҳәзирги Мойнақ районының Ақбеткей аўылсоветиндеги «Қара бесқум» деген жеринде туўылған. Шайыр өзиниң балалық ўақтын ҳәм өмирин сол жағадағы «Көл саға», «Көк өзек», «Жалайыр», «Дәўқара» деген жерлерде өткерген. Ол қарақалпақтың мүйтен урыўының самат тийресинен. Шайырдың әкеси Нурым деген киси ағаш устасы болған. Бегжан шайырдың өзиниң хат оқып, хат жаза алатуғын дәрежеде ғана саўаты болған. Сонлықтанда ол халық арасында көбинесе «Юсип-Зылийха», «Дәрийха», «Ер Зийўар» ҳәм басқада қыссаларды намаға салып оқып беретуғын қыссахан болған. Өмириниң ақырына таман шайыр Гүрленге барып моллашылық ҳәм талап ислеген. Сол жерде жүрип 1908-жылы қайтыс болған.

Бегжан Нурым улының шайырлық таланты он төрт, он бес жасларында ақ қатар қурбы-қурдасларын күлки етиў, тойларда бет ашар айтыўлардан ҳәм жазып бериўден басланады. Шайыр буннан соңғы жыллары жәмийеттеги болып атырған қыйын турмысларды көрип, социаллық теңсизликти, халық массасының ериксизлигин көрсететуғын қосықлар жазыў дәрежесине дейин көтериле алады.

Шайырдың көпшилик қосықлары өз өмириниң белгили бир эпизодларына арналған. Мәселен: «Сәлем деңиз» деген қосығы Қазалыда күнликшилик етип журген өзиндей күнликшилердиң турмысына арналып жазылады. Бул қосықта шайыр Қазалыда күнликшилик етип жургендеги өзиниң ҳәм қасындағы жолдасларының турмысының аўырлығын көрсетип, елиндеги ата-анасына, қатар-курбыларына сәлем жоллайды. Елинен айрылып, күнликшилик турмысты басынан кеширип атырған бир ғана шайырдың өз басындағы жағдай емес. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында, улыўма революцияға дейин, Қарақалпақ жарлыларының турмыс жағдайы усындай еди» – деп шайыр ҳаққында дәслепки пикирлерди билдиреди [4:№10]. Буннан басқада А.Каримов архивинен жүдә көп қолжазбалар, қолтаңбалы китаплар, ҳәр қыйлы илимий бағдардағы мийнетлер, методикалық ҳәм оқыў қолланбалары алынды. Олардың ҳәммеси туўралы бир мақала көлеминlе толық сөз етиў мүмкиншилиги жоқ. Биз оның мийнетлери менен танысар екенбиз, 40 жылдам аслам бир мекемеде – Н.Даўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтында аянбай мийнет еткен Артық Каримовтың илимий дөретиўшилиги өзиниң рәң-бәрәңлиги менен айырылып туратуғынлығының гуўасы болдық.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ классик әдебиятының ҳәм фольклорының белгили изертлеўшиси А.Каримовтың архивинен алынған мийнетлери бизди бул илимпаз туўралы еле де илимий-теориялық пикирлер жүритиўге ийтермеледи. Әлбетте, бул алынған мийнетлер миллий әдебиятымыз бенен ол ҳаққындағы илимниң раўажланыўыда үлкен мийнет сиңирген устаз алымлардың ибратлы ислери ҳаққында еслеп турыў, өсип киятырған жас әўладтың тәлим-тәрбиясында үлкен роль ойнайтуғынлығын билдиреди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Қызы Раўия Каримованың еске алыў дәптеринен.

2. Жийен жыраўдың өмири ҳаққындағы мағлыўмат «Әмиўдәрья» журналы №6 саны, 1963.

3. «Бердақтың әўладлары», «Әмиўдәрья» журналы №4 саны, 1958.

4. «Әдебий мийрасларымызды үйренейик», «Әмиўдәрья» журналы №10 саны, 1969.

## РОЛЬ *ЭЛТИ* В СЕМЕЙНЫХ ОБРЯДАХ УЗБЕКОВ КАРАКАЛПАКСТАНА
(на примере Турткульского, Берунийского и Элликкалинкого районов)

**Курбанова З.И.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук ККО АН РУз, г. Нукус*

Семейные обряды представляют собой наиболее насыщенную ритуалами и традициями часть культуры любого этноса. В них концентрируется исторический опыт предшествующих поколений. Будучи консервативной областью обрядовой жизни, семейная обрядность, обладает свойством внедрять в себя новые элементы, интегрируя их в существующую традиционную структуру. Особую роль в трансляции и сохранении этих практик выполняет женщина. Одним из наиболее ярких женских ролей, характерных для узбекского населения южных районов Каракалпакстана, является *элти*.

Функции института *элти* носят многоплановый характер. В социальном аспекте он формирует дополнительные каналы взаимопомощи и кооперации между семьями, укрепляя локальную солидарность. Культурно-нормативная функция заключается в том, что через этот институт осуществляется передача этнических знаний, обычного права и воспитательных моделей подрастающему поколению.

Помимо термина «элти», в различных населенных пунктах южных районов Каракалпакстана, употребляются обозначения «ходим» и «куча боши». В настоящем сообщении мы будем использовать термин «элти», поскольку на сегодняшний день он является наиболее распространенным в районах, где узбекское население является преобладающим, и в которых проводились этнографические исследования (Турткульский, Берунийский и Элликкалинский).

Похожий институт в целом был характерен для узбеков, однако имел собственную систему терминов. Так, в Ташкенте, Самарканде и Бухаре для обозначения соответствующего специалиста использовали термин «кайвони», а также «дастурхончи» - женщину, обладавшую знаниями о традициях и обычаях. У данной фигуры имелась помощница, которую обозначали словом «ходими».

В городских кварталах функция *кайвони* предполагала глубокое знание местных норм и регламента, а также наличие социального доверия и признания в женской среде. В свою очередь, роль ее помощницы *ходими* обычно поручалась вдове, нуждавшейся в источнике дохода. Предполагалось, что помощница должна была быть активной, подвижной, внимательной к запросам и в достаточной степени ответственной, то есть надежной в выполнении возложенных обязанностей [7, 418].

О существовании подобного рода института в Хорезмском оазисе отмечал Г.П. Снесарев. В частности они писал, что в каждой общине *элат* существовали интересные по своим функциям лица, которых назвали *ходым* и *пейкал*, «своего рода блюстителей старых традиций, распорядителей на тоях – свадебных или по поводу обрезания» [6, 69]. Женскую часть приглашенных на мероприятие обслуживала *ходим*. Человек обслуживавший мужскую часть назывался *пейкал*. Г.П. Снесарев предполагает, что данный институт восходит к древним родовым традициям, возникшим в силу того, что компетенция мусульманского духовенства была ограничена кругом чисто религиозных вопросов и оно не смогло да и не было правомочно охватить весь комплекс родовых обычаев и обрядов, стойко сохранявшихся на протяжении столетий» [6, 69].

Независимо от характера события, участие *элти* носит обязательный характер. Ее роль заключается в том, что она осуществляет общее руководство процессом: формулирует указания, распределяет обязанности и обеспечивает согласованность действий участников. При этом значимость ее компетенции социально

институционализирована - к ее рекомендациям и решениям, как правило, относятся с обязательным вниманием [3].

В рамках этих полномочий *элти* осуществляет распределение ролей и видов деятельности с целью обеспечить нормативную организованность мероприятия: рациональное размещение гостей, своевременное обеспечение питанием и соответствие церемониальной логике происходящего. Существенная часть ее ответственности связана с этапом сватовства. Так, при согласовании условий калыма участие родителей жениха, как правило, не предполагается: они не должны вмешиваться в переговорный процесс. Переговоры ведет *элти*, именно она озвучивает размер калыма, который может предоставить сторона жениха, и выступает главным интерпретатором допустимых условий. Кроме того, *элти* координирует распределение отрезов ткани, передаваемых и даруемых сторонами, определяет порядок их раздачи и тем самым регулирует символическую и материальную составляющую дарообмена. В ее компетенцию входит также фиксация и объявление характеристик текстиля - количества и качества предоставляемых материалов [4].

В Хорезмской области функции ходим (*элти* - З.К.) нередко включали не только организацию, но и оповещение о предстоящем семейном событии широкого круга родственников и знакомых. Если хозяева дома в момент визита для оповещения о предстоящем мероприятии отсутствовали, ходим привязывала кусочек текстиля, к дверной ручке (или замку) и уходила.

За день до свадьбы проводился обряд «ходим чиқар». Центральной фигурой выступала «ходим она». «Ходим» входила в круг присутствующих, надевала на себя все новые наряды невестки, после чего кланялась и приветствовала собравшихся, выражая почтение. В свою очередь, родственники, как близкие, так и дальние, одаривали ходим платком, либо одеждой «кўйлак». В ответ ходим совершала молитвенное обращение с пожеланием того, чтобы *бошингиз туйдан чицмасин* (букв. пусть ваши головы не выходят из свадебных торжества) [2, 102].

Несмотря на внешнюю простоту института службы *ходим*, ее отсутствие могло приводить к организационным затруднениям и нарушению согласованности действий. Это объяснялось высокой степенью обрядовой насыщенности семейных мероприятий, главным образом свадебной, и необходимостью соблюдения регламентированной последовательности церемониальных этапов: при отсутствии ходим хозяевам нередко приходилось сталкиваться с суетой и спешкой, что приводило к разного рода казусам.

В некоторых местностях Хорезмской области существовала традиция, когда перед свадьбой *ходим* наряжалась в одно из наиболее нарядных платьев невесты. Надевала она этот наряд поверх своего и в таком виде направлялась, чтобы оповестить окружающих о предстоящем событии. Даже если она выглядела в таком наряде необычно, сам факт ее особого наряда воспринимался однозначно: видевшие ее понимали, что в определенном доме вскоре состоится свадьба. В результате в народной речи закрепилось выражение: «Ты нарядилась необычно, как ходим: “ходимга ўхшаб анойи”». [1, 34,35].

Важна роль *элти* в погребальной обрядности. Ее участие является обязательным, в частности, при совершении ритуала омовения *улини ювиш.* В рамках данного обряда *элти* выполняет функции распорядительницы: обеспечивает общее руководство процедурой, контролирует соблюдение установленной последовательности действий и тем самым гарантирует нормативную корректность исполнения ритуала. Помимо этого, *элти* принимает участие в обряде облачения покойного в саван [5].

Не менее значима роль *элти* и на этапах посмертного поминовения. Ее присутствие обязательно в дни, соответствующие традиционным срокам поминальной практики: семидневие, сорокадневие, пятидесятидвухдневие, стодневие, а также годовщина со дня смерти. На этих церемониях элти осуществляет организационную координацию: распределяет гостей по помещениям, контролирует порядок подачи пищи и следит за

корректным распределением полученных даров, прежде всего отрезов ткани, выступающих значимым элементом материальной поддержки.

За выполненные распорядительные функции *элти* получает вознаграждение в форме отрезов ткани. Как правило, оно составляет один - два отреза ткани за проведенное мероприятие. Денежное вознаграждение в данной практике обычно не предусматривается.

Семейные обряды узбеков Каракалпакстана представляют собой важный компонент традиционной культуры, в котором находит выражение исторически накопленный социальный опыт и система норм, регулирующих взаимодействие членов локального сообщества. Внутри этого обрядового комплекса особое место занимает институт женских распорядительных ролей, среди которых ключевую функцию выполняет *элти* (*ходим, куча боши*). Проведенный анализ показывает, что институт *элти* носит многофункциональный характер. В социальном аспекте он способствует поддержанию кооперации и взаимопомощи между семьями, укрепляет механизмы локальной солидарности и задает устойчивые сценарии взаимодействия участников.

## ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА И ИСТОЧНИКИ:

1. Маткаримова Н.М. Никоҳ туйи маросимлари. Тошкент: Voris nashriyot, 2025.
2. Нуруллаева Ш. Хоразм анъанавий кийимлари. Тошкент: Yangi nashr, 2013.
3. ПМА 2025, № 35. Элликкалинский район, ул. Узбекистон овози, 2 А. Реимова Шарофат.
4. ПМА 2026 № 8. Турткульский район, ф/х. Ш. Рашидов. Абдрахманова Сакина. 1951 г.р.
5. ПМА 2026 № 22. Берунийский район, ССГ Шаббаз, ул. Багдат, 3. Юлдашева Халима.
6. Снесарев Г.П. О некоторых причинах сохранения религиозно-бытовых пережитков у узбеков Хорезма (По полевым материалам 1954-1956 гг. Узбекского отряда Хорезмской археолого-этнографической экспедиции) // Советская этнография. 1957, № 2. С.60-72.
7. Шаниязов К.Ш. Соседско-территориальная община // Узбеки. Народы и культуры. Москва: Наука, 2011. С. 416-424.

# УЗБЕКСКИЙ СВАДЕБНЫЙ ЦИКЛ ЮЖНОГО ПРИАРАЛЬЯ: СОХРАНЕНИЕ И ИЗМЕНЧИВОСТЬ РИТУАЛА

**Камалова Р.С.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук ККО АН РУз, г. Нукус*

Традиционно-бытовая культура узбеков Южного Приаралья представляет собой уникальный пласт среднеазиатской этнографии. Свадебная обрядность здесь — это не просто семейное торжество, а сложная знаковая система, в которой закодированы исторические слои: от доисламских верований до современных социокультурных адаптаций. Специфика региона, обусловленная тесным взаимодействием с каракалпакской и туркменской средой, наложила особый отпечаток на структуру и семантику узбекского свадебного цикла.

Проблематика семейно-брачных отношений у народов Центральной Азии и Казахстана имеет глубокую историографическую традицию. Основополагающую роль в систематизации накопленного эмпирического материала сыграл Н.А. Кисляков [1, с.240], чьи труды позволили впервые обобщить сведения о традиционных институтах брака, включая экзогамные нормы, систему табуации и обрядовую структуру союзов.

В историографии вопроса ключевое место занимают работы Н.П. Лобачевой [2, с.3-13; 3, с.140; 4, с.144-175], К.Л. Задыхиной [5, с.333; 6, с.333]. Авторами был детально реконструирован свадебный цикл узбеков Южного и Западного Приаралья, что послужило базой для дальнейшего сравнительно-типологического анализа обрядности

региона. В их работах представлен детальный этнографический анализ ритуальных практик, зафиксированных в период их активного функционирования. Исследования того времени обладают особой научной ценностью: они фиксируют целостный комплекс свадебной обрядности узбеков, который в современных условиях в значительной степени трансформировался и перешел в категорию историко-культурного наследия (реликтов), требующего научной реконструкции.

Развивая положения, заложенные в трудах Н.П. Лобачевой и К.Л. Задыхиной, современное исследование свадебной обрядности узбеков Южного Приаралья требует фиксации тех трансформаций, которые произошли в ритуальной практике за последние десятилетия. Эти изменения обусловлены не только общей социально-экономической трансформацией региона, но и интенсивными процессами глобализации, которые вступают во взаимодействие с устойчивым пластом локальных традиций.

Свадебный цикл узбеков Южного Приаралья представляет собой наиболее репрезентативную и структурно сложную подсистему в иерархии семейной обрядности региона. Данный комплекс характеризуется строгой стадиальностью и включает в себя несколько ключевых этапов: прелиминарный (сватовство, сговор, помолвка), подготовительный и кульминационный. Центральное место в структуре занимает собственно свадебное торжество, интегрирующее религиозный акт бракосочетания (*никох*) с многослойным ритуалом перехода невесты в дом супруга. Завершающим звеном выступает серия постсвадебных обрядов, направленных на окончательную социализацию новой семьи и закрепление межродственных связей.

Современный свадебный цикл узбеков Южного Приаралья заметно «сжался». Время празднования сократилось, но главные ритуальные моменты остались на своем месте. В отличие от середины прошлого века, когда свадьбы растягивались на долгое время, нынешние обряды сфокусированы на самом важном. Даже в обновленном виде свадьба остается для людей священным ритуалом, а не просто формальностью [7].

Можно констатировать тот факт, что современные городские жители могут не осознавать их глубокий мифологический подтекст, исполняя их «по традиции».

Свадебная обрядность узбеков Южного Приаралья наглядно демонстрирует устойчивость институтов сельской общины (**элат**, **илод**), сохранивших свое влияние на семейный уклад с начала XX столетия до наших дней. Традиционно структура брачных связей в регионе опиралась на принципы локальной и родственной эндогамии, что типично для древнеземледельческих ареалов [3, с.25]. В контексте общинной жизни наиболее рельефно проступают функции социального регулирования брака и коллективные формы отправления общественного культа, адаптированные к современным социокультурным реалиям.

Существенные изменения наблюдаются в трансформации ритуального пространства. Если ранее центральным локусом свадебных действий выступал домашний двор, то в настоящее время его функции все чаще переходят к специализированным площадкам - «туйхонам», ориентированным на массовость и зрелищность. Подобная пространственная переориентация сопровождается частичной десакрализацией традиционно значимых элементов (таких как порог или очаг) и, одновременно, усилением декоративно-презентационных аспектов обряда, включая визуальное оформление и техническое сопровождение.

Вместе с тем, этнографические наблюдения свидетельствуют о сохранении ключевых лиминальных практик, связанных с переходным статусом новобрачных. Даже в условиях урбанизации продолжают бытовать ритуалы, направленные на обеспечение символической защиты: скрывание невесты под фатой или занавесом (шымылдык), ограничивающее её контакт с внешним миром, а также обряд «шашу» - осыпание молодых сладостями и монетами, интерпретируемое как форма имитативной магии, призванной обеспечить благополучие, плодородие и достаток в новой семье.

Предварительный этап - сватовство - в исследуемом регионе сохраняет черты

жесткой ритуализации. Решающая роль старейшин и посредников подчеркивает приоритет общинных интересов над индивидуальными. В Южном Приаралье этот процесс традиционно служил инструментом «горизонтальной мобильности», связывая семьи разных локальных групп и укрепляя социальную ткань региона.

По свидетельствам информантов старшего поколения и архивных этнографических описаний, выбор брачного партнёра преимущественно осуществлялся родителями и ближайшими родственниками. Решение принималось с опорой на совокупность социально значимых критериев: «ата-теги» (происхождение и репутация семьи), хозяйственная состоятельность, трудолюбие, физическое здоровье, а также территориальная близость. Последний фактор имел особое значение: предпочтение, как правило, отдавалось представителям своего аула либо родственным линиям, проживающим в соседних поселениях [8].

В полевых интервью, записанных в ряде районов Республики, респонденты старшего возраста подчёркивают: «Все должны жить рядышком», аргументируя это практиками повседневной взаимопомощи. Близость проживания обеспечивала участие родни и соседей в коллективных работах - строительстве жилища, организации мереке (крупных семейно-обрядовых мероприятий), а также в поддержке в кризисных ситуациях.

Таким образом, брачная стратегия выступала не только семейным, но и социально-экономическим механизмом поддержания локальной общины [7].

Вместе с тем, новейшие полевые материалы фиксируют заметную трансформацию данных установок. Среди молодого поколения усиливается тенденция к самостоятельному выбору брачного партнёра, нередко выходящему за пределы родного района или традиционной сети родства. Расширение образовательных и трудовых миграций, а также влияние современных коммуникационных практик способствуют пересмотру прежних норм, что отражает постепенный переход от коллективно регулируемой модели брака к более индивидуализированной.

Процедура брачного соглашения открывалась визитом жуўшы (сватов), который, следуя устоявшейся норме, имел ярко выраженный ритуализированный характер. Согласно полевым материалам, собранным в последние годы, как и в более ранних описаниях Лобачёва (1960-1970-е гг.), первыми в дом девушки направлялись 3-4 социально авторитетных мужчины - ближайшие родственники жениха по отцовской и материнской линиям. Их статус подчеркивал значимость намерений стороны жениха и придавал особый вес переговорному процессу.

Общение разворачивалось в рамках уважительного диалога со старшими представителями рода невесты, где ключевую роль играли нормы старшинства и семейной чести. В случае достижения согласия осуществлялся акт дарения «Белги ақ» - отреза белой ткани, выступающего, по локальным интерпретациям информантов, знаком «чистого намерения» и предвестием благополучного, «светлого» жизненного пути создаваемой семьи [7]. Этот элемент обряда демонстрирует устойчивость: современные полевые данные подтверждают его сохранность с незначительными изменениями, что согласуется с более ранними фиксациями у Лобачёвой.

Важно отметить, что в рамках традиционной нормативной системы любые формы добрачного общения молодых вне признанного сватовства рассматривались как постыдные. Первая допустимая встреча жениха и невесты могла состояться лишь после окончательного закрепления договорённостей между семьями, что отражает приоритет коллективных интересов рода над личными инициативами.

После получения согласия со стороны родителей девушки следовал собственно обрядовый приход сватовства, осуществляемый уже женской группой со стороны жениха. По свидетельствам информаторов, в её состав входили мать жениха, ближайшие тёти и одна из уважаемых женщин аула, обладавшая признанным авторитетом в общине. Такой состав подчеркивал не только семейный, но и общественный характер совершаемого действия.

Сватовки приносили с собой дастархан, включавший традиционные угощения: лепёшки различных видов - катлама (слоёные лепёшки), патир, а также сладости и фрукты. Особое значение придавалось количеству лепёшек: как отмечают информаторы, оно варьировалось от 9 до 40, причём выбор числа объясняется местными представлениями о благополучии и достатке.

Все принесённые дары заворачивались в белую ткань, которая затем разрезалась на небольшие отрезы (примерно 30 × 30 см). В каждый такой отрез помещались кусочки принесённых лепёшек, после чего их раздавали родственникам девушки. По объяснениям информаторов, этот обычай воспринимается как знак единения и своеобразной «передачи доли» праздничной благодати, с пожеланием, чтобы подобные радостные события произошли и в семьях получателей [7].

За достижением предварительной договоренности между главами семей следовала фаза сакрализации договора, выраженная в ритуальном визите женской делегации со стороны жениха. Согласно полевым записям, данная группа имела строго регламентированный состав: мать претендента, его близкие родственницы по женской линии (тёти) и - что критически важно для легитимации союза - «уважаемая женщина» (авторитетная представительница общины). Как поясняет информант (жен., 1956 г.р.): «*Мать идет за невесткой, а почтенная соседка - свидетелем перед всем миром быть, чтобы в ауле знали: дело верное и честное*». [9] Такое расширение круга участников переводило событие из частного семейного акта в категорию социально значимых явлений.

Это событие также знаменуется центральным элементом ритуала - подношение дастархана - обрядовой трапезы, обладающей глубоким символизмом. Как было отмечено выше, основу дара также составлял хлеб: ритуальные лепешки катлама (слоеные лепешки) и патир. Этнографический интерес представляет нумерологический аспект подношения: число лепешек строго варьировалось от 9 до 40 единиц. Выбор этого диапазона детерминирован локальными магическими представлениями о накоплении благодати. Информанты подчеркивают: «*Меньше девяти нельзя - несерьезно, а сорок — это полнота, чтобы в доме всё было в избытке*». [7; 10; 8]

Особое внимание в ходе полевых исследований было уделено процедуре распределения принесенных даров. Все угощения изначально доставлялись завернутыми в белую ткань, цвет которой в народном сознании неразрывно связан с чистотой помыслов и «светлым путем» (ак йол). По завершении основной части встречи ткань разрезалась на небольшие фрагменты (приблизительно 30 × 30 см), превращаясь в ритуальные узелки. В каждый отрез помещали частицы принесенного хлеба для последующей раздачи родственникам невесты [7; 10; 8].

В данном контексте мы наблюдаем механизм трансляции благодати: хлеб, пропитавшийся энергетикой праздничного обряда, становится носителем удачи. По словам информантов, эта практика (*«доля»*) призвана магическим путем спроецировать радостное событие на семьи всех сопричастных: «*Мы раздаем это как семена счастья, чтобы в каждом доме скоро тоже праздновали свадьбу*». [11] Таким образом, обычай раздачи хлебных долей выступает инструментом укрепления родственных связей и поддержания социального равновесия внутри общины.

Последний свадебный обряд в родительском доме — это трогательное прощание невесты с детством и семьей. Он означает, что прежняя жизнь подошла к концу, а впереди ждет совершенно новый этап.

Этот ритуал символизирует выход девушки из круга родных. Это момент «отрыва» от защиты отчего дома: невеста как бы «умирает» в роли дочери, чтобы заново «родиться» в новой семье уже в статусе жены.

Свадебный дискурс узбеков Южного Приаралья представляет собой сложную последовательность ритуально организованных действий, в рамках которых раскрываются основные представления традиционного общества о семье, родстве, сакральной чистоте и

социальной преемственности. Каждый этап свадебного цикла имеет не только бытовое, но и глубокое символическое значение, формируя единую систему переходного обряда, сопровождающего вступление молодых в новый социальный статус. В традиционном мировоззрении свадьба воспринимается как процесс постепенного «перевода» человека из одной социальной и сакральной категории в другую, что определяет особую насыщенность обряда знаковыми действиями и коллективными практиками.

Первоначальным и наиболее значимым этапом выступает обряд - благословение и духовная легитимация брачного союза. Его смысл выходит далеко за рамки религиозного акта: именно здесь союз молодых получает общественное признание и сакральное одобрение старших поколений. Важнейшим компонентом данного этапа является совместная трапеза, обладающая выраженной символической функцией. В этнографической традиции совместное вкушение пищи рассматривается как древнейшая форма закрепления договора, своеобразный акт коллективного свидетельства и подтверждения нерушимости достигнутого соглашения. Хлеб, сладости и ритуальные блюда в данном контексте выступают не только как угощение, но и как носители благопожеланий, благодати и идеи будущего достатка молодой семьи. По представлениям информантов, «разделённый хлеб объединяет судьбы», а потому отказ от участия в общей трапезе воспринимался как нарушение норм общинной солидарности.

Следующей стадией является - обряд единения, направленный на окончательное оформление новых родственных связей. Именно на этом этапе происходит символическое включение двух семей в единую систему взаимных обязательств и социальной поддержки. В традиционном обществе Южного Приаралья брак никогда не воспринимался исключительно как союз двух молодых людей; он рассматривался прежде всего как объединение родов, укрепление локальных общинных связей и механизм поддержания социальной устойчивости. Во время данного этапа особое внимание уделялось демонстрации уважения между сторонами, обмену дарами, коллективным благопожеланиям и участию старейшин. Через подобные действия закреплялась идея согласия и взаимной ответственности, а сама свадьба приобретала характер общественно значимого события, выходящего за пределы частной семейной жизни.

Кульминационной частью свадебного цикла выступает - праздничное пиршество, соединяющее элементы торжества, зрелища и коллективного ритуального действия. В рамках данного этапа наиболее ярко проявляется репрезентативная функция свадебной обрядности. Музыка, танцы, состязания острословов, ритуальный юмор и публичные поздравления образуют особое праздничное пространство, в котором община символически подтверждает собственную жизнеспособность и культурную преемственность. Этнографические материалы свидетельствуют, что традиционные музыкальные и песенные формы выполняли не только развлекательную функцию, но и служили средством коллективной передачи культурной памяти, закрепления нравственных норм и представлений об идеальной семейной жизни. Танцевальные действия, сопровождаемые звучанием карная, сурная и доиры, воспринимались как выражение общественной радости и одновременно как форма ритуального пожелания плодородия, достатка и гармонии новобрачным.

Современная трансформация свадебной обрядности Южного Приаралья демонстрирует постепенный процесс рационализации ритуальной практики. В последние десятилетия наблюдается заметное сокращение продолжительности свадебных торжеств, упрощение ряда архаичных процедур и уменьшение объёма демонстративных даров, ранее служивших показателем социального статуса семьи. Подобные изменения обусловлены как экономическими факторами, так и влиянием урбанизации, миграционных процессов и современных культурных стандартов. Если ранее свадьба могла продолжаться несколько дней и включать сложную систему взаимных угощений и обрядовых посещений, то сегодня многие элементы сокращаются или приобретают символический характер.

Однако, несмотря на процессы модернизации, базовое ядро свадебной обрядности остаётся устойчивым. Наиболее консервативными сохраняются практики почитания старших, коллективного благословения молодых, а также символика порога и перехода, тесно связанная с представлениями о смене жизненного статуса. В народном сознании порог дома продолжает восприниматься как сакральная граница между двумя мирами - прежней жизнью девушки и её новым положением в семье мужа. Именно поэтому многие ритуальные действия, связанные с вводом невесты в дом, соблюдаются даже в условиях современной городской среды.

Таким образом, свадебная обрядность узбеков Южного Приаралья представляет собой не только систему семейных ритуалов, но и важнейший механизм сохранения этнокультурной идентичности. Даже претерпевая изменения под воздействием современных процессов, свадебный цикл продолжает выполнять функции социальной интеграции, трансляции традиционных ценностей и поддержания исторической памяти общины.

## ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА И ИСТОЧНИКИ:

1. Кисляков Н.А. Очерки по истории семьи и брака у народов Средней Азии и Казахстана. Л. 1969.

2. Лобачева Н.П. О процессе формирования новой семейной обрядности (по материалам Узбекистана) // Советская этнография, 1972, №1, с.3-13.

3. Лобачева Н.П. Формирование новой обрядности узбеков. М., 1975, 140 с.

4. Лобачева Н.П. К истории сложения института свадебной обрядности (на примере комплексов свадебных обычаев и обрядов народов Средней Азии и Казахстана) // Семья и семейные обряды Средней Азии и Казахстана. М., 1978, С.144-175.

5. Задыхина М.В. Узбеки дельты Аму-Дарьи // Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции (ТХАЭЭ), т.1, 1952.

6. Задыхина М.В. Культура и быт узбеков Кипчакского района Каракалпакской АССР // ТХАЭЭ, т.II, 1958.

7. ПМА 2026, №2. Турткульский район. Информатор: Сабурова Саида.

8. ПМА 2026, №4. Турткульский район. Информатор: Матьякубова Сапаргуль.

9. ПМА 2026, №5. Турткульский район. Информатор: Полатова Гульосан.

10. ПМА 2026, №3. Турткульский район. Инфрматор: Алланова Мура.

11. ПМА 2026, №1. Турткульский район. Информатор: Наржан-мома.

## STUDENT JASLARDÍŃ SOCIALLIQ ÓZLIGIN QÁLIPLESTIRIWDE ANA TILINDEGI KLASSIKALIQ ÁDEBIY KANONNIŃ ORNI

(Qaraqalpaqstan misalinda)

**Kamalova Kh.S.**

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis qalası*

Ózbekstan rawajlanıwınıń házirgi basqıshı mámleketlik suverenitetti bekkemlew hám jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawların modernizaciyalawǵa qaratılǵan tereń sociallıq-mádeniy transformaciya menen xarakterlenedi. Globallasıw hám mádeniy mákandı sanlastırıw processleriniń kúsheyip baratırǵan sharayatında milliy ózine tánlikti saqlaw máselesi strategiyalıq áhmiyetke iye bolmaqta. Ózine tán mádeniy-tariyxıy miyrasqa iye bolǵan Qaraqalpaqstan Respublikası ushın bul wazıypa milliy til hám ádebiyattı búgingi málimleme jámiyetiniń talaplarına sáykeslendiriw zárúrligi menen baylanıslı. Joqarı oqıw ornınıń bilimlendiriw ortalıǵı bul jerde tiykarǵı institut bolıp esaplanadı, bul jerde tek bilimler translyaciyası emes, al keleshektegi intellektuallıq elitanıń sociallıq ózligin qurıw da ámelge asadı.

Biraq, usı ózliktiń qáliplesiw processinde keskin sociallıq qarama-qarsılıq anıqlanadı. Bir tárepten, mámleket siyasatı hám jámiyetlik talap óz mádeniyatın tereń biliw tiykarında jaslardı milliy sana-sezimi joqarı dárejede tárbiyalaw zárúrligin talap etpekte. Ekinshi tárepten, joqarı

oqıw orınlarınıń ámeliyatında qaraqalpaq tilindegi klassikalıq - hám dúnyalıq, hám fundamentallıq ilimiy tekstlerdiń real jetispewshiligi baqlanbaqta. Milliy mádeniyattıń "aynası", jáhán mákanına integraciyalasıw quralı bolıwı kerek bolǵan ádebiy kanon úzik-úzik bolıp shıǵadı.

Mashqala sonda, dúnya intellektuallıq miyrasınan óz ana tilinde tolıq paydalanıw imkaniyatınıń joq ekenligi student-jaslardı "dáldalshı" tillerge múrájat etiwge májbúr etpekte. Sociologiya kóz qarasınan qaraǵanda, bul "periferiyalıq" ózin-ózi seziw qáwpin tuwdıradı, bunda ana tili turmıslıq til sıpatında qabıl etile baslaydı, al joqarı ilim hám "úlken" ádebiyat tarawı basqa lingvistikalıq sistemalarǵa bekitilip qoyıladı. Bunday ajıralıw etnomádeniy qádiriyatlardıń jemiriliwine hám studentlerdiń sociallıq ózgesheliginiń deformaciyasına alıp keliwi múmkin.

Maqalanıń maqseti Qaraqalpaqstandaǵı joqarı oqıw orınları studentleriniń sociallıq ózózin seziw xarakteri menen ana tilindegi ádebiy kanonnıń bar ekenligi arasındaǵı baylanıstı anıqlawdan ibarat. Izertlew sheńberinde dúnya klassikalıq ádebiyatı awdarmalarınıń bar yamasa joqlıǵı hám milliy ádebiy miyraslardan paydalanıw imkaniyatınıń jaslardıń kásiplik hám jeke sociallasıw processine qanday tásir kórsetetuǵının talqılawǵa, sonday-aq, házirgi bilimlendiriw ortalıǵında ádebiyattıń mádeniy deprivaciyanı saplastırıw quralı sıpatındaǵı rolin anıqlawǵa háreket etilmekte.

Ádebiy kanondı jámáátlik ózine tánlikti qáliplestiriw mexanizmi sıpatında sociologiyalıq túsiniwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Bunda ádebiy kanon tek ǵana tán alınǵan shıǵarmalar jıynaǵı sıpatında emes, al sociallıq "Biz" degenniń simvolikalıq shegaraların belgileytuǵın hám áwladlar mádeniy tájiriybesiniń dawamlılıǵın támiyinleytuǵın jámáátlik estelik túri sıpatında qaralmaqta. Bunday jantasıw francuz sociologi Moris Xalbvakstıń jámáátlik estelik koncepciyasınan kelip shıǵadı [14, S. 52-58], oǵan muwapıq, mádeniy tekstler sociallıq reallıq hám toparlıq ózgeshelikti konstrukciyalawdıń eń áhmiyetli quralı bolıp esaplanadı. Ádebiy miyrasqa ana tilinde kiriw imkaniyatınıń joqlıǵı jaslardıń mádeniy integraciyasınıń tómenlewine, milliy mádeniy mákanǵa simvolikalıq qatnas dárejesiniń tómenlewine hám mádeniy marginalizaciya seziminiń kúsheyiwine alıp keliwi múmkin.

Qaraqalpaqstanda globallasıw sharayatında sociallıq-mádeniy transformaciya mádeniyat, bilimlendiriw, til hám xalıqtıń turmıs tárizinde jedel ózgerisler menen birge alıp barılmaqta. Modernizaciya processleri, sanlı texnologiyalardıń rawajlanıwı hám xalıqaralıq baylanıslardıń kúsheyiwi aymaqtıń jáhán mákanına integraciyalasıwına xızmet etpekte. Sonıń menen birge, globallasıw qaraqalpaq xalqınıń milliy ózligin, dástúrlerin, xalıq kórkem óneri hám mádeniy miyrasın joǵaltıw boyınsha qáwip-qáterler tuwdırmaqta.

Házirgi sharayatta milliy til, folklor, úrp-ádet hám tariyxıy yadtı saqlaw ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta. Ózbekstannıń mámleketlik siyasatı Qaraqalpaqstannıń mádeniy miyrasın qollap-quwatlaw, milliy kórkem óner, muzeyler, teatrlar hám bilimlendiriw baǵdarlamaların rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev qaraqalpaq xalqınıń ózligin saqlap qalıw áhmiyetli ekenligin bir neshe márte atap ótken. Atap aytqanda, "Qaraqalpaqstan tágdiri - Ózbekstan tágdiri, qaraqalpaq xalqınıń baxıt-ıǵbalı - pútkil ózbek xalqınıń baxıt-ıǵbalı" - dep atap ótken edi. [8]

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 20-oktyabrdegi "Ózbek tilin bunnan bılay da rawajlandırıw hám mámlekette til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı PP-6084-sanlı Pármanında Ózbekstanda jasap atırǵan barlıq millet hám xalıqlardıń tillerin, sonıń ishinde, qaraqalpaq tilin saqlaw hám rawajlandırıw zárúrligi ayrıqsha atap ótilgenligin [13], sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 11-noyabrdegi "2020-2023-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasın kompleksli sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı PP-4889-sanlı qararında Qaraqalpaqstannıń sociallıq infrastrukturasın, bilimlendiriw, mádeniyat hám gumanitar tarawın rawajlandırıw hám qollap-quwatlaw názerde tutılǵanlıǵın ayrıqsha atap ótiw zárúr.[10]

Solay etip, globallasıw sharayatında Qaraqalpaqstannıń milliy ózligin saqlap qalıw mámleket hám jámiyettiń áhmiyetli wazıypasına aylanbaqta. Modernizaciya hám mádeniy dástúrlerdi qádirlewdi úylestiriw xalıqtıń milliy ózligin hám ruwxıy miyrasın bekkemlewge xızmet etedi.

Sonlıqtan ana tildegi ádebiy kanondı izertlew házirgi waqıtta ayrıqsha áhmiyetke iye, sebebi joqarı milliy ózlikti qáliplestiriw zárúrligi hám joqarı oqıw orınlarında qaraqalpaq tilindegi klassikalıq tekstlerdiń haqıyqıy jetispewshiligi arasında qarama-qarsılıq payda boladı. Sebebi, joqarı oqıw ornındaǵı ádebiyat tek ǵana tekst emes, al simvolikalıq kapital. Ana tilinde klassikalıq dóretpelerdiń jetispewshiligi "mádeniy deprivaciya"ǵa alıp keliwi múmkin. Sociologiyalıq kóz-qarastan qaraqalpaq tilinde dúnya júzilik intellektuallıq bazaǵa iye bolmaw globallastırılǵan dúnyada studentler jaslardiń ózin-ózi seziwine unamsız tásir etiwi múmkin, biraq bul haqqında Qaraqalpaqstan ádebiyatshıları arasında birde-bir izertlewde aytılmaǵan. Bunda ádebiyatlardıń jetispewshiligi studentlerdiń bilim alıw imkaniyatların sheklewshi faktor sıpatında qaralmaqta. Eger dúnya klassikası yamasa sabaqlıqlarınıń, máselen, sociologiya boyınsha ana tilindegi sapalı awdarmaları bolmasa, student aralıq tilge (rus yamasa ózbek tiline) ótiwge májbúr boladı.

Álbette, "Ilim" baspasında Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń tikkeley basshılıǵında "Qaraqalpaq folklorı"nıń 100 tomlıq fundamental akademiyalıq baspası basıp shıǵarılǵanın umıtpaw kerek. Bul ózlik ushın eń kúshli baza bolıp esaplanadı. Oǵan "Qırıq qız", "Alpamıs", "Edige" dástanları, qaraqalpaq xalıq eposınıń ertek hám ańızları kiredi.

Qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatında Berdaq, Ájiniyaz, Kúnxoja shıǵarmaları turaqlı túrde basılıp, mektep hám joqarı oqıw orınları baǵdarlamasınıń tiykarın quraydı. Bul kanonnıń tiykarǵı ózgeshelikti qáliplestiretuǵın "qáwipsiz" segmenti bolıp esaplanadı.

Sonday-aq, sovet dáwirinde XX ásirdiń 1930-1980-jıllarında dúnya klassikalıq shıǵarmaları qaraqalpaq tiline awdarıldı. Mısalı:

- Rus klassikası: Pushkin ("Evgeniy Onegin," "Kapitan qızı"), Lermontov, Gogol, Tolstoydıń derlik barlıq áhmiyetli shıǵarmaları awdarılǵan. Qaraqalpaq ádebiyatınıń klassikleri A. Shamuratov, M. Dáribaev, T. Jumamuratov hám basqalar awdarma isleri menen shuǵıllandı.
- Batıs klassikası: Sovet dáwirinde Shekspir, Molyer, Shiller, Gyote (kóbinese rus tili arqalı) qaraqalpaq tiline awdarılǵan.

Álbette, bul basılımlardıń kópshiligi bibliografiyalıq jaqtan siyrek ushırasadı. Olar arxivlerde ornalasıp qalǵan, al studentler ushın massalıq zamanagóy qayta basılıwlar kritikalıq jaqtan az.

Al házirgi waqıtta bolsa qaraqalpaq tilinde Nobel sıylıǵı laureatlarınıń, antiutopiya (Oruell, Xaksli), Latın Amerikası prozası (Markes, Borxes) yamasa Shıǵıs klassikasınıń zamanagóy awdarmaları derlik joq. Sonday-aq, ilimiy-ǵalabalıq hám sociologiyalıq ádebiyatlardan Maks Veber, Emil Dyurkgeym, Pyer Burdye yamasa Fuko shıǵarmaları joq. Olar sistemalı túrde qaraqalpaq tiline awdarılmadı. Sociolog studentler óz qánigeligin rus yamasa ózbek tillerinde oqıwǵa májbúr bolmaqta. Bul eń úlken jetispewshilik.

Sociologiya hám ádebiyattanıwda ádebiy kanon degende rásmiy túrde "úlgili", "klassikalıq" hám úyreniliwi májbúriy dep tán alınǵan tekstlerdiń belgili bir jıynaǵı túsiniledi. Ápiwayı sóz benen aytqanda: bul kitaplardıń ózine tán "altın dizimi" bolıp, onı jámyiet (mektep, JOO, mámleket arqalı) eń áhmiyetli miyras sıpatında tańlap aladı. Eger kitap kanonǵa kirse, ol tárbiya quralına aylanadı, mámlekettiń barlıq puqaralarında ulıwma qádiriyatlar hám ulıwma sáwbet temaların qáliplestiredi.

Sociologiya kóz qarasınan kanon tek "eń jaqsı kitaplar" emes, bálkim hákimiyat hám sociallıq tańlaw mexanizmi bolıp esaplanadı. Bul dizimdi belgileytuǵınlar, tiykarınan, qaysı ideyalar durıs dep esaplanıwın hám qaysıları tariyxtıń shetinde qalıwın sheshedi. Máselen, Garold Blum kanondı estetikalıq oriyentir dep esaplaǵan. Onıń pikirinshe, kanondı siyasatshılar emes, al óz aldınǵılarınan ótip kete alǵan avtorlardıń ózleriniń "kúshleri" qáliplestiredi. Ol kanonda mádeniyattıń aman qalıw usılın kórdi. [3]

Pyer Burdye kanondı "simvolikalıq hákimiyat" túri sıpatında qaradı. Onıń ushın kanonikalıq tekstlerdi biliw mádeniy kapital bolıp esaplanadı. Eger adam klassiklerdi bilse, ol joqarı qatlamlarǵa jollama aladı, eger bilmese, ol sociallıq jaqtan shetletilgen bolıp shıǵadı. [6, B.60-74]

Benedikt Anderson bolsa kanondı "qıyalıy jámáát" túsinigi menen baylanıstırdı. Bir tildegi birdey kitaplardı oqıp, bir-birin kórmegen adamlar ózlerin birden-bir xalıq sıpatında seze baslaydı. [1].

Sonıń ushında dúnya klassikalıq ádebiyatların qaraqalpaq tiline awdarıw bul tek ǵana filologiya emes, al dúnya jámiyetlik tájiriybesin milliy bilimlendiriw ortalıǵına "kirgiziw" bolıp tabıladı.

Solay etip, qaraqalpaq tilinde klassikalıq házirgi zaman ádebiyatınıń joqlıǵı mashqalası sonnan ibarat, 100 tomlıq fundamentallıq folklor bar bolıwına qaramastan, házirgi zaman studenti klassikalıq miyrastıń "arxivleniwine" duslasadı: eski awdarmalardı tabıw qıyın, al jańa awdarmalar oqıw processiniń pátine úlgere almaydı, sonday-aq, dúnya sociologiyalıq pikirin úyreniw tek rus yamasa ózbek tillerinde bolıp atırǵan jaǵday "intellektual aralıq" effektin payda etedi: student ilimiy bilimniń óziniń ana til ortalıǵına integraciyalanbaǵan sırtqı ónim ekenligine kónlikedi. Yamasa qaraqalpaq tilinde Kafka yamasa Kamyu sıyaqlı avtorlardıń joqlıǵı milliy diskurs sheńberinde ekzistenciallıq hám sociallıq mashqalalardı dodalaw imkaniyatın sheklep, jaslardıń basqa tildegi mádeniy mákanlarǵa áste-aqırın ótiwine alıp keledi, dep boljaw múmkin.

Qaraqalpaqstan studentleriniń sociallıq ózligin qáliplestiriwde ádebiy kanonnıń tásirin úyreniwde til hám ádebiyatqa sociallıq integraciya hám mádeniy yadtı qayta tiklewdiń eń áhmiyetli mexanizmleri sıpatında qaraytuǵın sociologiyalıq hám mádeniy qatnaslardıń kompleksine súyengenligin atap ótiw zárúr.

Ádebiy kanondı sociallıq konstrukciya sıpatında kórsetiw tiykarǵı teoriyalıq tiykarlardan biri bolıp esaplanadı. Ádebiy kanon tek ǵana shıǵarmalardıń kórkemlik qunlılıǵı tiykarında emes, al bilimlendiriw institutları, akademiyalıq jámiyetshilik hám mámlekettiń mádeniy siyasatı nátiyjesinde qáliplesedi. Qanday tekstler mádeniy bilimli adam ushın "májbúriy" esaplanatuǵının hám simvolikalıq baǵdarlar sistemasına kirgiziletuǵının jámiyet belgileydi. Joqarıda kórsetip ótilgenindey, Pyer Burdyeniń pikirinshe, mádeniy keńislik belgili bir shıǵarmalardıń tán alınıwı sociallıq differenciya quralı bolıp xızmet etetuǵın simvolikalıq hákimiyat sisteması bolıp tabıladı. Ádebiy kanondı iyelew jámiyettiń intellektual qatlamına tiyislilik kórsetkishine hám insannıń mádeniy legitimleniwiniń formasına aylanadı. [5, B.95-119]. Usı mániste, milliy aymaq jasları ushın dúnya hám milliy klassikalıq shıǵarmalardıń ana tilindegi paydalanılıwı ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, olardıń ulıwma mádeniy mákanǵa kiriw dárejesin belgileydi.

Sonday-aq, izertlew ushın Pyer Burdyeniń simvolikalıq kapital koncepciyası da ayrıqsha áhmiyetke iye. Onıń teoriyası boyınsha, til hám mádeniy kompetenciya insannıń jámiyette tán alınıwı hám joqarı statusın támiyinleytuǵın sociallıq resurs formaları bolıp esaplanadı. [4, B.52-67]. Klassikalıq ádebiyatqa ana tilinde iye bolıwǵa shaxsqa mádeniy ózligin saqlaw hám bir waqıttıń ózinde jámiyettiń intellektuallıq turmısında qatnasıw imkaniyatın beretuǵın simvolikalıq kapitaldıń bir túri sıpatında qaraw múmkin. Sonıń menen birge, dúnya ádebiyatınıń tiykarǵı shıǵarmalarınıń awdarmalanbaǵanlıǵı yamasa milliy ádebiy miyrasqa bolǵan imkaniyattıń sheklengenligi mádeniy teńsizlikti kúsheytiwi hám jaslarda sociallıq periferiya sezimlerin qáliplestiriwi múmkin. Solay etip, ádebiyat tek ǵana bilimlendiriw emes, al statuslıq funkciyanı da atqaradı, sociallıq mobillik hám ózin-ózi identifikaciyalaw processlerine tásir kórsetedi.

En áhmiyetli metodologiyalıq tiykar Anri Tayfel hám Djon Tyornerler tárepinen islep shigilǵan sociallıq identivlik teoriyası bolıp esaplanadı [11, B.12-27]. Bul teoriyaǵa muwapıq, insan belgili bir sociallıq toparǵa tiyisliligi arqalı ózi haqqında túsinik payda etedi, til hám mádeniyat bolsa topar birligin saqlawdıń eń áhmiyetli mexanizmlerine aylanadı. Bunda ádebiyat jámáát aǵzaların ulıwma belgiler, obrazlar hám tariyxıy yad arqalı birlestiretuǵın ózine tán "mádeniy jelim" wazıypasın atqaradı. Milliy ádebiyat jámáátlik "Biz" seziminiń qáliplesiwine, áwladlararalıq izbe-izlikti bekkemlewge, globallasıw sharayatında mádeniy ózlik turaqlılıǵın qollap-quwatlawǵa xızmet etedi. Ásirese, bul ana tili hám ádebiy miyrasın qásterlep saqlaw mádeniy avtonomiya hám sociallıq integraciya máseleleri menen tıǵız baylanıslı bolǵan Qaraqalpaqstan jasları ushın ayrıqsha áhmiyetke iye.

Bunnan tısqarı, izertlew biz joqarıda kórip ótken Moris Xalbvakstıń jámáátlik yad koncepciyasına tiykarlanadı. Jáne bir márte atap ótiw kerek, M. Xalbvaks mádeniy tekstlerdi

sociallıq topardıń tariyxıy tájiriybesin saqlawdıń tiykarı sıpatında qaradı [14, B.48-63]. Ádebiy kanon bul jaǵdayda tek ǵana shıǵarmalar jıyındısı emes, al mádeniy yadtı hám jámááttiń simvolikalıq shegaraların qayta tiklew mexanizmi bolıp esaplanadı. Ana tilindegi ádebiyatlardı oqıw hám úyreniw arqalı jaslar óz xalqınıń qádiriyatlar sistemasın, tariyxıy kózqarasları hám mádeniy normaların ózlestiredi, bul bolsa globallasıw hám mádeniy birlesiw processleri kúsheyip atırǵan sharayatta milliy ózlikti bekkemlewge xızmet etedi.

Solay etip, qaraqalpaq tili Qaraqalpaqstan Respublikası joqarı bilimlendiriw sistemasında tek ǵana kommunikativlik emes, al eń áhmiyetli sociallıq-mádeniy funkciyanı da atqarıp, jaslardıń milliy ózligin, tariyxıy yadın hám jámáátlik ózligin saqlaw quralı bolıp xızmet etedi. Globallasıw hám iri tillerdiń ústemliginiń kúsheyiwi sharayatında qaraqalpaq tiliniń akademiyalıq ortalıqta tolıq ámel etiwi máselesi ayrıqsha áhmiyetke iye bolmaqta. Áyne universitet mákanı jámiyettiń intellektuallıq elitasın qáliplestiredi, sonıń ushın ana tilinde ilimiy hám kórkem ádebiyatlardıń sheklengenligi uzaq múddetli sociallıq aqıbetlerge alıp keliwi múmkin.

Jáhán klassikalıq ádebiyatınıń úlken bólegi tiykarınan rus yamasa ózbek tilleri arqalı úyrenilip atırǵan házirgi jaǵday mádeniy tájiriybeniń sırtqı tillik dáldálshilerge ózine tán ǵárezliligin qáliplestiredi. Nátiyjede "joqarı mániler" - jáhán ádebiyatınıń filosofiyalıq ideyaları, estetikalıq qádiriyatları, mádeniy kodları student jaslar tárepinen ózge til sisteması arqalı ózlestiriledi. Sociologiyalıq kóz-qarastan qaraǵanda, bul milliy ózliktiń áste-aqırın joǵalıp ketiw qáwpin tuwdıradı, sebebi ana tili intellektuallıq hám mádeniy rawajlanıw tili sıpatında emes, al tiykarınan turmıslıq baylanıs quralı sıpatında qabıl etila baslaydı. Bunday jaǵday jáhán mádeniyatınıń tili abıroy hám sociallıq tabıs penen, ana tili bolsa tek ǵana lokal etnikalıq ortalıq penen baylanısqan jaǵdayda tillerdiń simvolikalıq teńsizligine alıp keliwi múmkin.

Bul mashqala eki tilli bilimlendiriw ortalıǵına tán bolǵan "eki tárepleme ózlik" fenomeni menen tıǵız baylanıslı. Qaraqalpaqstanlı studentler bir waqıttıń ózinde milliy mádeniy keńislikke hám keńirek rus tilles yamasa ózbek tilles intellektuallıq ortalıqqa qosılǵan. Bir tárepten, bilingvizm jaslardıń bilimlendiriw imkaniyatların keńeytedi, al ekinshi tárepten qaraqalpaq tilindegi ádebiy kanon jeterli dárejede rawajlanbaǵan jaǵdayda mádeniy asimmetriya qáwpi júzege keledi, ózin-ózi identifikaciyalaw processleri tiykarınan sırtqı mádeniy úlgiler átirapında qurıla baslaydı. Bunday sharayatta ana tili áste-aqırın quramalı intellektual mánilerdiń tasıwshısı funkciyasın joǵaltadı hám ilim, filosofiya, joqarı ádebiyattıń tolıq tili sıpatında qabıl etiliwin toqtatadı.

Bul tendenciyanı jeńip ótiwde sociallıq integraciya mexanizmi sıpatında ádebiyat ayrıqsha rol oynaydı. Dúnya klassikalıq ádebiyatlarınıń sapalı awdarmalarınıń qolaylıǵı hám milliy ádebiy miyrastıń rawajlanıwı student-jaslardıń birden-bir mádeniy mákanın qáliplestiriwge, óz xalqına tiyislilik sezimin bekkemlewge hám ana tiliniń abırayın arttırıwǵa xızmet etedi. Ádebiy kanon tek ǵana tárbiyalıq qural emes, al jámiyettiń jámáátlik esteligi hám simvolikalıq tileklesliginiń bir túrine aylanbaqta. Ádebiyat arqalı jas áwlad milliy dástúrdiń dawamlılıǵın támiyinleytuǵın qádiriyatlar, tariyxıy tájiriybe hám mádeniy minez-qulıqlardı ózlestiredi.

Usı mániste, sociallıq hám mádeniy ózlikti tolıq qáliplestiriw ana tilinde rawajlanǵan ádebiy kanonlarsız ámelge aspaydı, degen izertlew gipotezası tastıyıqlanadı. Qaraqalpaq tilinde jáhán hám milliy klassikalıq ádebiyatlardan paydalanıw imkaniyatınıń joqlıǵı jaslardıń mádeniy sociallasıw imkaniyatların sheklep qoymaqta hám globallasıw sharayatında milliy mádeniy keńisliktiń marginallastırıw qáwpin kúsheytpekte.

Izraildıń burıńǵı bas ministri Golda Meyer: "Xalıqtı adam óltirmey-aq joq etiw múmkin, onıń yadın, tilin hám mádeniyatın joq etiw jetkilikli", - dep atap ótkeni tosınnan emes. Bul pikir, ásirese, mádeniy turaqlılıǵı tildiń tariyxıy hám ruwxıy tájiriybe iyesi sıpatında saqlanıwına tikkeley baylanıslı bolǵan az sanlı xalıqlar ushın ayrıqsha áhmiyetke iye.

Usı múnásibet penen mámleketlik mádeniy siyasattıń ámeliy ilajları ayrıqsha áhmiyetke iye. Dúnyanıń kórkem, filosofiyalıq, sociologiyalıq hám ilimiy ádebiyatların qaraqalpaq tiline awdarıw boyınsha arnawlı baǵdarlamalardı ámelge asırıw, milliy avtorlardı qollap-quwatlaw,

akademiyalıq kitap basıp shıǵarıwdı hám studentler ushın sanlı kitapxanalardı rawajlandırıw zárúr. Joqarı bilimlendiriw hám ilimiy kommunikaciya sistemasında onıń tolıq islewin támiyinley alatuǵın qaraqalpaq tilinde zamanagóy intellektuallıq ádebiyatlardı jaratıwdı xoshametlew de áhmiyetli baǵdar bolıp tabıladı. Ana tiliniń ádebiy keńisligi keńeygen jaǵdayda ǵana global transformaciyalar dáwirinde Qaraqalpaqstan jaslarınıń turaqlı mádeniy ózligin saqlap qalıw múmkin.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Anderson B. Voobrajaemıe soobschestva. Razmıshleniya ob istokax i rasprostranenii natsionalizma / B. Anderson; perevod s angliyskogo V. Nikolaeva. -M.: Kuchkovo pole, 2016.
2. Assman Ya. Kulturnaya pamyat: Pismo, pamyat o proshlom i politicheskaya identichnost v vısokix kulturax drevnosti / per. s nem. -M.: Yazıki slavyanskoy kulturı, 2004.
3. Blum G. Zapadnıy kanon. Knigi i shkola vsex vremen / G. Blum; perevod s angliyskogo D. Xaritonova. -M.: Novoe literaturnoe obozrenie, 2017.
4. Burdye P. Yazık i simvolicheskaya vlast / per. s fr. -M.: Novoe literaturnoe obozrenie, 2001.
5. Burdye P. Sotsialnoe prostranstvo: polya i praktiki / per. s fr. -SPb.: Aleteyya, 2005.
6. Burdye P. Formy kapitala / P. Burdye // Ekonomicheskaya sotsiologiya. -2002. -T. 3, №5.
7. Kudaybergenova B. Etnograficheskie osobennosti kulturı karakalpakskogo naroda // Perekryostok kulturı. -2022. -T. 4, №1 // https://tadqiqot.uz
8. Mirziyoev Sh.M. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtiń Múrájatı. -2022 // https://prezident.uz/ru
9. Mirziyoev Sh.M. Qoraqalpoǵiston tashvishi - butun Wzbekiston tashvishi. -2022 // https://kun.uz/ru
10. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 11-noyabrdegi "2020-2023-jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasın kompleksli sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı PQ-4889-sanlı qararı // https://spinform.uz/ru
11. Tayfel A. Sotsialnaya identichnost i mejgruppovıe otnosheniya // Psixologiya mejgruppovıx otnosheniy. -M.: Aspekt Press, 2000.
12. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 21-oktyabrdegi "Ózbek tiliniń mámleketlik til sıpatındaǵı roli hám abırayın túp-tiykarınan arttırıw ilajları haqqında"ǵı PP-5850-sanlı Pármanı // https://uza.uz/ru
13. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 20-oktyabrdegi "Mámlekette ózbek tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-6084-sanlı qararı // https://paragraf.kz/ru
14. Xalbvaks M. Kollektivnaya pamyat / per. s fr. -M.: Novoe izdatelstvo, 2007.
15. Xobsbaum E. Natsii i natsionalizm posle 1780 goda / per. s angl. -SPb.: Aleteyya, 1998.


## ХОЗЯЙСТВЕННАЯ ТРАНСФОРМАЦИЯ И ТОРГОВЫЕ СВЯЗИ НАРОДОВ НИЗОВЬЕВ АМУДАРЬИ

(конец XIX - начало XX вв.)


**Таджиева Р.С.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук ККОАН РУз, г.Нукус*


Актуальность темы обусловлена необходимостью переосмысления социально-экономической истории низовьев Амударьи в условиях включения региона в состав Российской империи. Изучение данного периода позволяет лучше понять механизмы формирования хозяйственной структуры края, а также долгосрочные последствия колониальной экономической политики. Цель работы — проанализировать переход от

традиционной системы хозяйствования к колониально-бюрократическому управлению и рассмотреть процесс включения региона в общероссийский рынок.

В 1873 году, после присоединения правобережной части Хивинского ханства к Российской империи, был образован Амударьинский округ, который с 1874 года получил статус отдела. Его территория составляла около 75,9 тыс. кв. верст и простиралась от границ Бухарского эмирата до Аральского моря. В Административно-территориальном отношении отдел делился на два участка, демографические и географические показатели которых заметно разнились. Шураханский участок — крупнейший по площади (54,4 тыс. кв. верст), но с низкой плотностью населения (около 64,7 тыс. человек); Чимбайский участок — меньший по территории (21,5 тыс. кв. верст), но более населённый (около 124,8 тыс. человек). Этнический состав населения отличался значительной сложностью: каракалпаки составляли 48,6%, казахи — 26,5%, узбеки — 15,5%, туркмены — 6,5%, русские — 1,6% [Сарыбаев К.С.: 30]. После присоединения Амударьинского отдела к России каракалпаки (около 44 тыс. человек) вместе с казахами составляли свыше 15% населения Хивинского ханства, проживая в Кипчакском, Ходжейлийском, Кунградском и Куня-Ургенческом бекствах [Непесов Г.: 21]. Важно отметить, что разделение каракалпакского населения по разным берегам Амударьи стало одним из факторов его исторической и политической разобщённости.

До 1873 года земельные и водные ресурсы находились под контролем хивинской администрации. Основой жизнеобеспечения и социально- экономической структуры региона выступала разветвленная система ирригации, право на землепользование было неразрывно связано с правом на водопользование.

С переходом региона под власть Российской империи были предприняты попытки аграрных преобразований, включая наделение безземельных и малоземельных крестьян участками из государственного фонда. Однако данные меры носили преимущественно фискальный характер и были связаны с задачей расширения налоговой базы. В 1875-1876 гг. в Амударьинском отделе количество оседлых хозяйств составило 13286 дворов и 8156 кибиток кочевых хозяйств. За период 1877–1897 гг. земельные наделы получили около 2,5 тыс. хозяйств. Общая площадь посевов превышала 45 тыс. десятин, что составляло в среднем по 2,2 десятин на 1 хозяйство [Аметов К.: 42]. При этом значительная часть участков отличалась низким качеством, отсутствием ирригационной подготовки и слабой хозяйственной пригодностью. В результате многие участки быстро приходили в упадок, а крестьяне возвращались к прежним формам землепользования или отказывались от аренды. Таким образом, изменение административной системы не привело к коренному решению аграрного вопроса, а лишь трансформировало формы зависимости населения.

Совместное использование водных ресурсов Амударьи требовало коллективных форм взаимодействия: строительство и очистка каналов, распределение воды, поддержание дамб. В ирригационных работах участвовали представители разных этносов, что способствовало формированию экономической взаимозависимости. Однако, несмотря на административные реформы в рассматриваемый период, фактический контроль над распределением воды оставался в руках зажиточных слоев аульной общины. Традиционные выборные должности, такие как мирабы, зачастую превращались в инструмент реализации интересов местной элиты. В условиях колониального управления мирабы нередко злоупотребляли своим положением, фактически становясь проводниками политики эксплуататорских слоев, что лишь усугубляло социальное неравенство в вопросах водопользования.

На рубеже XIX–XX веков низовья Амударьи всё активнее включались в систему товарно-денежных отношений и становились сырьевой периферией Российской империи. Основной специализацией региона постепенно становилось производство хлопка, а также животноводческой продукции. Наряду с этим, значительную роль в хозяйственном комплексе приаральских районов играло рыболовство, которое в рассматриваемый период

также начало приобретать товарный характер, ориентируясь на потребности внешнего рынка.

Общая площадь посевов хлопка в Амударьинском отделе в 1911 г. составляла 11433 десятины [Понятовский С.: 83], тогда как объёмы производства в последующие годы демонстрировали рост: в 1914 г. — 331 941 пуд, в 1915 г. — 531 тыс. пудов, в 1916 г. — 591 тыс. пудов [К.Танирбергенова: 92]. Развитие хлопководства способствовало увеличению оборотов промышленных и торговых предприятий, однако в Амударьинском отделе оно сдерживалось рядом факторов, прежде всего проблемами орошения, высокой стоимостью воды и засолённостью почв.

Торговля концентрировалась в крупных населённых пунктах: Чимбае, Петро-Александровске (Турткуле), Ходжейли и Кунграде. Дехкане продавали хлопок, шерсть и скот, приобретая взамен мануфактурные изделия, бакалейные товары и металлические орудия труда. В 1912-1913 гг. в Амударьинском отделе торговлей занимались 2292 человек, из них 910 имели свои собственные магазины и лавочки. В торговле продуктами сельского хозяйства занимались также и уральцы-поселенцы [Сарыбаев К.С.: 90].

В торгово-экономические процессы активно включались крупные промышленные компании, среди которых выделялись «Большая Ярославская мануфактура», «Шуйская мануфактура», фирма «Кнопп», «Братья Мануиловы» и «Братья Крафт» и др. [Сарыбаев К.С.: 92]. Их деятельность способствовала усилению зависимости региона от внешнего капитала и сырьевой специализации.

Развитие торговли было тесно связано с состоянием транспортной инфраструктуры. Основную роль играла река Амударья, которая оставалась главным транспортным коридором региона. Хлопок и другие товары перевозились на лодках-каюках и баржах до Чарджоу, а далее — по железной дороге в центральные районы Российской империи. В перевозках значительную роль играли транспортные компании «Кавказ и Меркурий» и «Надежда». Помимо речного пути, существовала сеть караванных дорог, включая маршрут Чимбай — Казалинск, а также несколько ключевых переправ через Амударью. Однако слабое развитие сухопутной инфраструктуры оставалось одним из главных ограничивающих факторов экономического роста региона. Это усиливало зависимость хозяйства от сезонных условий и речной навигации. Экономические изменения в низовьях Амударьи носили противоречивый характер. С одной стороны, происходило расширение товарно-денежных отношений и интеграция региона в общероссийский рынок. С другой стороны, эта интеграция имела неравноправный характер. Регион постепенно закреплялся в качестве сырьевой периферии, специализирующейся на поставках хлопка и сельскохозяйственной продукции. Промышленная переработка и финансовый контроль находились вне региона, что усиливало структурную зависимость местного хозяйства. Таким образом, в конце XIX — начале XX вв. низовья Амударьи переживали глубокую хозяйственную трансформацию, связанную с переходом от традиционной системы землепользования к колониально-административной модели управления. Несмотря на определённые изменения в сфере землепользования и торговли, аграрный вопрос не был решён. Более того, включение региона в общероссийский рынок сопровождалось усилением сырьевой специализации и зависимого характера экономики.

## ЛИТЕРАТУРА:

1. Сарыбаев К.С. Аграрный вопрос в Каракалпакии. (Конец XIX-начало XX веков). Нукус «Каракалпакстан» 1972

2. Непесов Г. Из истории Хорезмской революции. Т. Госиздат, 1962

3. Аметов К.А. Аграрная политика советской власти в Каракалпакии.Н.1972, Изд-во «Каракалпакстан»

4. Понятовский С. Опыт изучения хлопководства в Туркестане и Закаспийской области. С-Петербург, 1913

5. Танирбергенова К. Из истории проникновения в Каракалпакию российского и другого иностранного торгово-промышленного капитала в конце XIX - начале XX в.//журн. Вестник ККОАН РУз, Нукус 2009, №3

6. Сарыбаев К. Аграрный вопрос в Каракалпакии (Конец XIX – начале XX веков). Нукус «Каракалпакстан» 1972.

## ҚЫТАЙ-АРАЛБАЙ, АМАНБАЙ БИЙ УЛЫ ҚУТЛЫМУРАТ БАТЫР, ЖАСАЎЫЛБАСЫ, БИЙ, БЕГЛЕР БЕГИ, КИМ БОЛҒАН

**Турсынбаева А.** (КМУ), **Наурызбаев А.** (Навойи ДУ), **Юсупов О.** (НМПИ).

**Кирисиў:** Өткен әсирлерде Қубла Арал бойы Қарақалпақлардың жәмийетлик, соцаллық турмысында терең из қалдырған ел-журт басқарған жузбасы, бийлер, меҳрем, беглербеги, аталық, ҳәким, Аға баба ҳәм басқада лаўазымларда ел хызметинде пидайы мийнет еткен ата-бабаларымыз өмири, тағдирлери ҳаққында изертлеўлер илимий ҳәм жәмийетлик дыққатлар жаңадан басланып атыр.

Қарақалпақларда «Беглер беги» лаўазымда ел парўарлықта хызмет еткен, ел-журт басшылардың, халық перзентлериниң исми, билим-тәлими Хийўа архив ҳүжжетлеринде ҳәм тарийхый әдебиятларда сақланған. Хийўа ханлығындағы, Әмиўдарьяның сол тәрепиндеги қарақалпақларда «Беглер беги» ҳәм әмелде руў-қәўим аймақларды басқарған ел ағалары ҳаққында тарийх илимлериниң докторы Р.Қосбергенов, О.Жалилов, Г.Тохтаметов, А. Төреев, К.Аметов, Ж.Уббиниязов мийнетлеринде жазылған. Бырақ қарақалпақ беглер беглери тағдирлери ҳәм хызметлери туўралы жаңа тарийхта арнаўлы турде изертлеў болмады.

Қарақалпақлардың соңғы орта әсирдеги хам жаңа дәуирдеги мәмлекетшилиги тарийхында «беглер беги » лауазымда хызметлер болган: XIX әсирдиң басында Қарақалпақларда ең биринши «Беглер беги» лаўазымын Арал теңизи бойындағы Қоңыратлы Есенгелди бий алған. Ол ханлықта «Бас бий» ямаса « Аға бий» ҳәмелинде болған.

Архив ҳүжжетлерде Хийўа ханлығының арқа шегарасында бажыхана бәндиргисинде Қарақалпақлардың «Бас бийи» - Есенгелди бий деп көрсетиледи. Демек, Есенгелди бий, Аға бий, «Беглер беги» лаўазымында мәмлекеттиң арқа шегарасының қәўипсизлигин тәмийнлеген.

XIX әсирде Қарақалпақларда еки «Беглер беги» лаўазым болды. 1856 -жылы Хийўа ханы өз ағасы Сайд Мухмудқа «Амир ал умара» яки «Беглер беги» лаўазымын береди. Бул Хийўа ханлығында әскерий кушлериниң бас сәркардасы хызмет ўазыйпасы еди. Хийўада Қоңыратлы Мухаммед Амин Инақ дәўиринде «Он төрт руўларға» Фазыл бий «Беглер беги» басқарған [1].

Хийўа пәрманын иске асырыў ушын 1856-жылы Қоңыратлы Есен бай бийдиң улы Қабыл бийге «Беглер беги» лаўазымына таярланды. Ол Ақ қала, Үргедеги-Жаңа қала аймағындағы Қарақалпақлардың руў қәўим бийлерин, аталықларын жыйнап хан пәрманларын орынлаўда басшылық еткен. Устирттеги шегараның тынышлығы ҳәм путинлигин қорғаўға арнаўлы нөкерлер қойған. Қарақалпақ-он төрт руўдан Маңғыт Сахипназар бий «Беглер беги» лаўазымға сайланды. Ол Қарақалпақлардың арқа шығыс шегараларына нөкерлер қойған. Ол Хийўа ханының арнаўлы елшиси сыпатында Қоқанд ханына хатнама алып барып Кудыярханнан жуўап елшилерди ертип келген. Қарақалпақ «Беглер беги» лаўазымда хызмет еткен бийлердиң өмир жолына нәзер салсақ, дәслеп елиўлик, жуз басы, ақсақал, бий, жасаўыл басы хызметлерде ислеп руўлар ҳәм аўыл аймақта сынақтан өткен, ел шетине жаў келсе, биз барамыз деген мәрт-ел бийлери болған.

XIX әсир ақыры-XX әсир басында Хийўа ханлығында қарақалпақларда өзин-ози басқарыўдың ески дәстури сақланды. Ел журтты, кең аймақ, шегара жерлерди қорғаў, елде тынышлықты сақлаў, административлик басқарыўда төрт «Беглер беги» лаўазым кәлиплести. Қарақалпақ «Беглер беги»сине төрт аталық, төрт бий

бағынышлы болды. Әмиўдарьяның оң тәрепиндеги Қарақалпақларда админстративлик басқарыўда әскерий сиясий реформалар болды. Әмиударья бөлиминдеги Қарақалпақларда 19 болыс, 156 ақсакаллар басқарыўы көбейди. Әмиўдарья бөлиминде болыслардың көбейип кетиўи Патш Россиясының Туркистан улкесиндеги экономикалық ҳәм әскерий реформалары мәмлекетлик сиясат тийкарында еди. Россияның әскерий, сиясий административлик реформасы тәсири «вассал» мәмлекет – Хийўа ханына өтти. 1910-жылы Исфандияр хан тахтына отырды, генерал-майор атағын алды. Ол ханлықтағы жерлерди, руў-қәуимлерди басқарыўда төрт «Бегилер беги» лаўазымды қайта дузди. Қарақалпақ бийлеринен Қутлымурат бий ҳәм Мухаммед Юсуф бий «Беглер беги» лаўазымында исследи. Олар Хийўа ханлығының сиясий кризис, елде жаўгершилик, тынышсызлық жағдайында мәмлекетлик лаўазымды басқарып барды. Исфандияр хан заманында Қурбан Мухаммед Сардар нөкерлери Хийўаны тез-тез талап турды. Хийўа ханлығы аймағындағы тынышсызлық, жаўгершилик ел-журт басшыларына халыққа жудә қыйыншылық, социаллық турмыстың төменлеўине алып келди. 1914-1918-жыллары биринши жер жузлик урыстың ақыбетлери экономикалық кризислер, Хийўа ханлығында, Қоңырат қаласындағы әскерий қазақ бөлимлериниң кетип қалыўы, Хийўа ханлығында социаллық сиясий ҳәм ҳуқықый, нравлықтың бузылыўы, теңсизлик себепли Хожели, Қоңырат, Қыпшақ жерлеринде ханға қарсы бас көтериў болды.

Хожели ҳәкими Муртаза бий, Хожа улы Аўез Хожа басшылығындағы халық көтерилиси ҳәм оның трагедиялық жуўмақланыўы Қарақалпақ ел журтын басқарған бийлерге, төрт «беглер беги» ге, аталықларға, ийшан ахунларға улкен машқалалар, қыйыншылықлар алып келди. Хорезм халықлары, ел-журт, урыстан, жаўгершиликтен, ханның әдилсизлиги, нравлық бузылыўы, халықты булгиншиликке ушыратты.

1916-жылы Әмиўдарья бөлиминде патша Россиясының мәрдикарға мәжбурий алыў пәрманына қарсы халық көтерилиси болды. Ел-журт басқарған көпшилик бийлер, байлар, болыслар халық мәпин қорғаўға, халықты тынышландырыўға ҳәрекет етти.

1916-жылы Нөкис болыслығында мәрдикарға қарсы улкен көтерилис болды. Нөкис қаласының биринши ҳәкими ҳәм болысы, «ақ патша»га қырық жыл ҳадал хызмет еткен ҳәм исенген Инийт Ниязов халық мәпин ойлап, мәрдикарға адам бермегени ушын болыслык лаўазыманан айырылады. Ол 1919-жылы Нөкис «автономиялы» бийғарезлиги ушын большевиклерге қарсы гуресип, азатлық ушын гуресте репрессияланды. Хийўа ханлығындағы қарақалпақлардың соңғы «беглер беги»си аралбай Қутлымурат бий ол ким болған? деген сораўға жуўап излеп аталарымыздың яднама- еске тусириўлери жазып алынды.

ХХ әсирдиң 20-30 жыллары Қоңыратта баспашыларға қарсы гуресте ерикли отряд командири Марқабай батыр, болыс ,чекист Оразымбетов дың қол қанаты, болған Мамбет Шарип ата ҳәм Беглер бегиниң ақлық қызы Турсын апа Даўлетназарованың әкеси ҳәм атасы ҳаққында гурринглер айткан еди. ХХ-әсирдиң 20-30-жыллары халқымыз большевиклер ҳәм Шоралар сиясаты ҳәм экспанциясы жыллары не-не қорлықлар азап-акыретлер көргени тргедиялық шынлықты, социаллық яднамасы, тарийхтың ашшы сабаклары болады.

**Тарийхый шегинис,** XIX әсирдиң 40-50 жыллары Қарақалпақлардың қытай-аралбай руўлары «Сарымай»лы, «Буйдалы», «Қусхана» аймағында шарўашылық ҳәм дийханшылық пенен турмыс кеширген. Хийўа ханлары ҳүжжетлеринде: 1857-жылы Аралбай Аманбайдың 655 танап жеринен салық ҳәм закат өндирилгенин жазылган. Қубла Арал бойлары, Әмиўдарьяның оң тәрепи патша Россиясы қурамына өткеннен соң, 1874-жылдан баслап бурынғы мулк жери, ўақым жерлери, бийлер, аталық жерлер бийкар етилди. Хийўа ханы тәрепинде патша әскерлерине қарсы азатлық

ушын гуресте нөкер болған Қарақалпақ бийлери ләрьяның шеп тәрепине, қалың тоғайлық, даланлық жерлерге көшип, макан жайларын өзгертти. Мәселен: Ақманғыт Ерназар палўан бий патша админстрациясының қуўдалаўынан бас саўғалап ,Амиударьянынг «бер жактан - аржак ка» миграцияға, Хожели аймағындагы «Сарай ойда» жасауға мажбур болған.

Қытай-Аралбай Аманбай бий улы Қутлымурат бий, Жасаўыл басы өз руў-қәўимине «он төрт руўлар» жәмлескен жана маканда басшылық етти. Хийўа ханлығы аймағында XIX-әсир ақыры - XX әсир басында уш аймақта «Жаңа қала» ел-журт мәканы, админстративлик баскарыу- орай болды. Гөне Шоманай (Жаңа қала) , Таза Жаңа қала (Қанлыкөл) Жаңа қала (Ургеде) хан парманларын орынлаў, иске асырыўға ҳәким, Беглер беги, жузбасылар хызметлер етти. Қанлыкөл аймағында «Таза Жаңа қала» қурылысына Қарақалпақ беглер беги-Қутлымурат бий басшылық еткен. Ол Әмиударьядан саға алып жана «Бегжап» қаздырды, Әмиударья жағысқа. Атлы нокерлерден қараўыллар қойдырды.

Таза (Жаңа) қаланың фольклорлык архитектуралык қурылысы озгешелиги. Ески Хорезм мәмлекетиниң әскерий бекинислерине уқсас етип ылайдан пахсалы бекинис усылда салынған. Дийўалларында бир орында турып уш тәрепке кыялап оқ атыўы гезерме тесиклери бар, қорғаныўға қолайлы, қала дөгереги терең қәндек қазылып суў менен толтырылған. «Таза Жаңа қала» қорғаны Хожели ҳәм Қоңырат жолдың бәндиргисинде жайласқан. Бул жерден өткен ҳәм кеткен кәрўанлар тоқтап дем алған. Қарақалпақ беглер бегисиниң атлы нөкерлери кәрўанлардың қәўипсизлигин тәмийнлеген. «Таза Жаңа қала»да ҳәкимниң, Беглер бегиниң қабыллаў ханасы, әскерий қараўылларға, нөкерлерге өжирелер, ҳәр қыйлы кәсип өнер усталарына арнаўлы жайлар болған. Қарақалпақлардың хожалығы ҳәм мәдений турмысына зәрурли затларды таярлайтуғын арнаўлы ағаш усталар, темирши уста, уйши уста, көкше уста, етикши устахана, саўдагер баққал уйи болған. Қыс айында ҳәр жақтан шарўалар Таза Жаңа қаланы паналап, жаўдан сақлаған. Аталар әңгимесинде Таза Жаңа қалада Қутлымурат Беглер бегиниң жасаўыл хызметинде Өтеш батыр (лақабы Қалфақ) хызмет еткен. Ол яумыт каракшысынын сырттан англып атқан оғынан шейит өлген, ел перзенти Ўатан парўар азаматы еди. Қанлыкөл аймағының соңғы «беглер бегиси»- Қутлымурат бий өмирдиң ашшы-дусшысын көрген, өз дәўириниң көреген дана бийи болған. Қутлымурат беглер беги ҳәм Мухаммед Юсуф беглер беги екеўи Хийўадан киятырып, жол өнсин деп бир-бирине саўаллар берип, сынасып келеди. Бир куни Мухаммед Юсуф беглер беги Қутлымурат беглер бегиден «байлық» деген қандай болады деген?.Сонда, Қутлымурат бий беглер беги айтыпты, заман өзгерди, сиясий дағдарыс даўир басланды. Дунья-мал байлық болмайды. Уйлеги бала-шағалар * байлық* емес, ҳәзирги байлық ол сениң Тилиң. Шешен тилиңди қәдирле, ҳәр бир жақсы айтқан, маржан сөзиң өзиңе * тил + байлық* болсын деп жуўап айтып берди.

1917-1920-жыллары Хийўа ханлығында сиясий дағдарыс ҳәм жаўгершилик басланды. 1917-жылы Орайлық Азиядағы уш мәмлекетте (Туркстан, Хийўа, Бухара) сиясий өзгерислер пайда болды. Хийўа ханлығында «Жас Хийўалылар» ағзалары демократиялық реформалар өткериў ушын сиясий хызметлерин кущейтти. «Жас Хийўалылар» лидерлери Палўанияз ҳажы, Баба ахун Салимов ҳәм басқалар ханның монархиялық басқарыўын шеклеў бойынша ҳәрекетлер етти. 1918-жылы Хорезм аймағында жадидшилер ҳәрекетлер басланды. 1919-1920 жыллары Қоңыратта, Хожелиде, Шымбайда, Нөкисте, Шораханда большевиклердиң сиясатына, «Шура» дузимине қарсы миллий ҳәрекет пайда болды.

1919-1920-жыллардағы «Жас Хийўалылар» дың ҳәрекетине Қутлымурат беглер бегиниң қатнасы болған.Жунайд ханның ҳукимранлығы, большевиклердиң әскерий куш пенен Хийўа қаласын басып алыўдағы сиясатлары ҳәм экспанциясы жылларында қарақалпақ бийлери, беглер бегилери ҳәм болыслары ел басқарыўда қатты қыйыншылыққа

дуўшар болды. Олар қайсы тәрепте, қайсы заманға бойсыныўға сиясий ҳуқықый куши, ерки, әззиллик етти. Сол жыллары Қоңыраттың «Автономиясы» ғарезлиги ушын Тәжимурат бий улы Кутлымурат бий-хаким «лакабы Бала бий» қайсы фронта, қайсы тәрепте турыўға ел журтты қалай большевиклер экспанциясынан аман сақлаўға, бағдарлаўға басқарыўда қатты булгиншиликке ушырады. Қарақалпақтың атақлы еки ел ағасы- Кутлымурат бий (бала бий) ҳәм Кутлымурат беглер беги хызметлери- Хорезмде ҳәм Әмиўдәрья бөлиминде булгиншилик етип атырған яумыт сәрдарлары менен мунасибетлери – *озлик хам озге * усылда болган. Яўмытлар Устирт, Қырдан киятырған кәрўанларды тонады, аўыл малларын, қыз-келиншеклерин урлап кетип турды. 1920-шы жыллары Жунайд хан, Шалтай бала, Садулла бала, Ахабай сардар, Анна Мамед хан, Нургелди, Қарахожа Азербай, Турдықылыш, Режепхан, Темир Алихан, Яхшыгелди, Дошумық ҳәм басқа да жалғыз атлы қарақшылар Қарабайлы, Жаңа қала, Гөне Шоманай, Кетен қала, Каракол, Кара терен, Гулдэрья, Устирт етегинде Конырат аймакларында ел-журтты уайран етти. Коныратлы Кутлымурат бий елин жаудан қорғаў ушын Ураллы Казоклар менен аскерий аукам болды, әскерий куш курал-жарак алды.

1919-1924-жыллары Бала бий озгелер (яумытлар) менен аухам болып, Кеңес хукиметине, большевиклер экспанциясына карсы гурести, ол Коныратта «Шура» хукимети, Советлик хэкимшилик орнатқан жыллары ел-журттан шыгып, Устюрт хам Қарақумды паналады. Конырат халкының жауы болған яумыт сардарларынан ( өзлик) пана тапты, Жунайд хан менен бирге большевиклерге қарсы гурести. Ол 1925-жылы 2-июльда «Ширшылы» кудык бойында ауыр кеселден кайтыс болды. Кутлымурат бий (Бала бий) дин большевиклерге карсы Жунайд хан тэрепинде ол неге гурести дауам еткенин, келешекте архивлик дереклерден аныклау керек.

Жазыўшы Жанабай Сапаровтын еске тусириулери тийкарында жазган «Бала бий» шыгармасында, «Кызыл Конырат жигитлери» очерклеринде Көкөзекли Кыят ашамайлылар бийи Тажимурат улы Кутлымурат бий лакабы «Бала бий» аз уакыт Коныратта хэким болғаны хаккында «ауыз еки тарийх» яднама тийкарында жазған еди. Тарийхшы Шарип Бабашав «Дохмет дегиши» атлы китабында (Нөкис, 2009, 50-бетте) абырайлы ел азаматы- «АМАНБАЕВ КУТЛЫМУРАТ БИЙ (БАЛА БИЙ) - халыкты өз дөгерегине жәмлеп, баскыншаларға қарсы гуресиу максетинде корғау отрядын (2000 аслам) шөлкемлестирди - деп жазган еди. (Ол әкеси *Аманбаев*емес, ал акеси *Тажимуратов* болганын, англамай,шатастырган еди). Большевиклер «Шура» хукиметин Коныратта тиклеу жыллары Коныратлы Молла Убби Ерниязов жана хэким болган. Кутлымурат бий «Бала бий» Конырат елинен айрылып, Жунайд ханга мәжбурий косылған, большевиклерге карсы гуресте шейт олген. Жазыушы Абдулла Садықовтың «Сөнбейтуғын жулдыз» китабында «Конырат ханы-Бала бий» тогайдан-тогайларга кашып жургенин еслеп жазды.

Өткен әсирдиң 20-30-жыллары большевиклик сиясатлар хэм идеологиялары ККОГПУ хәм НКВД тәрепинен куўдалаушылык дәуиринде заманның ауыр трагедияларын бастан кеширген, бала-шагасы, хожалыгы, тоз-тоз болған Аралбай Қутлымурат бий соңғы «Беглер беги де» көп жыллар бойы баспана излеп, туркмен ауылларында жасады. Ол картайған халында ел-журтыма барайын деп Қаңлыкөл аймағына келди. 1929-жылы гузде Тахтакөпирде большевиклердин сиясаты, Совет хукиметинин тоталитар езиушилик, надурыс илажларына қарсы халық көтерилиси болды. Тахтакөпирден басланған куралды котерилис дауамы Кыран тауда, Әмиудәрья жағасындағы Қызыл калада қанлы урыс пенен питти. 1929-жыл октябрь айында 1930-жыл басында большевиклер және катты репрессиялар баслады. Кегейли, Қоңырат, Шымбай, Хожели, Тахтакөпир аймагындагы «кэуипли» адамлар, (бай, бек, казы, аталык, бий, ийшан-ахунлар) дизимге алынып, ККОГПУ ушлик қарары менен репрессияланды. Большевиклерден бас сауғалап еле «Жан уясынан» - Конырат аймагынан кетпегенлер: Исматулла ийшан улы Мадрейим, Атамурат бек, Урпекбай, Кудияр бай, Молла Убби, Сағадин Даукара бий улы, Даулетнияз аталык улы Айтбай хэм баска бир неше инсанлар куўдалауға ушырады. «Кара дизимде» Кутлымурат беглер беги хэм онын балалары илинбей калган?! «Қара дизимде» «Беглер

беги» болмаса да ОГПУ хызметкерлери «әкеси ҳәм баласын» қосып қамағаны мәлим. Оларды қамақтан шығарыўға ким себепли болғаны ҳәзирше мәлим емес. Қоңыратлы Марқабай батыр «Беглер беги» атасын жудә хурмет еткен. 1929-жылы Қоңыратта Қазахстан Улке таныў экспедициясы (баслыгы Мелков) болды, сонда дилмаш Қаллы Айымбетов ел журт ишиндеги шешен, дилўар, қатты қулақ аталарымыздан сөз жыйнап, Қутлымурат бий беглер беги атасын излеп, 7-ши аўылға барған. XX-әсирдиң 20-30-жыллары большевиклердиң репрессиялық сиясаты ақыбетинен  Убай хан Баҳаўатдинов «Хан мақсым» ҳәм Шымбайлы Қазы Мәўлик ҳәм басқа да зиялылар туркменлер арасында пана тапты.

Қарақалпақ аўызеки дөретпелерин жыйнаўда, әсиресе қарақалпақ шежиресин излеў, жыйнаў, жазып алыў ҳәм баспадан шығарыўда Қаллы Айымбетовтың илимий хызмети айрықша. Ол атасы «Беглер беги» аўылына барып, ҳасыл маржан сөзлер тыңлаған, жазып алған. Қаллы Айымбетов, Нәжим Даўқараев Қанлыкөлдеги «Беглер беги» аўылында кексе Қутлымурат бий-беглер беги менен ушырасып, халық шежиресин, Әжинияз ҳәм Бердақ мийрасларынан узиндилер жазып алған. Қарақалпақ алымлары Қаллы Айымбетов, Нәжим Даўқараев ҳәм Орынбай Кожуров Қоңырат аймағында жәнe экспедицияда болды. Олар Санкт-Петербургтағы Шығыс таныў институтындағы тарийх илимлериниң докторы, профессор Павел Ивановқа хат жазды. 1939-жылы 26-майда жазылган хатында «Қарақалпақ-он төрт руўдын шежиресин жазған ҳәм сақлаған Қутлымурат беглер-беги атамыз 84 жасында қайтыс болды» деп хабарлайды. Аралбай  Қутлымурат беглер-беги 1938-жылы қайтыс болған. Бизлер «Беглер бегиниң» руўхый теберик мийраслары болған муҳаддес «Шежиреси» қайда екен деп аталарымыздан сорағанда ҳәр қыйлы пикирлер айтылады. Зулым, заманның дузиў емес екенин сезип, өзи әўлийеге алып барып темир аршаға салып, китапларды көмдирген, Беглер бегиниң китапларын молла-мақсымлар бөлисип алып кеткен. «Атама ҳәм әкеме» бас қайғы болып, қатты тинтиў, қуўдалаў, жоллары китаплар тәғдирине ким итибар берди, бизлер жудә жас, кишкене едик» -дейди «Беглер бегиниң» ақлығы Турсын апа. Яднамалар хам архивлик дереклер тийкарында «умыт болған тулғаларды» еслеп исмин мәнгилестириу заман талабы.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Қарақалпақстан  тарийхы. Том 1. Нөкис, 1974-жыл. 102-бет.

## 1919 ЖЫЛ: ҚУБЛА АРАЛ ТӨМЕНГИ ӘМИЎДӘРЬЯ ФРОНТИРИНДЕ  КЕҢЕС ХҮКИМЕТИ ХӘМ БОЛЬШЕВИКЛЕР ЭКСПАНЦИЯСЫНА  ҚАРСЫ ГҮРЕСЛЕР: ТАРИЙХЫЙ ТУЛҒА – БАЛА БИЙ ОБРАЗЫ, АЎЫЗЕКИ ТАРИЙХ, АРХИВЛИК ДЕРЕКЛЕР

**Турсынбаева А.** ( КМУ)., **Наурызбаев А.** (Навойи ДУ), **Юсупов О.** ( НМПИ)

Қарақалпақстан – муқаддес дияр, бул жерлерде өткен әсирлердеги тарийхый шахслар (хожа-ҳәким, улама-пирлер, елши-беглербеги, аталық-бийлер...) данышпан шайырлар, ахун-қазылар, ел қорғаған батырлардын муқаддес жайлары жайласкан, усы, кийели – муқаддес зәмийинде халқымыздың азатлығы, еркинлиги, тынышлығы, өзлик ушын, өзин-өзлери баскарыўы ушын гүрескен – ел азаматлары, халық қахарманлары пайда болған.  Усы, бийбаҳа – муқаддес жерде XX әсир халыкты, сырткы жаўлардан коргаўда, ел-журттың пүтинлигин ҳәм абад турмысты саклаўда, социаллық (күнделикли тыныш өмир) турмыстың тураклылығын саклаўда гүрескен ел басшылары, халықтын соңғы батыр-уллары зулымлык пенен гүрескени ҳәм қурбан болғаны мәлим, оларды тарийх умытпайды.

**Тийкарғы сюжет**: Арал диярының тарийхый тулгалары, ол кимлер?    XX әсирдиң биринши шерегинде Қубла Арал бойы Әмиўдарья алабында   Кеңес ҳүкимети хам большевиклер (қызыллар) диктатурасы, идеологиясына   қарсы гүрескен жергиликли лидерлер-басшылар, жергиликли аймаклық    тулғалардың өмири хәм хызметлерин үйрениў ўатандарлық тарийх илиминдеги әхмийетли маселелердиң бири болып атыр.

Арал дияры «репрессия тарийхтаныўы» контекстинде, Қарақалпақстанда репрессиялар тарийхын үйрениўде, тарийхшы – академик С. Камалов баслап берди [1].

**XX әсир биринши шерегинде Қарақалпақстан** халқының большевиклик диктатура ҳәм идеологиясына қарсы гуресте, өзлерин-өзлери қоргаў ушын әскерий күш-нөкерлер топлап, еркинлик ушын гүрескен, жергиликли этно-лидерлердиң бири – **Тәжимурат улы Кутлымурат бек (лақабы Бала бий)** исми, образлы тилге алынады. Қубла Арал хәм Хорезм аймағындағы (1916 – 1919 жыллар) социаллык-сиясий ўақыяларға қатнасқан тарийхый тулғалар тағдири ҳаққында кимлер изертлеген? Ташкентли Б.Алланиязов репрессия қурбанлары – Аллаяр Досназаров ҳаққында, Ш.Бабашев Коңырат хәкими – молла Үбби Ернияз улы хәм басқада «репрессия» қурбанлары болғанларды анықлады [2]. Қарақалпақстанда уламаларды куўдалаўлар тарийхы бойынша Абдисайыт Пахратдинов «Шейитлер тағдири» эссе-китабында, т.и.д. М. Карлыбаев, О.Юсупов, А.Ерманов мақалаларында [3], сиясий репрессия тарийхы бойынша Б.Кощанов, А. Джумашев, С. Нуржанов, Р. Базарбаев, А. Кудияров изертлеўлери, илимий мақалалары хәм тарийхый-манаўийлик ағартыўшылыкта орны хәм хызетлери гиреўли.

Ўатанымыз тарийхында «ак излери» болған даўирдиң бири – **1919- жыл ўақыясы**. Қубла Арал бойы – Хорезм хәм Қарақалпақстан аймағында, бурынғы Амударья бөлими хәм Хийўа ханлығындағы әскерий, сиясий хәм социаллық жағдайлар, дағдарысларды архив хужжетлери хәм аўыз еки тарийх – яднамалары тийкарында жазылмакта. Амиударья алабында большевиклер диктатурасына қарсы Қутлымурат бий – (лақабы Балабий) хәм Қум өзекли Убайдулла (Багаутдинов Губайдулла), (лақабы Хан Максым) жергиликли лидер-каҳарман екенин «жаңа тарийх» та орын алды. Тарийхка кирмей калған шахслар баршылык. [ **ЦГА РК фонд 34 , опись -1. дело-1. ]**.

XX әсирдин басында Түркстан хәм Хорезм халықларына да биринши жер жүзлик урыстың акыбетлери, кыйыншылыклары социаллык ҳәм экономикалық турмысқа қатты тәсир етти, кембағалшылык, жетиспеўшилик, ашлык, жумыссызлык, мәрдикарға мәжбурий адамларды жибериў халықтың шыдам кесесин шайпалтты. **Арал диярында – 1919-жылы не ўакыя болған**? Амиўдарья алабында Кеңес (Шўра) хүкимети ҳәм большевиклик экспанция хәм идеологияға қарсы төмеңи Амиўдарья дельтасындагы Ураллы-казаклар (кәкәлли уруслар) қозғалаң тапты. Оларға Арал бойы жергиликли этно-лидер Лепес бай – болыс Жолдас улы, Тәжимурат улы Кутлымурат бий – ҳәким (Балабий): Нокис ҳәкими-болысы – Инbackдат бай Нияз улы, Қум өзекли Убайдулла (Хан Максым), сондай-ак, Шымбайлы – Адил аталык улы Ибрайым болыс, Кегейли – Жаңа базарлы- Сейтназар болыс, Ерназар аталық перзентлери Хожамет болыс да, «он еки болыстың» айрым этно-клан лидерлери «кызыллар – большевиклер сиясатына» қарсы көтерилиске қатнасқан еди.

**Әскерий декреклерде**: Шўра хүкиметине хәм **кызылларға қарсы жаўлар**: № 1 – атаман Фильшев, №2 Инbackдат болыс – хан, №3 Ибрайым болыс, №4 Халмурат бай, **№5 Бала бий,** №6 Сейтназар болыс, №7 Хан Максым ҳәм басқалар не ушын ураллы казаклар мапи ушын әскерий *симбиоз* болғаны маселеде еле де изертлеўлер керек!…

Коңырат аймағындағы социаллык дагдарыслар – ашлык, қарақшылық, тәртипсизлик, теңсизлик, өз-ара ала-аўызлық, ала-сыпыраң, қыйын жылларда ел-журтты «ишки жаўдан» - яумыт қарақшылардан корғаўда қала-хәкими, аймак-беги, сыпатында басшылык еткен шахслар бири – Бала бий көзге коринген. **1919-жылы 15 – 16-август кунлери** Шымбай, Зайыр, Мойнак, Ишим, Тоқмақ ҳәм басқа да аймаклары большевиклик диктатурасына қарсы – альтарнативлик «**Шымбай Республикасы**» (1919-жыл 16-август – 1920-жыл 7-февраль) **хүкимет** болған. Әлбетте, бундай ўақытша еркинлик, азатлық, ғәрезсизликке қарай бир адым ушын гүресиўде жергиликли, аймаклық басшы – этно-лидерлер Лепес бай – исбилермен болыс, Бала бий, Хан Максым, Инbackдат болыс-хан, Ибрайим бай – болыс ҳәм басқада ел-журт баскарған азаматлардын аўыз биршилиги, арқа болыслары, улама –ийшанлардың коллап-кууатлаўы болды.

**Тажимурат бий улы Кутлымурат бий (Бала бий)** – Қоңырат қаласының бурынғы «Бек» лаўазымда хызмет еткен инсаны, ғәрезсизлик ушын гүрескенлердиң бири еди. Ол Зайырлы «ураллы-казак» атаманлар дүзген әскерий *жүзлик* бөлимде өзиниң атлы нөкерлери менен қосылып, сыртқы ҳәм ишки душпанларға қарсы турғаны, ҳаққында тарийхый мағлыўмат, социаллық яднама жазылған еди.

Коңыратлы «**Бала бий» - Қутлымурат бий образы**, тағдири ҳаққында, жазыўшылар: Ж.Сапаров, А.Садыков тәрепинен тарийхый көркем шығарма дөретилди. **Бала бий образы** тарийхый-әдебий тулғасын –яднамалар, аўызеки тарийх тийкарда жазды.

1919-жылы Амиўдарья делтасындағы отырықшы «Араллы-өзбеклер» ҳәм «төменги» қарақалпақлар жамийетиндеги бийлери ҳәм беглер бегилери жәми биригип, Коңыраттың бийгарезлигин сақлаўға киристи. Сол жыллары Қоңыратта «Автономия» ҳәкимшилик дүзиўде Қоңыратлы суфылар әўлады – **Молла Убби Ернияз суфы** улының орны ҳәм хызметлери коринди. Ол Қоңырат аймағына тез-тез тонаўшылыққа келетуғын «яумыт» сардарларына қарсы аскерий кушти бириктириўде әззилик етти. **Молла Убби** ҳәм **Қутлымурат бек (Бала бий)** бирликте, ели-халқы ушын гүреске бел байлады. Олар Қоңырат қаласы бийғәрезлик ушын әскерий күшлер топлады. Әмиўдарьяның оң жағаларында караўыллық хызметлердеги Зайырлы ураллы-казак жүзликлерден әскерий жәрдем алды. Қоңыратты яумыт-қарақшылар тонаўынан қутқарды. Хийўа ханлығындағы сиясий дағдарыс, сардар Жунайд *хан* сиясаты, Қоңырат бийлериниң сиясий ояныўына, өзин-өзи басқарыў, ел-журтты бийғарезликте баскарыў нийетлери, мәплери пайда болды. Қоңыратта хәкимшилик антропологиясы (антропология власти) сиясий оймак-таласларда – Молла Убби ҳәм Кутлымурат бий топарларында сезилерли болды. Қутлымурат бий – (Бала бий) образы этно-көркем шығарма – ол «қанқор, адам канын ишкен», - деп каралады. Қарақалпақ ОГПУ хызметкери: Мәмбет Кузенбаевтың еске түсириўинде: 1919-жылы Қонуратқа «яўмыт» баспашылары топылысы үлкен болған. «Бала бий»диң атлы нөкерлери ҳәм Зайырлы ураллы-казак жузликлери бир жағадан бас шығарып, бирликте «қоңсы яумытлар» - қаракшыларды қатты соққыға ушыратты. Қоңыратқа тонаўшылык етиўге келген Якшыгелди, Дошымук, Шәрик нөкерлери қырғын тапты» - деп гүрриң айтқан еди. Бала бий «Оралский»лердиң жақсылық ислерин кайтарыў ушын, атаман Фильшевтиң «бийгарезлик» ушын козғалаңына әскерий күш болып, жәрдем берди, бирге әскерий симбиозда «кызыллар*- большевиклерге қарсы гүрести.

**Шымбай Республикасы: (1919 – 1920) алтарнативлик ҳүкимет тәғдири** қандай болған? Қубла Арал дияры төменги Әмиўдарья фронтиринде (оң, бержақ) тәрепинде Әмиўдарьялы ураллы-казаклар (какәлли уруслар) атаманлары ҳәм болыслары менен жергиликли арқа регион (Зайыр, Ишим, Терманбес, Мойнак) этно-клан болыслары, бийлери менен этно-әскерий *симбиоз* болып, қызылларға қарсы турған еди…

**Қоңырат автономиясы**: **1919-жылы жаздан – 1920-жыл ерте бәҳәрге** шекем Қоңырат ели «автономиясы» на Бала бий басшылық етти. Әмиўдарья ойпатлығында большевиклерге қарсы гүресте, Нөкис болысы болған – Иният болыс - *хан*, Бала бий, бек - *хан*, Убайдулла *хан* - максым, жәнe –*арқа*ның «он еки болыс»тың улама, ахун-ийшанлары большевиклерге қарсы турыў, гүресиўлери узаққа бармады. *Қара қум* - «король»и, яумытлар лидери – Жунайд сардар - *хан* үгитине исеним де болыўга, биригиў, *бир жағадан бас шығарыў, кеңлик етиўге* хәрекетлер етти.

**1919-жылы Нөкис қорғандағы ўақыя**. Төменги Әмиўдарья жағаларын «қызыллар» тапсырмасы менен қорғап жүрген Бала бий атлы нөкерлери *Нөкис қорғанға келген еди. 1919-жыл большевиклер тәрепинен Россияда Дон /казаклары, Урал / казакларына қарсы қатты репрессия сиясаты басланған еди. Әмиўдарья бойында *Қара таў* дан – Арал теңизге шекемги аралықты *караўыллық хызметлер*деги Ураллы-казакларда үлкен қорқыныш пайда болды. «Кызыл» атаман Фильшев, Иният болыс, Бала бийлер биргеликте қалай *жан сақлаў*, ертенги күн таңдири ушын мәсләҳәтлести. **Тарийхта қалған күн**?! **1919-жылы 16-июль. *Кызыллар* образы – отлы сағым**

**болды, *кызыл* болғанлар купия болшекленди… Нөкис әскерий қорғанында,** №3-Зайыр ураллы/казаклары *жузлик* (сотник) лериниң нөкерлери дизимге алынған. Қоңыраттан келген - **Бий Қутлымурат – (Балабий**), атаман Фильшев Михайл: улыўма 218 нөкердиң Каратаўдан баслап Арал теңизи жағалаўына шекемги төменги Әмиўдарья дельтасы бойларында қызыллар-караўыллық хызметлерде болғанларды сапластырыў, олардағы қурал-жарақларды тартып алыўға ҳәрекетлер болған еди.

**Гүреслер финалы**: Қоңыратлы тарийхый тулға - Бала бий көп жыллар Әмиўдарьяның шеп тәрепинде, кешеги өзине душпан, өзгелер (чужой) - яумыт сардарлары менен аўқам болып, *большой*ларға – қызылларға қарсы гүреслерге қатнасқан еди. Ол ашшы өмир сабақлары ақыбетинен, даңқсыз гүреслери соңынан, дүзлерде, тоғайларда «күнделикли өмир» жасап, кеселлик тапты. Ол *Шайдаков*тың қызыл әскерлери куўдалаўынан жасырынып, «Қарақум» ишиндеги аўыллар арасына араласып *изсиз* жок болды. Қутлымурат бий жасы алпысқа келген, ири геўдели, копа сақаллы, мурты жалпақ бетине жарасықлы, ел журт басшысы, батыр инсан, - деп кексе аталар еслеп, яднамада тәриплер еди. Ол **1925-жылы «Кара кумда» бир қудық (Шыгырлы) бойында** аўырыўдан қайтыс болғаны ҳаққында ККАО ОГПУ қупия хабар жеткен. Қонырат қаласын яумыт баспашылардан қоргаўда «Балабий»шилердиң тәрепинде болғанлардын бири Марқабай батыр Оразымбет улы – большевиклер идеологиясына исенди, хызмет етти, бирақ, Марқабай болыста – сиясий репрессияның қурбаны болды.

**Жуўмақ**: Қубла Арал бойы Әмиўдарья алабында «Таза Жаңа кала» елатының қәлиплесиўинде, **Қанлыкөл аймағында** абат мәкан қурылыўында, ел-пәрўар, көреген зыялы – қырық жыл *беглер беги* лаўазымында ел ушын мийнет еткен этно-элита, **Кутлымурат бий Аманбай улынын** хызметлери миллий тарийхымызда өз орнын алады [4.] Арал теңизи ҳәм Қоңырат диярында Кеңес ҳүкимети ҳәм большевиклер экспанциясы ҳәм идеологиясына қарсы шыккан, Қоңыратты ишки жаўлардан – каракшылардан коргаўда, ўатан суйиўшилик, ел пәрўар болған Қутлымурат бий Тәжимурат улы, Молла Убби Ернияз улы, Марқабай Оразымбет улы хызметлери елимиздиң, арқа диярының ғәрезсизлик ушын гүреслери жылнамасына да жаңаша, толық жазылыўы керек.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Өзбекстаннын жаңа тарийхы Ташкент, 2000, 2-китап, 306 бет.

2. Бабашев Ш. «Дөхмет дегиши: қарақалпақ уламалар үстинен хүким (тарийхый дереклер). Нөкис, 2009. 50-бет.

3. Асанова Г., Юсупов О., Ерманов А. Арқа Өзбекстанда большевиклердиң меморандумы ҳәм экспроприяциялык ислери./Вестник ККОАН РУз, №3 2005, Юсупов О., Тащанов Қ. 1917 – 1924-жылларда Хорезм ўәлаятының сиясый вазиятлары. Топлам: НМПИ магистрлериниң топламы «Илимниң актуал мәселелери» Нөкис, 2008. 47-49-б.**,** Юсупов О., Ерманов А. Қарақалпақстандағы мухаддес жайларға большевиклердиң меморандумы (XX әсирдиң 20-30 жыллары) / «Илим ҳәм жәмийет», Нөкис, №3-4, 2008. 21-26-бетлер.

4. Асматдинов О., Мамбетуллаев М., Юсупов О. Тарийх бетлерин парақлағанда қарақалпақ беглер бегиниң тәғдири биймәлим қала береме? ямаса соңғы *беглер беги* Кытай-Аралбай Аманбай бий улы Қутлымурат бий (беглер беги) ҳаққында. // Еркин Карақалпақстан, Нөкис, 2001. декабрь.


## ARAL MADENIYATI: KARAQALPAQSTAN MAMLEKETLIK KÓRKEM ÓNERI MUZEY – USHINSHI RENESSANS BASQISHINDA

( I.V.Savickiy muzeyinin’ biybaha miyraslarınıń toplanıwı)


**Yusupova B.**

*I.V.Savitskiy nomidagi Qoraqalpog‘iston kórkem óner muzeyi ilmiy kotidi*


Aral mádeniyatı: Qaraqalpaqstan mámleketlik kórkem óner muzey – úshinshi renessans basqıshında. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı-Nókis qalasında mádeniy hám kórkem-

óner orayı bolǵan muzeylerdiń biri - «I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaqstan mámleketlik kórkem-óner muzeyi» bolıp tabıladı. Bul kórkem óner muzeyiniń payda bolıwında hám biybaha kartinalar kollekciyasınıń jıynalıwında u'lke tanıwshı hám xudojnik Igor Savickiydiń ornı ayrıqsha.

Qaraqalpaqstan kórkem-óner muzeyiniń muzey bolıp qáliplese baslaǵanına bıyıl 60 jıl boladı. Usı dáwir ishinde kórkem-óner muzeyi 100726 mıń biybaha eksponatlarınıń ishinde eń eski materiallıq miyraslar – bul úlkemizdegi arxeologiyalıq esteliklerdi izertlewler nátiyjesinde tabılǵan miyraslar bolıp tabıladı. (Nasledie Karakalpakstana: Istriya, Kultura, priroda, Muzey. Sostaviteli: M.Karlıbaev, V.Yagodin, S.Mambetulaeev, Z.Alieva. Recenzenti: G.Xojaniyazov, M. Babanazarova Tashkent, 2015. 120- str.)

Qubla Aral boyı hám Xorezm aymaǵında Antik dáwirge tiyisli eski qorǵan qalalardan tabılǵan biybaha miyraslar (ha'r qıylı ossauariyalıq ıdıslar, hayal-qızlar taǵınshaqları, teńgeler, háykelshiler, jazıwlar) basqa da xojalıq buyım zatları muzeydiń altın fondın bayıtadı. Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı áyyemgi qalalardı arxeologiyalıq izertlewler, bunnan 80 jıl burın baslanǵan.

Belgili arxeologlarımız, professorlar Sergey Tolstov, Tatyana Jdanko, xudojnik Igor Savickiy, O'zbekstan qaharmanı arxeolog-alım Gayratdin Xojaniyazov, arxeolog Oktyabr Dospanov hám basqalardıń tapqan arxeologiyalıq miyrasları muzeydiń altın fondınan orın alǵan.

I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaqstan mámleketlik kórkem-óner muzeyiniń eksponatında biybaha miyraslarınıń toplanıwında akademik-xudojnik Joldasbek Kuttımuratovtıń úlesi hám xızmetleri bar. Elimizde sońǵı tórt jıl ishinde háreketler strategiyası, rawajlanıwdıń bes koncepciyası tiykarında, jámiyetlik-siyasiy, social-ekonomikalıq hám mádeniy-mánawiy turmısımızda úlken ózgerisler, innovaciyalıq jańalanıwlar, nátiyjeler júz bermekte. Jámiyetimizdiń social-gumanitarlıq tarawdaǵı, sonıń ishinde mádeniyat hám kórkem óner tarawındıǵı, «O'zbekstan Respublikasında milliy mádeniyattı bunnan bılayda rawajlandırıw koncepciyasın tastıyqlaw haqqında», «Materiallıq mádeniy miyras obyektlerin qorǵaw tarawındıǵı jumıstı tup – tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında»,- Prezident qararları jariyalandı. (Erkin Qaraqalpaqstan 1-dekabr, 2018 jıl № 145 sanı - Erkin Qaraqalpaqstan, 22-dekabr 2018 jıl №154 sanı.)

2019-2021 jıllarda Elimizde materiallıq mádeniy miyras obektlerin qorǵaw, saqlaw, ilimiy-izertlew, úgit-násiyatlaw hám olardan aqılǵa uǵras paydalanıwdı túp-tiykarınan jetilistiriw boyınsha «jol kartası» dúzildi. (Qaraqalpaqstan mádeniyatı 2018 jıl. 22-dekabr. № 52 sanı). Jańa jıldan baslap, mámleketimizde milliy baylıǵımızǵa ǵamqorlıq jáne de rawajlanadı hám jáhan turizminin' áhmiyeti úlken boladı.

O'zbekstannıń materiallıq mádeniy miyrasi, sonıń ishinde Qaraqalpaqstannıń arxeologiyalıq miyras obyektleri, muzey eksponatları hám kollekciyalar jáne mádeniy baylıqlardı qorǵaw ilimiy uyreniw olardı aqılǵa muwapıq paydalanıw hám úlkemizge keletuǵın sayaxatshılar hám turistlik potencialın arttırıwda olardıń ornı hám áhmiyeti úlken ekeni anıq.

Orta Aziya, Ozbekstan kórkem óneri kontekstinde, Aral diyarı Qaraqalpaqstan zámiynindegi bay ótmishke, joqarı mádeniyatqa iye, tamırı tereń hám biytákirar kórkem ónerge iye ata-babalarımızdıń miyrasların hár tárepleme izertlewler social-gumantar ilimleri (tariyx, etnologiya, filologiya, kórkem óner) tarawlarındaǵı qániygelerdiń aldında turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan, áyyemgi etnoslar dóretken, ullı babalarımızdıń biybaha materiallıq mádeniy miyras bolıp jetken, kórkem óner nusqaları, úlkemizdegi bir neshe arxeologiyalıq esteliklerden tabılǵan hám tabılıp atır. Qubla Aral diyarındaǵı arxeologiyalık hám etnoarxeologiyalıq obyektlerdi, etno mádeniyat, etnokórkem ónerdi birinshi izertlegen professor S.P.Tolstov, YA.Gulamov hám T.A. Jdankolar boldı. Qaraqalpaqstanda etnoarxeologiyalıq izertleniwlerge alpıs jıl toldı. Sol jılları ishinde, Nókisli arxeologlar: professor A. V. Gudkova, professor V.N.Yagodin, professor M.Mámbetullaev, O'zbekstan qaharmanı, arxeolog G.Xojaniyazov, professor M.Sh. Kdırniyazov ha'm docent O.Dospanovlar miynetlerinde

jariyalanǵan, áyyemgi kórkem óner ulgileri, biybaha miyraslar jáhán mádeniyatı hám iliminde tán alınbaqta.

Qubla Aral boyı Amiwdarya deltasındagı «Xorezm mádeniyatı ham civilizaciyası» dep atalg'an arxeoobektlerden júdá kóp, bir neshe juzlegen, hár qıylı úlgilerde, minatyuralıq háykeller, gips hám ılaydan dóretilgen mu'sinler, reńli su'wretler, jivopis kartinalar, áyyemgi aremeyshe-xorezmshe jazıwlar, Xorezm teńgeleri, Kerder teńgeleri, Suǵdı teńgeleri, bronzadan islengen «qanatlı at» tıń protomı-blyashkası (taǵınshaq) ulgisi, keramikalıq sırlı ıdıslardı hárqıylı zoomorflıq hám antromorflıq su'wretler, biybaha miyraslardıń tabılıwı-bul u'lken hám a'hmiyetli materiallıq baylıq- kórkem ónerimiz bolıp tabıladı.

Bul biybaha miyraslar, «Bilimli a'wlad- ullı keleshektiń» jalgasi su'reninde -mádeniy-aǵartıwshılıq jumıslarda, u'lkemizde «ishki turizm»di rawajlandırıwda, bay materiallıq resurslarımız bolıp xizmet etedi..

Diyarımızdaǵı esteliklerde arxeologiyalıq izertlewlerde tabılǵan miyraslarga,kórkem súwretlew óneriniń nusqalarına Rossiyalı arxeolog-etnograf S.P.Tolstov, xudojnikler A.Ladurlar, I.V.Savickiy hám basqalar dáslepki dıqqat bólgen ilimli insanlar edi. Olar sol miyraslardı paytaxtımızda bir jerge toplap, keleshek a'wladlar-jaslarımızǵa materiallıq mádeniy miyras etip kórsetiwge wasiyatlar ayttı.Qaraqalpaqstanda kórkem óner muzeyin shólkemlestiriw máselede birinshi bolıp innovaciyalıq ideya bergenler qániygeli arxeologlar hám xudojnikler bolǵan edi. Arxivlik dereklerge na'zer salsaq, Ekinshi jer juzlik urıs jılları Qaraqalpaqstanda da gumanitar-ma'deniy tarawda xudojnik Boris Kamenov, kompozitor V.G. Shaprannikov, muzıkant N.Yagodin xudojnikler A.Ladur ha'm M.Ladur hám skulptor Z. Klobukovalar xızmet etken.

Xudojnik B.Kamenov «Berdaq» obrazın qıl qálemde-tawarǵa, al, xudojnik -skulptor Z.D.Klobukova birinshi mártebe «Ana» tulǵasın, hásiretli qaraqalpaq hayalınıń háykelin-tasta dóretti. (Qızıl Qaraqalpaqstan, 1944 jıl.2-fevral. №23 (3682)). Olar qaraqalpaq muzeyinin' «IZO» fondına: jivopis, grafika, skulpturalıq inntelektual doretpeleri menen bayıtıwg'a u'les qostı.

O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan ko'rkem oneri, teatr ko'rkem o'nerinde, muzeytanıw o'nerinde u'les qosqan do'retiwshi injenerler: xudojnikler- Antonina Ladur ha'm Mixayl Ladurlar – Qaraqalpaqstan su'wretlew ko'rkem o'neri tariyxında «umıt bolg'an» ma'nawiyat arbabları bolmaqta. 1942-jılı Ózbekstan xudojnikler Awqamınıń wákili xudojnik M.F.Ladur Qaraqalpaqstanǵa kelip, diyarımızdaǵı biybaha miyraslardı kórip, tań qalıp, súysinip, onda jańa ideyalar payda boldı.

1943-1944-jılları xudojnik Ladurlar Nokis qalasında jasadı. Qaraqalpaq xalqının' bay miyrasların, arxeologiyalıq sakral obyektlerin ko'rip, tamashalap, «Qubla Aral boyı A'yyemgi Xorezm» ma'deniyatı ha'm civilizaciyası izleri menen tanıstı. A'miwdarya deltasındag'i ma'deniy miyraslar xam arxeologiyalıq esteliklerde shashılıp, jıltırap qumda qalg'an sırlı, nag'ıslı, su'wretli gu'zeler, tabaq-ıdıslar sınıqları, tengeler. keramikalıq ha'ykeller- sa'nemler (terrokotalar) ha'm basqada takirarlanbas babalar miyrasın korip, bulardı jıynaw, saqlaw, muzey fondı, eksponatı etiw ma'selede bas qatırdı. Qaraqalpaq Obkomı ha'm «SovNarKom» basshılarına: N.Japakov, P.Seytov, M.Jumanazarov, jergilikli ilimpazlar: N.S.Daukaraev, YA.Dosumov, I.Sagitov, K.Ubaydullaev menen jaqsı mu'nasibette bolg'an, ma'deniy -tariyxıy geografiyalıq ha'm etnomadeniy landshaftı, ko'rkem o'ner geografiyasın saklaw ma'selesi xam mashqalasında pikirlesti. Qaraqalpaq intellegenciyası ha'm xudojnikler usınısı menen Qaraqalpaqstan hu'kimeti : Respublikamızda ko'rkem ma'deniyattı qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıw maqsetinde –Nokis qalasında su'wretlew ko'rkem o'neri muzeyin ashıw».-haqqında 1966 jıl qarar qabıl etti. **(Postanovlenie KK Obkoma i SNK « V celyax podeme xudojestvennoy kulturı v Respublike otkrıt v stolice KKASSR-v gorode Nukuse muzey izobrazitelnogo iskusstva).** Qaraqalpaq ko'rkem o'ner muzeyi ushın- O'zge el-jurttan, Oraylıq qalalar- Moskva, Kiev, Leningrad, ( Sankt-Peterburg) muzeylerinen Nokis muzeyine qosımsha miyraslar toplawdı, Aral boyı tabiyatı, Qaraqalpaqstan turmısı ha'm ta'biyatın kartinalarda sa'wlelendiriw mashqalası, Qaraqalpaq klassikleri, birinshi gezekte: Qaraqalpaq poeziyası arbabları; Berdaq, Ajiniyaz obrazının' ren'li portretin sog'ıw, Berdaq ha'm Ajiniyaz tulga'sında

Moskvada otkrıtkalar (5-mın’ nusqada) tayarlaw, Qaraqalpaq tabiyatına u’sh ken’ palotnalarda kartina sog'iwg’a xudojnikler-Ladurlar wa’de ha’m tilek bildirdi. Olar, 1945- jılı Moskva qalasında o’tkeriletug’ın Pu’tkil Awqamlıq ko’rkem o’ner korgizbesine Qaraqalpaqstan jivopisi, skulpturası grafikası u’lgilerin tayarlaw xam ko’rsetiwge, iniciativa xam pidayılık xızmetler ko’rsetetug’ının aytqan. Qaraqalpaqstan ko’rkem o’ner tarawda jergilikli kadrlar tayarlawg’a itibar bergen, Qaraqalpaq jaslarınan D. Allanazarov, K.Berdimuratov, A.Julımbetovlardı Oraylıq «Xudojnikler mektebine» jiberiw rejeleri korildi. Paytaxtımızda tazadan «Nokis ko’rkem o’ner» muzeyi ashıladı degen xosh xabarlarg’a, O’zbekstannın’ intelektual elitaları: Akademik T.N. Karı-Niyazov, Akademik –jazıwshılar Oybek (Musa Toshmuxammadov), Akademik V. Vaxidov, Rossiyalı alım-professorlar S.Tolstov, T.Jdankolar u’lkemizde miyman boldı, milliy muzeymizdegi qaraqalpaq hayal-qızlar ma’deniyatının’ u’lgileri (Ko’k-ko’ylek, qızıl jegde, sawkele, ha’ykel ha’m basqada) takirarlanbas tag’ınshaqlar, bezeniw miyraslardı kelip ko’rgen, miyraslarg’a joqarı baha bergen, ta’n alg’an ha'm ilimiy maqalalar jazdı.

Frontir teoriyasında – qaraqalpaq madeniyatı ha’m ko’rkem o’nerinde «O’zgeler» el ishinde «O’zlik» bolıp, kor’kem o’nerdi qa’liplestiriwge u’les qosqanı, «a’yyemgi civilizaciyanı» o’zlestirip, jıynap, Aral boyında «artta qalg’an –u’lkede » milliy ma’deniyattı tiklew, innovaciya xam modernizaciyalauda u’les qosqanlardı umıtıwg’a bolama? Du’nyada insanlar ushın eń ulken tragediya, ekinshi jer juzlik urıs jılları , sol urıstıń awır sociallıq turmıstıń qıyın jıllarında qaraqalpaq teatrı xam muzıka ko’rkem o’nerinda dóretiwshilik miynet etken Rossiyalı inntelektual elitalar o’miri ha’m miyrasları jaslarg’a u’lgi bolsa jaqsı boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Orayı - Nókis qalasın jańadan qurıw da xojalıq qurılıs jumısları, paytaxt- qala ishinde infrastrukturasın du’ziw hám abadanlastırıwlar, hu’kimet hám u'y-jay qurılıslar jan’a payda bolıp atırg’an qıyın jıllar edi.

Ekinshi jer júzlik urıstan keyin Nókis qalasında Qaraqalpaqstan xudojnikleriniń awqamı qayta shólkemlestirildi. Nókisli xudojniklerdiń súwretlew kórkem óner ustaxanası ashıldı. Qaraqalpaqstan xudojnikleri qaraqalpak milliy teatrında saxnalardı bezewde pidayılıqta miynet etken edi. Qaraqalpaqstan mádeniyatı hám kórkem óneriniń Tashkent qalasındağı birinshi dekadasında xudojniklerden B.Kamenov, F.Madgazin, A.Bryukov, A.Lazko, I.V.Savickiy, Q.Sayıpov, K.Berdimuratov, I.Mikulickiy, N.Grinev hám baskalardıń dóretken súwretleri hám háykelleri (byusti) kórgizbelerge qoyıldı.

Qaraqalpaq xudojnigi Qıdırbay Saypov Tashkente kórkem óner uchilishesinde diplom jumısına Ajiniyazdıń «Bozataw» etnopoeziyası tiykarında syujet hám kompoziciya tańladı. Ol Qońırat hám Bozataw eli , xalıqtıń urıslar hám jawgershilik aqıbetinen tuwılğan ata-jurttan ayralıqqa tusip, posıwshılıq aqıbetine giriptar bolğanı , sol «tragediyalıq waqıyalardı» suwretlew kórkem ónerde birinshi bolıp dóretken edi. Ol qaraqalpaq xalıq dástanları «Alpamıs», «Ǵárip-Ashıq», hám «Qırıq qız»dı milliy teatrda birinshi mártebe saxnalastırğanda úlken saxnalıq dekoraciyalar, bezewler hám kartinaları menen salmaqlı úles qostı.

Qaraqalpaqstan kitap baspasında milliy kitaplardı kórkemlep bezewde grafika hám illyustraciya janrın qáliplestiriwde xudojnik K.Berdimuratovtıń salmaqlı úlesi bar. Ol qaraqalpaq dástanları: «Alpamıs», «Bozuğlan», «Er ziywar», «Sharyar», tariyxıy tulğalar: «Maman biy», «Murat shayıx», «Erejep biy», «Aydos biy» hám basqada mádeniyat arbablarınıń súwretlerin dóretti. Ol dóretken «Berdaq», «Xurliman» portretleri, milliyligi hám ózgeshiligi menen muzeylerimizde biybaha kartina bolıp qalmaqta. Ol qaraqalpaq xudojnikleri ishinde birinshi musinshisi sıpatında: «Qıpshaq Erejep biy, Ağa baba», «A.Dosnazarov», «K.Awezov», «Akademik-paxtakesh Sh.Musaev», «Kurbanbay jıraw» músinlerin dóretti.

Qaraqalpaqstan kórkem óneri konteksinde, sonıń ishinde Aral boyı florası-resursları tiykarında, babalarımızdıń góne «ağashlarğa jan bergen» ustashılıq hám súwretlew ónerine birinshi bolıp xudojnik I.Savickiy ilimiy na’zerde dıqqat bóldi. Ol Aral tabiyatına, arqa diyardıń «peyzaj» janrında kóp miynet etken. Ol insan qaraqalpaq qızlarınıń qol óneri miyrasların jıynawda salmaqlı úles qostı. I.V.Savickiy Nókiste kórkem óner muzey dúziw kerek, degen «jalınlı jıllardag’ı» «innovaciyalıq ideya»nı ámelde shólkemlestirgen, ullı xudojnik hám muzeytanıwshı boldı. Onıń ilimiy hám muzeytanıwshılıq jumıslarında su’yenishi hám tayanıshı,

O’zbekstan Ilimler Akademiyası qaraqalpaq filialınıń birinshi baslığı, filologiya ilimlerinin doktorı, akademik Marat Nurmuxamedov- sırlası, keńesgoyi hám qollap quwatlawshı- ǵamqorshısı bolǵan edi. * ( Akademik Marat Nurmuxamedov «PRIJOK» Tashkent, 2020 .488-str.) .

Xudojnik Igor Savickiy dáslep «Akademiya filialı-kórkem óner sektorında», soń «Nókis kórkem óner muzey» inde bir neshe milliy ziyalılar hám xudojnikler menen, olardıń ideyaları birikken jaǵdayda, «bir shańaraq» bolıp, birlikte, dóretiwshilik jumıslar isledi. Olardan akademik-xudojnik J.Qutlımuratov, skulptor D.Tóreniyazov, xudojnikler A.Atabaev, F.Madgazin, A.Erimbetov, akademik-xudojnik J.Izentaev, B.Serekeev, A.Otegenovlar hám basqalar muzeydiń eksponatları jánede tolıwında salmaqlı úles qostı. Házirgi waqıtta, milliy muzeylerimizde jáhánge belgili, jáhán du’rdanası bolǵan kartinaları - «avangardlar» (zaman aldında bolǵan xudojnikler) súwretleri hám etnokórkem óner miyraslarımız benen, elimizge úlkemizge kelgen: miymanlar, sayaxatshılar, muzeytanıwshı qánigeler tán alǵan, kiyeli hám muqaddes orın bolmaqta. Qaraqalpaqstandag'i I.V.Savickiy atındaǵı mámleketlik ko’rkem o’ner muzeydi «Qızıl qumdagı gawhárlar», «O’zbekstan márwertleri», «Nókis ǵáziynesi» dep shıraylı,teńewleri jaǵımlı hám dál aytılǵan teńew sózler menen mártebeleydi.

Elimizge, Paytaxtımızǵa kelgen Ullı Britaniyalı sayaxatshı-izertlewshilerdıń biri - qaraqalpaq muzeyindegi «Maman biy» hám «Ernazar biy»ler kartinasına (xudojnik B.Aytmuratov) tán bergeni hám ózinin funtamental miynetinde orın bergeni, milliy kórkem ónerimizge u’lken hu’rmet hám itibar bolıp tabıladı. (4.) **David i Siyu Rishardson «Karakalpaki na Aralskogo morya deltı Amiudare» London, 2012.58,66-betler.** I.V.Savickiy muzeyinin’ 60 jıllıq yubileyi mu’nasebeti menen Qaraqalpaqstan kórkem óneri tariyxın jańadan tolıq jazıw waqtı keldi. «O’zbekstan marjanları» dep mártebelengen Qaraqalpaq kórkem óner muzeymizge tiyisli, arxivlik dereklerdi aqtarıp, tawıp, paydalanıp, diyarımızda óz «zamanında» intellektual doretiwshilik etken, miyrasları «umıt bolǵan» qıl qálem iyelerin, Muzeylerimiz tórinen orın beriwimiz zárur.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Nasledie Karakalpakstana YUNESKO, 2015.
2. A.Allamuratov «Karakalpakstan iskussvosı tariyxı» Nokis.1968
3. I.V.Savickiy «Gos muzey iskusstva KKASSR» Moskva.1976.
4.Istoriya i arxeologiya Priaralya Nukus,2019.,
5.David i Sie. Rishardson «Karakalpaki v Aralskoy deltı» London,2012.


## ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫНДА МӘДЕНИЙ БАЙЛАНЫСЛАР ҲӘМ ОНЫҢ МИЛЛЕТЛЕР АРАЛЫҚ ҚАТНАСЛАРДЫҢ БЕККЕМЛЕНИЎИНДЕ ОРНЫ


**Муратбаева А.Б.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


Қарақалпақстан аймағында көп әсирлер даўамында ҳәрқыйлы миллет ҳәм халық, мәдeният ҳәм дин ўәкиллери тыныш-татыў жасап келген. Халқымызға тән болған миймандослық, жақсылық, қайырқомлық ҳәм шын мәнисиндеги кеңпейиллик усы мәканда жасайтуғын халықлар дослығының гиреўи болып табылады. Президентимиз Ш.Мирзиёевтиң айтып өткениндей, “Әлбетте, елимиз жеринде әййемги дәўирлерден берли даўам етип киятырған этникалық көп түрлилик сийрек ушырасатуғын социаллық ҳәдийсе болып, бүгин – Жаңа Өзбекстан шараятында жаңаша мәнис-мазмун ҳәм дәстүрлерге ийе болып атырғаны дыққатқа ылайық” [1].

Миллетлер аралық татыўлық орталығының қәлиплесиўи узақ даўам етиўши процесс болып, бул процесстиң беккемлениўинде өткен әсирде халықлар арасында жүз берген мәдений қарым-қатнаслар әҳмийетли орын ийеледи. Атап айтқанда, ХХ әсирдиң басларына миллий зиялылар – диндарлар, ағартыўшылар, муғаллимлер, шайыр ҳәм жырау-бахсылардың дөретиўшилиги унамлы тәсир етти. Мәселен, Әмударьяның еки жағалаўында атағы елге белгили болған шайырлар Аннакул Мәмбетхожаев (1841-1936),

Қулмурат Қурбаналиев (1845-1926), Бекжан Нурымов (1855-1916), Сыдық Тоқпанов (1857-1917), Абдиқадир Бекимбетов (1860-1930), Казы Мәўлик (1885-1950), Омар Суйирбек улы (1879-1922), Сапура Жайылбекова (1892-1916), Жаңабай Қаратаев (1890-1926), Аяпберген Мусаев (1880-1936), Аббаз Дабылов (1889-1970), Сейфулғабит Мәжийтов(1869-1938) ҳәм тағы да басқалар ел арасында болып, миллетлер аралық татыўлық мәселесин өз дөретиўшилигинде кең пайдаланған.

Мәдений қатнаслардың күшейиўине билимлендириў мекемелери системасы күшли тәсир көрсетти. XX әсирдиң биринши шерегинде конфессионал мусулман мектеплери ҳәрекет етип, олар дәўир талабына сай өзгерип отырды [2]. Алдыңғы қатардағы диндар мударрислер орайлық аймақлар менен тығыз байланыста болған. Әсиресе Кавказ, Қырым, Қазан татарларының дүньялық билим бериў әмелияты күшли болып, олардың пикиринше, мектеп реформасы сол дәўирдиң прогрессив ҳәм әҳмийетли мәселеси болып табылған [3]. Олардың бул бағдардағы ҳәрекетлери жаңа типтеги мусылман мектеплериниң ашылыўы менен белгили болып, Қубла Арал бойы аймағында жаңа усыл менен оқытатуғын жәдид мектеплери Суфий-зада, С.Маджитов, Ю.Ахметов, З.Шакиров ҳ.т.б. тәрепинен ашылған.

1920-жылғы сиясий ўақиялар Қубла Арал бойы халықларының мәдений байланысларының және де раўажланыўы ушын кери тәсир еткени менен халықлардың дәстүрий қатнаслары үзилип қалған жоқ, керисинше, 1917-1918-жыллары Қарақалпақстан аймағында биринши театр труппалары ашылып, миллетлер аралық қатнасларды және де беккемлениўине үлес қосты [4]. Совет ҳәкимияты орнағаннан кейин жаңа ҳүкимет актив үгит-нәсият жүргизип, жаңа мәдений ҳәи коркем-өнер ошақларын ашыўға жәрдем берди. Мәселен, 1920-жылы Әмиўдарья бойлап саўда ҳәм мәдений-ағартыўшылық кәрўанын шөлкемлестирилип, газета ҳәм журналлар тарқатылды, кино ҳәм театр постановкалары көрсетилди. Сол ўақыттың өзинде театр жергиликли миллет ўәкиллеринен талантлы жасларды жәмлестирип, Қоңыраттан Хазараспқа шекемги аймақта өз жумысын алып барған. Солай етип Қубла Арал бойында орыс, өзбек, татар драма труппаларының негизи салынған. Бул йигиликли ислердиң әмелге асырылыўына жергиликли миллет ўәкиллери Хийўадан Сафо Мугайний, Мадрахим Екубов (Шерозий), Жуманияз сурнайчи, Курбан созчи, Хожелиден Кутлы Сейтжанова, Фахриддин Усмонов, Жумамурат Абдуллаев, Узақбай Нуржанов, Қоңыраттан Әбдираман Утепов, Сейфулғабит Мәжийтов ҳәм т.б. биргеликте ҳәрекет еткен.

Қарақалпақстан ҳәм Хорезм халықларының мәдений байланысларын күшейиўине Хамза Хаким-зада Ниязий үлкен үлес қосқан [5]. 1922-жылы август айында ол Хожели қаласы интернатына муғаллим болып жумыс ислей баслайды. 1922-жылы ол Хорезмде биринши миллий театр труппасын шөлкемлестирип, Якуб Девонов, Ш.Муртазин, Зариф Қосимов, Машарип Полвонов, Мадрахим Ёкубов (Шерозий) ҳәм басқаларды труппаға мирәт етеди. Биргеликте олар биринши спектакльди көрсетип, Қарақалпақстан ҳәм Хорезим аймағындағы жақын аўыл ҳәм қышлақларда гастроллар уйымластырады. 1923-жылы усы труппа Төрткүл қаласында «Тухматчилар жазоси» ҳәм «Севдим Али» спектакллерин көрсетти. Сол дәўирде миллетлер аралық қатнаслардың беккемлениўинде Қоңырат қаласы да айрықша роль атқарған. Бул жерге белсенди жаслар топланып, жаслар сейили, концерт бағдарламалары, кейин ала кишигирим драмалық көринислер қойған. Бул бағдарламаларда Үргеништен Қаландар Байжанов, Оразгул Ғайыпова, Нусратханум Ғофурджонова, Матякуб Худояров, Вахобжон Фаязов, Хийўадан Ю.Джаббаров, Самандар Сарайманов, Шаббаздан И.Аташев, Т.Казаков, Ю.Мадримов, Я.Айтмуратов, А.Сейтназаров, Ханкадан Салай Диванов, Бибижан Диванова, Бибижан Мадрахимова, Хур Давлатова, Расулов, Каримов, Тлеумухаммед Аманжолов, Кутлы Сейтжанова (Латипова) ҳәм т.б. белсенди қатнасты. Қарақалпақстанда сол жыллары миллетлер аралық татыўлықты сақлаў ҳәм беккемлеў исинде бирқатар иләжлар әмелге асырылды. Мәселен, 1927-жылы жоқары дәрежели педагогикалық кадрларды таярлаў мақсетинде Қарақалпақстаннан республикамыздан тысқары ҳәр түрли жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларына 96 адам жиберилген, олардан 36 қарақалпақ, 27 казақ, 11 өзбек, 4

туркмен, 9 рус, 5 басқа миллетлер ўәкиллери болған. Сол ўақытқа шекем басқа республикалардағы жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларына 478 адам жиберилип, олардан қарақалпақлар — 225, қазақлар — 129, өзбеклер — 74, басқа миллетлерден — 50 адам болған. Олардың көпшилиги Москва, Ташкент, Оренбург, Қазан, Алма-Ата қалаларында оқыған [6].

Улыўма алғанда, халықлар арасындағы мәдений байланыслардың раўажланыўы тынышлық, раўажланыў ҳәм өз-ара түсинисиўди тәмийинлеўши әҳмийетли фактор есапланады. Себеби бул қатнаслар жәмийетте өз-ара ҳүрмет ҳәм кеңпейиллик орталығын қәлиплестириўге, билим ҳәм тәжирийбе алмасыўға хызмет етеди. Сол тийкарда XX әсирдиң басларында Қубла Арал бойы халықларының мәдений қатнасықларының раўажланыўы адамлар ҳәм жәмийетлер арасындағы өз-ара түсинисиў мәдениятын қәлиплестирди ҳәм кейинги раўажланыўларға түртки болды.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Мирзиёев Ш.М. Халықлар дослығы күни мүнасибети менен байрам қутлықлауы // Еркин Қарақалпақстан, 2025-жыл 31-июль №92.

2. Карлыбаев М. Медресе в Каракалпакии XIX –начала XX вв.- Нукус, 2002. – С.67.

3. Остроумов Н.П. Мусульманские мактабы и русско-туземные школы в Туркестанском крае. // Туркестанский сборник. Т.418. - Ташкент: 1907.

4. Собиров О. Хоразм вохаси театрлари. 1917-1941 йиллар. – Ташкент, 1991. – С.21.

5. Урумбаев Дж. Педагогическая деятельность Хамзы в Ходжейлийском интернате. 1922-1924 гг. — Ташкент, 1969.

6. Утебаев Т.Т. Становление и развитие педагогической науки в Каракалпакстане // Личность, семья и общество: вопросы педагогики и психологии: сб. ст. по материлам XXXVII международной научно-практической конференции. № 2(37). – Новосибирск: СибАК, 2014.


## 1960-1980-YILLARDA QORAQALPOG‘ISTONDA MADANIY-MA’RIFIY MUASSASALAR FAOLIYATI VA ULARNING IJTIMOIY HAYOTDAGI O‘RNI


**Shamshetdinova D.I.**

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti mustaqil tadqiqotchi*


**Kirish.** 1960-1980-yillar Qoraqalpog‘iston tarixida madaniy-ma’rifiy sohaning sezilarli darajada rivojlangan davrlaridan biri hisoblanadi. Bu davr sobiq ittifoq miqyosida amalga oshirilgan siyosiy va ijtimoiy islohotlar bilan chambarchas bog‘liq bo‘lib, madaniyat sohasi ham umumittifoq mafkuraviy tizimi asosida shakllandi. Madaniy siyosatning asosiy maqsadi aholining savodxonligini oshirish, ularni “yangi inson” sifatida tarbiyalash va kommunistik g‘oyalarni singdirishdan iborat edi.

Mazkur jarayonda Qoraqalpog‘iston hududida turli madaniy-ma’rifiy muassasalar tarmog‘i kengaytirildi. Xususan, klub muassasalari, kutubxonalar, madaniyat uylari va xalq universitetlari tashkil etilib, ular orqali aholining keng qatlamlarini qamrab olishga harakat qilindi. Shu jihatdan ushbu davrni o‘rganish nafaqat tarixiy, balki ijtimoiy-madaniy jihatdan ham muhim ahamiyat kasb etadi.

**Asosiy qism.** 1960–1980-yillarda Qoraqalpog‘istonda madaniy hayotning rivojlanishi, avvalo, davlat tomonidan ajratilgan moddiy resurslar va institutsional o‘zgarishlar bilan belgilanadi. 1963-yilda Madaniyat vazirligining tashkil etilishi ushbu sohani boshqarish va muvofiqlashtirishni yangi bosqichga olib chiqdi. Natijada madaniy muassasalar soni ortib, ularning faoliyati tizimli ravishda yo‘lga qo‘yildi. Masalan, ommaviy kutubxonalar soni 1960-yildagi 305 tadan 1980-yillarga kelib 567 taga ko‘paydi. Shu bilan birga, kino namoyishlari tizimi kengaydi, 1964-yilda Nukus televideniye studiyasining ish boshlashi esa axborot makonini yanada boyitdi. Biroq shuni alohida ta’kidlash joizki, madaniy mahsulotlar mazmunida markaziy mafkuraning ustunligi yaqqol sezilib turardi. Gazeta va jurnallar asosan markaziy hokimiyat siyosatini targ‘ib qilgan bo‘lsa, teatr va kinoteatr repertuarida sotsialistik realizm ruhidagi asarlar

ustunlik qilgan [1,61]. Bu esa milliy madaniyatning erkin rivojlanishiga ma’lum darajada to‘sqinlik qilgan omillardan biri edi.

Bu davrda ayniqsa klub muassasalari muhim o‘rin tutdi. Ular qishloq joylarda aholining asosiy madaniy markaziga aylandi. Klub va madaniyat uylari aholining nafaqat dam olish, balki bilim olish, ijtimoiy faolligini oshirish maskani sifatida xizmat qildi [2]. Bu muassasalarda ma’ruzalar, suhbatlar, konsertlar, teatr tomoshalari, kinoko‘rsatuvlar hamda turli mavzudagi kechalar tashkil etildi. Shuni alohida qayd etish kerakki, klub muassasalari faoliyati ko‘p funksiyali xarakterga ega edi. [3] Ular bir vaqtning o‘zida madaniyat markazi, ta’lim maskani va ijtimoiy muloqot maydoni vazifasini bajardi. Ayniqsa, qishloq joylarda ular yagona madaniy muassasa sifatida faoliyat yuritib, aholining turli ehtiyojlarini qondirdi.

Statistik ma’lumotlar ushbu davrda klub muassasalari sonining ortib borganini ko‘rsatadi. Qoraqalpog‘istonda qishloq hududlarida faoliyat yuritgan klub muassasalari soni shaharlardagiga qaraganda sezilarli darajada ustun bo‘lib, ular mos ravishda 80 ta va 46 tani tashkil etgan [4,51]. Shu bilan birga, badiiy havaskorlik to‘garaklari ham faol rivojlandi. Drama, musiqa, xor va raqs yo‘nalishlarida tashkil etilgan to‘garaklar yoshlarning ijodiy qobiliyatlarini namoyon etishiga xizmat qildi. Minglab yoshlarning ushbu jarayonga jalb etilishi madaniy hayotning ommalashganini anglatadi.

Madaniy-ma’rifiy faoliyatda ma’ruzalar muhim o‘rin egalladi. 1960-yillarda o‘tkazilgan ma’ruzalar mavzusi juda keng bo‘lib, ilm-fan yutuqlari, qishloq xo‘jaligi, texnika, sog‘liqni saqlash kabi yo‘nalishlarni qamrab oldi. Shu bilan birga, diniy qarashlarni tanqid qilishga qaratilgan mavzular ham mavjud edi [5,62]. Bu esa o‘sha davr mafkuraviy siyosatining ajralmas qismi bo‘lganini ko‘rsatadi.

Ma’lumotlarga ko‘ra, birgina 1965-yilda minglab ma’ruzalar o‘tkazilib, yuz minglab tinglovchilar qamrab olingan. Xususan, respublika bo‘yicha 4045 ta ma’ruza va doklad o‘tkazilib, ularga jami 212 961 nafar tinglovchi jalb qilingan. Shuningdek, ma’ruzalar bilan cheklanib qolmasdan, 305 ta turli mavzudagi kecha va ommaviy tadbirlar ham uyushtirilib, ularda 13 625 nafar ishtirokchi qatnashgan [6,78]. Bu holat aholining ma’rifiy tadbirlarga faol jalb etilganidan dalolat beradi. Biroq mazkur faoliyat ko‘pincha bir tomonlama mafkuraviy yo‘nalishda olib borilgani sababli, mustaqil fikrlash imkoniyatlari cheklanganini ham inkor etib bo‘lmaydi.

Mazkur davrda “xalq universitetlari” deb atalgan yangi shakldagi ta’lim tizimi ham shakllandi. Qoraqalpog‘istonda ilk xalq madaniyat universiteti 1959-yilda Nukus shahrida tashkil etilib, u keyingi yillarda ushbu yo‘nalishning tizimli va barqaror rivojlanishi uchun mustahkam asos bo‘lib xizmat qildi [7,63]. Ular aholiga ilmiy va amaliy bilimlarni yetkazishning samarali vositasiga aylandi. Ayniqsa, qishloq joylarda bu universitetlar orqali aholiga kundalik hayotda zarur bo‘lgan bilimlar – gigiyena, ovqatlanish, bolalar tarbiyasi, uy-joyni tartibga solish kabi masalalar o‘rgatildi. Shuningdek, sog‘liqni saqlashga oid ma’ruzalar katta qiziqish uyg‘otgan. Bu esa aholining turmush madaniyati asta-sekin o‘zgarib borayotganini ko‘rsatadi. Shu jihatdan xalq universitetlari nafaqat mafkuraviy, balki amaliy foydaga ega bo‘lgan tizim sifatida ham ahamiyatli bo‘lgan.

Kutubxona tizimi ham ushbu davrda jadal rivojlandi. Qishloq joylarda yangi kutubxonalar ochildi, mavjudlari esa boyitildi. Kitob fondlarining ortishi, ko‘chma kutubxonalar faoliyatining yo‘lga qo‘yilishi aholining axborot olish imkoniyatlarini kengaytirdi [8,8]. Xususan, 1967–1970-yillar davomida qishloq kutubxonalari tarmog‘ining rivojlanishi ularning soni hamda kitob fondlari sezilarli darajada oshganini ko‘rsatadi. Jumladan, 1967-yilda 111 ta qishloq kutubxonasi faoliyat yuritib, ularning umumiy fondi 341 774 nusxani tashkil etgan bo‘lsa, 1970-yilga kelib bu ko‘rsatkich 202 ta kutubxona va 547 418 nusxaga yetgan [9,87].

Kutubxonalar faqat kitob o‘qish joyi emas, balki madaniy-ma’rifiy markaz sifatida faoliyat yuritdi. Bu yerda adabiy kechalar, uchrashuvlar, kitobxonlar konferensiyalari o‘tkazildi. Ayniqsa, yoshlarni tarbiyalashda kutubxonalar muhim rol o‘ynadi. Shu bilan birga, kutubxona faoliyati ham muayyan darajada mafkuraviy yo‘naltirilgan edi. Masalan, ayrim adabiy tadbirlarda ma’lum asarlar orqali kommunistik g‘oyalar targ‘ib qilingan. Bu holatni tanqidiy

jihatdan baholash mumkin: bir tomondan kitobxonlikni rivojlantirishga xizmat qilgan boʻlsa, ikkinchi tomondan esa fikrlar xilma-xilligini cheklagan. Mazkur davrda madaniy sohada ijobiy oʻzgarishlar bilan birga qator muammolar ham kuzatildi. Ayrim klub va kutubxonalarning moddiy-texnik bazasi yetarli emas edi. Koʻp hollarda binolar taʼmirtalab holda boʻlgan, isitish tizimi yaxshi ishlamagan, jihozlar va musiqiy asboblar yetishmagan.

Bundan tashqari, baʼzi hududlarda toʻgaraklar umuman tashkil etilmagan yoki samarasiz ishlagan. Malakali mutaxassislar yetishmasligi ham madaniy ishlarning sifatini pasaytirgan omillardan biri edi. Shuningdek, madaniy muassasalar faoliyati ustidan nazorat yetarli darajada emasligi ham kamchiliklarni oʻz vaqtida bartaraf etishga toʻsqinlik qilgan. Shu bilan birga, madaniy muassasalar tarmogʻining kengayishi asosan miqdoriy oʻsish bilan cheklanib, sifat jihatidan har doim ham kutilgan natijani bermagan. Bu esa kelgusida ushbu sohani yanada takomillashtirish zarurligini koʻrsatadi.

**Xulosa.** 1960–1980-yillarda Qoraqalpogʻistonda madaniy-maʼrifiy soha sezilarli darajada rivojlandi. Klub muassasalari, kutubxonalar va xalq universitetlari aholining madaniy hayotida muhim oʻrin egalladi. Ular orqali aholiga bilim berish, dam olishni tashkil etish va ijtimoiy faollikni oshirishga erishildi. Shu bilan birga, ushbu davr madaniyati ikki xil xususiyatga ega boʻlgan: bir tomondan keng qamrovli rivojlanish va ommalashuv, ikkinchi tomondan esa kuchli mafkuraviy taʼsir. Bu esa madaniy jarayonlarning mazmuniga bevosita taʼsir koʻrsatgan. Bugungi kunda ushbu davr tajribasini oʻrganish muhim ahamiyatga ega. Uning ijobiy jihatlari – madaniy infratuzilmaning kengayishi, aholining qamrovi oshishi – saqlab qolinishi lozim. Ayni paytda, kamchiliklar, xususan, bir tomonlama mafkuraviy yondashuv va moddiy-texnik muammolardan tegishli xulosalar chiqarish zarur. Shunday qilib, 1960–1980-yillarda Qoraqalpogʻistonda madaniy-maʼrifiy tizim shakllanish va rivojlanishning muhim bosqichini bosib oʻtdi va bu jarayon keyingi davrlar uchun ham mustahkam zamin yaratdi.

## ADABIYOTLAR:


1. Нуржанов С., Дошниязов Ж. Социально-духовное состояние общества Каракалпакстана в 1960-1980-х годах (постановка проблемы) // Вестник ККОАНРУз, 2011, – № 4. – С. 61.
2. Клубные учреждения // https://web.archive.org/web/20081026005840/ http://bse.scilib.com/article062055.html (Дата обращения 13.01.2026)
3. Бармина Е.В., Кривошеева В.Д. Деятельность клубных учреждений Нижнего Тагила в 1960-1980 годы // Сборник материалов II Всероссийской научно практической конференции «Город, социум, среда: история и векторы развития». – Нижний Тагил, 28-29 октября 2022 г. https://tagil-press.ru/publications/43640/43640 (Дата обращения 11.01.2026)
4. Мырзамбетов С. Процесс преодоления существующих различий между городом и деревней в условиях Каракалпакии // Вестник ККФАНУзССР., 1981, – № 4. – С. 51.
5. QR MDA, 1-fond, 10-roʻyxat, 237-ish, 62-varaq.
6. QR MDA, 173-fond, 1-roʻyxat, 449-ish, 78-varaq.
7. Татыбаева В. Нукус – столица Каракалпакской АССР. – Нукус, 1979. – С. 63.
8. QR MDA, 173-fond, 1-roʻyxat, 281-ish, 8-varaq.
9. Reymbaev R.S. Qaraqalpaqstanda kitapxanashılıq isi tariyxı (1919-1991-jj.): Tariyx ilim. filos. dokt. (PhD) diss. – Nókis, 2023. – B.87.


# ҚОРАҚАЛПОҚ ГИЛАМЧИЛИК САНЪАТИДАГИ ГЕОМЕТРИК ШАКЛЛАР СИМВОЛИКАСИ


**Наўрызбаева Н.Қ.**

*ЎзРФАҚҚБ Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти*


Қорақалпоқ гиламчилик санъати - халқнинг кўп асрлик ҳаёт тарзи, дунёқараши ва бадиий диди билан боғлиқ юксак маданий мерос намоёнишидир. Гилам тузилишидаги ҳар бир нақш ва ранг воситасида халқ ўзининг тарихий хотираси, эстетик қарашлари ҳамда маънавий қадриятларини ифода этади. Шу жараёнда

геометрик шакллар ва нақшлар алоҳида ўрин эгаллаб, улар нафақат безаквий вазифани бажаради, балки рамзий-маънавий мазмунини ҳам ўз ичига олади. Учбурчак, тўртбурчак, ромб, айлана каби шакллар орқали халқ табиат ва олам тартиби ҳақидаги қадимий тасаввурларини, инсониятнинг яратилиш ва тартиб илоҳиятига бўлган муносабатини акс эттирган. Бу элементлар гилам орнаментикасидаги мувозанат, тартиб ва уйғунликни таъминлаб, халқнинг бадиий тафаккури, эстетик идроки ва маънавий дунёсини ёрқин намоён этади.

**Учбурчак нақши.** Нақш учбурчак шаклида бўлиб, қиррали бўлганлиги сабабли кўзга тез ташланади деб халқимиз орасида айтилади. Шунинг учун бу шаклдаги буюмлар айниқса қизил рангда бўлиб, уйнинг кираверишига оналаримиз,бувиларимиз шундай шаклда қизил матолардан ичига қалампир, туз солиб туморлар ясаб қистириб қўйган. Буни халқ орасида «ойшиқ» деб ҳам атайди. Бу нақш қилиб ишланиб тил кўздан асровчи талисман сифатида гиламларга ёки кийимлар тўқиган. Айниқса бу нақшни қақпа техникасида ишлаган гиламларнинг четлари қойилган. Бу нақшнинг символик моънаси турлича булиб учрашади. «Ҳомила тушишининг олдини олиш учун туморлар сифатида аёллар соч ўримларининг учларига оқ каури пўстларини «татран» тақишган, енгсиз кўйлак «енгсиз» орқасига эса металл попукли темир учбурчак – «айчик», «ойшиқ» ни тикишган ёки унинг тасвирини нақш ёки аппликация кўринишида тикишган» [1, б. 90]. Бу ҳомила тушиши ҳафи бор булган келинчаклар тақиб юриши ёмонликдан сақлашига ишонган. Хоразмнинг Илонли вилоятининг қардош туркманлари орасида сазан балиғининг учбурчак шаклидаги танглай суягини ёмон кўздан сақланиш учун ишлатишган [2, б. 129 ] . Демак, мантиқий тарафдан шаклга боғлиқ бўлиб турибди. Сазаннинг танглайи учбурчак шаклда бўлгани учун ҳам туркманлар ёмон кўздан асровчи тумор сифатида ишлатган бўлиши мумкин.

**Тўртбурчак.** Бу нақш ҳақида машҳур қорақалпоқ устаси Зерхон Абдимуратова ўз фикрини билдириб ўтади «Ёш пайтимизда катта ёшдаги онам, тўртбурчак нақши шимол, жануб, шарқ, ғарбни билдиради- деб айтишини эслайман»- деди [3]. Бу белги дунёнинг тўрт томонини ифодалаши мумкин. Шунингдек, тўрт сонига боғлиқ атрофимизда бир неча мисолларни айтишимиз мумкин. «Шумерлар, бобилликлар ва оссурияликлар ҳайвонлар кўринишидаги туморлар, муҳрлар, тахталар, плиталар ва бундан ташқари, худолар ва эркаклар, худо ва аёллар, ҳайвонлар кўринишлари ёрдамида ўзларини ва уйларини касаллик ва ёвуз руҳлардан ҳимоя қилишга интилганлар. Тўрт томондан ҳимоя қилиш ғояси Бобил даврида тўрт худонинг уй туморидаги тасвирида акс этган: Мардук, Набу, Иштар, Тошметум» [4, б. 97]. Юқоридаги икки маълумот ҳам бир-бирига ҳамоҳанг бўлиб келмоқда. Яъни, тўртбурчак дунёнинг тўрт томонидан ўраб, ҳимоя қилиб, ёмонликдан сақлаб туришни англатади. «Квадрат – тўрт асосий рамзлардан бири бўлиб, осмонга қарама-қарши қўйилган ер рамзи, шунингдек, борлиқ ва кенглик тимсоли» [5, б. 266]. Борлиқ - бу бизни ўраб турган ҳодиса, воқелик, фазо – бу чексизлик. Демак, хулоса қилиб айтадиган бўлсак, тўртбурчак дунёнинг тўрт томони борлиги ва чексизлик билан дунёнинг хавфсизлигини билдирувчи рамз. Бундай тўртбурчакли геометрик шакллардан ҳосил бўлган, нақшлар қаторига ромб (боғурсоқгул) мотивини киритамиз. Бу нақшда, тўрт нуқтанинг бирлашмасидан ҳосил бўлади.

**Ромб.** Бу нақш одатда кўп қўлланиладиган нақшнинг бири бўлиб, халқ орасида шакли бўғирсоқни эслатадиган бўлгани учун бўғирсоқ гул деб аталади. «Кўплаб олимларнинг таъкидлашича ромб ва ярим ромб шакли палеолит давридан маълум ва ҳосилдорлик тимсоли бўлди» [5, б. 36]. Бундан бошқа олимларнинг илмий манбаларини кўриб чиқадиган бўлсак, қадимги даврлардан бери ромб шакли туғилиш ва фарзанд кўришнинг универсал тимсоли ҳисобланади. У бош она тимсоллари билан боғлиқ бўлиб, бу рамз бир вақтнинг ўзида она табиат ва буюк она бўлиб учрашади» [6, б. 67]. Бу икки тарихий маълумотда шуни англашимиз мумкин. Ромб-ҳосилдорликни англатиб турган бўлса, униш-ўсиш, ривожланиш маъноларини

билдиради. Ва, умрнинг давомийлигини таъминловчи омил бу - аёл. Шуни аниқлашимиз зарурки, қорақалпоқ гиламчилигида қора уйнинг кириш жойига эшикқош безак сифатида қистирилган, ва унинг асосий нақши ўн икки шохли ромб ҳисобланилади. «............ромб шаклидаги ва илмоқли нақшлар уйга кирадиган сеҳр билан боғлиқ» [7, б. 36]. Остона уйнинг энг муҳим қисми ҳисобланади. Сабаби, қут-барака, яхшилик, ёмонлик эшикдан киради. «Қорақалпоқ қора уйларининг Туркий халқларидан қора уйларидан фарқли томони бор бўлиб, қора уйнинг кириш эшиги ҳамма вақт жанубга қаратилади» [8, б. 181]. Хулоса қилиб айтадиган бўлсак, ромб кўпайишнинг, ривожланишнинг, тинчликнинг рамзий белгиси.

**Хоч нақши.** Бу универсал элемент бўлиб, геометрик элемент бўлгани билан юқорида айтилганидек айрим қабилалар учун ва христианлик дини учун тамға бўлди. «хоч ибтидоий даврларда антропоморфик худо образини, ёки ҳаёт дарахтини англатган бўлиши мумкин» [9, б. 7]. Хоч қадимги даврдан келган эски рамзларнинг бири бўлиб, қорақалпоқ гиламчилигида кўп учрайдиган нақшларнинг бири. «Қорақалпоғистон ҳудудида хоч шаклидаги режали, олам белгиси сифатида қараладиган муқаддас қурилишлар қадимги даврларданоқ мавжуд бўлган. Бундай меъморий режалар (хочсимон лойиҳалаш) бир қатор сак қабристонлари ва мақбараларининг асосини ташкил этган. Жумладан, Тагискен мақбаралари №1 ва №2 шу типда қурилган сак мақбараларидан. Хочсимон тарҳ билан тасвирланган яна бир яққол мисол Чирик-Работ қўрғонидаги айлана мақбара бўлиб, у тарҳ асосида хоч шаклини ташкил этувчи марказий симметрияга эга. Шунингдек, Қўйқирилганқалъа марказий биносидаги хоналар, жанубдан шимолга ва ғарбдан шарққа йўналган ўқлар бўйлаб чўзилган ҳолда бўлиб, улар доира ичига жойлаштирилган хочсимон геометрик шаклни ҳосил қилади» [10, б. 67]. Шунингдек, бу белги қорақалпоқларнинг қора уй хонадонида доиранинг ичига хоч шаклини соладиган бўлган. «...Неолит давридан бошлаб керамика безакларидан ҳам маълум бўлган хочсимон шакллар Қуёш ғояси ва унга мос осмон, илоҳий ҳимоя билан боғлиқ эди. Христиан символизмида ҳам хочнинг Исо Масиҳнинг рамзига айлангани бежиз эмас. Қуёш маъноси билан бир қаторда, хоч марказни ва тўртта асосий йўналишни белгилаб берувчи фазони ташкил этувчи белги эди. Кўпгина маданиятларда хоч ҳам қадимги замонлардан бошлаб ҳаётнинг асосий қонуни – руҳий ва жисмоний қонунлар орасида энг муҳими бўлган мувозанат қонуни тушунчаси билан боғлиқ» [11, б. 140]. Хоч- адолатни, тенгликни акс эттирувчи мотив бўлиши билан бирга оламни тўрт томондан қўриқлаб турувчи элемент бўлган. Қорақалпоқ гиламларидаги геометрик нақшлар фақат декоратив безак эмас, балки халқнинг фалсафий қарашлари, диний эътиқодлари ва ижтимоий муҳитини ифода этувчи рамзий белгилар тизими сифатида ўрганилади. Ушбу маънавий ва семиотик жиҳатдан бой орнаментлар миллий санъат анъаналарининг узлуксизлигини таъминлаб, замонавий этномаданий тадқиқотларда муҳим аҳамият касб этади.

## АДАБИЁТЛАР:


1. Есбергенов.Х, Хошниязов.Ж. Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре.Ташкент.1988.

2. Демидов.С. О пережитках верований связанных с водной стихией и рыболовством у туркмен. Трудф Институт а истории, археологии и этнографии. Т VII. Ашхабад 1963.

3. Наурызбаева.Н. Дала жазыўы. 2024. №3. Информатор; Әбдимуратова З. Нөкис қаласы.

4. Walls Budge E.A. Amulet and superstitions. London.1930.

5. Этнография Каракалпаков XIX начало XX века. Ташкент. 1980.

6. Есбергенов Х. Вопросы этническойистории и традиционный культуры каракалпаков // Этническая история и традиционная культура народов Средней Азии и Казахстана. – Нукус, 1989.
7. Этнография Каракалпаков ХИХ начало ХХ века. Ташкент. -1980.
8. Есбергенов Х. Обряды и верования каракалпаков относящиеся к юрте// Кочевое жилище народов средней Азии и Казахстана.,М, 200.
9. Уразимова.Т.В, Қурбанова.З. И, Уразбаева.С.К. Қарақалпақ нағыслаў өнери. Ташкент. 2019.
10. Есбергенов Х. Вопросы этническойистории и традиционный культуры каракалпаков // Этническая история и традиционная культура народов Средней Азии и Казахстана. – Нукус, 1989.
11. Богословская И.В. Каракалпакский орнамент образ и смысл. Алматы. 2019.

## К ИЗУЧЕНИЮ БРОНЗОВЫХ ПОДВЕСОК СРЕДНЕВЕКОВОГО ХОРЕЗМА (XII – начало XIII вв.)

**Мамедов А.Г.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук ККО АН РУз.*

Подвеска – это самостоятельный вид украшений и представляет собой ювелирное изделие, изготовленное на основе щитка. Обычно они подвешивались к цепочке и носились на шее, хотя в отдельных случаях могли служить дополнительным элементом для других украшений.

Среди археологических материалов Хорезма эпохи Хорезмшахов-Ануштегинидов (XII – начало XIII вв.) подвески встречаются довольно часто. При изготовлении подвесок основным материалом служила бронза. Бронзовые подвески были зафиксированы в Кават-кале, Большом Гульдурсун-кале и в поселении в урочище Дарьялык-куль (5, С. 106. рис.59/*1-4*). Они значительно отличаются друг от друга по форме щитка и по оформлению его поверхности. Их можно классифицировать по типам в зависимости от формы, а также разделить на варианты по особенностям второстепенных деталей.

*Тип 1. Подковообразная форма.* Подобные подвески представлены в материалах, происходящих из Большой Гулдурсун-калы и поселения Дарьялык-куль (5, С. 106. рис.59/*2-3*). Щиток изделия имеет подковообразную форму (рис.1/*1-2*). Верхняя часть подвесок имеет округлую, расширяющуюся форму и снабжена небольшим ушком для подвешивания. В нижней части щитка расположена сквозная прорезь сердцевидной формы, а само основание изделия завершается в виде стилизованного трилистника. Поверхность подвесок преимущественно украшена растительным орнаментом, вписанным в два круга. Особый интерес представляет экземпляр из поселения Дарьялык-куль. На его лицевой стороне запечатлен геральдический сюжет: две симметричные птицы (предположительно, павлины или голуби), изображенные обращенными друг к другу. Эти две птицы практически неотличимы друг от друга как по размеру, так и по внешнему виду. Изображения птиц широко представлены в декоративно-прикладном искусстве древнего и средневекового Хорезма. В античную эпоху они выступали в качестве символов царской власти. Об этом свидетельствуют настенные росписи городища Акшахан-кала, на которых правители изображены в коронах, увенчанных фигурами птиц (7, С. 275-278). Также, изображения птиц часто встречаются и на древнехорезмийских монетах (2, С. 35). В средневековой художественной керамике Хорезма изображения птиц являлись одним из наиболее распространенных мотивов (4, С. 64-65).

*Тип 2. Каплевидная форма.* В Хорезме каплевидные подвески встречаются сравнительно чаще, при этом они представлены в двух различных вариантах.

*Вариант 1.* Щиток подвесок данного варианта имеет цельную конструкцию каплевидной формы с заостренной верхней частью и округлым основанием (рис.1/*4-6*). По бокам и в нижней части щитка расположены небольшие прямоугольные выступы,

вероятно, имевшие декоративное значение. Морфология изделий характеризуется гладкой поверхностью, рельефный декор зафиксирован лишь на одном экземпляре. Растительный орнамент гравирован в каплевидную рамку, расположенную на лицевой стороне щитка. Ушко, предназначенное для подвешивания изделия, не сохранилось. Подвески, близкие по форме, встречаются в материалах Бухарского оазиса (6, С. 67) и городища Шехр-Ислам (1, С. 9. табл.1/*8*).

*Вариант 2.* Данный вариант подвески по форме повторяет вариант 1, отличаясь лишь наличием округлого прореза в нижней части щитка (рис.1/*3*). По краям щитка расположены небольшие округлые выступы, как и у предыдущего варианта. Орнаментация подвески носит смешанный характер, наблюдаются геометрические и растительные мотивы. Лицевая сторона щитка разделена на три вертикальных сектора с помощью параллельных линий. В боковых частях просматривается растительный орнамент. Пока сложно однозначно подтвердить, что именно изображено в центральной полосе. Обратная сторона щитка оформлена растительным орнаментом. Вероятно, орнамент выполнен в технике гравировки. Аналогичная подвеска была найдена в поселении Дарьялык-куль (3, С. 60, рис.4/*26*), изделия практически повторяют друг друга, что позволяет нам предположить, что они были изготовлены в Хорезме. За пределами Хорезма близкие по форме находки встречаются в Бухарском оазисе (6, С. 66-67).

Завершая вышеизложенное, следует подчеркнуть, что подвески как самостоятельный вид украшений занимали значимое место в ювелирном деле хорезмшахского периода и являлись неотъемлемым атрибутом социального образа населения. Несмотря на то, что подковообразные подвески в материалах рассматриваемого периода встречаются редко, они выделяются богатыми орнаментами с использованием растительных и орнитоморфных мотивов. В исследуемый период каплевидные подвески получили в регионе довольно широкое распространение, при этом их типология представлена рядом вариантов. Редким вариантом выступают подвески с округлой прорезью в нижней части щитка. Можно предположить, что функционально эти подвески использовались в качестве шейных украшений.

В целом, изучение морфологических особенностей бронзовых подвесок позволяет детально проследить эволюцию художественных традиций Хорезма в контексте материальной культуры Центральной Азии.

## ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА:


1. Атагаррыев Е. А. О некоторых средневековых женских украшениях из Шехр-Ислама // Известия АН ТССР, серия общественных наук. №1. Ашхабад, 1965. С. 8-18.
2. Вайнберг Б. И. Монеты древнего Хорезма. М.: Наука, 1977. 303 с.
3. Вишневская О. А. Археологические разведки на средневековых поселениях левобережного Хорезма // Материалы Хорезмской экспедиции. Вып.7 (II). М.: Изд-во АН СССР, 1963. С. 54-72.
4. Искандерова А. Д., Султанова М. Н. Орнаментация глазурованной керамики Хорезма (XIII-XIV вв.) // Вестник МИЦАИ. №32. Самарканд, 2021. С. 62-76.
5. Неразик Е. Е. Сельское жилище в Хорезме I-XIV вв. М.: Наука, 1976. 254 с.
6. Торгоев А. И., Мирзаахмедов Д. К., Курбанов Б. Г. Художественный металл Бухары и Бухарского оазиса VIII-XIV вв. Самарканд, МИЦАИ, 2023. 278 с.
7. Ягодин В. Н. Портретная галерея древнейшей династии хорезмийских царей? // Commentationes Iranicae. Сборник статей к 90-летию Владимира Ароновича Лившица. СПб.: Нестор-История, 2013. С. 272-285.



*Рис.1. Подвески.*

## ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ДӘН ӨНИМЛЕРИНЕН ТАЯРЛАНАТУҒЫН ТАҒАМЛАРЫ

**Жолдасбаева Г.Р.**
*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ халқының дәстүрий аўқатлары әсирлер даўамында қәлиплесип, тәбийий шәраят, хожалық тәризи ҳәм мәдений дәстүрлер менен үзиликсиз байланыслы жағдайда раўажланған. Әсиресе, дән өнимлеринен исленген тағамлар халқымыздың азық-аўқат мәдениятында айрықша орын ийелейди. Бул түрдеги тағамлар тек күнделик турмыста емес, бәлки түрли мәресим ҳәм дәстүрий байрамларда да кең қолланылады. Дәнли өнимлерден исленген тағамлар халқымыздың турмыс тәризи, мийнет искерлиги ҳәм климат шәраятына сәйкес түрде жүзеге келгени менен әҳмийетли. Соның менен бирге олар витамин ҳәм минералларға бай болып, инсан саламатлығына жүдә пайдалы болып есапланады.

Қарақалпақ халқының дәстүрий аўқатлары ҳаққындағы ең дәслепки мағлыўматлар Орта Азияға келген Европалы ҳәм рус саяхатшылары тарепинен жазып қалдырылған. Қарақалпақлардың дийқаншылық пенен шуғылланлығы ҳаққында Россия империясы әскерий хызметшиси Г.И. Данилевский [2, 62-139] мағлыўмат береди. XX әсир даўамында қарақалпақлардың шуғылланған кәсиплери ҳәм дәстүрий аўқатлары ҳаққында изертлеўшилер А.С.Морозова [9, 188-234], У.Х.Шалекенов [11, 269-372], Т.А.Жданко [3, 146-171], С.К.Камалов [4, 93-95], Р.Қосбергенов [8, 56-63] ҳәм А.В.Бекмуратовалар [1, 112-142] мийнетлеринде келтирилген. Кейинги дәўир изертлеўшилеринен Р.С.Камалова, З.И.Курбанова [5, 99-103], Г.У.Сейдаметова ҳәм басқалар [10, 98-111], сондай-ақ, З.И.Курбанова [6, 58-61] изертлеўлеринде қарақалпақлардың дәстүрий аўқатлары ҳәм олардың трансформациясы анализ етилген. Дәнли егинлердиң айырым түрлериниң мәресим ҳәм үрп-әдетлерде пайдаланылыўы ҳаққында З.И. Курбанова ҳәм Ш.Ш. Амировлардың изертлеўлеринде келтирилген [7, 94-111].

Қарақалпақ халқының дәстүрий азық-аўқат өнимлерин бир неше топарларға бөлиўге болады: дән өнимлер, сүт өнимлери, гөш ҳәм балық өнимлери, сондай-ақ, мийўелер ҳәм палыз егинлери [1, 112-142]. Соның ишинде дән өнимлеринен таярланған тағамлар қарақалпақ халқының турмысында үлкен орын ийелеген.

XIX әсирлерде Хийўа ханлығында бийдай жетистирилгенлигин, сондай-ақ, бийдай ерте гүзде егилип ҳәм июнь айының басында жыйнап алынғанлығы ҳаққында рус әскерий хызметшиси Г.И. Данилевский жазып қалдырған. Сондай-ақ, арпа ҳәм тары аз муғдарда, тийкарынан ханлықтың арқа бөлиминде қарақалпақлар тәрепинен жетистирилген. Булар апрел айында егиледи ҳәм сентябрь айының басында жыйнап алынады. Жүўери апрел айының басында егиледи, сентябрь ақырында яки октябрь айының басында жыйнап алынады [2, 62-139]. Жүўериниң еки түри егилген: найман ҳәм бой. Қарақалпақларда биринշиси көбирек егилген, себеби, ол мол өним берген [4, 93].

Хожалықтың жетекши тармағы дийқаншылық болған аймақларда халықтың тийкарғы азық-аўқат өнимлери бийдай, тары, жүўери, салы ҳәм шигиннен таярланған. Сол тийкарда қарақалпақлардың тийкарғы аўқатлары жүўериден исленген. Қарақалпақлар арасында «жүўери гүртик» яки «дуўрама гүртик» деп аталған тағам жүдә таныҳлы болған. Гөш сорпа әдеттегидей етип писирилип, кейин қайнап атырған гөшли сорпа менен кеселерге жүўери уны салынып, қатты-қатты қарылады. Үй бийкеси қатты қамырдың бөлеклеринен қамырды алақанында қатты қысып, қатты узынша кесиндилерди соқты ҳәм оларды қайнап атырған сорпаға салды. Қамыр писемен дегенше үй бийкеси дузлық таярлады: бир неше пиязды майда қылып туўрады ҳәм пиязды кесеге салып, үстинен сорпадан алынған майды қуяды [9, 189-225].

Және бир тағам «жарма» ушын халық жүўери дәнин мақул көрген, соның ушын жүўериниң арқа аймақларда, әсиресе ерте жазда, айырым ўақытлары бийдайдан қымбатрақ болған. Жарма әдетте азанда писириледи. Ҳәтте семья тоқ жасаса да үйде аўқат ушын гөш ҳәм басқалар болса да, жарма бәрибир писирилген ҳәм оны үйде жасаўшы адамлар барлығы жеген. Жармадан басқа унлы ботқалар да таярланған. Ҳәр қыйлы унлардан (жүўери, тары ҳәм бийдай) исленген суйық ботқа – «быламық», қойыўрағы – «қатты быламық» деп аталған. Барлық унлы ботқалар торақ яки сүт пенен араластырылған. Унлы ботқалардан тысқары ҳәр қыйлы ботқалар – «гөже» жүдә кең тарқалған еди. Ботқалар ҳәр қыйлы дәнлерден писирилген ҳәм қосылатуғын өнимлерге қарап: «жүўери гөже», «гүриш гөже» ҳәм «сөк гөже» деп аталған. Мәштен исленген быламық арнаўлы «мәшаба» деп аталған. Қарақалпақларда гөшсиз исленетуғын тағамлар қатарына «ақ саўлақ» киреди. «Ак-саўлақ» аўқатының таярланыўы бираз қурамалырақ. Оны бийдай унынан таярланған таза қамырдан таярлаў ушын жүдә жуқа үлкен нанлар жайылып, қыздырылған қазанда писириледи. Кейин қуўырылған жуқа нанлар майда бөлеклерге бөлинеди ямаса узын төртмүйешлик етип кесип, үстине қатық ямаса айран ҳәм май қуйылады [9, 216-219].

Дәстүрий қарақалпақ нанларынан бири «зағара» деп аталады ҳәм жүўери унынан таярланады: жүўери унына қайнатылған ҳәм езилген гешир, дуз ҳәм ашытқы қосылады, кейин қайнатылған ыссы суў қосылады ҳәм тез араластырылады. Қыста қамырға қайнатылған қабақ да қосылады. Ийленген қамыр ашыўы ушын қалдырылады. Кейин қамыр зуўала етилип, ыссы тандырда жабылады ҳәм мәлим ўақыт даўамында писириледи. Зағара әпиўайы бийдай нанына қарағанда көбирек ўақытта писеди. Және бир «ийжан» тағамы майлы өсимлик гүнжиден исленеди. Буның ушын тазаланған гүнжи қуўырылады, соң келиде түйиледи. Бираз ўақыт өткеннен кейин жүўери уны ямаса тарыдан исленген ыссы зағара келиде түйиледи ҳәм гүнжи менен қосып және түйиледи. Нәтийжеде мазалы араласпа пайда болады [5, 99-103].

Қарақалпақлар аўқатланыўында нан тийкарғы орынды ийелейди, бийдай унынан шөрек ҳәм қатырма писириледи [11, 269-372]. Дәстүрий қаракалпақ дәстурханындағы ең әҳмийетли дән өними шөрек нан миллий нанның ең кең тарқалған түри болып, домалақ формада болады. Ол дәстүрий тандырларда бийдай унынан писириледи [5, 99-103].

Пүткил Орта Азия халқы сыяқлы қарақалпақларда да нан ҳәр қашан муқәддес есапланған; ҳәтте нан менен ант ишиў (нан урсын) да бар еди. Ҳәзир де нанға ҳүрмет пенен қарайды. Әдетте нанды жерге таслаўға ҳәм полға түсириўге болмайды. Дәстүрханға нанларды төмен жағын жоқары қаратып қойыўға болмайды, нанларды абайлап сындырыў керек, усақлары бәрқулла жақсылап жыйнап алынып, отка тасланады ямаса жаптағы ағып турған суўға тасланады. Усындай сыйласық қарақалпақларда дузға ҳәм улыўма аўқатқа да болған [1, 112-142]. Информатордың мағлыўмат бериўинше: «Ҳаял адам нан жаўып турған ўақытта жаўған нанын биреўге берсе, бул оның үлкен садақасы яғный үлкен саўабы есапланады. Аўылымызда сондай дәстүр бар бир шөрек нанды алып өлини жерлеў ушын алып шығылып атырғанда сол шөректи мейиттиң басына тийдирилип қалынады. Бул өлген адамның ырысқы-несийбеси, дәўлети, байлығы өзи менен кетпесин балаларына қалсын деген мақсетте исленеди ҳәм сол нанды балалары ҳәм ақлықлар бөлисип жейди» [15]. Және бир информатордың мағлыўмат бериўинше: «Айырым хожалықлар аз муғдарда жүўери ҳәм бийдай унын ийлеп, қазанға салып «пәтирек» писирип жейтуғын еди» [13].

Қамыр салынған сорпа түрли атамалар менен аталған: егер қырқылған қамыр бөлеклери көринисинде болса, сорпа «узбен» деп аталған. Бирақ, сорпаның екинши түри де болған – «сықпан», бунда қайнап турған сорпаға (яки сүтке) жүдә суйық қамыр салынған. Таярлаў усулы: үй бийкеси бир қысым қамыр алып, оны қолында сорпалы қазан үстине езеди ҳәм қамыр бармақлар арасынан сығып шығарылған ҳәм узын тамшылар формасында қазанға түседи [9, 224].

Тары қаралпақлар арасында жүўери сыяқлы әҳмийетли ҳәм кең тарқалған еди. Тарының артықмашылығы соннан ибарат, ол басқа егинлерге қарағанда тезирек писеди ҳәм суўғарыўдан басқа күтимди талап етпейди [4, 94]. Оннан көп тағамлар таярланған. Ең сүйикли тағамлардан бири «сөк», бунда тары суўда қайнатылады ҳәм аз ғана қуўырылады. Буның ушын тары алдын қуўырылады, кейин майдаланады, тазаланады ҳәм келешекте пайдаланыў ушын сол формада сақланады. Айырым ўақытлары оннан сүт, еритилген сарымай яки қуўырылған пияз бенен май араластырылған «сөк гөже» таярланады. Айырым ўақытлары гөже суўына аз ғана ун қосылады ҳәм нәтийжеде «белбайлы» деп аталған қойыў аўқат алынады [11, 269-372]. Тарыны тартып, нан жапқан, оны «тары зағара» деп атаған. Сөкти сары май менен араластырып уўып жеген, оны «май сөк» деп атаған. Кемпир-ғаррыларға, тиси шықпаған балаларға сөкти тартып берген, оны «тақан» деп атаған [8, 59]. Айырым аймақларда баланы биринши мәрте бесикке жатқызыў мүнәсибети менен қоңсыларға мазалы затлар менен бирге кеседеги тары саўға сыпатында бериледи [7, 94-111]. Информатордың мағлыўмат бериўинше: «Ҳәзирги күнде қонақлар келгенде жүўери гүртик тағамы писирилиўи дәстүрге айланып атыр. Ҳәтте жәмийетлик аўқатланыў орынларында да бул тағам тансық тағам ретинде таярланады. Бурынлары жүўери, тары ҳәм мәккеден «зағара» ислеген» [16].

Гүриштен «шәўле», «сүтбурыш» ҳәм айырым ўақытлары «палаў» писириледи. Қойыў гүришли сорпа – «шәўле» писирилген. Сорпа ушын көбирек мал гөши пайдаланылған, бирақ айырым ўақытлар таўық гөшинен де сорпа таярланған. Гөшли сорпа араластырылған өнимине қарап, екинши атамаға ийе еди. «Кеспас сорпа» - бийдай унынан жуқа, узыншақ етип туўралған қамыр салынған гөшли сорпа, «қайыс сорпа» (бийдай гүртик) - жуқа төртмүйеш ҳәм басқаша усылда таярланған [9, 223]. Дала жазыўлары мағлыўматлары бойынша: «1996-жыллары жүўери ҳәм шигин күнделикли турмысымызда үлкен орын ийеледи. Жүўерини тартып зағара қылдық, және де шигинди тартырып ун қылып, оннан да нан жаўып жедик. Кеспас сорпа күнделикли турмыста тийкарғы аўқатымыз болды» [12]. Буннан басқа да информатордың мағлыўматы бойынша: «Суўсызлық дәўиринде жүўери егип, жүўериден зағара таярлап жедик. Күнделикли турмыста көбинесе сорпа, гүртик, палаў сыяқлы аўқатларды писирип жейтуғын едик» [14]. Улыўмаластырып айтқанда, Қарақалпақстан аймағында жасаған халықлар турмысында жүўери, тары, бийдай ҳәм гүриштен исленген тағамлар тийкарғы

орынды ийелеген. Әлбетте, ҳәзирги күнде де бул өнимлерден таярланған тағамлар халықымыз тәрепинен сүйип желинеди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ халқының дән өнимлери күнделик турмыста әҳмийетли орын ийелеп, халқымыздың көп әсирлик мәдений қәдириятларын өзине сәўлелендиреди. Дән өнимлеринен таярланған тағамлар тек азық-аўқат мүтәжликлерин қанаатландырып қоймастан, ал миллий дәстүрлерди сақлаў ҳәм келешек әўладқа жеткериўде де жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Бундай тағамларды изертлеў ҳәм анализ қылыў арқалы қарақалпақ халқының мәдений мийрасын және де тереңирек түсиниў, оны сақлаў ҳәм раўажландырыў имканиятын береди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Бекмуратова А. Пища. // В кн.: Этнография каракалпаков. XIX начало XX века (материалы и исследования). Ташкент, 1980. с. 112-142.
2. Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства. // Записки Императорского Русского географического общества. Кн. V. СПб., 1851. с. 62-139.
3. Жданко Т.А. Работы Каракалпакского этнографического отряда Хорезмской экспедиции в 1957 г. // Материалы Хорезмской экспедиции. Вып 4. Москва, 1960. с. 146-171.
4. Камалов С.К. Каракалпаки XVIII- XIX веках. – Ташкент, 1968.
5. Камалова Р.С., Курбанова З.И. Трансформационные процессы в традиционной пище каракалпаков в XX веке. // Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Хабаршысы, №2 (255). Нукус, 2019. с. 99-103.
6. Курбанова З.И. Позитивные и негативные аспекты влияния глобализации на традиционное питание каракалпаков. // Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Хабаршысы, 2023, № 4 (273). с. 58-61.
7. Курбанова З.И., Амиров Ш.Ш. Символика проса в ритуалах и обрядах каракалпаков: историко-этнологические аспекты. // Этнографическое обозрение, 2026, № 1. с. 94-111.
8. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халқының колониаль дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы (1873-1917). Нөкис, 1970.
9. Морозова А. С. Культура домашнего быта каракалпаков начала XX века (к вопросу этногенеза). Диссертация на соиск… канд. ист. наук. Ташкент, 1954 // Рукописный фонд фундаментальной библиотеки АН РУз. Инв. № РД-247. 255 с.
10. Сейдаметова Г.У., Курбанова З.И., Акимниязова Г.А. Традиционное питание в повседневных практиках жителей Каракалпакстана в 1960-1970 гг. // Вопросы истории, 2022, № 5 (2). с. 98-111.
11. Шалекенов У.Х. Быт каракалпакского крестьянства Чимбайского района в прошлом и настоящем. // ТХАЭЭ, том III. Москва, 1958. с. 269-372.
12. Автордың дала жазыўлары, 2025, №1. Шоманай районы Дийқанабад АПЖ. Информант: Тоқымбетова Айзада.
13. Автордың дала жазыўлары, 2025, №2. Шоманай районы Дийқанабад АПЖ. Информант: Палўашова Орал.
14. Автордың дала жазыўлары, 2025, №4. Шоманай районы Дийқанабад АПЖ. Информант: Қурбаниязова Збира.
15. Автордың дала жазыўлары, 2025, №13. Элликқала районы Жасорат АПЖ. Информант: Жаншукурова Райхан.
16. Автордың дала жазыўлары, 2026, №2. Тахтакөпир районы Атакөл АПЖ. Информант: Қаллибекова Нурсулыў.

# НӨКИС РАЙОНЫНЫҢ СОЦИАЛЛЫҚ-РУЎХЫЙ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА ИНСАН ФАКТОРЫ: ӨЗБЕКСТАН ҚАҲАРМАНЫ АЛЛАНИЯЗ ӨТЕНИЯЗОВТЫҢ ТАРИЙХЫЙ ҲӘМ СОЦИАЛЛЫҚ ФЕНОМЕНИ

**Наўбетов А.Т.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң миллий қәдирятларымыз қайта тикленди ҳәм тарийх илимин изертлеўде кең имканиятлар пайда болды. Өзбекстан тарийхында мәмлекетимиздиң раўажланыў жолы ҳәм елимиздиң социал-экономикалық турмысы ҳаққында көплеген илимий мийнетлер жазылмақта. Соның ишинде Қарақалпақстан тарийхында регионның раўажланыўына салмақлы үлес қосқан белгили шахсларға объектив тәризде баҳа бериў актуал мәселелерден бири болып есапланады. Ҳәр бир аймақтың тарийхы тек ғана ҳәкимшилик қарарлар ҳәм экономикалық көрсеткишлер менен емес, ал сол жердиң руўхый келбетин белгилеп берген уллы шахслар тымсалында да сәўлеленеди. Нөкис районы тарийхында айрықша орын ийелейтуғын шахслардан бири, әлбетте, Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов болып табылады. Оның искерлиги совет дәўириниң ақыры ҳәм ғәрезсизликтиң дәслепки шерек әсиринде район жәмийетлик турмысында өзине тән "инсаныйлық институты" ўазыйпасын атқарды.

Бул мақаламызда Нөкис районы тарийхының ажыралмас бөлеги болған Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязовтың өмири ҳәм жәмийетлик жумысы илимий-тарийхый жақтан талланады. Мақалада жеке басламаның аймақлық социаллық инфраструктураны раўажландырыўдағы орны, авторлық қайырқомлық системасының қәлиплесиўи ҳәм оның Нөкис районының руўхый орталығына тәсири сәўлелендирилген. Бул теманы үйрениў тек тарийхый емес, ал бүгинги күндеги социаллық қорғаў ҳәм ўатансүйиўшилик тәрбиясы ушын да әҳмиетли.

Дүнья әдебиятының классиги, дәўиримиздиң уллы жазыўшыларынан бири Шыңғыс Айтматовтың тунғыш шығармаларының бири «Дәслепки муғаллим» повести оны әлемге танытты. Қарақалпақ әдебиятының еки байтереги ҳәм Өзбекстан Қаҳарманлары Төлепберген Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повести менен Ибрайым Юсуповтың «Жолдас муғаллим» поэмасы оларды уллылыққа еристирди. Әпиўайы аўыл муғаллими Алланияз Өтениязов өзиниң педогогикалық хызметлери ҳәм жоқары адамгершиликли қайыр-сақаўатлы мийнетлери нәтийжесинде «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алыўы елимизде айрықша ўақыялардың бири болды.

Алланияз Өтениязов 1936-жылы Кегейли районының «Байна түбек» әтирапындағы «Қазаяқлы» аўылында дийқан шаңарағында туўылған. Әкеси Ерниязов Өтенияз 1943-жылы Курск қаласындағы аяўсыз саўашта қайтыс болған. Анасы Жумагүл Ерниязова улы Алланияз ҳәм еки кишкене қызлары Турдыгүл ҳәм Абаданлар менен жесир қалады[1,6]. Алланияз Өтениязов 1949-жылы аўылда күн көриси қыйынлсып, дайы журты, ҳәзирги Нөкис районы Узынкөл аўылына көшип келеди. Нөкис қаласындағы Пушкин атындағы мектепте оқып билим алады. Бул аўыл бурынғы Куйбычев атындағы қалаға жақын болып, миўе, палыз егинлерин егип, қала халқын тәмийинлеп турған. Мектептен соң қапшық толы қаўын, картошка арқалап Нөкис базарына апаратуғын ҳәм оны анасы сатып пул етип күн кеширди.

Орта билимге ийе болған Алланияз 1957-жылдың 1- сентябринен баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педогогикалық институтының шет тиллери факультетине оқыўға киреди. Оқыў дәўиринде студентлерди аўыл-хожалығы жумысларына мобилизациялаў жоқары ҳәкимият органларының дәстүрли ислерине айланған еди. Пахта жыйын-терим мапазы қызғын болып атыр, бир күни тарийх – филология факультетиниң деканы Петр Игнатьевич Сенин студентлердиң түске шекемги теримин қадағалаўға келди. Пахтаны өлшетип болғаннан кейин ҳәммени бир жерге жийнап, алдынғы қатар студенлерге хошамет берип, аз тергенлерге ескертиў жасады. Сол жерде деканға ерип келген узын бойлы бир жигит «Бизиң факультеттеги Өтениязов Алланияз кеше бир күнде 320

килограм пахта терди» – деп оны көпшилик студентлерге үлги етип көрсетти. Студентлер арасынан бир даўыс «Ол комбайн ғой» деп жәриялаўдан-ақ, ҳәмме аўа ол комбайн деп мақулласып атыр. Мине усы күннен баслап Алланиязға тағылған «Комбайн» атағы өзгерместен, ҳәттеки жергиликли баспа сөзлерде «Адам комбайн» деген атамада мақалалар, радио хабарларынан жаңлап еситилип турды. Бул таңқаларлы хабарды бизлердиң алдымызда жәриялап турған шет тиллер факультетиниң деканы Жалғас Алламуратов екен [2,13]. Мине сол күнлерден баслап Алланияздың даңқы республикамызға жайылып, «Алланияз комбайн» атамасы кәлиплести.

1957- жылы ноябрь айларының баслрында пахтаны суўық урып кетти. Буннан соң бир ҳәптедей пахталай терилип, соңынан ҳәммениң гөрек териўине рухсат етилди. Гөрек терилгенде де Алланияз гөрек терип атырған жерге Жумамурат екеўимиз барсақ, үлкен көлемниң ортасында Алланияз терген 16 қанар гөректи санадым. Бул қос өгиз жегилген арбада тәрезиге апарылып өлшегенде 960 килограм шыққан- деп еске алады қатар оқыған досты Жубатқан Бегимов[3,15]. Оның қәлиплесиўи Нөкис районының өз алдына ҳәкимшилик бирлик сыпатында шөлкемлестирилиў дәўирине туўра келеди. Жоқары мағлыўматлы инглис тили муғаллими сыпатында ол мектеп билимлендириў системасында жумыс алып барыў менен бирге, аймақтағы социаллық машқалаларды жеке жуўапкершилик сыпатында қабыл еткен. Оның өмири «хызмет етиў» философиясы үстине қурылған болып, бул оның советлер дәўириниң коллективлик руўхы ҳәм қарақалпақ халқының «жәрдем» (қалыс көмек) дәстүрлерин үйлестиргенинен дерек береди.

Совхоз директоры тәрепинен тастыйықланған, бригадир менен есапшының қолы қойылған бул документте мынандай цифрлар менен фактлар жазылыпты; Бригадамыз пахтакешлерине жәрдемге келип 22 октябрьден 27 октябрьге шекем пахта терген муғаллим жолдас Алланияз Өтениязов 5 кунде 2 тонна пахта, 27 ноябрьден 30 ноябрьге шекем 10 тонна гөрек терип тапсырды. Ал фельдшер Жумабай Нурымбетов, Райбулла Жақсимов жолдаслардың ҳәр кайсысы сол ўақытлар ишинде 2 тоннадан пахта, 5 тоннадан гөрек терип берди. Мийнет палўанлары жөнин де усындай мағлыўматты еситип, аң-таң болдым. Еле олардың өзлерин көрмесекте, ислеген мийнетлериниң нәтийжелерине ырзашылығымыз соншелли, табысқа мыйлығымыздан батқанлықтан айтыўға сөз таба алмай қалдық. Бәлким, я сонлықтан болар, бригадир жолдас Қонысбай Бегдуллаев сөзге араласып;— рахмет оларға, табысымызды жыйнап терип, оны Қаратаўдан да бийикке көтерип кетти,— деп мийнет палўанларына мың санлы алғыс арнап атыр.

Қара парең, ат жақлы, адырайған дөнгелек көзли, кең жаўырынлы, дуғыжым, орта жасар жигит бизлер излеген мийнет батыры Алланияз Өтениязов екен. Ал жумалақ жүзли, бийдай рең томпак, Жумабай Нурымбетов пенен сары сынлы, қайын жигит Райбулла Жақсимов оның еки қапталында алғыр қанатына мегзейди. Қулласы Алланиязды қанша сүўретлеп айтыўға да арзыйтуғын мийнет батыры десек, ҳасла қәтелеспеймиз. Оның тулғасын «темир тулпар»ға да, ушқыр лашын-сунқарға да теңеўге сөз жеткериў қыйын. Сонлықтан да оған көпшилик «Алланияз дәў», «комбайн жигит» дегенге усаған лақаплар қойып жүр. Ал бизлер оны ҳақыйқат «мийнет палўаны» деймиз[4,3].

Ол оқыўдан бос ўақытларында ҳәм каникул күнлеринде халық ийгилиги ушын мийнет ислеўге үйренип кеткен. 1962-жылдан берли Нөкис совхозының Куйбычев атындағы бөлиминдеги ферма маллары ушын ҳәр жыл сайын 60 гектар майданға мәкке егип, ҳәр гектарынан 300 центнерге шекем көк масса алыўға еристи. Соның менен қатар Алланияз аға II жер жүзлик урыста қаза болғанлардың шаңарақларына жәрдем көрсетиўди өз алдына мақсет етип қойған. 1975-жылдың августь айына шекем ол II жер жүзлик урыста қаза тапқан 17 хожалыққа жай салып берди. Быйылғы жылы ол Жданов атындағы совхоздың Фрунзе атындағы бөлиминдеги Бийсек Алламуратов басқарған бригада да туратуғын баласы II жер жүзлик урыста қаза болған пенсионер кемпир Айсәнем Аллияроваға 2 бөлмели жай салып бермекши[5,2].

Нураный қарриялардың да тебериги болады. Тебериклик – өмирин мәзи жасап өтпей, уллы ислерге бағышлаған, ел ушын жан ашытқан инсанларға халық тәрепинен берилген баҳа.

Бир күни алдыма дуғыжым, палўан денели жигит келип, көкирегинде барын төгип таслады. Шырамыттым, еслей алмадым.

- Мен Жданов совхозы шәрўалары ушын бир тийинсиз 1000 баў боян орып бергенмен. Бирақ совхоз директоры Қойлыбаев справка бермей атыр,

-Дәрҳал Қойлыбаевты алдырып справкасын жаздырып бердим.

Бул киси «Өзбекстан Қаҳарманы» дәрежесине жетискен Алланияз Өтениязов еди. Сол күннен баслап Алланияз ағаны жақыннан таный басладым. Халық ушын ислеген қайырлы ислерине гүўа болдым, өмириниң соңғы демлерине дейин арамыздан сиз бизлик көтерилген емес[6,263].

А.Өтениязовтың қайырқомлық жумысларын шәртли түрде үш басқышқа бөлиў мүмкин:

1-басқыш (1954-1969-жыллар): Дәслепки басламалар. Район дүзилгенге шекемги дәўирде, ол тийкарынан қоңсы-қобалар ҳәм аўылласлардың турақ жайларын оңлаў ҳәм қурыў менен шуғылланған.

2-басқыш (1969-1991-жыллар): Район инфраструктурасын қәлиплестириўде қатнасыў. Нөкис районы дүзилгеннен кейин, халық санының өсиўи ҳәм жаңа аўыллардың пайда болыўы социаллық обьектлерге болған талапты арттырды. Бул дәўирде ол сабақтан бос ўақытларында (дем алыс ҳәм каникул күнлери) өз қаржысы ҳәм мийнети менен мектеп имаратларына қосымша ханалар, китапханалар сала баслаган.

3-басқыш (1991-2006-жиллар): Ғәрезсизлик дәўири ҳәм халықаралық тән алыў. Экономикалық өтиў дәўириниң қыйыншылықларына қарамастан, ол қайырқомлық жумысларын тоқтатпады. Керисинше, мүтәж шаңарақлар, жетимлер ҳәм майыплығы болған шахсларға жай қурыў көлемин кеңейтти.

Алланияз Өтениязовтың феномени сонда, ол мәмлекеттен қаржы күтпестен, өз айлығы ҳәм қосымша дийханшылық арқалы тапқан дәраматын қурылыс материалларына жумсаған. Оның жумыс усылы төмендеги өзгешеликлерге ие еди:

- Өз бетинше жойбарлаў: Ол қуратуғын имаратлардың сызылмаларын өзи сызып, шеберлик пенен сыбаў ҳәм агаш усташылық жумысларын да жеке өзи орынлағаны әлбетте алғысқа ылайықлы.

-Экономикалық үнемлеў: Ол жергиликли шийки зат қам гербиш, ағашлар ҳәм халық дәстүрлеринен пайдаланған ҳалда сапалы ҳәм арзан социаллық обьектлер жаратқан.

-Руўхый тәсири: Ониң мийнетин көрген аўылласлары ықтыярлы түрде көмекке келген, бул болса жәмийетте бирлесиўди күшейткен.

1960-жылдан баслап 2 рет Өзбекстан Республикасы, 3 рет Қарақалпақстан Республикасы Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды.

1985-жылы «Мийнет ветераны»,

1986-жылы «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен муғаллим»,

1990-жылы «Денсаўлықты сақлаў ағласы »,

1992-жылы Өзбекстан халқ оқытыўшысы

1995-жылы «Меҳнат шухрати» ордени,

1997-жылы «Жер жүзлик Балалар қоры» Мақтаў жарлығы,

А.Өтениязовтың пидәкерлик мийнети ғәрезсиз Өзбекстан ҳүкимети тәрепинен жоқары баҳаланды. 2001-жили Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти Ислам Каримовтың Пәрманына тийкарланып оган "Өзбекстан Қаҳарманы" атағы берилди.

«Өзбекстан Қаҳарманы» атағын бериў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримовтың Пәрманы.

Елимиздиң ғәрезсизликти беккемлегени, жер жүзлик шерикликте оның абыройын арттырғаны ҳәм даңқын шығарғаны, мәмлекет ҳәм халық алдында үлкен хызметлери, өндирислик ҳәм социаллық салалардағы қаҳарманлық мийнети, өсип киятырған жас

әўладты Ўатанға сүйиспеншилик ҳәм миллий ғәрезсизлик идеяларына садықлық руўхында тәрбиялаўға қосқан үлкен үлеси ушын Өтениязов Алланиязға – Қарақалпақстан Республикасы Нөкис районы «Сақаўат» фермер хожалығының басшысы – жоқары нышан «Алтын жулдыз» медалын тапсырыў менен «Өзбекстан Қаҳарманы» атағы берилсин. Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов Ташкент қаласы, 2001-жыл 23-август.

Пидайы устаз 1954-жылдан баслап оқыўшыларға сабақ өтиў менен бир қатарда қысқы ҳәм жазғы демалыс ўақытларында жалғыз баслы, жәрдемге мүтәж 42 дана қарияларға үй-жай қурып берип, бул мийнетлери ушын ақша алмаған. Өмири даўамында 40 турақ жай, 2 мектеп, 30 орынлық 2 балалар бағшасы, 2 медициналық хызмет орны, 1 китапхана иморатын өз мийнети арқасында қурып питкерип, халыққа саўға еткен. Ҳәмме қурған үйлери ушын жеке өзи ҳешқандай техникалардың жәрдемисиз 860 мың гербиш қуйған.

1999-жылы Нөкис районында «Сақаўат» фермер хожалығын шөлкемлестирип, алма, ерик, шабдалы бағларын егеди. Бул бағлардың мийўелеринен Хожели районындағы Меҳрибанлық үйи тәрбияланыўшылары биринши болып пайдаланған. Хожалық аймағындағы жумыссыз халықтың бәнтлигин тәмийинлеген. 2000-жылы 15 гектарлық майданға бағ егеди. Оннан тысқары 174 шаңарақтың үйин капитал ремонтлаған.

Алланияз Өтениязов мазмунлы өмир жолын басып өтти. Ол жас әўладқа терең билим бериў менен, оларды Ўатанды сүйиў ҳәм миллийлик идеясы руўхында тәрбиялаў исине салмақлы үлес қосты. Соның менен бирге әжайып инсаный пазыйлетлердиң ийеси, қайырлы ислердиң баслаўшысы сыпатында өзиниң саўаплы ислери менен ел-журт ҳүрметине сазаўар болды. Ол руўхый байлықты, адамгершиликли пазыйлетлерин жоқары орынға қойды. Ол жас әўладты тәрбиялаўда динимиздиң, ата-бабаларымыз дәстүрлеринен, ақыл-нәсиятларынан пайдаланды ҳәм педогогларға усыныс етти. Алланияз Өтениязовтың бундай мийнетлери жоқары баҳаланып, оған «Өзбекстан селекционерлери» ҳүрметли атағы, «Меҳнат шухрати» ордени менен сыйлықланған. Оның өмири ҳәм ийгиликли жумыслары ҳаққында 3 фильм исленген. Алланияз Өтениязовтың мийнетлери дүняда теңсиз атанып, «Гиннес рекордлары» китабына киргизилди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Даўлетмуратова Э., Даўлетмуратов А. Алланияз қаҳарман адамгершиликтиң жоқарғы шыңы. - Нөкис, Қарақалпақстан, 2012. 63 б.
2. Бегимов Ж. Ақманғыт. – Нөкис, Қарақалпақстан, 2010. 175 б.
3. Бегимов Ж. Ақманғыт. – Нөкис, Қарақалпақстан, 2010. 175 б.
4. Қосымбетов Г. Мийнет палўанлары // Коммунизм байрағы газетасы №71 1969-жыл 13-декабрь.
5. Әбдиқәдиров Қ. Муғаллимниң басламасы // Коммунизм байрағы газетасы № 92 (3) 1975-жыл 2-август.
6. Палўаниязов Ю. Өмир соқпақлары. – Нөкис, Қарақалпақстан, 2009.


# XIX ÁSIRDIŃ AQIRI HÁM XX ÁSIRDIŃ BASLARINDA TÓMENGI ÁMIWDÁRYA BOYINDAǴI XALIQLARINIŃ MEDICINALIQ MÁDENIYATI


**Kungratbaev A.A.**


XIX ásirdiń aqırı hám XX ásirdiń basları Tómengi Ámiwdárya boyında jasaǵan xalıqlar ushın awır dáwir boldı. Bul dáwirde awıl xojalıǵına tiykarlanǵan ekonomika, kolonial qısımda bolǵan jergilikli xalıq sanitariayalıq-gigienalıq jaǵdaylardıń tómen bolıwına, turmıs dárejesiniń jetkiliksiz bolıwına alıp keldi. Basqa dáwirlerge qaraǵanda bul dáwirde epidemiya kesellikleri jáne de jergilikli bolǵan. Degen menen birge, medicina xızmetiniń jetkiliksizligi óz aldına úlken másele bolıp turdı.

Kolonial dáwirde jergilikli xalıqlardıń awqatlanıw racionında palız eginleriniń jetispewshiligi, awqatlarınıń sapası tómen hám bir qıylı bolǵanlıǵı sebepli, ásirese jarlılar arasında singa keselligi de keń tarqalǵan edi. I. Avdakushinniń atap ótiwinshe, ózine tán jergilikli kesellikler qatarına maqaw da kirgen. Bul kesellik «tiykarınan Ámiwdárya deltasınıń qaraqalpaq xalqın qamtıp alǵan bolıp, olardıń derlik hámmesi jarlı, sheksiz batpaqlıqlar, kóller, qamıs dalaları hám toǵaylar arasındaǵı suwıq otawlarda jasap, kóbinese balıq penen azıqlanatuǵın edi». Jergilikli xalıq arasında maqaw juqpalı kesellik dep esaplanǵanı ushın, maqawǵa ushıraǵanlar jámiyetten shetletilip, táǵdirdiń erkine taslap qoyılatuǵın edi[1, 36].

Axmet Zaki Validiy óziniń esteliklerinde Qońırat qalasınıń sanitariyalıq jaǵdayına toqtap ótken. Ol úylerdiń háwlileri taza-pák bolǵanın, al kósheler bolsa, kerisinshe, qarawsız jaǵdayda ekenligin aytıp ótken[2, 35]. Bul jeke aymaqqa itibardıń kóbirek bolǵanın, biraq ulıwma mashqalaǵa sheshim tabılmaǵanın kórsetedi.

P.P. Ivanov bunı tómendegishe túsindiredi, eski turmıs táriziniń ózine tán ózgesheliklerinen biri tek ǵana júdá jarlılıq sebepli zárúrli tazalıq hám páklikke ámel etiwdiń ilajı joqlıǵı emes, al xalıqtıń kópshiliginde turmıslıq gigiena haqqındaǵı eń ápiwayı túsiniklerdiń pútkilley joqlıǵı edi. Monshalar joq edi; adamlar tek jazda suwǵa túskende ǵana, sabınsız juwınatuǵın edi. Kiygen kiyimleri kóbinese tozip, jırtıqqa aylanǵansha almastırılmaytuǵın edi. Qáwipli juqpalı kesellikke shalınǵan adam menen bir ıdıstan awqatlanıw ádettegi jaǵday esaplanatuǵın edi. Balalar gigienası haqqında da hesh qanday túsinik joq edi. Balalar, ásirese qızlar, kóbinese qorqınıshlı antisanitariyalıq sharayatta jasaǵan, bunıń aqıbetinde balalar ólimi sózsiz kóbeyip barǵan[1, 35].

Xalıqtıń tiykarǵı bólegi, sonday-aq, azıq-awqattıń turaqlı jetispewshiligi hám sapasızlıǵınan jábir shekti. Bul, ásirese, belok hám maylı zatlardıń jetispewshiliginde kórindi. Bul zatlar jarlı qaraqalpaqlar turmısı menen tıǵız baylanıslı bolǵan awır fizikalıq miynet ushın júdá zárúr edi[1, 35].

Qaraqalpaqlar arasında eń kóp ushırasatuǵın kesselliklerdiń biri kózdiń shıǵırshıq perdesiniń qabınıwı (konyunktivit), sonday-aq, traxoma hám basqa da ayırım kóz kesellikleri edi. Bul túrdegi keselliklerdiń keń tarqalıwına bir tárepten jıldıń qurǵaq máwsiminde hawada záhárli shor shańnıń kópligi, ekinshi tárepten bolsa ulıwma turmıs sharayatlarınıń jaman sanitariyalıq jaǵdayı hám zárúrli medicinalıq járdemniń joqlıǵı sebep bolǵan. Hár qıylı forma hám túrdegi bezgek te ǵalabalıq tarqalǵan edi. Bezgek penen keselleniw tiykarınan jaz hám gúz aylarına tuwra kelgen. Xinin dári-dármaǵınıń joqlıǵı sebepli, kesellik awır ótip, hár qıylı júdá qıyın asqınıwlar baqlanǵan. Tarqalıw dárejesi boyınsha keyingi orındı awqattıń sapasızlıǵı hám bóleklep jergilikli suwdıń ózgeshelikleri sebepli kelip shıqqan asqazan-ishek kesellikleri iyelegen. Qotır da keń tarqalǵan bolıp, ol da bezgek sıyaqlı, ayırım orınlarda derlik epidemiya dárejesine jetken. Shomılıw máwsimi baslanatuǵın jaz paslında bolsa kesellikler sanı keskin kemeygen[1, 36].

Petro-Aleksandrovsk qalasında máwsimlik isleytuǵın pivo zavodı bar edi. Teri zavodında terini iylew de qolda ámelge asırıladı, sol sebepli óndiristiń bul tarmaqların durıs sanitariyalıq baqlawǵa alıw qıyın bolǵan. Bul baqlawdıń tiykarǵı maqseti xalıq jasaytuǵın orınlardı sanitariyalıq jaqtan tártipke salıwǵa hám wálayattı epidemiyalıq keselliklerdiń tarqalıwınan qorǵawǵa qaratılǵan edi[3, 108].

Gósh dúkánları, nanbayxanalar, shayxanalar, asxanalar, monshalar, miymanxanalar, qoralar, kósheler, qassapxanalar hám taǵı basqalar kózden ótkerilip, aymaqtıń sanitariyalıq jaǵdayına qanday da bir zıyanlı tásir kórsetiwi múmkin bolǵan barlıq jaǵdaylar saplastırılıp, sanitariyalıq qaǵıydalardıń orınlanıwı ústinen qadaǵalaw ornatılar edi. Ayırım qalalarda jámiyetlik densawlıqtı saqlaw komitetleri dúzilgen bolıp, olar hesh qanday materiallıq qarjıǵa iye bolmasa da, óz iskerligi menen aymaqlardı sanitariyalıq jaqtan tártipke salıw isine úlken úles qosqan[3, 113].

1893-jılı úlkeniń puqaralıq basqarması boyınsha medicinalıq esabatına kóre shıpaker járdemine 11398 adam múrájat etken bolsa, sonnan sheshek penen – 3, difteriya menen – 4 (1 adam qaytıs bolǵan), krup penen – 1 (qaytıs bolǵan), qızılsha menen – 4, kókjótel menen – 25,

gripp penen – 3, ish súzegi menen – 4 (1 adam qaytıs bolǵan), 3 adamnıń keselligi anıq emes edi[3, 126].

Sırdárya wálayatında 1894-jılı ambulatoriyalıq járdemge múrájáát etken nawqaslar 65 256 adamdı quradı. Olardan Ámiwdárya bóliminde - 10 491. Hájethanalar ishindegi shıǵındılar tártipli túrde alıp shıǵıp turılǵan. Petro-Aleksandrovsk bekinisiniń kósheleri hám háwlileri jetkilikli dárejede taza saqlanǵan, pataslıqlar qala sırtındaǵı qumlıqlarǵa tasıp áketilgen, uralar hám shuqırlar turaqlı túrde tazalanıp turılǵan. Shımbay hám Shayx-Abbazda elatlı punkt sırtında shıǵındıxanalar qurılǵan, birinshisinde, yaǵnıy Shımbayda bazar ushın jámiyetlik hájethana salınıp, shuqırı gerbish penen qaplanǵan. Biraq, Riza-Kuli Mırza Shımbayda házirge shekem monsha joq dep jazadı. Biziń pikirimizshe, ol jámiyetlik monshanı názerde tutqan[4, 129-130].

Sırdárya wálayatında sanitariyalıq baqlaw funkciyası wálayat hám uyezd jámiyetlik densawlıqtı saqlaw komitetlerine júklengen. Ayırım qalalarda esabat jılında oba epidemiyasınıń aldın alıw menen arnawlı sanitariya komissiyaları dúzildi; jámiyetlik densawlıqtı saqlaw komitetleri esabat jılında shegara aymaǵınıń qońsılas bóleginde, sońınan Kaspiyartı wálayatında oba payda bolǵanda, epidemiyaǵa qarsı góresiw ilajları hám quralların talqılaw ushın jıynalıp, xalıq ushın májbúriy bolǵan qararlar shıǵardı hám bul qararlardıń orınlanıwın baqlap bardı[4, 131].

Ámiwdárya bóliminiń sanitariyalıq baqlawı baqlaw komitetiniń qaramaǵında. Onıń quramı: bólim baslıǵı basshılıǵında áskeriy bólim komandirleri, bólim medicina bóliminiń baslıǵı, bólim shıpakeri hám birneshe sawdagerden ibarat. Sonday-aq, oba qáwpi múnásibeti menen arnawlı sanitariya komissiyaları da dúzilgen edi. Bólim shıpakeriniń esabatlarında komitet hám sanitariya komissiyalarınıń iskerligi haqqında hesh qanday maǵlıwmat keltirilmegen[4, 132-133].

1888-jılı aldıngı jıl menen salıstırǵanda, medicinalıq járdem sorap múrájat etkenler sanı 3 948 ge kóbeygen; biraq bul ósiw salıstırmalı xarakterge iye, sebebi 1887-jıl boyınsha Ámiwdárya bóliminen maǵlıwmatlar óz waqtında kelip túspegen edi. Ámiwdárya bóliminde, jergilikli xalıqqa tiyisli bolmaǵan, bálkim Iran hám Rossiyadan kelgen adamlar arasında zob kesellliginiń 5 jaǵdayı dizimge alınǵan[5, 217]. Bul maǵlıwmatlar epidemiologiyalıq baqlawlar nátiyjesinde anıqlanǵan bolıp, kesellıktiń tarqalıw aymaǵın hám kontingentin belgilewde zárúrli áhmiyetke iye. Izertlewler sonı kórsetedi, juqpalı keselliklerdiń sırt elden kelgenler arasında anıqlanıwı, demografiyalıq faktorlar hám sanitariyalıq-epidemiologiyalıq qadaǵalaw sistemalarınıń nátiyjeliligin bahalawda aktual wazıypa esaplanǵan.

I.S.Avdakushin Ámiwdárya bóliminiń xalıqlarınıń turmıs jaǵdayına baylanıslı aymaqtaǵı sanitariyalıq jaǵdaydı qadaǵalawdıń qıyınlıǵın aytadı, “Túrkmenler házirge shekem yarım kóshpelilikte ómir keshirip, diyqanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanadı, qazaqlar ózleriniń pada hám súriwleri menen Qızılqum shólistanınıń ishkerisindegi qudıqlar átirapında kóship-qonıp júredi; ózbekler mádeniy aymaqlarda, qalaǵa hám bazarǵa jaqınlaw jerlerde jasaydı; al qaraqalpaqlar bolsa kól hám dárya tarmaqlarına jaqın, balıǵı kóp jerlerge jaylasqan, sebebi olar ushın balıqshılıq tiykarǵı kúnkóris deregi, al diyqanshılıq bolsa tek ǵana qosımsha shuǵıllanıw esaplanadı. Hár túrli elatlarǵa tiyisli xalıqtıń bul mádeniy ózgeshelikleri Ámiwdárya bóliminiń sanitariyalıq jaǵdayı haqqında anıq hám tolıq túsinik payda etiwge kesent etedi, sebebi hár bir jer uchastkası ózine tán bolıp, shárt-shárayatı hám etnografiyalıq quramı jaǵınan átirapındaǵı aymaqlardan parıq etedi”[6, 122].

Sırdárya wálayatında pes keselligi boyınsha jámi 23 jaǵday dizimge alınǵan bolıp, sonnan birewi Tashkent qalasında, 22 si bolsa Ámiwdárya bóliminde anıqlanǵan. Bul kesellik Tashkent qalasında hám Ámiwdárya deltasında (Ámiwdárya bóliminiń Shımbay uchastkası), qaraqalpaqlar arasında endemik sıpatqa iye. Pes penen awırǵanlardıń ózleri jaǵdayların jaqsılaw múmkin emes dep esaplap, medicinalıq járdem sorap múrájat etpeydi; al ambulatoriyaǵa pes keselligine gúman etilgen shaxslar sıpatında, kesellik túrin úzil-kesil anıqlaw ushın jergilikli xalıq tárepinen májbúriy túrde alıp kelinedi.

Sonnan soń, nawqastı jámiyetten ajıratıw maqsetinde Tashkent qalasınıń qasındaǵı «Maqaw» dep atalatuǵın arnawlı awılǵa jiberiledi. Shımbay uchastkasınıń jergilikli xalqı pestiń

barlıq formaların ajırata aladı, biraq bul baǵdarda qopal qáteliklerge de jol qoyadı. Mısalı, pigmentaciyanıń joǵalıwı menen keshetuǵın qáwipsiz teri keselliklerin de olar jergilikli tilde «maqaw» dep atalatuǵın peske kirgizedi. Bunday qátelerdiń aqıbeti ayanıshlı, sebebi peske ushıraǵan adamnıń sociallıq jaǵdayı sheksiz dárejede awır boladı. Terisinde aq daǵı bar hár qanday adamdı jergilikli xalıq «pes» dep ataydı hám onı jámiyetten shetletilgen dep esaplaydı.

«Aq daǵı bar» adamlar arasında negizinde pes penen awırmaytuǵınlar da bolıwı múmkinligin esapqa alsaq, tiykarınan deni saw hám hesh qanday juqpalı keseli joq adamlardıń táǵdiri qanshelli ayanıshlı ekeni ayqın boladı. Bunday jábir shekken adamlardan hámme ózin alıp qashadı, sebebi hámme olardı pes dep oylaydı; olardıń puqaralıq huqıqları ayaq astı bolıp, ózleri qayırshılıq halına túsedi. Joqarıda aytılǵanlardan kórinip turǵanınday, jergilikli xalıqtıń pesti anıqlawdaǵı baxıtsız qátelerin dúzetip, túsinik jumısların alıp barıwshı shıpakerdiń moynına qanshelli áhmiyetli wazıypa júklenetuǵını belgili.

Invaziyalıq kesselliklerden qotır – 327, gijja – 5 jaǵdayı dizimge alınǵan. Sırdárya wálayatında Taenia júdá keń tarqalǵan bolıp, oǵan jaqsı quwırılmaǵan qaramal góshin jeytuǵın adamlar shatılǵan. Taenia solium qurtınıń basqa bir túri, shoshqa etin jemeytuǵın musılmanlarda derlik ushıraspaydı; bul qurt tek ǵana kóshirip alıp kelingen xristian xalqı arasında ushırasadı. Sońınan úshinshi túrdegi qurt – Bothriocephalus latus balıq tutınatuǵın xalıq arasında ushırasadı; bul qurt, tiykarınan, Aral teńizi átirapında tarqalǵan[5, 228-229].

1888 jılı Ámiwdárya bólimi boyınsha emlengenler sanı – 468. Túrkstan qalası xalqınıń azlıǵın esapqa almaǵanda, sheshekke qarsı emlew jumısları eń tómen nátiyje kórsetken aymaq Ámiwdárya bólimi bolıp shıqtı. Bul jaǵday emlewshilerdiń jetispewshiligi, aymaqtıń keńligi sebepli olardıń iskerligin qadaǵalawdıń imkaniyatı joqlıǵı, ayırım qáwimlerdiń emlewge dushpanlıq múnásibeti, sonday-aq emlewshiniń vakcina salınatuǵın balalardı izlep tabıwı ushın qolaylı qatnas jollarınıń joqlıǵı menen túsindiriledi[5, 234].

Aymaqtıń uezd qalalarında mineral suw shıpa orınları joq. Qımız benen emlew orınları shólkemlestirilmegen, bul is qazaqlardıń qolında, al satılatuǵın qımız kóbinese sapalı boladı[3, 112].

XIX ásir aqırı - XX ásir baslarında Tómengi Ámiwdárya aymaǵında sanitariyalıq-gigienalıq sharayattıń awırlıǵı hám xalıqtıń medicinalıq mádeniyatınıń tómenligi kóplegen juqpalı keselliklerdiń tarqalıwına sebep bolǵan. Usı dáwirdegi qıyın sociallıq-ekonomikalıq hám sanitariyalıq jaǵday xalıqtıń salamatlıǵına unamsız tásir kórsetken.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Иванов П.П. Кара-калпаки//Советская этнография, IV. 1940.
2. Ахмет Заки Валидий Тоган. Воспоминания. Книга II. – Уфа: Китап, 1998.
3. Обзор Сыр-Дарьинской области за 1894 год. Ташкент, 1897.
4. Обзор Сыр-Дарьинской области за 1892 год. Ташкент, 1894.
5. Обзор Сыр-Дарьинской области за 1888 год. Ташкент, 1890.
6. Авдакушин И.С. Санитарный обзор Амударьинского отдела с 1887 по 1891 г., – «Сборник материалов для характеристики Сыр-Дарьинской области», т. II, Ташкент, 1892.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЛАРЫНДА СУЎ МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ


**Абсетерова У.К.**

*ӨзРИАҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


Қарақалпақ этнографиясы илиминде фольклор дереклерин үйрениў арқалы халықтың әййемги дүньяға көзқарасын, үрп-әдетлерин ҳәм исенимлерин тиклеў бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелериниң бири болып есапланады. Әсиресе, Орта Азияның қурғақ климатында жасаған қарақалпақ халқы ушын суў ҳәр қашан тиришиликтиң, берекеттиң ҳәм пәкликтиң символы болып келген. Суў мәселесиниң фольклор дереклери тийкарында изертлениўи, халқымыздың тарийхый басып өткен жолын, тәбият пенен болған тығыз байланысын тереңирек түсиниўге имкан береди.

Қарақалпақ фольклорында суў тек физикалық объект емес, ал жанлы, илаҳий қүдиретке ийе болған күш сыпатында сүўретленеди. Буның жарқын мысалы сыпатында «Алпамыс» дәстанын келтирип өтиўге болады. Дәстанда Алпамыс батырдың жолында дәрья көлденен (кесе) келип, оған бөгет болады. Дәрьядан өтиўге имкан таба алмаған батыр өз арзыў-әрманлары, жақсы нийетлеринен суўға арыз қылады. Нәтийжеде сол дәрья оның налынғанынан тоқтап еки тәрепке шегинеди. Батыр бул жолдан аман-есен өтип мақсетине жетеди [1, 120]. Демек, батырдың өз арзыў-әрманлары менен суўға мүрәжат етиўи, суўдың болса батырдың налышын еситип, еки тәрепке шегиниўи – бул әййемги анималистик көзқараслардың сарқыты болып табылады. Бул жерде суў батырды қоллап-қуўатлаўшы күш хызметин атқарып тур.

Соның менен бирге, «Шәрьяр» дәстанында айдары менен туўылған бала менен қыз (Шәрьяр ҳәм Әнжим) суўға тасланады ҳәм суўда өлмей аман қалады. Бул әййемги суў ҳәм ҳасылдарлық культлери менен байланыслы исеним түсиниктиң дәстанда сәўлелениўи болыўы мүмкин [5, 121]. Бул дәстанда Шәрьяр менен Әнжимниң аман қалыўы Сулайман (Аспижәҳангир) патшаға байланыстырылады. Яғный, суў түбине тасланған Шәрьяр менен Әнжимди аман сақлап қалыўда: «Әне суў атасы Сулайман суў зәлелин тийдирмей, балық киби туўлатып, сақлай берди балаларды», – деп сәўлелендиреди [5, 130]. Бул «Шәрьяр» дәстанында суўдың қутқарыўшылық ҳәм пана бериўшилик функциясы анық көринеди. Суўға тасланған Шәрьяр ҳәм Әнжимниң аман қалыўы «Суў атасы» Сулайман (Аспижәҳангир) патшаға байланыстырылады. Дәстандағы: *«Әне суў атасы Сулайман суў зәлелин тийдирмей, балық киби туўлатып, сақлай берди балаларды»* деген қатарлар, әййемги түркий қәўимлердиң суў астында өз алдына бир дүнья бар екенлигине, оның қудайы (Сулайман ямаса Суў ийеси) бар екенлигине исенимин тастыйықлайды.

Дәстанда Әнжим периниң суў астында нәресте ўақтында тиришилик етиўи, Шәрьяр ҳәм Әнжим илаҳий суў қудайының күши, меҳрибанлығы менен тири жасап атыр деп түсиндиреди:

Суў тийинде көрип келдим еки периште,
Бири улдур, бири қыздур бизлерге [3, 237].

Дәстандағы бул ўақыя улыўма ҳақыйқатлықтан узақласқан болса да, әййемги ата-бабаларымыз суў астында да тиришилик бар екенлигине исенген. Бул исенимлер фольклорда суў перилери, суў қудайы ҳәм суў тулпарлары түсиниклери арқалы берилген. Дәстанларда суў астында жасайтуғын «периштелер» ҳаққында айтылыўы, суў – пәкликтиң мәканы екенлигин көрсетеди. Бул көзқараслар халқымыздың этнографиялық турмысында суўға болған ҳүрметти қәлиплестирген. Суў мол болсын, дәрьялар тасып, егинлерге берекет берсин деген нийетте халық арасында ҳәр мәўсимде қурбанлықлар (түйе, өгиз, қой) бериў дәстүрлери әмелге асырылған. Бул ырымлардың барлығы суўды «тири» деп билиўден келип шыққан.

Қарақалпақ дәстанларында батырдың аты – оның ең жақын досты ҳәм қатнасыўшысы. Көпшилик жағдайларда бул атлардың негизи суў менен байланыстырылады. Профессор С.Баҳадырованың атап көрсеткениндей, Арал теңизи менен Әмиўдәрьяда суўдың астында суў айғырлары ямаса суў атлары жасаған. Буны «суў тулпары» дейди. Суў тулпарлары қыр тулпарлары менен ямаса «жел бийелери» менен жылында бир рет айқасып, теңиз бойында ойнап келетуғын болған. Суў айғырларына даланың жылқылары да бәҳәрде теңиз бойына келеди екен. Дала жылқыларын күтип жүрген теңиз суў атлары суўдан шығып жылқылар менен ушырасып қайтадан суўға сүңгип кетеди екен. Сол тулпар атлардан Қарабайыр атлар туўылған. Жылқыманлар жылқыларының суў тулпары менен ушырасыўы ушын теңиз бойына жайып алып келеди екен. Қарақалпақ Қарабайырының реңи қара болған. Себеби суў тулпарларының реңи де қара болып, оннан туўылған қулынлар қара болып туўылған. «Гөрұғлы» дәстанында Гөрұғлының аты Қырат Әмиўдәрьяның астынан шыққан суў атынан туўылған [2, 47-48]. Усындай мифологиялық түсиниклерге көре:

- Суў тулпарлары жылында бир рет суўдан шығып, қырдағы «жел бийелери» менен шағылысатуғын болған;

- Бул байланыстан туўылған қулынлар «Қарабайыр» атлар деп аталған. Олардың реңи қара болыўы суў тулпарларының реңине байланыстырылған;

- «Гөруғлы» дәстанында Гөруғлының атақлы аты Қырат тап усындай Әмиўдәрьяның астынан шыққан суў атынан туўылған.

Сондай-ақ, ҳәзирги дәўирдеги белгили фольклорист илимпаз К.Палымбетовтың жазыўынша, көпшилик дәстанларда қанатлы атлар суўға байланыстырылады. «Алпамыс», «Ер Қосай» т.б. дәстанларда батырға мүнәсип ат суў бойында таңланады, яғный булақтан суў ишип турған жеринде тулпар атты таңлап алады. Бунда тулпар аттың атасы жел, анасы суўдан дөреген, «суў тулпар» болады [5, 130]. Демек, бул атлардың атасы жел, анасы суў екенлиги айтылып, олардың тезлиги ҳәм шыдамлылығы илаҳий негизи менен түсиндириледи.

Ал, «Едиге» дәстанының Жумабай жыраўдан жазып алынған вариантында Едигениң минген аты суў тулпарынан екенлиги сөз етиледи:

Едиге минген буўрылшын,
Ҳаслын-тегин сорасаң,
Ҳаслы қарабайырды,
Қумай менен уялас,
Қаршыға бирлен тең талас,
Суў тулпардан болыпты [3, 314].

Соның менен бирге, «Едиге» дәстанының Ерполат жыраўдан жазып алынған вариантында:

Едиге минген ақша аттың,
Ҳаслы-затын сорасаң,
Енеси желден дөреген,
Суў тулпардан болған [4, 22].

Жоқарыдағы Ерполат жыраў вариантында болса, батырдың атының анасы жел, әкеси суў тулпары екенлиги айтылып, аттың теңсиз қүдирети сыпатланады.

Қарақалпақ фольклорында суў тек батырлық сюжетлериниң бөлеги емес, ал этикалық ҳәм эстетикалық түсиниклердиң де тийкары. Суў – тазалықтың, тынықлықтың ҳәм ашықлықтың белгиси. Халық арасында «Суў – ырыс-несибе», «Суў бар жерде тиришилик бар» деген нақыл-мақаллардың көпшилиги тап усы дәстанлардағы исенимлер тийкарында қәлиплескен.

Әййемги түркий қәўимлер ушын булақлар менен көллерди таза тутыў, оларға зыян тийгизбеў муқаддес парыз саналған. Бул экологиялық мәденияттың дәслепки белгилери дәстанлардағы суў ийесине болған қорқыныш ҳәм ҳүрмет арқалы тәрбияланған.

Жоқарыда айтылғанларды улыўмаластырып айтқанда, қарақалпақ дәстанларында суў мәселесиниң сәўлелениўи төмендеги нәтийжелерди береди:

- Суў – қарақалпақ мифологиясында илаҳий қүдиретке ийе, батырларды қоллаўшы ҳәм қутқарыўшы күш;

- «Суў атасы» ҳәм «Суў периси» түсиниклери арқалы халық тәбиятты жанлы деп билген ҳәм оған сыйынған.;

- Батырлық атларының «суў тулпарынан» дөреўи ҳаққындағы мифлер қарақалпақ жылқышылық мәдениятының этнографиялық тамырларын көрсетеди;

- Суў культи қарақалпақ фольклорының ажыралмас бөлеги болып, ол халықтың дүньяға көзқарасын, экологиялық мәдениятын ҳәм этикалық нормаларын өзинде жәмлеген.

Демек, фольклор дереклериндеги суў мәселелерин үйрениў – халқымыздың өтмиши менен бүгинги күнин байланыстырыўшы алтын көпир болып хызмет етеди.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Аширов А. Ўзбек маданиятида сув. – Тошкент: Akademnashr, 2020.
2. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: «Наврўз», 2017.
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық, 9-13-томлар. – Ташкент: «Маънавият», 2009.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық, 57-66-томлар. – Нөкис: «Илим», 2013.
5. Палымбетов К. Қарақалпақ халық исеним ырымлары. – Ташкент: «Lesson press», 2023.

## MAZMUNÍ

**Ádebiyattanıw**

**Бекбергенова З.У.** – Әдебиятымыз тарийхы ҳәм классикалық әдебиятымыздың әҳмийетли мәселелери Артық Каримовтың изертлеўлеринде ……………………………… 3
**Бекбергенова З.У.** – Бабаш Исмайловтың илимдеги ҳәм көркем әдебияттағы хызметлери.......................................................................................................... 6
**Bekbergenova Z.U.** – Házirgi qaraqalpaq hám ózbek povestleriniń tematikaliq hám janrliq klassifikaciyasi (2013-2023-jıllar mısalında)........................................................... 11
**Бекбергенова З.У., Жәримбетова Т.Қ.** – Ҳәзирги қарақалпақ ҳәм өзбек прозасында көркем ҳүжжетли повестлер................................................................................... 14
**Утемуратова Х.** – Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында шайырлардың образлары дөретилиўи мәселелери ҳаққында (Б.Исмайловтың ҳәм А.Каримовтың изертлеўлери тийкарында)................................................................................... 19
**Утемуратова Х., Сайымбетов Ш.** – Романларда образ дөретиў шеберлиги.............. 22
**Utambetova A.J.** – Jazıwshı Ǵafur Shermuhammad gùrrińlerinde insan obrazı................. 24
**Утамбетова А.Ж., Пирназарова Д.А.** – Жийен жыраў дөретиўшилигиниң филологиялық талқыланыўы (Артық Каримов изерлеўлери мысалында)..................... 27
**Tleuniyazova G.B.** – Sagínbay Ibragimovtíń intellektuallíq lirikasínda ekzistencial sana: sufizm motivleri hám mifopoetikalíq qatlam........................................................... 29
**Жәримбетова Т.Қ.** – Илим ҳәм көркем әдебият пидайысы......................................... 33
**Járimbetova T.Q.** – Qaraqalpaq ádebiyatínda kórkem-hùjjetli shíǵarmalardĭń payda bolíwí hám ùyreniliwi................................................................................................. 35
**Мамбетниязова М.С.** – Қарақалпақ балалар романларының жанрлық-структуралық өзгешеликлери (Б.Ерназаров дөретиўшилиги мысалында)........................................... 37
**Мамутова Н.Х.** – Кеңесбай Рахманов лирикасында көркем форма. Шайыр дөретиўшилигиниң соңғы жылларда изертлениўи………………………………………… 40
**Asanova A.B.** – Ádebiy sáwbetler – ádebiy sínníń ayríqsha túri (ǵárezsizlik dáwiri prozasi misalinda)…………………………………………………………………………… 43
**Ҳәмзеев Ә.** – Түрки суўпылық дәстүр ҳәм қарақалпақ әдебияты: Хожа Ахмет Яссаўий тәлийматы мысалында………………………………………………………... 46
**Tólegenov A.P.** – Dramalíq shíǵarmalardí oqítíw arqalí dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandíríw (K. Karimovtıń «Saqawat baǵı» draması mısalında).................................. 49
**Daniyarova G.P.** – Lirikadaǵí syujet máselesiniń úyreniliw tariyxínan ……………………… 51
**Esbosinova D.J.** – Kúlki arqalí tárbiya: Balalar ádebiyatínda yumor hám satiraníń orní...... 52
**Yelmuratov M.M.** – Mifologiyalíq súwretlewlerdiń kórkem shíǵarmadaǵí tárbiyalíq áhmiyeti............................................................................................................ 54

**Folklortanıw**

**Юсупов О., Нуратдинова Л.** – Артық Каримов энциклопедиясы: этнофольклорлық ҳәм этно-поэтикалық мийраслар.................................................................................. 56
**Palımbetov K.S.** – Qaraqalpaq, ózbek, qazaq háwjar qosiqlariniń tipologiyasi …………... 58
**Palımbetov K.S.** – Qaraqalpaq hám qazaq sińsiw qosiqlarinda socialliq turmis máseleleriniń sáwleleniwi....................................................................................... 61
**Bekbauliev Q.O.** – «Er Qosay» dástanı́ndaǵí qáwender personajlar obrazí........................ 64
**Бекбергенова А.У.** – Қарақалпақ жоқлаўларындағы образлар..................................... 67
**Өтениязов П.Ж.** – Қарақалпақ фольклорында салт-дәстүрлердиң сәўлелениўи (қарақалпақ халық ертеклери мысалында)………………………………………………… 70
**Maksetova F.A.** – Qaraqalpaq balalar qosiqlariniń kórkemlik ózgesheligi......................... 73
**Оразов А.О.** – Қарақалпақ шешенлик сөзлери: түрлери ҳәм көркем-мәдений әҳмийети........................................................................................................ 75
**Жақсымуратова М.Қ.** – Қарақалпақ турмыс ертеклериниң сюжетиниң өгешелиги .. 77
**Abdimuratov L.A.** – Dástanlarda úgit-násiyatlardíń úlgileri ……………………………… 80

**Abdimuratov L.A.** – «Alpamis» hám «Qíríq qíz» dástanlarínda alğíslardíń tutqan orní … 82
**Biysenbaev Q.B.** – Balalar oyin folkloriniń qáliplesiwinde milliy ózgesheliklerdiń tutqan orní.......................................................................................................................... 85
**Sarsenbaeva A.K.** – Qabil Maqsetov qaraqalpaq xaliq qosiqlariniń izertlewshisi ……….. 87
**Kabilova G.B.** – Qaraqalpaq xalíq síyqírlí erteklerinde mifologiyalíq peri obrazíníń funkcional qásiytleri........................................................................................................ 89
**Kunnazarova O.M.** – Qoraqalpog‘istonda madaniy meros va uni saqlashda folklor hamda etnografiyaning o‘rni.................................................................................................... 92
**Berdibaeva Q.I.** – Qaraqalpaq hám qazaq xaliq ertekleri tipologiyasi................................ 95

**Qaraqalpaq til bilimi**

**Najimov P.A.** – Qaraqalpaq tilinde atlíq sózlerdiń affiksaciya usílí menen jasalíwí............ 98
**Bekbergenov Q.A.** – Jup sózlerdiń tiykarğí ózgeshelikleri ……….......................………. 100
**Allaniyazova Sh.** – G.Esemuratova shiǵarmalarindaǵi etnografizmlerdiń lingvopoetikaliq ózgeshelikleri ……...................................................................................………. 103
**Matjanova A.J.** – Qaraqalpaq tilinde tabu sózler............................................................. 106
**Orazımbetova E.Sh.** – Qaraqalpaq tilinde sanliq sóz shaqabiniń sanlar simvolikasi menen baylanisli jasaliwi.............................................................................................................. 108
**Rzamuratova Z.Q.** – Sóz jasaliwi – tildiń leksikaliq quramin bayitiwshi tiykarǵi sistema. 109
**Asanova D.N.** – Qaraqalpaq tilindegi “dushpan” leksemasíníń morfologiyalíq quramí....... 111
**Orazbaev Z.** – Zamanagóy paremiologiyada naqil-maqallardi izertlewdiń tiykarǵi ózgeshelikleri.................................................................................................................... 114
**Allaniyazova Sh., Baxtıbaeva Sh.** – Jay gáplerde salstírmalí mániniń bidiriliw usíllarí..... 116
**Seytmuratova A.A.** – Házirgi qaraqalpaq tilinde grafikaǵa baylanísli terminlerdíń qollaníláwí.......................................................................................................................... 119
**Abullayev A.G.** – Moynaq rayonínda etnotoponımlerdıń kelıp shíǵíwí............................. 121
**Rambergenova R.G.** – Únemlew qubílísíníń fonetikalíq kórinisleri (diereza hám akkomodaciya qubilislari)................................................................................................... 124
**Жанназарова Ж.Р.** – Табу и эвфемизмы в каракалпакском языке: когнитивно-прагматический анализ.................................................................................................... 126

**Tariyx**

**Нуржанов С.У.** – Проблемы изучения межкультурного взаимодействия (в контексте истории Каракалпакстана)……..................................................................….. 129
**Нарымбетова В.А.** – Артық Каримов мийраслары музейде …....................……… 131
**Курбанова З.И.** – Роль *элти* в семейных обрядах узбеков Каракалпакстана (на примере Турткульского, Берунийского и Элликкалинкого районов)………............. 134
**Камалова Р.С.** – Узбекский свадебный цикл южного приаралья: сохранение и изменчивость ритуала........................................................................................................ 136
**Kamalova Kh.S.** – Student jaslardÍń socialliq ózligin qáliplestiriwde ana tilindegi klassikaliq ádebiy kanonniń orni (Qaraqalpaqstan misalinda)............................................. 141
**Таджиева Р.С.** – Хозяйственная трансформация и торговые связи народов низовьев Амударьи (конец XIX - начало XX вв.)............................................................................ 146
**Турсынбаева А., Наурызбаев А., Юсупов О.** – Қытай-Аралбай, Аманбай бий улы Қутлымурат батыр, жасаўылбасы, бий, беглер беги, ким болған............................ 149
**Турсынбаева А., Наурызбаев А., Юсупов О.** – 1919 жыл: Қубла Арал төменги Әмиўдәрья фронтиринде кеңес хүкимети хәм большевиклер экспанциясына қарсы гүреслер: тарийхый тулға – Бала бий образы, аўызеки тарийх, архивлик дереклер...... 153
**Yusupova B.** – Aral madeniyati: Karaqalpaqstan mamleketlik kórkem óneri muzey – ushinshi renessans basqishinda (I.V.Savickiy muzeyinin’ biybaha miyraslariniń toplaniwi)……......................................................................................…………. 156
**Муратбаева А.Б.** – Қубла Арал бойларында мәдений байланыслар ҳәм оның миллетлер аралық қатнаслардың беккемлениўинде орны ……..................................… 160

**Shamshetdinova D.I.** – 1960-1980-yillarda Qoraqalpog‘istonda madaniy-ma’rifiy muassasalar faoliyati va ularning ijtimoiy hayotdagi o‘rni ………………………………… 162
**Наўрызбаева Н.Қ.** – Қорақалпоқ гиламчилик санъатидаги геометрик шакллар символикаси ……………………………………………………………………………… 164
**Мамедов А.Г.** – К изучению бронзовых подвесок средневекового Хорезма (XII – начало XIII вв.)……………………………………………………………………… 167
**Жолдасбаева Г.Р.** – Қарақалпақлардың дән өнимлеринен таярланатуғын тағамлары 169
**Наўбетов А.Т.** – Нөкис районының социаллық-руўхый раўажланыўында инсан факторы: Өзбекстан қаҳарманы Алланияз Өтениязовтың тарийхый ҳәм социаллық феномени ……………………………………………………………………………… 173
**Kungratbaev A.A.** – XIX ásirdiń aqiri hám XX ásirdiń baslarinda tómengi Ámiwdárya boyindaǵi xaliqlariniń medicinaliq mádeniyati ……………………………………… 176
**Абсетерова У.К.** – Қарақалпақ дәстанларында суў мәселелериниң сәўлелениўи........ 179

**QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK ÁDEBIY MIYRASLARÍNDA AǴARTÍWSHÍLÍQ HÁM TÁLIM-TÁRBIYA MÁSELELERI: DÁSTÚR HÁM ZAMANAGÓY KÓZQARASLAR**

atamasındaǵı belgili ádebiyattanıwshı alım, filologiya ilimleriniń kandidatı Artıq Karimovtıń hám talantlı shayır, ádebiyat izertlewshisi, filologiya ilimleriniń kandidatı Babash Ismaylovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan
**Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya materialları**

**T O P L A M Í**

NÓKIS – «BOOK-PRINT» – 2026

Redaktorı M. Otarbaeva
Kórk.redaktor N. Djumabaev
Tex. redaktorı N. Qaypbergenova

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 19.05.2026.
Formatı 60x841/8. «Times New Roman» garniturası. Kegl 12.
Ofset qaǵazı. Ofset baspa usılında basıldı.
Kólemi 23,25 b.t. Nusqası 100 dana. Buyırtpa №.2/26.

940893-sanlı licenziya: 25.01.2021.

«BOOK PRINT» baspası, 230100,Nókis qalası, Ziyalı kóshesi, 40 úy.

ISBN 978-9910-09-851-2

9 789910 098512